Алахьэу гукIэгъушIэу, гукIэгъу зыхэлъым ыцIэкIэ!

THE HOLY QUR'AN
Adyghean (Circassian) language.
Translated by: Faiz Uthman Autlev

Алфатихьэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[1.1] Зэрэдунае и Тхьэу Алахьым щытхъур ыдэжь,
[1.2] ГукIэгъушIэу, гукIэгъу зыхэлъэу,
[1.3] Пщынэжь мафэр зиIэмырым!
[1.4] Шъхьащэ тэ къыпфэтэшIы, тыолъэIу О IэпыIэгъу укъытфэхъунэу!
[1.5] Гъогу занкIэм О тырыщ,
[1.6] ШIу О зыфэпшIагъэхэм ягъогу нахь
[1.7] Губж лъэш зыфэпшIыгъэхэр зытетхэр арэп, гъощагъэхэр зытетхэри арэп.

Албэкъэрэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[2.1] Алиф Лам Мим.
[2.2] Мы тхылъыр, ащ джэнджэш хэлъэп, Тхьэр зышIошъ хъухэрэмкIэ IэпыIэгъу.
[2.3] КъэхъущтхэмкIэ шIошъхъуныгъэ зиIэхэм, нэмаз зышIыхэрэм, Тэ ахэмэ яттыгъэм щыщ Iахьэ сэдакъэ зытыхэрэм апай,
[2.4] О уашъом къыпфырагъэхыгъэри, уапэкIэ къафехыгъэри зышIошъ хъухэрэм апай, ахърэт дунаими ахэмэ шIошъхъуныгъэ фыряI.
[2.5] Я Тхьэ дэжь къикIырэ гъогу занкIэм ахэр тетых, гъэхъагъэ зышIыгъэхэр ахэр ары.
[2.6] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэр зышI ошъ мыхъугъэхэм, ахэмкIэ тIури зы, сыд фэдизэу уяушъыигъэми уямыушъыигъэми, ахэмэ Тхьэр ашIошъ шъыпкъэ хъугъэп.
[2.7] Алахьым ахэмэ агухэри атхьакIумэхэри ыкудагъэх, анэхэм пщагъо атырихъуагъ. АхэмкIэ ар пщыныжь ин дэд!
[2.8] Ахэмэ ащыщ цIыфхэм аIо: Алахьыми ахърэт мафэми шIошъхъуныгъэ афэтшIыгъ, ау шIошъхъуныгъэ зышIыгъэмэ ахэр афэдэхэп.
[2.9] Алахьыри ащ шIошъхъуныгъэ фызиIэхэри агъэпцIэным ахэр пылъых, ау ахэмэ амышIэу ежь=ежьырэу загъэпцIэжьы.
[2.10]Ахэмэ яуз зыхэлъыр агухэр ары. Алахьым ахэмэ яуз херэгъахъу! ПцIы зэраусрэр ахэмкIэ бэлахь пщыныжь.
[2.11] Ахэмэ зэраIокIэ: "ЧIышъхьашъом гунахьыр щышъумыгъэбагъу!" ежьхэмэ аIо: "Тэ шIу щэхъу тшIэрэп".
[2.12] Арба зытетыр? Ежьхэм зыдамышIэжьэу, ахэмэ гунахьыр агьэбагъо.
[2.13] Ахэмэ зэраIокIэ: "ЦIыфмэ Тхьэр ашIошъ шъыпкъэ зэрэхъугъэм фэдэу шъушIошъ дэдэ жъугъэхъу! " ежьхэм джэуап къатыжьы: "Акъылынчъэмэ ашI ошъ дэдэ зэрэхъугъэм фэдэу, тэ тшIошъ шъыпкъэ дгъэхъуна? "Арба зытетыр? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр акъылынчъэх, ау зыдашIэжьрэп!
[2.14] ШIошъхъуныгъэ дэдэ зиIэхэм заIукIэхэкIэ, ахэмэ аIо: "Тэ тшIошъ шъыпкъэ хъугъэ!" Ау ежьхэм яшайтанхэм къызахэнэжьхэкIэ, аIо: "Тэ тышъуигъус, тэ джаущтэу тадэхьащхы ныIэп".

[2.15] Алахьым ахэмэ яфэшъуашэ аригъэгъотыщт, зыдакIохэрэр амылъэгъоу зыхэтхэ хэукъоныгъэр афигъэлъэшыщт!
[2.16] Гъогу зафэм ычIыпIэкIэ хэукъоныгъэхэр къэзыщэфыгъэхэр ахэр арых. Ахэмэ ясатыу федэ къафихьыщтэп, гъогу зафэм ахэр тетыхэп.
[2.17] Ахэр машIо зэхэзгъанэ зышIоигъом яхьщырых: МашIом бгъу пстэури къызафигъэнэфкIэ, Алахьым ахэмэ нэфынэр аIихынышь, шIункIым къыхигъэнэщтых. Джащыгъум ахэмэ зи алъэгъурэп.
[2.18] Ахэр дэгух, бзакох, нэшъух, ахэмэ (Алахьым) къыфагъэзэжьыщтэп.
[2.19] Е ахэр шIункIыр, шыблэр, пчыкIэр, къызхэкIрэ ошъуапщэр ошъогум къызихьэкIэ, лIэныгъэм щыщынэхэзэ, пчыкIэр къызэрэощтым пае атхьакIумэхэм аIапэхэр изилъхьэрэмэ афэдэх. Диныр зышIошъ мыхъухэрэр Алахьым ешIэх.
[2.20] ПчыкIэм ахэр нэшъу ешIых пIоми хъущт: Къызэрафигъэнэфыгъэм тетэу, ащ хэтхэу ахэр макIох. ШIункIыр ахэмэ ашъхьагъ зэрэхъоу, ахэр щытых. Алахьым шIоигъуагъэмэ, ахэмэ зэхахыри алъэгъури аIихыни , Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[2.21] О цIыфхэр! Шъо шъукъэзгъэшIыгъэу, шъуапэкIэ щыIагъэхэри къэзгъэхъугъэ шъуи Тхьэ шъхьащэ фэшъушI шъори Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу шъухъункIи мэхъу!
[2.22] ЧIыгур шъощ пае алырэгъу къэзышIыгъэу, уашъор унэ къышъуфэзышIыгъэу, ошъогум псыр къышъуфезыщэхыгъэу, ащкIэ шхыны шъуфэхъущт гъомылэр къышъуфыхэзыхыгъэр. Шъо шъушIэ пэтзэ, тхьэ шъуIоу Алахьым емыпэсыгъэхэр гошъумыгъэуцох!
[2.23] Тэ тиIумэт къыфедгъэхыгъэм фэгъэхьыгъэу шъуеджэнджэшымэ, шъыпкъэныгъэ шъуиIэмэ, мыщ фэдэ хъун сурэ къэшъухьи, Алахьым фэшъхьафэу, шъуишыхьатхэр къешъущалIэх.
[2.24] Шъо ар шъумышIэмэ, сыдигъуи ар шъушIэщтэп, цIыфхэмрэ мыжъохэмрэ гъэстыныпхъэ зыфэхъущт машIом шъущыщын: Тхьэр зышIошъ мыхъурэмэ апае ар агъэхьазырыгъ.
[2.25] Тхьэр зышIошъ дэдэ хъугъэхэу, шIу зышIагъэхэм джэнэтыр апай Iори гъэгушIох . Ренэу ащ къикIэу пхъэшъхьэ=мышъхьэ горэхэр янасып къыхьыгъэу къазыраткIэ, ахэмэ аIо: "Ар нахьыпэм тэ къытатыгъагъэр ары", ащыгъум къафахьыгъэр яхьщыр ныIэп. Ахэр ащ щызэшъхьагъусэ къабзэх, ахэр егъашIэм ащ щыщыIэщтых.
[2.26] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр щыукIытыхьэрэп, гъэсэпэтхыдэм аргъой горэ е ащ нахь мэкIэжьые дэдэ горэ къыщихьыныр: шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэхэм а шъыпкъэр ежьхэм я Тхьэ дэжь къызэрикIрэр ашIэ. Тхьэр зышIошъ мыхъурэмэ аIощт: "А къэбар чIэгъчIэлъымкIэ сыда Алахьым къыIо шIоигъор?" АщкIэ бэхэр Ащ егъэгъуащэх, бэхэр гъогу занкIэм рещэх. Ау ащкIэ ащ ыгъэгъуащэхэрэр щыкIыгъэхэр арых.
[2.27] Алахьым Iуагъэу дашIыгъэр агукIэ заштагъэм ыуж зыукъохэрэр, Алахьым зэготынхэу зыфиIуагъэхэр зэгозыщхэрэр, чIыгум бзэджагъэхэр щызышIэхэрэр насыпынчъэх.
[2.28] Алахьыр сыдэущтэу шъушIошъ мыхъура? Хьадэ шъухъугъагъэу ащ псэ къышъупигъэкIэжьыгъ, уахътэ зытешIэкIэ ащ джыри шъуигъэлIэщт, етIани шъукъигъэхъужьыщт, джащыгъум ащ ыдэжь жъугъэзэжьыщт.
[2.29] ЧIыгум тетыр зэкIэ шъощ пае ащ къыгъэшIыгъ, етIанэ уашъом дэкIуаий, ащ ошъо къатиблыр къыщигъэшIыгъ. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[2.30] Мары, уи Тхьэ мэлаIичмэ ариIуагъ: "Сэ чIыгум силIыкIо тезгъэуцощт". Ахэмэ къыраIуагъ: "Ащ гунахь щызышIэщтэу, лъы щызгъэчъэщтыр О тебгъэуцона, тэ щытхъур О пфэтэIо, О утэгъэлъапIэ? "Ащ ыIуагъ: "Шъо шъумышIэрэр Сэ сэшIэ!"

[2.31] ЦIэу щыIэхэр зэкIэ Ащ Адамэ ригъэшIагъ, етIанэ ахэр мэлаIичхэм ариIуагъ: "Шъо шъузафэмэ, а цIэхэр сэ къысашъуIох".
[2.32] Ахэмэ аIуагъ:" Щытхъур О уадэжь! Тэ тшIэрэр О тэбгъэшIагъэр ары ныIэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Оры зышIэрэр, уIуш дэд!"
[2.33] Ащ ыIуагъ: "О Адам, мыхэмэ ежьхэмэ ацIэхэр яIу!" Ахэмэ ацIэхэр мэлаIичмэ Адамэ зареIом, Тхьэм ыIуагъ: "Уашъоми чIыгуми яшъэфхэр зэрэсшIэри, шъо къэжъугъэлъагъори жъугъэбылъри зэрэсшIэрэр сэ къышъосIогъагъэба".
[2.34] Джащыгъум Тэ мэлаIичхэм ятIуагъ: "Адамэ шъхьащэ фэшъушI!" Иблыс фэшъхьафрэ, ахэмэ шъхьащэ фашIыгъ. Ар къезэгъыгъэп, зигъэпэгагъ, Тхьэр ышIошъ мыхъоу къэнагъ.
[2.35] Тэри тIуагъэ: "О Адам! уишъхьагъусэ уигъусэу джэнэтым ихь, шъузыфэе чIыпIэм шъугу рихьрэр щышъуш, ау шIошъхъуныгъэ зимыIэмэ шъуащыщэу шъукъэмынэным пае мы чъыгым благъэу шъуемыкIуалI".
[2.36] ДжынапцIэм ахэр ыгъэплъэхъугъэх, зыдэщыIагъэхэм ахэр къырищыгъэх. Тэ ятIуагъ: "Зэпэзырызэу шъукъех, шъо пыи шъузэфэхъугъ! Шъо чIыгум ренэу псэупIэ щышъуиIэщт, шIоигъоныгъэу шъуиIэмэ пIэлъэ гъэнэфагъэ яIэщт".
[2.37] ЕтIанэ Адамэ и Тхьэ игущыIэ ыштагъ, кIэгъожьыгъэм гукIэгъу Ащ фишIыгъ: Сыда пIомэ кIэгъожьыгъэмкIэ Ар гукIэгъушI!
[2.38] Тэ тIуагъэ: "ЗэкIэми шъо ащ шъукъех! Сэ салъэныкъо къикIэу шъузэрыгъозэн къызыкIокIэ, ащ рыгъуазэхэрэм щынагъо яIэщтэп, чэфынчъагъи къякIущтэп".
[2.39] Тхьэр зышIошъ мыхъугъэхэу, тиIэятэ къыгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытагъэхэр машIом егъашIэм хэтыщтых.
[2.40] О Исраилэ икIалэхэр! Сэ шIоу къышъуфэсшIагъэр шъугу къэжъугъэкIыжь. Сэ Iуагъэу къыздэшъушIыгъэр шъуфэшъыпкъэу зешъухьэ, Сэри Iуагъэу къыжъудысиIэм сыфэшъыпкъэщт. Сэры, Сэ шъукъысщыщын.
[2.41] Шъо шъуиIэр зэрэшъыпкъэр къыушыхьатэу къышъуфезгъэхыгъэр шъушIошъ жъугъэхъу. Арапэу зышIошъ мыхъурэмэ ащыщ шъумыхъу. Сэ сиIэятэмэ ачIыпIэкIэ уасэ зимыIэу зыпари шъумыштэ, Сэ сапашъхьэ лъытэныгъэшхо къысфэшъушI.
[2.42] Шъо шъушIэ пэтзэ, шъыпкъэр жъугъэбылъыным пае пцIым ишъуашэ шъыпкъэм щышъумылъ!
[2.43] Нэмаз шъушIы, зэчатэ хэжъугъэкI, шъхьащэ зышIырэмэ шъурягъусэу шъхьащэ шъушIы.
[2.44] КъурIаным шъуеджэ пэтзэ, а цIыфхэм дэгъур яжъугъэлъэгъузэ, шъо зыщъущыгъупшэжьына? Шъо акъыл къызфэжъугъотыжьынба?
[2.45] ЩэIагъэмрэ нэмазымрэ IэпыIэгъу зыфэшъушI. Ахэр цIыфышIухэм анэмыкIхэмкIэ лъэшэу къин.
[2.46] Я Тхьэ IукIэжьынхэу, Ащ дэжь зыгъэзэжьынхэу гугъэхэрэмкIэ.
[2.47] О Исраил икIалэхэр! Сэ шIоу къышъуфэсшIагъэр, Сэ зэрэдунаеу шъузэрэщыдэсхьыягъэр шъугу къэжъугъэкIыжь.
[2.48] Зы псэ закъор адырэ псэм пае пщынэжьын зыщимылъэкIыщт мафэм шъущыщын, ащ фэлъаIори аштэщтэп, ащ фэдиз хъурэ тыныри ищыкIэгъэщтэп, IэпыIэгъуи зыми рагъэгъотыщтэп!
[2.49] Фирхьауным ицIыфхэу шъуикIалэхэр зыукIхэмэ шъуибзылъфыгъэхэр псаоу къэзгъанэхэзэ, шъо пщыныжь жъалымагъэр къышъутезылъхьэщтыгъэхэм тэ, мары, шъуащытыухъумагъ. Шъо ар шъуи Тхьэ ушэтыпIэин дэдэ шъуфишIыгъ!

[2.50] Мары, шъощ пае тэ хыр дгощыгъэ, шъо шъукъэдгъани, шъуеплъызэ Фирхьауным илъэпкъ чIедгъэхьагъ.
[2.51] Тэ, мары, Мосэ чэщ тIокIитIур дитхыгъ, ащ ыуж, цIыфыгъэ шъухэмылъэу шъущытыти, шкIэ сурэтыр Тхьэ шъушIыгъэ.
[2.52] ЕтIанэ разэ шъухъункIи мэхъу тIуи, тэ ащ ыуж ар къышъуфэдгъэгъугъ!
[2.53] Тэ, мары, Мосэ къеттыгъ тхыгъэмрэ зэхэшIыкIынымрэ гъогу занкIэм шъурыкIонкIи мэхъу!
[2.54] Мары,ицIыф лъэпкъ Мосэ риIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Дышъэм шъуенэцIи, шъор=шъорэу зэфэнчъагъэ зэшъухыжьыгъ. ШъукъэзгъэшIыгъэм зыфэжъугъази, шъор=шъорэу зышъуукIыжь. ШъукъэзгъэшIыгъэм ыпашъхьэ ар шъоркIэ нахь тэрэз. Ащ шъо зыкъышъуфигъэзагъ: ЗыкъышъуфэзгъэзагъэР гукIэгъушI!"
[2.55] Мары, шъо шъуIуагъэ: "О Мос! Алахьыр нэрлъэгъоу тэлъэгъуфэ, о пIорэр тшIошъ хъущтэп". Шъо шъоплъэфэ, пчыкIэм шъуиукIыгъ,
[2.56] ЕтIанэ шъузэлIэм ыуж разэ шъухъункIи мэхъу тшIошIи, тэ шъукъэдгъэхъужьыгъ!
[2.57] Тэ ошъуапщэкIэ шъукъэтыухъумагъ, шъощ пае ошъо гъомылэрэ ныбгъухэмрэ къышъуфедгъэхыгъэх. Тэ къышъоттыгъэ шIуагъэхэмкIэ шъушх! Тэрэп ахэмэ зыгу хагъэкIыгъэр, ежь=ежьырэу агу хагъэкIыжьыгъ.
[2.58] Мары, тэ тIуагъэ: "Мы къуаджэм шъудахьи, шъузфэе чIыпIэм шъугу зэрэрихьэу шъущышх. Шъхьащэ шъушIызэ къэлапчъэм шъудахьи, шъуIо: "Къытфэгъэгъу!" Шъо гунахьэу шъушIагъэхэр тэ къышъуфэдгъэгъун, шIу зышIэхэрэм яшIушIэ дгъэбэгъон".
[2.59] Зафэу щымытыгъэхэм ятIогъагъэр нэмыкI гущыIэкIэ зэблахъугъ. Зафэу щымытыгъэхэм тэ уашъом пщыныжь къафедгъэхыгъ.
[2.60] Мосэ ицIыф лъэпкъ пае псы къызкIэлъэIум, тэ етIуагъ: " УибэщкIэ къушъхьэ цакIэм еу!" Ащ псынэкIэчъ пшIыкIутIу къыпхыриутыгъ, арышъ, зэкIэ цIыфхэм ашIагъ япсыешъуапIэ. Алахьым ыIэ илъ хэкум шъущышх, шъущешъу! МыцIыфыгъэр жъугъэбагъоу, чIыгум бзаджэ щышъумышI".
[2.61] Шъо,мары, шъуIуагъэ: "О Мос! Шхын зэфэдэр тфэщэIэщтэп. Тэ тихьатыркIэ уи Тхьэ елъэIуи, чIыгум къыщыкIрэ хэтэрыкIхэр: къэбыр, бжьыныфыр, джэнчыр, бжьыныр тэщ пае къерэт". Ащ ыIуагъ: "НахьышIур нахь дэйкIэ къызэблэсхъунэу шъукъыкIэлъэIунэуи? МысыркIэ шъуех, шъо шъукъызкIэлъэIурэр ащ ижъугъотэщт". УшъхьакIунымрэ тхьамыкIагъомрэ ахэмэ ашъхьарыуцогъагъ. Алахьым игубж лъэш ахэмэ атефагъ. Алахьым иIэятэхэр къэзгъэшъыпкъэрэр ахэмэ ашIошъ зэрэмыхъугъэм, зэфагъэ хэмылъэу пегъэмбархэр зэраукIыщтыгъэм ар пай! Ахэр зэрэмыдэIуагъэхэм, бзэджашIэхэу зэрэщытыгъэхэм ар пай!
[2.62] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэри, иудей диным ихьагъэхэри, чиристанхэри, сабиIунхэри нэужым Алахьыр ашIошъ хъугъэу шIу ашIэщтыгъэмэ, ахэмэ атефэрэ тыныр я Тхьэ дэжь щыI, ахэмэ щынагъо ашъхьарытэп, чэфынчъагъи къякIущтэп.
[2.63] Зэгорэм Тэ тышъозэгъи, шъуашъхьагъ къушъхьэ къидгъэтэджагъ: "Тэ къышъоттыгъэр пытагъэ хэлъэу зижъугъаI, ащ хэлъыр шъугу къэжъугъэкIыжь, Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу шъухъункIи мэхъу".
[2.64] Шъо ащ ыуж шъуакIыб къэжъугъэзагъ. Алахьым шIоуи хьатырэуи къышъуфишIагъэр мыхъугъэмэ, къэрарынчъэу шъукъанэщтыгъ.
[2.65] Шъуащыщхэу шэмбэт мафэм зэрашIоигъоу зекIуагъэхэр шъошIэх, ащ пае тэ ахэмэ ятIуагъ: "ЦIыфмэ шъуапэчыжьэу мамунэ шъохъу!"

[2.66] АщкIэ тэ къэдгъэлъэгъуагъ непэ щыIэхэри ахэмэ къакIэлъыкIоштхэри щысэкIэ къэтыухъумэнхэу, Тхьэр зышIошъ хъухэрэм ушъый уафэхъунэу.
[2.67] Зэгорэм Мосэ ицIыф лъэпкъ риIуагъ: "Чэмыр къурмэн шъушIынэу Алахьым унашъо къышъуфешIы". Ахэмэ аIуагъ: "КIэнэкIалъэ горэ о къытапшIэ пшIоигъуа?" Ащ ыIуагъ: "Акъылынчъэу сыкъэмынэным пае сэ Алахьым зыфэсэгъазэ!"
[2.68] Ахэмэ аIуагъ: "Чэмыр зыфэдэр къыдгуригъэIоным пае, уи Тхьэ тфелъэIу. Ащ ыIуагъ: "Мары, Ащ еIо: "Ар чэмы, жъэп ыкIи танэп, ыныбжьыкIэ гурыт. Унашъоу къышъуфашIыгъэр жъугъэцакIэ!"
[2.69] Ахэмэ аIуагъ: "Чэмым ышъо зыфэдэр къыдгуригъэIонэу уи Тхьэ тэщ пае тфелъэIу. Ащ ыIуагъ: "Мары, Ащ еIо: "Ар чэм хьаплъ, ышъоп гъожь хьаплъ, еплъыхэрэм агу рехьы.
[2.70] Ахэмэ аIуагъ: "Чэмыр зыфэдэр къыдгурыIонэу тэщ пае уи Тхьэ тфелъэIу: чэмхэр зэкIэ зэфэдэшъ, Алахьыр фаемэ, тэ тыхэмыукъоу дгъэцэкIэщт".
[2.71] Мосэ ыIуагъ: Мары, Ащ еIо: ЧIыгу жъоным, лэжьыгъэ шIапIэм псы кIигъэхъоным агъэуцогъэ чэмэп, ар зытетыгъэм тетэу къэнэжьыгъ, къолэнэуи щытэп". Ахэмэ аIуагъ: "Джы зыфэдэ шъыпкъэр тэбгъэлъэгъугъ". Джащыгъум ахэмэ чэмыр къурмэн ашIыгъ , джащыгъур ары ныIэп ахэмэ ар зашIагъэр.
[2.72] Мары, шъо зы цIыф шъуукIыгъэ, ащкIи шъузэдаоштыгъэ, зым адырэр ыгъэмысэзэ, ау шъо жъугъэбылъыщтыгъэр Алахьым къылъэгъугъ.
[2.73] Джащыгъум Тэ тIуагъэ: "Ежь щыщ горэмкIэ укIыгъэм шъуеу". Алахьым лIагъэхэр къызигъэхъужьыхэкIэ, Ащ ишIэныгъэ кьызышъуигъэлъэгъукIэ, джары зэрэхъущтыр, шъо акъыл шъуиIэ шъухъункIи мэхъу!
[2.74] Ащ ыуж шъугухэр пытэжъ хъугъэх: Мыжъом фэдэ е нахь пытэ хъугъэх, сыда пIомэ, псынэкIэчъыр къызпхыраутэуи загъорэ мыжъомэ къахэкIы, зэгоутхэу псыр къыздэчъхэри, Алахьым ыпашьхьэ щтэу щишIыгъэм пае зэхэтакъохэри къахэкIы. Шъо шъушIэрэр Алахьым мыштэ ышIырэп!
[2.75] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ шъо зэрэшъушIыгъэм фэдэ ахэр хъунхэу шъуфая? Ахэмэ ащыщхэм Алахьым игущыIэ зэхахыгъ, ар къызагурэIо нэуж ар зэблахъугъэ, ежьхэми ар ашIэ.
[2.76] Тхьэр зышIошъ шъыпкъэ хъугъэхэм ахэр заIукIэхэкIэ аIоштыгъэ: "Тэ тшIошъ шъыпкъэ хъугъэ!" Ау ежьхэр язакъоу зызэIукIэхэкIэ, аIощтыгъэ: "Шъуи Тхьэ ыпашъхьэ ахэмэ къышъуфаушыхьатыным пае Алахьым нафэ къышъуфишIыгъэр ахэмэ афэшъуIотэжь". Ар шъо къыжъугурыIорэба ?
[2.77] Ахэмэ ашIэрэба ежьхэм аушъэфыри нафэ ашIыри Алахьым зэришIэрэр?
[2.78] Тхыгъэхэр амышIэу, къэугупшысыгъэ щэхъу амышIэу ахэмэ цIыф мыгъэсагъэхэр ахэтых. Ахэмэ зы шIошI ныIэп яIэр.
[2.79] Тхылъыр зыIэкIэ зытхыхэу, ащ пае къагъэхъэщт тIэкIу дэдэм ихьатыркIэ" Мыр Алахьым дэжь къекIы, зыIохэрэм тхьамыкIагъо къафэкIощт. Ахэмэ аIэкIэ атхыгъэм пае тхьамыкIагъо къафехыщт, агъотыгъэм паий тхьамыкIагъо къафехыщт!
[2.80] Ахэмэ аIо: "Мэфэ гъэнэфагъэ нахьыбэкIэ тэ машIор къытэнэсыщтэп". ЯIу: "Шъо Тхьэм Iуагъэ дэшъушIыгъа, Алахьым иIуагъэ сыдигъокIи зэблихъужьыщтба? Хьауми шъо шъумышIэрэр Алахьым ешъоIуалIа?"
[2.81] Ары! Гухьэгужъ къызхэфагъэу, ащ игунахь хэтхэр, ахэмэ машIор япсэупI, егъашIэм ащ хэтыщтых.
[2.82] Тхьэр зышIошъ шъыпкъэ хъугъэхэу шIу зышIэщтыгъэхэм джэнэтыр япсэупI, ахэр егъашIэм ащ исыщтых.

[2.83] Тэ, мары, Исраил ыкъомэ Iуагъэ адэтшIыгъ: "Алахьым фэшъхьафэу, шъо зыми шъхьащэ фэшъушIыщтэп, шъуянэ=шъуятэхэми, шъуиIахьылхэми, ибэхэми, тхьамыкIэхэми шIу афэшъушIэщт. ЦIыфмэ дахэ яшъуIу, нэмаз шъушIы, зэчатэр хэжъугъэкI. ЕтIанэ, шъо шъущыщ нэбгырэ заулэмэ анэмыкIырэ, шъуакIыб къэжъугъэзагъ, мыштэ шъушIыгъэ.
[2.84] Тэ ,мары, шъо Iуагъэ къышъуIытхыгъ: "Шъо шъулъы шъумыгъачъэ, зым адырэр ипсэупIэ рерэмыф". Къэшъуушыхьатыжьзэ, ар къэжъугъэшъыпкъэжьыгъ.
[2.85] ЕтIанэ зым зыр зыукIыжьыщтыгъэу, гунахьрэ пыиныгъэрэкIэ зым зыр деIэжьзэ, шъо шъушыхэр япсэупIэ къизыфыщтыгъэхэр шъорэу къычIэкIыгъ. Гъэрхэр шъуадэжь къызыкIохэкIэ, ахэр къэшъущэфыщтыгъэх, шъо ахэр зыхэшъуфынхэ шъуфимыт нахь мышIэми. Шъо тхыгъэм изы Iахьэ шъушIошъ шъыпкъэ жъугъэхъунышъ, адырэ Iахьыр шъушIошъ шъыпкъэ хъущтба? Ар шъуащыщэу зышIэрэм зыхэт гъашIэм хьэйнапэм фэшъхьафэу тефэрэр щигъотыщтэп, ау мафэу псэ къызщапыкIэжьыщтым анахь пщыныжь жъалымэм ахэр иIэрылъхьэ хъущтых! Шъо шъушIэрэр Алахьым мыштэ ышIырэп!
[2.86] ГъашIэу зыхэтхэр къэкIощт гъашIэмкIэ къэзыщэфыгъэхэм пщыныжьыр афагъэпсынкIэщтэп, IэпыIэгъуи ахэмэ аратыщтэп.
[2.87] Тэ Мосэ тхыгъэр еттыгъ, ащ ыуж итэу Тэ пегъэмбархэр къэдгъэкIуагъэх, Тэ Хьисэ Мерэм икIалэ, Iэетэ къэгъэшъыпкъагъэхэр еттыхи, псэ лъапIэ хэтлъхьагъ. Шъо шъугухэр зыфэмыехэр къышъуфихьэу пегъэмбарыр шъуадэжь къакIо къэс пэгащэ шъохъуа? Зы купыр пцIыусэу шъуIуагъэ, адырэхэр шъоукIых.
[2.88] Джащыгъум ахэмэ аIуагъ: "Тэ тыгухэр зэфэшIыгъэх". Ары! Якъаигъагъэ пае Алахьым бгыбзэ арихыгъ, ащ пае шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэр макIэ.
[2.89] Ахэмэ яIэр къэзыушыхьатрэ тхыгъэр Алахьым дэжь къикIэу къызафакIокIэ, Тхьэр зышIошъ мыхъурэмэ атыригъэкIонхэу ахэр нахьыпэм къыкIэлъэIущтыгъэх, ахэмэ ашIэщтыгъэр къызафакIокIэ, ар ашIошъ шъыпкъэ хъурэп. Тхьэр зышIошъ мыхъурэмэ Алахьым ибгыбзэ атырегъаф!
[2.90] Ахэмэ ежьхэм зызэращэжьрэм ыуасэ сыдэу пкIэнчъэ шъыпкъа! Алахьым ихьалэлыгъэкIэ иIумэтхэм ащыщэу ежь зыфаем нафэ къыфишIырэм ахэр зэрешъугъухэрэм къыхэкIэу, Алахьым шъхьаихыгъэ къафишIыгъэр щагъэзыезэ, губжым губжыр тетэу ахэмэ къызфахьыжьы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, нэмыкI дин итхэмкIэ узгъэпыутрэ пщыныжь!
[2.91] Ахэмэ зараIокIэ: "Алахьым къышъуфыригъэхыгъэр шъушIошъ шъыпкъэ жъугъэхъу!", Джащыгъум ахэмэ къаIо: "Тэ къытфыригъэхыгъэр тшIошъ шъыпкъэ мэхъу". Ахэмэ яIэр зэрэшъыпкъэр ащ къеушыхьаты нахь мышIэми, ахэмэ ар щагъэзые. ЯIу: "Шъо Тхьэр шъушIошъ мэхъумэ, сыда ащыгъум Алахьым ипегъэмбархэр нахьыпэм зыкIэшъуукIыщтыгъэхэр?"
[2.92] Iэетэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр иIэу шъуадэжь Мосэ къэкIогъагъ, ар щымыIэ зэхъум, шъумызафэ пэтзэ, шкIэ сурэтыр Тхьэ зыфэшъушIыжьыгъ.
[2.93] Джащыгъум Iуагъэ къышъуIытхыгъ, шъуашъхьагъ къушъхьэр къидгъэтэджагъ: "Тэ къышъоттыгъэр шъушти, кIуачIэ къызфэжъугъотыжьи, шъукъэдаIу!" Ахэмэ аIуагъ: "Тэ зэхэтхыгъэ ыкIи тышъуфэIорышIэщтэп!" ШIошъхъуныгъэ зэрямыIэм пае ахэмэ шкIэ сурэтым фашIыгъэ шIулъэгъур алъы хэлъ хъугъэ. ЯIу: "Шъо Тхьэр шъушIошъ шъыпкъэ мэхъумэ, шъуишIошъхъуныгъэ унашъо къызэрэшъуфишIырэр дэи!"
[2.94] ЯIу: "КъурIаным ишIэныгъэ зыштэгъэ цIыфмэ анэмыкIэу, Алахьым дэжь щыIэ псэупIэр шъорыкIэ хэхыгъэмэ, шъыпкъэныгъэ жъуиIэмэ, лIэныгъэр къыхэшъух!"

[2.95] Ау ежьхэм апэкІэ аІашъхьэмэ ар зэрашІагъэм пае ахэр сыдигъуи ащ фэещтхэп. Шъыпкъэ дэдэмкІэ, Алахьым ешІэх Тхьэр зышІошъ мыхъухэрэр!
[2.96] ШъыпкъэмкІэ, щыІэныгъэмкІэ ахэр зэрэнэепсыехэр ошІэ, ныбджэгъухэр Алахьым гозгъэуцуагъэхэри ахэмэ ахэбгъотэщт, ахэмэ ащыщ пэпчъ илъэс минэ щыІэнэу гъашІэ ратыгъэмэ фэени. Ау гъэшІэ кІыхьэ ратыкІэ пщынэн пае ар къэнэщтэп: Ахэмэ ашІэрэр Алахьым елъэгъу.
[2.97] ЯІу: "Джэбраилэ пыи фэхъугъэхэм" Тхьэр зышІошъ хъухэрэм ягъогу занкІэ хъунэу, ыпэкІэ щыІэгъэ къэбарышІур ахэмкІэ къыушыхьатэу, Алахьым иІизын хэлъэу угу илъынэу КъурІаныр къыпфыригъэхыгъ.
[2.98] Алахьым, Ащ имэлаІичхэм, ипегъэмбархэм пыи афэхъугъэхэм, Джэбраилэрэ Микъалэрэ, нэмыкІ дин итхэм, Алахьыр пыи афэхъугъ!
[2.99] Тэ къыфедгъэхыгъ Іэетэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкІыгъэхэр, щыкІыгъэхэр арых ныІэп ар зышІошъ мыхъухэрэр.
[2.100] Ахэмэ Іуагъэ къыддашІы къэс ащыщхэм Іуагъэу ашІыгъэр ІуагъэзыкІы. Ары, ахэмэ анахьыбэм шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ яІэп!
[2.101] Ахэмэ къяхъулІэрэр зэрэшъыпкъэр къыушыхьатэу, Алахьым дэжь къикІэу лІыкІор къызафакІокІэ, тхыгъэр къызэратыгъэмэ ащыщхэм ежьхэм амышІэрэм фэдэу Алахьым ытхыгъэр акІыб ашІыщтыгъэ.
[2.102]Шэйтанхэр къызэджэхэм ахэр ыуж ихьэхи, Сулеймэн ипщыпІэ ифагъэх. Сулеймэн Тхьэр ышІошъ мыхъоу щытыгъэп, ау шэйтанхэр ары нэмыкІ дин итыгъэхэр, ахэмэ цІыфхэр ушхъухьаным, Бабил щыщ мэлэІичитІоу Хьарутрэ Марутрэ къафырагъэхыгъэм фагъасэщтыгъэх, ау итІуми моущтэу арамыІоу зыпари агъасэщтыгъэп: "Тэ тыушэтакІу, нэмыкІ дин уфэмылажь!" ЛІыр шъузым фэпэІапчъэ зэрэпшІыщтым мэлаІичмэ къапкъырыкІэу ахэмэ зыфагъэсагъ. Ау Алахьым ишІэ хэмылъэу ахэмэ зыми иягъэ ащкІэ рагъэкІыщтыгъэп. ШІуагъэ къафэзымыхьэу зэрар къафэзыхьыщтыр ахэмэ зэрагъэшІагъэ. Ар зэзгъэгъотыгъэм ахърэт дунаим Іахь зэрэщыримыІэр ахэмэ ашІэщтыгъэ, Апсэ ыуасэкІэ ахэр зэрэщафэщтыгъэхэр ахэмэ ашІэщтыгъэмэ дэи!
[2.103]Ахэмэ шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ яІэу, Тхьэм ищынагъо ашъхьарытыгъэмэ, Алахьым дэжь къикІырэ тыныр нахьышІу ахэмэ ар ашІэщтыгъэмэ!
[2.104]О шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышІыгъэхэр! ШъумыІо: "Къытлъыплъ!", ау шъуІо: "Тэ къытэплъ!" ыкІи шъудаІу. Тхьэр зышІошъ мыхъухэрэмкІэ ар хьэзаб пщынэжь!
[2.105]Тхыгъэр зиІэхэри, тхьабэ щыІ зыІохэу Тхьэр зышІошъ мыхъухэри шъуи Тхьэ шІушІагъэ къышъуфыригъэхызэ ышІыным фаехэп, ау Алахьыр зэшІушІэрэр Ежь къыхихыгъэу зыфаер ары: Алахьым шІушІэ иныр иІэмыр!
[2.106]Іэетэ къэгъэшъыпкъагъэр тетхы къэс е ащыгъупшэнэу унашъо зафэтшІырэм, тэ къэтэты ащ нахь дэгъу е ащ фэдэ. О пшІэрэба Алахьым ыІэ къимыхьан зэрэщымыІэр?
[2.107]Уашъори чІыгури Алахьым ыІэмычІэ зэрилъыр, Алахьым фэшъхьаф о благъи ІэпыІэгъуи зэрэуимыІэр пшІэрэба?
[2.108]НахьыпэкІэ Мосэ шъузэреупчІыщтыгъэм фэдэу, шъо шъуипегъэмбар шъуеупчІы шъушІоигъомэ шІэ? Ау диныр дининчъэкІэ зэблэзыхъурэр гъогу занкІэм текІыгъ.
[2.109]Шъыпкъэр нафэ къызафэхъугъэм ыуж шъугъонэу ахэлъым къыхэкІэу тхыгъэр зиІэмэ ащыщыбэхэр фэенхи диныр шъушІошъ зыхъугъэм ыуж Тхьэр шъушІошъ мыхъужьэу шъуашІыным. Тхьам иунашъо къыжъунэсыфэ ахэмэ афэжъугъэгъу, Алахьым ыІэ къимыхьан щыІэп!
[2.110]Шъущытэу нэмаз шъушІы, зэчатэр хэжъугъэкІ зызфэжъугъэхьазырырэ шІур Алахьым ежъугъотылІэщт: шъо шъушІэрэр Алахьым къелъэгъу!

[2.111]АІо ахэмэ: "Иудеехэмрэ чиристанхэмрэ афэшъхьаф хэти сыдигъуи джэнэтым ихьэщтэп". Ар ежьхэр зыкІэхъопсыхэрэр ары. ЯІу: "Шъо шъыпкъагъэ шъухэлъмэ, къашъуштэ къэзгъэшъыпкъэжьхэрэр!"
[2.112]Ары! Зынэгу Алахьым фэзгъэзагъэу, шІу зышІэхэрэм Тхьэм ишІушІэ афыщылъ, щынагъуи ахэмэ ашъхьарытэп, чэфынчъагъи къякІущтэп.
[2.113]Иудеехэм аІо: "Чиристанхэр зыми тетхэп!" Чиристанхэми аІо: "Иудеехэр зыми тетхэп!" Ахэр ащыгъум тхыгъэм еджэх. Ахэмэ аІорэм фэдэхэр арабми аІо. Ахэр зэрэзэтекІхэрэр къызыхъужьыщтхэ мафэм ехъулІэу Алахьым зэхифыщтых.
[2.114]Алахьым шъхьащэ зыщыфашІырэ чІыпІэхэм Ащ ыцІэ къащыраІоным пэшІуекІохэрэм, ахэр зэхэзгъэтэкъонхэм фэщагъэхэм анахь псэкІодышІэ хъужьына? Щтэр агу илъэу ащ ихьанхэр ахэмэ атефэщтыгъэ. АхэмкІэ мы дунаим хьэйнапэр адэжь, ахэмкІэ къэкІощт уахътэр пщынэжьышхо афэхъущт!
[2.115]Алахьым тыгъэ къокІыпІэри къохьапІэри иунай, тыдэкІэ зыжъугъэзагъэми, Алахьым ынапэ щыІ. Алахьым зэкІэ къызэлъеубыты, гъуазэ!
[2.116]Ахэмэ аІуагъ: "Алахьым сабыйхэр иІэх". Ащ щытхъур ыдэжь! Ары, Уашъоми чІыгуми ащыІэр Ащ ыІэ илъ! Ащ зэкІэ фэІорышІэ!
[2.117]Ащ уашъори чІыгури къыгъэшІыгъ. Ащ Іоф горэ зырихъухьэкІэ, "Къэхъу!", зэриІуагъэм тетэу ар къэхъу.
[2.118]ЗымышІэрэмэ мэущтэу аІо: "Алахьыр тэ къыддэгущыІагъэмэ е къытфигъэкІуагъэмэ щысэ зытетхын!" Ахэмэ апэкІэ щыІагъэхэми ауштэу аІощтыгъэ, ахэмэ агухэри ягущыІэмэ афэдэх. Тхьэр зышІошъ хъурэ цІыфхэм Іэетэ къэгъэшъыпкъагъэр зыфэдэр тэ афызэхэтфыгъ.
[2.119]Шъыпкъэм икъэбарышІу зехьэуи ушъыякІоуи, мары тэ удгъэкІуагъ, джыхьнэм машІом пахьэхэрэм апае пшъэдэкІыжь пхьынэуи о къыоупчІыжьыщтхэп.
[2.120]Ахэмэ яшІэныгъэ оштэфэ, иудеехэри чиристанхэри о къыпфэрэзэщтхэп. ЯІу: "Шъыпкъэ дэдэмкІэ, Алахьым игъогу шъыпкъэу щыт!" ау о шІэныгъэ шъыпкъэу къыпфэкІуагъэм ыуж ахэмэ яшІоигъоныгъэ лъэшмэ узыдахьыхкІэ, Алахьым дэжь кьикІэу благъи ІэпыІэгъуи уиІэщтэп.
[2.121]Тэ тхыгъэ тын зыфэтшІыгъэхэр зэрифэшъуашэу ащ еджэх-ахэмэ ащ шІошъхъуныгъэ фыряІ. Ау ащ шІошъхъуныгъэ фызимыІэхэм чІэнагъэ ашІыщт.
[2.122]О Исраил икІалэхэр! Сэ къышъосхыгъэ фыщытыкІэшІур шъугу къэжъугъэкІыжь. Сэ зэрэдунаеу шъузэрэщызгъэлъэпІагъэри ары.
[2.123]Зы псэм адрэ псэр ыгъэгъужьын зыщимылъэкІыщт мафэм шъущыщын, ащ пае фэдиз тын отыкІи ыштэщтэп, уфэгущыІэкІи федэ къыфихьыщтэп, ІэпыІэгъуи зыпарэми ыгъотыщтэп.
[2.124]Мары, Тхьэм гущыІэхэмкІэ Ибрахьимэ зеушэтым, ахэр ащ зегъэцакІэм, къыриІуагъ: " Сэ усшІыщт о цІыфмэ апае пэрыт". Ащ къыриІожьыгъ: "Сэ къыскІэхъухьэхэри ара?" Ащ ыІуагъ: "Тхьэр зышІошъ мыхъурэмэ сэ сиушъый къафэубытрэп".
[2.125]ЦІыфхэр щызэрэугъоинхэу, щыгупсэфынхэу мы унэр тшІыгъэ: "Ибрахьимэ ичІыпІэ тхьалъэІупІэ чІыпІэу шъощ пае шъуштэ". Ибрахьими Исмахьили тэ унашъо афэтшІыгъ: "КъэзыкІухьэрэми, щыпсэухэрэми, шъхьэкІафэ къытфэзыщІыхэрэми, натІэкІэ чІым нэсэу шъхьащэ къытфэзышІырэми сэ сиунэ агу къадеІэу шъхьэкІафэ къыфарэшІ!"
[2.126]Джащыгъум Ибрахьимэ ыІуагъ: "Я си Алахь! Мы хэгъэгур щынэгъончъэ къэшІ, щыпсэурэмэ пхъэшъхьэ=мышъхьэр къят, ащыщхэу къызэптыщтыр ахърэт мафэми Алахьыр зышІошъ шъыпкъэ хъугъэхэр ары". Ащ ыІуагъ: "Тхьэр зышІошъ шъыпкъэ

мыхъугъэхэм агъэфедэнэу ар охътэ кIэкIыкIэ ястыщт, ау етIанэ джыхьнэм машIом хэсыдзэщтых". Аущтэу къэбгъэзэжьыныр дэи!
[2.127]Мары, Ибрахьимэ, Исмахьили игъусэу, мы унэм ылъапсэ къыIэтыгъ: "Ярэби я Алахь! Тэ тIых, оры зэхэзыхрэр, зышIэрэр Оры!
[2.128]Ярэби я Алахь! Тэ тыпфэшъыпкъэу О тышI, тэ къыткIэхъухьэри О къыпфэшъыпкъэ цIыф купэу шIы, шъхьащэ къызыщыфэтшIыщт чIыпIэри къытэгъэлъэгъу, зыкъытфэгъаз, О зафэогъазэ, угукIэгъушI!
[2.129]Ярэби я Алахь! О уиIэетэ къэгъэшъыпкъагъэмэ къафеджэщт лIыкIор, тхыгъэри Iушыгъэри язгъэшIэщтыр, агухэр зыгъэкъэб зэщтхэр ахэмэ ащыщэу къахэгъэтадж. О уин, уIуш!"
[2.130]Зызгъэделэжьыгъэм фэшъхьафэу, Ибрахьимэ идин хэта ыкIыб фэзгъэзэщтыр? Дунаеу тызхэтым Дунаеу тэ ар къыщыхэтхыгъах, ахърэтым, Iо хэлъэп, ар зафэу псэурэмэ ащыщыщт.
[2.131]Мары, ащ и Тхьэ къызыреIом: "IорышIэ хъу!", ащ ыIуагъ: "Сэ сыфэIорышIэ зэрэдунаеу и Тхьэ!"
[2.132]А осыетыр Ибрахьимэ ыкъохэм къафишIыжьыгъ, Якъуби ыIуагъ: "О сикIалэхэр! Алахьым шъощ пае дин къыхихыгъ, ар шъугу имылъэу дунаим шъуемыхыжь!"
[2.133]Якъубэ лIэныгъэр къызекIум, шъо шыхьатэу шъущытыгъа? Ащ ыкъохэм джащыгъум ариIуагъ: "Сэ сауж сыда шъо шъхьащэ зыфэшъушIыщтыр?" Ахэмэ къыраIожьыгъ: "Тэ шъхьащэ фэтшIыщт О уи тхьэ, О уятэхэм я тхьэ, Ибрахьими, Исмахьили, Исхьакъи я Тхьэ, Тхьэ закъоу щыIэм. Ащ тэ тыфэIорышIэ".
[2.134]А цIыф лъэпкъыр джы щыIэжьэп: ащ иер ыгъотыгъэр ары, шъо шъуер шъо жъугъотыщтыр ары, ахэмэ ашIагъэмкIэ шъо къышъоупчIыщтхэп.
[2.135]Ахэмэ аIо: "Иудее е чиристан шъухъуи, гъогу занкIэ жъугъотыщт." ЯIу: "Хьау, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэгъэ Ибрахьимэ идин титыщт, тхьабэ ышIошъ хъоу ар щытыгъэп".
[2.136]КъашъуIо: "Тэ Алахьыр тшIошъ шъыпкъэ хъугъэ, тэ къытфыригъэхыгъэри, Ибрахьими, Исмахьили, Исхьакъи, Якъуби, ахэмэ къалъфыжьыгъэхэми къафыригъэхыгъэри, Моси Хьиси къаритыгъэри, пегъэмбармэ я Тхьэ къаритыгъэри тшIошъ шъыпкъэ хъугъэ. Ахэр зэхэтыдзыхэрэп, тэ Ащ зетэты".
[2.137]Ау шъо шъушIошъ шъыпкъэ хъугъэр ахэми ашIошъ шъыпкъэ хъугъэмэ, ахэмэ гъогу занкIэр къагъотыгъах. Ахэмэ акIыб къагъэзагъэмэ, ахэр зэгокIыгъэх, Алахьым ахэр о къыонигъэсыщтхэп: Зэхэзыхрэр, зышIэрэр Алахьыр ары.
[2.138]Алахьым идин шъурылажь! Алахьым идин нахьи хэта нахьышIур? Тэ Ащ шъхьащэ фэтэшIы.
[2.139]КъаIо: "Ар тэ ти Тхьэу шъори шъуи Тхьэу Алахьым пае шъукъытэдэожьыщта? Тэ тиIофхэр тэ тиех, шъо шъуиIофхэр шъо шъуиех, тэ тыгухэр фэкъабзэхэу ащ тыфэшъыпкъэ".
[2.140]Хьауми Ибрахьими, Исмахьили, Исхьакъи, Якъуби, ахэмэ къалъфыжьыгъэхэри иудеегъэхэу е чиристаныгъэхэу шъо шъуIощта? ЯIу: "Шъора нахьыбэ зышIэрэр хьауми Алахьыр ара? Алахьым къыушыхьатыгъэр зыгъэбылъыгъэм нахь псэкIодыбэ зыгъэхъагъэ хъужьына? Алахьым шъо шъушIэрэр мыштэ ышIырэп!"
[2.141]А цIыф лъэпкъыр джы щыIэжьэп: Ащ иер зэригъэшIагъэр ары, шъо шъуиер шъо зэжъугъэшIэщтыр ары, ахэмэ ашIэщтыгъэмкIэ шъо къышъоупчIыщтхэп.

[2.142]Акъыл зимыIэ цIыфхэм ащыщхэм аIощт: "Къыблэу аIыгъыгъэм сыда ахэр Iузыщыгъэхэр?" ЯIу: "Тыгъэ къокIыпIэри къохьапIэри Алахьым иунаех. Зыфаер Ащ гъогу занкIэм рещэ!"
[2.143]А цIыфхэм шъо шыхьат шъуафэхъуным пае, шъуапашъхьэ лIыкIор шыхьат щыхъуным пае джаущтэу шъо цIыф лъэпкъ лIыкIо шъутшIыгъ. Къыблэу шъо нахьыпэкIи шъуIыгъыгъэр зыкIэдгъэнэфагъэр мы лIыкIом лъыкIохэрэмрэ къызэкIакIохэрэмрэ зэдгъэшIэнхэу ары. Ар Iоф инэу къыпшIошIыми, Алахьым пэщэнынгъэ зыфыриIэхэмкIэ аущтэу щытэп! Тхьэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэу фэшъушIыгъэр ыгъэкIодыщтэп, Алахьыр цIыфхэм афэшъаб, афэгукIэгъу!
[2.144]Унэгу О уашъом зэрэщыбгъазэрэр тэ тэлъэгъу, узэрэрэзэщт къыблэм тэ уфэдгъэзэщт. Альмэсджыд альхьарам мэщытым ылъэныкъо унэгу фэгъаз. Тыдэрэ лъэныкъо шъо шъущыIэми, шъунэгухэр ащ ылъэныкъокIэ жъугъазэх. КъурIаныр зэратыгъэхэм а шъыпкъэр ахэмэ я Тхьэ дэжь къызэрикIрэр ашIэ. Ахэмэ ашIэрэр Алахьым щигъэзыерэп!
[2.145]Тхыгъэр зэратыгъэхэм зэкIэ Iэятэхэр заIэкIэбгъахьэрэм, о уикъыблэ ахэр лъыкIощтхэп, ори ахэмэ якъыблэ улъыкIощтэп. Ахэмэ ащыщхэри нэмыкIмэ якъыблэ лъыкIохэрэп. О шIэныгъэр къызфэкIуагъэм ыуж ахэр лъэшэу зыфэщагъэхэм уазыфакIокIэ, Iо хэлъэп, ащыгъум о псэкIодышIэмэ уащыщ.
[2.146]Тэ тхыгъэр зэттыгъэхэм, акъохэр зэрашIэхэрэм фэдэу, ар ашIэ, ау ахэмэ ащыщхэм, ашIэ нахь мышIэми, шъыпкъэр агъэнэгъуаджэ.
[2.147]Шъыпкъэр уи Тхьэ дэжь къекIы, еджэнджэшырэмэ ащыщ зымышI!
[2.148]Хэти ынэIу зыфигъэзэрэ лъэныкъо иI. Дыухьэ къыхьы хъумэ, а лъэныкъомкIэ ащ згъазэ. Ащ пае шIу шъушIэным шъуфабл, тыдэ шъущыIэми, Алахьым шъукъызэрищэлIэжьыщт, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ыIэ къимыхьан щыIэп!
[2.149]О тыдэкIэ укъикIыгъэми, унапэ Альмэсджыд альхьарам мэщытым ылъэныкъо фэгъаз: сыда пIомэ, ар шъыпкъэу уи Тхьэ дэжь къикIыгъэр ары. Алахьым шъо шъушIэрэр мыдэ ышIырэп!
[2.150]О тыдэ укъикIыгъэми, Альмэсджыд альхьарам мэщытым ылъэныкъо унапэ фэгъаз, шъо тыдэ шъущыIэми, мызафэу щытмэ афэшъхьафэу, адырэ цIыфхэм шъо къышъупекIоу IэубытыпIэ ямыIэным пае, ащ ылъэныкъо шъунапэхэр фэжъугъаз. ЦIыф бзаджэхэм шъуащымыщт. Сэ къышъуфасшIэрэ шIур изгъэкъуным пае шъукъысщыщын, гъогу занкIэ шъутетынкIи хъун!.
[2.151]Шъо шъущыщ лIыкIор шъухэтынэу къызэрэдгъэкIуагъэм фэдэу: Тэ тиIэтэ къэгъэшъыпкъагъэхэм ар къышъуфяджэ, шъугухэри егъэкъабзэх, тхыгъэми Iушыгъэми шъурегъаджэ, ыпэкIэ шъумышIэщтыгъэми шъурегъаджэ.
[2.152]Сэ шъугу сижъугъэлъ, шъо сыгу шъуизгъэлъыщт, разэ шъукъысфэхъу, шъукъысфэмыразэ шъумыхъу!
[2.153]О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ЩэIагъэмрэ дыухьэмрэ зафэжъугъаз. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, щэIагъэ зиIэмэ Алахьыр ягъус!
[2.154]Алахьым игъогу тетхэу аукIхэрэм апае шъумыIо "ЛIагъэх". хьау, ахэр псэух! Ау шъо шъуиакъыл ащ нэсрэп.
[2.155]Тэ шIыкIэ зэфэшъхьафкIэ шъутэушэты: гъэщынэкIэ, гъаблэкIэ, мылъкур, гъашIэр, джэнэтыр чIэшъунэнкIэ, ау тхьамыкIагъо къазыфакIокIэ,
[2.156]ЩэIагъэ зиIэхэр гъэгушIох: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэ Алахьым тырий, ащ дэжьы тэ тэгъэзэжьы!"
[2.157]Ахэр Тхьэр къызфэразэхэу шIу къызфишIагъэхэр арых, ахэр гъогу занкIэм рэкIох.

[2.158]Ас-Сафарэ ал Мэрыорэ Алахьым ичIыпIэ лъапIэх, а унэм чэбакIо кIорэм е ащ ихьэрэм IошъхьитIур хъураеу къызэрикIухьэрэм, ыгу пыкIэу псапэ зэришIэрэм пае псэкIод телъэп сыда пIомэ, Алахьыр разэ, ышIэрэр ешIэ!
[2.159]Тэ мы тхыгъэм рыгъозэнхэу цIыфхэм загурыдгъэIуагъэм ыуж къафедгъэхыгъэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ нафэхэр зыгъэбылъхэрэм Алахьым бгыбзэ арихыщт, бгэхэрэми бгыбзэ арахыщт.
[2.160]КIэгъожьыгъэхэм, шIу зышIагъэхэм, джаущтэу нафэу зыкъэзгъэлъэгъуагъэхэм афэшъхьафрэм, ахэмэ Сэри зафэзгъэзэщт. Сэ кIэгъожьыгъэмэ сафэшIу, сыгукIэгъушI.
[2.161]Шъыпкъэ дэдэмкIэ, нэмыкI дин итхэу Тхьэр ашIошъ шъыпкъэ мыхъоу лIагъэхэм Алахьыми, мэлаIичхэми, цIыфхэми зэкIэмэ ябгыбзэ атефэщт!
[2.162]А бгыбзэр егъашIэм ахэмэ ателъыщт: Хьэзабэу ателъыр афэпсынкIэщтэп, Алахьыми ынэшIу ащифэщтэп.
[2.163]Шъо шъуи тхьэ зы тхьэ, гукIэгъушIэу, гукIэгъу зыхэлъым фэшъхьаф тхьэ щыIэп!
[2.164]Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уашъомрэ чIыгумрэ зэрэшIыгъэхэр, чэщымрэ мафэмрэ зэрэзэблэкIхэрэр, цIыфмэ яфедэхэр хы кIыIум щызезыщэрэ къухьэхэр, чIыгум ыпсэ зыхэкIым Алахьым псыр уашъом къырищэхи псэ къызэрэпигъэкIэжьыгъэр, зэкIэ псэушъхьэхэр Ащ чIыгум зэрэтырипхъагъэхэр, жьыбгъэхэр зэрэзэблихъухэрэр, уашъомрэ чIыгумрэ азфагу ошъуапщэхэр итхэу Ащ зэрэфэIорышIэхэрэр акъыл зиIэ цIыфхэмкIэ щысэтехыпIэх!
[2.165]Алахьым фэшъхьафэу тхьэ нэпцIыхэр ежь пае къыхэзыххэри цIыфмэ ахэтых, Алахьыр шIу зэрилъэгъун фаем фэдэу ахэр шIу алъэгъух. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм Алахьыр шIу зэралъэгъурэм рылъэшых. Гунахьыбэ зыщIагъэхэм хьэзабэу ателъыр зыфэдэр къызашIэкIэ, Алахьым кIуачIэр зэриер, уигъэпщынэнкIэ Алахьыр зэрэлъэшыр къашIэщт!.
[2.166]Джы щысэ зытырахыщтыгъэхэр ахэмэ агокIыщтых, щысэ атезыхыщтыгъэми пщыныжьыр алъэгъунышъ, зэрэзэпхыгъэхэр зэпычыщтых.
[2.167]Джащыгъум щысэ атезыхыщтыгъэхэм аIощт: "Ежьхэр зэрэдгокIыгъэхэм фэдэу тэри ахэмэ тагокIынышъ, къэдгъэзэжьын тлъэкIынэу щытыгъэмэ!" Ахэмэ ашIагъэр ежьхэмкIэ кIодыпIэу зэрэщытыр Алахьым джаущтэу аригъэлъэгъущт, ахэр джэхьнэмым къыхэкIыжьыщтхэп!
[2.168]О цIыфхэр! чIым шIоу къытекIэу пшхы хъущтым щэхъу шъумышхы, джынапцIэм илъэуж шъурымыкIу, ар шъуипый наф!
[2.169]Шъо шъумышIэрэр Алахьым ешъуIолIэным пае бзэджагъэрэ пцIэпIагъэрэ шъушIэнэу ащ унашъо къышъуфешIы.
[2.170]Ахэмэ зэраIокIэ: "Алахьым къышъуфыригъэхыгъэм шъурыгъуаз!" къаIожьы: "Хьау, тэ тятэхэр зытетыгъэу къэтлъэгъужьыгъэм тырыгъозэщт". Ары шъхьаем ахэмэ ятэхэм зыпари къагурымыIощтыгъэмэ, гъогу занкIэми рымыкIощтыгъэхэмэ?
[2.171]НэмыкI дин итхэр, макъэу рашъыгъэм щыщэу, джэмакъэрэ макъэрэ щэхъу зэхэзымыхырэ цIыфым фэдэх: Дэгух, бзакох, нэшъух акъыли къагъотыщтэп!
[2.172]О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ШIоу къышъоттыгъэхэр шъушхых, шъо Алахьым шъхьащэ фэшъошIымэ, щытхъу фашъуIу.
[2.173]Шъо Ащ псэхалIэри, лъыри, къом ыли, Алахьым ымыцIэкIэ шIошъубзыгъэхэри мышхы шъуфишIыгъ. Къэрарынчъэу е бзэджашIэу щымытэу, егъэзыгъэкIэ ащ фэдэ гъомылэ зышхырэм псэкIод телъэп: Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ.
[2.174]Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тхыгъэм щыщэу Алахьым къыфыригъэхыгъэр зыушъэфхэу, ащкIэ осэ цIыкIу зиIэ горэ зэзгъэгъотхэрэм, аныбэ машIо щэхъу радзэжьрэп:

къызщыхъужьыщтхэ мафэм Алахьыр ахэмэ адэгущыIэщтэп, ыгъэкъэбзэщтхэп, ахэр пщынэкIаеу пщынэщтых!
[2.175]Гъогу занкIэм ычIыпIэ гъощэныгъэр, фэгъэгъуным ычIыпIэ пщынэныр зыщэфыгъэхэр ахэр арых. Ахэмэ машIом щэIагъэ зэрэфыряIэр!
[2.176]Ар аущтэу зыкIэхъугъэр мы КъурIаныр хьакъым тетэу Алахьым къыригъэхыгъ, тхыгъэм фэгъэхьыгъэу зишIошIхэр темыфэхэрэр, Iо хэлъэп, лъэшэу зэгокIыгъэх.
[2.177]Шъунапэхэр тыгъэкъокIыпIэм е къохьапIэм фэшъогъазэхэкIэ, диным шъуфэшъыпкъэу къикIрэп, диным фэшъыпкъэхэр ахърэт мафэми Алахьыр зышIошъ шъыпкъэ хъугъэхэр, ащ шIулъэгъоу фашIыгъэм ихьатыркIэ мэлаIичхэми, тхыгъэми, пегъэмбархэми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышIыгъэхэр, апэблагъэхэм, ибэхэм, тхьамыкIэхэм, гъогу тетхэм, лъэIуакIохэм пщылIхэр къащэфыжьынхэм пае ежьхэм ямылъку щыщ зытыхэрэр, нэмаз зышIхэрэр, агу агъэкъэбзэным пае сэдакъэ зытыхэрэр, ежьхэм зытралъхьэжьыгъэ Iуагъэр шъыпкъагъэ хэлъэу зыгъэцэкIэжьхэрэр: насыпынчъагъэ къяхъулIэми, тхьамыкIэ хъухэми, тхьамкIэгъо лъэхъаными щэIагъэ зыхэлъхэр ары, ахэр шъыпкъагъэ зыхэлъ цIыфых, ахэр Тхьэм ищынагъо чIэтых.
[2.178]О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! АукIыгъэхэм алъ шъушIэжьынэу шъо къышъуфегъэпытэ: шъхьафитым пае шъхьафитым, пщылIым пае-пщылIым, бзылъфыгъэм пае бзылъфыгъэм. АукIыгъэм ыш ахэмэ ащыщэу зыгорэ зыфигъэгъурэр хабзэм тетэу мэзекIо, лъы уасэр шIушIэкIэ фырегъэкъужьы. Джары шъо шъуи Тхьэ къызэрэшъуфигъэпсынкIэрэр, ащ фэд ишIушIэ: ащ ыуж ар зыукъорэр пщынэжьыкIаеу мэпщынэ!
[2.179]ШъоркIэ лъышIэжьыр щыIэныгъ , о акъыл зиIэхэр! Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу шъухъункIи мэхъу!
[2.180]Шъуащыщ горэ зылIэу мылъку къызыкIэныкIэ, хабзэм тетэу, Тхьэр зышIошъ хъурэм зэрэзытырилъхьажьэу, шъуянэ=шъуятэхэм, къышъупэблагъэхэм къафэжъугъэнэжьынэу шъо къышъуфегъэпытэ.
[2.181]А осыетыр зэхэзыхыгъэу ащ ыуж зэблэзыхъужьрэм, псэкIодыр тефэщт. Алахьым зэхехы, ешIэ!
[2.182]Осыет къэзышIыжьрэм имызэфагъэ е ипсэкIодшIагъэ ащымэхъашэу, ахэр зыгъэтэрэзыжьырэм псэкIод шIагъэ телъэп. Алахьым къыпфегъэгъу, Алахьыр гукIэгъушI!
[2.183]О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо шъуапэкIэ щыIагъэхэм афэдэу шъори нэкIмазэр мэфэ пчъагъэр лъытагъэу шъуIыгъынэу, Къышъуфегъэпытэ, Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу шъухъункIи мэхъу!
[2.184]шъуащыщэу сымаджэм е гъогу тетым нэмыкI мафэхэр ищыкIагъэм фэдизэу енэкIыжьых. ЗынэкIын зылъэкIыщтхэу зымынэкIхэрэм тхьамыкIэхэр агъашхэзэ защэфыжьы. Ежь=ежьырэу шIу зышIэнэу фежьэрэм шIоу ышIэрэр ежь шIоу IокIэжьы. Шъо зэхэшъушIыкIымэ, нэкIмазэр зэрэшъуIыгърэр шъорыкIэ шIу.
[2.185]ШIумрэ емрэ зэхашIыкIыным, цIыфхэр рыгъозэнхэм пае мазэу Рэмэзаныр шъо КъурIаныр къызшъуфыригъэхыгъэ мазэу щыт. А мазэм шъуащыщэу унэм исым а мазэр екIыфэ нэкIмазэр ыIыгъынэу щыт, сымаджэу ащ тефэрэм е гъогууанэм тетым ащ фэдиз мэфэ пчъагъэ нэмыкI мазэм ынэкIыжьыщт. Шъо нэкIмазэр псынкIэ къышъуфишIыным Алахьыр фай нахь, къин шъуигъэлъэгъуным фаеп. Шъо гъогу занкIэм шъузэрэрищэрэм пае нэкIмазэри шъуухынэу, Алахьыри жъугъэлъэпIэнэу фай, шъо разэ шъухъункIи мэхъу!
[2.186]Сэ къысфэгъэхьыгъэу о уиIумэтхэр къыоупчIыхэ хъумэ, Сэ благъэу сыщыI, сэ къысэлъэIурэм илъэIу фэсэгъэцакIэ. Ахэр Сэри къысэрэдэIух, шIошъхъуныгъэ шъыпкъи Сэ къысфарэшI, гъогу зафэм ахэр рыкIонхэкIи мэхъу!

[2.187]НэкIмэзэ чэщым шъуишъузмэ шъуякIолIэнэу Iизын шъуиI: Ахэр шъорыкIэ техъоных, ахэмкIэ шъо шъутехъон. Шъор=шъорэу зызэрэжъугъэпцIэжьрэр Алахьым ышIагъ, ыгу къышъуфэгъугъ. Джы ахэмэ шъуанэс, Алахьым къышъуфигъэнэфагъэм шъулъыхъу, Iудэнэ фыжьымрэ Iудэнэ шIуцIэмрэ зэхэшъуфынхэ шъумылъэкIыфэ шъушх, шъуешъу, етIанэ чэщ къэхъуфэ нэкIмазэр шъуIыгъы. Мэщытхэм шъуачIэсыфэ бзылъфыгъэмэ шъуанэмыс. Джащ фэдэх Алахьым игъунапкъэхэр, ахэмэ благъэу шъуямыкIуалI! Джаущ тэу Алахьым ежь иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр цIыфмэ къагурегъаIо, Тхьэм ищынагъо агу илъэу ахэр хъунхэкIи мэхъу!
[2.188]Шъо мылъкоу шъуиIэр шъуазфагу пкIэнчъэу щышъумыгъэкIод, шъушIэ пэтзэ, къадыхэр шъущэфынхэм пае цIыфмэ яIахьэ щыщ ахэмэ яшъумыгъэшх
[2.189]МэзакIэхэм апае ахэр къыолъэIух. ЯIу : "Ахэр цIыфмэ уахътэри мэфэкIри рагъэнэфэным пай". Унэм ыкIыбыкIэ уихьаныр арэп диным уфэшъыпкъэу зепхьаным къикIрэр, Тхьэм ищынэ зыгу илъыр ары диныр фэшъыпкъэу зезыхьэрэр. ПчъэхэмкIэ унэмэ шъуарыхь, Алахьым шъущыщт, насыпышIо шъухъункIи мэхъу!
[2.190]Алахьым игъогу шъутетэу къышъозаорэм шъуезау, ау зэфэнчъагъэ зешъумыхь, зэфэнчъэхэр Алахьым шIу ылъэгъухэрэп!
[2.191]ШъузащыIукIэрэм ахэр щышъуукIых, шъукъызэрафыгъэм къишъуфыжьых: ЗэщыхъуакIор уукIыным нахь дэй! Альмэсджыд альхьэрам мэщытым ыпашъхьэ ахэр къыщышъозэонэу емыжьэфэхэ, ахэмэ шъори ащ ыпашъхьэ шъущямызау Шъо ахэр къышъозэонхэ хъумэ, шъуукIых: НэмыкI дин итхэм ары яфэшъуашэр!
[2.192]Ар амышIэу ахэмэ заIажэмэ Алахьым афегъегъу, гукIэгъушI!
[2.193]Зэщыхъоныр ащ нахьыбэрэ ахэмылъыжьыфэ ахэмэ шъуязау, диныр зэрэщытэу Алахьым иунэещт. Ау ахэмэ заIажэмэ, хэбзэнчъэ зезыхьэхэрэм афэшъхьаф шъузэпыин къэнэжьыщтэп!
[2.194]Хьарам мазэр хьарам мазэм ипэгъокI! Хьарам чIыпIэхэри пщынэжь чIыпIэх. Шъо къышъуфэгъэхьыгъэу зэфэнчъагъэ зезыхьагъэм зэфэнчъагъэу къыжъудызэрихьагъэм фэдэ къабзэу шъори зэфэнчъагъэкIэ шъупэгъокIыжь. Алахьым шъущыщт ыкIи зэжъугъашIэ, Тхьэм ищынагъо зыгу илъмэ Алахьыр ягъус!
[2.195]Алахьым игъогу шъутетэу тыныхэр шъушIы, ау шъуIитIукIэ шъор=шъорэу кIодыпIэм зишъумыдз, шIу шъушIэ, шIу зышIэхэрэр Алахьым шIу елъэгъух!
[2.196]Алахьым пае хьаджэри, гъумрэри ижъугъэкъу. ШъуфэмыгъэцакIэмэ, шъуIэ къихьащт былымыр къурмэныпхъэ шъушIы. АукIыщтыр ичIыпIэ нэмысыфэ, шъушъхьэхэри шъумыупсых. Шъуащыщ горэ сымаджэу е шхьэуз горэ къеузмэ, ащ нэкIымкIэ, е сэдакъэкIэ, е нэмыкI шIушIэкIэ зищэфыжьын ылъэкIыщт. Шъуиамал къыхьыщтымэ, шъуащыщэу гъумрэмрэ хьаджэмрэ зэшIэгъоу хигъэунэфыкIынэу зыгу къэкIырэм, ежь ыгу пыкIырэ былымыр къурмэныпхъэ ерэшI. Ар зэзымыгъотылIэжьыгъэмэ хьэджэ уахътэм мэфищэ анэкIыщт, ядэжь къызагъэзэжьрэм мэфиблэ нэкIыщтых, зэкIэмкIи мэфипшI псэум нэкIыщтых. Ар зэхьылIагъэхэр зиунагъо Альмэсджыд альхьэрам мэщытым щымыIагъэхэр ары. Алахьым шъущыщт ыкIи зэжъугъашIэ, уигъэпщынэнкIэ Алахьыр лъэш.
[2.197] МэфэкIышхор зэлъашIэрэ мазэмэ атефэ. Ахэмэ атефэу мэфэкIыр зышIынэу зыпшъэ изылъхьэжьыгъэхэр мэфэкIыр окIофэ яшъузмэ агохьащтхэп, хэбзэнчъэ ашIэщтэп, зэфэгубжыщтхэп. Шъо дэгъоу шъушIэрэр Алахьым ешIэ. Гъогу гъомылэ зыдашъушт, ау зэкIэмэ анахь гъогу гъомылэ дэгъур диныр шъушIошъ хъуныр ары. Акъыл зиIэхэр, Сэ шъукъысщыщт!

[2.198] Шъо шъуи Тхьэ ишIушIэ шъулъэхъукIэ, псэкIодыр къышъутефэщтэп. Арафит чапэм шъукъызехыкIэ, чIыпIэ лъапIэм дэжь Алахьыр шъугу къэжъугъэкIыжь. Ащ ыпэкIэ шъугъощагъэу щытыгъэмэ, Ащ гъогу занкIэ шъуззэрэтырищагъэр шъугу къэжъугъэкIыжь.
[2.199] ЕтIани цIыфхэр къызщехырэм дэжь шъори шъукъех. Алахьым къышъуфигъэгъунэу шъуелъэIу, Алахьым гукIэгъушхо иI, къышъуфигъэгъущт!
[2.200] ШъуздэкIощт фэIо=фашIэхэм аужы Тхьэр шъугу къэжъугъэкI, шъуятэ=шъуянэхэр шъугу къызэрэкIырэм фэдэу. ЦIыфмэ ахэтых мэущтэу зыIохэрэр "Ярэби я Алахь! Мы дунаеу тызтетым къыщытат," къэкIощтым ахэмэ Iахьэ щыряIэп.
[2.201] Ахэми ахэт мырэущтэу зыIохэрэр: "Ярэби я Алахь! Мы дунаеу тызтетыми къыщытат, ахърэтыми къыщытат, джэхьнэмымкIэ тагъэпщынэным тыщыухъум".
[2.202] Ахэмэ агъотыгъэр ары яфэшъуашэр, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр къыбдилъэгъущтымкIэ IэшIэх!
[2.203] Мэфэ гъэнэфагъэхэм Алахьыр шъугу къэжъугъэкIыжь. МэфитIум азфагу игъо ифэрэм псэкIод телъыщтэп, ау уахътэр блэзгъэкIрэм, Тхьэм ищтэ ыгу илъэу щытмэ, ипсэкIод тефэщтэп. Алахьым шъущыщт ыкIи зэжъугъашIэ Ащ ыпашъхьэ шъузэрихьэжьыщтыр!
[2.204] ГъашIэу узыхэтыр къыIорэмкIэ уигъэгъэшIагъоу, ыгу илъыр АлахьымкIэ къыушыхьатэу, нэкъокъонымкIи лъэшэу нэрыгъхэр цIыфмэ ахэтых.
[2.205] Ащ фэдэм ыкIыб къызигъазэкIэ, гунахьыбэ зэрихьэу, чылэпхъэ еутыгъэхэр, къыткIэхъухьэрэр ыгъэкIодыхэу чIыгум рэкIо, Алахьым цIыфыгъэнчъэр шIу ылъэгъурэп!
[2.206] Ащ зыраIокIэ "Алахьым щыщын", хэбзэнчъэу ышIагъэхэм зэрарыгушхорэм зэлъештэ. ЕгъэшIэрэ хьэзабыр ащкIэ икъущт, ар шъхьэегъэзыпIэ дэй!
[2.207] ЦIыфмэ мыщ фэди ахэт: Алахьыр къыфэшIуным фаблэзэ, ыпсэ къэзыщэфыжьри, Алахьыр иIумэтхэм афэшъаб.
[2.208] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ЗэкIэми IорышIэ шъузэлъыхъу, джынапцIэм илъэуж шъурымыкIу! ШъорыкIэ ар нэрылъэгъу пый!
[2.209] Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр зэхэугуфыкIыгъэхэу шъо къызышъуфэкIуагъэхэм ыуж шъузылъэпаокIэ, зэжъугъашIэ, Алахьыр ины, Iушы.
[2.210] Ошъопщэ шIункIымэ ахэтэу, мэлэIичхэр игъусэхэу, Алахьыр адэжь къэкIонэу ахэр ежэхэуи? Ар зэрэхъущтыр гъэнэфэгъахэ, зэкIэ псэ зыпытхэм Алахьым къыфагъэзэжьы.
[2.211] Исраилэ ыкъомэ яупчI: "Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэу тхьапша ахэмэ къафедгъэхыгъэр?" Ежь къызфэкIогъахэм ыуж Алахьым ишIушIэ зыгорэм зэблехъумэ, уигъэпщынэнкIэ Алахьыр лъэш!
[2.212] ШIошъхъуныгъэ зимыIэхэмкIэ гъашIэу зыхэтхэр хъопсагъоу щыт, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэхэм ахэр арэджэгух, ау къызыщыпсэужьыщтхэ мафэм диныр шынкIэу зезыхьэхэрэр нахь лъагэ хъущтых. Алахьым ынэшIу зыщыфэрэм гъунэнчъэу шIу фешIэ!
[2.213] ЦIыфхэр зы дин зэдитыгъэх. ЦIыфхэр зэгокIынхэр къызхэкIыгъэр агурагъэIонэу, мэкъэгъэIухэу, ушъыякIохэу Алахьым пегъэмбархэр къафигъэкIуагъэх, ахэмэ ягъусэу шъыпкъэр зэрыт КъурIаныр къафыригъэхыгъ. Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр къазфэкIуагъэм ыуж джэгъогъуныгъэу ежьхэм азфагу илъым къыхэкIэу зэгокIыгъэхэр тхыгъэр зэратыгъэхэр арых ныIэп. ЗыфызэгокIыгъэхэм шъыпкъэу хэлъым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэр Ежь ишIэ хэлъэу Алахьым къыфищагъэх. Алахьым ынэшIу зыщыфэрэр гъогу занкIэм фещэ!
[2.214] Хьауми шъуапэкIэ щыIагъэхэм къафэкIуагъэм фэдэ къышъуфэмыкIоу джэнэтым шъуихьанэу шъо къышъушIошIыщтыгъа? Ахэмэ тхьамыкIагъуи гухэкIи къанэсыгъ, ячIыгуи сысыгъэ, арышъ, лIыкIоми, ащ игъусэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэми

аIощтыгъэ: "Сыдигъо Алахьым иIэпыIэгъу къэсыщта?" Ары! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым иIэпыIэгъу благъэ!
[2.215] Ахэр о къыоупчIых: "Хэта тынхэр зыфашIрэр? ЯIу: " Мылъкоу шъуиIэм щыщэу шъо шъутырэр шъуянэ=шъуятэхэм, къышъупэблагъэхэм, ибэхэм, тхьамыкIэхэм, гъогууанэ тетхэм апай. Сыд фэдизэу шIу шъушIагъэми Алахьым ар ешIэ".
[2.216] Шъузэонэу шъо къышъуфегъэпытэ, ау ар шъулъэгъу хъурэп. Шъо зыгорэ шъулъэгъу мыхъункIи хъун, ау ар шъорыкIэ дэгъу, шъо зыгорэ шIу шъулъэгъункIи хъун, ау шъорыкIэ ар дэи, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ышIэрэр шъо шъушIэрэп!
[2.217] Хьарам мазэмкIэ, ащ заоу щыкIон фаемкIэ ахэр о къыоупчIых. ЯIу: "А мазэм зао пшIыныр псэкIодышху, ау Алахьым игъогу удэхыныр, Ащи Альмэсджыд альхьарам мэщытыми игъогу удэхыныр, Ащи Альмэсджыд альхьэрам мэщытыми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэмышIыныр, ащ къекIуалIэхэрэр къычIэпфынхэр Алахьым ыпашъхьэ щыпсэкIодышху: Зэщыхъоныр заом нахьи нахь кIодыпI!" АфэлъэкIмэ, шъуидин чIышъуагъэдзыфэ къышъозэонхэр ахэмэ зэпагъэущтэп. Ау шъуащыщ горэ шъуидин гокIэу нэмыкI дин итэу зылIэрэм, гъашIэу зыхэтми ахърэтми ащ фэдэмэ щашIэрэр хьаолый! Ахэр джэхьнэмым щыпсэущтых, ахэр егъашIэм ащ хэтыщтых!
[2.218] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, яхэгъэгу къэзыбгынагъэхэу, Алахьым игъогу тетхэу банэхэрэр Алахьым ишIушIэ щэгугъых, Алахьым къыфегъэгъу, гукIэгъушI!
[2.219] Санэмрэ гохьан Iофымрэ афэгъэхьыгъэу о къыоупчIых. ЯIу: "ИтIуми псэкIодышхо ахэлъ, цIыфхэмкIэ федэ гори ахэлъ, ау псэкIодэу ахэлъыр нахьыб". Джыри ахэр о къыоупчIых: "Сыда тыны ашIыщтыр?" ЯIу: "Къэнагъэр ары". Джаущтэу Алахьым ищысэтехыпIэхэр къыжъугурегъаIо, шъуегупшысэнкIи мэхъу
[2.220] гъашIэ благъэми ахърэтыми! Ибэхэм апае ахэр о къыоупчIых. ЯIу: "Ахэмэ шIу афэпшIэныр дэгъу". Ахэмэ ащыщ зышъушIымэ, ащыгъум ахэр шъо шъушых, гунахьыбэ зышIэрэр шIу зышIэрэм химыгъэкIокIэнэу ешIэ. Ау Алахьыр фэягъэмэ, шъо шъуигъэпшъыни. Алахьыр ины, Iушы!
[2.221] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ амышIыфэ, тхьабэ зышIошъ хъухэрэр къэшъумыщ, тхьабэ зышIошъ хъурэр шъо лъэшэу шъугу рихьыми, Iо хэлъэп, Тхьэр зышIошъ хъурэ пщылI бзылъфыгъэр нахьышIу. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ахэмэ ашIыфэ, тхьабэ зышIошъ хъухэрэм ядэшъумыгъакIу, Тхьэр зышIошъ хъурэ пщылIыр, Iо хэлъэп, тхьабэ зышIошъ хъурэм нахьи нахьышIу. Ахэмэ шъо джыхьнэм машIом шъуфащэ, Алахьым шъо джэнэтым шьурещэ, Ежь иIизын хэлъэу къышъуфегъэгъу. Ежь иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр цIыфмэ агурегъаIо, ахэмэ зыкъашIэжьынкIи мэхъу!
[2.222] Охътэ гъэнэфагъэм шъузмэ лъэу къахэкIырэмкIэ ахэр о къыоупчIых. ЯIу: "Ар къин щэчыгъу". Лъыр акIэкIыфэ бзылъфыгъэмэ апэчыжьэ зышъушI, замыукъэбзыжьыфэ шъуямыкIуалI. Ау ахэмэ зызаукъэбзыжькIэ, адэжь шъукIу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зыфэзгъазэхэрэр шIу елъэгъух, зызыукъэбзыжьхэри шIу елъэгъух!
[2.223] Шъо шъуишъузхэр шъоркIэ лэжьыгъэ шIапI, шъузыщыфаем шъуилэжьыгъэ шIапIэ шъукIу, Алахьым шъущыщт, зыжъугъэхьазыр, Ащ шъузэрэIукIэжьыщтыр зэжъугъашIэ, Тхьэр зышIошъ хъухэри гъэгушIо!
[2.224] Диным шъуфэшъыпкъэу, Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу, цIыфхэм апае шIу шъушIэу тхьарыIо шъушIынымкIэ Алахьыр пэрыохъоу шъумылъытэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зэхехы, ешIэ!
[2.225] ТхьарыIо нэкIхэу шъо шъушIырэмэ апае Алахьым шъуигъэпщынэрэп, ау шъугукIэ къабыл шъушIыгъэм пае шъуегъэпщынэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, шъабэ!

[2.226] Яшъузмэ агокIыжьынхэу тхьарыIо зышIыхэрэм мэзиплIым къыкIоцI защыIэн фае. А уахътэм ахэмэ зызэфагъэзэжькIэ шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[2.227] Ау ахэр зэгокIыжьынхэу теубытагъэ ашIыгъэмэ, Алахьым зэхехы, ешIэ!
[2.228] ЗыгокIыжьыгъэхэр язакъоу щэ лъы акIэкIыфэ мэпсэух, ахэмэ Алахьыми ахърэт мафэми шIошъхъуныгъэ фыряIэмэ, ахэмэ аныбэ кIоцI Алахьым ридзагъэр аушъэфын фитыхэп. Ахэмэ ялIыхэм шIу ашIэ ашIоигъомэ, ащ фэдэ зыхъукIэ, зэгурыIожьынхэу фаехэмэ, ядэжь къащэжьхэмэ, зэфагъэ хъущт. Бзылъфыгъэмэ ателъым фэдиз дэхагъэ афэшIыжьыпхъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр ины, Iушы!
[2.229] ЗэгокIыжьыным уцугъуитIу иI: Е цIыфыгъэ дызепхьэу уригъусэщт, е шIу фэпшIэнышъ, угокIыжьыщт. Шъо нэбгыритIуми Алахьым ыгъэуцугъэ хабзэр шъуукъоным шъузэрэщыщтэрэм фэшъхьафэу яптыгъэм щыщэу зыпари къыIыпхыжьын уфитэп. Алахьым ихабзэхэр нэбгыритIуми шъуфэмыгъэцэкIэным шъутещтыхьэмэ, бзылъфыгъэм щэфыжьыпкIэ илI ритмэ, псэкIодыр тефэщтэп. Джащ фэдэх Алахьым игъунапкъэхэр, ахэмэ шъуаблэмыкI, Алахьым игъунапкъэхэм аблэкIхэрэм шъыпкъагъэ яIэп.
[2.230] ЛIым шъузыр ящэнэрэу ытIупщыжьыгъэмэ, нэмыкIылI дэкIожьыфэ ар къыщэжьын фитэп, ау Алахьым ыгъэуцугъэ хабзэхэр агъэцэкIэн агу хэлъмэ, къатIупщыжьыгъэ хъумэ, зэрэгъотыжьхэмэ, гонахь хэлъэп. Джары Алахьым ыгъэуцугъэ хабзэхэр, шIэныгъэ зиIэ цIыфхэм ахэр Ащ агурегъаIох.
[2.231] Шъуишъузхэм шъо шъуагокIыжьыгъэмэ, ахэмкIэ охътэ гъэнэфагъэм зынэсыкIэ, джащыгъум е дэхагъэкIэ ахэр къэжъугъэнэжьых, е дэхагъэкIэ шъутIупщыжьых; ежьхэр фэмыехэмэ, зэфэнчъагъэкIэ шъуадэзекIоу къишъумыгъэнэжьых; ауштэу зекIорэм ежь-ежьырэу лые зэрехыжьы. Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр кIэнэкIалъэ шъумышIых; Алахьым шIоу къышъуфишIагъэр, ащкIэ шъуигъэдаIозэ КъурIаным ит Iушыгъэхэр Ащ къызэрэшъуфыригъэхыгъэр шъугу къэжъугъэкIыжь; Алахьым шъущыщт, зэжъугъашIэ, Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[2.232] Шъуишъузхэр шъутIупщыжьыхэу охътэ гъэнэфагъэ зытешIэкIэ, хабзэу щыIэм тетэу нэмыкIылI дэкIонхэу ежьхэр зэгурыIуагъэхэмэ, пэрыохъу шъуафэмыхъу. Ахърэтми Алахьыр зышIошъ шъыпкъэ хъухэрэм ащ фэдэ ушъыиныгъэ ятэхы. ШъорыкIэ ар нахь гъэнэфагъ, нахь къабз. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, шъо шъушIэрэп!
[2.233] Быдз зэрэрагъашъохэрэ уахътэр ухыгъэ хъуным фэе ныхэм ясабыйхэр илъэситIу псэум быдз рагъашъох; тэу къызфэхъугъэм ишIэныр ыгъэшхэныр, зэрифэшъуашэу ыфэпэныр ары. Хэти ыпшъэ ежь ыIэ къиихьэщтыр релъхьажьы. Нэу къэзылъфыгъэми тэу къызфэхъугъэми ежьхэм ясабый пае гухэкI ашIырэп. Къафэхъугъэми джащ фэдэ шIэн ыпшъэ илъ. Ежь нэбгыритIур зэзэгъэу, зэдырагъаштэу, аубзыгъужьынэу фаехэмэ, псэкIодыр ахэмэ атефэщтэп. Шъуисабыйхэр быдз рагъэшъонэу аталыкъэу яшъуты шъушIоигъомэ, хабзэм зэриIоу ащ тефэрэр ешъотымэ шъо гунахьыр къышъуIукIэщтэп. Алахьым шъущыщт, Алахьым къелъэгъу шъо шъушIэрэп!
[2.234] Шъуащыщхэм дунаир ахъожьэу яшъузхэр къызагъанэхэкIэ, ахэр мэзиплIырэ мэфипшIырэ мэшъыгъох. А охътэ гъэнэфагъэр ахэмкIэ зикIыкIэ, ежьхэм ашIоигъоу зэрэзекIохэрэмкIэ шъо псэкIод къышъутефэщтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ шъо шъушIэрэр!
[2.235] А бзылъфыгъэхэм шьуяпсэлъыхъомэ е ахэмэ гукIэгъу афэшъушIыгъэмэ, псэкIодыр къышъутефэщтэп. Алахьым ешIэ ахэр зэрэшъущымыгъупшэхэрэр, ау гущыIэ дахэ зыщяшъуIощтым фэшъхьафэу, шъэфэу гущыIэгъу шъумышIых. Ахэмэ афагъэнэфэгъэ

уахътэр емыкIыфэ, къэшъущэнхэу тешъумыубыт, зэжъугъашIэ, шъугу илъыр Алахьым ешIэ, Ащ зыщышъуухъум, зэжъугъашIэ, Алахьым къыфегъэгъу, шъабэ!
[2.236] Шъузэу шъузынэмысыгъэхэм, зэзэгъыныгъэ зыдэшъумышIыгъэхэм шъуагокIыжьмэ, гунахьэ къэшъухьыщтэп. ШIу зышIэрэ цIыфым зэрепэсыгъэу, баим ежь иIэм елъытыгъэу, тхьамыкIэм ежь иIэм елъытыгъэу, шапхъэ шIукIаем нэсэу ахэмэ яшъут.
[2.237] Шъуибзылъфыгъэмэ шъуанэмысыгъэу шъуагокIыжьмэ, нэчыхьэ уасэу афэжъугъэшъошагъэм ызыныкъо ахэмэ яй, ау къышъуфагъэгъумэ е нэчыхьэ тхылъыр зыIэ илъым къышъуфигъэгъумэ, Тхьэм ищынагъо шъугу зэрилъым пэблагъэ шъохъу. ШIу зэфэшIэныр зыщышъумыгъэгъупш, шъо шъушIэрэр Алахьым къелъэгъу!
[2.238] Нэмазыми, нэмаз гурытхэми шъуафэсакъ, шъхьэкIафэ фэшъушIэу Алахьым ыпашъхьэ шъуит.
[2.239] Шъо щынэгъо чIыпIэ шъуитымэ, лъэсэу е шым шъутесэу шъукIозэ, Тхьэ шъуелъэIу, щынагъо щымыIэ зыхъукIэ, нахьыпэкIэ шъумышIэщтыгъэр Ежь зэрэшъуигъэшIагъэм тетэу Алахьыр шъугу къэжъугъэкIыжь.
[2.240] Шъуащыщмэ дунаир ахъожьэу яшъузхэр къызагъанэхэкIэ, осыетэу яшъузхэм къафашIыжьрэр икIыжьынхэмкIэ рамыгъэзхэу илъэсрэ унэм исынхэр ары. Ау ахэр зикIыжьхэкIэ, ежьхэм ашIоигъоу ашIагъэм пае шъо псэкIодыр къышъутефэщтэп. Алахьыр ины, Iушы!
[2.241] Шъузхэу зыгокIыжьыгъэхэм Тхьам ищынэ зыгу илъыхэм афэдэу тефэрэ чIыгу Iахьыр агъоты.
[2.242] Джаущтэу Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр зэхефых, шъо ар къыжъугурыIонкIи мэхъу!
[2.243] Хьадэгъум щыщтэхэзэ япсэупIэмэ къарыкIыгъэхэр, ахэр мин пчъагъэ хъущтыгъэх, о плъэгъугъэхэба? Алахьым ахэмэ ариIуагъ: "ШъулI!" ЕтIанэ ахэр Ащ къыгъэхъужьыгъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым цIыфмэ шIоу афишIэщтыр ыIэ илъ, ау цIыфмэ анахьыбэр рэзэнчъэ.
[2.244] Алахьым игъогу шъутетэу шъузау, зэжъугъашIэ Алахьым зэрэзэхихырэр, зэришIэрэр!
[2.245] Хэта Алахьым чIыфэ дэгъу, ар фэдэ пчъагъэкIэ фигъэбэгъоным пае, езытыщтыр. Алахьым пIехы, хьалэлэуи къыуатэ, Ащ дэжь шъо къэжъугъэзэжьыщт!
[2.246] О унаIэ теудзагъэба Исраил ыкъохэм ахэт лIэкъолъэшхэм, Мосэ ыуж, япегъэмбар раIуагъэм: "Пачъыхьэ къытфэгъакIуи, Алахьым игъогу тытетэу джащыгъум тызэощт". Ащ ариIожьыгъ: "Шъузэон фаеу унашъо къызышъуфашIыкIэ, шъумызэонкIи мэхъуба?" Ахэмэ къаIожьыгъ, "ТипсэупIэмэ такъырафыгъэмэ, тисабыйхэм такIырачыгъэмэ, Алахьым игъогу тытетэу сыда тызкIэмызэощтыр?" Зэонхэ фаехэу ахэмэ зафагъэпытэм, нэбгырз заулэ фэшъхьафрэ, ахэмэ агъэцэкIагъэп. Алахъым ешIэ шъыпкъагъэ зимыIэхэр!
[2.247] Япегъэмбар ахэмэ ариIуагъ: "Мары, Алахьым ТIалутэ пачъыхьэу къышъуфигъэкIуагъ" Ахэмэ къыраIожьыгъ: "Ащ нахьи тэ хабзэр нахь тифэшъуашэмэ, ащ мылъку икъун имыIэмэ, сыдэущтэу ащ ташъхьагъ хабзэр щиIыгъына?. Ащ ариIуагъ: "Шъуашъхьагъ итынэу Алахьым ар къыхихыгъ, шъо къышъутекIэу шIэныгъи пкъышъол кIуачIи ащ къыритыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым Ежь шIоигъом ихабзэ къыреты". Алахьым зэкIэ къеубыты, ешIэ!
[2.248] Ежьхэм япегъэмбар ахэмэ ариIуагъ: "Ащ итетыгъо къыгъэшъыпкъэжьэу шъуи Тхьэ дэжь къикIэу рэхьатныгъи, Моси Хьаруни яунагъомэ къагъэнэжьыгъэ Iахьым щыщ илъэу шъо къухьэр къышъуфэкIощт. Ар мэлаIичмэ къышъуфахьыщт. Шъо Тхьэр шъушIошъ хъоу щытмэ, ащ акъылышхо хэшъухыщт.

[2.249] Дзэхэр игъусэхэу ТIалутI зежьэм, ыIуагъ: "Алахьым шъо псыхъо горэмкIэ шъуеушэты, ащ ешъорэр сщыщэп, емышъорэр сщыщ е зы Iэгубжъэ нахь емышъуагъэмэ губгъэн хэлъэп. Нэбгырэ заулэ фэшъхьафрэ ащ ипсы ешъуагъэх. Ежьыри шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэри псыхъом зызэпырэкIыхэм, ахэмэ аIуагъ: "Джалутэрэ идзэхэмрэ тязэонэу тэ къарыу тиIэп". Ау Алахьым IукIэнхэу зышIошIыщтыгъэхэм аIуагъ: "Алахьым иIизын хэлъэу куп цIыкIухэр купышхо хъухэрэм атекIохэу тхьапшырэ къыхэкIыгъа!" ЩэIагъэ зиIэхэм Алахьыр ягъус.
[2.250] Джалутэрэ идзэхэмрэ адэжь ахэр къызэсыхэм, аIуагъ: "Я рэби я Алахь! Тэ щэIагъэ къытхалъхь, тлъэхэр гъэпытэх, нэмыкI дин ит цIыфхэм татегъакIу!"
[2.251] Алахьым иIэмыркIэ ахэмэ пыим кIырагъэIагъ, Даутэ ыукIыгъ Джалутэ, Алахьым ащ къыритыгъ хабзи Iушыгъи, Ежь шIоигъори ригъэшIагъ. Зым адырэр фимыIажэу Алахьыр щытыгъэмэ, чIыгур зэщыкъощтыгъэ, ау дунаим щыхъурэ шIур Алахьым ыIэ илъ!
[2.252] Алахьым иIэятэ къыгъэшъыпкъэжьыгъэхэр джащ фэдэх. Тэ ахэмэ такъыфеджэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о Тхьэм илIыкIомэ уащыщ!
[2.253] Мары лIыкIохэр! Зыр адырэмэ анахьи ишIуагъэкIэ атекIэу яттыгъ. Ахэмэ Алахьыр зыдэгущыIэщтыгъэхэри ахэтыгъэх, ахэмэ ащыщхэр лъагэу диIэтэягъэх. Мерэм ыкъо Хьисэ тэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр зэхэугуфыкIыгъэхэу еттыгъэх, псэ лъапIэкIэ кIуачIэ едгъэгъотыгъ. Алахьыр фэягъэмэ, Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр къызафехыгъэхэм ыуж ахэмэ ауж къэкIыгъэхэр зэрэукIынхэеп, ау зэгурыIуагъэхэп, арышъ, ахэмэ ахэтых Тхьэр зышIошъ хъухэри, шIошъхъуныгъэ зимыIэхэри ахэтых. Алахьыр фэягъэмэ, ахэр аущтэу зэрэукIыныехэп, ау Алахьым зыфаер ары ышIэрэр.
[2.254] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Сатыуи, ныбджэгъуныгъи, гъусэныгъи зыщымыIэжьыщт мафэр къэсыным ыпэкIэ тэ къышъоттыгъэм щыщ Iахьэ сэдакъэ шъушIы. НэмыкI дин итхэр шъхьэкIохых.
[2.255] Алахьым фэшъхьаф псэоу щыIэ шъыпкъэу Тхьэ щыIэп, Ащ шъхьаукъэни чъыий къекIурэп: Уашъоми чIыгуми ащыIэр зэкIэ Ащ иунай. Ежь иIизын хэмылъэу хэта Ащ ыпашъхьэ ихьащтыр! Ахэмэ апэкIэ щыIагъэри ахэмэ ауж къэхъущтыри Ащ ешIэ. Ежь ишIэныгъэ щыщэу, зыфаем фэшъхьаф ахэмэ яакъыл нэсын ылъэкIыщтэп. Ащ ипщыпIэ уашъори чIыгури къызэлъеубыты, ахэмэ якъэгъэгъунэн Ащ къехьылъэкIрэп, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ар лъапIэ, лъагэ!
[2.256] Диным егъэзыгъэ хэлъэп. Гъогу занкIэр нафэу гъогу IонтIагъэм текIы. Дин нэпцIыр щызгъэзыеу Алахьыр зышIошъ хъурэм зэхэбгъэфэн умылъэкIыщт кIэгъэкъон ыгъотыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зэхехы, ешIэ!
[2.257] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм Алахьыр якъотэгъу, ахэр Ащ шIункIым къыхещыхэшъ, нэфынэм хещэх. НэмыкI дин итхэр къэзыухъумэхэрэр ТхьэнэпцIых, ахэр нэфынэм къыхащыхэшъ, шIункIым хащэх. Ахэр джэхьнэмым хадзэщтых, ахэр егъашIэм джэхьнамым хэтыщтых!
[2.258] Алахьым Ибрахьимэ хабзэр зэрэритыгъэм пае и Тхьэ фэгъэхьыгъэу ащ енэкъокъужьыщтыгъэр о плъэгъугъэба? Мары, Ибрахьимэ ыIуагъ: "Сэ си Тхьэр къэзгъэхъужьхэри псэр хэзыхыри ары", Джащыгъум адырэм ыIуагъ: "Сэ къэсэгъэхъужьых ыкIи псэри хэсэхы ". Ибрахьимэ ыIуагъ: "Мары, Алахьым тыгъэр тыгъэкъокIыпIэмкIэ къыкъуегъэкIы, къохьапIэмкIэ о ар къыкъогъэкI". ШIошъхъуныгъэ зимыIэр укIытэпIэ ифэгъагъ. Шъыпкъэныгъэ зимыIэ цIыфхэр Алахьым занкIэу ыщэхэрэп!

[2.259] Е псэу къыхэмынэжьэу зэхэкъутэгъэ къуаджэм блэкIыщтыгъэм ыIуагъэм фэд. Ащ ыIуагъ: "Мор зылIагъэм ыуж сыдэущтэу Алахьым ащ псэ къыпигъэкIэжьыщта?" Алахьым ар илъэсишъэкIэ ыгъалIи, етIанэ къыгъэхъужьи, еупчIыгъ: "Сыд фэдизрэ о мы чIыпIэм ущылъыгъа?" Ащ къыриIожьыгъ: "Сэ мы чIыпIэм зы мафэ, мафэм щыщ уахътэ щисхыгъ. Ащ ыIуагъ: "Хьау, о мы чIыпIэм илъэсишъэ ущыIагъ, яплъ уигъомыли уишъони, ахэр зэрэщытых. Уищыди еплъ (ар тэ цIыфхэм щысэтехыпIэ уафэтшIыным пай), къупшъхьэхэр тэ зэрэтыугъоижьхэрэм, етIанэ лы къызэрэпыдгъэкIэжьырэм еплъ". КъызыгурэIом, ащ ыIуагъ: "Сыд фэди Алахьым ыIэ къимыхьан зэрэщымыIэр сэ къызгурыIуагъ!"
[2.260] Джащыгъум Ибрахьимэ ыIуагъ: "Я Алахь! ЛIагъэхэр къызэрэбгъэхъужьхэрэр сэ къэсэгъэлъэгъу, "Ащ ыIуагъ: "О пшIошъ мыхъугъэнэуи?" Адырэм риIожьыгъ: "Мэхъу, ау сыгу згъэпсэфыным пай ныIэп", Ащ ыIуагъ: БзыуиплI штэ, узэрэфаеу ахэр пкъырыпкъэу зэхэупкIатэх, апкъыхэр къушъхьэмэ ателъхь, етIанэ ахэмэ къядж, ахэр псынкIэу уадэжь къэбыбыщтых, ащкIэ зэгъашIэ Алахьыр зэрэлъэшыр, зэрэIушыр".
[2.261] Алахьым игъогу тетхэу зимылъку зытыхэрэр фышъхьэ пэпчъ лэжьыгъэ цишъэ къикIэу шъхьибл къэзытыгъэ лэжьыгъацэм фэдэх. Алахьыр зыфаем фэдитIукIэ нахьыбэу етэжьыщт. Алахьым зэкIэ къызэлъегъэгъунэ, ешIэ!
[2.262] Алахьым игъогу тетхэу зимылъку зытыхэрэм атыгъэм пае гыени гукъани амышIымэ, ахэмэ Алахьыр къяшIушIэщт, ахэмэ щынагъо яIэщтэп, чэфынчъагъи къякIущтэп.
[2.263] Гые къызхэкIыжьрэ сэдакъэм нахьи нахьышIу гущыIэ дахэр, гукъаор бгъэгъуныр. Алахьыр бай, шъабэ.
[2.264] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ЦIыфмэ апашъхьэ имылъку шъорышIыгъэкIэ зыгъэкIодырэм, ахърэтми Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фызимыIэм фэдэу, сэдакъэу яшъутырэр атешъуушъугъожьэу, гукъанэ яжъугъэшIэу шъумыгъэкIодыжь. Ар къушъхьэ цакIэу чIыгу тIэкIу зытелъым фэд, ощхышхо къызытещхэкIэ, мыжъо пцIанэу ар къэнэжьыщт. Агъотыгъэм щыщэу ахэмэ зыпари къафэнэжьыщтэп: НэмыкI дин итхэр Алахьым гъогу занкIэм рищэхэрэп!
[2.265] Алахьым ынэшIу къащыфэным, агухэр агъэпсэфынхэм пае имылъку щыщ зытыхэрэр Iуашъхьэм тет чъыг гъэкIыгъэмэ афэдэх: Ащ ощхышхо къыфехи, пхъэшъхьэ=мышъхьэхэр фэдитIукIэ нахьыбэу къыхьыжьыгъ-Ощхышхор ащ нэмысыгъэми, осэпсыр къыфехыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъушIэрэр Алахьым къелъэгъу!
[2.266] Хъурмэ чъыгхэмрэ сэнэшъхьэ гъэкIыгъэхэмрэ иIэу, ащ псышкуашкохэр хэчъыхэу, зыфэе пхъэшъхэ=мышъхьэр ахэмэ къапихэу щыIэзэ, жъыгъор къызысыгъэ уахътэм иунагъо ис сабыйхэр цIыкIухэу машIор зыхэлъ жьыбгъэшхо дэдэр къышъхьарыоу ихапIэ хэстыхьаным шъуащыщ горэ фэеныя? Щысэхэр Алахьым джаущтэу шъо къыжъугурегъаIох, шъо ащ шъуегупшысэнкIи мэхъу!
[2.267] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо нахьышIоу жъугъотыгъэм щыщ Iахьи, Тэ шъощ пае чIым щытылэжьыри тыны шъушIы, шъо шъуимыщыкIагъэу шъулъытэхэрэр тыны шъумышIых. Шъунэ мыупIыцIагъэу шъумыштэщтхэри ары. ЗэжъугъашIэ Алахьыр зэрэбаир, щытхъушхо зэрэпылъыр!
[2.268] ДжынапцIэм тхьамыкIэ шъуишIынэу шъуегъэщынэ, емыкIум шъуфегъэчэфы, Алахьым къышъуфигъэгъунэуи шIу къышъуфишIэнэуи шъукъегъэгугъэ. Алахьым зэкIэ къызэлъеубыты, ешIэ!
[2.269] Зыфаем Ащ Iушыгъэр реты, Iушыгъэр зэритыгъэм шIогъэ ин дэдэ егъоты, ау ащ егупшысэхэрэр Iушхэр ары ныIэп.

[2.270] Сыд фэдэ тын шъушIыгъэми, сыд фэдэ гущыIэ пытэ шъушIыгъэми, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ахэр ешIэх, шъыпкъэныгъэ зимыIэхэм IэпыIэгъу яIэщтэп!
[2.271] Шъо шъхьэихыгъэу сэдакъэ шъотымэ, ар дэгъу, ау ар шъумыгъэлъагъоу тхьамыкIэмэ яшъутыгъэмэ, ар шъорыкIэ нахь дэгъу, бзэджагъэу шъушIагъэхэр ащ егъэкIодыжьых: Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъушIэрэм Алахьыр щыгъуаз!
[2.272] О ахэр зепщэнхэр пшъэ илъэп, ау Алахьым зыфаер гъогу занкIэм рещэ. Мылъкоу шъуиIэм щыщэу шъутырэр зыфэшъутырэр шъушъхьэ пай, зыфэшъутырэр Алахьым ынапэ зыфэжъугъэзэным пай. Мылъкоу шъуиIэм щыщэу сыд лIэужыгъо шъутыгъэми, зэрэщытэу къышъуфилъэгъужьыщт, шъугуи хигъэкIыщтэп.
[2.273] Алахьым игъогу тетхэу фэныкъохэм апае тын пшIымэ, чIышъхьашъом ахэмэ зыгорэ щашIэн алъэкIрэп: КъызэрыкIохэу зэрэщытхэм пае зымышIэрэм ахэр баихэу къышIошIыщт, ахэмэ нэшанэу яIэмкIэ о ахэр къэпшIэжьыщтых, цIыфмэ ахэр ашIуанэхэзэ ялъэIухэрэп. Шъуимылъку щыщэу сыд лIэужыгъори ахэмэ яшъутыгъэмэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ар ешIэ!
[2.274] Зимылъку чэщэуи, мафэуи, шъэфэуи, нафэуи зытыхэрэм яшIухьафтын я Тхьэ дэжь щыI, ахэмэ щынагъо ашъхьарытэп, чэфынчъэ ахэр хъущтхэп!
[2.275] Шэйтаным зиягъэ екIыгъэхэр акъылынчъэхэу ахърэтым къызэрэхъужьыщтхэм фэдэу ахъщэ тедзэм фэIумацIэхэр къэхъужьыщтых. Ахэр ащ фэдэ зыкIэхъущтхэр моущтэу зэраIорэм пай: "Ахъщэ тедзэр сатыум федэу къыхьырэм фэд". Ау Алахьым сатыум федэ къыхэкIыныр хьалэл ышIыгъ, ахъщэ тедзэр хьарам ышIыгъ. А ушъыеу Тхьэм дэжь къикIрэм зиакъыл нэсэу зызыIажэрэм, ыпэкIэ мыхъунэу ышIагъэри фигъэгъущт, ащ иIоф Алахьым ыIэ илъ: ИкIэрыкIэу ащ фэдэ зышIэхэрэм джыхьнэмыр якIуапI, егъашIэм ахэр машIом хэсыщтых!
[2.276] Алахьым ахъщэ тедзэр егъэкIоды, сэдакъэр егъэбагъо. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, хэтми нэмыкI дин ит гунахьышIэхэр Алахьым шIу ылъэгъурэп!
[2.277] Тхьэр зышIошъ хъухэрэм, шIу зышIэхэрэм, нэмаз зышIыхэрэм гур зыгъэкъэбзэрэ сэдакъэ зытыхэрэм яшIухьафтын я Тхьэ дэжь щыI, ахэмэ щынэр ашъхьарытэп. Нэшхъэягъэ ашъхьарытыщтэп.
[2.278] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым шъущыщт, Тхьэр шъушIошъ мэхъумэ, шъуищыIэныгъэ ахъщэ тедзэр щыщыжъугъэзый.
[2.279] Шъо ар зышъумышIэкIэ, Алахьымрэ Ащ илIыкIорэ зао къышъуашIылIэщт. Ау тобэ шъушIыжьмэ, шъуимылъку къабзэ къышъуфэнэжьыщт. НэмыкIмэ жъалымагъэ яшъумых, шъори къышъуахыщтэп!
[2.280] ЧIыфэлыр амал имыIэу щытмэ, нахьышIу охъуфэ еж, ау сэдакъэу шъулъытэмэ, ар шъошIэмэ шъорыкIэ нахьышIу.
[2.281] Алахьым ыпашъхьэ шъузщихьэжьыщт мафэр зыщыщъумыгъэгъупш, етIанэ псэ пэпчъ ыгъотыгъэр зэкIэ къыритыжьыщт, ахэмэ шъхьакIо арахыщтэп.
[2.282] О шIошхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Охътэ гъэнэфагъэ иIэу чIыфэ зэIэшъохыжьмэ, ар шъутхы. ТхакIом ар зэфагъэ хэлъэу ерэтх. Алахьым зэрэригъэшIагъэм тетэу тхакIом зэритхын фаер щерэмыгъэзый, чIыфэ зыштагъэм ытхыщтыр къыIозэ, ерэтх. Ежь и Тхьэ Алахьым ар щэрэщт, зыпари ащ къыщерэмыгъакI. ЧIыфэ зыштагъэр акъыл макIэу е кIочIаджэу щытмэ, атхыщтыр къыIон ымылъэкIмэ, зэфагъэ хэлъэу атхыщтыр къэзыIорэр ащ пэблагъэр ары. Шъо шъуихъулъфыгъэмэ ащыщэу нэбгыритIу шыхьатэу шъуштэ. ХъулъфыгъитIу шъуимыIэмэ, зы хъулъфыгъэрэ бзылъфыгъитIурэ, зыр хэукъомэ адрэм ыгу къыгъэкIыжьынэу, шъурыразэу шыхьатхэр шъуштэх. Шыхьатхэм къызяджэхэкIэ, зыщарэмыгъэзый: ЧIыфэр иными макIэми ащ пIалъэу иIэр шъутхыным

фетэу ешъумыт. Алахьым ыпашъхьэ ар зэкIэмэ анахь зафэ хъущт, къэуушыхьатыжьынымкIэ нахь Iэрфэгъу, джэнджэш гум къимыхьанымкIэ зэкIэмэ анахьышIу. Ау сатыу зэдэшъушIы зыхъукIэ шъумытхымэ, псэкIодыр къышъутефэщтэп. Шъузэзэгъы зыхъукIэ шыхьатхэр ижъугъэуцох, ащ тхакIоми шыхьатми мыхъун хахыщтэп, ау аущтэу зымыхъукIэ, шъорыкIэ ар хэбзэнчъэ зекIуакIэ хъущт. Алахьым шъущыщт, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым шъо шъуегъасэ. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[2.283] Шъо гъогум шъутетэу тхакIор шъумыгъотмэ, шэсыр аIахы. Шуащыщ горэм нэмыкIым цыхьэ фешIымэ, цыхьэ зыфашIырэм шэсыпкIэр къыретыжьы, и Тхьэу Алахьым щэрэщт. Шъузыфэшыхьатыр шъумыушъэф, зыгорэм ыушъэфымэ, ар гу бзаджэ зиIэр ары, шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[2.284] Уашъом щыIэри чIыгум тетыри Алахьым иунай! Шъугу илъыр къэшъогъэлъагъоми шъоушъэфыми, Алахьым шъуифэшъуашэ шъуигъэгъотыщт. Ежь зыфаем ащ фигъэгъущт, Ежь зыфаер ыгъэпщынэщт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сыд фэди Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[2.285] Ежь и Тхьэ къыфырыгъэхыгъэм лIыкIоми Тхьэр зышIошъ хъухэрэми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIыгъ. Алахьым, Ащ имэлэIичхэми, Ащ итхыгъэхэми, Ащ илIыкIохэми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэкIэмэ афашIыгъ. Ащ илIыкIохэр тэ зэхэтыдзыхэрэп, Ахэмэ аIо: "Тэ тыодэIу, тыпфэIорышIэ! фэгъэгъуныр О, Ярэби я Алахь уадэжь къекIы. Уадэжь къэтэгъэзэжьы!"
[2.286] ЦIыфым фэлъэкIыщтым фэшъхьаф Алахьым зыпари къытырилъхьэрэп. Ащ иер ежь къылэжьыгъэр ары, ежь телъыр дэеу ышIагъэр ары. "Ярэби я Алахь! Тэ зыгорэ тщыгъупшагъэмэ е тыхэукъуагъэмэ, къытфэгъэгъу. Ярэби я Алахь! ТапэкIэ щыIагъэмэ хьылъэу ателъыгъэм фэдэ къыттемылъхь. Ярэби я Алахь! Тэ тфэмылъэкIыщтыр къыттемылъхь. ГукIэгъу къытфэшI, къытфэгъэгъу! оры гугъапIэу тиIэр, джаур лъэпкъмэ татегъакIу!

Iалихьимран

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[3.1] Алиф Лам Мим.
[3.2] Алахьэу дунаир зыIэ илъым фэшъхьаф Тхьэ щыIэп!
[3.3] Ащ ыпэкIэ къыфыригъэхыгъэр къыгъэшъыпкъэжьэу шъыпкъэр зэрыт тхыгъэр Ащ о къыфырыгъэхыгъ. Ащ нахьыпэ цIыфхэр рыгъозэнхэу Библиемрэ Евангелиемрэ къафырыгъэхыгъ, джы мы КъурIаныр о къыфырыгъэхыгъ.
[3.4] Алахьым иIэятэ къыгъэшъыпкъагъэхэм шIошъхъуныгъэ афэзымышIыгъэхэм хьэзабышхо афыщылъ. Алахьыр лъэш, уигъэпщынэщт!
[3.5] Шъыпкъэ дэдэмкIэ уашъом щыIи, чIыгум щыIи Алахьыр ащыорэп.
[3.6] Шъуныбэрылъзэ, зыфэдэ шъухъущтыр Ежь зэрэшIоигъоу Ащ къеухэсы. Ащ фэшъхьаф лъапIэу, Iушэу Тхьэ щыIэп!
[3.7] Ащ о мы КъурIаныр къыфырыгъэхыгъ. ЯмэхьанэкIэ тхылъ лъапIэмэ анахь лъэпIэжьхэу Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр дэтых. Адырэхэр ямэхьанэкIэ захьщырых. ЫгукIэ шъыпкъэм дэхыгъэхэм цIыфхэр зэщахъохэ ашIоигъоу, Iэятэхэр зэблахъухэ ашIоигъоу захьыщыр мэхьанэ зиIэхэм ауж зэрафэ. Алахьым фэшъхьафэу ар зыми зэхифынэу ышIэрэп. ШIэныгъэшхо зиIэхэм аIо: "Тэ ар тшIошъ шъыпкъэ хъугъэ, зэкIэ ти Тхьэ дэжь къекIы". Акъыл зиIэхэр ары ныIэп ахэр къызгурыIохэрэр!
[3.8] Ярэби я Алахь! Гъогу занкIэм О тызфэпщагъэм ыуж тыгухэр шъыпкъэм дэмыгъэхых, О уадэжь къикIэу ОшIушIагъэ къытфегъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Оры хьалэлэу тэрэр!

[3.9] Ярэби я Алахь! джэнджэш зыхэмылъ мафэм пае О цIыфхэр оугъоижьых. Алахьыр ыIуагъэм епцIыжьрэп!
[3.10] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм мылъкоу яIэми кIэлэцIыкIоу яIэми Алахьым ыпашъхьэ зыпари федэ къафахьыщтэп, ахэр машIом икIэгъэстэных.
[3.11] Фирхьаунэ илъэпкъэу ащ ыпэкIэ щыIагъэхэми афэдэхэу, ахэмэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр нэпцIыкIэ алъытэщтыгъэх, псэкIодэу ашIагъэм ахэр Алахьым тыригъэкIодагъэх. УигъэпщынэнкIэ Алахьыр лъэш!
[3.12] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм яIу: "ШIэхэу шъо къышъутекIощтых ыкIи джыхьынэмым икуупIэ шъуращэлIэщт. Ар хьазаб тIысыпI!"
[3.13] ЩысэтехыпIэу купитIу зэIукIэгъагъ: Зы купыр Алахьым пае заощтыгъэ, адырэ купыр джаурыгъ. Зы купыр зытетым нахьи фэдитIукIэ нахьыбэу джаурмэ алъэгъугъ. Ежь шIоигъом Алахьыр деIэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, акъыл зиIэм ащ щысэ хихыщт!
[3.14] ЦIыфмэ къашIошIыгъ: бзылъфыгъэхэр, кIэлэцIыкIухэр шIу плъэгъунхэр: дышъэрэ тыжьынрэ бэ дэдэу уиIэныр. шыхэр, былымхэр, лэжьэкIупIэхэр уиIэнхэр арэу дунаим тхъагъоу тетыр, ау Алахьым дэжь шъхьэегъэзыпIэ щыбгъотыныр нахьышIу!
[3.15] ЯIу: "Ащ нахьышIоу щыIэр тэ къышъотэрэIуа?" Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм я Тхьэ дэжь джэнэтыр щыI, ащ егъашIэм ахэр исыщтых, щышъхьэзэгъусэ къэбзэщтых. Алахьыми ынэшIу къащыфэщт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым иIумэтхэр къелъэгъух.
[3.16] Ахэмэ ащыщхэу зыIохэрэр: "Ярэби я Алахь! Тэ тшIошъ шъыпкъэ хъугъэ. Тэ типсэкIодышIагъэхэр къытфэгъэгъух, джыхьнэм машIом ихьэзаб тыщыухъум!"
[3.17] ЩэIагъэ зиIэхэр, хьэрамыгъэ зымышIэхэрэр, шъхьэкIафэ зыхэлъхэр, тын зышIыхэрэр, афэбгъэгъунэу нэфшъагъом къыолъэIухэрэр,
[3.18] Ежь фэшъхьафэу Тхьэ зэрэщымыIэр Алахьым къеушыхьаты, мэлаIичхэми, шъыпкъэгъэшхо зыхэлъхэу шIэныгъэ зиIэхэми, къаушыхьаты. Ащ фэшъхьаф лъапIэу, Iушэу Тхьэ щыIэп!
[3.19] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыпашъхьэ динэу щыIэр ислъамыр ары, ежьхэм азфагу гухьэгужъэу дэлъым къыхэкIэу, шIэныгъэ къызафэкIуагъэм ыуж тхыгъэр къызэратыгъэхэр зэгокIыгъэх. Зыгорэм Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ышIошъ мыхъухэрэмэ , Алахьыр къыпфилъэгъущтымкIэ IэшIэх!
[3.20] Ахэр къыонэкъокъухэу зырагъэажьэкIэ, яIу, "Сэри сауж къырыкIуагъэхэми Алахьым тыфэIорышIэ" Тхыгъэр къызэратыгъэхэми гъэсэныгъэ зимыIэхэми яIу: Шъо шъуфэIорышIа?" Ахэр фэIорышIэхэмэ, ащыгъум гъогу занкIэм техьагъэх, ау анэгу рагъэзэкIыгъэмэ, о япIожьыныр ары къыптефэрэр, Алахьым Ежь иIумэтхэр къелъэгъух.
[3.21] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зышIошъ мыхъухэу, лажьэ зимыIэ пегъэмбархэр зыукIхэрэр, цIыфхэм зэфагъэ адызэрахьанэу унашъо къэзышIыхэрэр зыукIхэрэр лъэш пщыныжькIэ гъэгушIох!
[3.22] Ахэр гъашIэу зыхэтхэми ахърэтми яIофхэмкIэ пкIэ зимыIэхэр ары, ахэмэ зыпари IэпыIэгъу афэхъущтэп!
[3.23] Тхыгъэм щыщ Iахьэ зэратыгъэхэр о плъэгъугъэхэба? Ахэмэ азфагу зэнэкъокъоу илъыр зэшIуахыным пае Алахьым ытхыгъэм зыфагъэзэнэу унашъо зафишIыкIэ, ащыщхэм акIыб къагъазэшъ, IокIыжьых.
[3.24] Аущтэу зыкIашIырэр мырэу аIошъ ары: "Мэфэ заулэ нахьыбэкIэ машIор зыпарэкIи къытэнэсыщтэп". Динэу зэрытхэмкIэ ахэр дэзыхьыхыгъэхэр къаугупшысыщтыгъэхэр ары.
[3.25] Сыдэущтэу ахэр хъущтыха щэч зыхэмылъ мафэм пае Тэ зытыугъоижьхэу, псэ пэпчъ къыгъэхъагъэр зэкIэ зигъотыжькIэ, ахэмэ агу хагъэкIыщтба?

[3.26] ЯIу: "Я Алахь, пачъыхьагъум ипачъыхь! О унэшIу зыщыфэрэм хабзэ еоты, унае зыщыфэрэм хабзэр Iыохы, унэшIу зыщыфэрэр лъагэу оIэты, Унае зыщыфэрэр огъэцIыкIу. ШIушIэныр пIэ илъ, О пIэ къимыхьан щыIэп!
[3.27] О чэщыр мафэм хэогъахьэ, мафэри чэщым хэогъахьэ, псэ зыпытыр псэ зыпымытым къыхэогъэкIы, псэ зыпымытыр псэ зыпытым къыхэогъэкIы, узыфаем гъунэ имыIэу. ЙщыкIагъэр еоты!
[3.28] Тхьэр зышIошъ хъурэмэ шIошъхъунэгъэ зиIэхэр щагъэзыехэу джаурхэр благъэ арэмышI. Ахэмэ лые къышъуахынэу шъуащымыщтэрэмэ, ар зышIэрэм Алахьым зи Iоф дыриIэп, Алахьым шIукIэ шъукъеухъумэ, сыда пIомэ Алахьым дэжь жъугъэзэжьынэу щыт.
[3.29] ЯIу: "Шъо шъугу илъыр шъуушъэфми е нафэ шъушIыми, Алахьым ышIэщт: Уашъом щыIи чIыгум щыIи Ащ ешIэ. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[3.30] А мафэм псэ пэпчъ шIоу ышIагъэри бзэджагъэу ышIагъэри ыпашъхьэ къыралъхьэжьыщт. Ахэр бэ дэдэкIэ зэпэчыжьэ хъунхэм псэр фэещт. Алахьым шIукIэ шъукъеухъумэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, иIумэтхэмкIэ Алахьыр гукIэгъушI!"
[3.31] ЯIу: "Шъо Алахьыр шIу шъолъэгъумэ сауж шъукъырыкIу, джащыгъум Алахьым шIу шъуилъэгъущт, псэкIодэу шъушIагъэхэри шъуфигъэгъущт" шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI.
[3.32] ЯIу: "Алахьым, Ащ илIыкIуи шъуафэIорышI! Ау шъуакIыб къафэжъугъазэмэ, джаурхэр Алахьым шIу ылъэгъухэрэп !"
[3.33] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым дунаим анахь лъапIэ ышIыгъ Адами, Нухьи, Ибрахьим илъэпкъи, Имран илIакъуи
[3.34] Зым адырэр къызэрэтекIыгъэм тетэу щишIыгъ. шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зэхехы, ешIэ
[3.35] Зэгорэм Имран ишъхьэгъусэ ыIуагъ: "Я Алахь! Сэ сыныбэ кIоцI илъыр О къыпфэлэжьэнэу Iогъэ пытэ сшIыгъагъэ. СIых ар, О зэхэохы, ошIэ!"
[3.36] Ащ сабый къызфэхъум, ыIуагъ: "Я Алахь! Сэ къысфэхъугъэр бзылъфыгъэ лъэпкъ". Ащ къыфэхъугъэр зыфэдэр Алахьым нахьышIоу ышIэщтыгъэ хъулъфыгъэ лъэпкъыр бзылъфыгъэм фэдэп "Сэ ащ Мерэм фэсыусыгъ, мыжъокIэ заохэрэ шэйтаным щыуухъумэнхэу ари ащ къыфэхъущтхэри О осэтых".
[3.37] Ащ и Тхьэ дэхэ IыхыкIэкIэ пшъэшъэжъыер Iихыгъ, чы цIынэм фэдэу хигъэхъуагъ, ыпIунэу Зэчэрые ритыгъ. Зэчэрые ащ иунэ ихьэ къэс, ыпашъхьэ шхыныр итэу ылъэгъущтыгъ. Ащ ыIуагъ: "О Мерэм! Мыр тыдэ къыфикIра.?" "Пшъашъэм ыIуагъ: "Мыр Алахьым дэжь къекIы". Шъыпкъэ дэдэмкIэ, зыфаер Алахьым гъунэ имыIэу егъашхэ!
[3.38] Ащ ыуж Зэчэрые нэмаз ышIи, и Тхьэ елъэIугъ: "Я Алахь! О уишIушIэ хэлъэу бынышIу къысэт. Сэ сидыухьэ о зэхэохы".
[3.39] Мэщытым чIэтэу ащ нэмаз ышIы зэхъум, мэлаIичхэм къыраIуагъ: "Алахьым игущыIэ зэрэшъыпкъэр къэзыушыхьатыщтэу, ин дэдэу, зыми нэмысыгъэу, къабзэу, пегъэмбар хъущт Яхьер къызэрэхъущт къэбарымкIэ Алахьым уегъэгушIо!"
[3.40] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь! Сэ жъыгъор къысэнэсыгъэу, сишъхьэгъуси бгъэу, сыдэущтэу шъэожъые сиIэ хъущта?" Ащ ыIуагъ: "Джаущтэу Алахьым шIоигъор къегъэхъу."
[3.41] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь! Сэ щысэ горэ къысфэгъакIу". Ащ къыриIуагъ: "IапэкIэ узэрадэгущыIэщтым фэшъхьафэу, цIыфмэ мэфищэ узэрадэмыгущыIэщтыр оркIэ щысэ хъущт. Уи Тхьэ бэрэ угу къэгъэкI, пчыхьэри пчэдыжьри ищытхъу Iо".
[3.42] Мары, мэлаIичхэм аIуагъ: "О Мерэм! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым о укъыхихыгъ, уигъэкъэбзагъ, дунаим тет бзылъфыгъэхэм анахь лъапIэ уишIыгъ.

[3.43] О Мерэм! Уи Тхьэ шъхьэкIафэ фэшI, натIэкIэ чIыгум нэс, шъхьащэ фэзышIырэмэ Урягъусэу шъхьащэ фэшI".
[3.44] Ар Тэ къыфызэIутхырэ шъэфхэм афэгъэхьыгъэ къэбархэм ащыщ. Мерэм фэгумэкIыщтмэ ащыщхэр агъэнэфэным пае, ахэмэ ятхыгъэхэр пхъэдз радзэхэ зэхъум, о урягъусагъэп. Ахэр зэнэкъокъухэ зэхъуми, о урягъусагъэп.
[3.45] Мары, мэлаIичмэ аIуагъ: "О Мерэм! Алахьым игущыIэкIэ о макъэ къыуегъэIу: Ащ ыцIэр Хьис, Мерэм ыкъу, гъашIэу тызхэтми ахърэт дунаими ащ щытхъушхо щыриIэщт. Тхьэм пэблагъэхэм ащыщи хъущт.
[3.46] Кушъэм хэлъзэ, зыныбжь икъугъэм фэдэу ар цIыфмэ адэгущыIэщт, шъыпкъаIомэ ащыщи хъущт".
[3.47] Ащ къыIуагъ: "Я Алахь! Сэ цIыф къысэнэмысыгъэу къысфэхъущт сабыир тыдэ къикIыщта?" Ащ къыриIуагъ: "Джаущтэу Алахьым шIоигъор къегъэхъу. Ащ зы Iоф горэ зырихъухьэкIэ: "Къэхъу!" зэриIуагъэм лъыпытэу къэхъу.
[3.48] Тхьэм ригъэшIэщт ащ тхыгъэри, Iушыгъэри. Библиери, Евангелиери
[3.49] Исраил ыкъохэм ар лIыкIо афишIыщт. "Шъуи Тхьэ дэжь сыкъикIи, Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр сиIэу шъуадэжь сыкъэкIуагъ. Сэ ятIэм хэсшIыкIыни, бзыу теплъэ зиIэр шъуфэсшIыщт, ащ сепщэнышъ, Алахьым иIизын хэлъэу ар бзыу хъущт. Сэ нэшъури, шъоджэуз зиIэри згъэхъужьыщтых. Алахьым иIизын хэлъэу лIагъэхэр къэзгъэхъужьыщтых. Шъо шъушхыщтыри щыжъугъэлъынэу шъуиунэмэ ащыжъугъэтIылъыщтыри къышъосIощт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэр шъушIошъ мэхъумэ, ар шъоркIэ щысэ!
[3.50] Сэ сапэкIэ Библием шъыпкъэу итыгъэр къэсыушыхьатыжьыщт, къышъуфамыдэщтыгъэм щыщ Iахьи фиты шъусшIыщт. Алахьым шъущыщти, сэ шъукъысфэIорышI.
[3.51] Алахьыр си Тхь, шъори шъуи Тхь. Ащ шъхьащэ фэшъушI: Ар гъогу занкI!
[3.52] Ахэмэ шIошъхъуныгъэ зэрахэмылъыр Хьисэ зызэхешIэм, ыIуагъ: "Алахьым пае хэта сэ IэпыIэгъу къысфэхъущтхэр?" Хьисэ ригъэджагъэхэм аIуагъ: "Тэры Алахьым IэпыIэгъу фэхъущтхэр. Тэ Алахьым шIошъхъуныгъэ фэтшIыгъ, тызэрэфэIорышIэрэр къэушыхьат.
[3.53] Ярэби я Алахь! О къытфебгъэхыгъэр тшIошъ шъыпкъэ хъугъэ, а лIыкIом ыуж тырыкIощт, ащ пае диныр зезыхьэрэмэ тэри тахатх!"
[3.54] Ахэмэ тхьагъэпцIыгъэ зэрахьэщтыгъэ, Алахьым ахэр ятхьагъэпцIыгъэ лъыкIигъахьэщтыгъэп. АщкIэ Алахьыр анахь лъэш.
[3.55] Алахьым ыуагъ: "О Хьисэ! Сэ уашIозгъэкIодынышъ, садэжь удэсхьыежьыщт, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм уакъыхэсхыжьыщт, о уауж къырыкIощтыгъэхэр къызщыхъужьыщтхэ мафэм ыпэкIэ джаурхэм анахь лъагэ сшIыщтых. Уахътэ тешIэмэ, садэжь къэжъугъэзэжьыщт, джащыгъум Сэ зэхэсфыщт шъуазфагу зэмзэгъыныгъэу илъыгъэр.
[3.56] ШIошъхъуныгъэ зимыIагъэхэр зыхэт гъашIэми ахърэтми пщынэжь кIаеу згъэпщынэщтых, IэпыIэгъу афэхъуни щыIэп!"
[3.57] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм тынэу атефэрэр зэрэщытэу Ащ аритыщт. ГухэкI зышIыхэрэр Алахьым шIу ылъэгъухэрэп.
[3.58] Тэ тыкъызыпфеджэрэр Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэх шIэныгъэ Iушых.
[3.59] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыпашъхьэ Хьисэр Адамэ фэд. Ар чIыгум хишIыкIи, етIанэ риIуагъ: "Къэхъу!" ыкIи къэхъугъ.
[3.60] Шъыпкъэр уи Тхьэ, дэжь къекIы. Еджэнджэшырэмэ ащыщ зымышI!

[3.61] Мы шIэнычгъэр къызыфэкIуагъэм ыуж ащ фэгъэхьыгъэу зыгорэ къыонэкъокъу зыхъукIэ, яIу: "ТыкIонышъ, тишъаохэми, шъуишъаохэми тишъузхэми, шъуишъузхэми тыкъяджэнышъ, тэри тыщытэу шъори шъущытэу, пцIы зыусхэрэм Алахьым ибгыбзэ атефэнэу телъэIун!"
[3.62] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар къэбар шъыпкъ, Алахьым фэшъхьаф Тхьэ щыIэп, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр лъапIэ, Iушы!
[3.63] Ау ахэмэ агъазэу IукIыжьыхэмэ, Алахьым ешIэ щыкIыгъэхэр!
[3.64] ЯIу: "КъурIаным еджэхэрэр! Алахьым фэшъхьаф зыпарэми шъхьащэ фэтымышIыным, Ащ фэдгъадэу зыпари готымыгъэуцоным, Алахьым фэшъхьафэу зым адырэр Тхьэ ышIынэу фемыжьэным пае тэрыкIи шъорыкIи зэфэдэу щыт гущыIэ тэжъугъаштэ. Ахэмэ акIыб къагъазэмэ, яшъуIу". "Тэ тызэрэбыслъымэныр къэшъуушыхьат".
[3.65] О тхыгъэм еджэхэрэр! Ибрахьимэ пае сыда шъо шъукIызэнэкъокъурэр? Библиери Евангелиери ащ ыуж ныIэп къызыригъэхыгъэхэр. ар къыжъугурыIорэба?
[3.66] Ары, шъушIэрэмкIэ шъузэнэкъокъу хъущт, ау шъумышIэрэмкIэ сыд пае шъузэнэкъокъуна? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, шъо шъушIэрэп!
[3.67] Ибрахьимэ джуртми чиристанми ащыщыгъэп, ар шъыпкъэм факIоу, Тхьэм фэIорышIэу щытыгъ, тхьабэ эышIошъ хъурэмэ ащыщыгъэп.
[3.68] Iо хэмылъэу, Ибрахьимэ анахь пэблэгъэ цIыфхэр ащ лъыкIуагъэхэр ары, мы пегъэмбарыри шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэри ары. Алахьыр Тхьэр эышIошъ хъурэмэ къакъот.
[3.69] Тхыгъэм еджэрэмэ ащыщхэм шъуагъэгъуащэ ашIоигъу, ау ахэмэ къагурымыIоу ежь=ежьырэу загъэгъощэжьы!
[3.70] О тхыгъэм еджэхэрэр! Ахэмэ шъуряшыхьатмэ, Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр сыда шъушIошъ зыкIэмыхъухэрэр?
[3.71] О тхыгъэм еджэхэрэр! Сыд пае шъыпкъэм пцIыр щышъулъэра, шъушIэ пэтзэ, шъыпкъэр жъугъэбылъыра?"
[3.72] Тхыгъэм еджэрэмэ ащыщхэм аIо: "Мафэм иублэгъум шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ эышIыгъэхэм къафырагъэхыгъэм шъори шIошъхъуныгъэ фэшъушI, мафэм ыкIэм щыжъугъэзый, ахэмэ къагъэзэжьынкIи мэхъу.
[3.73] Шъо шъуидин рылажьэрэмэ афэшъхьафэу зыпарэми шIошъхъуныгъэ фэшъумышI". ЯIу: "IэпыIэгъу занкIэр Алахьым иIэпыIэгъу ары, шъо къызэрэшъуатыгъэм фэдэу ар зэратырэр Мыхьамэт ары". Хьауми ахэр шъуи Тхьэ ыпашъхьэ къыщышъонэкъокъужьхэу фежьэщтха? ЯIу: "ШIушIэныр Алахьым ыIэ илъ, Ежь зыфаем ар реты! "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп, ешIэ!
[3.74] Ежь зыфаер Ащ ишIушIэкIэ къыхегъэщы. ШIушIэ ин дэдэр Алахьым ыIэ илъ!
[3.75] Тхыгъэм еджэрэмэ цыхьэ афэпшIэу бэдэдэ яптыгъэмэ, къыозытыжьынхэр ахэтых, ау цыхьэ афэпшIэу сомэ яптыгъэмэ, ренэу ашъхьагъ уимытмэ, къыозымытыжьынхэр ахэтых. Ар зытехъухьэрэр ахэмэ зэраIорэр ары: "ХэшIыкI зимыIэхэмкIэ тэ тызэрэзекIорэм пае зыми ихьакъ къыттефэрэп". Ахэмэ ашIэзэ, Алахьым пцIыр тыралъхьэ.
[3.76] Ары! ИIуагъэ фэшъыпкъэу зыгъэцэкIагъэхэр ыкIи Тхьэм ищынагъо зыгу илъыгъэхэр. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр Алахьым шIу елъэгъух!
[3.77] Алахьым Iуагъэу дашIыгъэри ежьхэм ятхьарыIуи осэ макIэ зиIэкIэ зыхъожьхэрэм ахърэт гъашIэм Iахь щыряIэп, къызщыхъужьыщтхэ мафэми къадэгущыIэщтэп, къалъыплъэщтэп, къыгъэкъэбзэщтхэп, ахэмэ хьэзаб пщынычжьыр афыщылъ!

[3.78] Тхыгъэу щымытыр тхыгъэу шъуагъэштэным пае абзэгухэмкIэ тхыгъэр зэщызгъакъохэрэр ахэтых, ахэмэ аIо: "Мыр Алахьым дэжь къекIы", ау ар Алахьым дэжь къикIрэп, ар ашIэзэ, Алахьым пцIыр тыралъхьэ.
[3.79] Алахьым тхыгъэр, Iушыгъэр, шъыпкъэу къэхъущтыр зэритыгъэ цIыфым моущтэу цIыфмэ ариIон ылъэкIыщтэп: "Алахьым ычIыпIэкIэ шъхьащэ къысфэшъушI", ау ыIощт: "Тхьэм шъхьэкIафэ фэшъушI, сыда пIомэ, тхыгъэм дэгъоу ежъугъаджэщтыгъэх, бэрэ шъуеджэщтыгъэ.
[3.80] МэлаIичхэри пегъэмбархэри ТхьэкIэ шъуштэнхэу Ащ унашъо къышъуфишIыщтэп. Диным зешъутыгъахэу, шIошъхъуныгъэ шъуимыIэнэу Ащ унашъо къышъуфишIына?
[3.81] Зэгорэм Алахьым пегъэмбармэ Iуагъэ адишIыгъ: "Мары тхыгъэмрэ Iушыгъэмрэ ащыщэу Сэ къышъостырэр. ЕтIанэ ШъуиIэм ишъыпкъапIэ къыушыхьатэу шъуадэжь лIыкIо къэкIощт. Гъэнэфагъэу ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъушIыщт ыкIи шъудеIэзэ шъушIыщт. Ащ ыIуагъ: "Сэ сихьылъэ шъуштэнэу къэшъоушыхьата ыкIи шъукъезэгъа?" Ахэмэ аIуагъ: "Тэ къэтэушыхьаты. "Ащ ыIуагъ: "Къэшъуушыхьати, Сэри сышъуигъусэу шыхьатмэ ащыщ сыхъущт".
[3.82] Ащ ыуж зыщызгъэзыягъэр щыкIыгъэхэр ары.
[3.83] Уашъом щыIи чIыгум щыIи фаехэми фэмыехэми Ащ IорышIэ фэхъугъэ пэтхэзэ, Ащ дэжь зэрагъэзэжьыщтыр ашIэ пэтзэ, Алахьым идин фэшъхьафэу нэмыкI дин ахэр лъэхъуха?
[3.84] ЯIу: "Тэ Алахьыми къытфыригъэхыгъэми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэтшIыгъ. Я Тхьэ дэжь къикIэу Ибрахьими, Исмахьили, Исхьакъи, Якъуби, ахэмэ къалъфыжьыгъэхэми, Моси, Хьиси, пегъэмбархэми къафыригъэхыгъэми (шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэтшIыгъ). Ахэмэ ащыщэу зыпари зэхэтыдзрэп. Ащ тыфэIорышIэ".
[3.85] Ислъамым фэшъхьафэу нэмыкI дин зыIыгъым Ар фэенэу зыпари хэлъэп, ахърэт дунаими ар чIэнагъэ зышIыгъэмэ ащыщ хъущт.
[3.86] ЛIыкIор зэрэшъыпкъэр къаушыхьати, ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зыфашIыгъэм, Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр къызафэкIуагъэм ыуж яIуагъэ текIыжьыгъэ цIыфхэр сыдэущтэу Алахьым гъогу занкIэ рищэщтха? Шъыпкъагъэ зимыIэ цIыфхэм Алахьыр IэпыIэгъу афэхъурэп!
[3.87] Ахэмэ тыны афэхъущтыр Алахьым, мэлаIичхэм, зэкIэ цIыфхэм ябгыбз ары.
[3.88] ЕгъашIэм ахэр ащ хэтыщтых, хьэзабэу ателъыр псынкIэ афэхъущтэп, хэти инэплъэгъу ахэмэ афигъэзэщтэп,
[3.89] Ислъам диным зыгокIыгъэхэм ыуж кIэгъожьыхи шIу зышIагъэхэр ахэмэ ахахьэхэрэп. Алахьым къыпфегъэгъу, Алахьыр гукIэгъушI!
[3.90] Диныр ашIошъ зыхъущтыгъэм ыуж диным гокIыжьхэрэр, етIанэ яшIошъхъуныгъэ нахь лъэш зышIыхэрэр къагъэзэжькIи аштэжьыщтхэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр гъощагъэх!
[3.91] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэу, джаурхэу лIагъэхэм ащыщ горэми дышъэр зытиз чIыгумкIэ ежь зищэфыжьынэу фаекIи Iахыщтэп. Ахэмэ хьэзаб пщыныжьыр афыщылъ, ахэмэ IэпыIэгъу яIэщтэп!
[3.92] ШъуикIасэм щыщ Iахьэ шъумытымэ, нибжьи псэпэ лъэгапIэм шъунэсыщтэп, Сыд лIэужыгъуи шъутырэр Алахьым ешIэ.
[3.93] Библиер къафырагъэхыным ыпэкIэ, ежь Исраил шхын мыдэу зыфишIыжьыгъагъэм фэшъхьафрэ, Исраил ыкъохэм сыд фэдэ гъомылэри ашхын фитхэу Iизын яIагъ. ЯIу: "Библиер къэшъухьи, зафэу шъущытмэ, шъуедж!"
[3.94] Ащ ыуж Алахьым имыхьакъ тезылъхьэхэрэр жъалымхэр ары!

[3.95] ЯIу: "Алахьым ыIорэр шъыпкъэ! Ибрахьимэ идин шъурылажь, ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ иIагъ, Тхьэм гъусэ фишIыщтыгъэп.
[3.96] ЦIыфмэ апае зиморад къыздэхъунэу, зэрэдунае гъуазэ фэхъунэу апэрэ унэу ашIыгъэр Чабэм дагъэуцуагъэр ары!
[3.97] Ащ цIыфмэ апае Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр щыIэх. Ибрахьимэ ар ичIыпI, ащ ихьэхэрэми щынагъо яIэп. Гъогууанэр зэпызычын зылъэкIыщтхэр а унэм хьэджакIо кIонхэу Алахьым цIыфмэ апшъэ къырелъхьэ. ШIошъхъуныгъэ пытэ зимыIэхэр. Алахьыр баишъ, а дунайхэм ащыкIэрэп.
[3.98] ЯIу: "О тхыгъэм еджэхэрэр! Сыд пае шъушIэрэм Алахьыр ишыхьатзэ, Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр шъушIошъ мыхъура?"
[3.99] ЯIу: "О тхыгъэм еджэхэрэр! ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр шъуукъоющыным шъуфаблэмэ, шыхьаты шъухъузэ, сыд пае Алахьым игъогу тешъущыхэра? Шъо шъушIэрэм Алахьым ынаIэ къытыримыгъэтэу щытэп!"
[3.100] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ шъуиIэ зыхъугъэм ыуж тхыгъэр зэратыгъэмэ ащыщ купым щъуфэIорышIэмэ, икIэрыкIэу джаур шъуашIыжьыщт.
[3.101] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм къышъуфяджэхэу, Ащ илIыкIо къышъухэтэу, сыдэущтэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ шъумышIыра? Алахьыр гъусэ зышIырэр гъогу занкIэ техьагъ.
[3.102] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Ащ зэрифэшъуашэм фэдэу Алахьым шъущыщт, быслъымэнэу шъущымытэу дунаир шъумыхъожь.
[3.103] ЗэкIэми Алахьым шъуригъус, шъузэгомыкI, шъузэпыеу шъузыщэтым Алахьым къышъуфишIагъэ шIур шъугу къэжъугъэкIыжь, Ащ шъугухэр зэпэблагъэ ышIыгъэх, Ащ ишIушIэкIэ зэшы шъухъугъ! Шъо джэхьнам машIом икуупIэ гъунэ шъуIутыгъ, Ащ шъукъигъэнэжьыгъ. Джаущтэу Алахьым Ежь ищысэтехыпIэхэр къыжъугурегъаIох, гъогу занкIэм шъурыкIонкIи мэхъу!
[3.104] ШIум фищэхэу, хъункIэ аштагъэр агъэцэкIэнэу унашъо къышIэу, мыхъущтым фиIажэхэу, цIыф куп къышъухэрэкI. Ахэр насыпышIох.
[3.105] Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр къызафэкIуагъэхэм ыуж зэгокIыгъэхэу зэмдэIужьхэрэм афэдэ шъумыхъу. Ахэмэ хьэзаб пщынэжь афыщылъ.
[3.106] Джа мафэу зы купмэ анапэхэр фыжьы, адырэмэ анапэхэр шIуцIэ зыщыхъущтым! зынапэ шIуцIэ хъугъэхэр. Шъо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышъушIыгъэм ыуж джаур шъухъугъэнэуи? ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрэшъумышIыгъэм пае пщынэжьыр шъуиIус!
[3.107] Зынапэ фыжьы хъугъэхэм Алахьым ынэшIу къащыфагъ, егъашIэм джаущтэу ахэр хэтыщтых!
[3.108] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр джащ фэдэх: Шъыпкъагъэ хэлъэу Тэ ахэмэ такъыфеджэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыфмэ агу хигъэкIынэу Алахьыр фаеп!
[3.109] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым ыIэ илъ. Алахьым зэкIэми фагъэзэжьы.
[3.110] ЦIыфмэ къахэтаджэщтыгъэ лъэпкъымэ шъо шъуанахь дэгъу: ШIу ашIэнэу унашъо афэшъошIы, дэир шъудэрэп, Алахьыр шъушIошъ мэхъу. Тхыгъэм еджэхэрэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыгъэмэ, ежьхэмкIэ нахьышIу хъущтыгъэ. Ахэмэ Тхьэр зышIошъ хъухэрэр ахэтых, ау нахьыбэр щыкIыгъ.
[3.111] ШъхьакIо горэмэ афэшъхьафэу, ахэмэ мыхъун къышъуашIэщтэп, ахэр къышъозэонхэу къызежьэхэкIэ, къыздикIыгъэхэмкIэ кIаIэжьыщт. ЕтIанэ IэпыIэгъуи ахэмэ агъотыщтэп.

[3.112] Алахьым ахэр имыгъусэхэмэ, цIыфмэ ямыгъусэхэмэ, тыдэ щыIэхэми шъхьакIом зэлъиштэщтых, ахэмэ Алахьым ынае ащыфэщт, ахэр тхьамыкIэныгъэм зэлъикIущтых. Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ахэмэ зэрэщагъэзыещтыгъэм, зэфэнчъэу пегъэмбархэр зэраукIыщтыгъэм, къаигъагъэкIэ зэфэнчъэу зэрэзекIуагъэхэм апай аущтэу зыкIэхъущтыр.
[3.113] Ахэр зэфэдэдэхэп, тхыгъэм еджэхэрэм пытагъэ зыхэлъ цIыф куп ахэт: Чэщрэ нэмаз ашIызэ, ахэр Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм яджэх.
[3.114] Ахърэт мафэми ахэмэ Алахьыр ашIошъ мэхъу, хъункIэ аштагъэр арагъашIэ, мыхъущтым фаIажэх. зым адырэм шIу фишIэнымкIэ мэгуIэх, ахэмэ диныр агу илъ.
[3.115] Сыд фэдэми ахэмэ шIоу ашIэрэр ямыеу сыдигъуи хъущтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ Тхьэм ищынагъо зыгу илъыр!
[3.116] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм ямылъкуи якIэлэцIыкIухэми Алахьым ыпашъхьэ федэ къафахьыщтэп! Ахэр джыхьнэм машIом хэтыщтых, егъашIэм ащ хэстыхьэщтых!
[3.117] Ахэмэ мы дунэе хьафым щагъэкIодырэр жьыбгъэ чъыIэу хэбзэнчъэ цIыфхэм яхьасэ къытелъади зыгъэкIодыгъэм фэд. Ахэмэ агу Алахьым хигъэкIыгъэп, ахэмэ ежьхэм агухэр хагъэкIыжьыгъ.
[3.118] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо шъущыщхэм афэшъхьаф ныбджэгъу благъэ зыпари шъумышIы. Ахэмэ, Iо хэмылъэу, шъузэщафыщт, шъуагъэкIодыным пылъых. фэмылъэгъуныгъэу ахэмэ яIэр ажэ къыдэкIыгъ,. агу илъэу аушъэфыри ащ нахь бэжь. Шъо акъыл шъуиIэмэ, щысэтехыпIэхэр Тэ къышъуфызэхэтфыгъэх!
[3.119] Мары, шъо ахэр шIу шъолъэгъух, ежьмэ шIу шъукъалъэгъурэп. Тхыгъэр зэрэщытэу шъушIошъ мэхъу, къызышъуIукIэхэкIэ ахэмэ къаIо: "Тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ тшIыгъэ". Ежьхэм язакъоу къызынэжьхэкIэ, гухьэгужъэу къышъуфыряIэм къыхэкIэу аIэхъуамбэхэм яцэкъэжьых. ЯIу: "Шъуигубж шъузэгуеут! Шъо шъугу илъыр Алахьым ешIэ".
[3.120] ШIу къыжъудэхъумэ ягу къео, шъо шъугу къеон горэ къызышъохъулIэкIэ, егъэгушIох. Шъо щэIагъэ шъухэлъэу, Тхьам ищынагъо шъугу илъмэ, бзэджэгъэ гухэлъ шъэфхэу ахэмэ къышъуфыряIэм сыдыкIи иягъэ къышъокIыщтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ ашIэрэр Алахьым къелъэгъу!
[3.121] Тхьэр зышIошъ хъухэрэр сатырэу бгъэуцунхи, зэбгъэзэонхэм пае пчэдыжьым уиунагъо уикIыгъ, Алахьым зэхехы, ешIэ.
[3.122] Мары, шъо шъущыщэу купитIу щынэр агу къихьагъ. Алахьыр ахэмэ яIэпыIэгъу: Тхьэр зышIошъ хъухэрэм Алахьыр гугъапIэ арэшI!
[3.123] Бэдыр дэжь шъукъыщаушъхьакIугъэу Алахьыр къыжъудеIагъ. Алахьым шъущыщт, разэ шъухъункIи мэхъу!
[3.124] Мары, о Тхьэр зышIошъ хъурэмэ яоIо: "МэлаIич миницэу шъуи Тхьэ уашъом къышъуфыригъэхыгъэр шъоркIэ икъущтба?"
[3.125] Шъо щэIагъэ шъухэлъэу, Тхьэм ищынагъо шъугу илъмэ, ахэр псынкIэу къызышъутебанэхэкIэ, тамыгъэ гъэнэфагъэхэр яIэхэу мэлаIич минитф IэпыIэгъоу Тхьэм къышъуитыщт,
[3.126] Алахьым ар къыкIышъуитырэр шъуигъэгушIоным шъугухэр ыгъэгупсэфыным пай ныIэп. Алахьэу лъапIэу, Iушыр ары ныIэп IэпыIэгъу къышъозытыщтыр,
[3.127] Джаурхэм ащыщ куп шъуукIыным е гъэхъагъэ амышIыгъэу зэкIэкIожьынхэшъ, шъуатекIоным пай,

[3.128] Алахьым ахэмэ шІу афишІэщтми е ыгъэпщынэщтхэми О пІэ къихьан а Іофым зи хэлъэп. Шъыпкъэ дэдэмкІэ, ахэр зэфэнчъэх.
[3.129] Уашъом щыІи чІыгум щыІи Алахьым ыІэ илъ. Зыфаем Ащ фегъэгъу, зыфаер егъэпщынэ. Алахьым къыпфегъэгъу, гукІэгъушІ!
[3.130] О шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышІыгъэхэр! Ахъщэ тедзэм фэдитІу хэжъугъахъоу, хьэрамыгъэ къызыхэшъумыгъаф, Алахьым шъущыщт, шъо насыпышІо шъухъункІи мэхъу!
[3.131] Джаурмэ афыщылъ джыхьнэм машІом шъущыщт.
[3.132] Алахьыми лІыкІоми шъуафэІорышІ, къышъуфагъэгъункІи мэхъу!
[3.133] Шъуи Тхьэ къышъуфигъэгъуным шъукІэхьаным, Тхьэм ищынагъо зыгу илъмэ апае уашъомрэ чІыгумрэ афэдизэу агъэхьазырыгъэ джэнэтым шъуихьанэу шъуакІэгуІ.
[3.134] Байми, тхьамыкІэми тын зышІыхэрэр, губжыр зыІажэхэрэр цІыфмэ афэзгъэгъухэрэр, шІу зышІэхэрэр Алахьым шІу елъэгъух!
[3.135] Къэрарынчъагъэ къызхэфагъэхэу е ежь=ежьырэу лые зэзыхыжьыгъэхэм Алахьыр агу къэкІыжьэу, псэкІодшІагъэу ашІагъэхэмкІэ афигъэгъунэу елъэІухэмэ, Алахьым фэшъхьафэу хэта псэкІодшІагъэр зыгъэгъурэр ашІэзэ, мыхъунэу ашІагъэм къаигъэ рымыхъужьхэмэ.
[3.136] Ахэмэ тыны афэхъущтыр я Тхьэ къызэрафигъэгъурэмрэ джэнэтэу егъашІэм зэрысыщтхэмрэ ары зышІэхэрэмкІэ ар тын лъапІ!
[3.137] Шъо шъуапэкІи акъыл зыхэпхын хъугъэ=шІагъэхэр щыІагъэх: Мы чІыгум шъурыкІуи,пцІым къаигъагъэкІэ пылъыгъэхэм ягъашІэ зэраухыгъэр шъулъэгъущт!
[3.138] Джары цІыфхэм зэхашІыкІын фаер, гъэсэныгъи шІошъхъуныгъи Тхьэр зышІошъ хъухэрэм зэхахын фаер.
[3.139] Тхьэр зышІошъ хъурэмэ шъуащыщмэ, шъо нахь лъагэу шъущыт пэтзэ, шъукІуачІи къыщышъумыгъакІ, чэфынчъи шъумыхъу!
[3.140] Шъо лые къышъохыгъэ хъугъэмэ, шъуапэкІэ ащ фэдэ чІэнагъэ ахэми къанэсыгъ. Тэ мы мафэхэр цІыфхэм къафызэблэтэхъух шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышІыгъэхэр Алахьым ышІэнхэм, шъущыщэу ыгу илъыр къизыІотыкІ зышІоитъор къахихыным пае, Алахьым мызафэхэр икІасэхэп,
[3.141] ШІошъхъуныгъэ пытэ зышІыгъэхэр Алахьым ыушэтынхэм ыкІи джаурхэр ыгъэкІодынхэм пае.
[3.142] Шъуащыщэу зэоным фэхьазырхэр,шъуащыщэу щэІагъэ зиІэхэр Алахьым ышІэнхэм ыпэкІэ джэнэтым шъуихьанэу шъуегупшысэнэуи?
[3.143] Шъо хьадэгъум шъуІукІэным ыпэкІэ ащ шъуфэягъ. Джы ар шъулъэгъугъэ ыкІи зэхэшъуфын шъуфит!
[3.144] Мыхьамэт лІыкІо ныІэп. Зэгорэм ащ ыпэкІэ щыІэгъэ лІыкІохэр джы щыІэжьхэп. Ар лІэу е укІыгъэ хъумэ, шъузэкІэкІожьыщта? Хэтми зэкІэкІожьрэм Алахьым зыпари зэрар рихыщтэп, ау рэзагъэ зыхэлъ цІыфхэм Алахьым ынэшІу къащыфэщт.
[3.145] Алахьым иІизын хэлъэу КъурІаным ит уахътэм тетэу псэ зиІэ пэпчъ дунаим ехыжьын фае. ГъашІэу зыхэтым тын щыфаем Тэ ар еттыщт: Ахърэт гъашІэм тын щыфаеми еттыщт, разэхэм Тэ тяшІушІэщт!
[3.146] Пый мин пчъагъэхэр къызэзэорэ пегъэмбархэу тхьапша щыІагъэхэр, ау Алахьым игъогу тетхэу къяхъулІэщтыгъэм ахэр кІочІаджэ ышІыщтыгъэхэп, кІочІаджи хъущтыгъэхэп, агуи кІодыщтыгъэхэп, щэІагъэ зиІэхэр Алахьым шІу елъэгъух!

[3.147] Мы гущыIэхэм афэшъхьаф ахэмэ къаIуагъэп: "Ярэби я Алахь! ПсэкIодэу
тшIагъэхэр, Iофэу зетхьагъэм тызэрэдэхыгъэр къытфэгъэгъу, тлъэхэр гъэпытэх, джаур
цIыфмэ татегъакIу".
[3.148] ГъашIэу зыхэтхэм Алахьым ахэмэ тын ащыфишIыгъ, ахърэт гъашIэми тын дэгъу
дэдэ афишIыгъ. ШIу зышIэхэрэр Алахьым икIасэх!
[3.149] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ШIошъхъуныгъэ зымышIыгъэхэм
шъуядэIу эыхъукIэ, шъузэкIагъэкIожьыщт, пкIэнчъэ шъухъужьыщт.
[3.150] Ары! Шъо шъуиухъумакIор Алахьыр ары. IэпыIэгъу къыпфэхъущтхэмэ Ар
анахьышIу!
[3.151] Ащ лъэкI гори къызэримытыгъэхэр Алахьым зэрэгуагъэуцощтыгъэхэм пае
шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм агумэ Тэ щынагъо арытыдзэщт. Ахэмэ машIор
яшъхьэегъэзыпI, джаурхэмкIэ ар псэупIэ тхьамкIагъу!
[3.152] Ащ иIизын хэлъэу ахэр зышъоукIхэм, шъуапашъхьэ Алахьым
шъукъызэригъэгугъагъэр къыщигъэшъыпкъэжьыгъ. Шъо шIу шъулъэгъурэр Ащ
къызышъуигъэлъэгъугъэм ыуж шъукъызэщтэм, Iофым фэгъэхьыгъэу шъузэнэкъокъоу
шъузежьэм, шъузэмыдаIом, дунай гъашIэм фаехэри ахърэтым фаехэри къышъухэтыгъэх.
Шъуиушэтыным пае Ащ кIышъуигъэIэжьыгъ, къышъуфигъэгъугъ, сыда пIомэ, Тхьэр
зышIошъ хъухэрэм Ар афэхьалэл!
[3.153] Зым ынапэ адырэм ынапэ фимыгъэзэжьэу зэуапIэм шъукъикIыжь зэхъум, заом
шъуIищэнэу шъуакIыбкIэ щыIэ лIыкIор къышъуаджэ зэхъум, чIэнагъэу шъушIыгъэми,
къызэрэшъутекIуагъэхэми нэшхъэигъэ къышъуфамыхьыным пае гухэкIым пае гухэкIыр
тынэу Ащ къышъуитыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ,шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[3.154] А гухэкIым ыуж шъуигъэгупсэфынэу Ащ чъые къышъуигъэкIугъ, шъуазыныкъо
чъыем зэлъиштагъ, адырэ ныкъор Алахьым фэгъэхьыгъэ гупшысэ мызафэм
ыгъэгумэкIыщтыгъэ мышIэныгъэм игупшысэ хэтхэу ахэмэ аIощтыгъэ: "Мы Iофым тэщ
пае зыгорэ къикIыщта?" ЯIу: "ЗэкIэ хъурэр Алахьым ыIэ илъ. О уамыгъашIэрэр ахэмэ агу
шъэфэу илъ". Ахэмэ аIо: "Ащ тифедэ горэ хэлъэу щытыгъэмэ, мы чIыпIэм
тыщаукIыныеп", ЯIу "Шъугухэр Алахьым ыушэтынхэм, шъугумэ арылъыр
зэригъэшIзным ыгъэкъэбзэнхэм пае зилIэгъу къэсыгъэхэр яунэмэ къаринэгъагъэхэми,
зыщаукIыщтхэ чIыпIэм къэкIоныгъэхи". Гум илъыр Алахьым ешIэ!
[3.155] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, дзитIур зыщызэIукIэгъэ мафэм шъуащыщхэу къэзгъэзагъэхэр
мыхъун горэхэу ашIагъэм нахь ыгъэщынэхэу, шэйтаным ыгъэлъэпэуагъэх. Алахьым ахэмэ
афигъэгъугъах, Алахьым къыпфегъэгъу, шъабэ!
[3.156] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ЯIахьыл благъэхэр гъогу зытехьэхэкIэ е
заом зыкIохэкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэу моущтэу зыIощтыгъэхэм афэдэ
шъумыхъу: "Ахэр тигъусагъэхэмэ, лIэныехэп, къаукIыныехэп". Ахэмэ агу хигъэкIыным
пае ар Алахьым арешIэ.Алахьым щыIэныгъэр къеты, хьадэгъури къегъакIо. Алахьым
елъэгъу шъушIэрэр!
[3.157] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым игъогу шъутетэу шъуаукIыми е шъулIэми, Алахьым
къышъуфигъэгъущт, ынэшIу къышъущыфэщт, ахэр мыщ щышъуугъоирэм нахьышIух.
[3.158] ШъулIэми е шъуаукIыми, Iо хэлъэп, Алахьым ыпашъхьэ зэкIэми шъуихьажьыщт.
[3.159] Алахьым игукIэгъу ихьатыркIэ о ахэмэ шъабэ уафэхъугъ: Ау упхъашэу, гу жъалым
уиIагъэмэ, о ахэр пкIэрыкIыжьынхи. Ахэмэ афэгъэгъу, ахэмэ афигъэгъунэу афэлъаIу ыкIи
Iофым фэгъэхьыгъэу ахэр упчIэжьэгъу шIых. О теубытагъэ зыщыпшIыгъэм, Алахьыр
гугъапIэ шIы, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым щыгугъыхэрэр шIу елъэгъух!

[3.160] Алахьыр IэпыIэгъу къышъуфэхъумэ, щыIэп къышъутекIон, ау Ащ шъузибгынэкIэ, Ащ ыуж хэта IэпыIэгъу къышъуфэхъущтыр? Тхьэр зышIошъ хъухэрэм Алахьыр гугъапIэ арэшI!
[3.161] Пегъэмбарым имыIахь ыштэ хъущтэп. Хэтми зимыIахь зыштэрэр къызщыхъужьыщт мафэм имыеу ыштагъэр ыIыгъэу къекIолIэщт, а мафэм псэ пэпчъ ышIагъэм тефэу IукIэжьыщт, зыми шъхьакIо рахыщтэп.
[3.162] Алахьым ынэшIу зыщыфагъэр Алахьым игубж зытефагъэм фэдэ хъунэуи? Ащ джыхьнэм машIор ипсэупIэщт, ар шъхьэегъэзыпIэ тхьамыкIагъу!
[3.163] Ахэмэ ащыщ пэпчъ шIуагъэу хэлъымкIэ Алахьым ыпашъхьэ чIыпIэу щыриIэщтыр зэфэшъхьаф. Ахэмэ ашIэрэр Алахьым ешIэ!
[3.164] Ежьхэм ащыщ лIыкIор къызахегъэтаджэм, Тхьэр зышIошъ хъухэрэм Алахьым шIу афишIагъ, Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм, ар къафеджэ, нахьыпэм гъощэгъагъэхэмэ,егъэкъабзэх, тхыгъэмрэ Iушыгъэмрэ арегъашIэх.
[3.165] Ахэмэ фэдитIу тхьамыкIагъо къызафэшъухьыгъэм ыуж тхьамыкIагъо къызышъуфэкIуагъэм, сыд пае шъукъэупчIэра: "Ар сыда къызхэкIыгъэр?" Ахэмэ яIу: "Ар шъоры къызхэкIыгъэр". шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[3.166] ДзитIур зызэIокIэ мафэм къышъохъулIагъэр Алахьым иIизын хэлъэу хъугъэ, ар зытехъухьагъэр Тхьэр зышIошъ хъухэрэр Ащ ышIэнхэм пай
[3.167] ШъорышIыгъэ зыхэлъхэри ышIагъэх. Ахэмэ араIогъагъ: "ШъукIу, Алахьым игъогу шъутетэу шъузау е ахэр Iушъуфых!" Ахэмэ аIуагъ: "Тэ тызэон тлъэкIынэу щытыгъэмэ, шъуауж тыкъихьани". А мафэм ахэр Тхьэр ашIошъ хъуным нахьи ашIошъ мыхъуным нахь пэблэгъагъэх! Агу имылъыр ары ахэмэ аIупэкIэ къаIорэр, ау ахэмэ аушъэфырэр Алахьым нахьышIоу ешIэ!
[3.168] Яунэмэ арысхэу апэблагъэхэм апае зыIощтыгъэхэм: "Тэ ахэр къытэдэIугъагъэхэмэ, къаукIыщтыгъэхэп" яIу: "Шъо зафэу шъущытмэ , хьадэгъур зытешъух!"
[3.169] Алахьым игъогу тетхэу аукIыгъэхэр сыд хъункIи хьадэхэу умылъытэх. Хьау, ахэр псаух! ЯIахь Алахьым къаритыгъ.
[3.170] Алахьым ишIушIэ щыщэу къаритыгъэм ахэр кIэгушIухэзэ, ежьхэм ауж рыкIохэрэм апае мэгушIох, ахэмкIэ щынагъуи нэшхъэигъи щыIэп!
[3.171] Алахьым къафишIэрэ шIум ыкIи ихьалэлыгъэ, Тхьэр зышIошъ хъухэрэм атефэрэ тыныр Алахьым зэримыгъэкIодырэм ахэр лъэшэу егъэгушIох.
[3.172] КъызатекIуагъэхэм ыуж Алахьым, ащ илIыкIо афэIорышIэхэу къэнэжьыгъэхэм, шIу зышIэщтыгъэхэу Алахьым ищынагъо зыгу илъыгъэхэм тын лъапIэ апэ илъ!
[3.173] ЦIыфхэу зэраIощтыгъэхэм: "Мары, цIыфхэр къышъуфэмыехэу къэзэрэугъоигъэх, ахэмэ шъуащыщын!" шIошъхъуныгъэу ахэлъыр нахь ыгъэлъэшыгъ ыкIи ахэмэ аIощтыгъэ: "Алахьым тэ тыфэраз, Ар тэ тигугъапI, тиухъумакIу!"
[3.174] Алахьым ишIушIэрэ ихьалэлыгъэрэ ягъусэу ахэмэ къагъэзэжьыгъ, мыхъуни къанэсыгъэп, Алахьым шIоигъор ахэмэ ашIагъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIушIэ иныр Алахьым ыIэ илъ!
[3.175] Шъыпкъэ, шэйтанхэр ары щынагъо зышIыхэрэр, ау ахэмэ шъуащымыщын, шъо Тхьэр шъушIошъ хъоу щытмэ, Сэ шъукъысщыщт!
[3.176] ШIошъхъуныгъэ ямыIэным кIэгуIэхэрэм апае о гукъао умышIы, ахэмэ Алахьым зэрар рахыщтэп. Ахърэт дунаим ахэмэ Iахь аритынэу Алахьыр фаеп, ахэмэ пщыныжьышхо афыщылъ!
[3.177] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэр шIошъмыхъуныгъэкIэ къэзыщэфыгъэхэм яягъэ Алахьым къырагъэкIыщтэп, ау ахэмэ лыуз пщыныжь афыщылъ!

[3.178] ГъэшIэ кIыхьэу джаурмэ Тэ къяттырэр ежьхэм насыпыгъэу зыфарэмылъэгъужь. Тэ ахэмэ гъэшIэ кIыхьэ къызкIяттырэр псэкIодшIагъэу яIэр нахьыбэ хъуным пай ныIэп, нэужым ахэмэ пщыныжьы къиныр афыщылъ!
[3.179] ШэнышIор къэрарынчъэм зэрэфэмыдэр ымыгъэунэфэу, Тхьэр зышIошъ хъухэрэр джы зытетым тетхэу Алахьым къыгъэнэщтхэп. Алахьым шъэфыр къышъуфызэIуихыщтэп, ау ащ пае Алахьым ежь илIыкIохэм ащыщэу ежь зыфаер къахехы. Алахьым, Ащ илIыкIохэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ КъафэшъушIэу, Тхьэм ищынагъо шъугу ижъугъэлъмэ, шъо тын лъапIэ къышъуIукIэщт!
[3.180] Алахьым къаритыгъэм щыщ атыным шъхьасхэрэр шIу зыфашIэжьэу орэмыгугъэх. Ахэмэ лые зэрахыжьы! Къызщыхъужьыщтхэ мафэм ахэмэ агу пымыкIыщтыгъэр пшъэрылъын афэхъужьыщт, уашъоми чIыгуми якIэн Алахьым ыIэ илъ, шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[3.181] Мырэущтэу зыIощтыгъэмэ япсалъэхэр Алахьым зэхихыгъ: "Алахьыр тхьамыкI, тэ тыбай. Ахэмэ аIощтыгъэри фитныгъэ ямыIэу пегъэмбархэр зэраукIыщтыгъэхэри Тэ ттхынхэшъ, ятIон: "Джэхьнэм машIор шъуушэты!"
[3.182] Ар шъуIэмэ агъэхьазырыгъэм пай, ау Алахьым иIумэтмэ сыд фэдизкIи агу хигъэкIрэп.
[3.183] "Къурмэныпхъэу машIом ыдырыщтыр игъусэу къэмыкIофэ лIыкIом шIошъхъуныгъэ фэтымышIынэу Алахьым унашъо къытфишIыгъ" зыIохэрэм яIу: "Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ гъэунэфыгъэхэри джы къэшъуIуагъэхэри яIэхэу сапэкIэ лIыкIохэр къышъуфэкIогъагъэх. Шъо шъыпкъэныгъэ шъуиIэмэ, сыд пае ахэр шъуукIыгъэха?"
[3.184] О ахэмэ гъэпцIакIокIэ уалъытэмэ, уапэкIэ къафэкIогъэгъэ лIыкIохэу Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ гъэунэфыгъэхэр, тхылъхэр, къэзгъэнэфэхэрэ тхыгъэр зиIагъэхэри гъэпцIакIокIэ алъытэгъагъэх!
[3.185] Псэ пэпчъ лIэныгъэр зэхешIэ, шъукъызыщыхьужьыщт мафэм шъуитынхэр икъоу къышъуатыжьыщтых. Джэхьнэм машIом Iуащэу джэнэтым ращэрэр тхъэжьыщт. Непэрэ гъашIэр нэпцIы тхъагъу.
[3.186] Шъо шъуимылъку щыщэу сэдакъэу шъутыгъэмкIи жъугъэшIагъэмкIи шъуаушэтыщт, шъуапэкIэ тхыгъэр зэратыгъэхэми тхьабэ зышIошъ хъущтыгъэхэми шъхьэкIуабэ ашIыгъэу зэхэшъухынкIи хъун: Ау щэIагъэ къызхэжъугъафэу, Тхьам ищынагъо шъугу ижъугъэлъымэ, шъо лIыхъужъыгъэу зешъухьагъэмэ анахь лъапIэмэ ащыщ хъущт.
[3.187] Тхыгъэр зэратыгъэхэм Алахьым Iуагъэ адишIыгъ: "Ар цIыфхэм шъо агурыжъугъэIощт, шъуушъэфыщтэп". Ау ахэмэ ар IэкIыб ашIи, ащкIэ осэ макIэ зиIэр къащэфыгъ. Ахэмэ ахъожьыгъэм федэ хэлъэп!
[3.188] Ахэмэ язекIуакIэ кIэгушIухэрэр, амышIагъэм пае щытхъу зэрафиIорэр зыгъэшIагъохэрэр ымыгъэпщынэнхэу ерэмыгупшысэх. Ахэмэ жъалымагъэ пщыныжьыр афыщылъ.
[3.189] Уашъори чIыгури Алахьым ыIэ илъ. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[3.190] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уашъори чIыгури къызэригъэшIыгъэхэр, чэщырэ мафэрэ зэрэзэблэкIырэр акъыл зиIэхэмкIэ щысэх.
[3.191] Щытхэу, щысхэу, щылъхэу Алахьыр зыгу къэкIыхэрэмкIэ уашъомрэ чIыгумрэ къызэригъэшIыгъэмкIэ ягупшысэхэрэмкIэ: "Ярэби я Алахь! О ар хьаолыеу къэбгъэшIыгъэп. Щытхъур уадэжь! Джэхьнэм машIом тэ тыщыухъум.
[3.192] Ярэби я Алахь! О джэхьнэм машIом хапщэхэрэр уушъхьакIугъэх. Зэфагъэ зимыIэхэм IэпыIэгъу яIэп!

[3.193] Ярэби я Алахь! Диным фищэхэу къаджэщтыгъэм иджэмакъэ зэхэтхыгъ: "Ти Тхьэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъушI!" Тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ тшIыгъэ. Ярэби я Алахь! ТипсэкIодышIагъэхэр къытфэгъэгъух, бзэджагъэу тшIагъэхэр ттехыжьых, цIыфышIумэ къяптырэ хьадэгъум фэдэ къытэт.
[3.194] Ярэби я Алахь! УилIыкIохэмкIэ Тэ къытэптынэу зыфэпIогъагъэхэр О къытэтых, тыкъызщыхъужьыщт мафэм шъхьакIо къытэмых. О уиIуагъэ уукъожьрэп".
[3.195] Ахэмэ я Тхьэ джэуап къаритыжьыгъ: "Шъо шъущыщэу хъулъфыгъэми бзылъфыгъэми хэт сыд ышIагъэми згъэкIодыщтэп. Шъо зыр адырэм къыхэкIыгъ. ЯпсэупIэмэ къарыкIыгъэхэм е къарафыгъэхэм, Сэ сигъогу тетхэу къин зылъэгъугъэхэм, зэуагъэхэм, укIыгъэ хъугъэхэм мыхъунэу ашIагъэр Сэ атесхыщт ыкIи псыхъохэр зыкIэчъырэ джэнэтым исщэщтых, Алахьым ыцIэкIэ сятэщт, Алахьым итын тын шIагъу!
[3.196] ШIошъхъуныгъэ пытэ зымышIыгъэхэу хэгъэгум исхэм якъулайныгъэ уемыхъуапс.
[3.197] Ар тхъэгъо кIэкI, етIанэ ахэмэ джэхьнэм машIор япсэупIэщт. Ар хьазаб щылъыпI!
[3.198] Ау Тхьэм ищынагъо зыгу илъыгъэхэм псыхъохэр зыкIэчърэ джэнэтыр афыхэхыгъ, ахэр егъашIэм ащ исыщтых. Ар Алахьым дэжь къикIрэ тын. Диным пылъхэмкIэ нахьышIур Алахьым дэжь щыI!
[3.199] ШъыпкъэмкIэ, тхыгъэм еджэрэмэ ахэтых Алахьыри, къышъуфыригъэхыгъэри, ахэмэ къафыригъэхыгъэри зышIошъ хъухэрэр: Алахьым ыпашъхьэ щышыихъхэу, Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр осэ макIэ зиIэмкIэ ахэмэ ахъожьхэрэп. Ахэмэ атефэрэ тыныр я Тхьэ дэжь щыI. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, къыфишIэщтымкIэ Алахьыр IэшIэх!
[3.200] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ЩэIагъэ зыхэжъугъэлъ, зым адырэм щэIагъэ ферэшI, пытагъэ зыхэжъугъэлъ, Тхьэм ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, шъо насыпышIо шъухъункIи мэхъу.

АлнисаI

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[4.1] О цIыфхэр! Шъуи Тхьэу зы псэм шъухэзшIыкIи, ащ шъхьагъусэ фэхъущтыр хишIыкIыжьи, а нэбгыритIум хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ бэ хъухэу къатезгъэкIи, чIыгум щызгъэбэгъуагъэм шъущыщын. Алахьым ыцIэкIэ зым адырэр зэригъэдаIорэр, джащ фэдэу зыныбэ кIоцI шъуикъикIыгъэхэр жъугъэлъапIэх. Алахьым шъо шъукъелъэгъу!
[4.2] Ибэхэм ямылъку яшъутыжьзэ шъушIы, ащ дэгъоу яIэр дэйкIэ зэблэшъумыхъу. Ахэмэ ямылъку шъуем хэгъэхъуагъэу шъумышхы, ар псэкIодышху!
[4.3] Ибэхэм зафэу шъуафыщымытыным шъутещтыхьэмэ, нэбгыритIуми, щыми, плIыми, шъугу рихьырэ бзылъфыгъэхэр къашъущэх. Ау ахэмэ зэкIэмэ зэфэдэу шъуафыщымытыным шъутещтыхьэмэ, зы нэбгырэ къашъущэ, е шъуIэ къихьагъэр къашъущэ. Зафэу узекIонымкIэ ар дин хабзэм нахь пэблагъ.
[4.4] Шъузхэм ямылъку шъугу пыкIэу яшъутыжь. Ащ щыщ агу пыкIэу шъо къышъуатымэ, гухахъоу шъошх.
[4.5] Зыныбжь имыкъугъэмэ шъуалъыплъэным пае Алахьым шъуIэ къырилъхьэгъэ мылъкур зезымыхьэшъущтмэ яшъумыт, ащ щыщ Ахэмэ аIужъугъакIэзэ шъушIы, шъуфапэх, гущыIэ дахэ яшъуIу.
[4.6] Якъэщэгъу=дэкIогъум нэсыфэхэ, ибэхэр шъуушэтых. Яакъыл къэкIуагъэу шъулъэгъумэ, ямылъку яшъутыжь. Ахэр зэрэхъунэу омыхъуфэ. Илыягъэу е гуIэнкIэ ахэмэ ямылъку шъумышхы. Баим ибэхэм ямылъку игъэкIодын зыфиIэжэн фае; тхьамыкIэм ар

акъыл хэлъэу ыгъэкIодын фае. Ахэмэ ямылъку яшъутыжьы зыхъукIэ, алъэныкъо щыщ шыхьатхэр щэрэтых. Алахьыр ары ныIэп шъыпкъэм тетэу къэзылъытэн зылъэкIыщтыр!
[4.7] Ны-тыхэм, Iахьыл благъэхэм кIэнэу къагъэнагъэм щыщ Iахьэ хъулъфыгъэхэм яунай, ны=тыхэм, Iахьыл благъэхэм кIэнэу къагъэнагъэм щыщ Iахьэ бзылъфыгъэхэми яунай. Бэми макIэми ахэмэ къакIэныгъэр, хабзэм тетэу, ахэмэ яIахьэу агъоты.
[4.8] КIэныр жъугощы зыхъукIэ Iахьылхэр, ибэхэр, тхьамыкIэхэр къырихьылIэхэмэ, ащ щыщ Iахьэ горэ яшъути, гущыIэ дахэхэр яшъуIох.
[4.9] Зыныбжь имыкъугъэ сабыйхэр къызкIэнхэрэр ахэмэ зэрафэгумэкIыщтхэм фэдэу ибэмэ афэмыгумэкIыщтхэр Алахьым щэрэщтэх, щыбгъэзыен умылъэкIыщт осыет къарэшI!
[4.10] Зэфагъэ хэмылъэу ибэмэ ямылъку зышхырэм ыныбэ кIоцI машIо редзэжьы, ахэр джэхьнэм машIом щыстыщтых!
[4.11] ШъуикIэлэцIыкIухэм афэгъэхьыгъэу Алахьым унашъо къышъуфешIы: пхъуитIум яIахьэ фэдиз къом ий. кIэлэцIыкIоу къэнагъэхэр бзылъфыгъэхэу, япчъагъэкIэ тIум къехъухэмэ, ащ къыкIэныгъэм ищэнитIуыр ахэмэ яй. Зы пхъу закъо щэхъу къэмынагъэмэ, ащ кIэным изыныкъо ий. ЛIагъэм сабый къыкIэныгъэмэ, ащ къыкIэныгъэм ызыханэ зырыз янэ-ятэхэм яй. ЛIагъэм сабый имыIэу кIэныр ны тыхэм аIокIэжьмэ, ным IукIэжьрэр кIэным ызыщан. ЛIагъэм шыхэр иIэхэмэ, осыетым итыр хэкIэу чIыфэр затыжьрэм, къанэрэм ызыханэ ным ий. Шъуянэ=шъуятэхэр арми е шъуишъаохэр арми шъушIэрэп нахьыбэу федэ къышъуфэзыхьырэр. Алахьым кIэн хабзэр ыгъэуцугъ. Алахьым ешIэ, Iуш!
[4.12] Шъуишъузхэм сабый ямыIэмэ, Ахэмэ къакIэныгъэм ызыныкъо шъошъуй. Ахэмэ сабый яIэмэ, осыетэу къашIыжьыгъэр ащ хэкIэу чIыфэр затыжькIэ, къанэрэм ызыплIанэ шъошъуй. Шъо сабый шъуимыIэмэ, къэжъугъэнагъэм ызыплIанэ шъуишъузабэхэм яй. Шъо сабый шъуиIэмэ, осыетэу къэшъушIыжьыгъэм итыр хэкIэу чIыфэри затыжьрэм, къэжъугъэнагъэм щыщэу къанэрэм ызыянэ шъузабэхэм яй. Хъулъфыгъэм е бзылъфыгъэм кIэныр занкIэу зыIукIэжьын имыIэу, ау хъулъфыгъэм е бзылъфыгъэм шы е шыпхъу иIэмэ, кIэным ызыханэ ахэмэ яй. Шыхэмрэ шыпхъухэмрэ нэбгыритIум къехъумэ, осыетым итымрэ чIыфэмрэ зыхэкIыхэкIэ, Алахьым иосыет тетэу, кIэныр зыIукIэжьхэрэм ащ язэрар емыкIмэ, кIэным щыщэу къанэрэм ызыщанэ зэкIэмэ зэфагощы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, шъабэ.
[4.13] Алахьым иунашъохэр джащ фэдэх. Алахьым, Ащ илIыкIуи афэIорышIэхэрэр джэнэтым рищэщтых, ахэр егъашIэм ащ щыпсэущтых. Ар насыпышху!
[4.14] Алахьым, Ащ илIыкIуи ямыдэIоу, Ащ ихабзэхэр зыукъохэрэр джэхьнэм машIом хищэщт, егъашIэм хэтыщт, зыгъэпыутырэ пщыныжьыр ащ фагъэхьазырыгъ.
[4.15] Шъуишъузхэм ащыщхэу къышъуфэмышъыпкъэхэу къычIэкIхэрэм апэшIуекIоу шъущыщэу нэбгыриплI шыхьатэу шъукъядж. КъышъуфэмышъыпкъэхэУ къычIэкIыхэрэм апэшуекIоу. Къызэрэшъуфэмышъыпкъэхэр ахэмэ къызаушыхьаткIэ, унэмэ арышъушIыхьэхи, яхьэдэгъу агъотыфэ ижъугъэсых е Алахьым ыпашъхэ зыщаухыижьыфэ шъуIыгъых.
[4.16] НэбгыритIуми зэфэмышъыпкъэныгъэ зэрахьэмэ, тIури шъобжгыкIэ жъугъэпщынэх. Ахэр кIэгъожьхэу нахьышIу хъужьхэмэ, афэжъугъэгъу, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[4.17] АмышIэу бзэджагъэ эышIэхэу ар дэдэм кIэгъожьхэрэр ары Алахьым Зыфигъэгъухэрэр Ащ фэдэхэр арых ныIэп Алахьым зыфигъэгъухэрэр, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, Iуш!

[4.18] Ау Алахьым афигъэгъурэп бзэджагъэ зезыхьэхэу, ахэмэ ащыщ горэм лIэныгъэр къызыфакIокIэ зыIорэм: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, джы сэ сыкIэгъожьы, нэмыкI дин итэу лIэрэм Алахьым фигъэгъурэп. Ахэмэ хьэзаб пщынэжьыр Тэ афэдгъэхьазырыгъ.
[4.19] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Зимылъку шъуIэ къихьэгъэхэ щымыIэжьхэм яшъузхэр лIыгъэкIэ шъузкIэ шъумыштэх. Нэрылъэгъу фэмышъыпкъэныгъэ къахэмыфагъэмэ, къашъущэхэ зэхъум ахэмэ яшъутыгъэ мылъкур аштэжьыныр афэшъумыдэу шъумышIы, шъуишъузхэм зэряфэшъуашэу шъуафыщыт. ахэр шъугу римыхьыхэмэ, шъугу римыхьырэ горэ ахэлъынкIи мэхъу. Алахьым ар шIогъабэмэ якъэкIуапIэ ышIыгъ.
[4.20] Шъо зы шъузыр нэмыкI шъузкIэ зэблэшъухъунэу шъуфаемэ, ахэмэ ащыщэу апэрэм дышъабэ ешъутыгъэми, ешъутыгъэм щыщэу зыпари къыIышъумыхыжь. Имыхьакъ ешъуIуалIэу, гунахь нафэ шъушIэзэ , къыIышъухыжьынэу шъуфежьэна?
[4.21] Шъо шъузэшъхьагъусэу гугъэпIэ пытэ шъузымэ яшъутыгъэмэ, сыдэущтэу мылъкум щыщ Iахьэ яшъумытын шъулъэкIына?
[4.22] Мы Iэятэр къэIуагъэ зыхъугъэм ымыпэмэ,шъуятэмэ яшъузыгъэ бзылъфыгъэхэр шъузыкIэ шъумыштэх. шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар емыкIу, щыкIыгъ, гъогуи мыхъущт!
[4.23] ШъузыкIэ шъуштэнхэу шъуфитэп шъуянэхэр, шъупхъухэр, шъушыпхъухэр, шъуятэшыпхъухэр, шъуянэшыпхъухэр, шъушы ыпхъухэр, шъушыпхъу ыпхъухэр, былд шъуезгъэшъогъэ ныхэр, былд къыжъудешъогъэ шыпхъухэр, шъуишъузмэ янэхэр, шъуишъузхэу шъо шъуздэпсэурэмэ апхъухэу шъупIугъэхэр (ахэмэ янэхэм шъо джыри шъуадэмыпсэумэ, шъуимылъфыпхъухэр къэшъощэхэкIэ гунахь хъущтэп), шъухэкIыгъэ кIалэхэм яшъузхэр къэшъущэнхэ шъуфитэп, мы Iэятэр къаIоным ыпэкIэ мыхъугъэмэ, зэшыпхъуитIу зэдэжъугъэшъузын шъуфитэп, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[4.24] Алахьым ыцIэкIэ шъузаозэ гъэры шъумышIыгъэхэмэ, лIы зиIэ бзылъфыгъэхэр шъузкIэ шъуштэн шъуфитэп, а зэпстэур шъо Алахьым унашъо къышъуфишIыгъ. ЗыцIэ къетIуагъэхэм афэшъхьафэу, хэтэкIоныгъэ зешъумыхьэу, шъуимылъку жъугъэфедэзэ, Iэдэбыгъэшхо зыхэлъ бзылъфыгъэхэр къэжъугъотынхэ шъуфит. Шъо ахэр пIалъэ иIэу къызышъущэхэкIэ, шъуагокIыжьын хъумэ, мылъку гъэнэфагъэм тефэу шъуят. Мылъкур зыжъугъэнафэрэм ыуж шъузэгурыIоу шъузэрэзэзэгъырэм пае гунахь къышъутефэщтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, Iуш!
[4.25] Тхьэр зышIошъ хъоу Iэдэбыныгъэшхо зыхэлъ бзылъфыгъэ къыщэным пае шъуащыщ горэм фикъун мылъку имыIэмэ, шъуигъэрхэм ащыщэу Тхьэр зышIошъ хъухэрэм ащыщ пшъашъэхэр къашъущэх. Алахьым шъощ нахьышIоу ешIэ диныр зэрэшъуIыгъыр. Шъо зэкIэми зы цIыф шъукъытекIыгъ. Ащ пае шъуипщылI бзылъфыгъэхэр, яIэхьылхэм яIизын хэлъэу къашъущэх, атефэрэ мылъкури ахэм яшъут. КъышъуфэIэдэб шъхьагъусэ ахэр къышъуфэрэхъух, щыкIыгъэхэуи шъуз шъэфхэуи щэрэмытых. Ахэр шъузкIэ шъуштагъэхэу зыхэукъохэкIэ пщынэжьэу ахьыщтыр Iэдэбыныгъэшхо зыхэлъ шъузхэм атефэрэ пщыныжьым ызыныкъо фэдиз. ЗэрэтхьамыкIэм пае пщылI бзылъфыгъэ къыщэнэу фит ышIырэр шъуз зэримыIэм пае хэукъонкIэ зытещтыхьэжьрэр ары. Ау щэIагъэ къызхэжъугъафэу пщылI бзылъфыгъэ къэшъумыщэмэ, шъоркIэ нахьышIугъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къышъуфегъэгъу, гукIэгъушI!
[4.26] Алахьым зытетыр къыжъугурегъаIо, нахьыпэрэ пегъэмбархэм яхабзэхэм шъуафеузэнкIы, къышъуфигъэгъу шIоигъу. Алахьым ешIэ, Iуш!
[4.27] Шъо къышъуфигъэгъунэу Алахьыр фай. ЗэхэшIэ лъэшхэм зэрахьэхэрэм гъогу занкIэм чыжьэу шъудагъэхын агу хэлъ.

[4.28] Хымэ чIыгу щыIакIэу щышъуиIэр къышъуфигъэпсынкIэным Алахьыр фай, цIыфыр махэуи къэхъугъ.
[4.29] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо шъузэзэгъэу сатыу зэрэзэдэшъушIырэм фэшъхьафэу зым адырэм имылъку мызэфагъэкIэ зыIэкIерэмылъхь. Шъор=шъорэу зышъумыукIыжь. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр шъоркIэ гукIэгъушI!
[4.30] ЫпшъэкIэ къызэрэIуагъэм фэдэу, пыигъэкIэ, мызэфагъэкIэ зекIорэр Тэ джэхьнэм машIом хэтыдзэщт. Ар ышIэныр АлахьымкIэ псынкIэ.
[4.31] Шъо къышъуфамыдэрэ гунахьышхохэм защышъудзыемэ, гунахь цIыкIоу шъушIэхэрэр Тэ къышъуфэдгъэгъущтых, шъхьэкIафэ шъотхызэ, джэнэтым шъутщэщт.
[4.32] Зым адырэхэм апашъхьэ фэхъугъэ иIэу зэришIыгъэм шъукIэмынэцI. Хъулъфыгъэмэ къаритыгъэр ашIагъэм щыщ Iахь, бзылъфыгъэмэ къаритыгъэр агъотыгъэм щыщ Iахь. Алахьым шъуелъэIу Ежь шIоу иIэм щыщ Iахьэ къышъуитынэу, сыда пIомэ Алахьым зэкIэ щыIэр ешIэ!
[4.33] ЦIыфы пэпчъ мылъкоу къыкIэныгъэр зезыхьэщтхэр Тэ дгъэнэфагъэх, ахэр ны=тыхэр, Iахьыл благъэхэр ыкIи шъо тхьарыIо зыдэшъушIыгъэхэр арых, Ахэмэ яIахь яшъутызэ шъушIы, сыда пIомэ Алахьым нэрылъэгъоу зэкIэ щыIэр елъэгъу!
[4.34] Зы цIыфхэм адрэ цIыфхэм апашъхьэ Алахьым фэхъугъэ зэраритыгъэм къыхэкIэу, шъузхэр аIыгъынхэм пае лIымэ ямылъку щыщ зэрагъэкIодырэм къыхэкIэу лIыхэр шъузмэ ашъхьагъ ригъэуцуагъэх. ЦIыфыгъэ зиIэ бзылъфыгъэхэр ялIымэ афэшъыпкъэх, Алахьым къэуухъумэнэу зыфиIогъэ шъэфхэри къаухъумэх. Шъузхэу шъуицыхьэ зытемылъхэм апэрэмкIэ шъуяушъый, етIанэ гъолъыпIэхэм ащышъубгынэх, нэужым уIагъэ атешъумылъхьэу шъуяу. Ахэр къышъуфэIорышIэхэмэ, агу хэшъумыгъэкI. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр лъапIэ, лъагэ!
[4.35] ЗэлI=зэшъузхэр зэгокIыжьынхэм шъутещтыхьэмэ, лIым иунагъо ылъэныкъокIи, шъузым иунагъо ылъэныкъокIи лIыкIо зафэ жъугъэнафэ. НэбгыритIури зэшIужьынхэу фаехэмэ, Алахьым зэригъэшIужьыщтых. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, ыIэ илъ!
[4.36] Алахьым шъхьащэ фэшъушI, Тхьэ шъуIоу зыпари гошъумыгъэуцу. Шъуянэ=шъуятэхэм, шъуиIахьылхэм, ибэхэм, тхьамыкIэхэм, гъунэгъухэм, шъуиIахьылхэм афэдэу шъуимыIахьылэу щытхэм, шъуишъхьагъусэхэм, гъогу тетхэм, шъуIэ илъ пщылIыхэм шIу афашъушI. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым шIу ылъэгъухэрэп шъхьащытхъужь пагэхэу
[4.37] Хьэрамхэр, хьарам хъунхэу цIыфмэ унашъо афэзышIыхэрэр. Ежь шIоу иIэм щыщ Iахьэу Алахьым къаритыгъэр зыгъэбылъхэрэр. НэмыкI дин итхэм зыгъэпыутхэрэ пщыныжь Тэ афэдгъэхьазырыгъ.
[4.38] ШъорышIыгъэкIэ зимылъку зыгъэкIодхэрэр, ахърэт мафэми Алахьыр зышIошъ мыхъухэрэр, шэйтанхэр зиныбджэгъухэр Алахьым шIу ылъэгъурэп. Шэйтаныр ныбджэгъу дэй!
[4.39] Ахърэт мафэми сыда ахэмэ Алахьыр ашIошъ шъыпкъэ зыкIэмыхъущтыр, Алахьым къаритыгъэ Iахьым щыщ зыкIамыгъэкIодыщтыр? Алахьым ахэр дэгъоу ешIэх.
[4.40] Алахьым зыми сэпацэ фэдизкIэ лые рихыщтэп. Ау зыгорэм шIугъэ горэ ышIэмэ, ащ пае фэдитIукIэ, шIушIэ инкIэ къетэжьыщт!
[4.41] Диным пылъ куп пэпчъ ыцIэкIэ шыхьат папкIэу лIыкIор Тэ къызыдгъэуцукIэ, уикуп щыщэу къыомыдэIугъэмэ уапэшIуекIоу шыхьат папкIэу ори укъызыдгъэуцукIэ, ахърэт мафэм сыдэущтэу хъущта?

[4.42] А мафэм лIыкIом шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзымышIыгъэхэу емыдэIугъэхэр чIыгум ыдырынхэм фэещтых. Ау аущтэу хъугъэми, ашIагъэмкIэ ахэр Алахьым ыгъэпщынэщтых.
[4.43] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъуешъуагъэу нэмазым шъутемыхь, къашъуIорэм къикIырэр къыжъугурыIо шъохъужьыфэ шъуеж. Гъогу шъутемытмэ, бзылъфыгъэм шъузгохьагъэм ыуж зышъумыгъэпскIыжьэу нэмаз шъумышIы. Шъусымаджэу е гъогу шъутетмэ, е шъуащыщ горэ щагуикIыпIэм къикIыжьыгъэмэ, е бзылъфыгъэм гохьагъэмэ, псы зышъумыгъоткIэ, етIэ къабзэкIэ зышъулъэкIыжь, шъунэгуи шъуIэхэри шъулъэкIы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу!
[4.44] Тхыгъэм щыщ зэратыгъэхэм о уягупшысагъэба? Гъощэныгъэр ахэмэ ащкIэ къащэфыгъ, шъори шъыпкъэ зытелъ гъогум шъутыращы ашIоигъу.
[4.45] Шъощ нахь дэгъоу шъуипыйхэр Алахьым ешIэ: Алахь закъор ары къышъукъотыр, Алахь закъор шъоркIэ къоты икъущт!
[4.46] ГущыIэхэр чIыпIэу зэрытхэр зэблахъумэ, тэрэзыджэ ашIыхэу, аIупэкIэ зэщагъакъозэ, диным Iаехэр тырагъэхъыкIызэ мыщ фэдэхэр зыIохэрэр джуртмэ ахэтых: "Тэ зэхэтхыгъэ, ау тыкъыпфэIорышIэщтэп", е: "Зэхэмыхыгъэ къедэIу", е: "УнэшIу къытщыгъаф". Ау ахэмэ аIуагъэмэ : "Тэ зэхэтхыгъэ, тыпфэIорышIэ", "къытэдэIу" ыкIи "тэ къытэплъ", ар ежьхэмкIэ нахьышIу хъуныгъи, ягъогуи нахь зэнкIэни. Ау ахэмэ шIошъхъуныгъэу ямыIэм пае Алахьым бгыбзэ арихыгъ, нэбгырэ заулэ фэшъхьафрэ, ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыщтэп.
[4.47] О нахьыпэкIэ тхыгъэр зэратыгъагъэхэр! Тэ шъуигухэлъхэр тэмыгъэкIодыфэ, ахэмэ гъунэ афэтымышIыфэ, е шэмбэтыр зыукъогъагъэхэм бгыбзэ зэрятхыгъэм фэдэу шъори бгыбзэ къышъотэмыхыфэ, шъуиIэр къыгъэшъыпкъэжьэу джы къышъуфедгъэхыгъэр шъушIошъ шъыпкъэ жъугъэхъу. Алахьым ыIорэр мэхъу!
[4.48] Алахьым нэмыкIытхьэхэр зыгуагъэуцохэкIэ къыпфигъэгъурэп, ащ фэшъхьафэу нэмыкI гунахьхэр зыфаем фегъэгъу. Алахьым готэу, нэмыкIытхьэхэр зылъытэрэм псэкIодышхо ышIагъ.
[4.49] О плъэгъугъэба ежь=ежьырэу зызгъэкъэбзэжьхэрэр? Алахьым зыфаер егъэкъабзэ, ахэмэ сыд фэдизкIи агу хигъэкIыщтэп!
[4.50] Еплъ ахэмэ Алахьым пцIэу тыралъхьэрэм! Ащ нахь гунахьышхо хъужьрэп!
[4.51] Тхыгъэм щыщ Iахь зэритыгъэхэм о уягупшысагъэба? ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ Джибтрэ Тагутэрэ фыряI ыкIи гъогу шъыпкъэм тетхэм ялъытыгъэмэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэр нахь гъогу зафэм тетхэу аIо.
[4.52] Ахэр Алахьым бгыбзэ зэрихыгъэхэр ары. Алахьым бгыбзэ зэрихыгъэм хэти IэпыIэгъу фэхъущтэп!
[4.53] Алахьым ахэмэ хабзэр дагощымэ шIэ? Аущтэу щытыгъэмэ, хъурмэм ыкIэ иIэ лэдэх цIыкIум фэдизи ахэмэ цIыфхэм аратыныеп.
[4.54] Е Алахьым ежь иIэм щыщ арабхэм зэраритыгъэм пае джуртхэр яшъугъуха? Тэ нахьыпэ Ибрахьимэ тхыгъэмрэ Iушыгъэмрэ, джащ фэдэу тетыгъошхори еттыгъэх.
[4.55] Ибрахьимэ къытекIыгъэмэ ахэтыгъэх Мыхьамэт зылъытагъэхэри щызгъэзыягъэхэри. Джыхьнэм машIом нахь лъэш щыIэп!
[4.56] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зышIошъ щъыпкъэ мыхъугъэхэр машIом хэдгъэстыхьащтых. Зэпымыоу хьазаб ащэчыным пае ахэмэ акIышъохэр тестыкIыхэ къэс нэмыкI кIышъо афэтшIыжьызэ тшIыщт. Алахьыр ины, Iуш!

[4.57] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу шIу зышIэщтыгъэхэр егъашIэм джэнэтым исынхэу Тэ итщэщтых. Ахэр джэнэтым щызэшъхьагъусэ къэбзэщтых. ЕгъашIэм тхъэжьхэу щыIэнхэу ахэр жьау чъыIэтагъэм чIэтщэщтых.
[4.58] Къышъуатыгъэгъэ мылъкур зием ешъутыжьынэу Алахьым унашъо къышъуфешIы, зэдаохэрэм зэфагъэм тетэу яIоф шъуIонэуи унашъо къышъуфешIы. шъо Алахьыр къызэрэшъоушъыирэр зэрэдэгъу дэдэр! Алахьым зэхехы, къелъэгъу!
[4.59] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым шъуфэIорышI, лIыкIоми, хабзэр зыIэ илъэу шъущыщхэм шъуафэIорышI. ЗыгорэкIэ шъузэдаомэ, ахърэт мафэми, Алахьыр шъушIошъ хъоу щытмэ, ащ изэшIохын Алахьымрэ лIыкIомрэ афэжъугъаз. КIэухэу фэхъущтымкIэ ар нахьышIу ыкIи дэгъу дэд.
[4.60] О къыфедгъэхыгъэри, уапэкIэ къафедгъэхыгъэри ашIошъ шъыпкъэ хъугъэ зыIоу къыкIэдэухэрэр Тагутэ Iофыр рагъаIо зэрашIоигъом ущыгъуазэба? Ахэмэ унашъо афашIыгъагъ ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фамышIынэу ау шэйтаным ахэр лъэшэу ыгъэгъуащэхэ шIоигъу.
[4.61] НэпитIу зиIэхэм зараIокIэ: "Шъуизэдао зэхафынэу Алахьым кьышъуфыригъэхыгъэ КъурIанымрэ лIыкIомрэ зафэжъугъаз", ахэмэ псынкIэ дэдэу акIыб къызэрагъазэрэр о плъэгъущт.
[4.62] Ежьхэм аIэшъхьитIукIэ ашIагъэм пае тхьамыкIагъо къызяхъулIэкIэ, сыдэущтэу ахэр зекIохэра? Ащ ыуж ахэр уадэжь къэкIох, Алахьым ыцIэкIэ Тхьэ аIо: "Тэ шIурэ зэзэгъыныгъэрэ ныIэп тызыфэягъэр".
[4.63] Ахэмэ агу илъыр Алахьым ешIэ. Ахэмэ защыдзый, яушъый ыкIи ахэмэ афэгъэхьыгъэу шIошъхъуныгъэ зыхэлъ гущыIэхэр яIу.
[4.64] ЛIыкIо пэпчъ Тэ зыкIафэдгъэкIогъагъэр Алахьым иIизын хэлъэу ахэмэ афэIорышIэнхэр ары. Ахэр ежьхэм ашъхьэ пае мызафэу зэрэзекIуагъэхэр Алахьым къафигъэгъунэу уадэжь къакIохэу къыолъэIугъэхэмэ , ащ игъусэу ахэмэ апае афигъэгъунэу лIыкIори къэлъэIогъагъэмэ, Алахьым къызэрэпфигъэгъурэр, зэрэгукIэгъушIэр ахэмэ ашIошъ хъущтыгъэ.
[4.65] Ау уи ТхьэкIэ Iогъэ пытэ сэшIы! Ежьхэр зэкIэ зыфызэнэкъокъухэрэмкIэ о къадэу уамыгъэнафэу ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыщтэп. О ипхъухьагъэр щагъэзыенымкIэ джащыгъум ахэмэ зыпари ушъхьагъу яIэжьыщтэп, о ипхъухьэрэм зэкIэмкIи ахэмэ къыдырагъэштэщт.
[4.66] Ахэмэ Тэ унашъо афэтшIыгъагъэмэ: "Шъор=шъорэу зышъуукIыжь е шъуипсэупIэхэр къэшъубгынэх", джащыгъум къытэдэIущтыгъэр ахэмэ ащыщэу нэбгырэ заул ныIэп. Ау ахэмэ араIорэр ашIэгъагъэмэ, ежьхэмкIэ нахьышIу хъуныгъи , диныри нахь ашIошъ хъуныгъи.
[4.67] Джащыгъум Тэ ахэмэ тын лъапIэ афэтшIыныгъи.
[4.68] Щэч хэмылъэу гъогу занкIэми ахэр рытщэныхи.
[4.69] Алахьымрэ лIыкIомрэ афэIорышIэхэрэр Алахьым ынэшIу зыщыфагъэхэм ащыщ хъущтых: Пегъэмбархэм, шъыпкъагъэ зыголъхэм, диным пае заом щыфэхыгъэхэм, диным фэшъыпкъэхэу лIагъэхэм. Ахэр ныбджэгъу шIагъох!
[4.70] А пстэур Алахьым дэжь къикIырэ шIушIагъ. Алахьыр ары ныIэп зэкIэмэ афэгъэхьыгъэр зышIэрэр.
[4.71] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Заохэм сакъыныгъэ ащызешъухь, куп зэпэзырызэу е зэкIэми шъузэгъусэу заом шъуIухь.

[4.72] Заом кIоным дэмыгузажъорэ къышъухэкIыщт. Шъо насыпынчъагъэ къызышъохъулIэкIэ, ащ еIо: "Сэ ахэмэ сызэрямыгъусагъэмкIэ Алахьым ишIушIэ сыкъиухъумагъ".
[4.73] Шъо Алахьым ишIушIэ шъукъиухъумэмэ, шъорырэ арырэ азфагу ныбджэгъугъэ дэмылъыгъэм фэдэу, ащ щэч хэмылъэу ыIощт: "Гъэхъэгъэ иныр сифэшъошэнэу сышъуигъусагъэмэ!"
[4.74] Мы дунаим зэрэтетхэм ыуасэкIэ ахърэт щыIакIэр къэзыщэфыхэрэр Алахьым ыцIэкIэ орэзаох. Алахьым ыцIэкIэ заозэ заукIрэм е текIорэм Тэ тын лъапIэ фэтэгъэшъуашэ.
[4.75] Алахьым ыцIэкIэ хъулъфыгъэ кIочIаджэхэу, бзылъфыгъэхэу, кIэлэцIыкIухэу моущтэу зыIохэрэм яхьатыркIэ сыда шъукIэмызэощтыр: "Ярэби я Алахь! Егъэзыгъэ зышIыхэрэр зыдэс къуаджэм тыдэщ. О уадэжь къэкIэу тыкъэзыухъумэщтри къыддеIэщтри къытфэгъэнаф".
[4.76] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр Алахьым ыцIэкIэ мэзаох, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр Тагутэ ыцIэкIэ мэзаох. Шэйтаным игъусэхэм шъуязау, джынапцIэм ибзэджагъэ гухэлъ шъэфхэр хъыбэих.
[4.77] О плъэгъугъэхэба моущтэу зэраIуагъэхэр: "ШъуIэхэр шъуIажэх, нэмаз шъушIы, шъуимылъку зэчатэ хэжъугъэкI!" Ау щытми, Алахьым иIоф фэзэонхэу ахэмэ зэраIом, ащыщхэр, Алахьым нэмыкIхэр зэрэщыщынэхэрэм фэдэу, ащ нахь лъэшыжьэуи пыимэ ащыщтагъэх. Ахэмэ аIуагъ: "Ярэби я Алахь! Тэ тызэонэу О сыда унашъо къызкIытфэпшIыгъэр? Охътэ минкIэ ар тфызэкIэпхьагъэмэ!" Ахэмэ яIу: "Мы дунаим шIуагъэу телъыр бэгъашIэп. Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэмкIэ ахърэт щыIакIэр нахьышIу. Анахь мэкIэ дэдэм фэдизкIи шъо мызэфагъэ къышъуахыщтэп".
[4.78] Тыдэ шъущыIэми, анахь пытэпIэ лъагэм шъуисыми, хьадэгъур къышъукIэхьащт. Дэгъу дэдэ горэ джуртмэ янасып къызихыкIэ, ахэмэ аIо: "Ар Алахьым къытитыгъ". ТхьамыкIагъо къызяхъулIэкIэ. аIо: "Ар О пкъы къикIыгъ". ЯIу ахэмэ: "А пстэури Алахьым къышъуфихьыгъ". Ахэмэ а раIори агурыIоным яIоф темытэу сыда а цIыфхэм къащышIыгъэр?
[4.79] Дэгъу дэдэу о къыбдэхъугъэр Алахьым къыпфишIагъ, пцIэпIагъэу къыохъулIагъэр о къызфэпхьыжьыгъ. ЦIыфмэ Тэ лIыкIоу уакъыфедгъэхыжьыгъ. Алахьыр ары ныIэп зэкIэ щыIэр зылъэгъурэр.
[4.80] ЛIыкIом фэIорышIэрэр Алахьым фэIорышIэ. Зыгорэ къыпфэIорышIэнэу фэмыемэ, Тэ ахэмэ уалъыплъэнэу уакъыфедгъэхыгъэп.
[4.81] НэпитIу зиIэмэ аIо: "Тэ тыпфэIорышIэ". Ау ахэр уапашъхьэ зэрекIыжьхэу, ащыщхэм унашъо афэмышIыгъахэхэр чэщырэ рахъухьэх. Ау ахэмэ чэщым рахъухьэхэрэр Алахьым афетхых. Ахэмэ уакIыб афэгъаз, Алахьым цыхьэ фэшI, Алахь закъор ары укъэзыухъумэщтыр!
[4.82] КъурIаным мэхьанэу иIэм ахэр емыгупшысэхэуи? КъурIаныр Алахьым дэжь къимыкIыщтыгъэмэ, зэтемыфэу бэ дэдэ ахэмэ къыхагъотыни.
[4.83] Мамырым е заом афэгъэхьыгъэ къэбар къазылъыIэскIэ, ахэмэ ар аIуатэ. Ар лIыкIом е ежьхэм ащыщэу хабзэр зыIэ илъымэ араIуагъэмэ, ахэмэ ащыщэу къэбарыр зыугъоирэмэ ашIэни. Шъо Алахьым шIоу къышъуфишIэрэмрэ игукIэгъурэ мыхъугъэмэ, нэбгырэ заулэ фэшъхьафрэ, шэйтаным ыуж шъуихьани.
[4.84] Алахьым ыцIэкIэ зао! Къиныр о зым зытелъхьэжь. (Алахьым ыцIэкIэ зэонхэм) Тхьэр зышIошъ хъухэрэр къыфэIэтых. Тхьэр зышIошъ мыхъухэрэм акIуачIэ Алахьым

зэкIидзэнкIи мэхъу. Алахьыр ыкIуачIэкIэ зэкIэмэ анахь пыт, зэкIидзэнхэмкIи зэкIэмэ анахь лъэш!
[4.85] Хэтми нэмыкIым шIукIэ гоуцорэм ахърэт мафэм гъусэ ыгъотыжьыщт. Хэтми нэмыкIым бзэджагъэкIэ гоуцорэм ахърэт мафэм ипщынэжь ыгъотыщт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[4.86] Шъо шIуфэс къышъуахымэ, шъори нахь шIуфэс дахэ е къышъуахыгъэм фэдэ яшъухыжь. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[4.87] Алахьым фэшъхьаф Тхьэ щыIэп! Щэч хэмылъэу къэкIощт къаймэт мафэм Ащ шъукъиугъоижьыщт. Алахьым игущыIэ нахьи хэт игущыIа нахь зафэр?
[4.88] НэпитIу зиIэхэм афэгъэхьыгъэу сыда купитIоу зызкIэжъугощыгъэр, ашIагъэм пае ахэр Алахьым дэдзых ышIыгъэхэуи? Хьауми Алахьым хигъэукъуагъэхэр гъогу занкIэ тежъугъэуцожьхэ шъушIоигъуа? Алахьым дигъэхыгъэм гъогу занкIэ иIэщтэп!
[4.89] Ежьхэм афэдэ шъухъуным пае нэмыкI дин итхэр шъори нэмыкI дин шъуихьаным фэенхи, Алахьым ыцIэкIэ ахэр Мекэм къикIыхэу Мединэ ехьафэхэ, ащыщ ныбджэгъу шъумышIы. Шъо шъузэряджэрэр ахэмэ щагъэзыемэ, тыдэ шъуащыIукIагъэми, шъуубытхи шъуукIых, ныбджэгъуи IэпыIэгъуи шъумышIых.
[4.90] ЦIыф лъэпкъэу шъо зэзэгъыныгъэ зыдышъуиIэм ЗыгорэкIэ япхыгъэмэ е зыгу цIыкIухэу шъори къызхэкIыгъэ цIыф лъэпкъыми язэон гухэлъ зимыIэхэм ащыщхэм афэшъхьафхэр ныбджэгъуи IэпэIэгъуи шъумышIы, Алахьым шIоигъуагъэмэ, ахэр шъощ нахь лъэш ышIыныхи, шIокIыпIэ имыIэу къышъозэожьынхи. Шъо ахэр жъугокIыхэу, къышъомызаохэу мамырныгъэ къыжъудашIымэ, шъуязэонэу Алахьым фит шъуишIрэп.
[4.91] Шъори къышъуфэшъыпкъэ, яцIыф лъэпкъи фэшъыпкъэхэ зышIоигъо нэпитIуми шъуаIукIэщт. Быслъымэнмэ апэшIуекIорэ заом хащэхэ къэс, ахэр замышIэжьэу мэзао. Ахэр шъуауж имыкIыхэу, мамыр къыжъудамышIэу, аIэхэр замыгъэуцухэкIэ, тыдэ шъуащыIукIагъэми, шъуубытыхи шъуукIых. Ахэмэ шъуязэонэу фитныгъэ икъу къышъотэты!
[4.92] ХэукъоныгъэкIэ мыхъумэ, Тхьэр зышIошъ хъурэм Тхьэр зышIошъ хъурэр ыукIы хъущтэп. Ау зыгорэм хэукъоныгъэкIэ Тхьэр зышIошъ хъурэр зиукIыкIэ, Тхьэр зышIошъ хъурэ пщылIыр ащ шъхьафит ышIыжьын фае, ежьхэм ар сэдакъэ фэдэу агощынэу унашъо къамышIымэ, кIэныр зытефэхэрэм лъы уаси аритын фае. АукIыгъэр шъуипый лъэпкъым щыщэу Тхьэри ышIошъ мыхъумэ, укIакIом пщылI шъхьафитыр ытIупщыжьын фае. Шъо зэзэгъыныгъэ зыдышъуиIэ лъэпкъым аукIыгъэр щыщмэ, ащ икIэн зыIукIэжьрэм лъы уасэр ептынышъ, Тхьэр зышIошъ хъурэ пщылIыри шъхьафит пшIыжьын фае. УкIакIом Тхьэр зышIошъ хъурэ пщылI имыIэмэ, Алахьым ыпашъхьэ зэрэкIэгъожьыгъэр къыщигъэлъагъоу, зэпымыоу мэзитIо ынэкIын фае. Алахьым ешIэ, Iуш!
[4.93] Тхьэр зышIошъ хъурэр ышIэзэ зыукIырэм егъашIэм зэрысыщт джэхьнэмыр ифэшъуаш. Алахьым игубж ащ фишIыщт, бгыбзэ рихыщт, пщынэжь фигъэхьазырыщт!
[4.94] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым ыцIэкIэ заом шъузежьэкIэ, ныбджэгъухэмрэ пыихэмрэ зэхэшъуфых, шъузхэт щыIакIэм хэшъухыщт шIогъэ нэпIэхъым пае "О Тхьэр пшIошъ хъурэп" яшъумыIу мамыр къышъупэзгъохырэм, шъо Алахьым ащ нахь мылъкушхо ежъугъотылIэщт. Шъори ащ ыпэкIэ ащ фэдэ чIыпIэ шъуитыгъ, ау Алахьым ынэшIу къышъущифагъ. А зэпстэур къызгурыжъугъаIу, сыда пIомэ Алахьым ешIэ шъо шъушIэрэр.
[4.95] Тхьэр зышIошъ хъурэмэ ащыщхэу къин зэрамыгъэлъэгъоу яунэмэ арысхэр Алахьым ыцIэкIэ ямылъкукIи апсэкIи заохэрэм афэдэхэп. Яунэмэ арысхэм анахьи зимылъкуи зыпси зытыхэрэм Алахьым фэхъугъэ афишIыгъ. ЗэкIэ Тхьэр зышIошъ хъухэрэм шIогъэ инхэр

афишIынхэу Алахьым ыгъэгугъагъэх нахь мышIэми, Ежь фэгъэгъухэр къафишIынымкIэ, къафигъэгъунымкIэ, шIу къафишIэнымкIэ
[4.96] Унэмэ арысхэм анахь егугъухэрэр тын инкIэ къахигъэщыгъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[4.97] Зафэу зыфыщымытыжьыгъэхэм апсэ мэлаIичмэ зыхахыкIэ, ахэмэ араIощт: "ШъхьакIом шъухэтэу джаурмэ сыдэущтэу шъуадэпсэугъа?" Ахэмэ джэуап къатыжьыщт: "Мы чIыгум амалынчъэу тытетыгъ. МэлаIичхэр яупчIыщтых: "Алахьым ичIыгу хъоо=пщаоу щытыгъэба? Шъо нэмыкI чIыпIэ шъукощыжьын шъулъэкIыни". Аужыпкъэрэ уцупIэу ахэмэ афэхъущтыр джыхьнэмыр ары, ар уцупIэ дэй.
[4.98] ТхьагъэпцIыгъэ зымышIэхэу гъогу занкIэр къэзымыгъотырэ хъулъфыгъэ, бзылъфыгъэ амалынчъэхэм, кIэлэцIыкIухэм афэшъхьафхэмкIэ,
[4.99] Ахэмэ Алахьым къафигъэгъункIи мэхъу, сыда пIомэ, Алахьым къыпфегъэкIуатэ, къыпфегъэгъу!
[4.100] Алахьым ыцIэкIэ бэнэным пае иунэ къэзыбгынэрэм зыфаем фэдиз псэупIи гъэбэжъуи чIыгум тыригъотэщт. Алахьым е Ащ илIыкIо зафигъэзагъэу зыгорэм иунэ къыбгынагъэу, гъогум тетэу хьадэгъур къызекIукIэ, тынэу тефэрэр Алахьым дэжь щыI. Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[4.101] Шъо чIыгум шъущызекIо зыхъукIэ, нэмыкI дин итхэр къышъутеонхэм ящынагъо щыIэмэ, нэмаз шIыныр шъогъэкIэкIыкIэ, гунахь хъущтэп. НэмыкI дин итхэр шъоркIэ пый нафэх!
[4.102] О (Мыхьамэт) Тхьэр зышIошъ хъурэмэ уахэтэу ахэмэ апае нэмаз пшIы зыхъукIэ, зы купыр Iашэр аIыгъэу о къыбгорэт. Апэрэ купым нэмаз шIыныр зиухкIэ шъукъаухъумэнэу ахэр шъуакIыб къыдэрэуцох, адырэ купэу джыри нэмаз зымышIырэр хьазырэу, Iашэр ыIыгъэу къэрэкIу. ОшIэ=дэмышIэу къышъутемонхэм пае шъуиIэшэ=шъуашэхэр шъущыгъупшэнхэм джаурхэр фэенхи, Ощхым шъуигъэшъугъэу е шъусымаджэмэ, Iашэр зыгошъухыныр шъоркIэ гонахь хъурэп. Ау шъусакъ. Джаурхэр зыгъэпыутхэрэ пщыныжь Алахьым афигъэхьазырыгъ!
[4.103] Нэмаз шIыныр зышъуухыкIэ, шъущытми, шъущысми, шъущылъми Алахьыр шъугу къэжъугъэкI. Шъо чIыпIэ щынэгъончъэ шъузифэкIэ, нэмазыр икъоу шъушIы, Тхьэр зышIошъ хъухэрэм нэмазыр охътэ гъэнэфагъэхэм ашIынэу унашъо яI.
[4.104] Пыидзэм шъуIукIэным ыпэкIэ, щынэр зэхэшъумышI. Шъо къин шъолъэгъумэ, къинэу шъулъэгъурэм фэдэу ахэми къин алъэгъу. А уахътэм Алахьым къышъуфишIэнэу шъузыщыгугъырэм фэдэ ахэр щыгугъыхэрэп. Алахьым ешIэ, Iуш!
[4.105] Алахьым зэрэуигъэшIагъэм тетэу цIыфмэ азфагу даоу къитаджэрэр рызэхэпфынэу Тэ шъыпкъэ зыхэлъ КъурIаныр къыпфедгъэхыгъ. Арышъ, къумалхэм алъэныкъо зымышI.
[4.106] Алахьым къыпфигъэгъунэу елъэIу, сыда пIомэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[4.107] Ежь=ежьырэу къумалыгъэ зэзыхыжьхэрэм очыл уафэмыхъу, сыда пIомэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, къумалхэмрэ гунахьышIэхэмрэ Алахьым шIу ылъэгъухэрэп!
[4.108] Ахэмэ гунахьэу ашIэрэр цIыфмэ ашIуагъэбылъын алъэкIыщт, ау Алахьым шIуагъэбылъын алъэкIыщтэп, чэщрэ ахэмэ ашIэрэр Алахьым ешIэ!
[4.109] Шъыпкъэ, шъо (Тхьэр зышIошъ хъухэрэр) ахэмэ очыл шъуафэхъун шъулъэкIыщт. Ау къаймэт мафэм Алахьым ыпашъхьэ хэта ахэмэ очыл афэхъущтыр? Е хэта ахэр къэзыухъумэщтхэр?

[4.110] Зыгорэм бзэджагъэ ышIагъэу е ежь ыгу хигъэкIыжьыгъэу, етIанэ Алахьым къыфигъэгъунэу зелъэIукIэ, Алахьым къызэрэпфигъэгъурэр, гукIэгъу зэрэхэлъыр къэпшIэщт.
[4.111] Гунахь зышIэрэр, шъыпкэ дэдэмкIэ, ежь=ежьырэу зэгоожьы. Алахьым ешIэ, Iуш!
[4.112] Мыхъунэу зекIуагъэм е гунахь зышIагъэм лажьэ зимыIэм тырилъхьагъэмэ, ежь=ежьырэу бзэгу зехьыжьы, нафэу гунахьэ егъахъэ.
[4.113] О Алахьым ынэшIу къыпщимыфагъэмэ, Iо хэмылъэу, ахэмэ ащыщхэм гъогу зафэм утыращыным пылъынхи. Ау ахэмэ ежь=ежьырэу зыхагъэукъожьыщт нахь, о зыпарэкIи яягъэ къыокIыщтэп, сыда пIомэ, о Алахьым тхыгъэмрэ Iушыгъэмрэ къыфыригъэхыгъ, умышIэщтыгъэр уигъэшIагъэ. О Алахьым шIоу къыфишIэрэр иныl!
[4.114] Шъэф зэдэгущыIэхэу ашIыхэрэм сэдакъэ атынэу, IофышIухэр ашIэнхэу е цIыфхэр зэрагъэшIунхэу ащамыIомэ, федэ къафихьыщтэп. Алахьым ынэшIу къащифэным щыгугъэу аущтэу зышIэрэм Тэ тын лъапIэ фэдгъэшъошэщт.
[4.115] Гъогу занкIэр зыгурыIуагъэм ыуж лIыкIом пэшIуекIоу, Тхьэр зышIошъ хъугъэхэм ягъогу темытыр ежь зыдигъэзэгъэ лъэныкъом Тэ дгъэкIощт, джэхьнэм машIоми хэдгъэстыхьащт. Ар шъхьэегъэзыпIэ дэй.
[4.116] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ежь фэшъхьаф нэмыкIы тхьэхэр ашIошъ зыхъукIэ, Алахьым афигъэгъурэп, ау ащ фэшъхьафкIэ зэкIэ нэмыкI гунахьхэр ежь зыфаем фегъэгъу. Алахьым фэшъхьафэу нэмыкI тхьэхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышIыгъэхэр лъэшэу гъощагъэх.
[4.117] (Тхьабэ зышIошъ хъухэрэм) Алахьым ычIыпIэ шъхьащэ зыфашIрэр псэ зыхэмылъ хьакъмэкъхэмрэ шэйтан мыдаIохэмрэ ары ныIэп.
[4.118] Алахьым бгыбзэ рихыгъ шэйтаным. Ащ ыIуагъ: "О уиIумэтхэм ащыщхэу сызыфаем фэдиз, щэч хэмылъэу, хэзгъэукъощт.
[4.119] Щэч хэмылъэу ахэр гъогу зафэм тесщыщтых, щэч хэмылъэу гугъэпIэ нэкIыхэр язгъэшIыщтых, щэч хэмылъэу хьайуанмэ атхьакIумэ пакIэхэр апязгъэупкIыщтых, Алахьым къаритыгъэ диныр зэщязгъэгъэкъощт!" Алахьым фэшъхьафэу шэйтаныр гъусэ зышIырэм, нафэу чIэнагъэ ышIыщт!
[4.120] Ащ хигъэукъуагъэхэм гугъэпIэ нэпцIхэр афешIых. Ау шэйтаным зэригъэгугъэхэрэр хэукъоныгъэх ныIэп!
[4.121] Ахэмэ шъхьэегъэзыпIэу джэхьнэмыр агъотыщт: Ахэр ащ къикIыжьынхэ алъэкIыщтэп!
[4.122] Тхьэр зышIошъ хъугъэхэу шIу зышIэщтыгъэхэр Тэ, Iо хэмылъэу, джэнэтым итщэщтых. Алахьым гугъэ шъыпкъэу къытыгъэм тефэу, ахэр ащ егъашIи исыщтых. ИгущыIэ нахь фэшъыпкъэу Алахьым нэмыкIэу хэта щыIэр?
[4.123] (А зэпстэур зыкIэхъущтыр) шъузэрэхъуапсэрэм е тхыгъэр зиIэрылъхьэхэр зэрэхъуапсэхэрэм паеп. Бзэджагъэ зышIэрэм ышIагъэр IукIэжьыщт, Алахьым фэшъхьаф ар зыми къыухъумэщтэп, деIэщтэп.
[4.124] Хэтми шIу зышIэрэр, орэхъулъфыгъ е орэбзылъфыгъ фаеми, етIани Тхьэр ышIошъ мэхъумэ, джэнэтым ихьащтых, хъурмэм ыкIэ иIэ лэдэх цIыкIум фэдизкIэ мызэфагъэ адызэрахьащтэп.
[4.125] ШIу ышIэзэ Алахьым зынэгу фэгъэзагъэу, Ибрахьимэ идин ыгукIэ зыштагъэм идинкIэ нахьышIоу хэтми зыгорэ щыIэна? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым Ибрахьимэ шIулъэгъуныгъэ фишIыгъ!
[4.126] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым ыIэ илъ; Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп.

[4.127] (Быслъымэнхэр) бзылъфыгъэхэм апае О пшIэщтымкIэ къыоупчIых. ЯIу: "Алахьым ахэмкIэ шъушIэщтыр къышъуеIо, КъурIаным къышъуеIо Бзылъфыгъэхэу, пшъэшъэ ибэхэу шъо къашъущэхэ шъушIоигъохэу атефэрэр зэшъумытыхэрэм, кIэлэцIыкIу амалынчъэхэм, ибэхэмэ зэфагъэ хэлъэу шъуафыщытынэу. Шъо сыд фэдэ шIушIагъэ шъушIагъэми, Алахьым ешIэ"
[4.128] ЛIыр дэеу къыфыщытыным е къыIукIэнкIэ фэмыеным бзылъфыгъэр тещтыхьэмэ, дэхагъэкIэ зэгурыIохэмэ псэкIодыр атефэщтэп, сыда пIомэ узэгурыIоныр нахьышIу. ЦIыфхэр хьэрамых нахь мышIэми, шIу шъушIэу, Тхьэм ищынагъо шъугу илъмэ, шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[4.129] Шъо ащ лъэшэу шъуфэягъэкIи, шъуишъузхэм зэфэдэу зафэу шъуафыщытын сыдигъокIи шъулъэкIыщтэп. Зыр зэрэхъущтыр ымышIэу къэжъугъанэу, адырэм дэгъущэу шъуфыщымыт. (Шъузхэм афэгъэхьыгъэу гунахьэу шъушIагъэхэр) жъугъэтэрэзыжьхэмэ, Тхьэм ищынагъо шъугу илъмэ, Алахьым къышъуфигъэгъущт, гукIэгъу хэлъ!
[4.130] ЗэшъхьэгъусэхэрзэгокIыжьхэмэ, Алахьыр нэбгырэ пэпчъ хьалэлэу къятэщт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр хьалэлэу матэ, Iуш!
[4.131] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым ыIэ илъ. Шъо шъуапэкIэ тхыгъэр къызэттыгъагъэхэми, шъори (быслъымэнхэм) Алахьым ищынагъо шъугу илъынэу Тэ унашъо къафэтшIыгъагъ. Шъо (Алахьым) шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъумышIымэ, Алахьым уашъом щыIи чIыгум щыIи ыIэ илъ, Алахьыр зыпарэми фыщыкIэрэп, щытхъугъ!
[4.132] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым ыIэ илъ. Алахьыр ары ныIэп укъэзыухъумэрэр!
[4.133] (Алахьыр) фаемэ, цIыфхэр, (мы дунаим) шъутырищынышъ, нэмыкIхэр къытыригъэхъощтых, Алахьым ар ышIэн ылъэкIыщт!
[4.134] ЧIыгум къыщетэнхэу зыгорэ фаемэ, чIыгуми ахърэт дунаими ятынхэр Алахьым ыIэ илъых. Алахьым зэхехы, елъэгъу!
[4.135] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо шъушьхьэкIэ шъузпекIожьыщтми, е шъуянэ=шъуятэхэм, е къышъупэблагъэхэм шъуапэшIуекIощтми, Алахьым ыпашъхьэ шыхьатэу шъузихьэкIэ, зэфагъэмкIэ пытагъэ къызхэжъугъаф. Дао зышIырэр баими е тхьамыкIэми, Алахьым нахьышIоу зэхифыщтых. Зэфагъэ зыхэжъугъэлъ, нэмыкIэу шъузекIомэ, зэфагъэм шъудэхыщт. Зэфагъэм шъудэхэу щыжъугъэзыемэ, Алахьым ешIэ шъо шъушIэрэп!
[4.136] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьыри, Ащ илIыкIуи, Ежь илIыкIо къыфыригъэхыгъэ тхыгъэри, ащ ыпэкIэ къыригъэхыгъэ тхыгъэри шъушIошъ жъугъэхъух. Хэтми Алахьым, Ащ имэлэIичхэм, Ащ итхыгъэхэм, Ащ илIыкIохэм ахърэт мафэми шIошъхъуныгъэ афызимыIэр гъощэкIаеу гъощагъэ.
[4.137] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыхи етIанэ гокIыжьыгъэхэм, етIани икIэрыкIэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIи етIанэ гокIыжьыгъэхэм, етIанэ Тхьэр ашIошъ зэрэмыхъурэр нахь лъэш зышIыгъэхэм Алахьым афигъэгъунэу е гъогу занкIэ рищэнхэу щытэп.

[4.138] НэпитIу зиIэхэм яIу хьэзаб пщынэжь,
[4.139] Тхьэр зышIошъ хъухэрэр армырэу, джаурмэ ныбджэгъуныгъэ адэзышIыгъэхэм зэрафыщылъыр, ахэмэ шъхьэкIэфэныгъэ къафашIынэу ащэгугъыхэмэ шIэ? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъхьэкIэфэныгъэр зэрэщытэу Алахьым ыIэ илъ!

[4.140] Алахьым иӀэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ шъуядэӀу зыхъукӀэ, ахэр щызгъэзыехэрэм ыкӀи джэгуалъэ зышӀыхэрэм нэмыкӀ Ӏофыгъо тегущыӀэхэу рамыгъэжьэфэ, шъуагомытӀысхьанэу ыпэкӀэ Алахьым тхыгъэм унашъо къыщышъуфишӀыгъ. НэмыкӀэу шъузекӀомэ, шъори ахэмэ шъуафэд. НэпитӀу зиӀэхэри джаурхэри Алахьым джэхьнэм машӀом хигъэкӀодэщтых!
[4.141] НэпитӀу зиӀэхэр сакъэу къышъулъэплъэх, Алахьым ихьатыркӀэ текӀоныгъэр къызыдэшъухыкӀэ, ахэмэ аӀо: "Тэ тышъуигъусагъэба?" НэмыкӀ дин итхэм зыгорэ къызадэхъукӀэ, ахэмэ араӀо: "Тэ ахэмэ шъуатекӀоным пае тыкъыжъудеӀагъэба, Тхьэр зышӀошъ хъухэрэм шъуащытыухъумагъэба?" Ау къаймэт мафэм Алахьым зэкӀэ зэхифыщт. Сыд хъугъэкӀи нэмыкӀ дин итхэр Тхьэр зышӀошъ хъухэрэм Алахьым атыригъакӀохэрэп!
[4.142] НэпитӀу зиӀэхэр Алахьыр агъэпцӀэным пылъых, ащыгъум ахэр зыгъапцӀэхэрэр Алахьыр ары. Ахэмэ нэмаз ашӀы зыхъукӀэ, нэфэшъхьафхэу, цӀыфмэ арагъэлъэгъуным пае ашӀы, загъорэ Алахьыри агу къэкӀы,
[4.143] Ахэр (диныр зышӀошъ хъухэрэмрэ нэмыкӀ дин итхэмрэ) азфагу итых, Тхьэр зышӀошъ хъухэрэми нэмыкӀ дин зыӀыгъхэми ащыщхэп. Хэтми зыгорэ Алахьым гъогум зыдигъэхыкӀэ, гъогур о къыфэбгъотыжьын плъэкӀыщтэп!
[4.144] О шӀошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышӀыгъэхэр! Тхьэр зышӀошъ хъурэмэ ачӀыпӀэ нэмыкӀ дин итхэр ныбджэгъу шъумышӀых. Шъо къышъупекӀорэ Ӏэубытыпӏэ Алахьым ежъугъэгъотына?
[4.145] НэпитӀу зиӀэхэр джыхьнэм машӀом ылъэчӀэ шъыпкъэ хадзэщтых. Сыд хъугъэкӀи ахэмэ ӀэпыӀэгъу афэхъун о бгъотыщтэп,
[4.146] (Джыхьнэм машӀом хамыдзэщтхэр) кӀэгъожьыгъэхэр, цӀыф шъыпкъэ хъужьыгъэхэр, Алахьым щыгугъыхэрэр. Алахьым шӀошъхъуныгъэу фыряӀэмкӀэ зыгу къабзэхэр арых ныӀэп. Ахэмэ афэдэхэр арых Тхьэр зышӀошъхъурэмэ ащыщ хъущтхэр, Тхьэр зышӀощъ хъурэмэ Алахьыр тын лъапӀэкӀэ къятэ!
[4.147] Шъуфэразэу, шӀошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъушӀымэ, шъуигъэпщынэнэу Алахьыр фежьэна? Алахьыр разэ, ешӀэ!
[4.148] Зыгу хагъэкӀыгъэм фэшъхьафэу зэкӀэми зэхахэу цӀэцӀэнхэр Алахьым икӀасэп. Шъыпкъэ дэдэмкӀэ, Алахьым зэхехы, ешӀэ!
[4.149] Шъо нэрлъэгъоу е шъэфэу шӀу шъушӀэщтыми, бзэджэгъэ зекӀуакӀэхэр афэжъугъэгъущтми, шъыпкъэ дэдэмкӀэ, Алахьым къышъуфегъэгъу, лъэшы!
[4.150] Алахьым, Ащ илӀыкӀохэми шӀошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзымышӀыгъэхэу Алахьыр, Ащ илӀыкӀохэм агозыхын зышӀоигъохэм аӀо: "Тэ зызыхэм (лӀыкӀохэм) шӀошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэтэшӀы, адырэхэм афэтшӀырэп". Ахэмэ азфагурэ гъогур къыхахыным фаех;
[4.151] Ахэр шъыпкъэмкӀэ, нэмыкӀ дин итхэр арых. Тэ нэмыкӀ дин итхэм зыгъэпыутхэрэ пщыныжь афэдгъэхьазырыгъ!
[4.152] Алахьым ыкӀи Ащ илӀыкӀохэм шӀошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышӀыгъэхэм, ахэмэ азфагу зыпари зэхэдз щамышӀэу, Тэ атефэрэ тыныр яттыщт. Алахьым къыпфегъэгъу, гукӀэгъушӀ!
[4.153] Тхыгъэр зиӀэхэр тхыгъэр уашъом къафебгъэхынэу къыолъэӀух. НахьыпэкӀэ ахэр мыщ нахьи нахьыбэкӀэ Мосэ къелъэӀугъэх, аӀуагъ: "Алахьыр тынитӀукӀэ тэгъэлъэгъу". Ау зэфагъэу ахэмылъыгъэм пае ахэр пчыкӀэм къыукӀыгъэх. ЕтӀанэ ахэмэ Ӏэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкӀыгъэхэр къызафэкӀуагъэм ыуж шкӀэ сурэтым шъхьащэ фашӀэу рагъэжьагъ, ау Тэ ар афэдгъэгъугъ ыкӀи Мосэ фитныгъэ нафэ еттыгъ.

[4.154] Тэ ахэмэ Iуагъэу адэтшIыгъэм тетэу, ахэмэ ашъхьагъ СинаI къушъхьэр къидгъэтэджагъ, ахэмэ ятIуагъ: "НатIэкIэ чIыгум шъуеозэ, къэлапчъэм шъудахь! "джыри Тэ ахэмэ ятIуагъ: "Шэмбэтыр шъумыукъо!" Тэ ахэмэ Iогъэ пхъашэ къаIытхыгъ.
[4.155] Ахэмэ яIуагъэ зэраукъуагъэм пае, Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ашIошъ зэрэмыхъурэм пае, ащ фэдэ фитныгъэ ямыIэу ахэмэ пегъэмбархэр зэраукIыщтыгъэм пае, ягущыIэхэу "тэ тыгухэр зэхашIэным тетхэп" зэраIорэм пае, (зытет шъыпкъэр арэп,шIошъхъуныгъэ зэрямыIэм пае ахэмэ агухэр Алахьым зэфишIыгъэх, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэу ахэмэ ашIыгъэр мэкIэ дэд ныIэп),
[4.156] ШIошъхъуныгъэ ахэмэ зэрямыIэм пае, Мерэм пцIышхо зэрэтыралъхьагъэм пае,
[4.157] Ахэмэ зэраIорэм пае: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Хьисэ, Мерэм ыкъо, Алахьым илIыкIо тыукIыгъэ", ау ахэмэ ар аукIыгъэп, къащыми тыраIулIагъэп, ахэмэ къашIошIыгъ ныIэп, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ фэгъэхьыгъэу зэтезыIотыкIыхэрэр еджэнджэшых, ахэми ащ фэгъэхьыгъэу зыпари ашIэрэп, гуцафэ ашIы ныIэп. шъыпкъэ, ахэмэ ар аукIыгъэп,
[4.158] Алахьым Ежь ыдэжь ар дихьыежьыгъ нахь. Алахьыр лъапIэ, Iуш!
[4.159] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тхыгъэр зиIэ цIыфхэм ахэтэп ежь лIэным ыпэкIэ Хьисэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзымышIыгъэ, ыкIи къаймэт мафэм ар (шъыпкъэм) ишыхьатэу, (зымыштэгъэ джуртхэм) апэшIуекIоу къэгущыIэщт!
[4.160] Иудей диныр зезыхьэхэрэм ямызэфагъэ пае, цIыфыбэхэр Алахьым игъогу зэрэтыращыщтыгъэм пае, нахьыпэм джуртымэ яттыгъэгъэ шIуагъэхэу агъэфедэщтыгъэхэм афимытыжь тшIыщтых.
[4.161] Джуртмэ ащыщхэу джаурхэм фитныгъэ ямыIэу ахъщэ тедзэ зэраштэщтыгъэм, фитныгъэ ямыIэу цIыфмэ ямылъку зэрашхыщтыгъэм пае зыгъэпыутхэрэ пщынэжь тэ афэдгъэхьазырыгъ.
[4.162] Ау шIэныгъэшхо зиIэхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, о къыпфырагъэхыгъэми, уапэкIэ къафырагъэхыгъэми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышIыгъэхэм, нэмаз зышIыхэрэм, зэчатэ хэзгъэкIыхэрэм, ахърэтри Алахьыри зышIошъ хъухэрэм Тэ псэпэшхо афэдгъэшъошэщт.
[4.163] Нухьи ащ къыкIэлъыкIогъэ пегъэмбархэми, Ибрахьими, Исмахьили, Исхьакъи, Якъуби, ахэмэ къалъфыгъэхэми, Хьиси, Аюби, Юныси, Хьаруни, Сулеймани Тэ къазэрэфэдгъэкIогъагъэм фэдэу о щысэтехыпIэ къыпфэдгъэкIуагъ. Тэ Даутэ тхылъ лъапIэ къеттыгъ.
[4.164] Тэ нахьыпэм зикъэбар къыпфэтIуатэщтыгъэ лIыкIохэри, нэмыкI лIыкIохэу нахьыпэм зикъэбар къыпфэтымыIуатэщтыгъэхэри лIыкIохэу (Тэ къыфэдгъэкIуагъэх). Алахьыр (лIыкIо имыIэу)Мосэ дэгущыIэщтыгъ.
[4.165] ЛIыкIохэр адэжь къызыкIуагъэхэм ыуж (шIошъхъуныгъэ зимыIэ) цIыфхэм Алахьым къышIыгъэ унашъом пэшIуекIоу ушъхьагъу ашIын ямыIэным пае пегъэмбархэу къэбарышIу зезыхьэхэрэр, ушъыякIохэр (Тэ къэдгъэкIуагъэх). Алахьыр лъагэ, Iуш!
[4.166] Ау къыпфырагъэхыгъэр Ащ ишIэ хэлъэу о къызэрэпфырагъэхыгъэр Алахьым ыкIи мэлаIичхэми къаушыхьаты. Алахьыр ары ныIэп шыхьат хъущтыр!
[4.167] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэу Алахьым игъогу дэхыгъэхэр гъощэкIаеу гъощагъэх!
[4.168] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэу зафэу щымытыгъэхэм Алахьым афигъэгъунэу, гъогу занкIэ ахэр рищэнэу щытэп.
[4.169] ЕгъашIэм ахэр зыхэтыщтхэ джэхьнэм машIом зэрэхищэщтхэм фэшъхьафэу! Ар АлахьымкIэ шIэгъошIу.

[4.170] О цIыфхэр! Шъуи Тхьэ дэжь къикIи шъыпкъэр ышIэу лIыкIор шъуадэжь къэкIуагъ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъушI, шъоркIэ ар нахь дэгъу. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышъумышIыкIэ, уашъом щыIи, чIыгум щыIи Алахьым ыIэ илъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, Iуш!
[4.171] О КъурIаныр зыIэгу илъхэр! диным шъыпкъэу хэлъым игъунапкъэхэм шъуаблэмыкI, Алахьым фэгъэхьыгъэу шъыпкъэ фэшъхьаф зыпари шъумыIо. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъхьафит зышIыжьыгъэхэу Мерэм ыкъо Хьисэр, Алахьым илIыкIу, Ащ игущыIэу Мерэм къыфидзыгъэр, ар Ащ къыгъэшIыгъэ псэ лъапI. Алахьым, ащ илIыкIохэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэшъушI. ЫкIи шъумыIо: "(Тхьэр). ар тхьищ". (Аущтэу шъуIонымкIэ) зышъуIаж, шъоркIэ ар нахьышIу. Алахьыр зы, Ар сабый иIэным нахьи нахь лъапI. Ащ уашъом щыIи чIыгум щыIи ыIэ илъ. Алахьыр ары ныIэп щысэ хъун зылъэкIыщтыр!
[4.172] Алахьым фэIорышIэнхэмкIэ Хьисэми пэблэгъэ мэлаIичхэми сыд фэдэкIи пэгагъэ къызхагъэфэщтэп! НэмыкIхэу Ащ шъхьащэ фашIыным зэкIэ епэгэкIхэрэр ыкIи зыхэзыIэтыкIыхэрэр (ахърэт мафэм) Ащ ежь ыпашъхьэ къыщыригъэуцолIэщтых.
[4.173] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу IофышIухэр зышIэщтыгъэхэм Ащ икъун тын аритыщт, Ежь ихьалэлыгъэкIэ тыныр афигъэбэгъощт. ЗыхэзыIэтыкIыхэу зызгъэпагэхэрэр Ащ хьазаб пщыныжькIэ ыгъэпщынэщтых. Алахьым фэшъхьаф, къэзыухъумэнхи къадеIэни, ахэмэ къагъотыщтэп.
[4.174] О цIыфхэр! Шъуи Тхьэ дэжь къикIэу къэзгъэшъыпкъэжьрэр къышъуфэкIуагъ, Тэ нэфынэ зэхэугуфыкIыгъэр (КъурIаныр) къышъуфедгъэхыгъ.
[4.175] Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэм, Ащ зицыхьэ телъхэм ынэшIу ащыфагъ, ахэр гъогу занкIэкIэ Ежь ыдэжь ыщэщтых.
[4.176] Унашъо афэпшIынэу о къыолъэIух, ЯIу: "Iахьыл чыжьэхэм (кIэныр зэряшъутыщтым) фэгъэхьыгъэу шъушIэщтыр къышъуиIощт. Сабый имыIэу, ау шыпхъу иIэу лIы горэ зыхэкIуадэкIэ, къыкIэныгъэм щыщэу ызыныкъо ащ IокIэжьы. Бзылъфыгъэм сабый имыIэмэ, ащ телъытагъэу кIэныр IокIэжьы. Зэшыпхъухэр нэбгыритIу мэхъухэмэ, ахэмэ аIукIэжьрэр (шым) къыкIэныгъэм ищэнитIу. Iахьылэу къыкIэныгъэхэм шыхэри щыпхъухэри ахэтхэмэ, хъулъфыгъэм Iахьэу тефэрэр бзылъфыгъитIум яIахьэ фэдиз". Гъогу шъыпкъэм шъудэмыхыным пае Алахьым (иунашъохэр) къыжъугурегъаIох. Алахьым зэкIэ ешIэ!

АлмаIидэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[5.1] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Iуагъэу шъушIыгъэхэр жъугъэцэкIэжьынхэм шъуафэшъыпкъэжь. Хьалэл къышъуфишIыгъэ былымхэр шъушхын шъуфит, хьарамкIэ къышъуфигъэлъэгъугъэм анэмыкIрэр. ЧэбэкIо чэсэир шъущыгъы зыхъукIэ шакIо шъумыкIу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр унашъоу ышIыщтым фит!
[5.2] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым иунашъохэм, хьэрам мазэм, къурмэныпхъэ хьайуанхэм, гъэдэхалъэу ахэмэ апшъэ илъхэм, Тхьэм ишIушIэу, Ащ ынэшIу къащифэным щыгугъыхэу Бэйтэль хьарам мэщыт лъапIэм зышъхьэ езыхьылIэжьхэрэм апылъ хабзэхэр шъумыукъох. Шъо фиты шъузыхъурэм, шъушакIу, сыд фэдэ цIыфхэми Альмэсджыд альхьэрам мэщытым шъучIэзымыгъахьэщтыгъэхэм яфэмылъэгъуныгъэ къыхэкIэу мызэфэ зекIуакIэхэр къызхэжъугъафэхэ хъущтэп. ШIурэ дахэрэ зэшъуIонымкIэ IэпыIэгъу шъузэфэхъужь, ау дэимкIэ, емкIэ шъузэдемыIэжь ,

Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уигъэпщынэнкIэ Алахьыр лъэш!
[5.3] Хабзэм тетэу шъуукIырэм фэшъхьафэу, псэхалIэр, лъыр, къолыр Алахьым ыцIэ фэшъхьафэу нэмыкIыцIэ къыраIозэ аукIыгъэр, былымэу атхьэлагъэр, утыным илIыкIыгъэр, лъэгапIэм къефэхи фыкъуагъэр, бжъакъокIэ алIыгъэр, хьэкIэ=къуакIэр зыхэIагъэр псэ апытзэ шIошъумыбзхэмэ шъушхыхэ хъущтэп. Былым укIыпIэхэм ащаукIыгъэхэр щэбзащэ шъудзэу жъугощыныр шъоркIэ къэрарынчъагъ. Шъо шъуидин зышIошъ шъыпкъэ мыхъущтыгъэхэм непэ агу кIодыгъэ, ахэмэ шъуащымыщт. Сэ сищынагъо шъугу ижъугъэлъ. Шъощ пае Сэ непэ шъуидин къышъуфизгъэкъугъ. СишIушIи къышъуфэзгъэтэмамыгъ. Ислъамыр шъоркIэ динэу шъуфыхэсхыгъ, ау гунахьэ пшIэныр уимыкIасэу мэлэкIэ дэдэ улIагъэу егъэзыпIэ уифагъэмэ, а пшхы мыхъущтхэр пшхын уфит.
[5.4] Ахэр о къыоупчIых: Гъомылэ ашIынэу сыда зыфитхэр ? ЯIу: "ШIу пстэуми фиты шъуафишIыгъ. Шъо Алахьым шъуигъэшIагъэм фэжъугъэсэгъэ бзыухэм, хьэкIэ=къуакIэхэм къаушэкIурэ шхынышIухэми шъуафит. Ахэмэ шъощ пае къаубытырэр шъушхы, ахэмэ ашъхьагъ шъуитэу бисми Лахь шъуIо. Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, къыбдилъэгъущтымкIэ Алахьыр IэшIэх!
[5.5] Непэ шIу пстэури хьалэл шъуфишIыгъ. Тхылъ къызфехыгъэмэ ягъомылэ шъушхын шъуфит, шъуигъомыли ахэмэ ашхын фит. Тхьэр зышIошъ хъурэмэ япшъашъэхэу анаIэ атырамыгъэкIэу апIугъэхэм, шъуапэкIэ тхыгъэр къызэритыгъэхэм япшъашъэхэу анаIэ атырамыгъэкIэу апIугъэхэм пшъэшъэ уасэ афэшъутыгъэмэ, шъушъхьэ уасэ фэшъушIыжьэу, шъущымыкIэу, кIэсэ шъузхэр зыдэшъумыIыгъхэу шъопсэумэ, ахэр шъо къэшъущэнхэ шъуфит. А шIошъхъуныгъэр щызгъэзыерэм ышIэрэр пкIэнчъэ хъущт, ахърэт гъашIэми ар насыпынчъэмэ ащыщ хъущт.
[5.6] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо нэмазыр шъушIын зыхъукIэ шъунэгухэри шъуIэхэри Iэнтэгъум нэсэу шъутхьакIых, шъушъхьэхэри шъулъэкIых, шъулъакъохэри лъэкIэным нэсэу шъутхьакIых. шъумыкъабзэмэ, зыжъугъэкъабз, шъо шъусымаджэмэ, е гъогу шъутетмэ, е шъуащыщ горэ щагуикIыпIэм къикIыжьыгъэмэ, е бзылъфыгъэм шъугохьагъэмэ, псы зышъумыгъотkIэ, (Тэемум) IэгуитIумкIэ шIыгушхьэ ятIэ къабзэ шъутиуи ащкIэ шъунэгухэри шъуIэхэри шъулъэкIы. къин шъуигъэлъэгъунэу Алахьыр фаеп, ау шъуигъэкъабзэ шIоигъу, Ежь ишIушIэ къышъуфишIэным фай, шъо разэ шъухъункIи мэхъу!
[5.7] Алахьым ишIушIи, шъо мощтэу къыэышъоIом, Ащ Iуагъэу къыжъудишIыгъэри шъугу къэжъугъэкIыжь: "Тэ зэхэтхыгъэ, тыкъыпфэIорышIэ!" Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, шъугу илъыр Алахьым ешIэ!
[5.8] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым ыпашъхьэ пытагъэ зыхэжъугъэлъ, шъыпкъагъэ зыхэлъ шыхьатэу шъущыт, сыд фэдэ цIыфхэми яфэмылъэгъуныгъэ зэфагъэ къышъухэмыфэным шъунагъэсы хъущтэп. Зэфагъэ зыхэжъугъэлъ, ар Тхьэм ищынагъо угу илъыным нахь пэблагъ, Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[5.9] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу шIу зышIэщтыгъэхэр Алахьым ыгъэгугъагъэх: Ахэмэ афигъэгъущт, тын лъапIэ къафишIыщт.
[5.10] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэу Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр джыхьнэм машIом щыпсэущтых.
[5.11] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым шIоу къышъуфишIагъэр шъугу къэжъугъэкIыжь: Мары, цIыф горэхэм аIэхэр къышъутыращэенхэу агу къызэкIым, ахэмэ

аIэхэр Ащ Iуищэигъэх. Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, Тхьэр зышIошъ хъухэрэр Алахьым щэрэгугъых!
[5.12] Зэгорэм Алахьым Исраил ыкъохэм Iуагъэ адишIыгъ, Тэ ахэмэ пэщэ пшIыкIутIу къахэдгъэкIыгъ. Алахьым ыIуагъ: "Сэ сышъуигъус. Шъо нэмаз шъушIымэ, шъугу зыгъэкъэбзэрэ сэдакъэ шъутызэ шъушIымэ, силIыкIомэ шIошъхъуныгъэ афэшъушIымэ, IэпыIэгъу шъуафэхъумэ, чIыфэ шIагъо Алахьым ешъутымэ, Сэ мыхъунэу шъушIагъэхэр шъутесхыщтых, Iо хэмылъэу джэнэтым шъуисщэщт. Ащ ыуж шъуащыщэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIырэр гъогу занкIэм дэхыгъ".
[5.13] Iуагъэу ашIыгъэр ахэмэ зэраукъуагъэм пае Тэ ахэмэ бгыбзэ ятхыгъ, агухэр жъалым тшIыгъэх. (ЧIыпIэу зэрытхэр зэблахъузэ), гущыIэхэр ахэмэ зэщагъакъох. АрагъэшIэгъагъэм щыщ Iахьэ ахэмэ ащыгъупшагъ. Ахэмэ ащыщэу нэбгырэ заулэмэ афэшъхьафрэ, ахэмэ алъэныкъо къикIырэ мэхъэджагъэм IокIэ зэпыт. Ахэмэ афэгъэгъу, уафычIэмыкIуат, шIу зышIэхэрэр Алахьым шIу елъэгъух!
[5.14] ЧиристанкIэ зызылъытэжьхэрэми Тэ Iуагъэ адэтшIыгъагъ, ау ахэмэ арагъэшIагъэм щыщ Iахьэ ащыгъупшагъ, къызщыхъужьыщтхэ мафэр къэмысыфэ Тэ ахэмэ азфагу пыиныгъэрэ зэфэмылъэгъуныгъэрэ къыдгъэтэджагъ. ЕтIанэ ахэмэ ашIагъэр Алахьым къариIожьыщт!
[5.15] О тхыгъэр зышIэхэрэр! Шъо шъуадэжь тилIыкIо къэкIуагъ , тхыгъэм щыщэу шъуушъэфыхэрэр ащ нафэу къышъуигъэлъэгъущтых, тырихыщтыри бэ. Алахьым дэжь къикIи, нэфынэри тхыгъэ зэхэугуфыкIыгъэри къышъуфэкIуагъ.
[5.16] АхэмкIэ Ащ шIоигъом лIыкIохэр мамыр гъогум занкIэу рищэщтых, Ежь иIизын хэлъэу ахэр шIункIым къыхищынхэшъ, нэфынэм хищэщтых, гъогу занкIэм къырищэлIэщтых.
[5.17] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр Алахьыр Мерэм икIалэу Хьисэр арэу зыIохэрэр арых. ЯIу: "Мерэм икIалэу Хьиси, ащ яни, зэкIэ чIыгум щыпсэухэри Алахьым ыгъэкIодынхэу ыгу къэкIымэ, хэта Ащ елъэшэкIыжьын зылъэкIыщтыр?" Уашъори, чIыгури, ахэмэ азфагу щыIэри Алахьым ыIэ илъых. Ащ ышIэрэр шIоигъор ары. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[5.18] Джуртхэмрэ чиристанхэмрэ аIуагъ: "Тэ Алахьым тырикIал. Ащ шIу телъэгъу". ЯIу: "Ащыгъум шъуипсэкIодшIагъэ пае сыда Ащ шъузыкIигъэпщынэрэр? Хьау, шъо Ащ къыгъэхъугъэ цIыфмэ шъуащыщ ныIэп. Ежь шIоигъом Ащ фегъэгъу, шIоигъор егъэпщынэ. Уашъори чIыгури, ахэмэ азфагу щыIэри Алахьым ыIэ илъ, Ащ дэжь пстэуми агъэзэжьыщт".
[5.19] Тхыгъэр зышIэхэрэр! ТилIыкIо шъо шъуадэжь къэкIуагъ: КъэбарышIу къытфэзыхьыни, къытэушъыини къытфэкIогъагъэп шъумыIоным пае, лIыкIохэр зыщымыIэгъэхэ уахътэу къыдэфэгъагъэр ащ нафэу къышъуигъэлъэгъущт. КъэбарышIу къышъозыIощтри къышъоушъыищтри джы къышъуфэкIуагъ. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[5.20] Мары, Мосэ ицIыф лъэпкъ риIуагъ: "О силъэпкъ! Алахьым шIоу къышъуфишIагъэр шъугу къэжъугъэкIыжь: Ащ пегъэмбархэр къышъухигъэкIыгъэх, пачъыхьэхэр къышъуфишIыгъэх, зэрэдунаеу зыми фимышIагъэр къышъуфишIагъ.
[5.21] О силъэпкъ! Алахьым къышъуфиухэсыгъэ чIыгу лъапIэм шъутехь, джы шъо насыпынчъэ шъумыхъуным пае шъукъызэкIэмыкIожь".
[5.22] Ахэмэ аIуагъ: "О Мос! Ащ цIыф иныжъхэр щэпсэух, ахэр ащ имыкIыхэу, тэ тихьащтэп. Ау ахэр ащ зикIыхэкIэ, тэ тихьащт".

[5.23] Тхьэм ищынагъо зыгу илъэу, Алахьым ынэшIу зыщыфэгъэ нэбгыритIу аIуагъ: "Мы къэлапчъэмкIэ иныжъмэ адэжь шъуихь. Шъо шъузихьэкIэ, текIоныгъэр къыдэшъухыщт, Тхьэр шъушIошъ мэхъумэ, Алахьым шъуицыхьэ тежъугъэлъ!".
[5.24] Ахэмэ аIуагъ: "О Мос! Ахэр ащ къенэфэхэкIэ, сыд хъункIи ащ тихьанэп. Ори о уи Тхьи шъуихьи, шъуитIо шъузау, тэ мыщ тисыщт".
[5.25] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь! Сэ сшъхьэрэ сшырэ сызфитыр. Мы цIыф лъэпкъ щыкIыгъэм тыгощ".
[5.26] Ащ ыIуагъ: "Ахэр ащ илъэс тIокIитIо ихьанхэ фимытхэу хъун, мы шъоф нэкIым къакIухьэу ахэр итыщтых. А цIыф лъэпкъ щыкIыгъэм о уфэмышъыгъу.
[5.27] Адам ыкъуитIу фэгъэхьыгъэ къэбарым шъыпкъагъэ хэлъэу о ахэмэ къафедж. Мары, а нэбгыритIум къурмэн ашIыгъ. Зым ар Iахыгъагъ, адырэм Iахыгъэп. Ащ ыIуагъ: "ШIокIыпIэ имыIэу сэ о усыукIыщт!" Адырэм ыIуагъ: "Алахьым зыIихырэр Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр арых ныIэп.
[5.28] О сэ сыуукIынэу пIэ къызысфэпщэикIэ, сэ о усыукIынэу сIэ къыфэсщэиштэп. Зэрэдунае и Тхьэу Алахьым ищынагъо сэ сыгу илъ.
[5.29] Сэ сипсэкIодышIагъи о уипсэкIодышIагъи о зытеплъхьажьынэу, джэхьнэм машIом щыпсэущтхэм ащыщ ухъу сшIоигъу. Жъалым хъугъэхэм ар ятын".
[5.30] Ыш зэриукIыщтыр псынкIагъоу ащ ыпсэ къышIошIыгъ, ащ ыш ыукIыгъ ыкIи чIэнагъэ зышIыгъэхэм ащыщ хъугъэ.
[5.31] Ыш ипцIэнагъэ зэригъэбылъыщтыр ригъэлъэгъуным пае ащ къолэжъэу ЧIыгур зытхъущтыгъэр Алахьым фигъэбыбыгъ. Ащ ыIуагъ: "Сэ Тхьэр къысэуагъ! Сшы ипцIэнагъэ згъэбылъыным пае мы къолэжъым фэдэ сэ сыхъун слъэкIыщтэп". КIэгъожьыгъэмэ ащыщы ар хъугъэ.
[5.32] Ащ къыхэкIэу Исраил ыкъохэм Тэ унашъо афэтшIыгъ: ЛъышIэжь хэмылъэу псэр зыгъэгъугъэм е мыхъун зэришIагъэм фэшъхьафкIэ псэр зыгъэгъурэм зэкIэ цIыфхэр ыукIыгъэхэм фэд. Ау псэр къыпызгъэкIэжьырэм зэкIэ цIыфхэр къыгъэхъужьыгъэхэм фэд. Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ гъэунэфыгъэхэр яIэхэу ахэмэ Тэ тилIыкIохэр къафэкIогъагъэх. ЕтIанэ ахэмэ ащыщыбэхэр а хэгъэгум ашIоигъор щашIэу къэнэгъагъэх.
[5.33] ШъыпкъэмкIэ, Алахьым, Ащ илIыкIо апэшIуекIохэу заохэрэм, чIыгум мыхъунэу щашIэрэр нахьыбэ ашIыным пылъхэм тыны афэхъущтыр е укIыгъэ хъущтых, е къащым тыраIулIэщтых, е аIэхэри алъакъохэри, зэблэдзыгъэу паупкIыщтых, е ячIыгу рафыщтых. Ащ фэдэ шъхьакIо гъашIэу зыхэтхэм ахэмэ ащырахыщт, ахърэтым пщынэжьыкIаекIэ щагъэпщынэщтых.
[5.34] Шъо шъуIэ илъ хъунхэм ыпэкIэ кIэгъожьыгъэхэм афэшхьафрэ Алахьым къыфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[5.35] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ. Ащ пэблагъэ шъузэрэхъущтым шъулъыхъу, Ащ игъогу шъузэрэтетыщтым шъуегугъу, насыпышIо шъухъункIи мэхъу!
[5.36] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм чIыгум тетыр зэкIэ яягъэмэ, къызыщыхъужьыщтхэ мафэм пщыныжьэу ателъыр ращэфыжьынэу ащ фэдиз етIани яIагъэми, а пстэур ахэмэ аIахыныгъэп, ахэмэ хьазаб пщыныжьыр афыщылъ!
[5.37] Джэхьнэм машIом къыхэкIынхэу ахэр фэещтых, ау сыд хъугъэкIи къыхэкIыщтхэп. ЕгъэшIэрэ пщыныжьыр ахэмэ ателъ!
[5.38] Алахьым ищынагъо зэхашIэным пае хъулъфыгъэ тыгъуакIоми бзылъфыгъэ тыгъуакIоми аштагъэм ипэгъокIэу аIэхэр пышъуупкIых. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр ины, Iуш!

[5.39] Хэбзэнчъэ зэришIагъэмкIэ кIэгъожьэу нахьышIу хъужьрэм Алахьым ынэшIу къыщыфэщт. Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[5.40] О пшIэрэба Алахьым уашъори чIыгури ыIэ зэрилъыр ? Ежь зыфаер Ащ егъэпщынэ, зыфаем фегъэгъу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[5.41] О лIыкIор! Ежьхэм аIупэкIэ къэзыIохэу: "Тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ тшIыгъэ!", ау агухэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ арымылъэу, динынчъэ хъунхэм кIэгуIэхэрэм о нэшхъэигъэ къыуарэмыгъэкIу, джуртхэм ащыщхэри ары. Ахэр пцIым кIэдэIукIых, нэмыкI цIыфхэу уадэжь къэмыкIогъагъэхэм акIэдэIукIых, гущыIэхэр зэблагъэуцукIхэзэ зэщагъакъохэшъ, ахэмэ аIо: "Шъо ар къышъуатыгъэмэ, шъуштэ, ау къышъуамытыгъэмэ, шъузфэсакъыжь!" Алахьым ыушэты шIоигъор Алахьым ыпашъхьэ о зыпарэкIи къыщыуухъумэн плъэкIыщтэп. Ахэр агухэр агъэкъэбзэнэу Алахьыр зыфэмыягъэхэр ары. ГъашIэу зыхэтхэм ахэмэ шъхьакIо арахыщт, ахърэт гъашIэми ахэмэ пщынэжь афыщылъ!
[5.42] Зэпымыоу ахэр пцIым едэIух, хабзэм ымыдэрэм фэнэепсыех. Ахэр уадэжь къызыкIохэкIэ, азфагу илъыр зэхэф е ахэмэ абгъодэкI. О ахэмэ уакIыб афэбгъазэмэ, зи мыхъун къыуашIэщтэп. ЯIоф пIонэу уфежьэмэ, зэфагъэм тетэу Io Шъыпкъэ дэдэмкIэ, зафэхэр Алахьым шIу елъэгъух!
[5.43] Тауратыр ахэмэ яIэу, ащ Алахьым иунашъохэр итхэу о сыдэущтэу ахэмэ къады уашIына? ЕтIанэ акIыб къагъазэшъ IокIыжьых, шIошъхъуныгъэ яIэп.
[5.44] Шъыпкъэныгъэмрэ нэфынэмрэ зэрыт Библиер Тэ къедгъэхыгъ, пегъэмбархэу ащ фэIорышIэу щытыгъэхэм иудей диныр зыIыгъхэм ащкIэ яIоф аIощтыгъэ, джурт дин пащэхэмрэ тхылъыр шIу зылъэгъухэмрэ Алахьым итхыгъэ щыщэу ежьхэм аIыгъымкIэ Iофыр аIощтыгъ, ащ ахэр ишыхьатых. ЦIыфмэ шъуащымыщын, Сэ сищынагъо шъугу ижъугъэлъ! Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ ачIыпIэкIэ осэ макIэ зиIэр къэшъумыщэф! Алахьым къыригъэхыгъэм уасэ фэзымышIырэр джаур.
[5.45] Ащ Тэ ахэмэ унашъо къаащыфэтшIыгъ, псэм пае псэ, нэм пае нэ, пэм пае пэ, тхьакIумэм пае тхьакIум, цэм пае цэ, уIагъэхэр лъышIэжь хъунхэ фае, ау ар сэдакъэм фэдэу зыгъэгъурэм псэкIодшIагъэу иIэхэр фэгъущтых. Алахьым къыригъэхыгъэм уасэ фэзымышIырэмэ зэфагъэ ахэлъэп.
[5.46] Ежь ыпэкIэ Библием итыгъэр зэрэшъыпкъэр къыгъэшъыпкъэжьэу, Мерэм ыкъо Хьисэ ахэмэ ялъэуж рыкIонэу Тэ унашъо фэтшIыгъ ыкIи Тэ ащ Евангелиер еттыгъ, ащ ыпэкIэ Библием итыгъэр къыгъэшъыпкъэжьэу, Тхьэр зышIошъ хъухэрэмкIэ IэпыIэгъоу ыкIи шIэныгъэу, ащ шъыпкъагъэмрэ нэфынэмрэ итыгъэх.
[5.47] Евангелием уасэ зэрэфашIын фаер ащ итэу Алахьым къафыригъэхыгъэр ары. Алахьым къыригъэхыгъэм тэрэзэу уасэ фэзымышIырэр щыкIыгъэхэр арых.
[5.48] Тхыгъэм щыщхэу ыпэкIэ къыфедгъэхыгъэхэр зэрэшъыпкъэхэр къыушыхьатэу ыкIи ар къыухъумэу шъыпкъэ зэрыт тхыгъэр Тэ о къыфедгъэхыгъ. Алахьым къыфыригъэхыгъэм тетэу ахэмэ уасэ афэшI нахь, о шъыпкъэу къыпфэкIуагъэм укIэрыкIэу ахэмэ яшIоигъоныгъэ улъымыкIу. Тэ шъуащыщ пэпчъ гъогу фыхэтхыгъ. Алахьыр фэягъэмэ, зэкIэми зы цIыф лъэпкъэу шъукъигъэхъуни, ау къышъуитырэмкIэ Ащ шъуиушэты шIоигъу. Ащ пае зым адырэм шIоу фишIэщтым шъукIэгуI, зэкIэми Алахьым дэжь жъугъэзэжьыщт, зэмызэгъыныгъэу шъуазфагу илъыгъэр Ащ къышъуигъэлъэгъужьыщт!
[5.49] Алахьым къыригъэхыгъэм тетэу ахэмэ яIоф зэхэф: Ахэмэ яшIоигъоныгъэхэм зыдямыгъэхьых. Алахьым о къыфыригъэхыгъэм щыщ. Iахь горэм къэрарынчъэу удагъэхыным зыщыухъум. Ахэмэ акIыб къызагъазэкIэ, зэгъашIэ, псэкIодышIэгъэ горэхэу

яIэм пае Алахьым ахэр ыукIыхэ шIоигъу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыфмэ ащыщыбэхэр щыкIыгъэх!
[5.50] Гъэсэныгъэ зыщямыIэгъэ уахътэм хабзэу яIагъэхэм ахэр фэенхэуи? ШIошъхъуныгъэ зиIэ купым иIоф зэхифыщтмэ, Алахьым ихьыкум нахьышIоу сыд щыIэр?
[5.51] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Джуртхэмрэ чиристанхэмрэ ныбджэгъу шъумышIых: Ахэр зым адырэр иныбджэгъу. Шъо шъущыщ горэм ахэр ныбджэгъу ешIымэ, ар ахэмэ ащыщ. Жъалымагъэ зыхэлъ цIыфхэр Алахьым ыгъэгъуазэрэп!
[5.52] Зыгу уз илъхэр гуIэхэзэ ахэмэ адэжь къызэрэкIохэрэр, зэраIорэр олъэгъу "тинасып зыкъызэпыригъэзэным тэ тыщэщтэ!", ау Алахьым текIоныгъэ къыфихьын е нэмыкI унашъо горэ Ежь дэжь къикIэу къыпфишIынкIи мэхъу, джащыгъум ахэмэ агу раушъафэщтыгъэм рыкIэгъожьыщтых.
[5.53] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм аIощт: "Ио хэмылъэу шъо шъуигъусэнхэу, лъэшэу зэбгыжьхэзэ, Алахьым ыцIэкIэ Iуагъэ зышIыщтыгъэхэр ахэр арых шъуIуа? Ахэмэ ашIагъэм уасэ иIэжьэп, насыпынчъэхэу ахэр къэнагъэх"
[5.54] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо шъущыщэу идин гокIырэмэ ачIыпIэ Алахьым Ежь шIу ылъэгъухэрэр, Ежь шIу къэзылъэгъухэрэр, Тхьэр зышIошъ хъухэрэмэ гукIэгъу афэзышIыхэрэр, джаурмэ афэпхъашэхэр, Алахьым игъогу тетхэу егугъоу заохэрэр, гыехэрэм ягые щымыщтэхэрэр къыригъэуцощтых. Алахьым ишIушIэ джащ фэд: Ар Ежь зыфаем хьалэлэу етэ, Алахьым зэкIэ ыIэ илъ, ешIэ!
[5.55] Шъо шъукъэзыухъумэрэр Алахь закъор, Ащ илIыкIу ыкIи шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэхэу, нэмаз зышIыхэу, агу зыгъэкъэбзэрэ сэдакъэ зытыхэу, Тхьэм шъхьащэ фэзышIыхэрэр арых.
[5.56] Алахьыр ыкIи Ащ илIыкIо ухъумакIохэу зыштэхэрэр, Алахьыр зышIошъ хъухэрэр Тхьэм пэблагъэ мэхъух. Алахьым готхэр текIощтых.
[5.57] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ШъуапэкIэ тхыгъэр къызэратыгъэхэри, джаурхэри, шъуидин кIэнэкIалъэ, джэгуалъэ зышIыхэри ныбджэгъу шъумышIых. Тхьэр шъушIошъ мэхъумэ, Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ!
[5.58] Нэмазым къекIолIэнхэу шъуяджэ зыхъукIэ, ахэмэ ар сэмэркъэукIэ, джэгуалъэкIэ алъытэ. Ар аущтэу зыкIэхъурэр къызгурымыIорэ цIыфхэу ахэр щытхэшъ ары.
[5.59] ЯIу: "О КъурIаным еджэхэрэр! Тэ Алахьым, къытфыригъэхыгъагъэм, ащ ыпэкIэ къытфырагъэхыгъагъэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрафэтшIыгъэм, шъо шъущыщыбэхэр щыкIыгъэхэу зэрэщытхэм пая фэмылъэгъуныгъэ къызыкIытфэшъушIыгъэр ?"
[5.60] ЯIу: "Шъо Алахьым тынэу къышъуфишIыщтым нахь тхьамыкIагъо горэ къышъосIон слъэкIына? Алахьым бгыбзэ зэрихыгъэу игубж зытефагъэхэр мамунэ ыкIи къо ышIыгъэх, Тагъутэ шъхьащэ фэзышIхэрэр, гъогу занкIэм зыдэхыгъэхэм ыуж анахь псэупIэ тхьамыкIагъор агъотыщт".
[5.61] Ахэр шъо шъуадэжь къызыкIохэкIэ, аIо: "Тэ Тхьэр тшIошъ мэхъу!" ШIошъхъуныгъэ ямыIэу ахэр къихьагъэх, ар зэрягъусэу икIыжьыгъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ аушъэфрэр Алахьым нахьышIоу ешIэ,
[5.62] Ахэмэ ащыщыбэхэр псэкIод агъэхъэнымкIэ, зэпыинхэмкIэ, зыфимытхэр адырынхэмкIэ зыр адырэм ыпэ ишъыным зэрэфэгуIэхэрэр олъэгъу. Ахэмэ ашIэрэр дэи!
[5.63] Ахэмэ хэбзэнчъэ гущыIэхэу къашIыхэрэм, афамыдэрэм зэрэфэнэепсыехэм джурт дин пащэхэмрэ тхылъыр шIу зылъэгъухэрэмрэ афамыIажэщтыгъэхэмэ, ахэмэ ашIэрэр боу емыкIу хъуни!
[5.64] Джуртмэ аIуагъ: "Алахьым ыIэ пхыгъэ!" Ежьхэмэ аIэхэр пхыгъэх, ахэмэ нэлат къарихыгъ. Ащ ыIитIу къэщэигъ: зыфаем фэдиз Ащ къареты. Iо хэлъэп, о уи Тхьэ

къыфыригъэхыгъэр ахэмэ ащыщыбэхэм зэряIэм зэрэгъощагъэхэр ыкIи шIошъхъуныгъэу ямыIэр нахь лъэш ешIы ныIэп. Тэ ахэмэ азфагу къызыщыхъужьыщтхэ мафэм нэс пыиныгъэмрэ фэмылъэгъуныгъэмрэ итыдзагъ. Заом имашIо ахэмэ зэрэзэкIагъэблагъэм лъыпытэу, Алахьым ар егъэкIуасэ. ПсэкIодыбэ чIыгум щашIэным ахэр фэблэх, ау псэкIод шIагъэр нахьыбэ зышIыхэрэр Алахьым шIу ылъэгъухэрэп!
[5.65] Тхыгъэр зышIэхэрэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыгъэу, Тхьэм ищынагъо агу илъэу щытыгъэхэмэ, Тэ ахэмэ псэкIодэу ашIагъэхэр афэдгъэгъунхи, джэнэтым итщэныгъэхи.
[5.66] Библиемрэ Евангелиемрэ ыкIи я Тхьэ къафыригъэхыгъэмрэ ахэр афэшъыпкъэхэу щытыгъэхэмэ, ашъхьагъ щыIэри, алъэгучIэгъ щыIэри гъомылэ афэхъуни. Тэрэзэу зекIорэ цIыфхэр ахэмэ ахэтых, ау ащыщыбэхэм бзэджагъэхэр ашIэх!
[5.67] О лIыкIор! О Тхьэм къыпфыригъэхыгъэр ятыжь. Ар о зымышIэкIэ, Ащ къаригъэхьыгъэр яптыжьыщтэп. А цIыфхэм о Алахьым уащиухъумэщт. Алахьым джаурхэр гъогу занкIэ рищэхэрэп!
[5.68] ЯIу: "Тхыгъэм еджэхэрэр! Библиемрэ Евангелиемрэ ыкIи шъуи Тхьэ къышъуфыригъэхыгъэмрэ шъомыгъэцэкIэфэхэ, IэубытыпIэ шъуфэхъун щыIэп". Ау о уи Тхьэ къыфыригъэхыгъэм ахэмэ ащыщыбэхэр зэрэгъощагъэхэр, шIошъхъуныгъэу ямыIэр нахь лъэш ешIы ныIэп. Джаур цIыфхэм апае о умынэшхъэй!
[5.69] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, иудей, сабиIун ыкIи чиристан динхэри зыIыгъхэм, хэтми ахърэт мафэми Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэм ыкIи шIу зышIэщтыгъэм щынагъо ашъхьарытыщтэп, ахэмэ чэфынчъагъи къякIущтэп!
[5.70] Исраил ыкъохэм тэ Iуагъэ адэтшIыгъ, ахэмэ пегъэмбархэр афэдгъэкIуагъэх. Ахэр зыфэмые горэ лIыкIом къафихьы къэс, ащыщхэр пцIыускIэ алъытэщтыгъэх, ащыщхэр аукIыщтыгъэх.
[5.71] Ащ пае зыпари тхьамыкIагъо къэмыхъунэу ахэр егупшысэщтыгъэх, нэшъухэу, дэгухэу щытыгъэх. Загъорэ кIэгъожьыгъэхэу ахэмэ Алахьым зыфагъазэщтыгъэ, ау етIани ащыщыбэхэр нэшъухэу, дэгухэу къэнэжьыщтыгъэх. Ахэмэ ашIэрэр Алахьым ешIэ!
[5.72] ШIошъхъуныгъэ яIагъэп моуцштэу зыIощтыгъэхэм: "Алахьыр Мерэм ыкъо Хьисэр ары". Хьисэ ыIуагъ: "О Исраил ыкъохэр! Сэ си Тхьэу, шъори шъуи Тхьэу Алахьым шъхьащэ фэшъуш!!" НэмыкIхэр Алахьым гозгъэуцохэрэр Алахьым джэнэтым ригъэхьэщтхэп. Ахэмэ псэупIэ афэхъущтыр джэхьнэм машIор ары, хэбзэнчъэхэм IэпыIэгъуи агъотыщтэп!
[5.73] Тхьэ закъом фэшъхьаф зыпари Тхьэ щымыIэ пэтзэ, шIошъхъуныгъэ яIагъэп моуцштэу зыIощтыгъэхэм: "Алахьыр ахэмэ ящэнэрэ" Ахэмэ аIорэмкIэ зызамыIажэкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм хьазаб пщыныжь къафэкIощт.
[5.74] Ахэмэ Алахьым зыфамгъэзэнэуи, къафигъэгъунэу Ащ емылъэIунхэуи? Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[5.75] Мерэм ыкъо Хьисэ лIыкIо ныIэп, ащ ыпэкIэ щыIэгъэ лIыкIомэ афэд, ащ янэ цIыф къызэрыкIо шъыпкъагъ. НэбгыритIуми гъомылэ ашхыщтыгъэ. ЩысэтехыпIэхэр Тэ ахэмэ зэрагурыдгъаIорэм еплъ, етIанэ ахэмэ акъыл зэрямыIэм!
[5.76] ЯIу: "Алахьым фэшъхьафэу шъо зэрари феди къышъозыхын зымылъэкIырэм шъхьащэ фэшъошIа? Ау Алахьым зэхехы, ешIэ"
[5.77] ЯIу: "Тхыгъэм еджэхэрэр! Шъуидин шъуемылыекI, мышъыпкъэ хэшъумылъхь, нахьыпэкIэ гъощэгъэ цIыфхэм, бэхэр зыгъэгъощагъэхэм яжъалымагъэ шъукIырымыплъ, гъогу занкIэм дэхыхи, ахэр гъощагъэх".

[5.78] Исраил ыкъохэм ащыщхэу джаурхэм Даутэ ыкIи Мерэм ыкъо Хьисэ аIупэкIэ ябгыгъэх! Ар ауштэу зыкIашIыгъэр ахэр зэрэдэIохъугъэхэм, бзэджашIэхэу зэрэщытыгъэхэм пай.
[5.79] Мыхъунэу ашIэрэм ахэмэ зыфаIажэщтыгъэп. Ахэмэ ашIэщтыгъэр лъэшэу дэи!
[5.80] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэр ахэмэ ащыщыбэхэм ныбджэгъу зэрашIырэр олъэгъу. Ахэмэ апсэхэм нахьыпэкIэ афагъэхьазырыгъэр зэрэдэир! Алахьым ахэмэ губж афишIыгъ, егъашIэм ахэр пщыныжьым хэтыщтых!
[5.81] Ахэмэ Алахьым, лIыкIом, ащ къыфыригъэхыгъэм шIошъхъуныгъэ фыряIагъэмэ, ахэр ныбджэгъукIэ аштэнхэеп, ау ахэмэ ащыщыбэхэр щыкIыгъэх!
[5.82] О, Iо хэлъэп, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэхэм анахь жъалымэу фэмылъэгъуныгъэ къафэзышIыгъэхэр джуртхэмрэ тхьабэ зышIошъ хъухэрэмрэ арэу зэрэщытыр ошIэ, ащ игъусэу ошIэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэхэр анахь лъэшэу шIу зылъэгъухэрэр моущтэу зыIощтыгъэхэр ары: "Тэ тычиристан!" Ар къызхэкIрэр ахэмэ дин пащэхэр, диныр шынкIэу зехьэгъэным икIэщакIохэр зэрахэтхэм пай, ахэмэ загъэпагэрэп.
[5.83] Пегъэмбарым ыпшъэкIэ къыфырагъэхыгъэм ахэр едэIухэ зыхъукIэ, шъыпкъэу ашIагъэм пае анэхэм нэпсыр къызэракIэчъырэр олъэгъу. Ахэмэ аIо: "Ярэби я Алахь! Тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ тшIыгъэ, кIэгъожьыгъэхэм тэри тахатх!
[5.84] Сыд пае тэ Алахьыми шъыпкъэу къытфакIорэми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтымышIыщта? ШIу зышIэрэ цIыфхэм ти Тхьэ тэри ащыщ тишIы тшIоигъу".
[5.85] Ахэмэ аIощтыгъэм пае Алахьым джэнэтыр тын афишIыгъ, ахэр егъашIэм ащ исыщтых. ШIу зышIэхэрэм джары ятыныр.
[5.86] Адырэхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэу, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр джыхьнэм машIом щыпсэущтых!
[5.87] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъощ пае Алахьым шIоу къыгъэшIыгъэр шъушхын шъуфимытэу шъумышIы. Зэфэнчъэу шъумызекIу, сыда пIомэ, мызафэхэр Алахьым шIу ылъэгъухэрэп!
[5.88] Шъушхын шъуфитэу Алахьым къышъуитыгъэ шIуагъэхэр шъушхых. шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зыфэшъушIыгъэ Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ!
[5.89] Шъо Iуагъэу шъушIыхэрэм шъхьэпсынкIагъэу къахэжъугъафэрэм пае Алахьым шъуигъэпщынэщтэп, ау Iуагъэу зытешъулъхьажьырэмэ апае Ащ шъуегъэпщынэ. А псэкIод шIагъэм пщыныжь тегъэкIэу иIэн ылъэкIыщтыр шъо шъуиунагъомэ яжъугъэшхырэ шхыным фэдэкIэ тхьамыкIэ нэбгырипшI жъугъэшхэныр е ахэр шъуфэпэнхэр, е пщылIыр шъхьафит шъушIыныр. Ар зыфэмылъэкIыщтым мэфищэ ынэкIын фае. Iуагъэу зыфэшъушIыжьыгъэхэр джары зэрэзытешъухыжьыщтхэр. Iуагъэу шъушIыгъэхэр жъугъэцэкIэжьых. Джауштэу Алахьым щысэтехыпIэхэр къыжъугурегъаIох, разэ шъухъункIи мэхъу!
[5.90] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъоныр, ахъщэ ешIэныр, мыжъосынэмэ къурмэн афэпшIыныр, щэбзэоныр шэйтаным уигъэшIэрэ бзэджагъэмэ ащыщых. Ахэр хьэрамышъ, защышъудзый, насыпышIо шъухъункIи мэхъу!
[5.91] Санэмрэ ахъщэ ешIэнымрэкIэ шэйтаным шъуазыфагу пыиныгъэрэ фэмылъэгъуныгъэрэ къырилъхьэ шIоигъу, Алахьыри нэмаз шIынри шъугу къэмыкIыжьынхэм фай. Шъо зышъумыIэжэнэуи?
[5.92] Алахьым шъуфэIорышI, Ащ илIыкIо шъуфэIорышI, шъузфэсакъыжь. Шъо ащ шъугокIэу шъукъызэкIакIомэ, зэжъугъашIэ. Тэ тилIыкIо иIофыр шъыпкъэр зэхэугуфыкIыгъэу къыIожьыныр ары.

[5.93] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу шIу зышIэхэрэм ашхырэмкIэ мысагъэ ателъэп Тхьэм ищынагъо агу илъэу, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыгъэу, IофышIухэр ашIэхэу щытыгъэхэмэ, етIанэ Тхьэм ищынагъо агу илъэу, шIу ашIэу щытыгъэхэмэ, шIу зышIэхэрэр Алахьым шIу елъэгъух!
[5.94] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъэфэу ащ ищынагъо зыгу илъыр Алахьым ышIэным пае шэкIоным, е IэкIэ, е щэбзащэкIэ къаещыжъугъотырэмкIэ Алахьым шъуеушэты. Ащ ыуж зэфэнчъэу зекIорэм лыуз пщыныжь фыщылъ.
[5.95] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ЧэбэкIо чэсэй щыгъыныр шъущыгъэу шэкIоным къыщышъуубытхэрэр шъумыукI, шъуащыщэу ышIэзэ ар зышIэрэм иунэгъо былым щыщэу сыд фэдэми ыукIыгъэм тефэрэм фэдиз ытыжьыщт. Шъо шъущыщэу цIыф зэфитIу Чабэм арагъэщэнэу ар агъэнэфэщт, псэкIод шIагъэр зытепхыжьыным пае тхьамыкIэхэр бгъэшхэщтых, е изекIуакIэ зэрэхэбзэнчъэр гурыIоным пае нэкIыкIэ зэблихъущт. ЫпэкIэ хъугъэр Алахьым къыпфигъэгъущт, ау етIани зышIэрэм Алахьым фигъэгъущтэп. Алахьыр ины, фэмыгъэгъуныр ыIэ илъ!
[5.96] Шъо хым (пцэжъые) шъущешэн, шъори гъогу тетхэми шъушхын шъуфит, ау ЧэбэкIо чэсэй щыгъыныр шъущэгъыфэ, гъушъапIэм (псэушъхьэхэр) къыщышъуубытынхэ шъуфитэп. Шъо зыдэжь жъугъэзэжьыщт Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ!
[5.97] ЦIыфмэ апае унэ лъапIэу Чабэр, мэзэ лъапIэр, къурмэныпхъэ былымыр, гъэдэхалъэхэр Алахьым ыгъэуцугъэх. Ар аущтэу зыкIишIыгъэр уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым ыIэ зэрилъыр, Алахьым зэкIэ щыIэр зэришIэрэр шъушIэным пай.
[5.98] ЗэжъугъашIэ, уигъэпщынэнкIэ Алахьыр лъэш, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[5.99] ЛIыкIом ышIэн фаер къыIожьыныр ары ныIэп. Шъо къэжъугъэлъагъори жъугъэбылъыри Алахьым ешIэ!
[5.100] ЯIу: "Дэир бэ дэдэу ащ о удехьыхыми, дэимрэ дэгъумрэ зэфэдэхэп". Акъылыр шъуиунаеу Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, насыпышIо шъухъункIи мэхъу!
[5.101] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Нафэ къышъуфэхъумэ, гукъао шъозгъэшIыщтхэм шъуакъыкIэмыупчI, КъурIаныр къызшъуфехыкIэ, ахэмэ шъуазыкIэупчIэрэм, нафэ къышъуфэхъущтых. Ахэмэ апае Алахьым къышъуфигъэгъугъ. Алахьым къыпфегъэгъу, шъабэ.
[5.102] Шъо шъуапэкIэ ахэмэ цIыфхэр къакIэупчIагъэх, етIанэ ахэр ашIошъ мыхъоу къычIэкIыжьыгъэх.
[5.103] Алахьым бахьири, саиби, васили, хьами ыгъэуцугъэхэп, ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм Алахьым имыхьакъ тыралъхьэ, ахэмэ анахьыбэмэ къагурыIорэп.
[5.104] Ахэмэ зэраIокIэ: "Алахьым къышъуфыригъэхыгъэмрэ лIыкIомрэ адэжь шъукIу", ахэмэ аIо: "ТэркIэ икъущт тятэхэм ядгъотылIагъэр!" Ахэмэ ятэхэм зыпари амышIэщтыгъэми гъогу занкIэм рымыкIощтыгъэхэми, ара?
[5.105] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо шъутелъыр шъупсэмэ шъуафэгумэкIыжьыныр ары ныIэп. Шъо занкIэу шъокIомэ, гъощагъэм лые къышъуихыщтэп. Шъо зэкIэми Алахьым дэжь жъугъэзэжьыщт, шъушIэщтыгъэр Ащ къышъуиIожьыщт!
[5.106] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъуащыщ горэм лIэныгъэр къызекIукIэ, осыет къызщишIыжьыщт уахътэм зэфагъэ зыхэлъ нэбгыритIу шъущыщхэу е гъогу шъутетэу химэ чIыгу хьадэгъум итхьамыкIагъо къызышъушхьарыхьэрэм, шъущымыщ нэбгыритIу шыхьат хъунхэу щыIэн фае. Шъо шъуеджэнджэшымэ, нэмаз ужым ахэр зэтешъуIажэх. Алахьым ыцIэкIэ ахэмэ тхьэ аIощт: "Iахьылхэм апаеу щытми, ар

сыд фэдэ уасэкIи тщэщтэп, Алахьым къыушыхьатрэ тхылъыр дгъэбылъыщтэп. Аущтэу зыхъурэм, псэкIодыбэ зышIагъэмэ ащыщэу тэ тыщытыни!"
[5.107] Шъыпкъагъэ ахэмылъэу зекIуагъэхэу а нэбгыритIур къызычIэкIыкIэ, нэмыкI нэбгыритIу нахь яфэшъуашэу адырэхэм ачIыпIэ къиуцощт. Ахэмэ Алахьым ыцIэкIэ тхьэ аIощт: "Тэ къэтыушыхьатырэр адырэ нэбгыритIум къаушыхьатыгъэм нахь шъыпкъэщт. Тэ шъыпкъэм тыгокIыщтэп, армырмэ, диныр зышIошъ мыхъурэмэ ащыщэу тыщытыни".
[5.108] ИщыкIэгъэ шыхьатыр къатын фаеу ащ ышIыщтых, ахэмэ ауж тхьарыIом ыуж тхьарыIо джыри ашIыжьыным щыщынэщтых. Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, шъуедэIу, цIыф лъэпкъ щыкIыгъэм Алахьыр пащэ фэхъурэп!
[5.109] Зэгорэм Алахьым илIыкIохэр ыугъоинхэшъ ариIощт: "Шъо сыда джэуапэу къышъуатыгъэр?" ахэмэ аIощт : "Тэ шIэныгъэ тиIэп, шъэфыхэр Оры зышIэрэр".
[5.110] Джащыгъум Алахьым ыIощт: "Мерэм ыкъоу о Хьис! Ори уяни Сэ шIоу къышъуфэсшIагъэр, псэ лъапIэ Сэ къызэрэпхэслъхьагъэр угу къэгъэкIыжь. Кушъэм узхэлъми ины узэхъуми о цIыфмэ уадэгущыIэщтыгъ. Мары, Сэ озгъэшIэгъэ КъурIаныр, Iушыгъэр, Библиер, Евангелиер, мары, Сэ сиIизын хэлъэу бзыумэ яхьщырхэр ятIэм хэпшIыкIыщтыгъэх, ахэмэ уяпщэти, Сэ сиIизын хэлъэу бзыу хъущтыгъэх. Сэ сиIизын хэлъэу нэшъухэр, шъуаджэхэр бгъэхъужьыщтыгъэх, Сэ сиIизын хэлъэу лIагъэхэр къэбгъэхъужьыщтыгъэх. Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр уиIэхэу Исраил ыкъохэм адэжь укъызэкIом, ахэмэ Сэ уязгъэубытыгъэп. Ахэмэ ащыщхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм аIуагъ: "Ар гъэнэфагъэу шхъухьэ Iоф!"
[5.111] Хьисэ ригъэджагъэмэ Сэ ашIошъ згъэхъугъэ: "Сэри Сэ силIыкIуи шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэшъушI" Ахэмэ аIуагъ: "Тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ тшIыгъэ, тызэрэфэIорышIэрэр къэушыхьат!"
[5.112] Мары, Хьисэ ригъэджагъэмэ аIуагъ: "Мерэм ыкъоу о Хьис! О уи Тхьэ уашъом Iанэ къытфырарigъэхын ылъэкIыщта?" Ащ ариIуагъ: "Тхьэр шъушIошъ мэхъумэ, Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ!"
[5.113] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ а Iанэм тыщышхэ тшIоигъу, тыгухэри Iэсэщтых, о шъыпкъэ къызэрэтэпIуагъэри тшIэщт, ащ шыхьати тыфэхъущт.
[5.114] Мерэм ыкъо Хьисэ ыIуагъ: "Ярэби я Алахь! Уашъом Iанэ къытфегъэх! Ар тащыщэу апэрэми, тащыщэу аужырэми мэфэкI фэхъущт. О уадэжь къикIырэ щысэ тфэхъущт. Тэ тыгъашх, сыда пIомэ зыгъашхэхэрэм зэкIэ О уанахьышIу!"
[5.115] Алахьым ыIуагъ: Сэ ар къышъуфезгъэхын, ау шъуащыщэу шIошъхъуныгъэ зимыIэу къанэрэр цIыфмэ ащыщэу зыпари дунаим зэрэщысымыгъэпщынагъэу Сэ згъэпщынэщт!"
[5.116] Мары, Алахьым ыIуагъ: Мерэм ыкъоу о Хьис! О цIыфмэ япIогъэна: "Алахьым фэшъхьафэу,сэри сэ сяни тхьитIоу тышъушт?" Ащ ыIуагъ: "Щытхъур о уадэжь! Сэ сызфимытыр сыдэущтэу ясIона? Сэ ясIуагъэмэ, О ар ошIэ. Сэ сыгу илъыр О ошIэ, ау О угу илъыр сэ сшIэрэп: гъэбылъыгъэри О ошIэ.
[5.117] О унашъоу къэпшIыгъэм фэшъхьаф сэ зыпари ахэмэ ясIуагъэп: "Сэ си Тхьэу, шъори шъуи Тхьэу Алахьым шъхьащэ фэшъушI!" Ахэмэ сахэтыфэ, сэ сышыхьатыгъ, ау сыздэощэежьым Оры ахэмэ ухъумакIоу яIагъэр, О зэкIэмэ уряшыхьат.
[5.118] О ахэр бгъэпщынэхэмэ, ахэр О уиIумэтых, О ахэмэ афэбгъэгъумэ, оры иныр, Iушыр!"
[5.119] Алахьым ыIуагъ: "Ар мафэу шъыпкъагъэ зиIэхэм яшъыпкъагъэ федэ зыщафэхъущтыр ары. Ахэр джэнэтым ихьащтых, егъашIэм исыщтых". Алахьыр ахэмэ къафэраз, ежьхэри Алахьым фэразэх. Ар хэхъоныгъэ ин дэд!

[5.120] Уашъори, чIыгури, ахэмэ ащыIэри Алахьым ыIэ илъ. Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп!

ААлIанхьам

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[6.1] Уашъори чIыгури къэзгъэшIыгъэу, шIункIыри нэфыри зыгъэпсыгъэу Алахьым щытхъур ыдэжь! ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм я Тхьэ фагъадэхэрэр гуагъэуцох.
[6.2] Ар шъо ятIэм шъухэзышIыкIыгъэр ары, етIанэ шъукъэхъуным пае ищыкIэгъэ уахътэр ыгъэуцугъ, шъуеджэнджэшми, гъашIэм пIалъэу иIэр гъэнэфагъэу Ащ дэжь щыI!
[6.3] Алахьыр уашъоми чIыгуми ащыI, шъуушъэфыри, къэжъугъэлъагъори, зэжъугъэгъотри ешIэ.
[6.4] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ ащыщэу сыд фэдэ Iэятэ ахэмэ къафэкIуагъэми, акIыб фагъазэщтыгъэ!
[6.5] Ахэмэ шъыпкъэр къызафакIом, ар пцIыкIэ алъытагъ. Ахэмэ кIэнэкIалъэ ашIыщтыгъэмэ афэгъэхьыгъэ къэбархэр къафэкIощт!
[6.6] Ахэмэ апэкIэ щыIэгъэ цIыф лIэкъо пчъагъэу Тэ дгъэкIодыгъэр амышIэнэуи? Шъо хабзэу шъотымыгъэгъотыгъэм фэдэ Тэ ахэмэ чIыгум хабзэ щядгъэгъотыгъагъ, уашъом гъэбэжъу ощхыр къафедгъэхыщтыгъ, якIэйхэм псыхъохэр арычъэхэу тшIыгъагъэ, ау япсэкIодышIагъэмэ апае Тэ дгъэкIодыгъэх, ащ ыуж ахэмэ ачIыпIэ нэмыкI лIакъо къэдгъэхъугъ.
[6.7] Тхыгъэр чъыг кIышъом тетхагъэу Тэ о къыфедгъэхэу, ахэр ащ аIэхэмкIэ теIэбэгъагъэхэми, шIошъхъуныгъэ зымышIыгъэхэм аIони: "Ар гъэнэфагъэу шхъухьэ".
[6.8] Ахэмэ аIуагъ: "Ащ мэлаIичыр къыфыригъэхыгъэу щытыгъэмэ!" Тэ мэлаIичыр къедгъэхыгъагъэмэ, Iофыр ухыгъэ хъуныгъи, етIанэ ахэмэ япIалъэ ащ щаухыни!
[6.9] Тэ мэлаIич ар тшIыгъагъэмэ, ар лIы тшIыни, ежьхэм ашIузэхэкIухьагъэр нахь инэу Тхьэм ашIузэхигъэкIухьани.
[6.10] О уапэкIэ щыIэгъэ лIыкIохэм акIэнэкIэгъахэх, ау ахэмэ акIэнакIэщтыгъэхэм зыдэхьащхыщтыгъэхэр къанэсыгъ.
[6.11] ЯIу: "Мы чIыгум шъурыкIуи шъуеплъ, ахэр пцIыусыкIэ зылъытэщтыгъэхэм кIэухэу афэхъугъэм!"
[6.12] ЯIу: "Уашъомрэ чIыгумрэ ащыIэр хэта зыIэ илъыр ?" ЯIу: "Алахьыр ары! Ащ Ежь=ежьырэу унашъо зыфишIыжьыгъ гукIэгъушIэнэу, щэч хэмылъэу къаймэт мафэм Ащ шъуиугъоищт! Ежь=ежьырэу лые зэзыхыжьыгъэхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп!
[6.13] Чэщыри мафэри хъурэр Ащ ыIэ илъ, Ащ зэхехы, ешIэ!"
[6.14] ЯIу: "Уашъори чIыгури къэзгъэшIыгъэу, Алахьым фэшъхьафэу сэ сыкъиухъумэнэу нэмыкI горэ сштэна? ЗэкIэми ашхыщтыр Ащ къареты. Ежь шхэ шIоигъоу щытэп", ЯIу: "Ащ фэIорышIэрэмэ сэ апэ ситынэу унашъо къысфашIыгъ. Шъо тхьабэ зышIошъ хъурэмэ ащыщ шъумыхъу!"
[6.15] ЯIу: "Сэ си Тхьэ сыфэмыIорышIэмэ, мэфэшхо пщынэжьым сыщэщынэ!"
[6.16] А мафэм ар зытырихырэм, Ащ фигъэгъугъ, ар гъэхъэгъэ наф!
[6.17] ТхьамыкIагъо горэ Алахьым къызыфигъакIокIэ, Ежь фэшъхьафэу ар птезыхыжьын щыIэп. Ащ шIу къыпфишIагъэмэ... Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп!
[6.18] Ежь иIумэтхэр Ащ ыIэ илъых. Ар Iуш, ешIэ!
[6.19] ЯIу: "КъыушыхьатынымкIэ хэта анахь шъыпкъэр?" ЯIу: "Шъорырэ сэрырэ тазфагу шыхьатэу Алахьыр ит. Шъори ар зылъыIэсыгъэхэри шъуезгъэджэным пае КъурIаныр сэ сфызэIухыгъ. Шъорыба зышIошъ хъурэр Алахьым игъусэу нэмыкIытхьэхэр щыIэхэу?"

ЯIу: "Сэ сшIошъ хъурэп". ЯIу: "Алахьыр зы, Ащ нэмыкIхэр фэжъугъадэхэу зэрэгожъугъэуцохэрэм сэ сиIоф хэлъэп".
[6.20] Тэ Библиер зэттыгъэхэм якIалэхэр зэрашIэрэм фэдэу ар ашIэ. Ежь=ежьырэу лые зэзыхыжьыгъэхэм шIошъхъунымгъэ шъыпкъэ яIэп!
[6.21] Алахьым имыхьакъ тезылъхьэрэм е Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэхэрэм анахь мызафэ хэт хъужьына? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, диныр зышIошъ мыхъухэрэр насыпышIо хъущтхэп!
[6.22] Ахърэт мафэм ахэр зэкIэ Тэ тыугъоищтых ыкIи Ащ нэмыкIхэр фагъадэхэу гозгъэуцохэрэм етIанэ ятIощт: "Шъо къэшъуугупшысыгъэхэу Алахьым гожъугъэуцощтыгъэхэр тэ щыIэха?"
[6.23] Ахэмэ мощтэу къызэраIощтым фэшъхьафэу ушъхьагъу яIэщтэп: "Алахьэу тэ ти Тхьэм ыцIэкIэ тхьэ тэIо, тэ тхьабэ тшIошъ хъоу щытыгъэп!"
[6.24] Ахэмэ ежьхэм пцIы зэрэзытыралъхьэжьырэм еплъ ыкIи къаугупшысыгъэхэм ахэр афэежьыщтхэп!
[6.25] О къыодэIу зышIоигъохэр ахэмэ ахэтых, ау КъурIаныр къагурымыIоным пае Тэ ахэмэ агухэм техъонхэр афэтшIыгъэх, атхьакIумэхэр дэгу тшIыгъэх. ЗэкIэ Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ахэмэ залъэгъукIэ, ашIошъ хъущтэп, арышъ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэр уадэжь къакIохэу, ахэр о къыонэкъокъухэ зыхъукIэ, аIощт: "Ар ижъыкIэ щыIэгъэ цIыфхэм афэгъэхьыгъэ пшысэх ныIэп!"
[6.26] Ахэмэ нэмыкIхэри ащ кIэращых, ежьхэри ащ гокIых, ау ахэмэ ежьхэм загъэкIодыжьы ныIэп, ар ашIэрэп.
[6.27] Джэхьнэм машIом ыпашъхьэ ахэр итыхэ зыхъукIэ, о плъэгъугъэмэ. Джащыгъум ахэмэ аIощт: "Тызхэтыгъэ гъашIэм тэ тагъэгъэзэжьыгъэмэ, ти Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр тэ пцIыкIэ тлъытэныехэп ыкIи шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэмэ ащыщэу тыщытыни!"
[6.28] Ары, нахьыпэм ахэмэ аушъэфыщтыгъэр Алахьым ыпашъхьэ нафэ къыщыхъугъ, зыхэтыгъэхэ щыIакIэм ахэмэ арагъэгъэзэжьыгъагъэмэ, зызфаIажэщтыгъэм фагъэзэжьыни! Ахэр гъэпцIакIох.
[6.29] Ахэмэ аIо: "ЩыIэр зы щыIэныгъэ шъыпкъ, тэ тыкъагъэхъужьыщтэп".
[6.30] Я Тхьэ ыпашъхьэ ахэр зэрэрагъэуцожьыщтхэр о плъэгъугъэмэ! Ащ ыIощт: "Мыр шъыпкъэба?" Ахэмэ аIощт: "Ары, ти Тхьэ ыцIэкIэ тхьэ тэIо!" Ащ ыIощт: "Шъо джарэу шъузэрэщытыгъэм пае къин шъухъу!"
[6.31] Алахьым ыпашъхьэ зэрихьэжьыщтхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр чIэнагъэ ашIыгъэу къэнагъэх, ау ошIэ=дэмышIэу ахэмэ а сыхьатыр къызякIум, ахэмэ аIуагъ: "Тэ пхъэтэпэмыхь тшIыщтыгъэм пае сыдэу тынасыпынчъа!" Ахэмэ акIыбмэ арылъхэу япсэкIодшIагъэхэр ахьыщтых. Ары, дэи ахэмэ ахьыщтхэр!
[6.32] ГъашIэу шъузхэтыр гуIэныгъ, нэпIэхъ ныIэп; Тхьам ищынагъо зыгу илъхэмкIэ ахърэт гъашIэр нахьышIу. Ар шъо къыжъугурыIорэба?
[6.33] Ахэмэ аIорэм о угу зэрэхигъэкIрэр Тэ тэшIэ. Ахэмэ о уизакъоп пцIыусыкIэ алъытэрэр, диныр зышIошъ мыхъухэрэм Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэри щагъэзыех!
[6.34] Тэ тиIэпыIэгъу ахэмэ къафэмыкIофэ, О уапэкIэ щыIэгъэ лIыкIохэр пцIыусыкIэ алъытэщтыгъэх, ахэр пцIыусыкIэ зэралъытэщтыгъэхэр, нэпч зэрэрафыщтыгъэхэр ахэмэ ащыIэщтыгъэ. Алахьым игущыIэхэр зэблэхъугъэ хъухэрэп. А лIыкIомэ афэгъэхьыгъэ къэбархэр О къыонэсыгъэхэба.

[6.35] Ахэр зэрэбгокIыгъэхэр О къызэрэохьылъэкIрэм пае, О пфэлъэкIынэу щытыгъэмэ, ощ пае чIыгум тIуакIэ фэпшIыни е уашъом лъэой еудзыни, ахэмэ Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэ горэ ябгъэлъэгъуным пае! Алахьыр фэягъэмэ, Ащ зы гъогу занкIэ ахэр тыриугъоенхи; шIэныгъэ макIэ зиIэмэ ащыщ зымышI!
[6.36] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, фэIорышIэхэрэр Ащ зэхехых, Алахьым лIагъэхэр къыгъэхъужьыщтых, етIанэ ахэмэ Ащ ыдэжь агъэзэжьыщт.
[6.37] Ахэмэ аIо: "И Тхьэ дэжь къикIэу ащ Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэ горэ къыфехыгъэмэ!" ЯIу: "Iэятэ къыригъэхынымкIэ Алахьыр лъэш, ау ахэмэ ащыщыбэмэ ар ашIэрэп!"
[6.38] Шъо шъуфэдэ куп зэхэмытэу чIыгум псэушъхьи тамэ готэу быбырэ бзыуи тетэп. Тэ мы тхыгъэм зыпари щыблэттIупщыгъэп, етIанэ шъуи Тхьэ дэжь ахэр щаугъоижьыщтых.
[6.39] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр дэгух, бзакох, шIункIым хэтых. Алахьыр зыфаер гъогум дегъэхы, зыфаер гъогу занкIэм тырегъэуцо.
[6.40] ЯIу: "Шъо шъыпкъэныгъэ шъуиIэмэ, Алахьым ипщынэжь къышъуфакIомэ е аужыпкъэрэ сыхьатыр къышъушъхьарыхьэмэ, нэмыкI горэм ыцIэ къешъумыIоу, Алахьым шъузэреджэрэр шъущыщ пэпчъ ылъэгъурэба?"
[6.41] Ары! Шъо Ащ шъукъеджэ, шъузфелъэIурэр фаемэ ащ шъутырехы, Ащ фэмыдэхэр зэрэгожъугъэуцохэрэр шъущэгъупшэжьы.
[6.42] УапэкIэ щыIэгъэ цIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм Тэ лIыкIохэр афэдгъэкIогъагъэх, тхьамыкIагъохэмкIэ, къинлъэгъухэмкIэ ахэр къэтыубытыщтыгъэх, ахэр къешIунхэкIи мэхъу!
[6.43] Тэ тиIэпыIэгъу ахэмэ къызафакIом, ахэр къешIугъэхэмэ! Ау ахэмэ агухэр жъалым хъугъэх, ахэмэ ашIэщтыгъэхэр шэйтаным афигъэдэхагъэх!
[6.44] АрагъэшIагъэр защэгъупшэжьым, Тэ ахэмэ зэкIэ ашIоигъом икъэлапчъэхэр афызэIутхыгъэх. Ахэмэ аратыгъэм игушIо хэтхэзэ, Тэ ошIэ=дэмышIэу ахэр тыубытыгъэх, джы мары гукIодыгъо хэтых.
[6.45] Ащ фэдэ цIыф лъэпкъэу псэкIодыбэ зышIагъэр аужыпкъэрэ цIыфым нэсэу гъэкIодыгъэ хъугъэ. Зэрэдунае и Тхьэ Алахьым щытхъур ыдэжь!
[6.46] ЯIу: "Алахьым шъо дэгу, нэшъу шъуишIэу, шъугухэр зэфишIыхэмэ, Алахьым фэшъхьаф нэмыкIытхьэ горэм ахэр къышъуитыжьынхэу шъуегупшыса ?" Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ пчъагъэу Алахьым къышъуфыригъэхрэм шъуеплъ. Ау ащ ыужым ахэмэ акIыб къагъазэ.
[6.47] ЯIу: "Шъушъхьэ шъуегупшысагъа, ошIэ=дэмышIэу е шъхьэихыгъэу Алахьым ипщыныжь къызыкIокIэ, псэкIодышIэгъабэ зиIэ цIыфхэм афэшъхьафэу, цIыфхэр гъэкIодыгъэхэ хъунха?
[6.48] КъэбарышIухэр араIонхэу, яушъыихэзэ шIошъхъуныгъэ арагъэшIынхэу Тэ мэкъэгъэIухэр афэтэгъакIох ныIэп, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, цIыфышIу хъугъэхэм щынагъо ашъхьарытыщтэп, чэфынчъэ хъущтхэп!
[6.49] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэм, псэкIодшIэгъабэ зэряIэм пае, пщыныжьыр анэсыщт!
[6.50] ЯIу: "Алахьым имылъку гъэтIылъыпIэ сиIэу шъуасIорэп, шъэфыри сшIэрэп, сымэлаIичэуи шъуасIорэп. Сэ сызэрыкIорэр нафэ къысфэхъурэр ары ныIэп". ЯIу: "Нэшъумрэ зылъэгъурэмрэ зэфэдэ хъунха? Шъо акъыл къэжъугъотыжьынба?"
[6.51] Я Тхьэ ыпашъхьэ ихьажьыным щыщынэхэрэм нэфагъэ зыхэлъымкIэ яушъыизэ агурыгъаIу. Ащ фэшъхьафэу ахэр къэзыухъумэнхэрэ гъусэрэ яIэп, Тхьэм ищынагъо агу илъэу ахэр хъунхэкIи мэхъу!

[6.52] Ащ ынапэ лъыхъухэзэ, пчэдыжыми пчыхьэми зинэмаз уахътэ я Тхьэ пэзгъохыхэрэр о зыкIэрымыфых. Пчэдыжъми пчыхьэми зинэмаз уахътэ я Тхьэ пэзгъохыхэрэр зыкIэрыпфынхи, диныр зышIошъ мыхъурэмэ ащыщ ухъунэу, сыд лIэужыгъуи о ахэмэ адэплъэгъужьыныр уиIофэп, ежьхэми сыд лIэужыгъуи о къыбдалъэгъужьынэу яIофэп.
[6.53] Ахэмэ аIоным пае джаущтэу зы купыр нэмыкI купыкIэ тэушэты: "Тэ къытхэтхэм ащыщхэу ахэрара Алахьым шIу къызфишIагъэхэр?" Разэхэр Алахьым нахьышIоу ышIыхэрэба?
[6.54] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышIыгъэхэр уадэжь къызыкIохэкIэ, яIу: "Сэлам алейкум!" Шъо шъуи Тхьэ ежь=ежьырэу гукIэгъушIэ нэу унашъо зыфишIыжьыгъ: ШъуащыщэУ бзэджагъэ зышIэу етIанэ кIэгъожьэу цIыфышIу хъужьырэм Ащ фегъэгъу, гукIэгъушI.
[6.55] ПсэкIодышIэгъабэ зиIэхэу дгъэмысэхэрэм ягъогу нафэ хъуным пае джаущтэу джа щысэтехыпIэхэр Тэ зэхэугуфыкIыгъэхэу къитэIотыкIых!
[6.56] ЯIу: "Алахьым фэшъхьафэу шъхьащэ зыфэшъушIыхэрэм сэ шъхьащэ афэсшIын сыфитэп. ШъуишIоигъоныгъэхэм сэ салъыкIощтэп, ащыгъум сэ гъощагъэ сыхъуни, гъогу занкIэ рыкIохэрэм сащыщэу сыщытыныеп".
[6.57] ЯIу: "Сэ си Тхьэ ишIэныгъэ зэхэугуфыкIыгъэ сытет, шъо ар пцIыкIэ шъолъытэ. Шъо псынкIэу къэжъугъэхъунэу шъузыфаер сэ сIэ илъэп. Унашъо зышIырэр Алахьыр ары: Ащ шъыпкъэр къыгъэлъэгъощт, унашъо зышIыхэрэм Ар анахьышIу!"
[6.58] ЯIу: "Шъо сызфэжъугъэгуIэрэр сIэ ильэу щытыгъэмэ, Iофыр сэрырэ шъорырэ тазфагу ухыгъэ щыхъуни: Зэфагъэ зыхэмылъхэр Алахьым нахьышIоу ешIэх!
[6.59] Шъэфым иIункIыбзэIуххэр Ащ дэжь щыIэх; ахэр зышIэрэр а зыр ары. Гъушъэм щыIи хы кIыIум щыIи Ащ ешIэ, Ащ ишIэ хэмылъэу зы чъыг тхьапи къефэхрэп, чIыгу шIункIым зы лэжьыгъаци хэлъэп, уц къэкIыгъакIи гъугъи щыIэп тхылъ зэхэугуфыкIыгъэм дэмытын.
[6.60] Чэщым игъом Ащ шъуегъэгупсэфы, мафэм къыкIоцI къызфэжъугъотыжьрэр ешIэ, шъо гъашIэу жъугъэшIэщтыр икъуным пае а уахътэм чэфыгъо шъухегъэлъы. Ащ ыуж Ащ ыдэжь жъугъэзэжьыщт, джащыгъум шъутыгъэр Ащ къышъуигъэлъэгъужьыщт.
[6.61] Ежь иIумэтхэр Ащ ыIэ илъых ыкIи мэлаIич ухъумакIоу шъо шъушъхьарытыщтхэр Ащ къышъуфегъакIох. Шъо шъуащыщ горэм лIэныгъэр къызыфакIокIэ, Тэ тималаIич лIыкIохэм ар агъэлIэщт, ахэмэ зыпари благъэкIрэп.
[6.62] ЕтIанэ Тхьэм иIумэтхэм я Тхьэ шъыпкъэу Алахьым дэжь агъэзэжьыщт. Ащ хабзэр ыIэ илъ, къыпфилъэгъущтымкIэ Ар зэкIэмэ анахь IэшIэх!"
[6.63] ЯIу: "Гъушъэмрэ химрэ ашъхьарыт шIункIым шъо хэта шъущызыухъумэрэр. Ащ пэIожьынчъэу ыкIи шъэфэу шъуелъэIу зыхъукIэ: "Тэ ащ тыщыуухъумэмэ, къыпфэразэхэм ащыщ тыхъущт?"
[6.64] ЯIу: "Ащи, сыд фэдэ тхьамыкIагъуи Алахьым шъо шъуащеухъумэ, етIанэ Ащ емыпэсыгъэхэр гошъогъэуцох".
[6.65] ЯIу: "Ащ лъэкIышхо иI, пщынэжьыр уашъом къышъуфыригъэхыни, шъулъэгучIэгъ къычIигъэкIыни, куп зэмызэгъымэ афэдэ шъуишIыни, зым адырэм тхьамыкIагъоу ришIэн ылъэкIыщтыр зэхышъуигъэшIэнэу лъэкI иI". ЩысэтехыпIэхэр Тэ зэрахэдгуащэхэрэм яплъ, ахэмэ къагурыIонкIи мэхъу!
[6.66] Ар шъыпкъэу щыт пэтзэ, о уицIыф лъэпкъ КъурIаныр пцIыкIэ ылъытагъ. ЯIу: "Сэ телъхьэ сышъуфэхъурэп".
[6.67] Къэхъущт пэпчъ ежь иуахътэ гъэнэфагъэ, ар шIэхэу къэшъушIэщт!"

[6.68] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм афэгъэхьыгъэу гущыIэ нэкIым икуупIэм хахьэхэрэр зыплъэгъукIэ, нэмыкI къэбар горэм хелъэсэфэхэкIэ, о ахэмэ уакIыб афэгъаз. Ар шэйтаным пщигъэгъупшэмэ, зыкъызэрэошIэжьэу, а псэкIодышIэгъабэ зиIэ цIыфхэм уадэгущыIэу ущымысыжь.
[6.69] Тхьам ищынагъо зыгу илъхэм сыд фэдэкIи яупчIыщтхэп, ау агу къагъэкIыжьын фае ныIэп, ахэр Тхьам ищынагъо агу илъэу хъунхэкIи мэхъу!
[6.70] Зидин джэгуалъэ, кIэнэкIалъэ зышIыхэрэм ауж икI: Ахэр гъашIэу зыхэтхэм дихьыхыгъэх! КъурIанымкIэ ахэмэ агурыгъаIу ыштагъэм пае псэр зэрэкIодыщтыр Алахьым фэшъхьафэу ащ IэпыIэгъуи е ухъумакIуи иIэп. Сыд лIэужыгъокIи ар зэблихъунэу фежьагъэми, Iахыщтэп. Ахэр аштагъэм екIодылIагъэхэр арых. Ахэмэ псы афэхъущтыр псэу къажъорэр ары, зэрэджаурхэм пае тхьамыкIэгъо пщыныжьыр афыщылъ.
[6.71] ЯIу: "Алахьым фэшъхьафэу зишIуагъи зиягъи къытэмыкIырэм тэ телъэIущтэп, шэйтаным шъоф нэкIым щигъэгъуащи, ышIэщтыр ымышIэу къэнагъэм фэдэу, Алахьым гъогу занкIэм тытырищэгъахэу дгъэзэжьынышъ, тилъэужмэ тарыкIожьыщтэп. Гъогу занкIэм ращэлIэнэу ащ къеджэхэрэ ныбджэгъухэр иIэх: "Тадэжь къакIо!" ЯIу: Алахьым игъогу гъогу шъыпкъэу щыт, тэ зэрэдунаеу и Тхьэ тыфэIорышIэнэу унашъо тиI.
[6.72] Къытфагъэпытагъ: "Нэмазыр къэшъулэжь, Ащ ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, ар зыдэжь жъугъэзэжьыщтыр ары!"
[6.73] Зытетым тетэу уашъори чIыгури къэзгъэшIыгъэр Ары, а мафэу Ащ къызеIом: "Къэхъу!" ахэр щыIэ хъугъэх. Ащ игущыIэ шъыпкъэ. Сырынэм къызщепщэхэрэ мафэм Ащ дунаир ыIэ илъ: Ар шъэфыми нафэми ишыхьат. Ар Iуш, ешIэ!
[6.74] Зэгорэм Ибрахьимэ ятэу Азарэ риIуагъ: "Мыжъосынхэр о тхьэкIэ пштэнхэуи? Ори о уикупи гъэнэфагъэу зэрэгъощагъэхэр сэлъэгъу".
[6.75] Теубытагъэ иIэным пае уашъори чIыгури зыIэ илъыр Ибрахьимэ Тэ етэгъэлъэгъу.
[6.76] Ащ чэщыр къызышъхьарэхьэм, жъуагъор ылъэгъугъ, ыIуагъ: "Ар сэ си Тхь!" Жъуагъор зыкъуахьэм, ыIуагъ: "Къохьажьхэрэр шIу слъэгъухэрэп".
[6.77] Мазэр къыкъокIэу ащ зелъэгъум, ыIуагъ: "Ар сэ си Тхь Ар зыкъохьэжьым, ыIуагъ: "Сэ си Тхьэ гъогу занкIэм сызытыримыщэкIэ, сэ цIыф гъощагъэмэ ащыщ сыхъущт!"
[6.78] Тыгъэр къыкъокIэу ащ зелъэгъум, ыIуагъ: "Ар сэ си Тхь, Ар ины!" Тыгъэр зыкъуахьэм, ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Ежь фэмыдэхэр Ащ шъо зэрэгожъугъэуцохэрэм сэ сиIоф хэлъэп.
[6.79] Сыгу къабзэу Ащ шъхьащэ фэсшIызэ, уашъомрэ чIыгумрэ къэзгъэшIыгъэм сэ сынапэ фэзгъэзагъ, сэ тхьабэ зышIошъ хъурэмэ сащыщэп"
[6.80] ИцIыф лъэпкъ ащ къенэкъокъужьыщтыгъ. Ащ ыIуагъ: "Сэ Ащ гъогу занкIэм сытырищагъэ пэтзэ, Алахьым пае шъо шъукъысэнэкъокъужьэуи ? Сэ сызыщыщтэрэр си Тхьэ зыфаер ары нахь, шъо Ащ имыфэшъуашэу гожъугъэуцохэрэр арэп. ШIэныгъэу иIэмкIэ сэ си Тхьэ ыIэ къимыхьан щыIэп. Шъо ащ шъуиакъыл темыфэнэуи?
[6.81] Алахьым имыфэшъуашэу гожъугъэуцуагъэхэм сыд пае сэ сащыщынэщта, ащ фитныгъэ къышъуфыримыгъэхыгъэу Алахьым имыфэшъуашэхэр зэрэгожъугъэуцуагъэхэм пае шъумыщынэуи? ШъошIэмэ, а купитIум язэу тара нахь щынэгъончъэр?"
[6.82] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу яшIошъхъуныгъэ мызэфэныгъэ хэзымыгъахьэхэрэр щынэгъончъэ чIыпIэ итых, сыда пIомэ, ахэр гъогу занкIэм рэкIох.
[6.83] Ежь ицIыф лъэпкъ пэшIуекIоу Ибрахьимэ Тэ еттыгъэ шыхьатхэр джащ фэдэх, тэ тызыфаехэр нахь лъэгапIэкIэ хэтэIэтыкIых. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ Iуш, ешIэ!

[6.84] Тэ ащ еттыгъ Исхьакъи, Якъуби; а нэбгыритIур Тэ гъогу занкIэ тедгъэуцуагъэх, Нухьи ащ ыпэкIэ Тэ гъогу занкIэ тедгъэуцуагъ, ащ бынэу къыкIэхъухьагъэмэ. Даути, Сулеймани, Аюби, Юсыфи, Моси, Хьаруни ащыщых. ШIу зышIэхэрэм Тэ джаущтэу тятэ.
[6.85] Зэчэрыий, Яхьыери, Хьиси, Иляси, ахэр зэкIэ цIыфышIумэ ащыщыгъэх.
[6.86] Исмахьили, Алыесахьи, Юныси, ЛютIи, ахэр зэкIэ зэрэдунае ахэтIэтыкIыгъэх.
[6.87] Ахэмэ ятэхэм, къалъфыгъэхэм, ащыщхэм Тэ ахэр къахэдгъэщыгъэх, гъогу занкIэм тетщагъэх.
[6.88] Ар Алахьым игъогу, Ежь иIумэтхэм ащыщхэр, ежь шIоигъохэр зэрищэхэрэр ары. Ахэмэ Ащ емыпэсыгъэхэр гуагъэуцогъагъэхэмэ, ашIэрэр ежьхэмкIэ пкIэнчъ хъуныгъи!
[6.89] Тэ джуртмэ яттыгъ тхыгъэр, Iушыгъэр, шIэныгъэр, (Мыхьамэт дэпсэурэ арабхэм) ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зафамышIыкIэ, ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афызиIэщт цIыфхэм Тэ ар апшъэ итэлъхьэ.
[6.90] Ахэр Алахьым гъогу занкIэ рищагъэх, арышъ, ори ахэмэ ягъогу занкIэ рыкIу. ЯIу: "КъурIаным пае уасэ къысэшъут сIорэп. цIыфхэм агу къэсэгъэкIыжьы ныIэп".
[6.91] Алахьым тефэрэ уасэр ахэмэ фашIырэп, ахэмэ аIо: "Зы цIыф горэми Алахьым зыпари сыдигъуи ыпшъэкIэ къыфыригъэхыгъэп. ЯIу: "Мосэ къызышъуфэкIом, цIыфхэмкIэ нэфынэу, IэпыIэгъум фэдэу щытыр, пкъыгъо зэфэшъхьафхэм атешъутхэрэр, къэжъугъэлъагъорэр, тхылъэу ыIыгъыгъэр хэта къышъуфезгъэхыгъэр? Шъори шъуятэхэми шъумышIэщтыгъэхэм шъуафагъэсагъ. ЯIу: "Алахь! ЕтIанэ ягущыIэ нэкIымэ арыджэгужьхэу ахэр къэгъанэх".
[6.92] Бэрчэтэу, ыпэкIэ щыIагъэр къыгъэшъыпкъэжьэу, къалэхэм янэу Меккэм къегъэтIысэкIыгъэхэр ябгъэшIэн фаеу мы тхылъыр къедгъэхыгъ, зышIошъ хъурэмэ ар ашIошъ мэхъу, ахэмэ янэмазхэри ханэрэп.
[6.93] Алахьым имыхьакъ тезылъхьэрэм нахь мызафэ хэт хъужьына е моущтэу зыIорэм: "Сэ къысфырigъэхыгъ", ау зыпари ащ къыфыригъэхыгъагъэп ; е моущтэу зыIощтыгъэм: "Алахьым къыригъэхыгъэм яхьщыр сэри къафезгъэхын" О плъэгъугъэмэ а псэкIодшIэгъабэ зиIэхэр хьадэгъум ихыор зэрэхэсхэр, мэлаIичмэ аIэхэр афащэизэ, ахэмэ зэрараIорэр: "Шъупсэхэр къыдэжъугъэлъэтых, Алахьым шъыпкъэ зэрешъумыIуалIэщтыгъэм пае, Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм шъузэряпэгэкIыщтыгъэм пае непэ пыут шъузышIырэ пщынэжь къышъуфэкIощт!"
[6.94] Тэ къышъоттыгъэр шъуакIыб шъушIынышъ, Тэ апэрэу шъо шъукъызэрэдгъэхъугъэм фэдэу шъуизакъоу тадэжь шъукъэкIожьыщт. Шъо къэшъуугупшысыхи, Алахьым ифэмышъуашэу гожъугъэуцогъэ шъуиухъумакIохэу шъулъытэхэрэр шъуигъусэхэу тлъэгъущтхэп. Шъо зэгочыгъэ шъухъугъ, къэшъуугупшысыгъэхэм загъэбылъыжьыгъ.
[6.95] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым коцыцэри хъурмэм ыкIи къегъэкIых; псэ зыпымытым псэ зыпыт къыхегъэкIы, псэ зыпытми псэ зыпымыт къыхегъэкIыжьы ыкIи псэ зыпытыр егъалIэ. Алахьыр ащ фэд. Сыдэущтэу шъудэхыра!
[6.96] Ащ пчэдыжь нэфылъыр къегъэхъу, чэщыр гъэпсэфыгъо ешIы, тыгъэмрэ мазэмрэ уахътэр зэхэшъуфыным пай. Ар къэзгъэнэфыгъэр ины, Iуш!
[6.97] ЧIышъхьашъом, хыкIыIум шIункIы зыщыхъурэм гъогу занкIэр къырыжъугъотыным пае жъуагъохэр Ащ къышъуфишIыгъэх. Тэ тищысэтехыпIэхэр джаущтэу къызгурыIорэ цIыфмэ ахэтэгуащэх!
[6.98] Шъо зы псэ Ащ шъукъыхигъэкIыгъ, етIанэ тым иунэу шъузэрысыщтыри, ным ыныбэ шъузэрилъыщтыри шъуфигъэнэфагъэх. ЩысэтехыпIэхэр Тэ цIыфэу къызгурыIохэрэм ахэтэгуащэх!

[6.99] Уашъом псы къышъуфезгъэхыгъэр Ежьыры, ащ ихьатыркIэ Тэ зэкIэ къэтэгъэкIы, Тэ ар шхъуантIэ тэшIы, сатырэу зэгосхэу ащ лэжьыгъацэхэр къыхэтэгъэкIы, хъурмэ чъыгмэ къяблэблэхэу хъурмэхэр къапытэгъакIэх, джэнэт сэнэшъхьэ хатэхэри, зеитынхэри, нарэхэри зэфэдэхэуи, зэфэмыдэхэуи къэтэгъэкIых. А тшIагъэхэм пхъэшъхьэ=мышъхьэу къатырэм, къызытIыргъорэм шъуеплъ! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэ цIыфхэр ащ ригъэгупшысэнэу щыт.
[6.100] Джынэхэр Ащ къыгъэхъугъэхэ пэтзэ, джынэмэ ащыщхэр ахэмэ Алахьым гуагъэуцуагъэх, зыпари хэшIыкI фырямыIэу, акъылынчъагъэкIэ Ащ шъаохэр, пшъашъэхэр иIэхэу патхагъэх. Ащ щытхъур ыдэжь, Ащ патхэрэм нахьи Ар нахь лъаг!
[6.101] Уашъомрэ чIыгумрэ къэзгъэшIыгъэр! Сыдэущтэу Ащ сабый иIэна, шъхьэгъусэ Ащ имыIагъэмэ, зэкIэ Ащ къыгъэхъугъэу, зэкIэ Ащ ышIэу щытмэ!
[6.102] Шъо шъуи Тхьэу Алахьыр джащ фэд, Ащ фэшъхьафэу Тхьэ щыIэп, зэкIэ щыIэм Ар шэсы афэхъу! ЩыIэр зэкIэ къыгъэхъугъ, ащ шъхьащэ фэшъушI.
[6.103] Ар плъэгъунэу щытэп, ау зэкIэ къелъэгъу. Ар губзыгъ, Iуш, ешIэ!
[6.104] Шъуи Тхьэ дэжь къикIэу нэрылъэгъухэр къышъуфэкIуагъэх. ЦIыф Iушым шIу фэхъун, фэнэшъум ежь=ежьырэу зэрар зэрихыжьын. Сэ (Мыхьамэт) шъоркIэ сыухъумакIоп!
[6.105] Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр о зэрэпшIагъэхэр цIыфхэм ашIошъ хъуным пае, ахэмэ ашIэным, агурыдгъэIоным пае Тэ джаущтэу щысэтехыпIэхэр къызэIутэхых.
[6.106] Уи Тхьэ дэжь къикIэу къыбгурагъэIуагъэм тетэу зекIо: "Ащ фэшъхьаф Тхьэ щыIэп", тхьабэ зышIошъ хъурэмэ уакIыб афэгъаз.
[6.107] Алахьыр фэягъэмэ, Ащ емыпэсыгъэхэр ахэмэ гуагъэуцощтыгъэхэп. О ахэмэ ухъумакIо уафэтшIыгъэп, уалъыплъэнэуи щытэп.
[6.108] Алахьым фэшъхьафэу ахэмэ зыцIэ къыраIохэрэм мыхъун яшъумыIуалI, армырмэ, зыпари хэшIыкI фырямыIэу къызэрэшъопыихэрэм пае Алахьым мыхъунхэр раIуалIэхэу рагъэжьэщт. ЦIыф лъэпкъ пэпчъ ышIэрэр Тэ джаущтэу дэгъу дэдэу етэгъэлъэгъу! ЕтIанэ я Тхьэ дэжь ахэмэ къагъэзэжьыщт, ашIэщтыгъэр Ащ къариIощт.
[6.109] Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ахэмэ къызафакIохэкIэ, щэч хэмылъэу ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIынэу ахэмэ Iуагъэу ашIыгъэм анахь лъапIэу Алахьым ыцIэкIэ Iуагъэ ашIыгъ. ЯIу: "Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр Алахьым дэжь щыIэх, ау ахэр къызафакIохэкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыгъэмэ шъо сыдэущтэу шъушIэщта?
[6.110] Апэрэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрамышIыгъэм фэдэу Тэ ахэмэ агухэри янэплъэгъухэри зэпырытэгъазэхэшъ, гъощэныгъэу зыхэтыгъэхэм нэшъухэу къыхэтэгъанэх.
[6.111] Тэ ахэмэ мэлаIичхэр къафедгъэхыгъэхэмэ, хьадэхэр къадэгущыIагъэхэмэ, зэрэлъэгъухэу апашъхьэ зэкIэ къыщытыугъоигъэмэ, Алахьыр фэмыемэ, аущтми ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыщтыгъэп, ау ахэмэ анахьыбэми ашIэрэп!
[6.112] Джаущтэу Тэ пегъэмбар пэпчъ цIыфмэ ащыщ шэйтанхэри джынэхэри пыи фэтшIыгъэх, адырэхэр хъопсэнхэм пае ахэмэ ащыщхэм гущыIэ дахэхэр агурагъаIох. О уи Тхьэ фэягъэмэ, ахэмэ ар ашIэныеп. Ахэми зэхалъхьэхэрэми о ауж икI!
[6.113] Ахърэт гъашIэр зышIошъ мыхъурэмэ агухэм ащ зыфарэкъудый, ащкIэ разэ орэхъух, шIошъхъуныгъэ зэрямыIэм пае яфэшъошэ тыныри арэгъот.
[6.114] Алахьым фэшъхьафэу, зыгорэм ихьыкум сэ сыфэена ? ЗэхэугуфыкIыгъэу тхыгъэ тхылъыр ары къышъуфезгъэхыгъэр, Тэ тхылъыр зэттыгъэхэм ашIэ уи Тхьэ дэжь шъыпкъэу къызэрикIыгъэр. Еджэнджэшырэмэ ащыщ умыхъу.

[6.115] Шъыпкъагъэу, зэфагъэу хэлъымкIэ уи Тхьэ игущыIэ дэгъу дэд. Ащ игущыIэ зэблэзыхъун щыIэп. Ащ зэхехы, ешIэ!
[6.116] ЧIыгум щыпсэурэмэ янахьыбэм узядэIукIэ, ахэмэ Алахьым игъогу утыращыщт. КъашIошIырэр ары ныIэп ахэр зэрыгъуазэхэрэр, ежьхэм яшIошI нэпцIыхэм ахэр арэгъуазэх ныIэп!
[6.117] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ игъогу текIыхэрэр о уи Тхьэ нахьышIоу ешIэх. Ащ нахьышIоу ешIэх гъогу занкIэ рыкIохэрэр!
[6.118] Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр шъушIошъ мэхъухэмэ, Алахьым ыцIэкIэ аукIыгъэ былымхэр шъушхых.
[6.119] Шъо егъэзыгъэкIэ шъуагъэшхырэм фэшъхьафэу, шъушхы мыхъущтхэр зэхэугуфыкIыгъэхэу къызшъуигъэлъэгъугъэ ужым Алахьым ыцIэкIэ аукIыгъэ былымыр сыда шъо зыкIэшъумышхыщтыр? Зыпари хэшIыкI фырямыIэу шIоигъоныгъэ пкIэнчъымэ апае хэукъоныгъэхэр ашIых. Зэфагъэ зыхэмылъэу зекIохэрэр уи Тхьэ нахьышIоу ешIэх!
[6.120] Нэрылъэгъу псэкIодышIэным, шъугу илъыми, зыщышъудзый. ПсэкIод зышIэхэрэм атефэрэр аратыжьыщт!
[6.121] Алахьым ыцIэ къырамыIоу аукIыгъэр шъумышхы, ар гунахь ин! Ежь ягъусэхэм шэйтанмэ агурагъаIо къышъонэкъокъунхэу, ахэмэ шъуядэIумэ, ащыгъум тхьабэ зышIошъ хъурэмэ шъуащыщ.
[6.122] ШIункIым хэтэу ащ къыхэкIыным фэмыем фэдэ хъуна хьадэу щытыгъэу тэ къэдгъэхъужьи, нэфынэу еттыгъэр иIэу цIыфмэ ахэтэу кIорэр ? Ащ фэдэу джаурми ашIэрэр дэгъу дэдэу къащэхъу!
[6.123] Меккэм фэдэу зэкIэ нэмыкI къалэхэми къэрарынчъэу ащызекIонхэм пае лIэкъолъэшмэ мыхъунэу ахэтхэр хащэ афэтэшIых; къэрарынчъагъэ ахэлъэу ахэр мэзекIох, ау ежьхэм къагурымыIоу ахэмэ зэрар зэрахыжьы.
[6.124] Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэ горэ ахэмэ къызафакIокIэ, аIо: "Алахьым илIыкIомэ къаритыгъэм фэдэ къытемытыфэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ тшIыщтэп". Ежь илIыкIо зыфигъэкIощтыр Алахьым нахьышIоу ешIэ. Ахэмэ тхьагъэпцIыгъэу зэрахьэщтыгъэм пае псэкIодшIагъэ зиIэхэр Тхьэм ыпашъхьэ щагъэцIыкIущтых, пщыныжь лъэш къафэкIощт!
[6.125] Алахьым гъогу занкIэ рищэ шIоигъом ислъамым пае ыбгъэ фызэIуехы, гъогум дигъэхы шIоигъом ыгу цIыкIоу, уашъом дэкIуаерэр зэрэхъоу, къыдэкIыщтым фэдэу ашIы. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм джаущтэу пщыныжьыр Алахьым къафегъакIо!
[6.126] О уи Тхьэ игъогу джащ фэд, ар занкIэ. Гупшысэ зиIэ цIыфхэм апае Тэ а Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зэхэугуфыкIыгъэхэу къафэтIотагъэх.
[6.127] Дунаим шIоу щашIагъэм пае Тхьэм дэжь ахэмэ джэнэтыр щыряI, ахэмэ Алахьыр яIэпыIэгъу.
[6.128] Ахэр зэкIэ Ащ зыщиугъоищтхэ мафэр къэхъущт: "О джынэ зэIукI! Мы цIыфхэм бэкIэ шъуащыгугъыщтыгъ!" А цIыфхэм ащыщхэу ахэр зылъытэщтыгъэхэм аIощт: "Я Алахь! Тэ зым адырэм федэ къыпихыщтыгъэ, о гъунапкъэу Тэ къытфэбгъэнэфагъэм тынэсыгъ". Ащ ыIощт: "НэмыкI Алахьым шIомыигъомэ, шъуипсэупIэр джыхьнэм машIу, ащ егъашIэ шъухэсыщт". Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уи Тхьэ Iуш, ешIэ!
[6.129] Ежьхэм зыфашIэжьрэм пае джаущтэу джаурхэр зэфэдэу Тэ тэгъэпщынэх.
[6.130] О джынэ цIыф зэIукI! Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр къышъуфаIуатэхэу, мы шъуимафэ шъузэрэIукIэжьыщтымкIэ макъэ къышъуагъэIоу шъущыщ лIыкIохэр къышъуфэкIогъагъэхэба ? Ахэмэ аIощт: "Тэ зытыумысыжьэу къэтэушыхьаты". ГъашIэу зыхэтхэм ахэр ыгъэплъэхъугъэх, джаурэу зэрэщытыгъэхэр загъэмысэжьэу къаушыхьатыжьыгъ.

[6.131] Ар аущтэу зыкIэхъурэр гулъытэнчъэхэр къуаджэмэ зэрадэсхэм пае зэфэнчъэу ахэр ыгъэкIодынхэу уи Тхьэ щытэпышъ ары.
[6.132] Нэбгырэ пэпчъ ышIэщтыгъэм тефэрэр ратыщт, ахэмэ ашIэрэм о уи Тхьэ фэмысакъэу щытэп.
[6.133] Уи Тхьэ бай, шIушIэныр ыIэ илъ: НэмыкI цIыф лъэпкъ къыкIэныгъэм Ащ шъукъызэрэхигъэкIыгъэм фэдэу, ар фаемэ, шъуигъэкIодыни, Ежь шIоигъомкIэ шъузэблихъущт.
[6.134] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъузэрагъэгугъагъэр къэсыщт, ар къэшъумыгъэхъуни шъулъэкIыщтэп!
[6.135] ЯIу: "О сицIыф лъэпкъ! Шъугу къызэрэшъуиIоу шъузекIу, сэ сыгу къызэрэсиIоу сызекIощт, етIанэ къэшъушIэщт. Мы псэукIэу икIэн зыIукIэжьыщтыр. Хэбзэнчъэхэр насыпышIо хъущтхэп!"
[6.136] Лэжьыгъэу Ащ къыгъэкIрэм, былымэу къыгъэхъурэм ащыщ Iахьэ ахэмэ Алахьым фашIы аIо: "Мыр Алахьым пай!" ахэмэ зэралъытэрэмкIэ, "Мыдырэр тэ шIошъхъуныгъэ зыфытиIэхэм апай". Ежьхэм шIошъхъуныгъэ зыфыряIэмэ апае ашIэрэр Алахьым лъыIэсрэп, ау Алахьым пае ашIэрэр ахэмэ шIошъхъуныгъэ зыфыряIэмэ алъэIэсы. Ахэр зэрегупшысэхэрэр лъэшэу дэи.
[6.137] Ахэр агъэкIодынхэм, ядин шIункIы ашIыным пае джаущтэу ахэмэ ясабыйхэр къурмэн ашIынхэр тхьэкIэ алъытэщтыгъэмэ дэгъу дэдэкIэ арагъэштагъ. Алахьыр фэягъэмэ, ахэмэ ар ашIэныеп. Ахэри, ахэмэ зэхалъхьэхэрэми ауж икI!
[6.138] Ахэмэ aIo: "Мыщ фэдэ былымыр, мыщ фэдэ лэжьыгъэр хьэрамых, ахэр зышхынхэ зылъэкIыщтхэр тэ фит тшIыхэрэр арых". Ахэмэ къызэрашIошIырэмкIэ, а былымхэр зытхыцIэхэм уатетIысхьэ, хьылъэ зытеплъхьэ мыхъущтхэр арых, Ащ тыралъхьэзэ, Алахьым ыцIэ а былымхэр аукIыхэ хъумэ къыраIорэп. Ахэмэ зэхалъхьэрэм пае атефэрэр Алахьым аритыщт!
[6.139] Ахэмэ aIo: "А хьайуанхэм аныбэ илъыр тихъулъфыгъэхэмкIэ къабзэ, тибзылъфыгъэхэмкIэ хьэрам". Ау шкIэ лIагъэкIэ шъэрэзыжьхэмэ, ахэр ащ хэлэжьагъэх. Ащ имыхьакъэу раIуалIэрэм пае ахэмэ атефэрэр аригъэгъотыщт. Ар Iуш, ешIэ!
[6.140] Алахьым тыралъхьэзэ, яакъылынчъагъэкIэ, мышIэныгъэм къыхэкIэу Алахьым къаритыгъэр мыдэ зышIыгъэхэр, зисабыйхэр зыукIыгъэхэр зэрар яIэу къэнэщтых. Ахэр гъогум дэхыгъэх, занкIэу мыкIохэу къычIэкIыгъэх!
[6.141] КIэгъэкъонхэр зиIэ ыкIи кIэгъэкъонхэр зимыIэ сэнэшъхьэ хатэхэр, хъурмэ чъыгхэу, гъэтхэсэ лэжьыгъэхэу гъомылэ зэфэшъхьафхэр къэзытхэрэр, зейтынхэу, нарэхэу зэфэдэхэр, зэфэмыдэхэр Ащ къегъэкIых: Ахэмэ лэжьыгъэу, къытырэр шъушхы, лэжьыгъэ Iухыжьыгъом зэчатэу къышъутефэрэр хэжъугъэкI. Исраф шъумышIы, исраф зышIырэр Тхьэм шIу ылъэгъурэп!
[6.142] Былымхэм ащыщхэу зыхэр хьылъэ арызешъущэным паих, адырэхэр шъуукIынхэшъ, гъомылэ шъушIынхэм паих. Алахьым къышъуитыгъэр шъушхы, шэйтаным ыуж шъурымыкIу, Ар шъорыкIэ пый наф.
[6.143] Зэгъусэхэу имэлымэ ащыщэу тIу, пчэнымэ ащыщэу тIу. ЯIу: "Хъумэ ащыщэу тIури Ащ хьэрам ашIыгъа, хьауми бзитIури ара? Е бзымэ аныбэ илъхэр хьэрам ашIыгъэха? Шъо шъыпкъэ къэшъоIомэ, шIэ ныгъэ фышъуиIэу къысашъуIу".
[6.144] Махъшэмэ ащыщэуи тIу, чэмымэ ащыщэуи тIу. ЯIу: "Хъумэ ащыщэу тIури Ащ хьэрам ышIыгъа хьауми бзитIури ара? Е бзымэ аныбэ илъхэр хьэрам ышIыгъэха? Е Алахьым унашъо къызщишIыгъэ уахътэм шъо шыхьатэу шъущытыгъа ?" ШIэныгъэ

зимыIэ цIыфхэр гъогу пхэндж тырищэнхэм пае Алахьым имыхьакъ езыIуалIэрэм нахь мызафэ хъужьына? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыф лъэпкъ мызафэм Алахьыр гъуазэ фэхъурэп!
[6.145] ЯIу: "Шхэрэм ышхырэр псэхалIэу е лъы кIэкIыгъэу, е къолэу щымытмэ, сыда пIомэ къолыр дэй дэд, е мыкъабзэу, Алахьым ыцIэ къырамыIоу аукIыгъэу щытмэ, сэ сшIэрэм хьэрамыгъэ хэлъэу слъэгъурэп. ЩыкIыгъэу е бзэджашIэу щымытэу егъэзыгъэкIэ ахэр зышхырэм уи Тхьэ фегъэгъу, гукIэгъушI!
[6.146] Иудей диным ихьагъэхэм лъабжъэ зиIэхэр зэкIэ Тэ хьэрамэу афыхэтхыгъ, чэмхэмрэ мэлхэмрэ атхыцIэхэмрэ акIоцIхэмрэ ахэлъ дагъэм къупшъхьэмэ якIылIагъэмэ афэшъхьафрэ ахэмэ ателъ дагъэр Тэ хьэрам афэтшIыгъ. ПсэкIод шIэгъабэу яIэм пае ар Тэ ахэмэ тыны афэтшIыгъ: Тэ тызаф!
[6.147] Ахэмэ о гъэпцIакIокIэ уалъытэмэ, яIу: "Шъуи Тхьэ шIушIэныгъэшхо ыIэ илъ, псэкIодшIэгъабэ зиIэ цIыф лъэпкъым Ащ илъэкI шъхьарыпхын плъэкIыщтэп".
[6.148] Ащ емыпэсыгъэхэр гозгъэуцохэрэм аIощт: "Алахьыр фэягъэмэ, тэри тятэхэми имыфэшъуашэхэр гуагъэуцонхэеп зыпари хьэрам къытфашIыныеп: Тэ тилъэкI зэхамышIэфэ, ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэми джаущтэу пцIы аусыщтыгъ. ЯIу: "Шъо шъуиIа шIэныгъэ горэ ? Ар къытэжъугъэлъэгъу. Шъо къышъушIошIыхэрэр ары ныIэп шъузэрыгъуазэрэр, пцIыр къэшъоугупшысы ныIэп!"
[6.149] ЯIу: "ПшIошъ шъыпкъэ зыгъэхъурэр Алахьым дэжь щыI. Ар фэягъэмэ, зэкIэми гъогу занкIэм шъутыригъэуцони".
[6.150] ЯIу: "Алахьым ар мыдэ зэришIыгъэр къэзыушыхьатынэу шъуишыхьатхэр къэжъугъэлъагъох!" Ахэр шыхьатхэу теуцохэми, тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэхэрэм, ахърэт гъашIэр зышIошъ мыхъухэрэм, я Тхьэ емыпэсыгъэхэр гозгъэуцохэрэм о шыхьатэу уагомыуцу!
[6.151] ЯIу: Шъуи Тхьэ хьарам къышъуфишIыгъэхэм сэ сыкъышъуфяджэщт. Ащ емыпэсыгъэхэр фэжъугъадэхэу хэт щыщи гуагъэуцоныр шъумыдэ, шъуянэ=шъуятэхэм шIу афашъушI, шъузэрэтхьамыкIэм къыхэкIэу шъуицIыкIухэр шъумыукIых, шъори ахэри Тэ дгъэшхэщтых, нафэуи шъэфэуи дэйхэр шъумышIэх, зифэшъуашэм фэшъхьафэу, Алахьым ымыдэрэ Iоф дэйхэр шъумышIэх, зифэшъуашэм фэшъхьафэу, Алахьым ымыдэрэ псэхэр хэшъумыхых. Джары Ащ осыетэу къышъуфишIыгъэр. Шъо къыжъугурыIонкIи мэхъу!
[6.152] Ибэм ыныбжь екъуфэ нахьышIу шъушIыным фэшъхьафырэкIэ имылъку шъунэмыс, зэфагъэм тетэу шапхъэри зыфэдизыри жъугъэцакIэ. Тэ псэм фэлъэкIыщтым нахьыбэ къытетлъхьэрэп. ШъугущыIэ зыхъукIэ, шъуиIахьылхэм афэгъэхьыгъэми, зэфагъэ зыхэжъугъэлъ, Алахьым гъусэныгъэу дэшъушIыгъэм шъуфэшъыпкъ. Ащ Iуагъэу къыжъудишIыгъэр шъугу къэкIыжьынкIи мэхъу!
[6.153] Сэ сигъогу занкIэ, а гъогум шъурыкIу, Ащ игъогу ахэмэ шъудамыгъэхыным пае нэмыкI гъогухэм шъуарымыкIу. Ары ащ Iуагъэу къыжъудишIыгъэр, Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу шъухъункIи мэхъу!"
[6.154] НахьышIоу щытыр ригъэкъужьыным, щыIэр зэкIэ кIэзыгъэ фимышIэу агуригъэIоным, гъуазэ афэхъуным, гукIэгъу ашIыным пае Тэ Мосэ КъурIаныр къеттыгъ: Я Тхьэ зэрэIукIэжьыщтхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIынкIи мэхъу!
[6.155] Мыр тхылъэу Тэ къышъуфедгъэхыгъэр ары, Алахьым ащ игухэлъ къыдегъэхъу, ащ шъурыгъуаз, Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ къышъуфагъэгъункIи мэхъу!
[6.156] Шъо шъумыIоным пае: "Тхыгъэр тэ тапэкIэ цIыф лъэпкъитIу ныIэп къызыфырагъэхыгъагъэр, тэ ащ изэгъэшIэн тегугъыгъэп".

[6.157] Е шъумыIонэу: "Тхылъыр тэ къытфырагъэхыгъэу щытыгъэмэ, ахэмэ анахьи тэ нахь гъогу занкIэм тытетыщтыгъэ!" Шъуи Тхьэ дэжь къикIэу, Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр, шъузэрыгъозэщтыр ыкIи ишIушIэн къышъуфэкIогъахэх, Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэу, ащ ыкIыб фэзгъазэхэрэм нахь мызафэ хэт хъужьына? ТиIэятэхэр щызгъэзыехэрэм ахэр зэрэщагъэзыехэрэм пае Тэ хьэзаб пщыныжьыр къафэдгъэкIощт!
[6.158] Ахэмэ адэжь мэлаIичхэр къэкIонхэу, е о уи Тхьэ адэжь къэкIонэу, е о уи Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэ горэ къыфэкIонэу ахэр ежэнха? НахьыпэкIэ псэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ имыIагъэмэ е шIошъхъуныгъэу иIэм шIушIэным фимыгъэсагъэмэ, о уи Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэ горэ къызщыкIорэ мафэм шIошъхъуныгъэу ащ иIэм ыпсэ ишIуагъэ екIыжьыщтэп. ЯIу: "Шъуеж, тэри тежэщт!"
[6.159] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ядин зыгощыхи куп зэфэшъхьаф зызышIыгъэхэм о сыд фэдэкIи уащыщэп. Ахэмэ яIоф Алахьым дэжь щыI, ахэмэ ашIэщтыгъэр етIанэ Алахьым къариIощт.
[6.160] IофышIу иIэу Ащ ыпашъхьэ ихьэрэм фэдипшIыкIэ нахьыбэу къетэжьы, Iоф бзаджэ иIэу ыпашъхьэ ихьэрэм бзэджагъэу ышIагъэм тефэрэр регъэгъотыжьы: Ахэмэ гухэкI ашIэщтэп.
[6.161] ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, си Тхьэ гъогу занкIэм сытырищагъ, шIошъхъуныгъэ тэрэз сигъэшIыгъэ, диныр ыгу илъэу, тхьабэ зышIошъ мыхъоу щытыгъэ Ибрахьимэ идин сигъэштагъэ".
[6.162] ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сидыухьэ, къурмэн зэрэсшIыщтыгъэр сигъашIэ, сихьадэгъу зэрэдунае и Тхьэу Алахьым ыIэ илъ,
[6.163] Ащ фэбгъадэзэ гобгъэуцон щыIэп. Ар унашъоу къысфашIыгъ, сэры апэрэу Ащ фэIорышIэрэр".
[6.164] ЯIу: "Алахьым фэшъхьафэу нэмыкI горэ тхьэнэу сылъыхъуна?" Ар зэкIэми я Тхь. Псэ пэпчъ иер пкъырыхьагъэр ары ныIэп: Хьылъэ зыхьырэм нэмыкIым ихьылъэ тырихыщт етIанэ шъуи Тхьэ дэжь шъуигъэзэжьыпIэр, шъуазфагу зэмызэгъыныгъэу илъыгъэр Ащ къышъуиIошт.
[6.165] Мы чIыгум шъущыпсэунэу Ащ шъуишIыгъ, шъо Ащ къышъуитыгъэмкIэ шъуиушэтыным пае, шъхьадж тефэрэм елъытыгъэу шъо шъущыщхэу зыхэр адырэхэм анахь лъагэ ышIыгъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уигъэпщынэнкIэ уи Тхьэ IэшIэх, Ащ къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!

АлIахьраф

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[7.1] Алиф Лам Мим Шъад.
[7.2] Мы КъурIанэу къыпфехыгъэмкIэ угу джэнджэш къерэмыхь! АщкIэ егъэджэнхэу ыкIи шIошъхъуныгъэ зиIэхэм агу къинэжьынэу ар о къыпфехыгъ.
[7.3] Шъуи Тхьэ къышъуфыригъэхыгъэм шъурыкIу, ащ нэмыкI шъурыгъозэнэу IэубытыпIэ шъумышIы, макIэрэ ар шъугу къэшъогъэкIыжьы!
[7.4] Къоджэ тхьапш Тэ дгъэкIодыгъа! Чэщрэ е зырэхьатыжьхэкIэ, Тэ тигубж лъэш ахэмэ къафакIощтыгъэ.
[7.5] Тэ тигубж лъэш къазыфакIорэм, джэмакъэу ахэмэ яIагъэр мы гущыIэхэр ары: "Тэ зэфэнчъэу тыщытыгъ!"
[7.6] Тэ зыфэдгъэкIогъагъэхэми тяупчIыщт, лIыкIоми тяупчIыщт.
[7.7] Тэ хэшIыкI тиIэу афэтIотэщт: Тэ тыщымыIэу хъурэп!

[7.8] Пщынэжь мафэм шъхьадж ышIагъэр къэлъэгъощт: ШIубэ зышIагъэхэр насыпышIо хъущтых,
[7.9] ШIу макIэ зышIагъэхэм Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм зэрафэмызэфагъэхэм пае ежь=ежьырэу зэрар зэрахыжьыгъ.
[7.10] Тэ чIыгум лъэкI щышъодгъэгъотыгъ, шъузэрэщыIэн амал шъодгъэгъотыгъ, рэзэныгъэу шъухэлъыр макIэ!
[7.11] Тэ шъукъэдгъэхъугъ, етIанэ теплъэ гъэнэфагъэ къышъоттыгъ, етIанэ мэлаIичмэ ятIуагъ: "Адамэ шъхьащэ фэшъушI !" Иблис фэшъхьафрэ, ахэмэ шъхьащэ фашIыгъ, шъхьащэ зышIырэмэ ар ащыщыгъэп.
[7.12] Ащ ыIуагъ: "Сэ унашъо къыпфэсшIыгъэмэ, шъхьащэ пшIыным сыда о уфэзыIэжагъэр?" Ащ ыIуагъ: "Сэ ащ нахьи сынахь дэгъу: О сэ машIом сыхэпшIыкIыгъ, ар ятIэм хэпшIыкIыгъ".
[7.13] ЫIуагъ Ащ: "Мыщ зедзыхыжь: О мыщ цIыфышхоу зыщыплъытэжьыныр къыптефэрэп! Мыщ икI: АгъэцIыкIугъэмэ ащыщ о ухъугъ!"
[7.14] Ащ ыIуагъ: "Ахэр къызщыхъужьыщтхэ мафэм нэс сэ пIалъэ къысэт".
[7.15] Ащ ыIуагъ: "ПIалъэ зэратыгъэмэ о уащыщ".
[7.16] Ащ ыIуагъ: "О гъогу занкIэм сызэрэдэбгъэхыгъэм пае О уигъогу занкIэ тетхэм сапэтIысызэ сшIыщт.
[7.17] Сэ ахэмэ апэкIи аужыкIи, ясэмэгубгъукIи яджабгъукIи сакъытебанэзэ сшIыщт, ахэмэ ащыщыбэхэр зэрэмыразэхэр О плъэгъущт".
[7.18] ЫIуагъ Ащ: "Унапэ техыгъэу, угъэцIыкIугъэу мыщ икI! Ахэмэ ащыщэу о уауж къыихьэхэрэр. Шъущыщ закIэкIэ джэхьнэмыр сыушъэн!
[7.19] О Адам, ори о уишъхьэгъуси джэнэтым шъуихь: Шъузыфаер шъушхы, ау мы чъыгым благъэу шъуемыкIуалI, армырмэ зэфагъэ шъухэмылъэу шъукъычIэкIыщт!"
[7.20] Ащ ыуж ахэмэ амышIэщтыгъэр зэрэпцIанэхэр, аригъэшIэным пае шэйтаным ыушэтыгъэх, къариIуагъ: "Шъо мэлаIич шъузэрэмыхъугъэм е егъашIэм шъущыIэнэу шъузэрэмыхъугъэм пай мы чъыгыр шъуи Тхьэ мыдэ зыкIишIыгъэр".
[7.21] Ахэмэ ащ Iуагъэ афишIыгъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ ушъыекIо хьалэлэу сышъуиI".
[7.22] Джаущтэу ахэр ежь=ежьырэу загъэпцIэжьыным нигъэсыгъэх. А чъыгым къыпыкIэрэр ахэмэ зашхыхэм, зэрэпцIанэхэр зыдалъэгъужьыгъ, нэбгыритIуми джэнэт чъыгым итхьапэмэ ахашIыкIызэ, щыгъын зыфашIыжьэу рагъэжьагъ. Ахэмэ я Тхьэ къариIуагъ: "Мы чъыгыр Сэ мыштэ шъуфэсшIыгъагъэба, къышъосIогъагъэба шэйтаныр шъорыкIэ пый нафэу зэрэщытыр?"
[7.23] Ахэмэ аIуагъ: "Ярэби я Алахь! Тэр=тэрэу тпсэхэр Iутхыжьыгъэх, О къытфэмыгъэгъоу, гукIэгъу къытфэмышIымэ, тэ насыпынчъэу тыкъэнэщт".
[7.24] Ащ ыIуагъ: "Зежъугъэфэх! Шъо зым адырэр ипый хъугъэ. Шъо чIыгум шъущыпсэущт, охътэ гъэнэфагъэ шъущыIэщт".
[7.25] Ащ ыIуагъ: "Шъо ащ шъущыпсэущт, шъущылIэжьыщт, къыщыжъугъэзэжьыщт".
[7.26] О Адам ыкъохэр! Шъо шъуипцIэнагъэ ыгъэбылъынэу Тэ техъони щыгъын дахэхэри къышъуфедгъэхыгъэх, ау Тхьам ищынагъо шъугу илъыныр нахь техъонышIу. Ар Алахьым ищысэтехыпIэмэ ащыщ, шъо шъугу къэкIыжьынкIи мэхъу!
[7.27] О Адам ыкъохэр! Шъо шъуятэжъхэр шэйтаным хъопсэнкIэ джэнэтым къызэрэрищыгъэхэм фэдэу, шъори ащ зешъумыгъэгъапцI: Ахэр зэрэпцIанэхэр аригъэлъэгъуным пае щыгъыныр ахэмэ ащихыгъ. Ежьыри ежь имэцIэ купи ахэр зыщышъумылъэгъурэ лъэныкъомкIэ Ащ шъукъелъэгъу. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм шэйтанхэр яухъумакIохэу Тэ тшIыгъэ!

[7.28] Ахэмэ мыхъун горэ зашIэкIэ, аIо: "Тэ тятэхэр джащ тетхэу къэтлъэгъужьыгъэх, джар тшIэнэу тэ Алахьым унашъо къытфишIыгъ". ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мыхъунхэр пшIэнхэу Алахьым унашъо ышIырэп! ШъумышIэрэр Алахьым шъо ешъуIолIэнэуи?"
[7.29] ЯIу : "Сэ си Тхьэ унашъоу къышIыгъэр зэфагъ: Шъунапэхэр сыд фэдэ мэщыти ылъэныкъокIэ жъугъазэх, Ащ ыпашъхъэ шъуидин щыжъугъэкъабзэзэ, Ащ ыцIэ къешъуIу, Ащ шъо апэ дэдэ шъукъызэригъэшIыгъэм фэдэу Ащ ыдэжь къэжъугъэзэжьыщт!
[7.30] Ахэмэ ащыщхэр Ащ гъогу занкIэм рещэх, адырэхэм Iахьэу къафанэрэр зэрэгъощагъэхэр ары. Алахьым ычIыпIэ ахэмэ шэйтанхэр ухъумакIохэу аштагъэхэу гъогу занкIэм рэкIохэу къашIошIы!"
[7.31] О Адам ыкъохэр! Алахьым шъхьащэ фэшъушIыным ыпэкIэ, анахь щыгъынышIоу шъуиIэр зыщышъулъ, шъушх, шъуешъу, ау ешъумыгъэлыекI: Лыягъэ зышIэхэрэр Ащ шIу ылъэгъухэрэп!
[7.32] "Алахьым иIумэтхэм къаритыгъэ щыгъын кIэракIэр, шхынышIоу къаритыгъэхэр хэта мыштэ зышIыгъэр?" ЯIу: "АхэмкIэ фэхъуныгъэ зиIэхэр къызщыхъужьыщтхэ мафэм нэс гъашIэу зыхэтхэр лъагъэкIотэным пае, Тхьэр зышIошъ хъухэрэр арых. Джаущтэу зэхэугуфыкIыгъэу зышIэ зышIоигъомэ Тэ тищысэтехыпIэхэр агурытэгъаIох.
[7.33] ЯIу: "Сэ си Тхьэ Iоф дэйхэр мыдэ ышIыгъэх, Ахэмэ ащыщхэу шъэфыхэри, нафэхэри, къэрарынчъагъэри, шъыпкъэр уукъоныри, Ежь фит шъузыфимышIыгъэхэр Алахьым фэжъугъадэхэу гожъугъэуцонхэр, шъо шъумышIэрэр Алахьым ешъуIолIэныр.
[7.34] ЦIыф лъэпкъ пэпчъ ипIалъэ гъэнэфагъэ, пIалъэр къызысыкIэ, ыпэ ишъынхи ыуж къинэнхи Ахэмэ алъэкIыщтэп".
[7.35] О Адам ыкъохэр! Шъо шъущыщхэр лIыкIохэу шъуадэжь къакIохэ зэхъум, ахэмэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр къышъуаIощтыгъэх: Шъуащыщэу Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм, шIу зышIэхэрэм щынагъо ашъхьарытыщтэп, чэфынчъагъи къякIущтэп!
[7.36] Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэхэу, ахэмэ зашъхьарызыIэтыкIхэрэр джэхьнэм машIом хэсыщтых, ахэр ащ егъашIэм хэсыщтых!
[7.37] Алахьым имыхьакъ езыIуалIэрэм е Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэрэм нахь мызафэ мэхъужьа? Тхылъым зэритым тетэу ахэмэ яIахь агъотыщт. ЯгъашIэ арагъэухынэу Тэ тилIыкIохэр ахэмэ къызафакIокIэ, моущтеу аIощт: "Алахьым фэшъхьафэу Ащ гожъугъэуцощтыгъэхэр тыдэ щыIэха?" Ахэмэ аIощт: "Ахэмэ тэ зытшIуагъэбылъыжьыгъ!" АщкIэ ахэмэ къаушыхьатыщт Тхьэр ашIошъ зэрэмыхъущтыгъэр.
[7.38] Ащ ыIощт: " Джынэхэми цIыфхэми шъуапэкIэ блэкIыгъэхэм шъуахэкIи, машIом шъухахь!" Зы цIыф купыр ащ хахьэ къэс ежь фэдэ купым ебгыщтыгъэ. Ахэр зэкIэ ащ зыщызэрэугъоихэм, адырэм апэрэм фэгъэхьыгъэу ыIуагъ: "Ярэби я Алахь! Мыхэмэ тэ тагъэгъощагъ: МашIом хьэзабэу щяпхыщтыр фэдитIу афэшI". Ащ ыIуагъ: "ЗэкIэми фэдитIу пщынэжь атефэщт, шъо ар шъушIэрэп нахь!"
[7.39] Апэрэмэ аужырэхэм араIощт: "Тэ тапашъхьэ шъо фэхъуныгъэ щышъуиIэп, зэжъугъэгъотыгъэм пае пщынэжьым итхъагъо зэхашъушIэ!"
[7.40] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэхэу, Ахэмэ ашъхьагъ иуцохэ зышIоигъомэ уашъом икъэлапчъэхэр къафызэIукIыщтхэп: Ахэр джэнэтым зихьэщтхэр махъшэр мэстанэм зикIыкIэ ары. ПсэкIодышIэгъабэ зиIэхэм Тэ джары тызэрятэрэр!
[7.41] Джэхьнэм машIор ахэмэ пIэ афэхъущт, техъони афэхъущт, диныр зышIошъ мыхъухэрэм Тэ джары тызэрятэрэр!

[7.42] ШIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм Тэ ыпсэ тетлъхьэрэр фэлъэкIыщтыр ары, ахэр джэнэтым щыпсэущтых, ахэр егъашIэм ащ исыщтых.
[7.43] Ахэмэ гукъаоу агу илъыр зэкIэ Тэ итхыгъ. Ахэмэ ачIэгъ псыхъохэр речъэкIыщтых, ахэмэ аIощт: "Мы чIыпIэм тыкъэзыщэгъэ Алахьым щытхъур ыдэжь! Алахьым тыкъимыщагъэмэ, тэ мы чIыпIэм тыкъэкIон тлъэкIыщтыгъэп: Ти Тхьэ илIыкIомэ Тэ шъыпкъэр къытаIуагъ. Ахэмэ араIощт: "Шъо шъушIагъэм икIэныжьэу джэнэтыр къышъуатыгъ!"
[7.44] Джэнэтым исхэр джыхьнэмым исхэм яджэщтых: "Тэ ти Тхьэ шъыпкъэу тызэригъэгугъагъэр дгъотыгъэ, шъо шъуи Тхьэ шъузэригъэгугъагъэр жъугъотыгъа?" Ахэмэ аIощт: " Ары". МэкъэгъэIум ахэмэ къахиIощт: "Алахьым ибгыбзэ хэбзэнчъэхэм атерэф,
[7.45] Алахьым игъогу нэмыкIхэр дэзгъэхыгъэхэм, ахърэт гъашIэм шIошъхъунығъэ фырямыIэу, ар нахь IонтIагъэ ашIыным егугъыщтыгъэхэм!"
[7.46] Ахэми адырэхэми азфагу пщагъо итыщт, гъунапкъэмэ цIыфхэр аIутыщтых: КъызэрэпшIэжьынхэу яIэ горэхэмкIэ ахэр зэрэшIэжьыщтых. "Мамыр шъогъот!" сыд фэдизэу фэягъэхэми, ащ ихьан зымылъэкIыгъэхэр джэнэтым исхэми къяджэщтых.
[7.47] Джыхьынэмым исхэм ахэмэ янэплъэгъу затырадзэкIэ, ахэмэ аIощт: "Ярэби я Алахь! хэбзэнчъэ цIыфхэм тахэтэу джэхьынэмым тимыдз!"
[7.48] Гъунапкъэмэ аIутхэр къашIэжьыгъэ цIыфхэм къяджэщтых: "Шъо зэкIэ мылъкоу шъуиIагъэм, шъузэрэгушхощтыгъэм сыда федэу къышъуфихьыгъэр?"
[7.49] Мы цIыфхэр архэба Алахьым ынэшIу къащимыфэнэу шъо Iуагъэ зыфэшъушIыщтыгъэхэр Джэнэтым шъуихь, мыщ щынагъуи щышъуиIэщтэп, чэфынчъагъи къыщышъокIущтэп!"
[7.50] Джыхьнэмым исхэр джэнэтым исхэм къялъэIущтых: "Тэ псы къыттешъукI е Алахьым къышъуитыгъэ горэ къытфашъушI!" Ахэмэ аIощт: "Адырэри мыдрэри джаурмэ афэтшIэныр Алахьым мыдэ ышIыгъ,
[7.51] Зидин джэгуалъэ ыкIи дэхьащхын зышIыгъэхэр, гъашIэу зыхэтхэм дихьыхыгъэхэр. Ежьхэр мы мафэм зэрэIукIэжьыщтхэр зэращыгъупшагъэм, тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зэрэщагъэзыещтыгъэм фэдэу тэ ахэр непэ тщыгъупшэщтых!
[7.52] Гъогу занкIэр къагурыIоным пае шIошъхъунығъэ шъыпкъэ зиIэ цIыфхэм гукIэгъу афэхъуным пае тхылъ зэхэугуфыкIыгъэр тIыгъэу Тэ ахэмэ такъыфэкIуагъ.
[7.53] Ащ къызэхифырэм фэшъхьаф горэм ахэр ежэнхэуи? Ащ къызэхифрэр къызафэкIощт мафэм ащ ыпэкIэ ар зыщыгъупшэжьыгъэхэм аIощт: "Тэ ти Тхьэ илIыкIохэр шъыпкъэр ашIэу къытфэкIогъагъэх. Тэ гъусэ къытфэхъунхэу ухъумакIохэр тиIэщтыха? Хьауми тагъэгъэзэжьынышъ, нахьыпэм тшIэщтыгъэм фэдэ тымышIэжьэу тыхъущта?" Ахэмэ ежь=ежьырэу зэрар зэрахыжьыгъ, ахэмэ къаугупшысыщтыгъэхэри ашIокIодыжьыгъэх!
[7.54] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уашъори чIыгури мэфихыкIэ къэзгъэшIи етIанэ итетыгъо зыгъэпытэгъэ Алахьыр шъо шъуи Тхьэ, Ащ мафэр чэщыкIэ къызэфешIы, мафэр зэпымыоу чэщым лъэкIо, тыгъэри, мазэри, жъуагъохэри Ащ ыIэ илъых. Ары! Къыгъэхъунхэми ыгъэIорышIэнхэми Ары фитыр. Зэрэдунае и Тхьэу Алахьым иморад къыдэхъун!
[7.55] Iасэу, шъхьэкIафэ шъухэлъэу Алахьым зыфэжъугъаз, шъыпкъэ дэдэмкIэ, зызгъэпагэхэрэр Ащ шIу ылъэгъухэрэп!
[7.56] ЧIыгур зэгъэфэгъахэ зыщыхъугъэм, ар зэщызгъэкъон шъумышIэ, Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу, шъущыгугъэу Ащ зыфэжъугъаз, шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIу зышIэхэрэмкIэ Алахьым ишIушIэ благъэ!

[7.57] Ежь ишIушIэн ыпэкIэ къэбарышIум имэкъэгъэIоу жьыбгъэхэр къизгъэлъырэр Алахьыр ары. Ошъопщэ хьылъэр ахэмэ къызырафыжьэкIэ, илIыкIыгъэ хэгъэгумкIэ ар Тэ тэфы, ощхэу ар къетэгъэщхы, пхъэшъхьэ=мышъхьэхэр къэтэгъэкIых. Джаущтэу Тэ лIагъэхэри къэдгъэхъужьыщтых, шъо зыкъэшъушIэжьынкIи мэхъу!
[7.58] ЧIыгу шъолъыр дэгъум и Тхьэ иIизын хэлъэу къэкIыхэрэр къыхэкIых, чIыгу дэим ахэр пIуакIэу къытекIэх. Тэ тищысэтехыпIэхэр цIыфхэу разэхэм апае джаущтэу къафитэIотыкIых!
[7.59] Зэгорэм Тэ Нухьэ ицIыф лъэпкъ фэдгъэкIогъагъ. Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым шъхьащэ фэшъушI Ащ фэшъхьафэу шъо тхьэ шъуиIэп! Мэфэшхо мафэм шъуагъэпщынэным сытещтыхьэ".
[7.60] Ащ ицIыф лъэпкъ пащэу иIэхэм аIуагъ: "О гъэнэфагъэу узэрэгъощагъэр тэлъэгъу".
[7.61] Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Сэ гъощэгъэ Iоф сиIэп, зэрэдунаеу и Тхьэ сэ сырилIыкIу ныIэп.
[7.62] Сэ си Тхьэ къышъуфыригъэхыгъэр кьышъосэIожьы, сыкъышъоушъыи, Алахьым дэжь къикIэу шъо шъумышIэрэр сэ сэшIэ,
[7.63] Шъо шъушIошъ ыгъэхъуным пае, Тхьэм ищынагъо шъугу илъыным пае шъущыщ цIыфыкIэ Алахьым ишIэныгъэ къызэрэшъуфакIорэр шъогъэшIагъуа, шъо къышъуфагъэгъункIи мэхъу!"
[7.64] Ахэмэ ар пцIыусэу алъытагъ, ау Тэ ари ащ игъусэхэу къухьэм исыгъэхэри къэдгъэнэжьыгъэх, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытагъэхэр псым едгъэтхьэлагъэх! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр цIыф лъэпкъ нэшъоу щытыгъэх!
[7.65] Зэгорэм Тэ Iадхэм адэжь ахэмэ ашэу Хьудэ дгъэкIогъагъэ. Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым шъхьащэ фэшъушI, Ащ фэшъхьафэу шъо Тхьэ шъуиIэп! Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу шъущытыщтба?"
[7.66] Ащ ицIыф лъэпкъ пащэу иIэхэу шIошъхъуныгъэ зимыIагъэхэм аIуагъ: "Пшъхьэ зэрэмытэрэзыр тэлъэгъу, упцIыусэуи тэ къытшIошIы".
[7.67] Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Сэ сшъхьэ мытэрэзэу щытэп, сэ зэрэдунае и Тхьэ сырилIыкIу ныIэп.
[7.68] Сэ си Тхьэ къышъуфигъэхьыгъэр къышъосэтыжьы: ШъоркIэ сэ сыупчIэжьэгъу шъыпкъ.
[7.69] Шъо шъушIошъ ыгъэхъуным пае шъущыщ цIыфыкIэ Алахьым ишIэныгъэ къызэрэшъуфакIорэо шъогъэшIагъуа? Нухьэ ицIыф лъэпкъ ыуж яIоф лъыжъугъэкIотэнэу Ащ шъузэришIыгъэр ин дэдэ шъузэришIыгъэр шъугу къэжъугъэкIыжь. Алахьым шIоу къышъуфишIагъэр шъугу къэжъугъэкIыжь, шъо насыпышIо шъухъункIи мэхъу"!
[7.70] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ тятэхэм шъхьащэ зыфашIыщтыгъэхэр щыдгъэзыенхэшъ, Алахь закъом шъхьащэ фэтшIыным паемэ шIэ о укъызфэкIуагъэр? О шъыпкъэаIомэ уащыщмэ, тызэрэбгъэщынэрэр тадэжь къащэ!"
[7.71] Ащ ыIуагъ: "Шъо шъуи Тхьэ шъузэригъэпщынэщтыри игубжи къышъутефэгъах, Алахьым зыпари лъэкI къызыфыримыгъэхыгъэхэм шъори шъо шъуятэхэми цIэу афэшъуусыгъэм пае сэ шъукъысэнэкъокъунэуи? Шъуеж, сэри сышъуигъусэу сежэ".
[7.72] Тэ тишIушIэкIэ ари ащ игъусэхэри къэдгъэнэжьыгъэх, тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр, Тхьэр зышIошъ мыхъущтыгъэхэр зы нэбгырэ къэтымыгъанэу дгъэкIодыгъэх!
[7.73] Зэгорэм Самудхэм адэжь ахэмэ ашэу Шъалихьэ дгъэкIогъагъэ. Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым шъхьащэ фэшъушI. Ащ фэшъхьаф зыпари шъуиIэп, шъуи Тхьэ дэжь къикIэу шыхьат гъэнэфагъэ къышъуфэкIуагъ: Алахьым имэхъшэбз щысэтехыпIэ

шъуфэхъущт, Алахьым ичIыгу щыхъунэу ар къэжъугъан, хьазаб пщынэжь шъухэмыфэным пае бзэджагъэ шъугу илъэу ащ шъунэмыс.
[7.74] Адитхэм ауж Iофыр лъыжъугъэкIотэнэу Ащ чIыгум шъузэрэщигъэпсэурэр шъугу къэжъугъэкIыжь, ащ икIэйхэм мыжъо унэхэр адэшъогъэуцох, къушъхьэмэ унэхэр къахэшъоутых, Алахьым ишIушIэ шъугу къэжъугъэкIыжь, псэкIодыбэр чIыгум щызешъухьэу бзэджагъэхэр шъумышIэх!"
[7.75] Ежьхэм ялъэпкъ щыщ пащэхэу ин дэдэкIэ алъытэщтыгъэхэм, цIыкIукIэ алъытэщтыгъэхэм, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэхэм араIуагъ: "ШъошIа шъо Шъалихьэ и Тхьэ дэжь кьызэрикIрэр?" Ахэмэ аIуагъ, "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар къызфагъэкIуагъэм тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фытиI!"
[7.76] Пагэ хъугъэхэм аIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зыфэшъушIыгъэм тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фытиIэп!".
[7.77] Ахэмэ мэхъшэбзыр шIуабзыгъ я Тхьэ иунашъо едэIугъэхэп, аIуагъ: "О Шъалихь! О лIыкIоу ущытмэ, тыкъызэрэбгъэгугъэрэр къытфащ"
[7.78] Джащыгъум ячIыгу ахэмэ къэсысыгъ, пчэдыжьым зэкIэмэ анэгухэр егъэзыхыгъэхэу яунэмэ арылъыгъэх.
[7.79] Ахэмэ ар къахэкIыжьи, ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Сэ си Тхьэ къышъуфигъэхьыгъэр къышъосIожьыгъ, джэнджэши къышъостыщтыгъ, ау джэнджэшэгъухэр шъо шIу шъулъэгъухэрэп.
[7.80] ЛютIи ары. Мары, ащ ицIыф лъэпкъ риIуагъ: ШъуапэкIэ щыIэгъэ цIыф лъэпкъмэ ащыщ горэм ымышIэгъэ бзэджагъэр шъушIэнэуи?
[7.81] Шъо лъэшэу шъуафэщагъэу бзылъфыгъэмэ ачIыпIэ хъулъфыгъэмэ адэжь шъокIо. Ары, шъо гъунэнчъэу щыкIыгъэ цIыфхэ шъухъугъ!
[7.82] Ащ ицIыф лъэпкъ джэуапэу къыритыжьыгъэр мы гущыIэхэр ары ныIэп: "Шъо шъуикъуаджэ ахэр дэшъуфых, ахэр къабзэхэкIэ зызылъытэжьрэ цIыфых!"
[7.83] Тэ, ишъуз фэшъхьафрэ, ари ащ иунагъуи къэдгъэнэжьыгъ, шъузыр къэнагъэмэ ащыщыгъ.
[7.84] Тэ ахэмэ ощхыр къафеткIыкIэхыгъ. Гунахьыбэ зышIагъэмэ кIэух афэхъугъэм еплъ!
[7.85] Зэгорэм мадайанитхэм ашэу Щухьаибэ Тэ афэдгъэкIогъагъ. Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым шъхьащэ фэшъушIызэ шъушIы, Ащ фэшъхьафэу шъо Тхьэ шъуиIэп! Шъуи Тхьэ дэжь къикIи, Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэр къышъуфэкIуагъ. Хьакъым тетэу щэчалъэм шъудэпсэу. ЦIыфмэ яIэм хэжъугъэкIэу зэрар яшъумых, чIыгур зэгъэфагъэ зыхъугъахэм зэщызгъэкъонхэр шъумышIых. Шъо Тхьэр шъушIошъ мыхъумэ, шъоркIэ ар нахьышIу!
[7.86] Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэр жъугъэщынэхэу, Алахьым игъогу дэжъугъэхыхэу, ар нахь IонтIагъэ зэрэшъушIыщтым шъуфаблэу, сыд фэдэ гъогуи шъутемыхь. Шъо макIэ шъузэрэхъущтыгъэр шъугу къэжъугъэкIыжь, Ащ шъуигъэбэгъуагъ, шъуеплъ гунахьыбэ зышIагъэхэм кIэухэу афэхъугъэм!
[7.87] Сэ сIыгъэу сыкъызфагъэкIуагъэм шъуащыщмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIыгъэмэ, шъуащыщми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фамышIыгъэмэ, Алахьым тыкъызэхехыфэ шъущыIэ. Iофыр зэхэзыфырэмэ Ар анахь заф!"
[7.88] Ежь ицIыф лъэпкъ ыгъэлъапIэщтыгъэ пащэхэм аIуагъ: "Ори, Щухьаиб, о уигъусэхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэри тикъуаджэ дэтфыщтых е тидин къыфэбгъэзэжьыщт. Ащ ыIуагъ: "Ар тэ тфэмылъэгъоу щытыгъэми?".
[7.89] Алахьым ащ тызщиухъумагъэм ыуж шъо шъуидин фэдгъэзэжьмэ, Алахьым имыхьакъ етIолIэн. Тэ ти Тхьэу Алахьыр фэмыемэ, ащ фэдгъэзэжьыныр ищыкIагъэп,

ишIэныгъэкIэ ти Тхьэ ыIэ къимыхьан щыIэп! Тэ Алахьым тицыхьэ телъ! Ярэби я Алахь! Тэрырэ тилъэпкъырэ тазфагу илъыр хьакъым тетэу къытфызэхэф, зэхэзыфырэмэ О уанахьышIу".
[7.90] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэу ащ ицIыф лъэпкъ ипащэхэм аIуагъ: "Щухьаибэ шъулъыкIомэ, чIэнагъэ шъушIыгъэу шъукъэнэщт".
[7.91] ЧIыгу сысыныр ахэмэ алъыIэсыгъ, пчэдыжьым ахэр укIыгъэхэу, анэгухэр егъэзыхыгъэхэу япсэупIэмэ арылъыгъэх.
[7.92] Щухьаибэ гъэпцIакIокIэ зылъытэщтыгъэхэр ащ щымыпсэущтыгъэхэм фэдагъ! Щухьаибэ пцIыусыкIэ зылъытэщтыгъэхэм чIэнагъэ ашIыгъэу къычIэкIыгъэх!
[7.93] Ахэмэ ар акIэрыкIи, ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Сэ си Тхьэ къышъуфигъэхьыгъэр сэ къышъостыжьи, джэнджэш шъостыгъ. ЦIыф лъэпкъэу Тхьэр зышIошъ мыхъурэм сэ сыдэущтэу сыгу фэгъуна?".
[7.94] Насыпынчъагъэрэ тхьамыкIагъорэ афэмыхьыщтэу сыд фэдэ къуаджи хэт фэдэ пегъэмбари афэдгъакIощтыгъэп, ахэр къешIунхэкIи мэхъу!
[7.95] ЕтIанэ Тэ ахэмэ ар шIукIэ афызэблэтхъущтыгъэ, арышъ, ахэр багъощтыгъэх, аIощтыгъэ: "Тэ тятэхэми тхьамыкIагъуи насыпынчъагъи къафакIощтыгъэ. Ащ ыуж ахэр зыщемыжэгъэхэ уахътэм ошIэ=дэмышIэу Тэ ташъхьарыоти, дгъэкIодыщтыгъэх!
[7.96] Къуаджэм щыпсэухэрэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэу, Тхьэм ищынагъо агу илъыгъэмэ, Тэ ахэмэ уашъомрэ чIыгумрэ яшIушIэ афэдгъэбэгъони, ау ахэмэ пцIыр ашIошъ хъущтыгъэ, ахэмэ зыфашIыжьыгъэм пае Тэ ахэр дгъэпщынагъэх!
[7.97] Къалэмэ ащыпсэухэрэм чэщэу зыщычъыехэрэм Тэ тигубж лъэш къафэмыкIоным шIошъхъуныгъэ фыряIэгъэна?
[7.98] Къалэмэ ащыпсэухэрэр пчэдыжьэу зыщычэфыхэрэм Тэ тигубж лъэш къафэмыкIоным шIошъхъуныгъэ фыряIэгъэна?
[7.99] Алахьым итхьагъэпцIыгъэ ахэр фэщынэгъонха? Алахьым ищынэгъончъэ хэтхэу зызылъытэжьхэрэр ежь=ежьырэу зызгъэпцIэжьырэ цIыфхэр арых!
[7.100] Нахьыпэм щыпсэущтыгъэхэм ауж мы чIыгур къызIукIэжьыгъэхэм нафэ къафэхъугъэба Тэ тыфэягъэмэ ахэмэ псэкIодыбэу ашIагъэм пае дгъэкIодынхэ зэрэтлъэкIыщтыгъэхэр, зыпари зэхамыхэу агухэр зэфэтшIынхэ зэрэтлъэкIыщтыгъэр?
[7.101] А къуаджэмэ афэгъэхьыгъэу Тэ къэбархэр къафэтIуагъэх. Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр аIыгъхэу ахэмэ ялIыкIохэр къафакIощтыгъэх, ау нахьыпэм ахэмэ пцIыкIэ алъытэщтыгъэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIынэу щытыгъэхэп. Алахьым джаущтэу джаурмэ агухэр зэфешIых!
[7.102] Ахэмэ анахьыбэмэ Iуагъэр Тэ ядгъотылIэжьыщтыгъэп, ахэмэ анахьыбэхэм, шъыпкъэ дэдэмкIэ, щыкIыгъэхэу Тэ таIукIэщтыгъэ.
[7.103.Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ыIыгъхэу ащ ыуж Тэ фирхьаунрэ ащ илIэкъолъэшхэмрэ адэжь Мосэ дгъэкIуагъэ, ау ахэмэ зэфэнчъэу ахэр къадэзекIуагъэх. ЩыкIыгъэмэ кIэухэу афэхъугъэм еплъ!
[7.104] Мосэ ыIуагъ: "О фирхьаун! Зэрэдунае и Тхьэ сэ сырилIыкIу.
[7.105] Алахьым фэгъэхьыгъэу шъыпкъэ щэхъу сэ къызэрэсымыIощтыр шъыпкъэу щыт. Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэ сиIэу шъуи Тхьэ дэжь сыкъикIи, шъуадэжь сыкъэкIуагъ. Исраил ыкъохэр сэ къыздагъакIох!"
[7.106] Ащ ыIуагъ: "О шъыпкъэныгъэ зиIэмэ уащыщэу, Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэр уиIэу укъэкIуагъэмэ, къытэгъэлъэгъу".
[7.107] Джащыгъум ащ ибэщ чIидзыгъ, мары ар блэ хъугъэ.
[7.108] ЕтIанэ ащ ыIэ къырихыгъ, мары ар еплъырэмэ фыжьэу алъэгъу.

[7.109] Фирхьаун ицIыф лъэпкъ щыщ лIэкъолъэшмэ аIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар шIэныгъэшхо зиIэ уд,
[7.110] ащ шъо шъуичIыгу шъурифы шIоигъу". "Шъо сыда шъушIэн фаер?".
[7.111] Ахэмэ аIуагъ: "Ащи ащ ыши пIалъэ ят, угъоякIохэр къалэхэм гъакIох,
[7.112] хэтми шIэныгъэшхо зиIэ уд ахэмэ о къыпфащэнэу".
[7.113] фирхьаун дэжь удхэр къакIохи, къыраIуагъ: "Тэ текIоныгъэр къыдэтхымэ, тэркIэ ар тыны хъущта"?.
[7.114] Ащ ыIуагъ: "Ары, сэ къыспэблагъэмэ ащыщ шъухъущт!
[7.115] Ахэмэ аIуагъ: "О Мос! О ыпэ чIэудзыщта е тэ ыпэ чIэтыдзыщта?"
[7.116] Ащ ыIуагъ: "Шъо чIэшъудз!" Ахэмэ зычIадзым, алъэгъурэм цIыфхэр ыушхъухьагъэх, ыгъэщтагъэх, ушхъухьаныгъэ хьалэмэтхэр къагъэлъэгъуагъэх.
[7.117] Джащыгъум Тэ Мосэ ышIошъ дгъэхъугъэ: "Уибэщ чIэдз!" Мары, нэпIэхъэу ахэмэ къагъэлъагъорэр ащ едыры.
[7.118] Шъыпкъэр джаущтэу къэлъэгъуагъ, ахэмэ ашIэщтыгъэр зэрэнэпцIыр къычIэщыгъ.
[7.119] А чIыпIэм ахэмэ щатекIуагъэх, пкIэ ямыIэжьэу къэнагъэх!
[7.120] ЧIыгум нэсэу шъхьащэ ашIызэ, удхэм зырадзыхыгъ.
[7.121] Ахэмэ аIуагъ :"Зэрэдунае и Тхьэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшIыгъ,
[7.122] Мосэрэ Хьарунэрэ я Тхьэ!"
[7.123] Фирхьаун ыIуагъ: "Сэ Iизын къышъостыным ыпэкIэ ащ шIошъхъуныгъэ: шъыпкъэ фэшъушIыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мы къалэм щыпсэухэрэр дэшъущынхэм пае ар къэшъуугупшысыгъэ тхьагъэпцIыгъ. Ау шъо къэшъушIэщт!
[7.124] Сэ унашъо афэсшIыни шъуIэхэри шъулъакъохэри зэблэдзыгъэу пязгъэупкIыных, етIанэ зэкIэми шъухязгъэIулIэн!"
[7.125] Ахэмэ аIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ ти Тхьэ зыфэтэгъазэ!
[7.126] Тэ ти Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр къызытфакIохэм, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрафэтшIыгъэм пай тызфэбгъэпщынэщтыр. Ярэби я Алахь! ЩэIагъэ о къытхалъхь, тыпфэIорышIэу дунаим тегъэхыжь!
[7.127] ЦIыф лъэпкъым щыщ лIэкъолъэшмэ Фирхьаун раIуагъ: "ПсэкIодыбэ чIыгум щызэрахьэу Мосэрэ ащ илъэпкъырэ о къэбгъэнэнхэуи, ежь ори о уитхьэхэри къыгъэнэщтха?" Ащ ыIуагъ: "Тэ унашъо тшIыщт ахэмэ акъохэр аукIынхэшъ, ябзылъфыгъэхэр псаоу къагъэнэнхэу. Тэ ахэмэ акIыIу тыхъущт!"
[7.128] Ежь ицIыф лъэпкъ Мосэ риIуагъ: "Алахьым иIэпыIэгъу шъукIэлъэIуи, щэIэныгъэ зыхэжъугъэлъ! ЧIыгур Алахьым ыIэ илъ. Ежь иIумэтхэм ащыщэу зыфаем ар кIэнэу реты, Тхьам ищынагъо зыгу илъхэм кIэухыр яй".
[7.129] Ахэмэ аIуагъ: "О тадэжь укъэкIоным ыпэкIи тадэжь укъызыкIуагъэм ыужи къин тыхэт". Ащ ыIуагъ: "Шъо шъушIэрэр ылъэгъуным пае шъуитхьэ шъуипыйхэр ыгъэкIодынхэ, чIыгум шъурикIэнзехьэ шъуишIын ылъэкIыщт!
[7.130] Фирхьаун илъэпкъ Тэ хьалыгъу щымыIэкIэ, пхъэшъхьэ=мышъхьэ макIэкIэ дгъэпщынагъэ, ахэмэ зыкъашIэжьынкIи мэхъу!
[7.131] Ау шIу къызяхъулIэм, ахэмэ аIуагъ: "Ар тэры зыIэ илъыгъэр", ау тхьамыкIагъо горэ къызяхъулIэкIэ, бзыухэмкIэ къырадзэзэ, Мосэ, ащ игъусэхэм атыралъхьэ. Ары, ахэмэ ябзыу Алахьым дэжь щыI, ау ахэмэ анахьыбэмэ ар ашIэрэп!
[7.132] Ахэмэ аIо: "Сыд фэдиз Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэ къытфахьыгъэми, ахэмкIэ тэ тыушхъухьанэу, шIошъхъуныгъэ къыпфэтшIыщтэп!"

[7.133] Джащыгъум Тэ ахэмэ псыр акIэдгъэуагъ, мацIэр, хьацIэ=пIацIэхэр, хьантIаркъохэр, лъыр афэдгъэкIуагъэх, ахэр щысэтехыпIэ зэхэугуфыкIыгъэх, ау ахэмэ загъэпэгагъ, псэкIодыбэ зышIэгъэ цIыфхэу хъугъэх.
[7.134] Пщынэжьыр къызафакIом, ахэмэ аIуагъ: "О Мос! О къызэрэозэгъыгъэм тетэу ти Тхьэ къытфедж. Пщынэжьыр о зыттепхыжьыкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ къыпфэтшIыщт, уигъусэхэу Исраил ыкъохэр къыбдэдгъэкIощтых".
[7.135] Гъунапкъэу ахэр зынэмысыщтхэм нэсэу пщынэжьыр Тэ ахэмэ затетэхым мары Iуагъэу ашIыгъэр аукъо.
[7.136] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ахэмэ пцIыкIэ зэралъытэщтыгъэм, пхъэтэпэмыхь зэрашIыщтыгъэхэм пае ахэмэ алъ Тэ тшIэжьыгъэ, ахэр Тэ хым чIедгъэхьагъэх.
[7.137] ЦIыф лъэпкъэу кIочIаджэкIэ алъытэщтыгъэм тыгъэкъокIыпIэмкIи къохьапIэмкIи ащыIэ чIыгухэу тынэшIу зыщыфагъэхэр Тэ яттыгъэх. Исраил ыкъохэр щэIагъэ ахэлъэу зэрэщытыгъэхэм пае Алахьым гущыIэшIоу къыIуагъэр къыгъэшъыпкъэжьыгъ. Фирхьауни ащ илъэпкъи агъэпсыщтыгъэр, агъэуцугъэхэр Тэ дгъэкIодыгъэх!
[7.138] Исраил ыкъохэр Тэ хым зэпырытщыгъэх, ятхьэ сурэтхэм шъхьэкIафэ афэзышIырэ цIыфмэ адэжь ахэр кIуагъэх. Ахэмэ аIуагъ: "О Мос! Ахэмэ тхьэу яIэм фэдэ тхьэ тэри къытфэшI". Ащ ыIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIэныгъэу шъуиIэр макIэ!
[7.139] Ахэмэ агъэлъапIэрэр кIодыщт, ахэмэ ашIэщтыгъэми пкIэ иIэп!
[7.140] Ащ ыIуагъ: "Зэрэдунае шъущигъэлъапIэу Алахьым фэшъхьафэу нэмыкIытхьэ шъощ пае сылъыхъужьынэуи?"
[7.141] Зэрар къышъуфэзыхьыщтыгъэ пщынэжь къышъутезылъхьэщтыгъэу, шъуикIалэхэр зыукIыхэмэ шъуибзылъфыгъэхэр псаоу къэзгъанэщтыгъэхэу Фирхьаун илъэпкъ Тэ шъуущытыухъумагъ. Шъуи Тхьэ ащкIэ ин дэдэу шъуиушэтыщтыгъэ!
[7.142] Мосэ Тэ чэщ щэкIэ тыригъусагъ, ащ чэщипшI хэдгъэхъожьыгъ, зэкIэмкIи ащ итхьэ уахътэу дырихыгъэр чэщ тIокIитIу. Мосэ ыш Хьарунэ риIуагъ: "Сэ силIыкIоу сицIыф лъэпкъ фэхъу, диныр ягъэIыгъ, псэкIодыбэ зышIэрэмэ ягъогу утемыхь".
[7.143] Тэ уахътэу дгъэнэфагъэм ехъулIэу Мосэ къакIуи, Тхьэр ащ къыдэгущыIэ зэхъум, ащ ыIуагъ: "Я Алахь! О сэ сызэгъэплъ" Ащ ыIуагъ: "О Сэ сыплъэгъущтэп, ау мо къушъхьэм еплъ, ар ичIыпIэ къызынэжькIэ сыплъэгъущт". Ащ и Тхьэ инэф къушъхьэм къызтыредзэм, ар сапэ ригъэфагъ, Мосэ натIэкIэ чIыгум зыридзыхи, иакъыл щыуагъ. ЗыкъызешIэжьым, ащ ыIуагъ: "Щытхъур О уадэжь! СыкIэгъожьыгъэу О зыкъыфэсэгъазэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэмэ апэрэр сэры".
[7.144] Ащ ыIуагъ: "Мос! Сэ афэзгъахьыхэрэр, сигущыIэхэр алъыбгъэIэсыным пае цIыфмэ уакъыхэсхыгъ: Сэ къыостырэр сIихи, разэ хъу!"
[7.145] ЩыIэр зэкIэ гурыдгъаIоу, щыIэр зэкIэ фызэхэтфэу Тэ ощ пае гущыIэ лъапIэхэр пхъэмбгъум фытеттхагъэх. Теубытагъэ пхэлъэу ар зехьэ, уицIыф лъэпкъи унашъо фэшI дэгъу дэдэу хэлъыр зэкIэ зэрихьанэу! ПсэкIодыбэ зышIагъэмэ япсэупIэ Сэ къышъозгъэлъэгъущт!
[7.146] Ямыфэшъуашэу мы чIыгум зыщызгъэинхэрэр Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ акIэрысщыщтых: Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэр зэкIэ ахэмэ алъэгъуми, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афашIыщтэп, шъыпкъагъэм игъогу алъэгъуми, ежьхэм апае гъогоу ар къыхахыщтэп, ау гъощэныгъэм игъогу залъэгъукIэ, ар ежьхэм апае гъогоу къыхахыщт. Ар аущтэу зыкIэхъущтыр Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ахэмэ пцIыкIэ зэралъытэщтыгъэхэм ыкIи пхъэтэпэмыхь зэрашIыщтыгъэхэм пай.

[7.147] ТиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ахърэт гъашIэм IукIэжьынхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэм ашIагъэм уасэ иIэп, ахэмэ ашIагъэм фэдэщтхэба шIушIагъэу аIукIэжьыщтыр ?
[7.148] Мосэ ицIыф лъэпкъ, ежь захэкIыжь нэуж, шъуашэу иIэхэм дышъэ ахишIыкIыгъ, быурэ хьэйуаным фэдэ. Ахэмэ алъэгъущтыгъэба ар ахэмэ къазэрэдэмыгущыIэщтыгъэри, гъогу занкIэм зэрэримыщэщтыгъэхэри? Ахэмэ ар зыфашIыжьи, диныр агу имылъ хъугъэх.
[7.149] Ахэмэ зэкIэ аIэпызы зэхъум, зэрэгъощагъэхэр залъэгъум, аIуагъ: "Алахьым ынэшIу къытщымыфэу къытфимыгъэгъумэ, насыпынчъэу тыкъэнэщт!
[7.150] Губжышхо ышIыгъэу, хэшэнычъыкIэу Мосэ ицIыф лъэпкъ къызфегъэзэжьым, ащ ыIуагъ: "Сэ сыщымыIэу шъушIагъэр дэи! Хьауми шъуи Тхьэ шъуиIоф нахь псынкIэу ежъугъаIо шъушIоигъуа?" ГущыIэ лъапIэхэр зытетхэгъэ пхъэмбгъур ащ чIидзи, зэрилъэшъулIэзэ, ыш ышъхьэ шIуиубытыкIыгъ. Ащ ыIуагъ: "О сянэ икIал! Лъэпкъыр къыстекIуагъ, саукIынкIэ макIэ иIэжьыгъэр. Пыйхэр къыздэбгъэхьащхыхэу сынапэ темых, диныр зышIошъ мыхъурэ цIыфмэ сагомыгъэуцу!"
[7.151] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь! Сэри сши къытфэгъэгъу, О унэшIу къытщыгъаф: ГукIэгъу зыхэлъмэ О уанахь гукIэгъушI!
[7.152] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, дышъэ зыфэзышIыжьыгъэхэм я Тхьэ игубж лъэш къанэсыщт, гъашIэу зыхэтхэми щаушъхьакIущтых! ПцIыр къэзыугупшысыхэрэм Тэ джаущтэу тятэ!
[7.153] Бзэджагъэ зышIэщтыгъэхэу етIанэ ащ ыуж кIэгъожьхи шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыжьыгъэхэм уи Тхьэ афегъэгъу, гукIэгъушI!
[7.154] Губж лъэшыр Мосэ зыкIэкIыжьым, гущыIэ лъапIэхэр зытет пхъэмбгъур къыштэжьыгъ. Я Тхьэ ищынагъо зыгу илъмэ шъыпкъагъэрэ шIугъэрэ адызепхьаныр ащ тетхэгъагъ.
[7.155] Тэ уахътэу дгъэнэфагъэм пае ежь ицIыф лъэпкъ щыщэу нэбгырэ тIокIищырэ пшIырэ Мосэ къахихыгъ. Ахэмэ ячIыгу зэсысым, ащ ыIуагъ: "Я Алахь! Уфэягъэмэ, мыхэр сэ зэрэсигъусэхэу О нахьыпэ бгъэкIодынхи. Тэ тщыщхэу акъыл зимыIэхэм ашIэщтыгъэм пае О тыбгъэкIодынэуи? О узфаер гъогу занкIэм дэбгъэхызэ, узыфаер ащ рыпщэзэ, ащкIэ О тыоушэты ныIэп. Тэ О утиухъумакIу, къытфэгъэгъу, унэшIу къытщыгъаф", зыгъэгъурэмэ О уанахьышIу!
[7.156] ГъэшIэ Iахьэу тиIэми ахърэтми шIушIэныр къытфэтх: Тэ О зыкъыфэдгъэзагъ!" Ащ ыIуагъ: Сэ сипщынэжькIэ сызыфаер сэгъэкIоды, сишIушIэ псэ зыпыт пэпчъ лъэIэсы. Ащ пае Тхьэм ищынагъо зыгу илъмэ, гур зыгъэкъэбзэрэ сэдакъэ зытырэмэ, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышIыгъэмэ ар афэстхыщт,
[7.157] ЛIыкIом, пегъэмбарым, еджакIэрэ тхакIэрэ зымышIэрэм алъыкIохэрэм, Тэуратымрэ Инджылымрэ арытхагъэу ахэмэ алъэгъурэм, шIум ахэр фэзыщэхэрэм, мыхъущтым фэзыIажэхэрэм, дэгъум фит зышIыхэрэм, бзэджагъэр афэзымыдэрэм, хьылъэу, лъэхъоу ателъыгъэхэр атезыхырэм, ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэу, дезгъаштэщтыгъэхэу, IэпыIэгъу фэхъущтыгъэхэу, кIыгъоу къыдехыгъэ нэфынэм лъыкIощтыгъэхэм, ахэр гъэхъагъэ зиIэхэр арых!
[7.158] ЯIу: "О цIыфхэр! Уашъори чIыгури зыIэ илъ Алахьым сырилIыкIоу зэкIэми шъуадэжь сыкъигъэкIуагъ, Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп, Ащ къегъэхъух, егъалIэх. Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэшъушI, пегъэмбарэу еджакIи тхакIи зымышIэу Алахьым, Ащ игущыIэхэми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афызиIэм ыуж шъурыкIу, гъогу занкIэ шъурыкIонкIи мэхъу!"
[7.159] Мосэ илъэпкъ шъыпкъэм игъогу тетхэу, ащ рыгъуазэхэзэ, зэфагъэ ахэлъэу зекIохэу цIыф куп хэтыгъ.

[7.160] Ахэр Тэ цIыф лъэпкъ пшIыкIутIоу зэтедгъэкIыгъ. Псы ешъо шIоигъоу илъэпкъ Мосэ къелъэIу зэхъум, Мосэ теушъыигъ: "УибэщкIэ мыжъом еу!" Ащ ыуж псыкъичъыпIэ пшIыкIутIу ащ къыхэчъыгъ, зэкIэ цIыфмэ япсыешъуапIэ ашIэщтыгъэ. Тэ ахэмэ ошъуапщэр къафэдгъэси, щэкурпэрэ ныбгъухэмрэ къафедгъэхыгъэх. Тэ къышъоттыгъэ шхынышIухэр шъушхых! Тэ ахэмэ тыгу хагъэкIыгъэп, ау ежьхэм агухэр хагъэкIыжьыщтыгъэх!
[7.161] Ахэмэ араIогъагъ: "Мы къуаджэм шъудэтIысхьи, шъузыфаер щышъуших, шъуIо: "ПсынкIэ къытфэгъэхъу!" ЧIыгум натIэкIэ шъунэсызэ къэлапчъэм шъудахь, псэкIодшIагъэу шъуиIэхэр Тэ шъуфэдгъэгъущтых. ШIу зышIэхэрэр Тэ дгъэлъэпIэщтых!"
[7.162] Зэфэнчъэ зышIэщтыгъэхэм араIогъэгъэ гущыIэхэр нэмыкI гущыIэхэмкIэ зэблахъугъэх. Ахэр зафэу зэрэщымытыгъэхэм пае, Тэ пщынэжьыр уашъом къафедгъэхыгъ.
[7.163] Хы. Iушъом Iусыгъэ къуаджэм пае ахэмэ яупчI, шэмбэт тхьалъэIухэр зэрашIыщтыгъэм, шэмбэт мафэм псы кIыIум тетхэу пцэжъыехэр ахэмэ къафесыщтыгъэх, шэмбэтыр зыщымыIэм пцэжъыехэр къафесыщтыгъэхэп. ПсэкIодшIэгъабэ зэряIэм пае Тэ джаущтэу ахэр тэушэтых!

[7.164] Мары, ахэмэ ащыщхэм аIощтыгъэ: "Алахьым ыгъэкIодыщт е пхъашэу агъэпщынэщт цIыфхэм шъо сыд пае шъуяушъыира?" Ахэмэ аIуагъ: "Шъуи Тхьэ ыпашъхьэ зыщытыухыижьыным пай, ахэр Тхьэм ищынагъо агу илъэу хъунхэкIи мэхъу!"
[7.165] Ахэмэ агу къагъэкIыжьыщтыгъэхэр защэгъупшэм, бзэджагъэ язымыгъашIэщтыгъэхэр Тэ къэтыухъумагъэх, зэфэнчъэу щытыгъэхэр гунахьыбэу агъэхъагъэм пае пщыныжь дэикIэ дгъэпщынагъэх.
[7.166] Ахэр афамыдэщтыгъэм зыблэкIхэм, Тэ ятIуагъ: "Афэмылъэгъурэ мамунэ шъохъу!"
[7.167] О уи Тхьэ макъэ къыгъэIугъ: "Ахэмэ апэшIуекIоу, къызыщыхъужьыщтхэ мафэм нэс, пщынэжь бзэджагъэхэр къязыхыщтхэр Сэ къэзгъэхъущтых". О уи Тхьэ уигъэпщынэнкIэ IэшIэх, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[7.168] Тэ ахэр цIыф лъэпкъыхэу чIыгум тедгощагъэх, ахэмэ дэгъухэри ахэтых, ау афэмыдэхэри ахэтых. Ахэр Тэ дэгъукIи дэикIи тыушэтыгъэх, ахэмэ къагъэзэжьынкIи мэхъу!
[7.169] Ахэмэ ауж якIэнзехьэхэр къалъыкIуагъэх, тхыгъэр аIукIэжьыгъ. ГъэшIэ Iахьым кIодыжьыщт мылъкоу щагъотырэр ахэмэ апхъуатэзэ, аIо: "Тэ къытфэхъущт!" Адырэм фэдэ кIодыжьыщт мылъку агъотыгъэмэ ахэмэ апхъуатэщтыгъ! Алахьым фэгъэхьыгъэу шъыпкъэ щэхъу амыIонэу тхыгъэм ит Iуагъэр ахэмэ къаIамыхыгъагъэуи? Ахэмэ тхыгъэр зэрагъашIэшъ, ашIэ ащ итхагъэр. Тхьам ищынагъо зыгу илъхэмкIэ аужырэ псэупIэр нахьышIу. Шъо зыкъэшъумышIэжьынэуи?
[7.170] Тхыгъэм готхэу, зэпымыоу, нэмаз зышIыхэрэр. шIу зышIэрэмэ ятынхэр Тэ дгъэкIодхэрэп!
[7.171] Тэ, мары, ошъуапщэм фэдэу ахэмэ ашъхьагъ къушъхьэр къызыщытэгъэсысым, къатеонэу къашIошIыщтыгъ. Тэ къышъоттырэр теубытагъэ шъухэлъэу зешъухьэ, ащ итыр шъугу къэжъугъэкIыжь, Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу шъухъункIи мэхъу!
[7.172] Зэгорэм о уи Тхьэ Адам ыкъохэм, ахэмэ атхыцIэмэ къакIэхъухьэщтхэр къахихыгъ, ежьхэм зыкъаушыхьатыжьынэу унашъо афишIыгъ: "Сэ сышъуи Тхьэу сыщытба?" Ахэмэ аIуагъ: "Ары, Тэ къэтэушыхьаты "Аущтэу зыкIэсшIыгъэр къаймэт мафэм шъумыIоным пай: "Тэ ар къыдгурыIоным тиIоф тетыгъэп".

[7.173] Е шъумыIонэу: "Тэ тятэхэм нахьыпэм Алахьым имыфэшъуашэхэр гуагъэуцощтыгъэх, тэ ахэмэ ауж тыкъэхъугъ. Гъогу нэпцI ахэр зэрэтетыгъэхэм пае Тэ О тыбгъэкIодынэуи?"
[7.174] Джаущтэу зэхэугуфыкIыгъэу мы щысэтехыпIэхэр Тэ къитэIотыкIых, ахэмэ къагъэзэжьынкIи мэхъу!
[7.175] ТиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зэттыгъэхэм къэбарым къафедж, ащ ахэмэ защидзыягъ. Шэйтаным ащ гъусэ зыфишIыгъ, ар гъощагъэмэ ащыщэу щытыгъ.
[7.176] Тэ тыфэягъэмэ, ащ ыцIэ IэятэхэмкIэ дгъэлъэпIэни. Ау ащ чIыгум зырифызылIи, шIоигъоныгъэмэ дахьыхыгъ, ар хьэм фэд: Епфыжьэми ыуж уикIыжьыми ыбзэгу къыредзы. Тэ ТиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэ цIыфмэ чIэгъчIэлъ гущыIэхэр афэгъэхьыгъ. Мы къэбарыр ахэмэ къафэIуат, ахэр егупшысэжьынхэкIи мэхъу!
[7.177] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэ цIыфмэ ящысэхэр дэих: Ежьхэм ахэмэ шъхьакIо зэрахыжьыгъ!
[7.178] Алахьыр зипащэр гъогу занкIэ рэкIо, Ащ дигъэхыхэрэр гъощагъэу хэтых.
[7.179] Джыхьнэмым пае Тэ джынэуи цIыфэуи къэдгъэхъугъэр бэ: Ахэмэ агухэм ар къагурыIорэп, ахэмэ анэхэм ар алъэгъурэп, ахэмэ атхьакIумэмэ ар зэхахрэп. Ахэр хьэйуанмэ афэдэх, ахэмэ анахь гъощагъэх. Зыми ымыгъэгумэкIырэ цIыфхэр джащ фэдэх.
[7.180] Алахьым цIэ шIагъохэр иIэх: АхэмкIэ Ащ шъуедж, Ащ ыцIэхэм апае къышъонэкъокъухэрэм ауж шъуикI. Ахэмэ ашIэрэм пае атефэрэр агъотыщт!
[7.181] Тэ къэдгъэхъугъэмэ цIыф лъэпкъхэр ахэтых шъыпкъагъэм игъогу рыкIохэрэр, ащ рыгъуазэхэзэ, ахэмэ зэфагъэхэр ашIэх.
[7.182] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр зэрэхъугъэри ежьхэм амышIэу Тэ дгъэкIодыщтых.
[7.183] Сэ ахэмэ пIалъэ ясэты, сыда пIомэ ситхьагъэпцIыгъэ шъыпкъэу щыт.
[7.184] Джы нэс ахэмэ къагурыIуагъэба лIыкIор зиакъыл зэщыкъуагъэмэ зэращымыщыр? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар гъэсэкIо шъыпкъэ ныIэп.
[7.185] Уашъомрэ чIыгумрэ ыIэ зэрилъым, зэкIэ Алахьым къыгъэшIыгъэм ахэмэ ягъунапкъэ къэсын зэрилъэкIыщтым ахэр емыгупшысэгъэнхэуи? Ащ ыуж сыд фэдэ къэбара ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зыфашIыщтыр?
[7.186] Алахьым гъогум тырищырэм зезыщэн иIэп, Ащ ахэр гъощэ нэшъухэу къекIокIынхэу къегъанэх.
[7.187] Дунаир зыщыкIодыжьыщт уахътэмкIэ о ахэр къыоупчIых. ЯIу: "Ар зышIэрэр си Тхь ары ныIэп, Ащ фэшъхьафэу а уахътэр зыми къыIон ылъэкIыщтэп: Уашъоми чIыгуми ар ащыхьылъ. Шъо ар ошIэ=дэмышIэу къышъуфэкIощт". АщкIэ о къэбар пшIэрэм фэдэу ахэр къыоупчIых. ЯIу: "Ар зышIэрэр Алахь закъор ары, ау цIыфмэ анахьыбэм ар ашIэрэп".
[7.188] ЯIу: "Алахьыр фэмыемэ, феди зэрари зыфэсшIэжьынэу лъэкI сиIэп. Сэ шъэфыр дэгъоу сшIэщтыгъэмэ, шIоу щыIэ пстэумкIэ зызгъэбаини, дэй гори къысэнэсыныеп. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэ цIыф лъэпкъымкIэ сэ сыушъыякIу, сыкъэбарышIузехь ныIэп".
[7.189] Ащ шъо зы псэм шъукъыхигъэкIыгъ, лIым пае щыIэщт шъхьэгъусэр ащ къыхигъэкIыгъ. ЛIыр ащ зыгуахьэм, хьын псынкIэ зэрихьэу хэтыгъ, ар къехьылъэкI зэхъум, нэбгыритIури ахэмэ я Тхьэу Алахьым елъэIугъэх: "Диныр зыгу илъ къытэотмэ, тэ О тыкъыпфэрэзэщт!"
[7.190] Диныр зыгу илъ ахэмэ къызаретым, ахэмэ Ащ афишIагъэм пае имыфэшъуашэхэр къаугупшыси гуагъэуцуагъэх. Ащ имыфэшъуашэу гуагъэуцохэрэм Алахьыр анахь лъаг!

[7.191] Зыпари къэзымыгъэхъурэр, ежьхэр къагъэхъугъэхэ пэтзэ, Ащ емыпэсыгъэхэу гуагъэуцохэуи
[7.192] Ахэми IэпыIэгъу къафэмыхъугъэхэуи, ежь-ежьырэу IэпыIэгъу зыфэмыхъушъухэрэр?
[7.193] Гъогу занкIэ тешъущэнхэу тхьабэ зышIошъ хъурэмэ шъуяджэмэ, шъуауж къырыкIощтхэп. Шъо ахэмэ шъуяджэнри зыпари шъумыIонри тIури зы.
[7.194] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым фэшъхьафэу шъузаджэхэрэр шъо къышъуфэдэхэу Ащ иIумэтых: Шъыпкъэныгъэ шъухэлъмэ, шъукъядж ахэмэ, джэуап къышъуарэт!
[7.195] РыкIонхэу ахэмэ лъакъо акIэта, е раубытынэу ахэмэ Iэхэр апытха, е ралъэгъунэу ахэмэ нэхэр арытха, рызэхахынэу ахэмэ тхьакIумэхэр яIэха? ЯIу: "Шъо жъугъэлъапIэхэрэм шъукъядж, етIанэ сэ къыспэшIуекIоу тхьагъэпцIыгъэ зешъухь, сипIалъи лъышъумыгъэкIуат!

Аланфал

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[8.1] КъонтхъымкIэ ахэр о къыоупчIых. ЯIу: "Алахьымрэ Ащ илIыкIорэ къонтхъыр аIэ илъ, Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, шъуазфагу мамыр ижъугъэлъ, Тхьэр шъушIошъ хъугъэмэ, Алахьым, Ащ илIыкIо шъуафэIорышI!"
[8.2] Тхьэр зышIошъ хъухэрэр Алахьым игугъу къызашIыкIэ, зыгу шъабэ хъухэрэр ары. Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм къафяджэхэ зыхъукIэ, шIошъхъуныгъэу ахэмэ яIэр нахь лъэш мэхъу, ахэр я Тхьэ щэгугъых,
[8.3] Зэпымыоу нэмаз зышIыхэрэр, Тэ къяттырэм щыщ агу пыкIэу зытыхэрэр ахэр ары.
[8.4] Ахэр шъыпкъэм тетэу Тхьэр зышIошъ хъухэрэр ары, Ахэмэ яIахьэу къафигъэгъущтыри хьалэлэу къаритыщтыри Алахьым дэжь щыI.
[8.5] Шъыпкъэр къыушыхьатынэу о уи Тхьэ уиунэ укъызырещым, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ ащыщ куп къыппэуцужьыщтыгъ.
[8.6] Шъыпкъэр нафэ къызыхъугъэм ыуж ар зыфэдэмкIэ о къыонэкъокъужьхэу, хьадэгъум алъэгъузэ рафылIэщтыгъэхэм фэдэу къыпэуцужьыщтыгъэх.
[8.7] Мары, купитIум языр къышъуфэгъэзагъэ хъунэу Алахьым шъукъигъэгугъэгъагъ. Шъуфэягъ Iашэр зымыIыгъыр къышъуфэгъэзагъэ хъуным, ау Алахьыр фэягъ Ежь игущыIэхэмкIэ шъыпкъэр зэрэшъыпкъэр къыгъэлъэгъоным, аужырэ цIыфым нэсэу джаурхэм алъапсэ кIиутыным,
[8.8] укIакIохэм агу римыхь нахь мышIэми, шъыпкъэр зэрэшъыпкъэр къыгъэлъэгъоным, пхэнджыр зэрэпхэнджыр къычIигъэщыным пае.
[8.9] Шъуи Тхьэ IэпыIэгъу къышъуитынэу шъуелъэIу зэхъум, Ащ шъукъызэхихи, джэуап къышъуитыжьыгъ: "Сатырэу зэготхэу, зэуж итхэу къэкIорэ мэлэIич минкIэ Сэ IэпыIэгъу сыкъышъуфэхъущт!"
[8.10] Шъугухэр ыгъэрэхьатынхэм пае ар къэбар гушIогъо къодыеу Алахьым къышIыгъ. ТекIоныгъэр Алахьым дэжь къекIы. шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр лъапIэ, Iуш!
[8.11] Мары, ухъумакIоу Ар зэрэшъуиIэр къыгъэнафэу, Ащ чъыер къышъушъхьаригъэуагъ, шъуигъэкъэбзэнэу, шэйтаным ибзэджэшIагъэхэр шъухигъэкIынэу, шъугухэр ыгъэчэфынэу, ащкIэ шъулъэхэр ыгъэпытэнэу уашъом ощхыр къышъуфыригъэхыгъ.
[8.12] Мары, о уи Тхьэ мэлэIичмэ макъэ аригъэIугъ: "Сэ сышъуигъус, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэмэ агухэр жъугъэпытэх! ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм агумэ Сэ щынагъо арысыдзэщт,ахэмэ апшъэ шъудау, аIэхъуамбэхэм шъуяу!"

[8.13] Арэущтэу зыкIэшъуушIыщтыр ахэр Алахьым, Ащ илIыкIо зэрагокIыгъэхэм пай. Алахьымрэ Ащ илIыкIорэ агокIырэр Алахьым пщыныжьыкIаекIэ егъэпщынэ!
[8.14] Ар шъощ пай! Ащ итхъагъо зэхашъушIэ, джаурмэ афыщылъыр машIокIэ пщынэнхэр ары!
[8.15] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ДзэкIо сатырхэу къышъупэшIуекIохэу джаурмэ шъуазыIукIэкIэ, шъуакIыб афэшъумыгъаз.
[8.16] Зэоным зыфагъэзэным е купым гъусэ фэхъунхэм пае щымытэу а мафэм ахэмэ зыкIыб афэзгъазэрэм Алахьым игубж лъэш къытефэщт. Ащ фэдэм шъхьэегъэзыпIэ фэхъущтыр джэхьнэм машIор ары, ар шъхьэегъэзыпIэ щынагъу!
[8.17] Шъорэп ахэр зыукIыщтыгъэхэр, Алахьым ахэр ыукIыщтыгъэх, щэбзащэр, пчыр бдзы зэхъум, орэп зыдзыгъэр, Алахьым ахэр ыдзыщтыгъэх. Ар ащтэу зыкIэхъугъэр шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр ушэтынышIукIэ Ащ ыушэтынхэм пай. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зэхехы, ешIэ!
[8.18] Шъощ пае аущтэу зыкIишIырэр джаурмэ ятхьагъэпцIыгъэ Алахьым хъыбэи ышIы шIоигъошъ ары.
[8.19] Шъо текIоныгъэм шъукIэлъэIущтыгъэмэ, текIоныгъэр къышъуфэкIуагъ. ЗышъуIажэмэ, шъоркIэ ар нахьышIу, ау жъугъэзэжьмэ, Тэри дгъэзэжьыщт. Шъо цIыфыбэ шъузэрэхъурэр зыпарэкIи IэпыIэгъу къышъуфэхъущтэп Алахьыр шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ эиIэмэ ягъус.
[8.20] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым, Ащ илIыкIо шъуафэIорышI, шъукъэдаIо пэтзэ, Ащ шъугомыкI.
[8.21] "Тэ зэхэтхыгъэ" зыIоу къэмыдаIорэмэ афэдэ шъумыхъу.
[8.22] Алахьым ыпашъхьэ хьэйуанхэмэ анахь щыдэйхэу дэгу-псыгухэр зыпари къызгурымыIохэрэр арых.
[8.23] Дэгъу горэ ахэмэ ахэлъэу Алахьым ышIыгъэмэ, зэхахэу Ащ ышIыни, зэхахынэу ахэр ышIыгъэхэмэ, гокIынхи, акIыб Ащ къыфагъэзэни.
[8.24] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо псэ къышъупызгъакIэрэм ащ шъуфищэ зыхъукIэ, Алахьым, Ащ илIыкIо джэуап къяшъутыжь. ЦIыфымрэ ыгурэ азфагу Алахьыр зэритыр, Ащ дэжь шъо шъузэрагъэхьазырыжьыщтыр зэжъугъашIэ!
[8.25] Шъо шъуащыщхэу мызафэхэми ямызакъоу ушэтынэу къышъуфэкIощтхэм шъуащыщын. УигъэпщынэнкIэ Алахьыр зэрэлъэшыр зэжъугъашIэ.
[8.26] Зыщышъумыгъэгъупш: мы чIыгум шъо цIыфышъхьэ макIэу шъутетыгъ, шъухъыбэигъ. А цIыфхэм шъузэрагъэкIодыщтым шъущыщын, ау Ащ псэупIэ къышъуитыгъ, иIэпыIэгъукIэ шъулъапсэ ыгъэпытагъ, шхыныгъошIухэр къышъуитыгъэх, разэ шъухъункIи мэхъу!
[8.27] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьыми мы лIыкIоми мэхъэджагъэкIэ шъуапэмыгъокI, ар къыжъугурэIошъ, зым адырэм цыхьэ фишIынымкIэ мэхъэджагъэ къызхэшъумыгъаф.
[8.28] Шъо шъуимылъкуи шъуикIалэхэри ушэтыных ныIэп, тын лъапIэр Алахьым дэжь щыI.
[8.29] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым ищынагъо шъугу илъ хъумэ, шIумрэ емрэ Ащ зэхэшъуфы шъуишIыщт, бзэджэшIагъэу шъуиIэхэр шъутырихынхэшъ, къышъуфигъэгъущт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIушIэ лъапIэр Алахьым ыIэ илъ!
[8.30] О лъэхъу къыптыралъхьаным, е уаукIыным, е уипсэупIэ укъырафыным пае джаурмэ хъор-шэрыгъэхэр зэрахьэх, Алахьым яхъор=шэрыкIэ къычIегъэщы, Алахьыр хъор=шэрынымкIэ нахьышIу!

[8.31] Ахэмэ Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ къафяджэхэ зыхъукIэ, аIо: "Тэ ахэр зэхэтхыгъагъэх: Тэри тыфэягъэмэ, ар дэдэр къэтIони. Ахэр ижъырэ тарихъых ныIэп!"
[8.32] Мары, ахэмэ аIощтыгъэ: "Ярэби я Алахь! Ар о уадэжь къикIырэ шъыпкъэмэ, мыжъо ощх уашъом къытфегъэх е нэмыкI хьэзаб пщынэжь къытфэгъакIу".
[8.33] О уазыщыхэтым ахэр ыгъэпщынэнхэу Алахьыр щытэп, афигъэгъунэу зыщылъаIохэрэм, Алахьым ахэр ыгъэпщынэщтхэп.
[8.34] Ау ахэмэ нэмыкIхэр Альмэсджыд альхьэрам мэщытым пэчыжьэ зыщашIырэм, ащ иухъумакIохэу зыщымытым, Алахьым ипщыныжь ахэмэ щагъэзыен алъэкIыщтэп. Ащ иухъумакIохэр диныр зыгу илъхэр ары, ахэмэ ащыщыбэмэ ар ашIэрэп!
[8.35] А унэм ыпашъхьэ ахэмэ дыухьэ къызэрэщахьырэр шъуенымрэ Iэгу теонымрэ ары ныIэп. шъо ШъушIошъ зэрэмыхъущтыгъэм пае пщынэжьыр зэхашъушIэ!
[8.36] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм Алахьым игъогу дагъэхынхэм пае ямылъку агъэкIоды, ахэмэ ар агъэкIодыщт. ЕтIанэ ар гухэкI афэхъужьыщт, етIанэ ахэмэ атекIощтых. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэр джыхьнэм пашъхьэм щаугъоищтых.
[8.37] Алахьым бзаджэхэр хьалэлмэ къахихынхэм, бзаджэхэр зым ыкIыIу адырэр телъэу зэхигукIэнхи, джыхьынэмым рилъхьанхэм пае. Ахэр чIэнагъэ зышIыгъэхэр ары.
[8.38] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм яIу: "Ахэмэ заIажэмэ, ыпэкIэ ашIэгъагъэр афагъэгъущт, ау а дэдэр ашIэ хъумэ, адырэ лъэпкъымэ къяхъулIагъэр ахэмкIэ щысэ хъущт.
[8.39] Дэхьыхыныгъэ гори щымыIэжь охъуфэ, диныр зэрэщытэу Алахьым ыIэ илъ охъуфэ, ахэмэ шъуязау. Ау ахэмэ заIажэмэ, Алахьым къелъэгъу ашIэрэр!
[8.40] Ау ахэр зэкIэкIожьхэмэ, зэжъугъашIэ, Алахьыр шъо шъуиухъумакIу. Ар ухъумэкIо шIагъу, IэпыIэгъу шIагъу.
[8.41] Шъо Алахьым, шIумрэ емрэ зыщызэхафыщт мафэм Тэ тиIумэт къыфедгъэхыгъэм, дэитIур зыщызэIукIэщт мафэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэшъушIыгъэу щытмэ, сыд фэдэ къонтхъ шъуштагъэми, зэжъугъашIэ: ызытфанэ Алахьым, лIыкIом, ащ иIахьылхэм, ибэхэм, тхьамыкIэхэм, гъогу тетхэм апай. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[8.42] Мары, шъо лъэгэпIэ благъэм шъутетыгъ, адырэхэр лъэгэпIэ чыжьэм тетыгъэх, гъогурыкIохэр шъуахэкIэ щыIагъэх. ЧIыпIэмрэ уахътэмрэ зэфэжъугъэнэфэжьхэу шъуежьэгъагъэмэ, чIыпIэмрэ уахътэмрэ жъугъэнэфэнымкIэ шъузэгурыIоныеп, ау ар ащтэу зыкIэхъугъэр къэхъун фэягъэр Алахьым къыгъэхъуным пай, шIокIыпIэ имыIэу хэкIодэн фаер хэкIодэным, шIокIыпIэ имыIэу щыIэн фаер псаоу къэнэным пай. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зэхехы, ешIэ!
[8.43] Мары, ахэр япчъагъэкIэ макIэхэу Алахьым пкIыхьыкIэ уигъэлъэгъугъ, ау ахэр бэ хъухэу уигъэлъэгъугъагъэхэмэ, кIочIаджэ шъухъуни, а Iофым фэгъэхьыгъэу шъузэнэкъокъоу ежъугъэжьэжьыни, ау Алахьым шъуигъэгупсэфыгъ. шъугу илъыр Ащ ешIэ!
[8.44] Мары, шъо шъузызэIокIэм, Алахьым къэхъун фаер къыгъэхъуным пае, ахэр макIэ хъухэу шъунэхэм къаригъэлъэгъугъ, адырэмэ шъукIочIаджэу шъуаригъэлъэгъугъ. Къэхъущт=къэшIэщтыр Алахьым ыIэ илъ!
[8.45] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Дзэ горэм шъузыIукIэкIэ, пытагъэ зыхэжъугъэлъ. Алахьыр бэрэ шъугу къэжъугъэкI, гъэхъагъэ шъуиIэнкIи мэхъу!
[8.46] Алахьым, Ащ илIыкIо шъуафэIорышI, щынэ шъугу къимыхьаным, шъукIуачIэ къыщымыкIэным пае шъузэмынэкъокъу. ЩэIагъэ зыхэжъугъэлъ: ЩэIагъэ зиIэхэм Алахьыр ягъус!

[8.47] ЦIыфмэ апашъхьэ зыщагъэпагэу, шъорышIыхэу япсэупIэмэ къарыкIыгъэмэ афэдэ шъумыхъу. Алахьым игъогу ахэр дэхых, ау ашIэрэр Алахьым ешIэ.
[8.48] Мары, ахэмэ яIофхэр дэгъу дэдэхэу шэйтаным аригъэлъэгъуи, ыIуагъ: "ЦIыфмэ ащыщэу зыпари шъо непэ къышъутекIощтэп, сэ сышъуиIэпыIэгъу". ДзитIур къызэлъагъом, ар зэкIэкIожьи, ыIуагъ: "Сэ сиIоф къышъухэлъэп, шъо шъумылъэгъурэр сэ сэлъэгъу. Сэ Алахьым сыщэщынэ, уигъэпщынэнкIэ Алахьыр лъэш!"
[8.49] Мары, нэпитIу зиIэхэми зыгу уз илъхэми аIо: "Ахэр дэзыхьыхыгъэхэр ядин ары". Алахьым щыгугъырэмкIэ Алахьыр лъэш, Iушы!
[8.50] Джаурхэр зэрэлIэхэрэр о плъэгъугъэмэ! Ахэмэ анэпашъохэр мэлэIичмэ кIаутыщтыгъэ, акIыбышъохэр раутыщтыгъэ: "ХьэзабкIэ шъутхъэнэу машIом шъупахь!"
[8.51] Ар аущтэу зыкIэхъурэр шъуIэмэ ашIагъэр ары. Алахьыр иIумэтхэм зыкIи афэжъалымэп.
[8.52] Фирхьаун илъэпкъырэ ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэмрэ афэдэу, Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр щагъэзыягъэх, япсэкIодшIагъэ пае Алахьым ахэр ыгъэпщынагъэх. Сыда пIомэ уигъэпщынэнкIэ Алахьыр лъэш, пхъашэ!
[8.53] Арэущтэу ар зыкIэхъурэр сыд фэдэ цIыфхэми Алахьым шIоу афишIэрэр, ежьхэм агу илъыр зэбламыхъуфэ, зэблихъурэп, арэущтэу зыкIэхъурэр Алахьым зэхехышъ, ешIэшъ ары.
[8.54] Фирхьаун илъэпкъ, ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэм афэдэу, я Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ ылъытэщтыгъэ. Тэ псэкIодшIэгъабзу яIэм пае ахэр дгъэкIодыгъэх, Фирхьаун илъэпкъ псым чIедгъэхьагъ. Ахэр зэкIэ зэфэнчъэхэу щытыгъэх.
[8.55] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыпашъхьэкIэ анахь хьайуан бзаджэхэр шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэр арых, ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп.
[8.56] О Iуагъэ зыдэпшIыгъэхэу, етIанэ яIуагъэ ренэу зыукъожьхэрэм, ахэмэ Тхьэм ищынагъо агу илъэп.
[8.57] Заом игъом тыдэ ахэмэ уащыIукIагъэми, зэбгырыфых, ахэмэ ауж къакIохэри акъыл ахэлъэу хъунхэкIи мэхъу!
[8.58] ЦIыфмэ къумалыгъэ къыбдызэрахьаным утещтыхьэмэ, хьакъым тетэу Iуагъэу адэпшIыгъэр щыгъэзый, къумалхэр Алахьым шIу ылъэгъухэрэп!
[8.59] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэр Тхьэр зышIошъ хъурэмэ атекIуагъэхэу ерэмыгупшысэх, ахэмэ кIочIаджэ ашIыщтхэп.
[8.60] Ахэмэ апае шъуфэлъэкIыщтым фэдиз кIуачIи шыудзэ купхэри жъугъэхьазырых, ахэмкIэ Алахьым ипыйхэри, шъо шъуипыйхэри, ахэмэ афэшъхьафэу нэмыкIхэри жъугъэщынэщтых, шъо ахэр шъушIэхэрэп, Алахьым ахэр ешIэх. Алахьым игъогу шъутетэу сыд лIэужыгъо жъугъэкIодыгъэми, зэрэщытэу къышъуIукIэжьыщт, гухэкI шъуиIэщтэп.
[8.61] Ахэмэ мамырым зыкъыфащэимэ, ори ащ зыфэщэй, Алахьым щыгугъ: Ащ зэхехы, ешIэ!
[8.62] Ау о ахэмэ уагъэпцIэнэу агу къэкIымэ, о узгъэрэзэщтыр Алахьыр ары, Ащ ежь илъэкIыкIэ ори Тхьэр зышIошъ хъухэрэми кIуачIэ къышъуитыгъ,
[8.63] Ахэмэ агухэр зэфищагъэх. ЧIыгум телъыр зэкIэ о бгъэкIодыгъэми, ахэмэ агухэр о зэфэпщэнхэ плъэкIыныеп, ау Алахьым ахэмэ агухэр зэфищагъэх, сыда пIомэ Ар лъапIэ, Iуш!
[8.64] О пегъэмбар! OркIэ рэзэныгъэ хъущтыр Алахьыр, Тхьэр зышIошъ хъухэу о къыплъыкIохэрэр арых.

[8.65] О пегъэмбар! Тхьэр зышIошъ хъухэрэр зэоным фэгъэчэфых. ЩэIагъэ зиIэу нэбгырэ тIокI къызышъухэкIыкIэ, ахэр шъитIум текIощтых, нэбгырищъэ къызышъухэкIыкIэ, шIошъхъунығъэ шъыпкъэ зимыIэ минитIум къызэрагурымыIорэм пае атекIощтых.
[8.66] Джы Алахьым псынкIэ къышъуфишIыгъ, мэхагъэ зэрэшъухэлъыр Ащ ешIэ. ЩэIагъэ хэлъэу нэбгырищъэ къышъухэкIымэ, ахэр шъитIум текIощтых, нэбгырэ мин къышъухэкIымэ, Алахьым иIизын хэлъэу, ахэр минитIум текIощтых: щэIагъэ зиIэхэм Алахьыр ягъус!
[8.67] Пегъэмбар горэми лъэшыгъэ ымыгъотыфэ гъэрхэр ыштэнхэр тефэрэп, ау цIыфхэр гъашIэу зыхэтхэм итхъагъо зэрэфаблэхэрэм, насып шъыпкъэр нэмыкI дунае къызэрэщяжэрэр зэращыгъупшэрэм къыхэкIэу ар ышIэн фаеу мэхъу.
[8.68] Алахьым дэжь къикIэу тхыгъэр пэшIоргъэшъэу къышъуфэмыкIогъагъэмэ, шъуштагъэм пае пщыныжь ин къышъуфехыни.
[8.69] Ащ ыуж къонтхъэу шъуштагъэм щыщэу фит шъузфашIыгъэр, шIоу жъугъотыгъэр шъушхы, Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ. Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[8.70] О пегъэмбар! ШъуIэ илъ гъэрхэм яIу: "Шъо шIу горэ шъугу илъэу Алахьым зишIэкIэ, шъуIахыгъэм нахьышIоу былым къышъуитыщт: Ащ къышъуфилъэгъущт, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[8.71] Ау ыпэкIэ Алахьым ахэр зэрепцIыжьыгъэхэм фэдэу, о уагъэпцIэнэу фаехэ хъумэ, япшIэщтымкIэ Ащ фит уешIы. Алахьым ешIэ, Iуш!
[8.72] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, зихэгъэгу къэзыбгынагъэхэр, имылъкукIи ыпсэкIи Алахьым игъогу фэбэнагъэхэр, шъхьэегъэзыпIэ къязытыгъэхэр, къадеIагъэхэр,ахэр зэпэблагъэх. ШIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу зихэгъэгу къэзымыбгынагъэхэм яхэгъэгу къамыбгынэу, зыпари блэгъэныгъэ адышъуиIэп! ДинымкIэ IэпыIэгъу шъуафэхъунэу ахэр къышъолъэIухэмэ, зэзэгъыныгъэ зыдышъуиIэ цIыф лъэпкъым ар пэшIуекIоу щымытмэ, IэпыIэгъу. яшъутыныр къышъутефэ. Шъо шъушIэрэр Алахьым къелъэгъу!
[8.73] Джаурмэ ащыщхэр зым адырэр икIэнзехьэ мэхъух. Шъо аущтэу шъумызекIомэ, чIыгум хабзэ темылъыжьэу зэщыкъоныгъэ инхэр фэхъущтых
[8.74] ШIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, яхэгъэгу къэзыбгынагъэхэр, Алахьым игъогу тетхэу бэнагъэхэр, ахэмэ шъхьэегъэзыпIэ къязытыгъэхэр, IэпыIэгъу къафэхъугъэхэр, ахэмэ Тхьэр ашIошъ мэхъу, ахэмэ къафегъэгъу, гъашIэм зыщыфэныкъохэр хьалэлэу къараты.
[8.75] Нэужым шIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, яхэгъэгу къэзыбгынагъэхэр, шъуигъусэхэу диным пае бэнагъэхэр, ахэр шъо шъущыщых, ау Алахьым итхыгъэ зэритымкIэ, зэIахьылхэр нахь зэпэблагъэх. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!.

Алтэубэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[9.1] Тхьабэ зышIошъ хъурэмэ ащыщхэу Iуагъэ зыдэшъушIыгъэхэм Алахьыми Ащ илIыкIуи афагъэкIуатэ.
[9.2] Мы чIыгум мэзиплIэ къыщышъукIухь, Алахьым илъэкI къыщыжъугъэкIэн зэрэшъумылъэкIыщтыр, Алахьым джаурмэ емыкIу зэрарихыщтыр зэжъугъашIэ!
[9.3] Алахьым, Ащ илIыкIо адэжь къикIэу хьаджэкIогъу мэфэкIышхом цIыфмэ макъэ къарегъэIу. Тхьабэ зышIошъ хъурэмэ Алахьыр зэрадэзекIощтым Ежь фит, Ащ илIыкIуи ары. Шъо шъукIэгъожьыгъэу Ащ зыфэжъугъазэмэ, шъорыкIэ нахьышIу хъущт, ау шъуакIыб фэжъугъазэмэ, зэжъугъашIэ Алахьым илъэкI къыщыжъугъэкIэн

зэрэшъумылъэкIыщтыр. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр хьэзаб пщыныжькIэ гъэгушIох,
[9.4] Тхьабэ зышIошъ хъурэмэ ащыщхэу шъо Iуагъэ зыдэшъушIыгъэхэм афэшъхьафрэ, етIанэ шъуапашъхьэ ар щызымыукъощтыгъэр, къышъупекIоу зыми демыIагъэхэр. Шъори ахэмэ Iуагъэу адэшъушIыгъэр пIалъэу шъушIыгъэр етыфэ жъугъэцакIэ: Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр Алахьым шIу елъэгъух!
[9.5] Мыдэ мазэхэр зикIыхэкIэ, тыдэ щыжъугъотыгъэхэми, тхьабэ зышIошъ хъухэрэр шъуукIых, къэшъуубытынхэм шъупылъ, къэшъуухъурэих, сыд фэдэ чIыпIи узщякъэрэгъулэн плъэкIыщтхэм шъуащыпэтIыс. Ау ахэр кIэгъожьыгъэхэу зыкъышъуфагъазэмэ, нэмаз ашIы хъумэ, зыгъэкъабзэхэрэ сэдакъэ аты хъухэмэ, гъогу шъхьафит яшъут. Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[9.6] Тхьабэ зышIошъ хъурэмэ ащыщ горэ шъхьаегъэзыпIэкIэ о къыолъэIумэ, Алахьым игущыIэ зэхихыным пае шъхьэегъэзыпIэ ет, ащ ыуж щынэгъончъэ чIыпIэ нэгъэс. Аущтэу зыкIэпшIыщтыр ахэр зымышIэрэ цIыфхэшъ ары.
[9.7] Альмэсджыд альхьэрам мэщытым ыпашъхьэ шъо щызэдэшъушIыгъэ Iуагъэ афэшъхьафэу, тхьабэ зышIошъ хъурэмэ Алахьым, ащ илIыкIо сыдэущтэу Iуагъэ адашIыщта? Ау къышъуфэзэфэфэ, шъори шъуафэзэфэжь: Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр Алахьым шIу елъэгъух!
[9.8] Сыдэу щыта? Ахэр шъуакIыIу хъухэмэ, Iуагъэу ашIыгъи, зэзэгъыныгъэри шъоркIэ амыгъэцэкIэжьы хъумэ? АIупэкIэ къышъуфэдэгъухэу ахэмэ къаIо, ащыгъум агухэр къышъуфаехэп, ахэмэ анахьыбэхэр щыкIыгъэх.
[9.9] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэмкIэ ахэмэ осэ макIэ зиIэр къащэфыгъ, Ащ игъогу дэхых. Ахэмэ ашIэрэр дэи!
[9.10] Тхьэр зышIошъ хъурэмэ афэгъэхьыгъэу Iуагъэу ашIыгъэри зэзэгъыныгъэу яIагъэри ахэмэ агъэцакIэрэп. Ахэр бзэджашIэх.
[9.11] Ау ахэр кIэгъожьыгъэхэу зыкъышъуфагъазэмэ, нэмаз ашIы хъухэмэ, зыгъэкъабзэхэрэ сэдакъэ аты хъухэмэ, динымкIэ ахэр шъушы хъущтых. ЦIыфэу къызгурыIохэрэм апае мы Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр Тэ зэхэугуфыкIыгъэхэу къытэIотыкIых!
[9.12] Iуагъэу ахэмэ адэшъушIыгъэм ыуж, яIуагъэ аукъоу, шъуи дин къаубы зыхъукIэ, джаурмэ япащэхэм шъуязау (ахэмэ Iуагъэ яIэп!) заIажэу, ахэр хъунхэкIи мэхъу!
[9.13] ЗиIуагъэ епцIыжьыгъэхэу, лIыкIор къырафыным егупшысэщтыгъэ цIыфхэм шъуащыщынэна, ТхьамкIэ шIошъхъуныгъэ фышъуиIэмэ, Алахьыр ары нахь шъузщыщынапхъэр.
[9.14] Ахэмэ шъуязау, ахэр шъуIэхэмкIэ Алахьым ыгъэпщынэщтых, ыушъхьакIущтых, ахэмэ апэшIуекIоу шъо IэпыIэгъу къышъуфэхъущт, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ агу жьы дигъэкIыщт,
[9.15] Ахэмэ агухэм губж лъэшыр арифыщт Ежь зыфаем Алахьым зыфегъазэ: Алахьым ешIэ, Iуш!
[9.16] Шъо шъуащыщэу егугъоу заощтыгъэхэр, Алахьым, Ащ илIыкIо, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ афэшъхьаф ныбджэгъухэр зымышIэщтыгъэхэр Алахьым джыри ымышIагъэу, шъукъагъэнэнкIэ шъогугъа? Шъо шъушIэрэм Алахьыр щыгъуаз!
[9.17] ШIошъхъуныгъэ агухэм зэрарымылъыр къаушыхьатэу, тхьабэ зышIошъ хъухэрэр Алахьым имэщытхэм зэрэкIохэрэр къекIурэп. Ахэмэ ашIэрэр пкIэнчъ, джэхьнэм машIом ахэр егъашIэм хэтыщтых!

[9.18] Алахьым имэщытхэм къякIуалIэрэр ахърэт мафэми Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэр, нэмаз уахътэр зыгъэцакIэрэр, сэдакъэ зытырэр, Алахьым фэшъхьафэу зыми щымыщынэрэр ары, ащ фэдэхэр занкIэу кIорэмэ ащыщ хъунхэкIи мэхъу!
[9.19] ЧэбакIор псы ебгъэшъоныр, Альмэсджыд альхьэрам мэщытым учIэхьаныр ахърэт мафэми Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэу, Алахьым игъогу тетэу бэнагъэм шъо фэжъугъэдэнэуи? Алахьым ыпашъхьэ ахэр щызэфэдэхэп: цIыф мызафэхэм Алахьыр пащэ афэхъурэп!
[9.20] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, зичIыгу къэзыбгынагъэхэр, имылъкукIи ыпсэкIи Алахьым игъогу тетэу бэнагъэхэр, ахэр Алахьым ыпашъхьэ нахь щылъапIэх: Ахэмэ гъэхъагъэ ашIыгъ.
[9.21] Ахэмэ я Тхьэ ахэр Ежь ишIушIэкIэ, шIу къаригъэхъулIэнымкIэ, джэнэт чъыг хатэхэу зыщытхъэжьыщтхэмкIэ агъэгушIох.
[9.22] Ахэр егъашIэм ащ щыщыIэщтых. Тын лъапIэр Алахьым дэжь щыI!
[9.23] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Диным нахьи динынчъэхэр нахьышIоу къыхахыгъэмэ, шъуятэхэри шъушыхэри ныбджэгъу шъумышIых. Шъуащыщэу ахэр ныбджэгъу зышIыхэрэр мызафэхэр арых.
[9.24] ЯIу: Шъуятэхэри, шъуикIалэхэри, шъушыхэри, шъуишъхьагъусэхэри, шъуиIахьылхэри, мылъкоу жъугъотыгъэри, шъуисатыоу къызэтеуцонкIэ шъузтещтыхьэри, шъузгъэрэзэрэ шъуипсэупIэхэри Алахьымрэ Ащ илIыкIорэ Ащ игъогу шъутетэу шъубэнэным нахьи ахэр нахь шъуикIасэмэ, Алахьым иунашъо къэкIофэ шъуеж. Лъэпкъ щыкIыгъэм Алахьыр пащэ фэхъурэп!
[9.25] Зэуабэмэ шъо Алахьыр IэпыIэгъу къащышъуфэхъугъ, мафэу Хьунэинэ дэжь (щыIэгъэ заоми) ары. Ащыгъум шъо бэ шъузэрэхъурэр жъугъэшIагъоштыгъэ, ащ зыпари федэ къышъуфихьыгъэп, чIыгур игъэкIотыгъэу щытыгъэми, ар зэжъу къышъушIошIыгъ, ащыгъум шъуакIыб къэжъугъази, шъукъызэкIэчъэжьыгъ.
[9.26] ЕтIанэ Алахьым Ежь игупсэфыгъэ илIыкIо, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ къафыригъэхыгъ, шъумылъэгъугъэ дзэхэр къыригъэхыгъэх, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэр ыгъэпщынагъэх, джары джаурхэм апае тыныр.
[9.27] ЕтIанэ ащ ыуж зыфаем Алахьым зыфигъэзэщт: Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[9.28] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Тхьабэ зышIошъ хъухэрэр динымкIэ къабзэхэп. Мы илъэсым ыуж ахэр Альмэсджыд Алхьэрам мэщытым благъэу къерэмыкIуалIэх! Шъо щыкIагъэ шъуфэхъуным шъутещтыхьэмэ, Алахьыр фаемэ, Ежь ихьалэлыгъэ щыщкIэ шъукъигъэбаищт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьэм ешIэ, Iуш!
[9.29] Ахърэт мафэми Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзымышIыгъэхэм, Алахьым, Ащ илIыкIо мыдэ ашIыгъэр зымышIыгъэхэм, тхыгъэр къызыфырагъэхыгъэмэ ащыщхэу шъыпкъагъэ зыхэлъ диным фэмыIорышIэхэрэм ягъашIэ пае кIочIаджэ цIыкIу хъугъэхэу ежьхэм аIэшъхьитIукIэ шъхьащэфыжьыпкIэ къамытыфэ, шъуязау.
[9.30] Джуртмэ аIуагъ: "Хьузейрэ Алахьым ыкъу". Чиристаными аIуагъ: "Хьисэ Алахьым ыкъу". А гущыIэхэу ахэмэ аIупэ телъхэр нахьыпэкIэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм къаIощтыгъэ гущыIэмэ яхьщырых. Алахьыр ахэмэ къяон! Ахэр зэрэшъхьэпсынкIэхэр!
[9.31] Алахьым фэшъхьафэу яшэуджэнхэмрэ дин Iоф зезыхьэхэрэмрэ ахэмэ тхьэ зыфашIыжьыгъэх. Мерэм ыкъо Хьисэри ары Алахь закъом шъхьащэ фашIынэу ахэмэ

унашъо афашIыгъагъ. Ащ фэшъхьаф Тхьэ щыIэп. Ащ щытхъур ыдэжь, Ащ гъусэ фашIырэмэ анахьи Ар анахь лъаг!
[9.32] Ахэмэ аIупэкIэ Алахьым инэф агъэкIуасэ ашIоигъу, ау тхьабэ зышIошъ хъурэмэ афэмылъэгъуми Ежь инэфынэ икъоу къызэIуихынэу Алахьыр фай.
[9.33] Ар тхьабэ зышIошъ хъурэмэ афэмылъэгъоу щытыгъэми, сыд фэдэ дини зэрэнахь лъапIэр къыгъэлъэгъоным пае гъогу занкIэ иIэу, шъыпкъэныгъэм идин итэу Ащ илIыкIо къыгъэкIуагъ.
[9.34] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шэуджэнхэм, дин Iофыр зезыхьэхэрэм цIыфмэ ямылъку пкIэнчъэу ашхы. Алахьым игъогу дагъэхых. Дышъэрэ тыжьынрэ зыугъоихэу, Алахьым игъогу тетхэу зымыгъэкIодыхэрэр.
[9.35] Мафэу ахэр джэхьнэм машIом зыщагъэплъыщтыхэмкIэ, ахэмэ анатIэхэм, абгъухэм, атхыцIэхэм тамыгъэхэр защахагъэстыкIыщтымкIэ хьазаб пщынэпцIымкIэ гъэгугъэх! Ар шъощ пае зэIужъугъэкIагъэр ары. ЗэIужъугъэкIагъэм иIэшIугъэ зэхашъушIэ!
[9.36] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым итхылъ зэритэу, Ащ уашъомрэ чIыгумрэ къызигъэшIыгъэ мафэм щегъэжьагъэу, Алахьым мэзэ пчъагъэу иIэр мэзэ пшIыкIутIу мэхъу. Ахэмэ ащыщхэу плIыр мыдэх, ар зыпкъ ит дин: А мазэхэм къакIоцI шъор=шъорэу зэрар зэшъумыхыжь, тхьабэ зышIошъ хъухэрэр зэкIэ къызэрэшъозаохэрэм фэдэу шъори зэкIэми шъуязэоожь. ЗэжъугъашIэ Алахьыр Тхьэм ищынагъо зыгу илъмэ зэрягъусэр!
[9.37] А мазэхэр нэмыкI мазэ пхьыным къикIрэр шIошъхъуныгъэу уимыIэм хэбгъэхъоныр ары, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэр арых ащкIэ гъуащэхэрэр, Алахьым ымыдэгъэ лъытакIэм дырагъэштэным пае ахэмэ зы илъэсым ащ фит ашIых, адырэ илъэсым адэрэп. Алахьым ымыдагъэм ахэмэ зыдарагъэхьыхы, шъыпкъагъэ зимыIэ лъэпкъым Алахьыр пащэ фэхъурэп!
[9.38] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! "Алахьым игъогу шъутетэу шъузэоным пае гъогу шъутехь!" къызышъуаIокIэ, шъупшъыгъэ фэдэу зышъушIызэ, чIыгум зызкIешъудзыхрэр? Ахърэтым нахьи джырэ гъашIэм нахь рэзэныгъэ хэшъогъуатэуи? ГъашIэу шъузхэтым щышъуиIэр, ахърэтым егъэпшагъэмэ зи арыхэп.
[9.39] Шъо заом шъумыкIомэ, Алахьым хьэзаб пщынэжькIэ шъуигъэпщынэщт, нэмыкI лъэпкъыкIэ шъузэблихъущт. Шъо Ащ зыпари зэрар ешъухын шъулъэкIыщтэп: Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[9.40] Шъо ащ шъудемыIэмэ, ащ ыпэкIэ джаурмэ ар къызырафым зэрэхъугъагъэм фэдэу ащ Алахьыр къыдеIэщт, ахэр нэбгыритIу нахь хъущтыгъэхэп, мары, нэбгыритIури гъочIэгъым чIэсых, мары, ащ игъогогъу реIо: "Умынэшхъэй, Алахьыр тигъусэ!" Джащыгъум Алахьым игупсэфыгъо ащ къыфыригъэхыгъ, шъумылъэгъущтыгъэ дзэхэмкIэ ыкIуачIэ къыхигъэхъуагъ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм ягущыIэ цIыкIу ышIыгъ, а уахътэм Алахьым игущыIэ зэкIэмэ анахь лъаг: Алахьыр кIочIэшху, Iуш!
[9.41] ШъупсынкIэми шъухьылъэми шъузэонэу шъукъыдэкI: шъугу етыгъэу шъузау, Алахьым игъогу шъутетэу шъуимылъкукIи шъупсэкIи шъубан! Ар шъоркIэ нахьышIу!
[9.42] Къонтхъыр щыIэщт шъыпкъэу ашIэу, гъогур псынкIэ къафэхъунэу щытыгъэмэ, ахэр о уауж къиихьэщтыгъэх, ау зыдэкIощтхэр чыжьэу къащыхъугъэшъ, ахэмэ Алахьым ыцIэкIэ тхьэ аIо: "Тэ тфэлъэкIынэу щытыгъэмэ, тышъуигъусэу тэри тыкъэкIони". Ежь-ежьырэу ахэмэ загъэкIодыжьы, Алахьым ешIэ ахэр зэрэпцIыусхэр.
[9.43] Алахьым о къыпферэгъэгъу! Ахэмэ ащыщэу зафэр о нафэу къыуамыIуагъэу, ахэмэ ащыщэу пцIы зыусрэр о умышIэщтыгъэу, ахэр къэнэнхэр о сыд пае афэудагъа?
[9.44] Ахърэт мафэми Алахьыр зышIошъ хъухэрэр, ямылъкуи апси агъэкIодзэ, умыгъэзэонхэм фэещтхэп. Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр Алахьым ешIэх!

[9.45] Ахърэт мафэми Алахьыр зышIошъ мыхъухэрэр ары заом умыгъэкIонхэм къыкIэдэухэрэр, зыгухэм джэнджэш илъхэр, теубытагъэу ахэмылъым ахэр еджэнджэшых.
[9.46] Ахэр заом кIонхэу фэягъэмэ, загъэхьазырыни, ау къежьэнхэр Алахьым фэмылъэгъу хъугъэ, зэтыриIэжагъэх, араIуагъ: "Къанэрэмэ шъурягъусэу шъукъан!"
[9.47] Шъо шъуигъусэхэу заом къежьагъэхэмэ, ахэр къышъохьылъэкIыщтыгъэх, ахэмэ ядэIунхэм фэхьазырхэр къызэрэшъухэтым пае ежьхэр зыфэе зэмыдэIуныр къышъухалъхьэщтыгъэ: Зэфэнчъэхэр Алахьым ешIэх!
[9.48] Шъыпкъэр къэмыкIофэ, Алахьым иунашъо къэмысыфэ, ахэмэ афэмылъэгъущтыгъэми, ащ ыпэкIи ахэмэ зэмыдэIуныр къышъухалъхьэ ашIоигъуагъ, уиIофхэр зэIагъэхьаным пылъыгъэх.
[9.49] "Сызфэмыер стех, сымыгъэнацI!" зыIорэ ахэмэ ахэт. НэцIэныба ахэр зыхэфагъэхэр? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, джэхьнэм машIом джаурхэр зэлъештэх!
[9.50] О дэгъу горэ къыохъулIэмэ, ащ ахэр егъэчэфынчъэх, о тхьамыкIагъо къыохъулIэмэ, ахэмэ аIо: "Тэ тиIоф пэшIоргъэшъэу тыфэгумэкIыгъ!" гушIохэзэ IокIыжьых.
[9.51] ЯIу: "Тэ Алахьым тынэтIэгу къыритхагъэм фэшъхьафэу сыдигъуи зыпари къытэнэсыщтэп. Ар тиухъумакIу!" Тхьэр зышIошъ хъухэрэр Алахьым щэрэгугъых!
[9.52] ЯIу: "ШIогъитIум язэу къыддэхъущтыр армэ шIэ шъузажэрэр ? Тэри Алахьым дэжь къикIэу Ежь ипщыныжь къышъулъыIэсынэу е тIэхэмкIэ шъудгъэпщынэнэу тяжэ. Шъуеж, тэри тышъуигъусэу тежэ!"
[9.53] ЯIу: "Е шъуфаеу, е егъэзыгъэкIэ тынхэр шъушIых, шъо ахэр шъуIахыщтхэп! Шъо лъэпкъ щыкIыгъэу шъущытыгъ".
[9.54] Ахэмэ Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрэфамышIыгъэр, шъхьахынэхэу нэмазым къызэрекIуалIэхэрэр, фэмычэфхэу тынхэр зэрарагъэшIырэр ары пэрыохъу афэхъурэр ахэмэ ятынхэр аIахынхэмкIэ.
[9.55] Ахэмэ ябаиныгъи якIалэхэри о умыгъэшIагъох. АщкIэ гъашIэу зыхэтхэм Алахьым ахэр щигъэпщынэхэ шIоигъу; апсэхэр ахэмэ хэкIыщтых, джаурхэу щытыщтых.
[9.56] Алахьым ыцIэкIэ ахэр къышъуфэдэнхэу Тхьэ аIо. Къышъуфэмыдэхэми, ащ фэдэ цIыфхэу ахэмэ зыкъызыкIагъэлъагъорэр мэщынэхэшъ ары.
[9.57] Ахэмэ шъхьэегъэзыпIэ горэ, е гъочIэгъ, е ихьапIэ зэрагъотэу, агъэзэнышъ, зэтепIэжэнхэ умылъэкIэу ащкIэ кIаIэщт.
[9.58] Ахэмэ ахэтых сэдакъэм пае уимыхьакъ къыптезылъхьанхэр. Зыгорэ яптыгъэмэ, ахэр разэх, ямытыгъэмэ, мэгубжых.
[9.59] Алахьым, Ащ илIыкIо къафашIэрэм рырэзэнхэр ахэмэ атефэ! Ахэмэ аIоныр атефэ: "Тэ Алахьым тегъэразэ, Алахьым Ежь ишIушIэн щыщ къытитыщт, Ащ илIыкIуи ары. Тэ тыгухэмкIэ Алахьым зетэты!"
[9.60] Алахьым зэрэрихъухьагъэу, сэдакъэ зэратыхэрэр тхьамыкIэхэр, сэдэкъэхэдзхэр, сэдакъэ зыугъоихэрэр, быслъымэнмэ къафэшIухэр, пщылIхэр ращэфыжьхэу чIыфэ зытелъхэр, Алахьым игъогу тетхэу заохэрэр, гъогурыкIохэр ары. Алахьым ешIэ, Iуш!
[9.61] Ахэмэ ахэтых пегъэмбарым шъхьакIо къезыхыхэу зыIохэрэр: "Ар тхьакIум". ЯIу: "ТхьакIумэр шъощ пае шIушI!" Ащ шIошхъуныгъэ шъыпкъэ Алахьым фыриI, Тхьэр зышIошъ хъурэми ицыхьэ ателъ, шъущыщэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэмэ шIу афыщылъ. Алахьым илIыкIо шъхьакIо езыхырэмэ хьэзаб пщыныжь афыщылъ.
[9.62] Шъуагъэрэзэным пае ахэмэ шъуапашъхьэ Алахьым ыцIэкIэ тхьэ аIо, Алахьыми Ащ илIыкIуи ахэр агъэрэзэнхэм пае нахь фитныгъабэ яI.
[9.63] Алахьым, Ащ илIыкIо енэкъокъужьрэм джэхьнэм машIор зэрэфагъэхьазырыгъэр, ащ егъашIэм зэрэхэтыщтыр ахэмэ ашIэщтыгъэба. Ар цIыфыгъэнчъэ ин дэд!

[9.64] Ахэмэ агу илъыр къыIонэу сурэ къыфырагъэхыным нэпитIу эиIэхэр тещтыхьэх. ЯIу: "Шъущх! Шъо шъузтещтыхьэрэр Алахьым нафэ къышIыщт".
[9.65] О ахэмэ уяупчIымэ, Iо хэлъэп, аIощт: "Тэ тычэфыным пае ар тэIо ныIэп, тэсэмэркъэу ныIэп". ЯIу: "Алахьыр арба, Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр арба, Ащ илIыкIоба шъуздэхьащхырэр?"
[9.66] Къышъуфагъэгъунэу шъумылъаIу! ШIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышъушIыгъэм ыуж шъо джыри джаурэу шъукъычIэкIыжьыгъ. Шъущыщ купмэ Тэ афэдгъэгъуми, зэрэмысэхэм пае шъущыщ нэмыкI куп дгъэпщынэщт.
[9.67] НэпитIу зиIэ хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми хэбзэнчъэхэр язэрэгъашIэх, шIушIэным Iозэрэщыжьых, яхьэрамыгъэ къыхэкIэу яIэр аIэхэмкIэ пытэу аIыгъ. Ахэмэ Алахьыр ащыгъупшагъ, Алахьым ахэр щыгъупшагъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, нэпитIу зиIэхэр щыкIыгъэх!
[9.68] НэпитIу зиIэ хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри джэхьнэм машIомкIэ егъашIэм Алахьым ыгъэгугъагъэх, ар ахэмкIэ икъущт! Алахьыр ахэмэ ябгыгъ, ахэр зэпымыоу пщынэщтых.
[9.69] ШъуапэкIэ щыIагъэхэм шъуряхьщыр: Ахэр кIуачIэкIэ шъощ нахь пытэхэу, ямылъкукIэ, якIалэхэмкIэ нахь байхэу, шъуапэкIэ щыIагъэхэр щыIэкIэ тхъагъоу яIэм зэрэрытхъэжьыщтыгъэхэм фэдэу насып икъоу яIэм рытхъэжьыщтыгъэх, Iэчъэ=лъэчъэным зышъхьэ къыхэмыщыщтыгъэмэ шъуафэдэу шъори Iэчъэ=лъэчъэным шъухэкIуадэ. ГъашIэу зыхэтхэми ахърэтми ахэмэ ашIэрэм пкIэ иIэп! Ащ фэдэ цIыфхэр насыпынчъэх!
[9.70] Ахэмэ къанэсыжьыгъэба Нухьэ ицIыф лъэпкъхэу Адхэмрэ самудхэмрэ ежьхэм апэкIэ щыIагъэхэм якъэбар: Ибрахьимэ ицIыф лъэпкъхэу Мэдиян щыпсэущтыгъэхэм зэхагъэтэкъогъэ къалэхэм афэгъэхьыгъэхэр Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр яIэхэу ахэмэ ялIыкIохэр къафакIощтыгъэх. Ахэмэ агу хигъэкIынэу Алахьыр щытыгъэп, ау ежьхэм агу хагъэкIыжьыщтыгъ!
[9.71] Тхьэр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ зэныбджэгъух: Зым адрэр шIушIэным феузэнкIы, зым адырэм мыхъун ригъашIэрэп, нэмаз ашIы, зыгъэкъэбзэхэрэ сэдакъэ аты, Алахьым, Ащ илIыкIо афэIорышIэх, ахэмэ Алахьым гукIэгъу афишIыщт: шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр лъапIэ, Iуш!
[9.72] Тхьэр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри джэнэтыр егъэшIэрэ псэупIэшIу афишIынэу Алахьым ыгъэгугъагъэх. Алахьым ынэшIу къыпщыфэныр нахь шIогъэ инэу щыт, ар тхъэгъо икъу!
[9.73] О пегъэмбар! Джаурхэми нэпитIу зиIэхэми ябэн, ахэмэ афэпхъаш. Ахэмэ яшъхьэегъэзыпIэр джэхьнэмыр ары, ар шъхьэегъэзыпIэ дэй!
[9.74] Ахэмэ амыIуагъэкIэ Алахьым ыцIэкIэ тхьэ аIо... ШIошъхъунығъэ зыхэмылъ гущыIэхэр ахэмэ къаIощтыгъэ, ислъамыр ахэмэ заштагъэм ыуж джаур хъугъэх. Ахэмэ ашIэн амылъэкIыщтыр рахъухьагъ. Ежь ихьалэлыгъэ щыщэу Алахьым, Ащ илIыкIо къаритырэмкIэ баи зэрашIыгъэхэм пае ныIэп ахэмэ амыгъэгъурэр. Ахэр кIэгъожьхэмэ, ежьхэмкIэ нахьышIу хъущт, акIыб къагъазэмэ, гъашIэу зыхэтхэми ахърэтми хьэзаб пщыныжькIэ Алахьым ыгъэпщынэщтых. ЧIыгоу зытетхэм къэзыухъумэнхи, IэпыIэгъу афэхъуни щыряIэп!
[9.75] Алахьым Iуагъэ дэзышIыгъэхэри ахэмэ ахэтых: "Ащ шIухьафтынхэм ащыщхэр тэ къытетымэ, Iо хэлъэп, сэдакъэ ттызэ тшIыщт, Iо хэлъэп, хьалэлэу тыщытыщт".
[9.76] Ежь ишIухьафтынхэм ащыщ Ащ къариты зэхъум, ахэр ащ шъхьасыхэ хъугъэх, дэхыхэзэ, акIыб къагъэзэгъ.

[9.77] Алахьыр зэрагъэгугъагъэр зэрамыгъэцэкIэжьыгъэм, пцIы зэраусыгъэм пае Ащ зыщыIукIэжьыщтхэ мафэм нэс шъорышIыгъэр ахэмэ агухэм ягъусэнхэу Ащ унашъо ышIыгъ.
[9.78] Ахэмэ яшъэфи гущыIэ шъэфэу ашIыхэри Алахьым зэришIэхэрэр ахэмэ ашIэщтыгъэба, гум илъыр Алахьым зэришIэрэр.
[9.79] Тхьэр зышIошъ хъурэмэ ягыихэрэм, ежьхэм агу пыкIэу сэдакъэ зытырэмэ къин зэрагъэлъэгъужьэу зыIозэ адэхьащхыхэрэм Алахьыр адэхьащхыщт, ахэмэ хьазаб пщыныжь афыщылъ!
[9.80] Ахэмэ афигъэгъунэу дыухьэ къэхь е ахэмэ афигъэгъунэу дыухьэ къэмыхь. Ахэмэ афигъэгъунэу тIокIищырэ пшIырэ уафэлъэIуагъэми, Алахьым афигъэгъущтэп, ар аущтэу зыкIэхъурэр Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъунығъэ шъыпкъэ ахэмэ афашIыгъэпышъ ары: лъэпкъ щыкIыгъэм Алахьыр гъуазэ фэхъурэп!
[9.81] Алахьым илIыкIо ыкIыб зэрэхъугъэхэм пае япсэупIэмэ къаринагъэхэр гушIощтыгъэх: Алахьым игъогу тетхэу, ямылъкуи апсэхэри агъэкIодхэу зэонхэр ахэмэ къяхьылъэкIыщтыгъэ, аIощтыгъэ: "Мыщ фэдэ тыгъэнэстырым шъуемыжь!" ЯIу: "Джыхьнэмым имашIо ащ нахь нэстыр", ахэмэ къагурыIощтыгъэмэ!
[9.82] Ахэр тIэкIу орэщхых, ау ежьхэм зыфашIэжьыгъэм ипэгъокIтынэу ахэр бэрэ гъынхэу хъущт.
[9.83] Алахьым а цIыфхэм адэжь къыуигъэгъэзэжьэу, ахэр заом къыбдэкIонхэу къыолъэIухэ зыхъукIэ, яIу: "Шъо сыдигъуи шъукъыздэкIощтэп, сышъуигъусэу пыим шъуезэощтэп: Сыда пIомэ апэрэм унэм шъуисыныр шъо нахь шъушIоигъуагъ: Арышъ, къэнэгъагъэмэ шъурягъусэу унэм шъуис!"
[9.84] Ахэмэ ащыщ горэ зылIэкIэ, ащ пае нэмаз умышIы, икъашъхьэ утемыт, Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъунығъэ шъыпкъэ ахэмэ афыриIагъэп, щыкIыгъэхэу лIагъэх!
[9.85] Ахэмэ мылъкоу яIи, якIалэхэри о умыгъэшIагъох. Ахэр зэрэджаурхэу апсэхэр хигъэкIынхэшъ, ащкIэ джырэ гъашIэм щигъэпщынэнхэу Алахьыр фай.
[9.86] Мыщ фэдэ сурэ къызырагъэхым: "Алахьыр шъушIошъ жъугъэхъу, Ащ илIыкIо шъуригъусэу заом шъуегугъу", мылъку зиIэу ахэмэ ахэтхэр о птIупщыжьынхэу къыолъэIухэу рагъэжьагъ, аIуагъ: "Тэ фит тышIи, унэм исмэ такъыдинэщт!"
[9.87] Ахэмэ ягопагъ шъузхэм къадинэнхэр, ахэмэ агухэр зэфэшIыгъэх, ахэмэ ар къагурыIорэп.
[9.88] Ау лIыкIори Тхьэр зышIошъ хъухэри ащ игъусэхэу, ямылъкуи апси атызэ, заом егугъущтыгъэх. ШIуагъэр зэкIэ ахэмэ апай, ахэр насыпышIох!
[9.89] Джэнэтэу ахэр егъашIэм зэрысыщтхэр Алахьым афигъэхьазырыгъ. Ар гъэхъэгъэ ин дэд!
[9.90] Араб коцырыпсэухэм ащыщхэр о птIупщынхэу заухыижьэу къэкIуагъэх, яунэмэ къарынагъэх. Алахьыр, Ащ илIыкIо нэпцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр. Ахэмэ ащыщхэу шIошъхъунығъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм хьэзаб пщыныжьыр къалъыIэсыщт!
[9.91] КIочIаджэхэм, сымаджэхэм, тын ашIын зымыгъотхэрэм Алахьым, Ащ илIыкIо ахэр афэшъыпкъэхэмэ, псэкIод ателъэп! ШIу зышIэрэмэ апэшIуекIоу гъогу щыIэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[9.92] Заом бгъэкIонхэу уадэжь къакIохэ зэхъум о зэпIуагъэхэми: "Шъо шъузэрязгъэщэн сэ згъотрэп", ахэр IукIыжьхэзэ, агъэкIодын зэрамыгъотыгъэм пае чэфынчъэхэу, зынэкухэм нэпсыр атиз хъущтыгъэхэми хьылъэ ателъэп.

[9.93] Ежьхэр баихэу щытхэзэ, о птIупщыжьынхэу къыолъэIухэрэр ары ныIэп а гъогур зытелъхэр. Къэнагъэхэу къычIэкIынхэм ахэр рырэзэнхи. Ахэмэ агухэр Алахьым зэфишIыгъэх, арышъ, ахэмэ ашIэрэп.
[9.94] Ахэмэ адэжь къызыжъугъэзэжькIэ, шъуапашъхьэ зыщаухыижьэу зашIыщт. ЯIу: "Зышъумыухыижь, сыдигъуи цыхьэ къышъуфэтшIыщтэп! Шъуикъэбар Алахьым къытиIогъах. Алахьым шъуиIоф къылъэгъущт, Ащ илIыкIуи ары. ЕтIанэ шъэфыри нафэри зышIэрэм фэжъугъэзэжьыщт, шъушIэщтыгъэр Ащ къышъуиIощт!"
[9.95] Шъо ахэмэ ауж шъуикIыным пае, адэжь къызыжъугъэзэжькIэ, Алахьым ыцIэкIэ лъэшэу къышъолъэIухэу фежьэщтых; ауж шъуикI, сыда пIомэ ахэр къэрарынчъэх; ежьхэм зыфашIыжьыгъэм пае ахэмэ псэупIэ афэхъущтыр джыхьнэмыр ары!
[9.96] Ахэмэ шъуафэрэзэным пае тхьэ къышъуфаIощт, шъуафэразэми Алахьыр а цIыф щыкIыгъэхэм афэрэзэщтэп!
[9.97] Араб кощырыпсэухэр Тхьэр ашIошъ мыхъунымкIэ, шъорышIынымкIэ анахь къаигъэх; Алахьым илIыкIо къыфиригъэхыгъэм игъунапкъэхэр зэрамышIэрэм къыхэкIэу ар нахь тэрэз. Алахьым ешIэ, Iуш!
[9.98] Кощырыпсэу арабмэ ахэтых тынэу ашIыхэрэр чIыфэу атыжьын фаем ычIыпIэу зылъытэхэрэр, шъушъхьэ къырыкIощтым зэпырыгъэзагъэу фэхъущтым ахэр къежэх: Ежьхэм ашъхьэ къырыкIощтыр ары зэпырыгъэзагъэ хъущтыр. ШъыпкъэдэмкIэ, Алахьым зэхехы, ешIэ!
[9.99] Кощырыпсэу арабмэ ахэтых ахърэт мафэми Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фызиIэхэр, ахэмэ тынэу ашIыхэрэм Алахьым пэблагъэ ашIыхэу, ахэмкIэ лIыкIом идыухьэ къалэжьэу алъытэ. ШъыпкъэмкIэ, ахэр пэблагъэ мэхъух. Алахьым ахэмэ ынэшIу ащыфэщт: Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[9.100] Мухьэджырхэм, Мэдинэм дэсхэм ащыщхэу апэ ишъыгъэхэр шIушIэнымкIэ ахэмэ ауж рыкIуагъэхэм Алахьыр афэрэзэщт, ежьхэри Ащ фэрэзэщтых. Ахэмэ апае Ащ ыгъэхьазырыгъ псыхъохэр зыхэчъхэрэ джэнэтэу егъашIэм зэрысыщтхэр. Ар гъэхъагъэ ин дэд!
[9.101] Кощырыпсэу арабхэу шъукъэзыуцухьэхэрэм, Мэдинэ щыпсэухэрэм ахэтых шъорышIхэр; ахэр шъорышIыным фэкъаигъэх. О ахэр пшIэхэрэп, Тэ тэшIэх. Тэ ахэр тIогъогогъо дгъэпщынэщтых, етIанэ хьэзабышхо хэфэщтых.
[9.102] ПсэкIодышIэгъабэу яIэхэр зыштэжьыгъэхэри нэмыкIхэу щыIэх. Ахэмэ Iоф дэгъур нэмыкI Iоф дэим хагъэкIуакIэщтыгъэ; ахэмэ Алахьым ыгу шIу афилъынкIи хъун: Алахьым къыфегъэгъу, гукIэгъушI!
[9.103] Ахэмэ ямылъку сэдакъэ хэгъэкI, ащкIэ агуи уукъэбзыщт, уухыищтых. Ахэмэ дыухьэ къафэхь, ахэр о уидыухьэ егъэрэхьатых, Алахьым зэхехы, ешIэ!
[9.104] Ахэмэ ашIэрэба Алахьым Ежь иIумэтхэм ятобэ къабыл зэришIрэр, сэдакъэхэр къабыл зэришIыхэрэр. Алахьым кIэгъожьыгъэхэр икъабылых, гукIэгъу хэлъ!
[9.105] ЯIу: "Чаныгъэ зыхэжъугъэлъи, шъуичаныгъэ Алахьым къылъэгъущт, Ащ илIыкIуи, Тхьэр зышIошъ хъухэри ары: шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъэфыри нафэри зышIэрэм ыпашъхьэ шъуихьэжьыщт, шъушIагъэм Ащ ышъхьэ къышъуфырихыщт".
[9.106] НэмыкIхэри щыIэх Алахьым унашъо къешIыфэ зыфагъэкIуатэхэри. Ащ ахэр е ыгъэпщынэщтых, е шIу къафихьыщт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, Iуш!
[9.107] Язэрар къагъэкIонэу, гунахьыбэ ашIэнэу, нахьыпэкIи Алахьым, Ащ илIыкIо къезаощтыгъэхэм пэтIысыпIэ чIыпIэ афэхъуным пае Тхьэр зышIошъ хъухэрэр зэгуачынхэу ахэмэ мэщытхэр зыфашIыжьых, тхьэрыIо ашIызэ, къаIо: "Тэ шIу щэхъу тыфэягъэп!" ахэр зэрэгъэпцIакIохэм Алахьыр ишыхьат.

[9.108] Ащ сыдигъуи (нэмаз пшIынэу) учIэмыуцу, апэрэ мафэм щегъэжьагъэу Тхьэм ищынагъо зышъхьарытынэу агъэпсыгъэр (нэмаз щыпшIынкIэ) нахь шъуаш. Ащ чIэт цIыфхэм агухэр агъэкъэбзэныр якIас, шъыпкъэ дэдэмкIэ, зыгу зыгъэкъабзэхэрэр Алахьым шIу елъэгъух!
[9.109] Алахьым лъытэныгъэшхо фэзышIэу, Ар зыгъэразэу, зышIоигъоу зиунэ зышIыгъэра нахьышIур, хьауми зиунэ пшэхъо нэпкъэу етэкъохрэм тезгъэуцуагъэр ара? Ежь игъусэу ар зэхэфэнышъ, джэхьнэм машIом пэфэщт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, гунахьыбэ зиIэ цIыф лъэпкъым Алахьыр гъуазэ фэхъурэп!
[9.110] Ахэмэ унэу агъэуцугъэр, агухэр ахэмэ зэгомыутыхэмэ, агухэм зэпымыоу ар джэнджэшэу арылъыщт, Алахьым ешIэ, Iуш!
[9.111] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ джэнэтыр къарити, ащ ычIыпIэ ахэмэ агухэри ямылъкуи Алахьым ыщэфыгъэх! Ащ къызэригъэгугъагъэхэу, Библием, Евангелием, КъурIаным шъыпкъэу зэрарытым тетэу Алахьым игъогу тетхэу ахэр мэзаох, аукIых, къаукIыхэуи мэхъу. Алахьым фэшъхьафэу иIуагъэ хэта нахь фэшъыпкъэр. Шъо Ащ сатыоу дэшъушIыгъэм шъукIэгушIу! Ар гъэхъэгъэ ин дэд!
[9.112] Алахьым тобэ фэзышIыхэрэр, Ащ фэлажьэхэрэр, ищытхъу зыIохэрэр, нэмаз фэзышIынэу кIохэрэр, шъхьащэ фэзышIыхэрэр, лъэгонджэмышъхьэкIэ ыпашъхьэ иуцохэрэр, шIу ашIэнэу унашъо зышIыхэрэр, мыхъун язымыгъашIэхэрэр, Алахьым иунашъохэр къэзыухъумэхэрэр... Тхьэр зышIошъ хъухэрэр зэкIэ гъэгушIох!
[9.113] УиIахьылхэу щытхэри, джэхьнэм машIом зэрэщыпсэущтхэр ахэмэ нафэ зафэхъугъахэм ыуж пегъэмбарыри шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэхэри тхьабэ зышIошъ хъурэмэ къафигъэгъунэу лъэIонхэр ищыкIагъэп.
[9.114] Ятэ къыфигъэгъунэу Ибрахьимэ къызэрэлъэIогъагъэр ар фэлъэIонэу ыгъэгугъэгъахэти ары ныIэп зыкIишIагъэр. Ар Алахьым ипыеу зэрэщытыр нафэ къызыфэхъум, щигъэзыягъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ибрахьимэ гукIэгъу хэлъ, шъабэ!
[9.115] Зызщаухъумэщтыр агуримыгъаIоу цIыф лъэпкъэу гъогу занкIэм рищэщтыгъэр нэужым дигъэхынэу Алахьыр щытэп. Алахьым ымышIэрэ щыIэп!
[9.116] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уашъори чIыгури Алахьым ыIэ илъ! Ащ къегъэхъух, егъалIэх,шъуиIэп шъо Алахьым фэшъхьаф шъукъэзыухъумэни, IэпыIэгъу къышъуфэхъуни.
[9.117] Пегъэмбарым, мухьаджырхэм, Мэдинэ щыпсэухэрэм чIыпIэ къин зыщифэгъэхэ сыхьатым тобэ ашIыжьы, Ащ игъогу зэрэрыкIуагъэхэр, ахэмэ ащыщхэм агухэр махэ хъунхэкIэ къэнэжьыгъэ щымыIэу, Алахьым шIушIагъэкIэ афилъэгъугъ, сыда пIомэ Ар ахэмэ афэшъаб, афэгукIэгъу!
[9.118] Джа нэбгырищэу яунэмэ къарынэгъагъэхэми ары. ЧIыгу шъуамбгъор ахэмкIэ зэжъу къызэхъум, агухэр зэжъу къызэхъухэм, Алахьым ишъхьэегъэзыпIэ Ащ дэжь зэрэщыIэм ахэр зегупшысэхэм, етIанэ ахэмэ тобэ ашIыжьыным пае Ащ закъыфигъэзагъ: Алахьым зыкъыфегъазэ, гукIэгъушI!
[9.119] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, шъыпкъагъэ зиIэмэ шъурягъус.
[9.120] Мэдинэ щыпсэухэри ащ къегъэтIысэкIыгъэ кощырыпсэу арабхэри Алахьым илIыкIо къагъэнэни, ыуж къинэнхэу, ашъхьэ фэгумэкIыжьынхэу ушъхьагъу яIагъэп; сыда пIомэ Алахьым игъогу тетхэу ахэр псыфалIи лIэщтыгъэхэп, пшъыгъи ашIэщтыгъэп, мэлакIи лIэщтыгъэхэп; джаурхэр агъэгубжынхэу ахэмэ лъэбэкъу лые ашIыгъэп, IофышIу ашIагъэу афамытхэу пыим сыд лIэужыгъуи къытырахыгъэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIу зышIэхэрэр Алахьым ыгъэкIодхэрэп!

[9.121] Ежьхэм ашIэрэм нахьышIукIэ Алахьыр ятэным пае ахэмэ сыд фэдэ тын ашIыгъэми, тынэу ашIыгъэ пэпчъ, ар макIэу щытми е бэу щытми, сыд фэдэ кIэй зэпачыгъэми, ахэмэ атетхагъэ хъущтых.
[9.122] Тхьэр зышIошъ хъухэрэр зэкIэ заом кIонхэр ищыкIагъэп. Дин Iофыр зэрагъэшIэным, къызагъэзэжькIэ яцIыф лъэпкъ агъэгъозэным пае лIакъо пэпчъ куп горэ къыхэкIыгъэмэ хъущтыгъэ. Ахэр зыфэсакъыжьхэу хъунхэкIи мэхъу!
[9.123] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо къышъупэблэгъэ джаурхэм ащыщхэм шъуязау. Пхъэшагъэ ахэмэ къышъухарэлъагъу. Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм Алахьыр зэрягъусэр зэжъугъашIэ!
[9.124] Ахэмэ ахэтых сурэр къызщырагъэхыгъэгъэ дэдэм зыIохэрэр: "Шъуащыщэу хэта ащ ишIошъхъуныгъэ зыфыхигъэхъощтыр?" ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэмэ яшIошъхъуныгъэ ащ нахь ин ышIыгъ, ахэр мэгушIох.
[9.125] Зыгу уз илъхэм ащ якъэрарынчъагъэ хигъэхъощт, ахэр зэрэджаурхэу лIэжьыщтых.
[9.126] Илъэс къэс зэ е тIогъогогъо ахэр зэраушэтхэрэр алъэгъурэба ? ЕтIани тобэ ашIыжьрэп, агу къэкIыжьрэп.
[9.127] Сурэ горэ къызэрафырагъэхыгъэм лъыпытэу ахэмэ ащыщхэр адырэмэ аIоплъыхьэх: "Тэ зыгорэм тыкъелъэгъуа шъуIо?" ЕтIанэ ыбгъукIэ зырагъэзэкIы, къызгурымыIорэ цIыфхэу зэрэщытхэм пае Алахьым ахэмэ агухэр зэпырегъазэх!
[9.128] Шъущыщ лIыкIор шъуадэжь къэкIуагъ. Шъо псэкIодыбэ зэрэшъушIэрэр ащкIэ хьылъэ; шъо ар къышъуфэгумэкIы; Тхьэр зышIошъ хъурэмэ ащ гукIэгъу афешIы, гукIэгъу хэлъ.
[9.129] Ахэмэ акIыб къызагъазэкIэ, яIу: "Сэ Алахьыр сикъотэгъу ; Ащ фэшъхьафэу Тхьэ щыIэп; сэ ар сигугъапI, Ар дунэе пстэуми я Тхь!"

Юнус

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[10.1] Алиф Лам Ра. Тхылъ Iушым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр мары.
[10.2] А цIыфхэмкIэ шIагъуа ежьхэм ащыщэу зы нэбгырэм Тэ гурыдгъэIуагъэр: "Алахьым ыпашъхьэ фэхъугъэ шъыпкъэ зэряIэмкIэ цIыфхэр гъэдаIох, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр гъэгушIох". Джаурмэ аIо: "Ар уд гъэнэфагъэу зэрэщытым Iо хэлъэп!"
[10.3] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъуи Тхьэр уашъомрэ чIыгумрэ мэфихым къыкIоцI къэзгъэшIыгъэ, етIанэ Ежь иIоф зэрихьэу дунаир зиIэрылъхьэ Алахьыр ары, Ащ иIизын хэмылъэу укъэзыухъумэн щыIэп. Алахьыр шъуи Тхьэ, Ащ шъхьащэ фэшъушI! Шъо зыкъэшъушIэжьынба?
[10.4] Алахьым гугъэ шъыпкъэу къышъуфишIыгъэм тетэу, шъо зэкIэми Ащ дэжь жъугъэзэжьыщт. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, шIу зышIэщтыгъэхэм зэфагъэм тетэу тын къафишIыным пае Ащ къегъэхъух, уахътэ зытешIэрэм егъэкIодыжьы шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэр шIошъхъуныгъэ зэрямыIагъэм пае псэу къажъорэм ешъощтых, хьазаб пщыныжь афыщылъ.
[10.5] Тыгъэр зэпэлыдыжьэу, мазэр къэнэфэу Ащ къышIыгъ, илъэс пчъагъэхэр шъулъытэнхэм пае ахэмэ ячIыпIэхэр ыгъэнэфагъэх. ЦIыфэу зышIэхэрэм щысэтехыпIэхэр нафэу къаригъэлъэгъуным пае, хьакъым тетэу ар Алахьым къыгъэшIыгъ.
[10.6] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, чэщыр мафэкIэ зэрэзэблихъурэр, уашъомрэ чIыгумрэ Алахьым къатыригъэхъуагъэхэр Тхьэм ищынагъо зыгу илъ цIыфхэмкIэ щысэтехыпIэх!
[10.7] Тэ къытIукIэнкIэ мыгугъэхэрэр гъашIэу зыхэтхэмкIэ разэх, ащ тегупсафэх, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ гулъытэ афызимыIэхэри ары.

[10.8] Ежь зыфашIэжьыгъэм пае шъхьэегъэзыпIэ джэхьнэм машIор зыфэхъущтыхэр ахэр ары.
[10.9] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм ядин ихьатыркIэ я Тхьэ пащэ къафэхъущт; ахэмэ апашъхьэ гушIуагъо зэрылъ джэнэтым ычIэгъкIэ псыхъохэр рычъэщтых.
[10.10] Ащ ахэмэ джэмакъэу щыряIэщт: "Я Алахь, щытхъур о уадэжь", шIуфэсэу ахэмэ ащ щыряIэщт: "Мамыр!", Ахэмэ яджэмакъэ икIэухыщт: "Зэрэдунае и Тхьэу Алахьым щытхъур ыдэжь!"
[10.11] Дэгъур къэхъуным зэрэкIэгуIыхэрэм фэдэу Алахьым а цIыфхэм бзэджагъэр псынкIэу къафигъэкIогъагъэмэ, ахэмэ гъэшIэ уахътэу афэгъэнэфагъэр ухыгъахэ хъуныгъи. Тэ къытIукIэжьынхэм щымыгугъыхэрэр гъощэныгъэу зыхэтхэм нэшъухэу къакIухьэу хэтынхэу къэтэгъанэх.
[10.12] Насыпынчъагъэ цIыфым къызехъулIэкIэ, щылъыми, щысыми, щытыми ар Тэ къытэубзэ: Ау насыпынчъагъэр Тэ ащ зышъхьарытхыкIэ, егъашIи насыпынчъагъэу къехъулIагъэр тетхынэу къытэмыубзагъэм фэдэу макIошъ хэт. Шъом икIыгъэхэр джарэу лъэшэу яIофхэм дахьыхыгъэх!
[10.13] ШъуапэкIэ щыIэгъэ цIыф лъэпкъыхэу зафэу щымытыгъэхэр, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр къызафакIохэм, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр Тэ дгъэкIодыгъэх. ПсэкIодышIэгъабэ зиIэ цIыфхэм Тэ джаущтэу тятэ!
[10.14] Шъо шъузэрэзекIощтыр Тэ тлъэгъуным пае ахэмэ ауж шъо кIэнзехьэ мы чIыгум шъущытшIыгъ.
[10.15] ЗэхэугуфыкIыгъэу къиIотыкIыгъэхэу Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм ахэмэ къафеджэхэ зыхъукIэ, Тэ къытIукIэжьынхэм щымыгугъухэрэм аIо: "Мыщ фэшъхьафэу тэ къытфахь нэмыкI КъурIан, е ар къытфызэблэхъу!" ЯIу: "Сэ сишIоигъоныгъэ хэлъэу ар зэблэсхъуныр хъущтэп. Сэ нафэ къысфэхъугъэр ары сызэрыгъуазэрэр. Сэ си Тхьэ семыдэIумэ, мэфэшхо пщынэжьым сыщэщынэ".
[10.16] ЯIу: "Алахьым шIоигъуагъэмэ, ащ сыкъышъуфеджэныеп, ащ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэхэри Ащ къышъуитыхэеп. Ащ ыпэкIэ гъэшIэ псэу къыжъудэзгъэшIагъ. Шъо къыжьугурыIорэба?"
[10.17] Алахьым имыхьакъ тезылъхьэрэм е Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэрэм хэта нахь мызафэр? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, псэкIодшIэгъабэ зиIэхэр насыпышIо хъухэрэп!
[10.18] Алахьым фэшъхьафэу, зэрари IэпыIэгъуи ахэмэ къафэмыхъухэрэм шъхьащэ афашIы, аIо: "Алахьым ыпашъхьэ ахэр тиухъумакIох!" ЯIу: "Уашъоми чIыгуми Ащ ащимышIэрэ горэ Алахьым ешъуIощта? Ащ щытхъур ыдэжь, ахэмэ Ащ гуагъэуцорэмэ Ар анахь лъаг!"
[10.19] ЦIыфхэр зы дин лъэпкъ заикIхэу щытыгъэх, ау зэгокIыгъэх. О уи Тхьэ игущыIэ ар къымыгъэхъугъагъэмэ, ахэмэ азфагу зэдэмыштэныгъэу илъыр ухыгъэ хъущтыгъэ.
[10.20] Ахэмэ аIо: "Ащ и Тхьэ Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэ горэ ащ къыфыригъэхыгъэу щытыгъэмэ!" ЯIу: "Шъэфыр зыIэ илъыр Алахь закъор ары. Шъуеж, сэри сышъуигъусэу сежэ!"
[10.21] ТхьамыкIагъоу а цIыфхэм къафэкIуагъэм ыуж Тэ тигукIэгъу ахэмэ зызэхашIэм, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ къятхьагъэпцIэкIхэу рагъэжьагъ. ЯIу: "КъыотхьагъэпцIэкIынымкIэ Алахьыр зэкIэмэ анахь IэшIэх, Тэ тилIыкIомэ шъуитхьагъэпцIыгъэхэр атхых".

[10.22] ЧIылъэм шъущызекIонэу, къухьэмэ шъуарысмэ, хыми шъущесынэу Ащ кIуачIэ къышъуеты. жьыбгъэ дэгъу щыIэу ахэр есыхэ зыхъукIэ, ащ егъэгушIох: Жьыбгъэ лъэш къепщэу зыхиубытэхэкIэ, бгъу пстэумкIи хыорхэр къакIахьэхэу, хэкIодэнхэ зэралъэкIыщтыр къызызышIуагъэшIыкIэ, Ащ ыпашъхьэ ядин щагъэкъабзэзэ, Алахьым елъэIух: "О тыкъызыбгъэнэжькIэ, тыкъыпфэрэзэщт".
[10.23] Ащ ахэр къызигъэнэжьыгъэхэм ыуж фитныгъэ ямыIэу чIыгум бзэджагъэхэр щашIэх. О цIыфхэр, гъашIэу шъузхэтыр зэрэжъугъэфедэрэм фэдэу бзэджагъэу шъушIэхэрэр шъушъхьэ къеожьыщтых; етIанэ Тэ тадэжь къэжъугъэзэжьыщт, шъушIэщтыгъэр Тэ къышъотIожьыщт.
[10.24] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, гъашIэу шъузхэтыр захьщырыр Тэ уашъом къедгъэхырэ псэу цIыфми хьэйуанми ашхырэ уцыхэр къэзгъэкIырэр ары . Шъошэ дахэхэр чIыгум зыщилъэхэу, ахэмкIэ зызигъэкIэракIэкIэ ащ щыпсэухэрэм ежьхэм ар ашIагъэу къашIошIы зыхъукIэ, чэщым е мафэ горэм къакIоцI Тэ тиунашъо ащ къыфэкIо, тыгъуасэ ар ащ фэдизэу гъэбэжъулъэу щымытыгъ пIонэу, фызыгъэ мэхъу. Гупшысэ зиIэ цIыфхэм Тэ джаущтэу зэхэугуфыкIыгъэу тищысэтехыпIэхэр агурытэгъаIох!
[10.25] Дунэе псэупIэм ихьанхэу Алахьыр къяджэ, зыфаер гъогу занкIэ фещэ!
[10.26] ШIу зышIэрэмэ телъхьэ игъусэу шIу яIэщт, ахэмэ анапэ щытхъу зыпымылъи техьащтэп. Ахэр джэнэтым щыпсэущтых, егъашIэм ахэр ащ щыпсэущтых.
[10.27] Iоф бзаджэхэр зэIузгъакIэхэрэм бзаджэу ашIагъэм фэдиз зэрар зэрахыжьыщт: щытхъунчъэ ахэр хъущтых; Алахьым ыпашъхьэ ахэр къэзыухъумэн щыIэщтэп: Мазэр зыщимыт чэщым ахэр зэрэушIункIыхэрэм фэдэу, анэгухэр ахэмэ нэшхъэищтых. Ахэр джэхьнэм машIом щыпсэущтых, егъашIэм ахэр Ащ щыпсэущтых.
[10.28] А мафэм Тэ ахэр тыугъоижьыщтых, етIанэ тхьабэ зышIошъ хъущтыгъэхэм ятIощт: "Шъори тхьэ шъушIыгъэхэри шъуичIыпIэмэ шъуарыуцу!" Ахэр Тэ зэхэтфыщтых, ахэмэ тхьэ ашIыгъэмэ къаIощт: "Ахэмэ шъхьащэ Тэ къытфашIыщтыгъэп.
[10.29] Шъо шъхьащэ къызэрэтфэшъушIыщтыгъэм тынаIэ зэрэтетымыдзэщтыгъэмкIэ Алахьыр тэрырэ шъорырэ тазфагу шыхьат икъу мэхъу".
[10.30] Мыщ псэ пэпчъ нахьыпэ рапшIэу ежь пае шэсэу ыгъэтIылъыгъэр ушэтыгъэ щыхъущт; ахэр икIэрыкIэу зыIэ илъ шъыпкъэхэу Алахьым ыпашъхьэ ихьажьынхэу хъущтых; ахэмэ къаугупшысыгъэхэр ашIокIодыжьыщтых.
[10.31] ЯIу: "ШъуигъашIэ пае шъуищыкIагъэр уашъом къехэу, чIыгум къыхэкIэу хэта шъозгъэгъотырэр? Хэта зыIэ илъыр зэхэпхынри плъэгъунри? Хэта псэ зыпытыр псэ зыпымытым къыхэзгъэкIрэр, псэ зыпымытыр псэ зыпытым къыхэзгъэкIырэр ? Хэта зэкIэ зыгъэIорышIэрэр? Ахэмэ аIощт: "Алахьыр ары". ЯIоба: "Шъо шъущынэрэба?
[10.32] Шъуи Тхьэ шъыпкъэр Алахьыр ары! Шъыпкъэм фэшъхьафэу щыIэр гъощэныгъэ закъор ары. Тыда шъо зыздэжъугъазэрэр?"
[10.33] Джаущтэу гунахьыбэ зыгъэхъэгъэ цIыфхэмкIэ о уи Тхьэ игущыIэ къэшъыпкъэжьыгъ; шъыпкъэмкIэ, ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп!
[10.34] ЯIу: "Шъо тхьэ шъушIырэмэ ахэта псэ зыпыт къыгъэхъунышъ, ар зыми щымыщэу ышIыжьын зылъэкIын?" ЯIу: "Алахьым псэ къыпегъакIэшъ, етIанэ зыми щымыщ ешIы. Шъо сыдэу шъузэкIокIыгъа!"
[10.35] ЯIу: "Шъо тхьэ шъушIыгъэмэ шъыпкъэм уфэзыщэн ахэта?" ЯIу: "Алахьым шъыпкъэм уфещэ. Ащ ыуж рыкIонхэм пае шъыпкъэм фэзыщэхэрэр ары нахь фитныгъэ зиIэр е ежь зэрамыщэмэ узезыщэн зымылъэкIыщтыр ара? Сыда къышъохъулIагъэр, сыдэущтэу шъуегупшысэра?"

[10.36] Ахэмэ анахьыбэр зыуж рыкIорэр къашIошIыхэрэр ары. КъыпшIошIырэмкIэ шъыпкъэр зэблэпхъун плъэкIыщтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ ашIэрэр Алахьым ешIэ!
[10.37] Мы КъурIаныр Алахьым фэшъхьафэу хэти къыугупшысын ылъэкIыщтыгъэп ; ащ ыпэкIэ щыIагъэр зэрэшъыпкъэр къыгъэшъыпкъэжьэу ар щыт; тхыгъэу, ащ джэнджэш хэлъэп! зэрэдунае и Тхьэ дэжь къикIыгъэр къыреIотыкIы.
[10.38] Ахэмэ аIонкIи мэхъу: "Ащ къыугупшысыгъ ар". ЯIу: "Сурэ горэ ащ яхьыщырэу къэшъухьи, Алахьым фэшъхьафэу къыжъудеIэн хэтми зылъэкIыщтым шъукъедж, шъузафэмэ!"
[10.39] Ахэмэ яакъыл къымыубытрэр, ар зилIэужыгъор зафаIотэгъэ нэужми пцIыкIэ алъытэ. Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэми (шъыпкъэу къычIэкIыгъэхэр) пцIыкIэ алъытэщтыгъэ. Диныр зышIошъ мыхъурэмэ кIэухэу афэхъугъэм еплъ!
[10.40] Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэри фэзымышIыгъэхэри ахэмэ ахэтых, а псэкIодшIэгъабэ зиIэхэр о уи Тхьэ нахьышIоу ешIэх.
[10.41] О ахэмэ гъэпцIакIокIэ уалъытэ хъумэ, яIу: "Сэ сиIэр сиIоф, шъо шъуиIэр шъо шъуиIоф: Сэ сшIэрэм шъуиIоф хэлъэп, шъо шъушIэрэм сэ сиIоф хэлъэп".
[10.42] О къыодэIу зышIоигъохэри ахэмэ ахэтых; ау ахэмэ къагурымыIомэ, дэгумэ зэхахэу о пшIын плъэкIына ?
[10.43] О къыоплъыхэрэр ахэмэ ахэтых, ау ахэмэ амылъэгъумэ, нэшъухэм гъогу занкIэр ябгъэлъэгъун плъэкIына?
[10.44] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зыпари мызэфагъэ цIыфмэ арихрэп, ау ежь цIыфхэм зэфэнчъагъэ зэрахыжьы!
[10.45] Мафэм щыщэу зы сыхьат закъо нахь ащ емыжагъэхэм фэдэу ахэр Ащ зиугъоижьытхэ уахътэ къэхъущт. Ахэр зэрэшIэжьыщтых. Алахьым зэрэIукIэжьыщтхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр насыпынчъэ хъущтых, ахэр гъогу занкIэ тетыгъэхэп!
[10.46] Тэ ахэр зэрэдгъэщынэхэрэм щыщ горэ е о къыодгъэлъэгъун, е о уигъашIэ одгъэухын, аущтэу е нэмыкIэу хъуми, Тэ тадэжь ахэмэ къагъэзэжьыщт. ЕтIанэ ахэмэ ашIэрэр Алахьым къыушыхьатыщт.
[10.47] ЦIыф лъэпкъ пэпчъ ежь илIыкIо иIагъ; ахэмэ ялIыкIо къызыкIокIэ, яIоф зэхэфыгъэ хъущт, ахэмэ агухэр хагъэкIыщтхэп.
[10.48] Ахэмэ аIо: "Шъо шъузафэмэ, тызэрэжъугъэгугъагъэр сыдигъуа къызыхъущтыр?"
[10.49] ЯIу: "Алахьым шIоигъом фэшъхьафэу, сэ зэрар зэсхыжьынэуи шIу зыфэсшIэжьынэуи сиамалэп. ЦIыф лъэпкъ пэпчъ гъунапкъэ иI. Ахэмэ ягъунапкъэ къызысыкIэ, ахэр зы сыхьаткIи агъэгужъон, агъэпсынкIэн алъэкIыщтэп".
[10.50] ЯIу: "Ащ ипщынэжь чэщым е мафэм къызышъуфакIокIэ, псэкIодшIэгъабэ зиIэхэр сыда зыфыдэгузажъохэрэр?
[10.51] Шъо ар къызышъутефэрэм ыуж Iо хэмылъэу шъушIошъ хъущта? Джыри Ащ ыпэкIи шъудегузэжъокIыщтыгъи!
[10.52] Зэфагъэ зыхэмылъхэм етIанэ араIощт: "ЕгъэшIэрэ пщыныжьыр шъуушэты! Шъо зэжъугъэгъотыгъэр арба къышъуатыжьрэр?"
[10.53] Ар шъыпкъэмэ аIошъ, ахэр о къыоупчIых. ЯIу: "Ары, си Тхьэ ыцIэкIэ Тхьэ сэIо, ар шъыпкъэ, шъо ар щыжъугъэзыен шъулъэкIыщтэп!"
[10.54] Псэ пэпчъэу мызафэм чIыгум телъыр зэкIэ иIагъэмэ, ащкIэ ащ зищэфыжьыни; пщыныжьыр залъэгъум, ахэмэ тобэ лъэшэу ашIыжьыщтыгъэ. Ахэмэ яIоф зафэу аIощт, ахэмэ ащыщэу зыпарэми ыгу хагъэкIыщтэп.
[10.55] Ары, уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым ыIэ илъ! Ары, узэригъэгугъэрэр шъыпкъэ, ау ахэмэ анахьыбэмэ ашIэрэп!

[10.56] Ащ псэ къапегъакIэ, егъалIэх, шъо Ащ ыдэжь къэжъугъэзэжьыщт.
[10.57] О цIыфхэр! шъуи Тхьэ дэжь къикIырэ гъэсэныгъэр, шъугумэ арылъыр зыгъэхъужьыщтыр, шъыпкъэр къышъозгъэлъэгъурэр, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ яшIушIэ шъо къышъуфэкIуагъ.
[10.58] ЯIу: "Алахьым ишIуагъэхэм, Ащ ишIушIэн ахэмэ ащ гушIуагъор харэгъуат" Ахэмэ аугъоирэм ар нахьышIу.
[10.59] ЯIу: "Гъомылэм щыщэу Алахьым шъо къышъуфыригъэхыгъэр шъулъэгъугъа, ащ щыщэу хьэрамри шъузфитыри шъо шъушIагъа?" ЯIу: "Шъо ащ шъуфит зышIыгъэр Алахьыр ара е Алахьым имыхьакъ ешъоIуалIа?"
[10.60] Къаймэт мафэм Алахьым имыхьакъ езыIуалIэхэрэм сыд фэдэщта къашIошIырэр? ЦIыфмэ апае шIушIэныр Алахьым ыIэ илъ, ау ахэмэ анахыыбэр рэзэнчъэ!
[10.61] Сыд фэдэ чIыпIэ о уитми, КъурIаным щыщэу сыд фэдэ уеджэми, сыд фэдэ Iоф шъошIэми, ащ шъузызэлъиштэкIэ Тэ шыхьатэу тышъуиIэщт, чIыгуми уашъоми зы сэпацэм ыщэчрэм фэдиз о уи Тхьэ шIоуушъэ фын. плъэкIыщтэп, цIыкIуи ини щыIэп тхылъ зэхэугуфыкIыгъэм дэмытын.
[10.62] Алахьым ицIыф IорышIэ фэдэхэм щынагъо афыщылъэп, ахэр чэфынчъэ хъущтхэп.
[10.63] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу диным пылъхэм
[10.64] ГъашIэу зыхэтхэми ахърэтми къэбар гушIуагъор апай. Алахьым игущыIэхэр зэблихъухэрэп, ар гъэхъэгъэ ин дэд!
[10.65] Ахэмэ ягущыIэ о нэшхъэй уарэмышI. Намыс икъур Алахьым ыIэ илъ. Ащ зэхехы ешIэ!
[10.66] Ары, уашъом щыIи, чIыгум щыIи Алахьым ыIэ илъ! Алахьым фэшъхьафэу Ащ имыфэшъуашэхэр гозгъэуцохэрэр сыда зэрыгъуазэхэрэр? Ахэр зэрыгъуазэхэрэр яшIошIхэр ары. Ахэмэ къашIошIы ныIэп.
[10.67] Шъо Ащ чэщыр къышъуфишIыгъ, зыщыжъугъэпсэфыным пае, шъулъэгъунымкIэ IэпыIэгъу къышъуфэхъурэ мафэри ары, шъыпкъэ дэдэмкIэ, зэхэзыхрэ цIыфхэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[10.68] Ахэмэ аIуагъ: "Алахьым кIэлэцIыкIухэр иIэх". Ащ щытхъур ыдэжь, Ар бай! Уашъом щыIи чIыгум щыIи Ащ ыIэ илъ. Ащ шъо зыпари шъуIэ къихьан хэлъэп! ШъумышIэрэр Алахьым ешъуIолIэнэуи?
[10.69] ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым имыхьакъ езыIуалIэхэрэр насыпышIо хъущтхэп!
[10.70] Мы дунаим ахэр щэрэтхъэх, етIанэ Тэ тадэжь къагъэзэжьын, етIанэ джаурхэу къызэрэнагъэхэм пае Тэ пщынэжь лъэшыр зэхядгъэшIэн.
[10.71] Нухьэ фэгъэхьыгъэ къэбарым ахэмэ къафедж. Мары, ащ ицIыф лъэпкъэ риIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр шъугу къызэрэзгъэкIыжьхэрэр къышъохьылъэкIмэ, сэ Алахьым сицыхьэ телъ; шъуиIоф зытетын фаем тежъугъэуцу, шъо тхьэ шъушIыхэри ары; шъоркIэ шъуиIоф къыжъугурымыIоу щэрэмыт; етIанэ сэ шъукъыстегущыI, бэрэ сызэшъумыгъаж!
[10.72] Шъо шъуакIыб къысфэжъугъазэмэ, тын горэ къысфэшъушIынэу сышъущыгугъырэп; сэ къысатыщтыр Алахь закъом дэжь щыI, сэ бысльымэнмэ ащыщ сыхъунэу унашъо къысфишIыгъ ныIэп".
[10.73] Ау ахэмэ ар гъэпцIакIоу алъытагъ. Тэ ари ащ игъусэхэри къухьэм исхэу къэдгъэнэжьыгъэх, Iоф лъыгъэкIуатэхэу ахэр тшIыгъэх. Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр псым чIедгъэхьагъэх. Тэ дгъэмысэщтыгъэхэм кIэухэу афэхъугъэм еплъ!

[10.74] Ащ ыуж Тэ лIыкIо пэпчъ ежь ицIыф лъэпкъ фэдгъэкIогъагъ ; ахэмэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр лIыкIомэ афахьыгъагъэх, ау ежьхэм ыпэкIэ пцIэу алъытэгъагъэхэм шIошъхъуныгъэ фашIынэу ахэр Фэягъэхэп. Зышъэ икIрэмэ агухэр Тэ джаущтэу зэфэтэшIых!
[10.75] ЕтIанэ Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр яIэхэу ахэмэ ауж Фирхьаун дэжь, ащ илIэкъолъэшмэ адэжь Мосэрэ Хьарунэрэ дгъэкIуагъэх, ау ахэмэ загъэпэгагъ, ахэр псэкIодшIэгъабэ зиIэ цIыфхэу щытыгъэх.
[10.76] Тэ тадэжь икIэу ахэмэ шъыпкъэр къызафакIом, ахэмэ аIуагъ: "Iо хэлъэп, ар шхъухьэ Iоф!"
[10.77] Мосэ ыIуагъ: "Шъыпкъэр къышъуфэкIуагъэу, аущтэу ащ шъутегущыIэуи ? Ар шхъухьэ Iоф хъуна? Зыушхъухьэхэрэр насыпышIо хъущтхэп!"
[10.78] Ахэмэ аIуагъ: "Тятэхэр зыфэдагъэхэр о тщыбгъэгъупшэнышъ, шъуитIо мы чIыгур шъуIэ ишъулъхьаным паемэ шIэ тадэжь укъызыфэкIуагъэр ? Сыдэу хъугъэкIи цыхьэ къышъуфэтшIыщтэп!"
[10.79] Фирхьаун ыIуагъ: "Уд IэпэIасэхэр зэкIэ къысфашъущэх!"
[10.80] Удхэр къызэкIохэм, Мосэ ариIуагъ: "ЧIэшъудзынэу шъузыфаер чIэшъудз!"
[10.81] Ахэмэ зычIадзым, Мосэ ыIуагъ: ШъушIагъэр шхъухьэ Iоф. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ар ыгъэкIодыщт: ЩыкIыгъэмэ яIофхэр Алахьым зэригъафэхэрэп!
[10.82] Ежь игущыIэхэмкIэ псэкIодышIэгъабэ зиIэхэр ащ къебэных нахь мышIэми, шъыпкъэр зэрэшъыпкъэр ащ къегъэунэфы.
[10.83] Мосэ цыхьэ къыфэзышIырэр ицIыф лъэпкъ щыщэу фирхьаунрэ ащ илIэкъолъэшхэмрэ тхьамыкIагъо къарашIэным щыщынэщтыгъэр ары ныIэп: Сыда пIомэ, чIыгум унэшъошI шъхьаIэу иIагъэр фирхьаун ары, ар ышъо икIыгъэу щытыгъэшъ ары.
[10.84] Мосэ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ, Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъушIыгъэмэ, IорышIэ шъухъу шъушIоигъомэ, Ащ цыхьэ фэшъушI!"
[10.85] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ Алахьым цыхьэ фэтшIыгъ. Ярэби я Алахь, диныр зышIошъ мыхъурэ цIыфмэ апае тэ ушэтын тымышI,
[10.86] О уишIушIэкIэ джаур цIыфмэ тащыухъум!"
[10.87] Тэ Моси ащ ыши агурыдгъэIуагъ: ШъуицIыф лъэпкъ пае Мысырым унэхэр къыщыхэшъухых, ахэр нэмаз шIыпIэ шъушIых, нэмаз шъушIы, Тхьэр зышIошъ хъухэрэр гъэгушIох!
[10.88] Мосэ ыIуагъ: "Ярэби я Алахь! фирхьауни ащ илIэкъолъэшхэми зыхэтхэ гъашIэм идэхагъи ибайныгъи О яптыгъ. Ярэби я Алахь! О уигъогу ахэр дэрэхых! Ярэби я Алахь! Хьэзаб пщыныжьыр амылъэгъуфэ ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ амышIыным пае, ябаиныгъэ гъэкIоды, агухэр жъалым шIых".
[10.89] Ащ ыIуагъ: "Шъо шъуидыухьэ Сэ зэхэсхыгъэ, занкIэу шъукIу, зыгурымыIорэмэ ягъогу шъутемыхь!"
[10.90] Исраил ыкъохэр Тэ хым къызэпырытщыгъэх, фирхьаунрэ ащ идзэрэ мэхъаджэхэу, пыиныгъэ ахэлъэу ахэмэ ауж зыкъырадзагъ. Ар хым чIихьэу зырегъажьэм, ыIуагъ: "Исраил ыкъохэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зыфашIыгъэ Тхьэм фэшъхьаф Тхьэ зэрэщымыIэр сэ сшIошъ мэхъу, сэри Ащ фэIорышIэрэмэ зэу сащыщ!"
[10.91] Джыры ныIэба? ащ ыпэкIэ о укъаигъагъ, гунахьыбэ бгъахъэу ухэтыгъ.
[10.92] О уауж къэхъущтхэм щысэ уафэхъуным пае непэ о уипкъышъол псы кIыIум къыдихьыежьынэу Тэ унашъо къыпфэтшIы. ЦIыфмэ ащыщыбэхэм Тэ тищысэхэм анаIэ тырагъэтрэп!

[10.93] Исраил ыкъохэр Тэ чIыгу хьалэл чIыгу дэгъум тедгъэтIысхьагъэх, шIуагъэхэр яттыгъэх. Щысэтехыпlэ къафэмыкIофэ, ахэр зэмыдэIужьхэу щытыгъэхэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, къызщыхъужьыщтхэ мафэм ахэмэ зэмыдэIужьыныгъэу ахэлъыгъэр о уи Тхьэ зэхифыщт!
[10.94] О Тэ къыфедгъэхыгъэм уеджэнджэшымэ, уапэкIэ тхыгъэм еджэхэрэм яупчI. Уи Тхьэ дэжь къикIэу шъыпкъэр о къыпфэкIуагъ; ехъырэхъышэрэмэ ащыщ зымышI!
[10.95] ЧIэнагъэ зышIыгъэмэ ащыщ умыхъуным пае, Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытагъэмэ ащыщ зымышI.
[10.96] Уи Тхьэ игущыIэ шъыпкъэу къызфычIэкIыжьыгъэхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыщтэп.
[10.97] Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр къафэкIогъагъэхэми, хьазаб пщыныжьыр амылъэгъуфэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыщтэп.
[10.98] Къуаджэ горэ щыIагъа шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ышIыгъэу, ишIошъхъуныгъэ федэ къыфихьыгъэу? Юныс ицIыф лъэпкъ ары ныIэп щыIагъэр. Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зешIым, гъашIэу зыхэтхэм зыгъэпыутхэрэ пщыныжьыр Тэ ахэмэ ащытетхыгъ, охътэ гъэнэфагъэ тхъэжьхэу щыIэнхэу яттыгъ.
[10.99] О уи Тхьэ шIоигъуагъэмэ, зэкIэ чIыгум щыпсэурэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыни, Тхьэр ашIошъ хъоу цIыфхэр хъунхэу о ебгъэзынхэуи?
[10.100] Алахьым иIизын хэмылъэу псэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ышIын ылъэкIыщтэп. КъызгурымыIохэрэм Ащ пщыныжь атырилъхьащт.
[10.101] ЯIу: "Уашъом щыIи чIыгум щыIи шъуяплъ!" Ау шIошъхъуныгъэ зимыIэ цIыфхэм Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэри езгъаджэхэри IэпыIэгъу афэхъущтхэп!
[10.102] Ежьхэм апэкIэ щыIагъэхэу щымыIэжьхэм къяхъулIэгъагъэм яхьщыр горэм ахэр ежэхэмэ шIэ? ЯIу: "Шъуеж, шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэри сышъуигъусэу сежэ!"
[10.103] ЕтIанэ Тэ тилIыкIохэри шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэри Тэ къэдгъэнэжьыщтых. ШъыпкъэмкIэ, Тхьэр зышIошъ хъухэрэр къэдгъэнэжьынхэр Тэры зэлъытыгъэр.
[10.104] ЯIу: "О цIыфхэр, сэ сидин хабзэ шъуеджэнджэшыми, Алахьым фэшъхьафэу шъхьащэ зыфэшъушIырэмэ сэ шъхьащэ афэсшIырэп, тэ тигъашIэ зэрэщытэу зыIэ илъ Алахьым шъхьащэ фэсшIыщт. Тхьэр зышIошъ хъурэмэ сащыщынэу сэ унашъо къысфашIыгъ.
[10.105] Угу къабзэу диным унэгу фэгъаз, Тхьабэ зышIошъ хъурэмэ афэдэ умыхъу!
[10.106] Алахьым фэшъхьафэу зишIуагъэ къыомыкIыщти, зэрар къыозыхыщти ацIэ къемыIу! Аущтэу о умышIымэ, ащыгъум диныр угу имылъэу ущытыщт.
[10.107] Алахьым зэрар къыуихымэ, Ежь фэшъхьафэу ар птезыхын щыIэп. Ау Ащ шIу къыпфишIэ шIоигъомэ, Ащ ишIушIагъэ зэтезыIэжэн щыIэп. Ащ иIумэтхэм ащыцэу Ежь шIоигъом ар къыфырегъэхы. Ащ къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[10.108] ЯIу: "О цIыфхэр! Шъуи Тхьэ дэжь къикIэу шъыпкъэр къышъуфэкIуагъ ; гъогу занкIэм рыкIорэр ежь ыпсэ пае занкIэу макIо, гъощагъэр ыпсэ зэрар рихэу гъощагъэ; шъоркIэ сэ шэсы сыхъущтэп".
[10.109] О къыбгурагъаIорэм илъэуж рыкIу, Алахьым къызэхефыфэ, щаIэ: Iофхэр зэхэзыфырэмэ Ар анахьышIу.

Хьуд

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!

[11.1] Алиф Лам Ра. Тхыгъэм иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр Iушэу зэгъэфагъэх, ащ дакIоу, Iушым, ЗышIэрэм дэжь къикIхэу, зэхэугуфыкIыгъэу къиIотыкIыгъэх.
[11.2] Алахьым фэшъхьафэу шъо зыми шъхьащэ фэшъумышI, шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ Ащ дэжь шъузгъэдэIонэу, къэбарышIу зехьэу сыкъекIы!
[11.3] Шъуи Тхьэ къышъуфигъэгъунэу шъуелъэIунэу, етIанэ Ащ зыфэжъугъэзэнэу, пIэлъэ гъэнэфагъэу къышъуфашIыгъэм нэс жъугъэфедэнэу Ащ мылъкушIу къышъуеты, Ащ ишIушIэ шIушIэныр зыIэ илъ пэпчъ къыритыщт. Ау шъуакIыб къэжъугъазэмэ, мэфэшхо мафэм шъуагъэпщынэнкIэ сыкъышъуфэщынэ.
[11.4] Алахьым дэжь жъугъэзэжьыщт, Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп!
[11.5] Ахэмэ абгъэ нахь цIыкIу ашIышъ, Ащ зышIуагъэбылъы! А уахътэу Ахэмэ щыгъыным зызыщычIаухъумэрэм, агъэбылъри нафэ ашIыри Ащ ешIэ! Ахэмэ агу илъыр Ащ ешIэ!
[11.6] Ашхыщтыр Алахьым имыIэу чIыгум зы псэушъхьэ тетэп. Ар ренэу эыщыпсэурэ чIыпIэри охътэ гъэнэфагъэкIэ зыдэщыIэри Ащ ешIэ. ЗэкIэ тхылъ зэхэугуфыкIыгъэм ит.
[11.7] Уашъомрэ чIыгумрэ мэфихым къыкIоцI Ары къэзгъэшIыгъэр, шъуащыщэу ышIэщтымкIэ анахьышIур ыушэтыным пай, Ащ илъэгапIэ псыкIыIум тетыгъ. О зыпIокIэ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъузылIэрэ нэуж шъукъэхъужьыщт". ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм, Iо хэлъэп, аIощт: "Ар шхъухьэ Iоф ныIэп!"
[11.8] Ахэмэ апае пщыныжьыр охътэ гъэнэфагъэкIэ лъыдгъэкIуатэмэ, аIощт: "Сыда ар зэтезыIажэрэр?" Е-о-ой, а мафэу пщыныжьыр ахэмэ къазыфакIорэм, ар ашъхьарыпхын плъэкIыщтэп, зыдэхьащхыщтыгъэхэм ахэр зэлъиштэщтых.
[11.9] Тэ цIыфым тишIушIэ зэхишIэнэу еттэу, етIанэ ар къызытетхыжьырэм, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ыгу мэкIоды, джаур мэхъу.
[11.10] Гукъаохэр къызфэкIогъэ нэужым, Тэ цIыфым тхъагъор зэхедгъашIэмэ, ыIощт: "ТхьамыкIагъохэр сшъхьарыкIыгъэх!" Шъыпкъэ дэдэмкIэ, джащыгъум ар мэгушIо, зегъэпагэ!
[11.11] ЩэIагъэ зыхэлъхэу шIу зышIэхэрэр ары ныIэп зыфагъэгъущтхэр, тын лъапIэ зэратыщтхэр!
[11.12] О нафэ къыпфэхъугъэмэ ащыщ горэ къэбгъэнэнкIи хъун, ахэмэ аIорэм пае о угу цIыкIу хъугъэ: "Сыд пае ащ мылъку лъапIэ къыфыримыгъэхыгъа е ащ мэлаIич игъусэу къытфэмыкIуагъа?" О угъэсакIу ныIэп, Алахьыр зэкIэмэ шэсы афэхъу.
[11.13] Ахэмэ аIонкIи мэхъу: "Ар (КъурIаныр) ежь къыугупшысыгъ" ЯIу: "Ащ яхьщырэу, шъо къэшъуугупшысыгъэу сурипшI къэшъухь, шъуIорэр шъыпкъэмэ, шъуIэ къихьащтым Алахьым фэшъхьафэу шъукъедж!
[11.14] Шъо ахэмэ джэуап къышъуамытыжьмэ, Алахьым ишIэ хэлъэу ар къызэрэшъуфагъэкIуагъэр, Ащ фэшъхьаф тхьэ зэрэщымыIэр зэжъугъашIэ, Аш ыуж шъо Ащ шъуфэмыIорышIэнэуи?"
[11.15] Джырэ гъашIэм, ащ итхъагъомэ афаем Тэ икъоу ащ Iофхэр щядгъэухыщтых, Iахьынчъэ хъущтхэп.
[11.16] Ахэмэ ахърэт гъашIэм машIо фэшъхьаф зыпари щыряIэщтэп, мыщ ахэмэ щашIагъэр зэкIэ пкIэнчъ, ахэмэ агъэхъагъэр нэкIы.
[11.17] КъурIаным ишыхьатэу щытба ежь и Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр IэубытыпIэ зышIэу ащ рыгъуазэрэр? IэпыIэгъоу, гукIэгъушIэу Мосэ итхылъ ащ ыпашъхьэ илъ, ахэмэ Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фыряI. Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фызимыIэ купхэм машIо афыщылъ, ар япсэупI. АщкIэ джэнджэш угу къимыгъахь; а шъыпкъэр о уи Тхьэ дэжь къекIы, ау цIыфмэ анахьыбэмэ шIошъхъуныгъэ яIэп!

[11.18] Алахьым имыхьакъ езыIуалIэрэм нахь мызафэ хэт хъужьына ? Ахэр я Тхьэ ыпашъхьэ ихьэжьыщтых, шыхьатмэ аIощт: "Я Тхьэ имыхьакъ езыIуалIэщтыгъэхэр мыхэр арых". ПсэкIодыбэ зышIагъэхэм Алахьым ибгыбзэ атефэн.
[11.19] Алахьым игъогу зэпагъэIызэ, пхэнджэу дэзгъэхыхэрэм, ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ фыряIэп!
[11.20] Ахэмэ мы чIыгум зыпари щызэблахъун алъэкIыщтэп, Алахьым фэшъхьаф ахэмэ ныбджэгъу яIэп. Пщыныжьыр ахэмэ фэдитIу афашIыщт. Ахэмэ зэхахын алъэкIыщтыгъэп, алъэгъущтыгъэп!
[11.21] Ахэр арых ежь=ежьырэу зэрар зэзыхыжьыгъэхэр, ахэмэ къаугупшысыщтыгъэхэр ашIокIодыжьыгъэх!
[11.22] Ахърэт гъашIэм ахэмэ нахь чIэнэгъэшхо зэрашIыщтым щэч хэлъэп!
[11.23] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ зиIагъэхэу Iоф дэгъухэр зышIэщтыгъэхэр, я Тхьэ ыпашъхьэ шыихъ щыхъугъэхэр, ахэр джэнэтым щыпсэущтых, ахэр ащ егъашIэми исыщтых.
[11.24] А цIыф купитIур нэшъумрэ дэгумрэ, зылъэгъурэмрэ зэхэзыхырэмрэ зэрэзэтекIыхэрэм фэд. ШIуагъэу ахэлъхэр зэфэшъхьафхэу, ахэр зэфэдэнхэ алъэкIына? Шъо зыкъэшъумышIэжьынэуи?
[11.25] Мары, Тэ Нухьэ ицIыф лъэпкъ фэдгъэкIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ шъоркIэ сэ сыгъэсэкIо нэф!
[11.26] Алахьым фэшъхьафэу хэти шъхьащэ фэшъумышI. Мэфэ хьэзабым шъуагъэпщынэнкIэ сэ сышъуфэщынэ!"
[11.27] Ащ ицIыф лъэпкъ щыщэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэгъэ лIэкъолъэшмэ аIуагъ: "Тэ тэлъэгъу о тэщ уфэдэу цIыф къызэрыкIо къодыеу узэрэщытыр, ауж къырыкIохэрэр цIыф къызэрыкIохэу, гупшысэ хъатэ зимыIэхэр ары, шIуагъэ гори пхэтлъагъорэп, ау тэ шъупцIыусэу тегупшысэ".
[11.28] Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Сэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэ си Тхьэ дэжь къикIэу, ащ шъуфэнэшъоу, Ащ Ежь ишIушIэ къыситыгъэу, ар шъуфэмылъэгъумэ, лIыгъэкIэ шъодгъэштэнэу шъуегупшысагъа ?
[11.29] О сицIыф лъэпкъ! Сэ ащ пае мылъку сIоу сышъолъэIурэп: сэ ситын Алахь закъом дэжь щыI. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр сэ Iусфыщтхэп: ахэр я Тхьэ IукIэжьыщтых. Ау сэ сэлъэгъу къызгурымыIорэ цIыфхэу шъузэрэщытыр.
[11.30] О сицIыф лъэпкъ! Сэ ахэр Iусфыхэмэ, сэ хэта Алахьым сыщызыухъумэщтыр ? Шъо зыкъэшъумышIэжьынэуи?
[11.31] Сэ къышъуасIорэп: "Алахьым имылъку лъапIэхэр зыщиIыгъхэр сэшIэ", сIорэп: "Шъэфхэр сэшIэх", сIорэп: "СымэлэIич" сIорэп: "Шъо шъуфэмылъэгъурэмэ Алахьым шIу афишIэщтэп. Ахэмэ агу илъыр Алахьым нахьышIоу ешIэ; ащыгъум сэ зэфэнчъэу сыщытыни".
[11.32] Ахэмэ аIуагъ: "Нухь, о тэ укъытэнэкъокъущтыгъ, тазфагу зэнэкъокъоу илъым къыхэбгъэхъуагъ, о шъыпкъэ зыIорэмэ уащыщмэ, тызэрэбгъэщынэрэр къытфэгъакIу!"
[11.33] Ащ ыIуагъ: "ШIоигъомэ, ар къышъуфэзгъакIощтыгъэр Алахьыр ары, ар зэшъухъокIыным шъуиIоф тетэп.
[11.34] Сэ упчIэжьэгъу сыкъышъуфэхъу сшIоигъо хъугъэми, Алахьым шъудигъэх шIоигъомэ, упчIэжьэгъу сыкъызэрэшъуфэхъугъэм федэ хэшъухыщтэп. Ар шъуи Тхь, Ащ дэжь шъуагъэгъэзэжьыщт".

[11.35] Ахэмэ аIонкIи хъун: "Ащ КъурIаныр къыугупшысыгъ!" ЯIу: "Сэ ар къэсыугупшысыгъэмэ, псэкIодшIагъэхэу сиIэхэр стелъых, шъо псэкIодэу шъушIэхэрэмкIэ мысагъэ сиIэп".
[11.36] Джащыгъум Нухьэ нафэ фэтшIыгъагъ: "О уицIыф лъэпкъ щыщэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэм нахьыбэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ышIыжьыщтэп. Ахэмэ ашIэрэм пае гухэкI умышIы!
[11.37] Ахэмэ тлъэгъу пэтзэ, Тэ тиунашъокIэ къухьэ шIы, мызафэхэм афэгъэхьыгъэу Сэ укъыздэмыгущыI, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр хым чIихьэщтых!"
[11.38] Ащ къухьэ ышIыщтыгъэ, ицIыф лъэпкъ щыщ лIэкъолъэшхэр блэкIыхэ къэс къыкIэнакIэщтыгъэх. Ащ ыIуагъ: "Шъо шъукъыддэхьащхы, ау джы шъукъызэрэддэхьащхырэм фэдэу, тэри етIанэ тыкъыжъудэхьащхыжьыщт.
[11.39] Шъо къэшъушIэщт. ЗыгъэцIыкIурэ пщынэжьыр къызфэкIощтыр, къызхэхъорэ пщыныжьыри къызшъхьарыощтри!"
[11.40] Тэ тиунашъо игъо къызэсым, хьакум псы жъуагъэр къызырекIутым, Тэ Нухьэ етIуагъ: "Къухьэм ищ зэкIэ псэушъхьэмэ ащыщ тIурытIу, о уиунагъуи ары, мыщ ыпэкIэ зиIоф аIогъахэм фэшъхьафрэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэхэри ары:" ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэу ащ игъусагъэр макIэ.
[11.41] Ащ ыIуагъ: "Ащ Алахьым ыцIэкIэ шъуихь, ар есыфэкIи зы чIыпIэ етыфэкIи шъуис; сыда пIомэ сэ си Тхьэ къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!"
[11.42] Къушъхьэмэ афэдэ ормэ ахэтэу, ахэр игъусэу ар есыщтыгъэ. Ежь пэчыжьэ хъугъэ икIалэ Нухьэ еджагъ: "СикIал! Тэ тикъухьэ къихь, Тхьэр зышIошъ мыхъурэмэ уакъыхэмын".
[11.43] Ащ ыIуагъ: "Сэ къушъхьэ горэм сыдэкIоенышъ, псым ащ сыщиухъумэщт". Нухьэ ыIуагъ: "Ащ зыфигъэгъугъэмэ афэшъхьафэу, Алахьым иунашъо непэ ущызыухъумэн щыIэп". Ахэр хыорым ыгощыгъэх, псым чIихьагъэмэ ар ащыщ хъугъэ.
[11.44] ГущыIэ къэIугъ: "О чIыгур, уипс о ишъу; о уашъор, зыIаж!" Псыр текIыгъ, унашъор гъэцэкIагъэ хъугъэ, ар къушъхьэу Джуд къыщыуцугъ. Джащыгъум Iуагъэ щыхъугъ: "Диныр зымыIыгъ цIыф лъэпкъыр орэкIоды!"
[11.45] Нухьэ и Тхьэ зыфигъази, къыIуагъ: "Я Алахь! Сэ сикIалэ сиунагъо щыщ, О гугъапIэу къэптыгъэр шъыпкъэ, Iофхэр зыIохэрэмэ О уанахь зэфэ шъыпкъ".
[11.46] ЫIуагъ Ащ: "О Нухь! Ар о уиунагъо щыщэп; ащ ышIагъэр Iоф зафэп ; о умышIэрэмкIэ Сэ укъысэмыупчI. ЗымышIэрэмэ ащыщ умыхъунэу Сэ о усэгъасэ".
[11.47] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь! Сэ шIэныгъэ зыфысимыIэм сыкIэмыупчIэным пае ухъумапIэ о уадэжь сыщылъэхъу. О сэ къысфэмыгъэгъумэ, унэшIу къысщымыгъафэмэ, насыпынчъэмэ ащыщ сыхъущт".
[11.48] КъэIуагъэ хъугъэ: "Нухь, Тэ тадэжь дахэкIэ ехыжь; ори о уигъусэ цIыф лъэпкъыми шъуиморад къыжъудэхъу! Адырэ цIыф лъэпкъымэ Тэ шIуагъэхэр къяттыщтых, етIанэ ахэмэ Тэ тадэжь къикIэу хьазаб пщыныжь къафэкIощт".
[11.49] Ар гум илъым фэгъэхьыгъэ къэбармэ ащыщ. Тэ ар о нафэ къыфэтэшIы; ащ ыпэкIэ ар ори о уицIыф лъэпкъи шъушIэщтыгъэп. ЩаIэ! Диныр зыгу илъхэмкIэ ащ кIэухэу фэхъущтыр гушIуагъо!
[11.50] Тэ зэгорэм Адхэм адэжь ахэмэ ашэу Хьудэ дгъэкIогъагъэ. Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым шъхьащэ фэшъушI! Ащ фэшъхьафэу шъо тхьэ шъуиIэп. Шъо пцIыр къэшъоугупшысы ныIэп.
[11.51] О сицIыф лъэпкъ! Ащ пае тын къысфэшъушIынэу сышъолъэIурэп: Сэ тын къысфэхъущтыр сыкъэзгъэхъугъэм дэжь зыдэщыIэр. Шъо ар къыжъугурымыIоуи!

[11.52] О сицIыф лъэпкъ! Шъуи Тхьэ къышъуфигъэгъунэу шъуелъэIу, етIанэ Ащ зыфэжъугъаз; Ащ уашъом гъэбжъу ощх къышъуфыригъэхыщт, Шъо кIуачIэу шъуиIэм кIуачIэ къыхигъэхъощт, псэкIодшIагъэхэр шъуиIэхэу шъуакIыб къэшъумыгъаз!"
[11.53] Ахэмэ аIуагъ: "О Хьуд! Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэ уиIэу о тадэжь укъэкIуагъэп, о гущыIэу пIуагъэм пае титхьэхэр сыд хъункIи гум итынэщтхэп, о цыхьэ къыпфэтшIыщтэп.
[11.54] Тэ тIорэ закъор титхьэмэ ащыщ горэм тхьамыкIагъо горэкIэ о узэригъэфыкъощтыр ары". Ащ ыIуагъ: Сэ Алахьыр шыхьатэу къэсэгъэлъагъо, шъори къэшъуушыхьат Ащ емыпэсыгъэхэр зэрэгожъугъэуцохэрэм сиIоф зэрэхэмылъыр.
[11.55] Сэ къыспэшIуекIоу шъо зэкIэ тхьагъэпцIыгъэу зэхашъулъхьэхэрэр жъугъэцакIэх, сызэшъумыгъаж.
[11.56] Сэ си Тхьэу, шъори шъуи Тхьэу Алахьым сэ сыщэгугъы. Зы псэушъхьэ щыIэп исэку Ащ ымыIыгъыгъэу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, си Тхьэ гъогу занкIэм тет!
[11.57] Шъо шъузэкIэкIожьмэ, шъуадэжь сыкъызфагъэкIуагъэр къышъостыгъах. Сэ си Тхьэ шъощ нэмыкI цIыф лъэпкъыкIэ шъузэблихъущт, шъо сыд щыщкIи Ащ зэрар ешъухын шъулъэкIыщтэп, шъыпкъэ дэдэмкIэ, си Тхьэ сыд щыщи иухъумакIу!"
[11.58] Тэ тиунашъо къызэкIом, Тэ Хьуди Тэ тишIушIэ хэлъэу ащ игъусэхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэри къэдгъэнэжьыгъэх, пщыныжь жъалымым ахэр IэкIэтхыгъэх.
[11.59] Адхэм я Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр щагъэзыягъэх, Ащ илIыкIохэм ядэIугъэхэп, кIочIэшхо зиIэ зэщыхъуакIомэ ауж ихьагъэх.
[11.60] Ащ пае ахэмэ мы дунаеу зытетхэми къаймэт мафэми бгыбзэр атефагъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Адхэм я Тхьэ щагъэзыягъ. Адхэр, Хьудэ ицIыф лъэпкъ орэкIоды!
[11.61] Тэ зэгорэм Самудхэм адэжь ежьхэм ашэу Шъалихьэ афэдгъэкIогъагъ. Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым шъхьащэ фэшъушI; Ащ фэшъхьафэу тхьэ зыпари шъуиIэп. Шъо Ащ чIыгум шъукъыхигъэкIыгъ, ащ шъутыригъэтIысхьагъ. Ащ къышъуфигъэгъунэу шъуелъэIу, етIанэ Ащ зыфэжъугъаз. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, си Тхьэ благъэ, джэуап къеты!"
[11.62] Ахэмэ аIуагъ: "О Шъалихь! Нахьыпэм тэ тызэхэтхэм тыкъыпщыгугъыщтыгъ. Тэ тятэмэ шъхьащэ зыфашIыщтыгъэмэ шъхьащэ афэтэмыгъэшIыжьынэу о уфежьэна? О тызыфапщэрэм лъэшэу теджэнджэшы".
[11.63] Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Сэ си Тхьэ къыситыгъэу Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэ зэхэугуфыкIыгъэ сиIэу, ишIушIэн сэ къыситыгъэу семыдэIумэ, Алахьым ыцIэкIэ сэ IэпыIэгъу къысфэхъущтым шъуегупшысагъа? Сэ кIодыпIэ сфэхъущтым хэшъогъахъо ныIэп.
[11.64] О сицIыф лъэпкъ! Мы мэхъшэбзэу Алахьым иер шъоркIэ щысэтехыпI. Алахьым ичIыгу щыхъунэу ар къэжъугъан; пщынэжь благъэр къышъулъымыIэсыным пае шъугу бзэджагъэ илъэу ащ шъунэмыс".
[11.65] Ау ащ ылъэпшъэ фэщхэр ахэмэ зэпаупкIыгъэх, Шъалихьэ ыIуагъ: "ШъуипсэупIэмэ шъутхъэжьэу мэфищэ шъуарыс, ар мынэпцI гугъапI".
[11.66] Тэ тиунашъо къызэсым, Шъалихьи ащ игъусэхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэри Тэ тадэжь икIыгъэ шIушIэнымкIэ анапэ зыщытырахыжьыщт мафэм щытыухъумагъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ пытэ, кIочIэшху!
[11.67] Зэфэнчъэхэр жьыуаем ытхьэлагъэх, пчэдыжьым анэгухэр егъэзыхыгъэхэу ахэр япсэупIэмэ арылъыгъэх.
[11.68] Ахэр егъашIи ахэмэ ащымыпсэущтыгъэхэм фэдэу арылъыгъэх. Самудхэм я Тхьэ щагъэзыягъ, Самудхэр орэкIодых!

[11.69] Къэбар гушIуагъо яIэу Тэ тилIыкIохэр Ибрахьимэ дэжь къэкIуагъэх, раIуагъ: "Мамыр!" Ежьыри ыIуагъ: "Мамыр!" ымыгъэгужъоу шкIэл гъэжъагъэр апигъохыгъ.
[11.70] Ахэмэ аIэхэр ащ къыфамыщэихэу зелъэгъум, зыфихьын ымышIэу хъугъэ, щынагъо ахэмкIэ зэхишIагъэ. Ахэмэ аIуагъ: "Умыщын, тэ ЛютIэ ицIыф лъэпкъ дэжь тыкъагъэкIуагъ".
[11.71] Ащ ишъуз а чIыпIэм щытыгъэти, къэщхыгъ. Джащыгъум Тэ ар Исхьакъ фэгъэхьыгъэ къэбарымкIэ, ащ ыуж Якъубэ фэгъэхьыгъэмкIэ дгъэгушIуагъэ.
[11.72] Ащ ыIуагъ: "Тхьэ къысауи! Ныо сыхъужьыгъэу, сэ кIалэ къысфэхъуна! Мы лIэу сиIэри лIыжъы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар шIэгъо дэд!"
[11.73] Ахэмэ аIуагъ: Алахьым унашъоу ышIыгъэр сыда о зыкIэбгъэшIагъорэр ? Алахьым шIу къышъуфешIэ, мы унэм исхэм Ащ ынэшIу къышъущефэ. Ащ щытхъу фаIо, щытхъушхо пылъ!"
[11.74] Ибрахьимэ щынагъор шъхьарыкIыжьи, къэбар гушIуагъор къызыфакIом, ЛютIэ ицIыф лъэпкъ фэгъэхьыгъэу Тэ къытэнэкъокъоу ащ ригъэжьагъ,
[11.75] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ибрахьимэ шъабэ, гукIэгъу хэлъ, гуегъуныгъэ иI!
[11.76] О Ибрахьим! Ащ уакIыб фэгъаз, о уи Тхьэ иунашъо къэкIогъах, шъыпкъэ дэдэмкIэ, къэмыгъэхъун умылъэкIыщт пщыныжьыр ахэмэ къафэкIогъах!
[11.77] Тэ тилIыкIохэр ЛютIэ дэжь къызэкIохэм, ащ гухэкI рагъэшIыгъ, ыкIуачIэ къыщагъэкIагъ, ыIуагъ: "Ар мэфэ къин".
[11.78] Ащ ицIыф лъэпкъ ащ дэжь къакIуи, псынкIэ дэдэу ыпашъхьэ зыкъырадзагъ; ащ ыпэкIэ ахэмэ бзэджагъэхэр ашIэщтыгъэх. Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Мары сэ сипшъашъэхэр шъорыкIэ емыкIу зыхэмылъых; Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, хьакIэхэр шъумыушъхьакIух. Акъыл иIэу зы нэбгырэ горэ шъо шъухэмытынэуи?"
[11.79] Ахэмэ аIуагъ: "О уипшъашъэхэр тэ зэрэтимыщыкIагъэхэр ошIа, тэ тшIоигъори ошIэ".
[11.80] Ащ ыIуагъ: "Шъо сышъупекIонэу кIуачIэ сиIагъэмэ е сыздеIэжьынэу кIэгъэкъон пытэ горэ сиIагъэмэ!"
[11.81] Ахэмэ аIуагъ: "О ЛютI! О уи Тхьэ Тэ тырилIыкIу, о ахэр егъашIи къыонэсыщтхэп. Уиунагъо уигъусэу мы чэщ дэдэм о гъогу техь, шъуащыщ уишъуз фэшъхьафэу зыпари къызэрэмыплъэкI, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ къяхъулIагъэр ащ къехъулIэщт. Ахэмэ уахътэу афагъэнэфагъэр пчэдыжьыр ары; пчэдыжьыр благъэба?"
[11.82] Тэ тиунашъо къызэкIом, къуаджэм ышъхьагъ ычIэгъ тшIи, етIэ гъэжъагъэм хэшIыкIыгъэ мыжъохэр къафедгъэхыгъ.
[11.83] Уи Тхьэ итамыгъэ атетэу ощхым фэдэу Ар мызафэмэ апэчыжьагъэп!
[11.84] Зэгорэм мэдиэнхэм адэжь ахэмэ ашэу Щухьаибэ афэдгъэкIогъагъ. Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым шъхьащэ фэшъушI; Ащ фэшъхьаф шъо Тхьэ лъэпкъ шъуиIэп. Шапхъэмрэ шъущэчырэмрэ ащышъумыгъакI. Сэ сэлъэгъу шъуишIугъоу шъузэрэпсэурэр, ау мафэ горэм пщыныжьым шъузэриштэщтым сытещтыхьэ.
[11.85] О сицIыф лъэпкъ! Шапхъэмрэ шъущэчырэмрэ шъуафэшъыпкъ; цIыфмэ ямылъкукIэ зэрар шъуафэмыхъу; псэкIодшIэгъабэ щызешъухьэу чIыгум шъутемыт.
[11.86] Шъо Алахьым къышъуфигъэнэгъэ тIэкIур, шъо Тхьэр шъушIошъ мэхъумэ, шъоркIэ нахьышIу. Сэ шъоркIэ сыухъумакIоп.
[11.87] Ахэмэ аIуагъ: "О Щухьаиб! Тэ тятэхэм шъхьащэ зыфашIыщтыгъэр щыдгъэзыенэу е тимылъку зэрэтшIоигъоу зедгъэзекIоным тыфимытэу уидыухьэ унашъо къешIа? О ушъаб, узаф".

[11.88] Ащ ыIуагъ: "Силъэпкъ! О олъэгъу: Сэ си Тхьэ унэшъо нафэу къышIыгъэр Iэубытыпlэ сэшIымэ, сфикъун мылъку дэгъу Ащ къыситыгъэмэ, Ащ шъуздигъэхыгъэм шъутезгъэты сыдэущтэу сшIоигъона? Сэ сфэлъэкIыщтым фэдизкIэ шъузгъэтэрэзыжьы сшIоигъу ныIэп, сэ IэпыIэгъу къысфэхъущтыр Алахь закъор ары, Ащ сицыхьэ телъ, сыгу нэшхъэеу Ащ зыфэсэгъазэ.
[11.89] О сицIыф лъэпкъ! Сэ сызэрэжъугокIырэм шъуимысагъэ нахь лъэш ерэмышI, ащ къыхэкIэу Нухьэ илъэпкъ, е Хьудэ илъэпкъ, е Шъалихьэ илъэпкъ къяхъулIагъэр къышъомыхъулIэнэу. ЛютIэ илъэпкъ шъо къышъупэчыжьэп.
[11.90] Шъуи Тхьэ къышъуфигъэгъунэу шъуелъэIу, етIанэ Ащ зыфэжъугъаз. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, си Тхьэ гукIэгъу хэлъ, шIулъэгъу хэлъ!"
[11.91] Ахэмэ аIуагъ: "О Щухьаиб! О къапIорэм щыщэу бэ къыдгурымыIорэр; о хъыбзеу укъызэрэтхэтыр тэлъэгъу. Уилъэпкъ мыхъугъэмэ, мыжъокIэ тыкъыоони, о тэркIэ улъапIэп".
[11.92] Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым нахьи лъэпкъэу сыкъызхэкIыгъэр шъоркIэ нахь лъапIа, Ар шъуакIыб шъушIымэ хъунэу шъолъыта ? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, си Тхьэ ешIэ жъугъахъэхэрэр!
[11.93] О сицIыф лъэпкъ! Шъо шъуфэлъэкIыщтыр шъошIэ; сэри сшIэщт, етIанэ къэшъушIэщт. Зыгъэпыутырэ пщыныжьыр къызфэкIощтыри, пцIыусыри, Шъуеж, сэри шъусигъусэу сежэ!"
[11.94] Тэ тиунашъо къызэкIом, Щухьаиби Тэ тишIушIэкIэ ащ игъусэхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэри къэдгъэнэжьыгъэх. Зафэу щымытыгъэхэм кIый макъэр къалъыIэсыгъ, пчэдыжьым ахэм анэгухэр егъэзыхыгъэхэу япсэупIэмэ арылъхэу къычIэкIыгъэх,
[11.95] ащ егъашIи щымыпсэущтыгъэхэм фэдагъэх. Самудхэм афэдэхэу мадайанитхэри кIодыгъэх!
[11.96] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ыIыгъхэу, хэбзэ гъэнэфагъэ иIэу Тэ Мосэ
[11.97] Фирхьаунрэ ащ илIыкIохэмрэ адэжь дгъэкIуагъэ. Ахэмэ фирхьаун иунашъо агъэцэкIагъ, ау фирхьаун иунашъо зэфагъэ хэлъыгъэп.
[11.98] Къаймэт мафэм ицIыф лъэпкъ ипащэу ар къэкIощт ахэр джыхьнэм машIом хищэщтых. ЧIыпIэ дэй ахэр зэрищэщтхэр!
[11.99] Къаймэт мафэм бгыбзэкIэ ахэр мыщ щагъэкIуатэх. А шIухьафтыныр зэратыгъэхэм ар агу рихьыщтэп!
[11.100] А къуаджэмэ афэгъэхьыгъэу Тэ къыпфэтIорэ къэбархэр джащ фэдэх. Ахэмэ ащыщхэр джыри щытых, адырэхэр кIодыгъэх.
[11.101] Тэ ахэмэ агу хэдгъэкIыщтыгъэп, ау ежь=ежьырэу ахэмэ агу хагъэкIыжьыгъ, о уи Тхьэ иунашъо къызэкIом, Алахьым фэшъхьафэу, ятхьэхэу ахэр зэлъэIущтыгъэхэм сыд лIэужыгъуи щаухъумагъэхэп. Ахэр кIодынхэр нахь лъэш ашIыгъ ныIэп!
[11.102] Диныр зымыIыгъ къуаджэхэр Ащ ыукIыхэ зэхъум, о уи Тхьэ ипсэхэхыпIэ джащ фэдагъ.
[11.103] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахърэт мафэм агъэпщынэным щыщынэщтыгъэхэмкIэ щысэтехыпIэ ащ хэлъ. ЦIыфхэр Ащ дэжь зыщаугъоижьыщтхэр а мафэр ары; а мафэр алъэгъущт!
[11.104] Лъытэгъэ уахътэкIэ Тэ а мафэр лъыдгъэкIотэщт.
[11.105] А мафэр къызысыкIэ, Ащ иIизын хэлъэу псэр къэгущыIэщт ; ахэмэ насыпынчъи насыпышIуи ахэтыщт.
[11.106] Насыпынчъэхэр джыхьнэм машIом хэсыщтых, ахэр кIыищтых, гъогыщтых,

[11.107] Уашъомрэ чIыгумрэ щэIэфэхэ, ахэр исыщтых, Тхьэм илыягъэ горэ шIоигъо
мыхъумэ, о уи Тхьэ Ежь шIоигъор егъэцэкIэжьы!
[11.108] Тхьэм илыягъэ горэ шIоигъо мыхъумэ, зэпымыужьрэ тын горэм фэдэу насып
зыгъотыгъэхэр уашъомрэ чIыгумрэ щэIэфэхэ джэнэтым исыщтых.
[11.109] Ахэмэ шъхьащэ зыфашIырэм о уеджэнджэшэу ущымыт; ахэмэ шъхьащэ
зэрашIырэр ятэхэм нахьыпэм шъхьащэ зэрашIыщтыгъэм фэд ныIэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ,
ахэмэ яIахь икъоу Тэ яттыжьыщт!
[11.110] Мосэ Тэ тхыгъэр еттыгъагъ, ау ащ рызэнэкъокъухэу рагъэжьагъ. О уи Тхьэ
игущыIэ ащ ыпэкIэ щымыIагъэмэ, ахэмэ азфагу зэнэкъокъур щыщагъэтыжьыщтыгъ.
Тхыгъэм фэгъэхьыгъэу джэнджэшышхо ахэр джыри хэтых.
[11.111] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ ахэмэ ашIагъэхэм пае хэти ышIагъэр зэрэщытэу
ритыжьыщт, ахэмэ агъахъэрэм Ар щыгъуаз!
[11.112] О унашъо къызэрэпфишIыгъэм тетэу, гъогу занкIэм утетэу кIо; о уигъусэу
зыкъыфэзгъазэхэрэр гъунапкъэм ерэмыкIых, Ащ къелъэгъу шъо шъушIэхэрэр!
[11.113] Джэхьнэм машIор къышъонэмысыным пае мызафэхэр IэпыIэгъу шъумышIых.
Алахьым фэшъхьафэу IэпыIэгъу къышъуфэхъун щыIэп, хэти IэпыIэгъу къышъуитыщтэп!
[11.114] Пчэдыжьи, ахъшами, чэщыми нэмаз шIы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, IофышIумэ Iоф
дэйхэр IуагъэкIотых! ГукъэкIыжь зиIэхэм ар агу къэтэгъэкIыжьы.
[11.115] ЩэIагъэ зыхэгъэлъ, сыда пIомэ шIу зышIэрэмэ ятын Алахьым ыгъэкIодрэп!
[11.116] Шъо шъуапэкIэ щыIэгъэ ижъырэ лъэпкъыхэм ащыщхэу мыбэхэр чIыгум
псэкIодшIэныр къыщызэтыраIажэу, шIу ашIэу щытыгъэхэмэ, Тэ ахэр
къэдгъэнэжьыщтыгъэх, ау гъашIэу зыхэтхэм тхъагъоу хагъуатэрэм цIыф бзаджэхэр
дихьыхыгъэх, агъэпщынэнхэр яфэшъуашэу хъугъэх.
[11.117] Къуаджэмэ адэсхэр шIу ашIэу щытыгъэхэмэ, ахэр ыгъэкIодынхэу о уи Тхьэ
щытыгъэп.
[11.118] О уи Тхьэ шIоигъуагъэмэ, цIыфхэр зэкIэ зы лъэпкъ зэикIэу ышIынхи.
Зэнэкъокъунхэр ахэмэ щагъэтрэп,
[11.119] О уи Тхьэ зыфигъэгъугъэмэ афэшъхьафэу. Ащ пае ахэр Ащ къыгъэхъугъэх. О уи
Тхьэ игущыIэ къэшъыпкъэжьыщт: "Джынэхэмрэ цIыфхэмрэ зэгъусэхэу Сэ джэхьнэмым
изы сшIыщтых".
[11.120] О угу дгъэпытэным пае лIыкIомэ афэгъэхьыгъэ къэбармэ ащыщхэр Тэ
къыпфэтэIуатэх. АщкIэ о шъыпкъэр къыпфэкIуагъ, Тхьэр зышIошъ хъухэрэр
къытетэгъанэх, агу къэтэгъэкIыжьы.
[11.121] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэмэ яIу: "Шъо шъугу къышъуиIорэр шъушIэ,
тэри тшIэщт!
[11.122] Шъуеж, тэри тежэ!"
[11.123] Уашъоми чIыгуми яшъэфхэр Алахьым ешIэх; зэкIэми Ащ дэжь къагъэзэжьыщт.
Ащ шъхьащэ фэшI, Ащ уицыхьэ тегъэлъ. ШъушIэрэм о уи Тхьэ ынаIэ къытемытэу щытэп!

Юсуф

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[12.1] Алиф Лам Ра. Тхылъ зэхэугуфыкIыгъэм иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр марых.
[12.2] Шъо къыжъугурыIоным пае Тэ ар арапыбзэкIэ къышъуфедгъэхыгъ!
[12.3] Джы нэс о умышIэщтыгъэми, мы КъурIаным къыщыфызэIутхыгъэ къэбармэ
анахьышIур Тэ къыпфэтIотэщт.

[12.4] Зэгорэм Юсыф ятэ риIуагъ: "Тят, сэ жъогъо пшIыкIуз, тыгъэр ыкIи мазэр слъэгъугъэх, сэ ахэмэ шъхьащэ къысфашIыгъэу слъэгъугъэ".
[12.5] Ащ ыIуагъ: "СикIал, пшымэ гухэлъ горэ къыпфамышIыным пае, пкIыхьыпIэу плъэгъугъэр ахэмэ ямыIуат. Шэйтаныр цIыфхэмкIэ пый нафэу щыт!
[12.6] Ар аущтэу зыкIэхъурэр о уи Тхьэ ынэшIу къыпщыфэщт, къэхъухэрэр къызэхэпфыхэу уигъэсэщт, Ащ ынэшIу къышъущыфэщт ори Якъубэ илIакъуи, зэгорэм уятэ пIэшъагъэхэу Ибрахьимэрэ Исхьакърэ къызэрятэгъагъэм фэдэу. О уи Тхьэ ешIэ, Iуш!
[12.7] Шъыпкъэ дэдэмкIэ Юсыфрэ ащ ышьхэмрэ кIэупчIэхэрэмкIэ щысэтехыпIэхэу щытых.
[12.8] Зэгорэм ахэмэ аIуагъ: "Тэ нахьыбэ тэхъуми, Юсыфрэ ащ ышырэ тятэ нахь егъэлъапIэх. ШъыпкъэмкIэ, тятэ гъэнэфагъэу гъощагъэ!"
[12.9] "Юсыф шъуукIы е чIыгу чыжьэ горэм ишъудз, джащыгъум шъуятэ инэплъэгъу шъощ нэмыкI тетыжьыщтэп, ащ ыуж шъо дэгъу дэдэу шъузекIощт".
[12.10] Ахэмэ ащыщ ыIуагъ: "Шъо ащ зыгорэ ешъушIэ шъушIоигъомэ, Юсыф шъумыукIэу псынэ куум ишъудз, блэкIрэмэ ащыщ горэм аштэн".
[12.11] Ахэмэ аIуагъ: "О тят! Тэ сыда ЮсыфкIэ цыхьэ къыкIытфэмышIырэр ? Тэ ащ шIу щэхъу тыгу филъэп!
[12.12] Неущ тигъусэу къэтIупщ, орэтхъэжь, орэджэгу, Тэ ащ тылъыплъэщт".
[12.13] Ащ ыIуагъ: "Шъо шъуигъусэу шъуикIымэ, сыгу къеощт, сэщынэ шъунаIэ тешъумыгъэтынкIэ, Тыгъужъым ышхынкIэ".
[12.14] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ купышхо тыхъоу ар тыгъужъым зишхыкIэ, ащыгъум насыпынчъэ тыхъун".
[12.15] Ар ягъусэу ахэр зыIокIыхэм, псыначIэм ар радзыхынэу зызэзэгъыхэм, Тэ ащ гурыдгъэIуагъ: "Ахэмэ ашIагъэр о зэгорэм къафэпIотэжьыщт, ау ахэмэ къагурыIощтэп".
[12.16] Пчыхьэм ахэр гъыхэзэ, ятэ дэжь къэкIуагъэх.
[12.17] Ахэмэ аIуагъ: "О тят! Тэ тызэпачъэу едгъажьи, тищыгъынмэ Юсыф къапэдгъэнагъ, ар тыгъужъым ышхыгъ; ау тэ шъыпкъэ къэтэIоми, о цыхьэ къытфэпшIырэп".
[12.18] Лъы нэпцIыр ащ иджанэ телъэу рагъэлъэгъугъ. Ащ ыIуагъ: "Ар шъо къэшъуугупшысыгъ, ау щэIэгъэ пытэ уиIэныр. Шъо къэшъуIуатэрэм IэпыIэгъу фэхъущтыр Алахьым дэжь щыI".
[12.19] ГъогурыкIохэр блэкIыхэти, ахэмэ яцIыф псыхьэ агъэкIуагъ ; ащ ищалъэ псынэм зыретIупщэхым, ыIуагъ: "О хъяр, мыщ исыр шъао". Ахэмэ ар ащэнэу агъэбылъыгъ, ау ахэмэ ашIэрэр Алахьым ышIэщтыгъ.
[12.20] Осэ мэкIэ дэдэмкIэ, сомэ заулэкIэ ахэмэ ар ащагъ. Ахэмэ ащ осэщхо фашIыгъэп.
[12.21] Мысыр щыщэу ар зыщэфыгъэм ишъуз риIуагъ: "Iэдэб хэлъэу ащ пэгъокI, ар тэ IэпыIэгъу къытфэхъункIи е ткъом ычIыпIэу тштэнкIи мэхъу. Джаущтэу Юсыф а хэгъэгум щядгъэштагъ, Тэ ар аущтэу зыкIэтшIыгъэр къэхъухэрэр зэхифынхэу едгъэшIэным пай. Алахьым Ежь изакъоу иIофхэр зэкIэ зэрегъафэх, ау ар цIыфмэ янахьыбэм ашIэрэп.
[12.22] Ины зэхъум ащ Iушыгъэрэ шIэныгъэрэ еттыгъ; шIу зышIэрэмэ джаущтэу тятэ!
[12.23] Ар зиунэ исыгъэ бзылъфыгъэр къехъопсагъ; ащ пчъэхэр ригъэтыхи, ыIуагъ: "Моу къакIо". Ащ ыIуагъ: "Алахьым сыкъеухъум! Сэ сизиусхьан щыIэкIэ дэгъу мыщ къыщыситыгъ. Бзаджэмэ шIу ашIэрэп!"
[12.24] Бзылъфыгъэр ащ егупшысэщтыгъэ, ежьыри ащ егупшысэныекIи мэхъу, и Тхьэ зыщиухъумэрэр ымылъэгъугъэмэ. Тэ ащ бзэджагъэрэ къэрарынчъагъэрэ едгъэшIагъэп, сыда пIомэ, Тэ тиIумэтэу ар хэмыукъуагъэмэ ащыщыгъ!

[12.25] Зым адырэр ыпэ ишъы шIоигъоу нэбгыритIури пчъэмкIэ чъагъэх, ащ иджэнэ кIыб бзылъфыгъэм зэIитхъыгъ. Пчъэ тIуакIэм ахэр зиусхьаным щыIукIагъэх. Бзылъфыгъэм ыIуагъ: "Хьапсым чIэмыдзэщтмэ е хьэзаб пщыныжь темылъхьащтмэ, сыда ифэшъуашэр уиунагъо бзаджэ къезышIэ зышIоигъуагъэм?
[12.26] Ащ ыIуагъ: "Мыщ сэ сыхигъэукъо шIоигъуагъ"; бзылъфыгъэм ибын щыщ шыхьатым къыушыхьатыгъ: "Ащ иджэнэ гупэ зэIэтхъыгъэмэ, бзылъфыгъэм къыIорэр тэрэз, мыдырэр пцIыус.
[12.27] Ащ иджэнэ кIыб зэIэтхъыгъэмэ, бзылъфыгъэм пцIы къыусыгъ, мыдырэр шъыпкъаIо".
[12.28] КIалэм иджэнэ кIыб зэIытхъыгъэу ащ зелъэгъум, ыIуагъ: "Ар о бзэджэгъэ гухэлъ шъэфэу пшIырэмэ ащыщ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, о бзэджэгъэ гухэлъ шъэфэу пшIыщтымэ гъунэ яIэп!
[12.29] Юсыф, ащ утегущыIэныр щыгъэт, о шъузыр, гунахьэу бгъэхъагъэр къыфагъэгъунэу лъаIо, сыда пIомэ, ухэукъуагъ".
[12.30] Къалэм бзылъфыгъэмэ щаIуагъ: "ЛIэкъолъэшым ишъуз кIалэм зыIуешIыхьэ, шIулъэгъуныгъэр ыгу итIысхьагъ. Тэ тэлъэгъу ар нафэу зэрэ гъощагъэр".
[12.31] Ахэмэ ятхьагъэпцIыгъэ бзылъфыгъэм зызэхехым, алъигъэкIуагъэх, ешхэ=ешъо афигъэхьазырыгъ, бзылъфыгъэ пэпчъ шъэжъые зырыз ритыгъ, етIанэ ыIуагъ: "Мыхэмэ адэжь чIэкI!" Ахэмэ ар залъэгъум, агъэлъапIи, ежьхэм аIэхэр ауIэжьыгъэх, аIуагъ: "Алахьым ащ фэдэ ыдэна! Мыр мэлаIич лъапI нахь, цIыфэп!."
[12.32] Ащ ыIуагъ: "Шъо шъукъызфысэцIацIэщтыгъэр джары. Сэ ар хэзгъэукъо сшIоигъуагъ, ау пытэу къычIэкIыгъ. Сэ ащ унашъоу фэсшIырэр зимыгъэцакIэкIэ, хьапсым чIадзэщт, насыпынчъэ дэдэмэ ащыщэу къэнэщт".
[12.33] Ащ ыIуагъ: "Ярэби я Алахь! Сэ сагъэшIэнэу зыфаIорэм нахьи хьапсыр нахь сигонэс. Гухэлъ шъэфэу ахэмэ ашIырэм О сызыхэмыщырэм, сэ ахэмэ сыдахьыхынышъ, акъыл зимыIэмэ ащыщ сыхъущт".
[12.34] Ащ и Тхьэ джэуап къыритыжьыгъ, ахэмэ гухэлъ шъэфэу ашIыхэри къыгъэхъугъэхэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ зэхехы, ешIэ!
[12.35] Ау а щысэтехыпIэхэр залъэгъугъэм ыуж, шIокIыпIэ имыIэу ар охътэ гъэнэфагъэкIэ хьапсым дадзэнэу ахэмэ агу къэкIыгъ.
[12.36] Ащ игъусэу кIэлэкIитIу хьапсым къыдычIагъэтIысхьагъ. Ахэмэ язырэм ыIуагъ: "Сэ сэнэшъхьэпс кIэсфэу пкIыхьыпIэ слъэгъугъэ". Адырэм ыIуагъ: "Сэ пкIыхьыпIэ слъэгъугъэ сшъхьэ телъэу хьалыгъу схьэу, ар бзыумэ ауцэIоу... Ахэмэ къарыкIрэр къытфызэхэф. О шIу зышIэрэмэ узэращыщыр тэ тэлъэгъу".
[12.37] Ащ ыIуагъ: "Шъо гъомылэу къышъуатырэм фэдэ джыри къышъуфахьыщтэп, ар къэхъуным ыпэкIэ сэ къышъуфызэхэсымыфэу. Ар сэ си Тхьэ сигъэшIагъ, сыда пIомэ, лъэпкъым идин щызгъэзыягъ, ахэмэ Алахьым шIошъхъуныгъэ фашIыгъэп, ахърэтыр ахэмэ щагъэзые.
[12.38] Сэ сятэхэу Ибрахьимэ, Исхьакъ, Якъубэ ядин сырыгъозагъ. Тэ Алахьым зыпари годгъэуцонэу ищыкIагъэп, Ар тэщ паий цIыфхэм апаий шIоу ышIагъэр ары, ау цIыфмэ янахьыбэмэ рэзагъэ ахэлъэп.
[12.39] О хьапсымкIэ синыбджэгъухэр! Тхьабэ зэфэшъхьафхэра нахьышIухэр е Алахь зизакъоу лъэкIышхо зиIэр ара?
[12.40] Ащ фэшъхьафэу шъори шъуятэхэми зыцIэ къыраIуагъэхэм ацIэхэр арых ныIэп шъхьащэ зыфэшъуешIыхэрэр: Алахьым ахэмэ зыпари лъэкI къафыригъэхыгъэп. Унашъо къэзышIын зылъэкIыщтыр Алахьыр ары ныIэп. Ежь фэшъхьаф шъхьащэ фэшъумышIынэу

ащ ыуж унашъо къышIыгъ. А шIошъхъуныгъэр шIошъхъуныгъэ шъыпкъ. Ау цIыфмэ анахьыбэмэ ар ашIэрэп.
[12.41] О хьапсымкIэ синыбджэгъухэр! ШъуитIу яз изиусхьан санэ ригъашъозэ ышIыщт, ятIонэрэр къащым тыраIулIэщт, ащ ышъхьашыгу бзыухэр щышхэщтых. Шъо шъукъызыкIэупчIэрэ Iофыр ихъухьэгъах!
[12.42] Ахэмэ ащыщэу къэнэжьынкIэ зэгупшысэщтыгъэм риIуагъ: "Уизиусхьан дэжь ущыIэ зыхъукIэ, угу сыкъэгъэкIыжь!" Ау изиусхьан ыгу къыфигъэкIыжьыныр шэйтаным ащ щигъэгъупшагъ, ар хьапсым илъэс заулэрэ чIэсыгъ.
[12.43] Пачъыхьэм ыIуагъ: "Мары, яшIугъоу чэмибл пкIыхьыпIэ слъэгъугъэ, чэмибл одхэм ахэр ашхых; коцышъхьэ шхъуантIэу блы слъэгъугъэ, гъугъэхэуи ащ фэдиз. ЛIэкъолъэшхэр! ПкIыхьыпIэхэр къызэхэшъуфынхэ шъолъэкIымэ, слъэгъугъэм къикIрэр къашъуIо!"
[12.44] Ахэмэ аIуагъ: "ПкIыхьыпIэ мышъо=мылых! Тэ пкIыхьыпIэхэр къызэхэтфынхэу тшIэрэп".
[12.45] НэбгыритIум язэу псаоу къэнэжьыгъэм илъэс заулэ зытешIагъэм ыуж ыгу къэкIыжьыгъ, ыIуагъ: "Сэ сыIофти, пкIыхьыпIэм къикIрэр къыфэсхьыщт!"
[12.46] "Къэрар зиIэ цIыфэу Юсыф! Чэм фэигъуиблэу чэм одиблымэ ашхырэм, коц шъхьиблэу шхъуантIэм, ащ фэдизэу гъугъэм къарыкIрэр сэ ахэмэ адэжь згъэзэжьмэ ашIэным пае къытфызэхэф!
[12.47] Ащ ыIуагъ: "ЗэрэшъушIыщтыгъэм фэдэу, илъэсиблым къыкIоцI лэжьыгъэ ешъуутыщт; Iушъухыжьрэм щыщэу шъо шъушхыщт тIэкIум фэшъхьафрэ шъхьэмэ зэрарылъэу къэжъугъан.
[12.48] Ащ ыуж къэжъугъэнэгъэ тIэкIум фэшъхьафрэ зэкIэ зыгъэкIодыщт илъэс къиныбл къэкIощт.
[12.49] Ащ ыуж къэкIощт илъэсым къыкIоцI хэгъэгум ис цIыфхэм ощхыбэ къафещхыщт, сэнашъхьэ аугъоищт."
[12.50] Джащыгъум пачъыхьэм ыIуагъ: "Ар садэжь къашъущэ"! ЛъагъэкIуагъэр ыдэжь къызэкIом, ащ ыIуагъ: "Уизиусхьан дэжь гъэзэжьи, еупчI: "ЗыIэхъуамбэхэр зыуIэжьыгъэ бзылъфыгъэхэм сыда ашIэнэу зыфэягъэхэр? Сэ си Тхьэ ешIэ ахэмэ ягухэлъхэр"!
[12.51] А бзылъфыгъэмэ ар яупчIыгъ: "ШъуишIоигъоныгъэхэр Юсыф ежъугъэшIэнхэу шъузэрэфежьагъэм сыда къикIрэр?" Ахэмэ аIуагъ: "Алахьым тыкъеухъум! Зыпари мыхъун тэ ащ датшIэрэп". ЛIэкъолъэшым ишъуз ыIуагъ: "Джы шъыпкъэр къэнэфагъ, сэ ар хэзгъэукъонэу сыпылъыгъ, ау ар шъыпкъэныгъэ зиIэмэ ащыщ!"
[12.52] "Ар ауштэу зыкIасIорэр ежь зыдэмысым ар зэрэсымыгъэпцIагъэр ашIэным пай, гъэпцIакIохэр Алахьым гъогу занкIэ рищэхэрэп.
[12.53] Сэ спсэ сыухыижьрэп, сэ си Тхьэ ынэшIу къыпщимыфэмэ, псэм бзэджагъэм уфегъэчэфы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ си Тхьэ къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!"
[12.54] Пачъыхьэм ыIуагъ: "Ар садэжь къашъущэ! Сэ ар сштэщт". Ащ зыдэгущыIэгъэ нэуж, ыIуагъ: "ЛъэкI уиIэу, цыхьэ къыфэтшIэу непэрэ мафэм къыщегъэжьагъэу Тэ укъытпэблэгъэщт."
[12.55] Ащ ыIуагъ: "ЧIыгум баиныгъэу телъхэм сафэгъаз; сэ сакъэу ахэр къэсыухъумэщтых".
[12.56] Джаущтэу Тэ Юсыф чIыгум лъэкIышхо щыриIэу тшIыгъэ; ар зыфэе чIыпIэм щыпсэун фит. Тэ тызыфаем тишIушIэ къыфетэгъэхы, шIу зышIэхэрэр тын ямыIэу къэдгъанэхэрэп.

[12.57] Ау Тхьэр зышIошъ хъухэу, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм ахърэт гъашIэм тынэу щагъо тыщтыр нахьышIущт.
[12.58] Юсыф ышыхэр къакIохи, ыпашъхьэ къиуцуагъэх: Ежь ахэр къышIэжьыгъэх, ахэмэ ар къашIэжьыгъэп.
[12.59] Ахэмэ гъогу гъомылэ агъэхьазырынэу фит зешIыхэм, ыIуагъ: "Шъо шъуятэ игъусэу шъушы садэжь къашъущэ. Шъо шъулъэгъурэба къышъостын фаем тетэу къызэрэшъостырэр, хэкIыпIэ къышъозытырэмэ сэ сызэранахьышIур?
[12.60] Шъо ар садэжь къызышъумыщэкIэ, шъо мыхьамелэ шъуиIэщтэп, шъори садэжъ шъукъэмыкIу".
[12.61] Ахэмэ аIуагъ: "Ар ятэ телъэIунышъ къыIытхын, тэ, Iо хэлъэп, аущтэу тшIын".
[12.62] ЕтIанэ иунэIутхэм ащ ариIуагъ: "Ахэмэ ятхьамыкIэ хьап=щыпыжъыехэм хьалыгъу уасэр арышъулъхьажьи, яунэ зынэсыжьхэкIэ ахъщэр ашIэжьынкIи джыри мыщ къэкIонхэкIи мэхъу!"
[12.63] Ахэмэ ятэ дэжь къызагъэзэжьым, аIуагъ: "О тят! Тэ хьалыгъу къытатыгъэп: Тшы о къыддэгъакIу, хьалыгъу къытатыщт. Тэ ар къэтыухъумэщт!
[12.64] Ащ ыIуагъ: "Мыщ ыш ыпэкIэ цыхьэ къышъуфэсшIи къызэрэшъостыгъагъэм фэдэу мыри къышъостын слъэкIына? Алахьыр нахь ухъумэкIо дэгъу; гукIэгъушIэмэ ар анахь гукIэгъушI!"
[12.65] Ахэмэ ятхьамыкIэ хьап=щыпыжъыехэр къызатIатэхэм, хьалыгъу осэ ахъщэр къызэрэратыжьыгъэр алъэгъугъ, аIуагъ: "О тят, сыда тызыфэещтыр? Мары, тиахъщэ къытфырагъэгъэзэжьыгъ; тиунагъо дгъэшхэн. тэ тши къэдгъэнэжьын, зы махъшэ ихьылъэ IалъмэкЪ зэпедзэкIыкIи федэ тиIэн, ар IалъмэкЪ зэпедзэкI псынкI!"
[12.66] Ащ ыIуагъ: "Шъо зыгорэ къышъомыхъулIэмэ, ар къысфэшъущэжьынэу Алахьым ыпашъхьэ тхьарыIо къысфэшъумышIэу, къыжъудэзгъэкIощтэп". Ахэмэ Iуагъэ къызыфашIым, ыIуагъ: "Тэ тIорэмкIэ Алахьыр шэсы!"
[12.67] ЕтIанэ ащ ыIуагъ: "О сикIалэхэр! Зы къэлапчъэ шъудэмыхь, ау къэлэпчъэ заулэкIэ шъудахь. Алахьым пэшIуекIоу сэ къышъуфэсшIэн щыIэп. Хабзэр зыIэ илъыр Алахьыр ары. Сэ ащ цыхьэ фэсшIыгъ, ащ щыгугъыхэрэр щэрэгугъых".
[12.68] Ятэ унашъо къызэрафишIыгъэм тетэу ахэр дэхьагъэх, ау Алахьым пэшIуекIоу зыпари яфедэ къыхэкIыгъэп. Якъубэ ыгукIэ шIоигъоу къариIуагъэр гъэцэкIагъэ зэрэхъугъэм фэшъхьафкIэ. Тэ ащ едгъэшIэгъэ шIэныгъэр джаущтэу иIэрылъхьагъ, ау цIыфмэ янахьыбэм ар ашIэрэп.
[12.69] Юсыф дэжь ахэр зехьэхэм, ыш ыдэжь къыгъэнагъ. Ащ ыIуагъ: "Тэ тызэш, ахэмэ ашIагъэм о земыгъэгъэгумэкI".
[12.70] Ахэр гъогу гъомылэкIэ ыушъэхэ зэхъум, ащ ыш идзыо зэпедзэкI Iэгубжъэр рилъхьагъ, етIанэ гъоум къыIуагъ:" О гъогурыкIохэр! Шъо шъутыгъуакIу!"
[12.71] Ахэр къызякIуалIэхэм гъогурыкIомэ аIуагъ: "Сыда шъузылъыхъурэр!"
[12.72] Ахэм аIуагъ: "Тэ пачъыхьэм иIэгубжъэ тылъэхъу, ар къытфэзыхьыжьрэм махъшэм ихьылъэ еттыщт. Сэ ащкIэ телъхьэ сэхъу".
[12.73] Ахэмэ аIуагъ: "Алахьым ыцIэкIэ Iуагъэ тэшIы! Тэ тхъункIэнэу мы чIыгум тыкъызэрэмыкIуагъэр шъошIэ, Тэ тытыгъуакIоп".
[12.74] Ахэмэ аIуагъ: "Шъо пцIы шъоусымэ, сыд фэдэ пщыныжьа шъухьыщтыр?"
[12.75] Ахэмэ аIуагъ: "ЗиIалъмэкЪ зэпедзэкI ар къикIрэм пщыныжьэу тефэщтыр ышъхьэкIэ зэрэпщынэщтыр ары; тэ джаущтэу мысэхэр тэгъэпщынэх!"
[12.76] Ежь ыш игъэтIылъыпIэмэ апэу адырэмэ ягъэтIылъыпIэхэр ащ къылъыхъухэу ригъэжьагъ, етIанэ ежь ыш игъэтIылъыпIэ ар къырихыгъ. Тэ Юсыф джаущтэу

хъор=шэрыгъэ фызэхэтлъхьагъ. Алахьым шIоимыгъуагъэмэ, пачъыхьэм хабзэу иIэмкIэ, ащ ыш къыгъэнэн ылъэкIыщтыгъэп. Тэ тызыфаер тэгъэлъапIэ: ШIэныгъэ зиIэ пэпчъ анахь лъагэр зышIэрэр Алахьыр ары!
[12.77] Ахэмэ аIуагъ: "Ащ къытыгъугъэмэ, ащ ыпэкIэ ыш ащ тыгъощтыгъэ". Юсыф ар ыгу риушъэфагъ, ахэмэ ариIуагъэп. Ащ ыIуагъ: "Шъо шъугухэр зытетымкIэ бзаджэм шъурибзэджэжьых. Шъо къэшъуIуатэрэр шъощ нахьышIоу Алахьым ешIэ!"
[12.78] Ахэмэ аIуагъ: "О лIэкъолъэш! Ащ ятэ лIыжъ дэд, ащ ычIыпIэ тщыщ горэ штэ. ШIу зышIэрэмэ о узэращыщыр Тэ тэлъэгъу".
[12.79] Ащ ыIуагъ: "Алахьым тыкъеухъум! Тэ тштэщтыр тиI Iэгубжъэ къызхэтхыгъэр ары! Ащыгъум Тэ зэфагъэ тхэмылъэу тыхъуни".
[12.80] Ахэмэ ар агъэдэIон зэрамылъэкIыщтым агу къызегъэкIодым, зэхэгущыIэжьынхэу IукIотыгъэх. Ахэмэ анахьыжъым ыIуагъ: "Алахьым ыпашъхьэ шъуятэ зэрэщыжъугъэгугъагъэр шъушIэрэба? Ащ ыпэкIэ Юсыф бзэджэшIагъэу фышъуиIэр шъущыгъупшагъа? Тятэ фит сешIыфэ е Алахьым къыстырилъхьэрэр къысемыIофэ, сэ мы хэгъэгум сикIыжьыщтэп, Ар изыхъухьэрэмэ анахьышIу.
[12.81] Шъуятэ дэжь жъугъэзэжьи, ешъуIу: "О тят, о пкъо тыгъуагъэ; тэ шыхьат тызфэхъурэр тшIэрэр ары ныIэп. Шъэфым тэ тылъыплъэн тлъэкIыщтэп.
[12.82] Къалэу тэ тыздэщыIагъэми щыкIэупчI, тыкъыздэкIожьыгъэми яупчI: Тэ къатIорэр шъыпкъэ!"
[12.83] Ащ ыIуагъ: "Хьау. А Iофыр шъо къэшъуугупшысыгъ. Ау щэIагъэр дэгъу дэд, Алахьым нэбгыритIури къыситыжьынхэкIи хъун. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ ешIэ, Iуш!"
[12.84] Ахэмэ ащ ыкIыб къафигъази, ыIуагъ: "Е-о-ой, Юсыф!" Чэфынчъагъэм къыхэкIэу ащ ынэхэр фыжьы хъугъэх, ишъыгъон зэтыриIажэщтыгъэ.
[12.85] Ахэмэ аIуагъ: "Алахьым ыцIэкIэ Iуагъэ тэшIы, о кIочIаджэ охъуфэ е кIодыгъэмэ ащыщ охъуфэ, Юсыф угу къэкIыжьыныр щыбгъэтыжьыщтэп!"
[12.86] Ащ ыIуагъ: "Сэ жъыгъоу, чэфынчъагъэу сиIэмкIэ сызэтхьаусыхылIэрэр Алахьыр ары, Алахьым дэжь къикIэу шъо шъумышIэрэр сэ сэшIэ!"
[12.87] Ащ ыIуагъ: "О сикIалэхэр! ШъукIуи, Юсыфи ащ ыши якъэбар къызэжъугъашI, Алахьым шъузэригъэсамбырырэм шъугу ешъумыгъэгъэкIод. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зэригъэсамбырхэрэм зыгу ыгъэкIодхэрэр Тхьэр зышIошъ мыхъухэрэр арых!"
[12.88] Ахэр Юсыф дэжь къызэкIохэм, аIуагъ: "О лIэкъолъэш! Тэри тэ тиунагъохэми тхьамыкIэным къин тегъэлъэгъу; тэ къэтхыгъэр ахъщэ къызэрыкIу, ау тызгъэрэзэщтым фэдиз хьалыгъу къытфатIупщынэу унашъо шIы, унэшIу къытщыгъаф. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIу зышIэрэмэ Алахьым къареты!"
[12.89] Ащ ыIуагъ: "Шъо шъуиакъылынчъагъэкIэ Юсыфрэ ащ ышырэ шъузэрадэзекIуагъэр шъошIа?"
[12.90] Ахэмэ аIуагъ: "Юсыфыр арынэуи?" Ащ ыIуагъ: "Сэры Юсыфыр, мыр сшы. Алахьыр тэ къытфэгукIэгъу: шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэм ищынагъо зыгу илъэу щэIагъэ зиIэр насыпышIу, шIу зышIэрэмэ яшIушIэ Алахьым ыгъэкIодрэп!"
[12.91] Ахэмэ аIуагъ: "Алахьым ыцIэкIэ Iуагъэ тэшIы! Алахьым тэ тапэ о укъыхихыгъ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, гунахьыбэ тэ тшIагъэ".
[12.92] Ащ ыIуагъ: "Непэ сэ шъузгъэмысэрэп! Шъо бзэджэшIагъэу шъуиIэхэр Алахьым къышъуфигъэгъущтых, Ар шIу зышIэрэмэ анахь шIушIэ ин дэд!
[12.93] Сэ сиджанэ зыдэшъухьи, сятэ ынапэ ар ишъухъу, ащ ынэхэр къэплъэжьыщтых, шъуиунагъокIэ зэрэщытэу садэжь шъукъакIу".

[12.94] Махъшэхэр зэуж итхэу гъогу къызтехьажьхэм, ахэмэ ятэ ыIуагъ: "Юсыф ымэ зэхэсэшIэ. Сэ сыхэIорыжъорыхьэу къышъушIошIымэ шIэ?"
[12.95] Ахэмэ аIуагъ: "Алахьым ыцIэкIэ тхьэ тэIо, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ыпэкIэ узэрэгъуащэщтыгъэм ухэт!"
[12.96] Къэбар гушIуагъом имэкъэгъэIу къызэсым, джанэр ащ ынэгу радзи, ынэхэр къэплъэжьыгъэх. Ащ ыIуагъ: "Сэ къышъуасIощтыгъэба Алахьым дэжь къикIэу шъо шъумышIэрэр сэ зэрэсшIэрэр?"
[12.97] Ахэмэ аIуагъ: "О тят! Тэ псэкIодшIагъэу тиIэхэр тфагъэгъунэу тфэлъаIу, тэ псэкIодыбэ дгъэхъагъэ."
[12.98] Ащ ыIуагъ: "Шъо шъуипсэкIодышIагъэхэр къышъуфигъэгъунэу сэ си Тхьэ селъэIущт. ШъыпкъэдэдэмкIэ, Ащ къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!"
[12.99] Ахэр Юсыф дэжь къызэкIохэм, ащ иIахьылхэр ригъэблагъэхи, ыIуагъ: "Алахьым шIоигъомэ, Мысыр хэгъэгум щынэгъончъэу шъуихь!"
[12.100] Ащ янэ=ятэхэр тетIысхьэпIэ лъагэм тыригъэтIысхьагъэх, мыдырэхэм, ащ шъхьащэ фашIэу, натIэкIэ чIыгум зырадзыхыгъ. Ащ ыIуагъ: "О сят! ПкIыхьыпIэу слъэгъугъагъэм къикIрэр мары: Сэ ащ хьапсым сыкъычIищыжьи, шъо шъоф нэкIым шъукъызырещыжьым, шэйтаным сэрырэ сшыхэмрэ тыззэфегъэгубжыхэ нэужым Алахьым ар шъыпкъэ ышIи, ынэшIу къысщыфагъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэм шIэныгъэшхо иI, Iуш.
[12.101] Я Алахь! О лъэкI къысэпти, пкIыхьыпIэхэр зэхэсфыхэу сыпшIыгъ. Уашъомрэ чIыгумрэ къэзгъэхъугъэр гъашIэу тызхэтыми ахърэтми Оры сэ сиухъумакIор. О сыпфэIорышIэу дунаим сегъэхыжь, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ ащыщ сышI!"
[12.102] Джары, о умышIэрэ къэбармэ ащыщ Тэ къыпфызэIутэхы, Гухэлъ шъэфхэр зэхалъхьэхи, яIоф зырахъухьэм, о ахэмэ урягъусагъэп.
[12.103] О пшIоигъуагъэкIи, цIыфмэ янахьыбэм Тхьэр ашIошъ хъурэп!
[12.104] КъурIаным пае ыпкIэ къыуатынэу о уялъэIурэп. Зэрэдунае ар ишIэныгъэу щыт!
[12.105] Iэятэ тхьапша къыгъэшъыпкъагъэу уашъоми чIыгуми ащыIэр, ахэмэ ахэр аблэкIых, акIыб афагъазэ!
[12.106] Ахэмэ анахьыбэм Ащ имыфэшъуашэхэр гуамыгъэуцохэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ Алахьым фашIырэп!
[12.107] Алахьым итехъонэу зэригъэпщынэщтхэр къатемыфэнэу е ежьхэр зэмыжэхэрэ сыхьатыр ошIэ=дэмышIэу къафэмысынэу ахэмэ яцыхьэ телъына?
[12.108] ЯIу: "Мары сэ сигъогу. Сэ шIэныгъэ сиIэшъ, Алахьым зыфэжъугъэзэнэу сэри сэ сауж къырыкIуагъэхэми сыкъышъуаджэ. Алахьым щытхъур ыдэжь, сэ тхьабэ зышIошъ хъурэмэ сащыщэп!"
[12.109] ЦIыф куп зэфэшъхьафмэ къахэтхыгъэу тэ тиунашъохэр зыфызэIутхыщтыгъэхэ цIыфхэр о уапэкIи Тэ афэдгъакIощтыгъэх. Мы хэгъэгум ахэр рыкIуагъэхэба? Ахэмэ апэкIэ псэущтыгъэхэм кIэух афэхъугъэм ерэплъых! Тхьэм ищынагъо зыгу илъыгъэхэмкIэ ахърэт гъашIэм ипсэупIэ нахьышIу. Ахэмэ къагурыIонба?
[12.110] ТилIыкIомэ агу кIодэу, ахэр гъэпцIакIохэкIэ ылъытэхэу егупшысэхэ зыхъукIэ, Тэ тиIэпыIэгъу ахэмэ къафакIощтыгъэ, Тэ тызыфаехэр къэдгъэнэжьыщтыгъэх. ПсэкIодшIэгъабэ зиIэ цIыфхэм Тэ тилъэкI щагъэзыен алъэкIыщтыгъэп!
[12.111] Ахэмэ афэгъэхьыгъэ къэбарым цIыф Iушым щысэ зытырахын хэлъ; мы тхылъыр къаугупшысыгъэ къэбарэп, ау ащ ыпэкIэ къырагъэхыгъэр зэрэшъыпкъэр къеушыхьаты, щыIэр зэкIэ къызэхефы, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэ цIыфхэм IэпыIэгъу афэхъу, Алахьым ынэшIу ащефэ.

Алрэхьыд

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!

[13.1] Алиф Лам Мим Ра. Тхыгъэм мыхэр иIэятэ гъэшъыпкъагъэх. О уи Тхьэ къыфыригъэхрэр шъыпкъэу щыт, ау цIыфмэ янахьыбэм ашIошъ хъурэп.

[13.2] Ошъо лъагэр кIэгъэкъон имыIэу зыгъэIагъэр Алахьыр ары, шъо ар шъолъэгъу, етIанэ илъэгапIэ ыгъэпыти, тыгъэмрэ мазэмрэ егъэIорышIэх: Охътэ гъэнэфагъэм нэс зэкIэ къекIокIы. Ащ иIоф зэрегъакIо, Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зэхэугуфыкIыгъэхэу къегъэуцух, шъуи Тхьэ шъузэрэIукIэжьыщтыр шъушIошъ хъункIи мэхъу!

[13.3] ЧIыгур къэзыушхуи, ащ къушъхьэхэр пытэу, псыхъохэр къытезгъэхъуагъэхэр, къыгъэшIыгъэр зэкIэ зэгъусэу, тIурытIоу зышIыгъэр Алахьыр ары. Ащ мафэр чэщкIэ къызэблехъу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, егупшысэрэ цIыфхэмкIэ ащ щысэтехыпIэ хэлъ!

[13.4] ЧIыгум унэгъо хэтэ зэфэшъхьафхэр телъых: Сэнэшъхьэ хатэхэр, мэщхэр, хъурмэ зэфэдэхэри зэфэмыдэхэри, зы лъапсэ къыдэкIхэри къыдэмыкIхэри, ахэмэ зы псыкIэ загъэшъокIы. Гъомылэ тшIыным пае тэ ахэмэ ащыщхэм зымэ анахьи адырэмэ анахь афэтэгъэкIуатэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыф IушхэмкIэ ащ щысэ хэлъэу щыт!

[13.5] О шIагъоу олъэгъумэ, ахэмэ ягущыIэхэр гъэшIэгъоных: "Тэ ятIэ тыхъужьмэ, нэмыкIыпсэ къытпыкIэжьынэуи?" Ахэр я Тхьэ шIошъхъуныгъэ фэзымышIыгъагъэхэр ары, ахэмэ апшъэ пшъэхъухэр илъых. Ахэр джыхьнэм машIом щыпсэущтых, егъашIэм ахэр ащ хэсыщтых.

[13.6] ШIум ычIыпIэ пщынэжьыр алъэгъуным пае ахэмэ о уагъэгузажъо, ау ахэмэ апэкIи ащ фэдэ гъэпщынэнхэр щыIагъэх, шъыпкъэ дэдэмкIэ, псэкIодшIэгъабэ яIэу щытми, а цIыфхэм афигъэгъуныр о уи Тхьэ ыIэ илъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ уигъэпщынэнкIэ лъэшы!

[13.7] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм аIо: "Ащ щысэ горэ и Тхьэ къыфыригъэхыгъагъэмэ!" Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о огъэдаIох ныIэп, лъэпкъ пэпчъи пащэ иI!

[13.8] Бзылъфыгъэ зэпкъаджэ пэпчъ ыныбэ илъыр Алахьым ешIэ, ащ ыныбэ нахь цIыкIу, нахь ин зэрэхъуи ешIэ. Сыд лIэужыгъуи Ащ шапхъэм тырегъэты.

[13.9] Ар лъапIэ, лъагэ, ешIэ шъэфыри нафэри!

[13.10] ЦIыфмэ афэгъэхьыгъэу Ащ зэкIэ ешIэ шъабэу е лъэшэу гущыIи, чэщым шъэфэу зекIуи е мафэм шъхьэихыгъэу зекIуи.

[13.11] ЦIыфым ыпэкIи ыужкIи мэлэIичхэр иIэх, Алахьым иунашъокIэ ар къаухъумэ. ЦIыфмэ ахэлъыр ежьхэм зэбламыхъуфэ, ахэмэ ахэлъыр Алахьым зэблихъурэп. ЦIыф горэхэм Алахьым мыхъун къаригъэхъулIэ шIоигъомэ, Ащ пэрыохъу фэхъун щыIэп, ахэмкIэ Ащ фэшъхьаф къэзыухъумэнхэ щыIэп!

[13.12] Шъуигъэщынэнэу е шъуигъэгугъэнэу пчыкIэр къышъозгъэлъэгъурэр Алахьыр ары. Ошъопщэ хьылъэхэр зыугъоихэрэр Алахьыр ары.

[13.13] Ащ ищынагъо зэрашъхьарытым пае, Ащ ищытхъу щытхъукIэ шыблэми мэлэIичхэми аIо, Ащ пчыкIэр къафырегъэхы, Ежь шIоигъохэр еукIых, ахэр Алахьым фэгъэхьыгъэу нэкъуакъохэ зыхъукIэ Ар лъэш!

[13.14] Ащ дыухьэхэр къыфэпхьынхэр тефэ; Ау ащ фэшъхьафэу ахэмэ дыухьэ къызфахьхэрэм ахэр зыпарэкIи зэхахырэп, ахэмэ нэмаз зыфашIхэрэр зыфэдэхэр аIупэ псы гъуаткIо IуакIэным пае зыIэ зыщэихэу, ау псы гъуаткIо зыIумыфэхэрэр ары. Джаурмэ янэмаз гъэхъагъэ ышIыщтэп!

[13.15] Фаехэми фэмыехэми, уашъом щыIи, чIыгум щыIи, ахэмэ яныбжьыкъухэми пчэдыжьми пчыхьэми Алахьым шъхьащэ фашIы.

[13.16] ЯIу: "Хэта уашъоми чIыгуми я Тхьэр?" ЯIу: "Алахьыр ары". ЯIу: "Ащыгъум ежьхэм апае феди зэрари зыфэзышIыжьын зымылъэкIыщтхэр Ащ фэшъхьафэу ухъумакIохэу шъо шъуштэгъэнхэуи?". ЯIу: "Нэшъумрэ зылъэгъурэмрэ зэфэдэнха, е шIункIымрэ нэфынэмрэ?" Е Алахьым емыпэсыгъэхэр гуагъэуцуагъэхэу, Ащ ышIэрэм фэдэ ашIэу, ахэмэ ашIэрэр ащ яхьщырэу къащыхъунэуи? ЯIу: "Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп, Алахьыр зы, кIочIэшху!"
[13.17] Ащ псыр уашъом къырегъэхы, ибагъэкIэ зэфэшъхьафэу хьалгъонэ зэфэшъхьафхэмкIэ зэбгырэчъы, зэхэчъхэ зыхъукIэ, ахэмэ тхъурбэр зэрахьэ. Бгъэрыдэхэмрэ гъэдэхалъэхэмрэ хашIыкIынхэу гъучIыр машIом щагъэткIу зыхъукIэ, а тхъурбэм фэдэхэр къытекIых. Ахэмэ афэдэхэмкIэ шъыпкъэмрэ пцIымрэ Алахьым къегъэлъагъох. Тхъурбэр хэкIым фэдэу текIы, ау цIыфмэ афэфедэр ичIыпIэ къенэжьы. Ахэмэ афэдэхэр Алахьым къышъуетых.
[13.18] И Тхьэ едэIухэрэм дэгъу дэдэр, Ащ емыдэIущтыгъэхэм, зэкIэ чIыгум телъыр аIэ илъыгъэми, ащ фэдиз игъусэуи, сыд лIэужыгъокIи защэфыжьын алъэкIыщтэп, ахэмэ зэрар ахьыщт, япсэупIэщтыр джыхьнэмыр ары, ар псэупIэ дэй!
[13.19] О уи Тхьэ къыфыригъэхыгъэр зэрэшъыпкъэр зышIэрэр нэшъум фэдэна? Акъыл зиIэхэр арых ащ фэсакъхэрэр.
[13.20] Алахьым Iуагъэу фашIыгъэм фэшъыпкъэхэр ыкIи яIуагъэ зымыукъохэрэр,.
[13.21] БгъэцэкIэнхэу Алахьым зыфиIуагъэхэр зэкIэ зыгъэцакIэхэрэр, и Тхьэ ищынагъо зыгу илъхэр, мыхъун къадалъэгъуным щыщынэхэрэр,
[13.22] Я Тхьэ ынапэ фаблэхэу щэIагъэ зыхэлъыгъэхэр, нэмаз зышIыщтыгъэхэр, Тэ яттыщтыгъэм щыщ шъэфэуи нафэуи зы тыщтыгъэхэр, ер шIукIэ щызгъэзыещтыгъэхэр, ахэм псэупIэ дэгъу яI.
[13.23] ЕгъэшIэрэ джэнэтыр. Ахэмэ ятэхэм, яшъхьагъусэхэм, къалъыкIуагъэхэм ащыщхэу Тхьэр зышIошъ хъущтыгъэхэр ахэхьэщтых. Пчъэ пстэухэмкIи ахэмэ мэлаIичхэр къафихьащтых:
[13.24] "Шъо щэIагъэу шъуиIагъэм пае мамыр шъогъот!" А къаратыгъэ псэупIэр зэрэдэгъу дэдэр!
[13.25] Алахьым ыпашъхьэ пшъэрылъэу зыфашIыжьыгъэр зыукъохэрэр, ащ Iуагъэ зыдашIыгъэм ыуж Алахьым зэгобгъэхьанхэ фаеу ылъытагъэхэр зэгозыщыхэрэм, псэкIодшIагъэхэр чIыгум щызгъэбагъохэрэм бгыбзэр атерэф, ахэмэ псэупIэ тхьамыкIагъор атефэ.
[13.26] Алахьыр зыфаем хьалэлэу къетэ, зыфаеми макIэ къырееты. Ахэр гъашIэу зыхэтхэм рыразэх, ау ахърэтым елъытыгъэмэ, мы дунаир пIэлъэ кIэкI!
[13.27] ШIошъхъуныгъэ зимыIэмэ аIо: "Ащ и Тхьэ дэжь къикIэу щысэ горэ къафехыгъэмэ!" ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, зыфаер Алахьым гъогум дегъэхы, кIэгъожьыгъэу зыфэзгъэзагъэр Ежь факIорэ гъогум рещэ!"
[13.28] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм Алахьыр агу къэкIмэ агухэр мэгупсэфых! Алахьыр зыгу къэкIрэмэ агухэр гупсэфых,
[13.29] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, шIу зышIэщтыгъэхэм шIу афыщылъ, шъхьэегъэзыпIэ дэгъу яI.
[13.30] ГукIэгъу зыхэлъым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фамышIыгъэ пэтзэ, ежьхэм апэкIэ цIыф лъэпкъыхэр зэрэщыIагъэхэзэ Тэ одгъэшIагъэм уакъыфеджэнэу а цIыф лъэпкъым Тэ уфэдгъэкIуагъ. ЯIу: "Ар сэ си Тхь! Ащ фэшъхьаф Тхьэ щыIэп. Сэ ар сигугъапI, Ащ сэ зыфэсэгъазэ!"

[13.31] КъурIанымкIэ къушъхьэхэр кощыщтыгъэхэмэ, е чIыгур зэгочыщтыгъэмэ, е хьадэхэр къэгущыIэщтыгъэхэмэ Ары, Алахьым зэкIэ ыIэ илъ. Алахьыр фэягъэмэ, а цIыфхэр зэкIэ гъогу занкIэм тыригъэуцонхэ зэрилъэкIыщтыгъэм пае Тхьэр зышIошъ хъурэмэ агу мэкIода? Джаурмэ ашIэрэм пае тхьамыкIагъо къалъыIэсыщт, е ар япсэупIэмэ благъэу къащыуцущт, Алахьым къызэригъэгугъагъэхэр къэсыфэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къызэригъэгугъэгъэхэ уахътэр зэблихъужьрэп!
[13.32] О уапэкIи лIыкIохэр кIэнэкIалъэ ашIыгъагъэх, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм Сэ япIалъэ афэзгъэкIотагъ. ЕтIанэ Сэ ахэр згъэпщынагъэх, сыд фэдагъа сигъэпщынакIэ!
[13.33] Псэ пэпчъ зэригъэгъотыгъэм хэлъыр зышIэрэр Ара? Ахэмэ Алахьым емыпэсыгъэхэр гуагъэуцуагъэх. ЯIу: "Ахэмэ ацIэ къеешъуIу! Е шъо Ащ чIыгум щимыщIэу зыгорэ ешъуIон шъулъэкIыщта, е ыцIэкIэ нафэу зыгорэ къэшъуIон шъулъэкIыщта!" Къаугупшысыщтыгъэм джаурхэр дихьыхыгъэх, КъурIаным къыгъэлъэгъорэ гъогум дэхыгъэх. Алахьым ыгъэгъуащэрэм пащэ фэхъун ыгъотыщтэп!
[13.34] ГъашIэу зыхэтхэм ахэр щагъэпщынэщтых, ау ахърэтым пщынэжьэу щахьыщтыр ащ нахь лъэшыжь, Алахьым ахэр зыпарэми щиухъумэщтхэп!
[13.35] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр зэрагъэгугъэгъэ джэнэтыр мары; ащ псыхъохэр хэчъых, ренэу ащ шхынхэри жьаухэри иIэх. Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм ар ятын, ау джаурхэр зэрагъэпщынэщтхэр джэхьнэм машIор ары.
[13.36] Тэ тхылъыр зэттыгъэхэр зыкIэгушIухэрэр о къыфедгъэхыгъэр ары: КъурIаным щыщ шIэныгъэр щызгъэзыехэрэр цIыф купмэ ахэт. ЯIу: "Сэ унашъо къысфашIыгъ Алахьым шъхьащэ фэсшIынэу, Ащ емыпэсыгъэхэр госымыгъэуцонхэу, сэ Ащ шъуфэсэщэ, сэ Ащ дэжь згъэзэжьыщт!"
[13.37] Хабзэхэр зыгъэуцурэ КъурIаныр арапыбзэкIэ Тэ къыфедгъэхыгъ. О шIэныгъэр къызфэкIогъэ нэуж, о ахэмэ яшIоигъоныгъэмэ узыдахьыхыкIэ, Алахьым ылъэныкъокIэ IэпыIэгъуи ухъумакIуи уиIэщтэп!
[13.38] О уапэкIэ тэ лIыкIохэр къэдгъэкIуагъэх, ахэмэ шъхьэгъусэхэри кIалэхэри ядгъэгъотыгъэх. Алахьым иIизын хэмылъэу лIыкIом Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр къыхьыхэу къыхэкIыгъэп. Уахътэ пэпчъ ежь итхыгъэ иIагъ.
[13.39] Алахьым зыфаер егъэкIоды е къегъанэ: Ащ апэ дэдэ атхыгъэ тхылъыр иI.
[13.40] Ахэр зэрэдгъэгугъэхэрэм щыщ Iахьэ Тэ е къыодгъэлъэгъущт, е удгъэлIэщт. О пшIэнэу къыптефэрэр япIоныр ары, тэ тиIофыр хьисап адэтлъэгъужьыныр ары!
[13.41] Ахэмэ алъэгъугъэба Тэ мы чIыгум тызэрэрыкIуагъэр, ар Iахьынчъэу чIыпIабэмэ къазэрэщыдгъэнагъэр? Алахьым зэкIэ зэрегъафэ, Ащ иунашъо зэтезыIэжэн щыIэп, къыбдилъэгъущтымкIэ ар IэшIэх!
[13.42] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэм хъоршэрыгъэ зэрахьэщтыгъэ, ау ахэмэ яхъоршэрыгъэ Алахьым ыIэ илъ: Псэ пэпчъ зыфишIэжьрэр Ащ ешIэ, псэукIэ тхъагъор зытефэщтыр джаурмэ шIэхэу ашIэщт!
[13.43] ШIошъхъуныгъэ зимыIэмэ аIо: "О улIыкIоп! "ЯIу: "Сэррэ шъоррэ тазфагу шыхьат икъу щыхъурэр Алахьыр ары, тхылъым ишIэныгъэ зиIэхэри ары!"

Ибрахьим

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[14.1] Алиф Лам Ра. КъурIаныр Тэ къыфедгъэхыгъ, Алахьым ишIэ хэлъэу цIыфхэр о шIункIыхэм къахэпщынхэшъ, нэфынэм къыхэпщэнхэм, лъэкIышхо зиIэу, щытхъушхо зыпылъэу,

[14.2] Алахьэу уашъом щыIи чIыгум щыIи зыIэ илъым игъогу тепщэнхэм пае. Джаурмэ пщынэжь афыщылъыр тхьамыкIагъу.
[14.3] ГъашIэу зыхэтхэр ахэмэ ахърэтым нахьи нахьышIу алъэгъу, Алахьым игъогу дэхых, ар къуанщэ ашIыным пылъых! Ахэр гъунэм нэсэу гъощагъэх.
[14.4] Тэ лIыкIоу афэдгъакIорэ пэпчъ ахэмэ къагурыIоу адэгущыIэным пае ежь илъэпкъ ыбзэ рыгущыIэщтыгъэ. Алахьым ежь зыфаер егъэгъуащэ, зыфаер занкIэу ещэ. Ар лъапIэ, Iуш!
[14.5] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр иIэу Мосэ афэдгъэкIогъагь: "Уилъэпкъ шIункIым къыхэщи, нэфынэм хащ, Алахьым имафэхэр ахэмэ агу къэгъэкIыжь. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, щэIагъэрэ цIыфыгъэрэ зыхэлъ пэпчъ ащ щысэ фыхэлъ!"
[14.6] Мары, Мосэ ежь ицIыф лъэпкъ риIуагъ: "Алахьым шъо шIоу къышъуфишIагъэр шъугу къэжъугъэкIыжь, Ащ Фирхьаун илъэпкъ шъущиухъумагъ. Ахэмэ шъо пщынэжь къин къышъутыралъхьэщтыгъэ, шъуикIалэхэр аукIыщтыгъэх, бзылъфыгъэхэр арых ныIэп псаоу къагъэнэжьыщтыгъэхэр. АщкIэ шъуи Тхьэ лъэшэу шъуиушэтыгъ".
[14.7] Мары, Тхьэм макъэ къышъуигъэIугъ: "Разэ шъухъумэ, Сэ нахьыбэ шъусшIыщт, разэ шъумыхъумэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Сэ лъэшэу шъузгъэпщынэщт!"
[14.8] Мосэ ыIуагъ: "Шъори зэкIэ чIыгум щыпсэухэри рэзэнчъэ шъухъухэмэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр бай, щытхъушхо пылъ!"
[14.9] Нухьэ ицIыф лъэпкъыхэу шъуапэкIэ щыIагъэхэу Iадхэмрэ Самудхэмрэ ахэмэ ауж щыIагъэхэмрэ афэгъэхьыгъэ къэбарыр къышъонэсыжьыгъэба? Алахьым фэшъхьаф ахэр хэти ышIэхэрэп. Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр яIэхэу ахэмэ адэжь Тэ тилIыкIохэр къэкIогъагъэх, ау ахэмэ аIэхэр аIупэмэ аIуалъхьэти, аIощтыгъэ: "Шъо къытфэшъухьыгъэм шIошъхъуныгъэ фэтшIырэп. Шъо тызыфашъущэрэм лъэшэу теджэнджэшы".
[14.10] Ахэмэ ялIыкIомэ аIуагъ: "Уашъомрэ чIыгумрэ къэзгъэшIыгъэу Алахьым уеджэнджэш хъуна? ПсэкIодшIагъэхэр къышъуфигъэгъунхэу, пIэлъэ гъэнэфагъэм нэс шъуфигъэкIотэнэу Ар шъо къышъоджэ". Ахэмэ аIуагъ: "Шъо тэ фэдэу шъуцIыф ныIэп, тятэхэм шъхьащэ зыфашIыщтыгъэхэр щытэжъугъэгъэзыехэ шъушIоигъу. ЛъэкI гъэнэфагъэ зиIэ къытфашъущ!"
[14.11] ЛIыкIомэ ахэмэ араIуагъ: "Тэ шъо тышъуфэдэ цIыф ныIэп, ау Алахьым Ежь иIумэтхэм ащыщэу шIоигъом шIу фешIэ, лъэкI зиIэ къышъуфэтщэн тлъэкIыщтэп, Алахьым иIизын хэмылъэу, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ Алахьыр гугъапIэ арэшI!
[14.12] Тэ тигъогухэм Ащ тызарищагъэкIэ, сыд пае тэ Алахьым тигугъэ темылъыщта? Тэ тыгу зэрэхэжъугъэкIырэр тщэIэщт. Алахьым гугъапIэ фэзышIыхэрэм гугъапIэ фарэшI!"
[14.13] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм ежьхэм ялIыкIохэм араIуагъ: "Тэ тичIыгу шъуитфыщт е тидин къыфэжъугъэзэжьыщт". Джащыгъум ахэмэ я Тхьэ нафэ къафишIыгъ: "Тхьэр зышIошъ мыхъухэрэр шIокIыпIэ имыIэу Тэ дгъэкIодыщтых,
[14.14] Ахэмэ ауж мы чIыгум шъутедгъэтIысхьащт. Сэ сапашъхьэ итынхэм, Сэ сищынагъо зыгу илъыным щыщынэхэрэм ар апай!"
[14.15] Ахэр текIоныгъэм къыкIэлъэIущтыгъэх, зэкIэ пагэхэм, къаигъэхэм зыпари ашIэнэу игъо ифагъэхэп.
[14.16] Ахэмэ акIыбыкIэ щыIэр джэхьнэм машIу, псы шъугъэ Iаем ахэр рагъэшъощтых.
[14.17] КъинкIэ ащ ешъощтых, лIыгъэкIэ рагъэхыщт, хьадэгъур бгъу пстэумкIи къякIущт, ау хьадэ хъущтхэп, ахэмэ акIыбыкIэ хьэзаб пщынэжьыр къяжэщт.
[14.18] Я Тхьэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзымышIыгъэмэ яIофхэр стафэу мэфэ жъотым ижьыбгъэ ыхьыжьыгъэм фэдэх: Ахэмэ зыфашIыжьыгъэм щыщэу зыпарэмкIи лъэкI яIэп. Ар гъощэныгъэ ин!

[14.19] О нафэу олъэгъу Алахьым уашъомрэ чIыгумрэ шъыпкъэ дэдэмкIэ
къызэригъэшIыгъэхэр. Ар фаемэ, шъуигъэкIодынышъ, кIэу къыгъэхъущт,
[14.20] АлахьымкIэ ар къинэп.
[14.21] Алахьым ыпашъхьэ зэкIэ ихьажьыщт, зызгъэиныщтыгъэхэм кIочIаджэмэ араIощт:
"Тэ шъуаuж тыкъырыкIощтыгъэ. Алахьым пщынэжьэу къытырилъхьащтмэ ащыщ горэ
шъо ттешъухын шъулъэкIына? Ахэмэ аIуагъ: "Алахьыр тэ пащэу тиIагъэмэ, тэри шъо
пащэ тышъуфэхъуни, тэркIэ тIури зы: Гукъао тиIэу тыхэтыщтми е щэIагъэ тиIэу
зэпытчыщтми, тэ зыпари шъхьэегъэзыпIэ тиIэжьэп".
[14.22] Iофыр ухыгъахэ зэхъум, шэйтаным ыIуагъ: "Шъо Алахьым гугъэ шъыпкъэкIэ
шъукъигъэгугъагъ: Сэ шъо шъузгъэгугъэщтыгъ, шъузгъапцIэщтыгъэ, шъоркIэ зыпари
лъэкI сиIагъэп. Сэ сыкъышъуаджэщтыгъэ ныIэп, ау шъукъысэдэIугъ, ащ пае сэ
сышъумыгъэмыс, шъо зыжъугъэмысэжь, IэпыIэгъу сыкъышъуфэхъущтэп, шъори
IэпыIэгъу шъукъысфэхъущтэп, нахьыпэкIэ э сызгожъугъэуцощтыгъэм сыфэежьэп".
Шъыпкъэ дэдэмкIэ, хэбзэнчъэхэм хьазаб пщыныжь афыщылъ!
[14.23] ШIошъхъуныгъэ зиIагъэхэу, ШIу зышIэщтыгъэхэр я Тхьэ иIизын хэлъэу джэнэтым
щыпсэущтых. Ахэмэ яшIуфэсыр: "Мамыр".
[14.24] О уегупшысагъэба Алахьым гущыIэ дахэу къыгъэлъагъорэм? Ар захьщырыр чъыг
дахэу зылъапсэ пытэу, зышъхьапэ уашъом хэгъэIагъэр ары...
[14.25] И Тхьэ иIизын хэлъэу нэгъэупIэпIэгъу пэпчъ ащ пхъэшъхьэ=мышъхьэхэр къетых.
Ащ яхьщырхэр Алахьым къарегъэлъэгъух, ахэмэ зыкъашIэжьынкIи мэхъу!
[14.26] ГущыIэ дэир чъыг дэим фэд: Ар чIыгум хачы, ащ пытагъэ иIэп.
[14.27] Тхьэр зышIошъ хъухэрэм гъашIэу зыхэтхэми ахърэтми гущыIэ пытэкIэ Алахьым
кIуачIэ къареты. Тхьэр зышIошъ мыхъухэрэр Алахьым егъэгъуащэх, Алахьым ежь
шIоигъор ешIэ.
[14.28] Алахьым шIоу къафишIэрэр динынчъэкIэ зыхъожьыгъэхэр, зилъэпкъ кIодыпIэ
псэупIэм изгъэтIысхьагъэхэр плъэгъугъэхэба?
[14.29] Ахэр зыхэстыхьэщтхэр джыхьнэм машIор арба? Ар хьэзаб псэупI.
[14.30] Ащ игъогу дагъэхынхэм пае, ахэмэ Алахьым имыфэшъуашэхэр гуагъэуцощтыгъэх.
ЯIу: "Зыжъугъэтхъэжь, етIанэ шъо шъуигъогур джэхьнэм.
[14.31] Сэ сиIумэтхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэхэм яIу, ахэмэ нэмаз арэшI, сатыуи
ныбджэгъугъэ зэфэшIыжь зыщымыIэжьыщтыр къэсыным ыпэкIэ шъэфэуи нафэуи тынхэр
арэшI.
[14.32] Уашъомрэ чIыгумрэ къэзгъэшIыгъэр Алахьыр ары, уашъом псы
къышъуфырищэхыгъ, ащкIэ шъо гъомылэ шъуфэхъунэу пхъэшъхьэ=мышъхьэхэр
къегъэкIых. Шъо шъурылэжьэнэу къухьэхэр къышъуатых, Ащ иунашъокIэ ахэр хым
щызекIонхэу, псыхъохэр Iарылъхьэ къышъуфишIыгъ,
[14.33] Шъо къышъуфэлэжьэнхэу зишIэн зышIэхэу тыгъэри мазэри къышъитыгъ,
къышъуфэлэжьэнхэу чэщыри мафэри къышъуетых.
[14.34] Шъо Ащ шъузфельэIурэр зэкIэ къышъуеты. Алахьым шIоу къышъуфишIэрэр
къэшъулъытэнэу шъуфаеми, къышъуфэлъытэщтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыфыр зафэп,
рэзэнчъэ!
[14.35] Мары, Ибрахьимэ ыIуагъ: "Я Алахь! Мы хэгъэгур щынэгъончъэ къэшI, сэри сэ
скъохэми сынхэм шъхьащэ афэтшIынэу тымышI.
[14.36] Я Алахь! Ахэмэ цIыфыбэ агъэгъощэгъах. Сэ сауж къырыкIохэрэр сэ сиемэ
ащыщыщтых, сэ къысэмыдэIурэр.... О афэогъэгъу, угукIэгъушI!

[14.37] Я Алахь! Сэ силIакъо щыщхэр фышъхьэ лэжьыгъэхэр къызщымыкIырэ кIэеу О
уиунэ лъапIэ дэжь щылъым щызгъэтIысыгъэх. Ярэби я Алахь! Ахэмэ нэмаз арэшI, цIыфмэ
ахэр шIу къалъэгъухэу шIы, пхъэшъхьэ=мышъхьэхэр къят, ахэр разэ хъунхэкIи мэхъу!
[14.38] Ярэби я Алахь! Тэ дгъэбылъыри нафэ тшIыри о ошIэ. Уашъом щыIи чIыгум щыIи
Алахьым шIоуушъэфын плъэкIын зыпари щыIэп!
[14.39] Сижъышъхьэм Исмахьилэрэ Исхьакърэ къысэзытыжьыгъэ Алахьым щытхъур
ыдэжь! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ си Тхьэ дыухьэр зэхехы!
[14.40] Я Алахь! Сэри сэ къыскIэхъухьэщтхэми нэмаз тшIы зэпытэу тышI. Ярэби я Алахь!
Сэ сидыухьэ къабыл шIы.
[14.41] Ярэби я Алахь! сэри сэ сянэ=сятэхэми, Тхьэр зышIошъ хъухэрэми тшIагъэр
къызщыддэплъэгъужьыщт мафэм къытфэгъэгъу!"
[14.42] Тхьэр зышIошъ мыхъурэмэ ашIэрэр Алахьым ымылъэгъоу къызшIомыгъэшI.
Ахэмэ анэхэр зыщызэфашIыжьыщтхэ мафэм нэс япIалъэ афылъегъэкIуатэ,
[14.43] Ашъхьэхэр Iэтыгъэхэу, анэхэр амыгъэупIапIэхэу, ахэр щтэм хэтхэу чъэщтых,
ахэмэ агухэр дыищтых.
[14.44] А пщыныжьыр къызщафэсыщт мафэр яIу, а цIыфхэм зыфэсакъыжьынхэу яIу!
ПсэкIодшIэгъабэ зиIэхэм джащыгъум аIощт: "Ярэби я Алахь! Охътэ благъэ ныIэми,
типIалъэ тфылъыгъэкIуат, О укъызэрэтаджэрэм тэ тедэIущт, пегъэмбархэми ауж
тырыкIощт". Шъо зыпарэкIи зэхъокIыгъэ шъумыхъунэу шъорба Iуагъэ зышIыгъагъэхэр?
[14.45] Ежь=ежьырэу зэрар зэзыхыжьыгъэхэм япсэупIэ шъо псэупIэ шъушIыгъэ, шъо
нафэу шъолъэгъу Тэ ахэмэ тызэрадэзекIуагъэр, ахэр щысэу къышъодгъэлъэгъугъэх,
[14.46] Ахэмэ ятхьагъэпцIыгъэ зэрахьэщтыгъэ, ахэмэ ятхьагъэпцIыгъэ къушъхьэхэр
ыгъэкощынхэу щытыгъэми, ахэмэ ятхьагъэпцIыгъэ Алахьым дэжь щыI.
[14.47] Ежь илIыкIохэмкIэ гугъапIэу къытыгъэхэр Алахьым ыукъожьыхэу умылъытэ,
Алахьыр лъэш, уигъэпщынэжьыщт.
[14.48] А мафэу чIыгур нэмыкI чIыгукIэ, уашъори нэмыкI уашъокIэ зэблэхъугъэхэ
зыхъукIэ, Алахьэу зизакъоу, зэкIэ зыIэ илъым ыпашъхьэ ахэр ихьажьыщтых!
[14.49] А мафэм псэIодшIагъэ зиIэхэр пшъэхъукIэ зэпхыгъэхэу о плъэгъущт.
[14.50] Къэтраныр ахэмэ ящыгъынэщт, анэгухэр машIом зэлъиштэщтых,
[14.51] Псэ пэпчъ зыфишIэжьыгъэр Алахьым ригъэгъотыжьыным пае. Шъыпкъэ дэдэмкIэ,
къыбдилъэгъущтымкIэ Алахьыр IэшIэх!
[14.52] Алахьыр зэу зэрэщытыр ашIэным пае, ушъый гущыIэ афэхъуным пае, акъыл
зиIэхэм ащкIэ зыкъашIэжьыным пае мы къэбарыр цIыфмэ яшъуIожь!

Алхьиджыр

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[15.1] Алиф Лам Ра. Мыр тхылъэу, КъурIан зэхэугуфыкIыгъэу Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр
зыдэтыр ары.
[15.2] Уахътэ тешIэмэ, джаурхэр быслъымэн хъухэ ашIоигъонкIи мэхъу.
[15.3] Ахэмэ ауж икI, ахэр орэшхэх, зарэгъатхъ, гугъэм ерэгъэшэхъух. ЕтIанэ ахэмэ
къашIэщт.
[15.4] Къуаджэмэ къяхъулIэщтыр афыхэхыгъахэ зыхъурэ нэужым, Тэ ахэр
дгъэкIодыщтыгъэх ныIэп.
[15.5] Зы цIыф лъэпкъи пIалъэу фагъэнэфагъэр нахь псынкIэу къыгъэхъуни лъигъэкIотэни
ылъэкIыщтэп.
[15.6] Ахэмэ аIуагъ: "Мы шIэныгъэр къызфырагъэхыгъэр! О, шъыпкъэмкIэ, узэкIокIыгъ!

[15.7] Диныр зыгу илъмэ о уащыщмэ, мэлаIичхэр уигъусэхэу сыд пае тадэжь укъэмыкIора?"
[15.8] Мэфэл зытебгъашIэ мыхъущт Iофхэм апай ныIэп Тэ мэлаIичхэр къызыфедгъэхьIхэрэр, джащыгъум пIалъэр зыфагъэкIуатэрэмэ ахэр ащыщыжьыщтхэп.
[15.9] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мы шIэныгъэр Тэ къедгъэхыгъ, Тэ ар къэтэухъумэ.
[15.10] О уапэкIэ щыIэгъэ цIыф лъэпкъхэм Тэ лIыкIохэр къафэдгъэкIогъагъэх.
[15.11] Ахэр дэмыхьащхыхэу хэт фэдэ лIыкIуи ахэмэ къафакIощтыгъэп.
[15.12] Мы гунахьышIэмэ агухэм джа дэдэр Тэ арытлъхьагъ!
[15.13] Ахэмэ ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIыгъэп, ижъыкIэ щыIагъэхэм язекIуакI ахэмэ ахэлъыр.
[15.14] Тэ ахэмэ уашъом ипчъэ афызэIутхэу, ащ дэкIоенхэу ежьэгъагъэхэмэ,
[15.15] Джащыгъуми аIони: "Тэ тинэплъэгъухэр утэшъуагъэх, тэ тыцIыф дэхьыхыгъ!"
[15.16] Тэ уашъом жъуагъохэр идгъэуцуагъ, зылъэгъухэрэмэ апае ахэр дахэ тшIыгъэх.
[15.17] МыжъокIэ заохэрэ шэйтанхэм Тэ ахэр ащытыухъумагъэх.
[15.18] КъядэIошэным пае ахэмэ ащыщ горэ къякIошъылIэ зыхъукIэ, мэшIо нэфым ащ ыуж ефы.
[15.19] Тэ чIыгур идгъэкIотыгъ, къушъхьэ пытэхэр ащ чIыпIэ=чIыпIэу теттэкъуагъэх, шэпхъэ гъэнэфагъэ яIэу уцхэр къыщытэгъэкIых.
[15.20] Шъо гъомылэ шъуфэхъущтыри шъумыгъашхэрэмэ ягъомыли ащ къыщытэгъэкIы.
[15.21] ЗэкIэ щыIэм ягъэтIылъыпIэ Тэ тадэжь щыI, шэпхъэ гъэнэфагъэ яIэу Тэ ахэр къышъуфетэгъэхых.
[15.22] Шъо шъуигъэтIылъыпIэмэ ахэр ащышъумыIыгъхэми, Тэ гъэбэжъухьэ жьыбгъэхэр къышъуфетэгъапщэх, уашъом псыр къышъуфетэгъэхышъ, шъуетэгъашъо.
[15.23] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ къэтэгъэхъух, тэгъалIэх, кIэнзехьэхэр Тэры.
[15.24] ШъуапэкIэ дунаим ехыжьыгъэхэр Тэ тэшIэх, шъуауж къэкIощтхэри Тэ тэшIэх.
[15.25] О уи Тхьэ ахэр ыугъоижьыщтых, Ар Iуш, ешIэ!
[15.26] ЦIыфыр Тэ къошын зыхашIыкIрэ ятIэм хэтшIыкIыгъ.
[15.27] Джынэхэри нахьыпэкIэ Тэ укъэзыстырэ машIом хэтшIыкIыгъэх.
[15.28] Мары, о уи Тхьэ мэлаIичмэ ариIуагъ: "Сэ цIыфыр къошын зыхашIыкIрэ ятIэм хэсшIыкIыщт.
[15.29] Сэ ащ теплъэ бжьышIо естэу спсэ щыщ зыкIоцIызгъахьэкIэ, ыпашъхьэ зешъудзыхызэ, шъхьащэ фэшъушI".
[15.30] ЗэкIэ мэлаIичхэм шъхьащэ фашIыгъ,
[15.31] Иблис фэшъхьафрэ. Шъхьащэ зышIыгъэмэ ащыщынэу ар къезэгъыгъэп.
[15.32] Ащ ыIуагъ: "О Иблис! Сыда къыохъулIагъэр, шъхьащэ зышIырэмэ узкIырямыгъусэр?"
[15.33] ЫIуагъ ащ: "Къошын зыхашIыкIрэ ятIэм О хэпшIыкIыгъэ цIыфым сэ шъхьащэ фэсшIыщтэп".
[15.34] Ащ ыIуагъ: "IукI мыщ! Мыщ ыуж мыжъокIэ уIуафэу ухъущт.
[15.35] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Iофыр зыщаIощт мафэм нэс о бгыбзэ птелъ!"
[15.36] ЫIуагъ ащ: "Ярэби я Алахь! Ахэр къаймэт мафэм нэс пIалъэр сфэгъэкIуат".
[15.37] О пIалъэр зыфагъэкIотэщтмэ уащыщ.
[15.38] Ащ ыIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, пIэлъэ гъэнэфагъэм имафэ къэсыфэ.
[15.39] ЫIуагъ ащ: "Ярэби я Алахь! Сэ псэкIодышIэ О сызэрэпшIыгъэм пае, сэри ахэр мы чIыгум щызгъэхъуапсэхэзэ сшIыщт, ахэр зэкIэ псэкIодышIэ сшIыщтых.
[15.40] Ахэмэ ащыщхэу о уиIумэтхэу гукъабзэ зиIэхэм афэшъхьафрэ.

[15.41] Ащ ыIуагъ: "Сэ сапашъхьэ ар гъогу занкIэ щыхъущт.
[15.42] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Сэ сиIумэтхэм о лъэкI афыуиIэп. О уауж къырыкIощтхэр псэкIодышIэгъабэ зиIэхэр ары нахь,
[15.43] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ зэкIэмэ афэгъэнэфагъэр джэхьнэм машIор ары!
[15.44] Ащ къэлэпчъибл Iулъ, къэлапчъэ пэпчъ ахэмэ ащыщ куп шъхьаф дэхьащт.
[15.45] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр джэнэтхэм арысых.
[15.46] "Мамырэу, щынагъо шъумышIэу ащ шъуихь!"
[15.47] Фэмыгъэгъуныгъэу ахэмэ агу илъыгъэр тэ итхыщт, ахэр зэшыхэм фэдэу, зым адырэр ипэчIынатIэу тетIысхьапIэмэ атесыщтых.
[15.48] Ащ зыпари гумэкI ахэмэ къащынэсыщтэп, ащ къаращыщтхэп.
[15.49] Сэ сиIумэтхэм макъэ ягъэIу: Афэзгъэгъурэр, гукIэгъу зыхэлъыр Сэры,
[15.50] Сэ сипщынэжь хьазаб пщынэжь!
[15.51] Ибрахьимэ ихьакIэхэмкIэ ахэмэ макъэ ягъэIу.
[15.52] Мары, ахэр ащ ыдэжь ихьэхи, раIуагъ: "Мамыр!" Ащ ыIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэ тышъущэщынэ!"
[15.53] Ахэмэ аIуагъ: "Умыщын, шъэожъые IушыкIэ Тэ утэгъэгушIо".
[15.54] Ащ ыIуагъ: "Сэ жъыгъор къысшъхьарыхьагъэу, сышъогъэгушIоуи? Сыда сызэрэжъугъэгушIорэр?"
[15.55] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ шъыпкъэкIэ утэгъэгушIо, угу умыгъэкIоды".
[15.56] Ащ ыIуагъ: "Гъощагъэмэ афэшъхьафэу и Тхьэ ишIушIэ хэта ыгу зыгъэкIодырэр?"
[15.57] Ащ ыIуагъ: "Сыд Iофа шъо шъуиIэр, лIыкIохэр?"
[15.58] Ахэмэ аIуагъ: "ЦIыф лъэпкъэу хэбзэнчъэ зышIэхэрэм такъыфагъэкIуагъ,
[15.59] Тэ, ЛютIэ иунагъо фэшъхьафэу, ахэр зэкIэ къэдгъэнэжьыщтых,
[15.60] Ащ ишъуз фэшъхьафрэ ыкIыбыкIэ къызэплъэкIыжьырэмэ ащыщынэу итхъухьагъ".
[15.61] ЛютIэ илъэпкъ дэжь лIыкIохэр къызэкIохэм,
[15.62] Ащ ыIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ шъусымышIэрэ цIыфых".
[15.63] Ахэмэ аIуагъ: "Ахэмэ къызшIуагъэшIын амылъэкIыщтыр тиIэу тыкъэкIуагъ.
[15.64] Тэ шъыпкъэр тшIэу уадэжь тыкъэкIуагъ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэ шъыпкъагъэ тиI!
[15.65] Мы чэщым ыгъунэмэ адэжь уиунагъо уигъусэу къыдэкIи, ахэмэ ауж уитэу кIо, шъуащыщ зыпари къызэрэмыплъэкI, шъуздэкIонэу зыфаIорэм шъукIу".
[15.66] Тэ аущтэу ышIэнэу унашъо зыкIыфэтшIыгъэр, ащ ыужкIэ, нэф къызэрэшъэу адырэхэр дгъэкIонхэу хъущтых.
[15.67] Къэлэдэсхэр чэфыхэу ащ ыдэжь къэкIуагъэх.
[15.68] Ащ ыIуагъ: "Мыхэр сэ сихьакIэх, щытхъунчъэ сышъумышI.
[15.69] Тхьэм шъущыщын, сынапэ тешъумых".
[15.70] Ахэмэ аIуагъ: "Дунаим щыщ гори къебгъэблэгъэн уфимытэу тэ утшIыгъагъэба?"
[15.71] Ащ ыIуагъ: "Мары сэ спхъухэр, шъо шъушIэнэу тешъуубытагъэмэ..."
[15.72] О уигъашIэкIэ Iуагъэ сэшIы! Ахэр утэшъуагъэхэу, зи амылъэгъоу къекIокIых.
[15.73] Тыгъэ къыкъокIыгъом куо щынагъом ахэр зэлъиштагъэх.
[15.74] Тэ ащ ышъхьагъ ычIэгъ тшIи, ятIэм хэшIыкIыгъэ мыжъохэр ощхэу ахэмэ къатеткIуагъ.
[15.75] Гупшысэ чан зиIэхэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[15.76] Джы къызнэсыгъэм а къалэм гъогу дэкIы!
[15.77] Тхьэр зышIошъ хъухэрэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[15.78] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ал-Айкэ щыпсэухэрэр шъхьэкIохыхэу щытыгъэх.
[15.79] Ахэмэ Тэ алъ тшIэжьыгъэ. ИтIури акъыл зыхахын щысэхэу хъугъэх.

[15.80] Ал=Хьиджрэ щыпсэухэрэм афагъэкIуагъэхэр пцIыусхэкIэ алъытагъэх.
[15.81] Тэ ахэмэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр къафэтхьыгъэх, ау ахэмэ ащ акIыб къафагъэзагъ.
[15.82] Зыпарэми щымыщтэхэу, ахэмэ къушъхьэмэ унэхэр ахаупкIыгъэх.
[15.83] Нэфшъагъом ахэр куо пхъашэм ыгъэкIодыгъэх.
[15.84] Ахэмэ аугъоигъэми ишIуагъэ къякIыжьыгъэп.
[15.85] Тэ уашъори чIыгури, ахэмэ азфагу илъыри, шъыпкъэр къэдгъэлъэгъоным пае, къэдгъэшIыгъ. Ясыхьат шъыпкъэу къэсыщт, арышъ, о дахэкIэ афэгъэгъу.
[15.86] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ гъэпсэкIо Iуш!
[15.87] Iэятиблэу къыкIэтIотыкIыжьырэмрэ КъурIан лъапIэмрэ Тэ о къыоттыгъэх.
[15.88] Ахэмэ ащыщ унагъо горэхэм рытхъэжьынхэу Тэ яттырэр плъэгъуным пае унэхэр умыгъаплъэх, ахэмэ апае умынэшхъэй. Тхьэр зышIошъ хъухэрэм птамэ атеубгъу.
[15.89] ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ сыегъэджэкIо наф ныIэп".
[15.90] Тэ гощакIомэ къызэрафедгъэхыгъэу,
[15.91] КъурIаныр Iахь=Iахьэу зыгощыгъэхэм,
[15.92] Ахэмэ зэкIэмэ, тэ, уи Тхьэ ыцIэкIэ Iуагъэ сэшIы,
[15.93] КъядгъэIошт ашIэщтыгъэр.
[15.94] О унашъоу къыпфашIыгъэр шъхьэихыгъэу яIуи, тхьабэ зышIошъ хъурэмэ уакIыб афэгъаз!
[15.95] Тэ шъыпкъэ дэдэмкIэ, кIэнэкIэныр зикIасэхэм, Тхьэм нэмыкIытхьэхэр гозгъэуцохэрэм,
[15.96] Уакъыхэтщыжьыгъ, етIанэ ахэмэ ашIэ хъущт.
[15.97] Ахэмэ аIорэр о угу зэрэримыхьырэр тэшIэ,
[15.98] Ау уи Тхьэ щытхъу фаIу, шъхьащэ зышIырэмэ ягъус,
[15.99] Аужыпкъэрэ мафэр къэсыфэ, уи Тхьэ фэлажь!

Алнэхьыл

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[16.1] Алахьым иунашъо къэсыщт, ар шъумыгъэгуIэ! Ащ щытхъур ыдэжь, ахэмэ ащ гуагъэуцорэмэ Ар анахь лъаг!
[16.2] ИIумэтымэ ащыщэу Ежь шIоигъом Ащ иунашъокIэ псэр мэлаIичмэ ягъусэу къыфырегъэхы: "Сэщ фэшъхьаф Тхьэ зэрэщымыIэр яжъугъашI! Сэ лъытэныгъэ къысфэшъушI!"
[16.3] Уашъомрэ чIыгумрэ Ащ къыгъэшIыгъэ шъыпкъ, имыфэшъуашэу Ащ гуагъэуцорэмэ Ар анахь лъаг!
[16.4] ЦIыфыр ащ щхэпс гъуаткIом хишIыкIыгъ. Мыдырэр ащ шъхьаихыгъэу къепыи.
[16.5] Хьайуанри ащ къыгъэхъугъ: Ар шъо щыгъын фаби, гъомлапхъи шъуфэхъу, нэмыкI пкъыгъохэу къышъушъхьапэхэри къыхэкIых.
[16.6] Пчыхьэрэ ар Iэщым дэжъугъэзыхьэжьы зыхъукIи, пчэдыжьрэ хъупIэм дэшъуфы зыхъукIи, шъо ар гуапэ шъущэхъу.
[16.7] Шъо зышъумыгъэпшъыжьэу шъузнэсын шъумылъэкIыщтыгъэ хэгъэгум нэс ахэмэ шъуихьылъэхэр ащэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъуи Тхьэ шъабэ, гукIэгъушI!
[16.8] Шъуатесынэу, ахэмкIэ зыжъугъэкIэрэкIэнэу Ащ шыхэр, къыдырхэр, щыдыхэр къыгъэхъугъэх. Шъо шъумышIэхэри ащ къегъэхъух.
[16.9] Хэт щыщи гъогу занкIэ тебгъэхьэщтмэ, зыIэ илъыр Алахьыр ары, ащ дэхыхэри щыIэх. Ащ шIоигъуагъэмэ, зэкIэми гъогу занкIэ шъурищэни.

[16.10] Ащ псыр уашъом къырегъэхы, ар шъоны шъуфэхъу, ащ Iэхъогъухэр зыщыжъугъэхъухэрэ уцхэр къегъэкIых.
[16.11] АщкIэ шъощ пае Ащ къегъэкIы коц хьасэхэр, зейтунхэр, хъурмэхэр, сэнашъхьэхэр, пхъэшъхьэ=мышъхьэ зэфэшъхьафхэр, шъыпкъэ дэдэмкIэ, гупшысэрэ цIыфхэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[16.12] Шъо къышъуфэлэжьэнэу чэщыри, мафэри, тыгъэри Ащ ышIыгъ, Ащ иунашъокIэ жъуагъохэри къышъуфигъэшIыгъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, акъыл зиIэ цIыфхэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[16.13] Шъо зэфэшъхьаф зиIэхэр шъощ пае Ащ чIыгум зэрэтырипхъагъэр, шъыпкъэ дэдэмкIэ, къызгурыIорэ цIыфхэмкIэ Ар щысэтехыпI!
[16.14] Лы укIыгъакIэ шъушхыным, шъуищыгъынхэр зэрэжъугъэкIэракIэхэрэр, къыхэшъухынхэм пае Ащ хыр шъуIэ къырилъхьагъ, Ащ ишIушIэ къышъуфахьыным пае къухьэмэ хыр зэрэзэIабзырэр олъэгъу, разэ шъухъункIи мэхъу!
[16.15] Шъо чIыгур къыжъудэмысысыным пае пытэу щыт къушъхьэхэр Ащ чIыгум къытыригъэуцуагъэх, псыхъохэри гъогухэри ары, шъо гъогу занкIэ шъурыкIонкIи мэхъу!
[16.16] Къушъхьэ шыгу лъагэхэми жъуагъохэми гъогу занкIэхэр къышъуагъэлъэгъу.
[16.17] Къэзгъэхъурэр къэзымыгъэхъурэм фэдэнэуи! Шъо зыкъэшъумышIэжьынэуи!
[16.18] Алахьым ишIушIэ къэшъулъытэмэ, ар къышъуфэлъытэщтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[16.19] Шъо жъугъэбылъыри къэжъугъэлъагъори Алахьым ешIэ.
[16.20] Алахьым фэшъхьафэу шъо нэмаз зыфэшъушIыхэрэм зыпари агъэпсыгъэп, ау ежьхэр агъэпсыгъэх.
[16.21] Ахэр хьадэх, псэ апытэп, ашIэрэп къызыхъужьыщтхэри.
[16.22] Шъуи тхьэ Тхьэ закъоу щыт. Ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фызимыIэхэм агухэр рэзэнчъэх, ахэр пагэх.
[16.23] Джэнджэш хэлъэп, ахэмэ агъэбылъыри къагъэлъагъори Алахьым ешIэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, зызгъэпагэхэрэр Ащ шIу ылъэгъухэрэп!
[16.24] Ахэмэ зараIокIэ: "Шъуи Тхьэ сыда къышъуфыригъэхыгъэр?" ахэмэ джэуап къатыжьы: "БлэкIыгъэ уахътэмэ япшысэхэр".
[16.25] Къаймэт мафэм ахэмэ зэкIэ ежьхэм яхьылъэхэри хэшIыкI зимыIэу ахэмэ хагъэукъуагъэмэ яхьылъэхэри ахьынхэ фаеу хъущт. Ахэмэ яхьынхэр боу хьылъэ хъущтых!
[16.26] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэм тхьагъэпцIыгъэ зэрахьэщтыгъэ, ау ахэмэ яунэ лъапсэ нэсэу Алахьым зэхигъэтэкъуагъ: Унашъхьэр къатефагъ, ежьхэм амышIэщтыгъэ лъэныкъом къикIи, пщыныжьыр къафэкIуагъ,
[16.27] ЕтIанэ къызщыхъужьыщтхэ мафэм Ащ ахэр ыгъэцIыкIущтых, ариIощт: "Шъо шъузфызэнэкъокъущтыгъэхэу Сэ къызгожъугъэуцощтыгъэхэр тыдэ щыIэха?" ШIэныгъэ зэратыгъэхэм аIощт: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, а мафэм джаурмэ емыкIуи хьэзаби арэлъэгъу!"
[16.28] Яхьадэгъу къызыщысыщт сыхьатым зэфагъэ зыхэмылъыгъэхэм апашъхьэ мэлаIичхэр къызихьэхэкIэ, IорышIагъэхэу зыфаIожьыщт: "Тэ зыпари мыхъун тшIагъэп!" Хьау, шъо шъушIэщтыгъэр Алахьым ешIэ!
[16.29] Джэхьнэмым икъэлапчъэ шъудахь, ащ егъашIэрэу шъукъыдан. Пагэмэ япсэукIэ сыдэу тхьамыкIагъуа?
[16.30] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм араIощт: "Сыд лIэужыгъуа шъо Тхьэм къышъуфыригъэхыгъэр?" Ахэмэ аIощт: "ШIуагъэ!" Зыхэтхэ гъашIэм шIу

щызышIэщтыгъэхэм, ахърэт гъашIэм псэупIэ дэгъу щагъотыщт! Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм япсэупIэ сыдэу гуIэтыпIа!
[16.31] ЕгъэшIэрэ джэнэтхэу ахэр зыхэхьащтхэм ачIэгъкIэ псыхъохэр ахэчъых: Зыфаехэр зэкIэ ащ щагъотыщт. Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм Алахьыр джаущтэу къятэ,
[16.32] мэлэIичмэ хьалэлхэу агъалIэхэрэм. Ахэмэ аIо: "Мамыр шъогъот! Шъо шъушIэщтыгъэмэ апае джэнэтым шъуихь".
[16.33] Ахэмэ адэжь мэлаIичхэр къэкIонхэу е о уи Тхьэ иунашъо къафэкIонэу ахэр ежэнхэуи? Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэм джаущтэу ашIыщтыгъ. Ахэмэ агу Алахьым хигъэкIыщтыгъэп, ау ежь=ежьырэу агу хагъэкIыжьыщтыгъ.
[16.34] Iоф бзаджэхэу ашIэщтыгъэхэм ахэр якIодылIэжьыгъэх, кIэнэкIалъэ ашIызэ зыдэхьащхыщтыгъэхэр къяхъулIагъ.
[16.35] НэмыкIы тхьэхэр Ащ къыгозгъэуцощтыгъэхэм аIуагъ: "Алахьым шIоигъуагъэмэ Ащ фэшъхьафэу тэ зыпарэми шъхьащэ фэтшIыныеп, тэри, тятэхэми, Ащ иунашъо хэмылъэу мыштэ зыпари тшIыныепи". Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэми джаущтэу ашIыщтыгъэ. Шъыпкъэр араIожьыным фэшъхьафэу лIыкIомэ нэмыкI горэ ателъыгъа?
[16.36] ЦIыф лъэпкъ пэпчъ Тэ лIыкIохэр афэдгъэкIуагъэх: "Алахьым шъхьащэ фэшъушI, шэйтаным зыщышъудзый". Ахэмэ ахэтыгъэх Алахьым гъогу занкIэ рищагъэхэр, гъощэныгъэр зынэтIэгу итхагъэхэри къахэкIыгъэх. Мы чIыгум шъурыкIуи шъуеплъ пцIыр зышIошъ хъущтыгъэхэм кIэухэу афэхъугъэм!
[16.37] О лъэшэу уфай ахэр гъогу занкIэм тетынхэм, ау гъогум дигъэхыгъэхэр Алахьым гъогу занкIэ фищэхэрэп, IэпыIэгъу афэхъуни ахэмэ яIэп!
[16.38] Ахэмэ Iуагъэу ашIыхэрэм анахь лъапIэмкIэ Алахьым ыцIэкIэ Iуагъэ ашIы:" ЛIагъэр Алахьым къыгъэхъужьыщтэп". Ахэмэ ащыщ цIыфыбэхэм ар амышIэрэми,
[16.39] Ежьхэм азфагу зэмзэгъыныгъэу илъыр зыфэдэр ягъэлъэгъугъэным джаурхэр зэрэпцIыусхэр ашIэным пае.
[16.40] Тэ зыгорэ къэхъуным тыфае зыхъукIэ Тэ тигущыIэ зыщищыкIэгъэ закъор "Къэхъу!" тIомэ, ар къызэрэхъурэр ары.
[16.41] Алахьым ихьатыркIэ зихэгъэгу къэзыбгынагъэхэм шъхьакIо къазэрахыщтыгъэм нэуж гъашIэу зыхэтхэм Тэ псэупIэ шIагъохэр щяттыгъэх, ау ахърэтым тынэу афэтшIыщтыр ащ нахьышIу, ахэмэ ар ашIэщтыгъэмэ,
[16.42] ЩэIагъэ зыхэлъыгъэхэм, я Тхьэ цыхьэ фэзышIыхэрэм.
[16.43] Тэ тишIошъхъуныгъэхэр яттыхэзэ, о уапэкIи Тэ дгъакIощтыгъэхэр цIыфхэр ары ныIэп, шъо ар шъумышIэрэмэ, тхылъ лъапIэхэр зышIэхэрэм ащкIэ шъуяупчI,
[16.44] Ахэмэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр, тхыгъэр яIагъэх. Ахэмэ апае къафедгъэхыгъэр а цIыфхэм агурыбгъэIоным пае мы шIэныгъэр тэ къыфетэгъэхы, ахэр егупшысэнхэкIи мэхъу!
[16.45] ТхьагъэпцIыгъэкIэ бзаджэ зышIэхэрэр щымыщынэхэуи чIыгум ахэр ыдырынхэу Алахьым унашъо фишIын зэрилъэкIыщтым е ежьхэм амышIэрэ лъэныкъомкIэ пщынэжьыр къафикIын зэрилъэкIыщтым?
[16.46] Ятеплъэ зыщызэрахъокIырэм ахэр хигъэкIодэщтых, ахэр аIэкIэкIыжьыщтхэба?
[16.47] Е щынагъокIэ ахэр ыукIыщтха? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ шъабэ, гукIэгъушI!
[16.48] Алахьым къыгъэшIыгъэ пэпчъ яныбжьыкъухэр, зыгори пкIэ ямыI нахь мышIэми, Алахьым шъхьащэ фашIэу джабгъумкIи сэмэгумкIи зызэрэрауфэхрэр ахэмэ алъэгъурэба?
[16.49] Уашъом щыIи чIыгум щыIи зэкIэ псэ зыпытхэм Алахьым шъхьащэ фашIы, мэлаIичхэри ары, ахэмэ Ащ ыпашъхьэ зыщагъэинрэп.
[16.50] Ахэмэ я Тхьэу ашъхьарытым ахэр щэщынэх, ыкIи ахэмэ ашIэнэу араIорэр ашIэ.

[16.51] Алахьым ыIуагъ: "ТхьитIу шъумыштэ, шъыпкъэмкIэ, щыIэр зы Тхьэ закъу, арышъ,
Сэ зым шъхьэкIафэ къысфэшъушI!"
[16.52] Уашъом щыIи чIыгум щыIи ащ ыIэ илъ. Ащ зэпымыоу уфэлэжьэныр ифэшъуаш,
ащ пае Алахьым нэмыкIэу зыгорэм ущыщынэныр ищыкIэгъэна?
[16.53] ШъушIагъэу шъуиIэр зэкIэ Алахьым дэжь къекIы. ЕтIанэ насыпынчъагъэ
къызышъохъулIэкIэ, Ащ шъуелъэIу.
[16.54] Шъо Ащ тхьамыкIагъор зэрэшъушъхьарихыгъэм лъыпытэу, шъуащыщхэм я Тхьэ
имыфэшъуашэхэр гуагъэуцохэу рагъажьэ,
[16.55] Тэ ахэмэ афэтшIагъэр ашIошъ мыхъуным пае. АщкIэ зыжъугъэтхъэжь шIэхэу
къэшъушIэщт!
[16.56] Тэ яттыгъэм щыщ Iахьэ ахэмэ амышIэрэм фашIы. Алахьым ыцIэкIэ тхьэ сэIо, шъо
зэхашъулъхьэщтыгъэхэм апае къышъоупчIыщтых!
[16.57] Алахьым пхъухэр иIэхэу ахэмэ патхэх, Алахьым щытхъур ыдэжь! ахэмэ зыфаехэр
ары яIэ хъущтхэр.
[16.58] Ахэмэ ащыщ пшъэшъэжъыекIэ загъэгушIокIэ, ащ ынэгу шIуцIэ мэхъу ыгу
мэкIоды.
[16.59] ЗыфагъэгушIуагъэм гухэкIэу къыфихьыгъэр цIыфмэ ашIуиушъэфызэ ыгу мэкIоды:
Ежь ынапэ тырихыжьэу ар иунэ ригъэсыщта е чIыгум чIитIэщта? Ахэр дэеу егупшысэх!
[16.60] Ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ фызимыIэхэм нэпэнчъэ нэшанэхэр ахэлъых, ау
Алахьым инэшанэхэр зэкIэмэ анахь лъагэх. Ар кIочIэшху, Iуш!
[16.61] Язэфэнчъагъэ пае цIыфхэр ыгъэпщынэнхэу Алахьыр фэягъэмэ, чIыгум псэ зыпыт
къытенэжьыныеп, ау пIэлъэ гъэнэфагъэм нэс афегъэкIуатэ, а пIалъэр къызафэсыкIэ, ар
агъэпсынкIэн зэрамылъэкIыщтым фэдэу, зы сыхьаткIи лъагъэкIотэн алъэкIыщтэп.
[16.62] Ежь къяхьылъэкIхэрэр ахэмэ Алахьым патхэх. ЗэкIэ анахьышIур афыщылъэу
абзэгукIэ зэраIорэр пцIы: Ахэмэ афыщылъыр машIо, ахэр зэкIэмэ апэу ащ хадзэщтых!
[16.63] Алахьым ыцIэкIэ Iуагъэ сэшIы, о уапэкIэ цIыф лъэпкъымэ лIыкIохэр
афэдгъэкIогъагъэх, ау ежьхэм ашIэщтыгъэ IофхэмкIэ шэйтаным дихьыхыгъэх, джы ар
яухъумакIу : Ахэмэ хьазаб пщыныжь афыщылъ! [16.64] Ахэмэ зэгурымыIоныгъэу
ахэлъыр агурыбгъэIоным пай ныIэп Тэ тхылъыр къызкIыфедгъэхыгъэр, ар IэпыIэгъу,
Тхьэр зышIошъ хъухэрэмкIэ шIушIагъ.
[16.65] Алахьым псыр уашъом къыригъэхыгъ, чIыгур зылIэгъэ ужым ащкIэ псэ
къыпигъэкIэжьыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, дэIорэ цIыфхэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[16.66] Хьайуаным шъощ пае гъэсэпэтхыдэ хэлъ: Цуемрэ лъымрэ азфагу ащ ыныбэкIоцI
итыр шъуешъонэу тэ къышъотэты, ешъорэмэ щэ къабзэр агу рехьы.
[16.67] Хъурмэ ыкIи сэнэшъхьэ бжалэхэм къапыкIэрэмэ шъузгъэчэфрэ шъонхэр, шхын
шIагъохэр къахэшъохы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, акъыл зиIэ цIыфхэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[16.68] О уи Тхьэ бжьэмэ янэшанэ къахилъхьагъ: "Къушъхьэмэ, чъыгымэ, цIыфмэ
ашIыхэрэм шъощ пае псэупIэхэр ащышъушIых,
[16.69] Сыд фэдэ пхъэшъхьэ=мышъхьи гъомылэр къыхэх, о уи Тхьэ игъогу тынчхэм
ащыбыб!" Ашъохэр зэфэшъхьафэу, цIыфымкIи Iэзэгъу хэлъэу ахэмэ шъоу ашIы,
гупшысэхэрэмкIэ ащ щысэ хэлъ.
[16.70] Алахьым шъукъигъэхъугъ, етIанэ Ащ шъуигъэлIэжьыщт: Жьы къэтымыщэ охъуфэ
нэс зыгъашIэхэрэр къышъухэтых, арышъ, нахьыпэм шъушIэщтыгъэм щыщэу зыпари
ашIэрэп. Алахьым ешIэ, лъэкIышхо иI!

[16.71] Шъо шъуащыщхэм гъашIэм щигъэфедэщтэр, адрэмэ ялъытыгъэмэ, къелыекIхэу Алахьым къыретых, ау къялыекIэу къызэритыгъэхэм къялыекIрэр, ахэр зэфэдэ хъунхэм пае, ягъэрхэм аратрэп. Алахьым ишIушIэ ахэмэ щагъэзыен алъэкIына?
[16.72] Шъо шъущыщхэр Алахьым шъузкIэ къышъуитыгъэх, шъуишъузмэ къахэкIыгъэхэу кIалэхэр, пхъурэлъфхэр къышъуитыгъэх, шIуагъэхэр къышъуфигощыгъэх. Ахэмэ пцIыр нахь ашIошъ хъунышъ, Алахьым ишIушIэ ашIошъ мыхъунэуи?
[16.73] Алахьым фэшъхьафэу, ахэмэ апае уашъоми чIыгуми зыпари лъэкI щызимыIэм ахэмэ шъхьащэ фашIы, ахэмэ зыпари ашIэн алъэкIыщтэп.
[16.74] Алахьым фэжъугъадэу зыпари гошъумыгъэуцу, Алахьым ешIэ, шъо шъушIэрэп!
[16.75] Зышъхьэ фимыт пщылIэу зыпари зимыIэмрэ Тэ мылъку шIагъо зэттыгъэу, ащ щыщ шъэфэуи нафэуи зытырэмрэ зэпэшъумыгъэуцунхэу Алахьым унашъо къышъуфешIы. Ахэр зэфэдэха? Алахьым щытхъур ыдэжь! Зэфэдэхэп, ау ахэмэ анахьыбэмэ ар ашIэрэп!
[16.76] ЦIыфитIу зэпэжъугъэуцунэу Алахьым унашъо къышъуфешIы: Ахэмэ языррэр дэгу, бзако, зыпари ышIэн ылъэкIрэп, изиусхьан тыдэ ар ыгъэкIуагъэми, зэ нэмыIэми шIу къыфихьыгъэп. Губзыгъэу гущыIэрэм, зыдагъакIорэр дэгъоу къэзгъэцакIэрэм ар фэдэ хъуна?
[16.77] Уашъоми чIыгуми яшъэф Алахьым ыIэ илъ. Сыхьатыр къызысыщтыр нэгъэупIэпIэгъум нахьыбэп е нахь псынкI. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[16.78] Шъо зыпари шъумышIэу шъуянэмэ аныбэкIоцIхэм Алахьым шъуакъырегъэкIы. Ащ тхьакIумэхэр, нэхэр, гур къышъуитыгъ, шъо разэ шъухъункIи мэхъу!
[16.79] Ахэмэ алъэгъурэба ошъо чIэгъым щыбыбырэ бзыухэр, ахэмэ къадеIэрэ закъор Алахьыр ары. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, диныр зыгу илъхэмкIэ ар щысэтехыпI.
[16.80] Шъущыпсэунэу Алахьым унэхэр къышъуитыгъэх, былымышъом хэшIыкIыгъэ унэхэр къышъуитыгъэх, зы чIыпIэ шъуикIэу нэмыкI чIыпIэ шъукощыным, зы чIыпIэ шъущыпсэуным пае ахэр Iэрфэгъухэу шъолъытэх Ахэмэ цэу, къатекIырэр унэгъо IапIэ шъошIы, пIэлъэ гъэнэфагъэкIэ шъогъэфедэ.
[16.81] Алахьым къыгъэшIыгъэм щыщэу жьау къышъуитыгъ, къушъхьэмэ азфагу шъхьэегъэзыпIэ къыщышъуитыгъ, фабэм зыщышъуухъумэнэу щыгъын къышъуитыгъ, щынагъомэ защышъуухъумэнэу Iэшэ=шъуашэхэр къышъуитыгъэх. Джаущтэу Ащ ишIушIэ къышъуегъэлъэгъу, Ащ шъуфэIорышIэнкIи мэхъу!
[16.82] Ахэмэ акIыб къагъазэу зыIукIыжьхэкIэ, о пшIэн фэе закъор шъыпкъэр япIоныр ары.
[16.83] Алахьым ишIушIэ ахэмэ къагурэIо, етIанэ ар икIэрыкIэу щагъэзые, джаущтэу ащыщыбэхэр джаурхэу къэнэх.
[16.84] ЦIыф лъэпкъ пэпчъ шыхьат фэхъущтыр Тэ къызхэдгъэкIыщт мафэр къэсыщт, джащыгъум джаурмэ зыми ынаIэ атыригъэтыщтэп, ахэмэ зыпари шIу афашIэщтэп.
[16.85] Зафэу щымытыгъэхэм хьэзабыр зыфэдэр джащыгъум къашIэщт, ахэмэ ар афагъэпсынкIэщтэп, ахэмэ япIалъэ афылъагъэкIотэщтэп.
[16.86] Алахьым имыфэшъуашэхэр гозгъэуцоштыгъэхэм ежьхэм шъхьащэ зыфашIыщтыгъэхэр залъэгъухэкIэ, аIощт: "Я Алахь! Ощ фэшъхьафэу шъхьащэ зыфэтшIыщтыгъэхэр мыхэр арых". Ау ахэмэ гущыIэ афадзыщт: "Шъо шъугъэпцIакIу!"
[16.87] А мафэм Алахьым фэIорышIэхэ ашIоигъоу ахэмэ аIощт, нэмыкIхэу ежьхэм къаугупшысыгъэхэр апашъхьэ икIодыкIыжьыщтых.

[16.88] ШIошъхъуныгъэ зимыIэхэу Алахьым игъогу дэхыгъэхэм псэкIодшIэгъабэу яIэм пае Тэ пщыныжьым пщынэжь афыхэдгъэхъощт.
[16.89] ЦIыф лъэпкъ пэпчъ ежь щыщ шыхьат фэхъущтыр Тэ къызхэдгъэкIыщт мафэр къэсыщт, о зэкIэ цIыфхэм шыхьат уафэхъунэу тэ удгъэуцущт. Тэ мы тхылъыр агурыбгъэIонэу, рыгъозэнхэу, шIушIэныгъэ, къэбарышIузехьэ быслъымэнмэ афэхъунэу къыфедгъэхыгъ.
[16.90] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Зэфагъэ, шIушIэныгъэ шъухэлъынэу, шъуиIахьылмэ зыфэныкъор яжъугъэгъотынэу Алахьым унашъо къышъуфешIы: емыкIу зекIуакIэр, къэрарынчъагъэр, бзэджэшIагъэр Ащ къышъуфидэхэрэп. Ащ къыжъугурегъаIо: Шъо зыкъэшъушIэжьынкIи мэхъу!
[16.91] Алахьым Iуагъэ дэшъушIыгъэ зыхъукIэ, шъуфэшъыпкъэу жъугъэцакIэ, ар зышъуштэгъэхэ нэужым Iуагъэу шъушIыгъэр шъумыукъо. Шъо Алахьыр шэсы зыфэшъушIыжьыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[16.92] Цы лъэнтхъой зэфэшъхьафхэу ышъэгъахэхэр зэхихыжьынхэм пылъым фэдэ зышъушIэу, къэрарынчъагъэкIэ гугъэ пытэхэу зэфэшъушIыгъэхэр шъумыукъох, сыда пIомэ адырэ цIыф лъэпкъым нахьи шъо бэкIэ шъунахьыб. АщкIэ Алахьым шъуеушэты ныIэп, къаймэт мафэм шъуазфагу зэгурымыIоныгъэу илъыгъэр зыфэдэр ащ къыжъугуригъэIожьыщт.
[16.93] Алахьым шIоигъуагъэмэ зэкIэми зы цIыф лъэпкъ шъуишIыни. Ау щытми, зыфаер дегъэхы, зыфаер гъогу занкIэ рещэ, шъушIэщтыгъэмкIэ къышъоупчIыщтых.
[16.94] Шъулъэхэр пытэу зыщытыгъэхэм нэуж кIэмыцIэлъынхэм пае Iуагъэу шъушIыгъэхэр шъузэрэгъэпцIэжьынхэм пае шъумыгъэфедэх, армырмэ Алахьым игъогу шъузэрэдэхыгъэм пае тхьамыкIагъо шъуушэтын фаеу хъущт, пщыныжь ин шъуфыщылъыщт.
[16.95] Алахьым Iуагъэу дэшъушIыгъэр осэ макIэ зиIэ горэкIэ шъумыхъожь, шъошIэмэ Алахьым иIэр ары шъорыкIэ шIур!
[16.96] Шъо щэIагъэу шъуиIэм хэкIы, Алахьым иIэр къэнэ. ЩэIагъэ къызхэзгъафэщтыгъэхэм ежь ашIэщтыгъэм нахьи нахьышIоу Тэ тын афэтшIыщт.
[16.97] Хъулъфыгъэми е бзылъфыгъэми Тхьэр ашIошъ хъоу шIу зышIэхэрэм Тэ гъэшIэ тхъагъо яттыщт, ежьхэм ашIэщтыгъэм нахь лъапIэхэу Тэ ахэмэ тынхэр афэтшIыщтых.
[16.98] О КъурIаным уеджэ зыхъукIэ, мыжъокIэ заохэрэ шэйтаным ущиухъумэнэу Алахьым елъэIу.
[16.99] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, я Тхьэ зицыхьэ телъхэм ащ лъэкI афыриIэп.
[16.100] Ар яухъумакIоу хэзыххэрэр, ащ фэдэхэр гозгъэуцохэрэр арых ныIэп Ащ ыIэ илъхэр.
[16.101] Тэ зы Iэятэр нэмыкIыкIэ зэблэтхъу зыхъукIэ, Алахьым къыригъэхырэр нахьышIоу ешIэ, ахэмэ аIо: "О ар къэоугупшысы ныIэп!" Хьау, ахэмэ анахьыбэмэ ашIэрэп!
[16.102] ЯIу: "ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр гъогу занкIэм пытэу тыригъэуцонхэм, быслъымэнмэ къэбар гушIуагъо аригъэшIыным пае о уи Тхьэ дэжь хьакъым тетэу къикIэу, ар ДжэбраIил къыригъэхыгъ".
[16.103] Ахэмэ аIорэр Тэ тэшIэ: "Ар зэзгъашIэрэр цIыфыр ары ныIэп". Бзэу ахэмэ зыфаIорэр нэмыкIыбз, мыдырэр арапыбзэ зэхэугуфыкIыгъ.
[16.104] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зышIошъ мыхъухэрэр Алахьым гъогу занкIэ рищэхэрэп, ахэмэ хьазаб пщыныжьыр афыщылъ!

[16.105] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зышIошъ мыхъухэрэм къаугупшысырэр пцIы ныIэп, ахэр пцIыусых.
[16.106] Алахьым шIошъхъуныгъэ зыфашIыгъэм нэуж Ар щызгъэзыежьхэрэм агухэр диным фэшъыпкъэхэу егъэзыгъэкIэ щызгъэзыехэрэр арэп, динынчъэныгъэм ежь=ежьырэу зыгухэр фызэIузыхыхэрэр арых, Алахьым игубж лъэш атефэщт, ахэмэ пщыныжь ин дэдэ афыщылъ.
[16.107] АхэмкIэ ар аущтэу зыкIэхъущтыр гъашIэу ахэр зыхэтхэр ахърэтым нахьи нахьышIу зэралъэгъугъэм пай. Тхьэр зышIошъ мыхъурэ цIыфмэ Алахьыр гъуазэ афэхъурэп.
[16.108] Алахьым ахэмэ агухэр, атхьакIумэхэр, анэхэр зэфишIыгъэх, ахэр зыми ымыгъэгумэкIрэ цIыфых,
[16.109] Щэч хэмылъэу, ахърэт гъашIэми ахэр насыпынчъэ щыхъущтых.
[16.110] ЕтIанэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, къин залъэгъугъэм нэуж зихэгъэгу къэзыбгынагъэхэм, диным фэчэфхэу дезгъэштагъэхэм, щэIагъэ зыхэлъыгъэхэм о уи Тхьэ афигъэгъущт, гукIэгъу афишIыщт,
[16.111] А мафэу псэ пэпчъ ежь зиухъумэжьэу къызыкIощтым, псэ пэпчъ ышIагъэм пае хьакъым тетэу тефэрэр зыщыратыщтым ахэмэ агу хагъэкIыщтэп.
[16.112] Алахьым щысэу къегъэлъагъо мамырэу, гупсэфэу щыIэгъэ къуаджэр; ащ ышхыщтыр чIыпIэ пстэуми зыми иягъэ къэмыкIоу къыфикIыщтыгъэ, ау ащ Алахьым ишIушIэ мыштэ ышIыгъ, джащыгъум ахэмэ ашIэщтыгъэм пае гъаблэмрэ щынагъомрэ Алахьым зэхаригъэшIагъ.
[16.113] Ахэмэ адэжь ежьхэм ащыщ лIыкIо кIогъагъэ, ар гъэпцIакIу аIуи, агъэмысагъ, ахэмэ пщынэжьыр къалъыIэсыгъ, ахэр зэфэнчъэхэу щытыгъэх.
[16.114] Алахьым фит шъузфишIыгъэр, шIоу къышъуитыгъэр шъушхы, Ащ шъхьащэ фэшъошIымэ, Алахьым ишIушIэ разэ шъуфэхъу!
[16.115] Ащ шъо мыдэ къышъуфишIыгъэр псэхалIэр, лъыр, къолыр, Алахьым ыцIэ фэшъхьаф къыраIозэ аукIыгъэр ары. БзэджашIэу, пыеу щымытэу, егъэзыгъэкIэ ар зышIэрэм Алахьым къыфегъэгъу, гукIэгъу къыфешIы!
[16.116] Шъубзэгухэр гущыIэм фэчаных, ау пцIы хэлъэу шъумыгущыI: "Мыщ тыфит, мыдырэм тыфитэп" шъуIоу Алахьым Iапэ фэшъушIызэ пцIы къэшъумыугупшыс. Алахьым Iапэ фашIызэ пцIыр къэзыугупшысхэрэр насыпышIо хъущтхэп!
[16.117] Тхъагъоу ащ хагъотэщтыр макIэ, ахэмэ хьазаб пщыныжьыр афыщылъ.
[16.118] О ыпэкIэ къыфэтIотагъэр иудей диным пылъхэм Тэ афэтыдагъэп. Тэ ахэмэ агу хэдгъэкIыгъэп, ежьхэм агухэр хагъэкIыжьыгъэх.
[16.119] АмышIэу бзэджагъэ зышIэхи, ащ ыуж кIэгъожьыгъэхэу шIу зышIэхэрэм, шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ ащ ыуж афегъэгъу, гукIэгъушI!
[16.120] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ибрахьимэ Тхьэм шъхьащэ фишIэу, Алахьым фэшъыпкъэу, Тхьэ закъор ышIошъ хъоу щытыгъ, ар тхьабэ зышIошъ хъурэмэ ащыщыгъэп.
[16.121] Ащ ишIушIэ пае фэрэзагъ; Ащ ар къыхихыгъ, гъогу занкIэ рищагъ.
[16.122] ГъашIэу зыхэтым Тэ ащ шIушIагъэ щеттыгъ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахърэтыми ар диныр зыгу илъмэ ащыщ!
[16.123] ЕтIанэ Тэ о къыбгурыдгъэIуагъ: "Тхьэ закъор зышIошъ хъурэ Ибрахьимэ ицIыф куп алъыкIу, ар тхьабэ зышIошъ хъурэмэ ащыщыгъэп.
[16.124] Шэмбэтыр зыфагъэнэфэгъагъэхэр ащкIэ зэгурымыIоныгъэ зыхэлъыгъэхэр арых, шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ ахэр къаймэт мафэм зэмзэгъыныгъэу азфагу илъыгъэр зэхифыщт!

[16.125] О уи Тхьэ игъогу ІушыгъэкІэ, шІукІэ фещэх, шІумкІэ ахэмэ янэкъокъу: О уи Тхьэ игъогу дэхыхэри, занкІэу кІохэри икъоу ешІэх.
[16.126] Пщыныжь тешъолъхьэмэ, тефэн фэе пщыныжьэу шъулъытэрэм фэдизкІэ жъугъэпщынэ, ау фэжъугъэгъун шъулъэкІмэ, фэзгъэгъухэрэмкІэ ар нахь тэрэз.
[16.127] ЩэІагъэ зыхэгъэлъ, ау о щэІагъэу пхэлъымкІэ къыбдеІэрэр Алахь закъор ары. Ахэмэ апае умышъыгъу, тхьагъэпцІыгъэу зэрахьэрэм утемыукІытыхь,
[16.128] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм,шІу зышІэхэрэм Алахьыр ягъус!"

АлІисраІ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[17.1] Чэщым Аль Мэсджыд альхьэрам мэщытым икІыни, Тэ тиІэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм ащыщхэр ащ едгъэлъэгъунхэм пае зихьанэ=гъунэхэр шІу хъунхэу Тэ зэтІолІэгъэ Алькъудс мэщытым нэсынымкІэ ежь иІумэт ІэпыІэгъу фэхъугъэм щытхъур ыдэжь. Шъыпкъэ дэдэмкІэ Ащ зэкІэ зэхехы, елъэгъу!
[17.2] Тэ Мосэ тхыгъэр къеттыгъ, ар Исраил ыкъохэм пащэ афэтшІыгъ: "Сэщ фэшъхьаф ухъумакІо шъумыштэ,
[17.3] Нухьэ игъусэу ащ икъухьэ идгъэтІысхьагъэмэ къатекІыгъэхэр шъумыштэ! Нухьэ къытфэрэзэ тиІумэтэу щытыгъ!"
[17.4] Исраил ыкъохэм апае Тэ тхыгъэм унашъо щытшІыгъ: "Шъо тІо чІыгум хэбзэнчъэ щышъушІэщт, пэгэгъэ инкІэ зыхэшъуІэтыкІыщт".
[17.5] Ахэмэ ащыщэу апэрэм пае щынагъор къызэсым, Тэ тиІумэтхэу кІочІэшхо зиІэхэр къышъуфэдгъэкІуагъэх, ахэмэ шъуиунэ кІоцІмэ арылъыгъэр къонтхъэу аштагъ, щынагъор гъэцэкІагъэ хъугъэ.
[17.6] ЕтІанэ Тэ ахэмэ икІэрыкІэу шъуатедгъакІуи, шъуимылъкуи шъуикІалэхэми ахэдгъэхъуагъ, цІыф лъэпкъышхо шъутшІыгъ.
[17.7] ШІу шъошІэмэ, шъо зыфэшъошІэжьы, бзэджагъэ шъошІэмэ, ари зэшъошІэжьы. ЯтІонэрэм пае щынагъор къызэсым, джащыгъум шъунапэхэм бзэджагъэ къарахынэу, апэрэм къызэрихьэгъагъэхэм фэдэу шъо шъхьащэ зыщышъушІырэ чІыпІэм къихьанхэшъ, зэкІэ агъэкІодынэу Тэ ахэр къэдгъэкІуагъэх.
[17.8] Шъуи Тхьэ къышъуфигъэгъункІи мэхъу. Ау нахьыпэкІэ шъушІэщтыгъэр джыри шъушІэщтмэ, Тэри нахьыпэкІэ тшІэщтыгъэр тшІэщт. Джэхьнэмыр хьапсэу Тэ джаурмэ афыхэтхыгъ.
[17.9] ЗэкІэмэ анахь зафэу щыІэм мы КъурІаным занкІэу уфещэ, диныр зышІошъ хъухэрэмкІэ ар къэбарышІу. ШІу зышІэхэрэм, шъыпкъэмкІэ, тын лъапІэ агъотыщт.
[17.10] Ахърэт гъашІэм шІошъхъуныгъэ фызимыІэхэм Тэ хьазаб пщыныжь афэдгъэхьазырыгъ.
[17.11] Ежь пае цІыфыр шІум къызэрэкІэлъэІурэм фэдэу, ежь пае бзэджагъэми къыкІэлъэІу, цІыфыр гуІал.
[17.12] Чэщымрэ мафэмрэ ІэятитІу яІэу Тэ дгъэуцугъэ, чэщым имэхьанэ зыщыдгъэтыкІэ, шъуи Тхьэ хьалэлэу къышъуитыгъэхэм шъуалъыхъуным, шъо илъэс пчъагъэхэр, ахэр шъулъытэнхэр шъушІэнхэм пае зэкІэ зыщышъулъэгъущт мафэр къэтэгъэуцу. Сыд лІэужыгъори зэхэугуфыкІыгъэу Тэ къитэІотыкІы.
[17.13] Хэтрэ цІыфи ыпшъэ Тэ ышІагъэр итлъхьагъ, къаймэт мафэм зэгохыгъэу ар зыІукІэжьыщт тхылъыр еттыщт.
[17.14] "Уитхылъ еджь! Ор=орэу пшІагъэмкІэ узэупчІыжьыным уиІоф тет!"

[17.15] Гъогу занкIэ рыкIорэр ежь ыпсэ шIу фишIэу, занкIэу макIо, гъуащэрэр ежь лые зэрихыжьэу мэгъуащэ, хэтрэ пси хьылъэу телъым фэшъхьаф хьылъэ ыщэчыщтэп. ЛIыкI огорэ тымыгъакIоу Тэ дгъэпщынэщтыгъэхэп.
[17.16] Тэ къуаджэ горэ дгъэкIодынэу тыфае зыхъукIэ, шIу зыфашIагъэу ащ дэсхэм Тэ унашъо афэтшIыщтыгъ, ахэмэ гунахьыбэхэр ащ щашIэщтыгъэх. Джащыгъум тигущыIэ а къуаджэмкIэ къэшъыпкъэжьыщтыгъэ, ар зэрэщытэу Тэ дгъэкIодыщтыгъэ.
[17.17] Нухьэ ыуж ижъырэ лъэпкъ тхьапша Тэ дгъэкIодыгъэр! О уи Тхьэ икъоу иIумэтмэ япсэкIодшIагъэхэр ешIэ, елъэгъу.
[17.18] ГъэшIэ хьаф фаем Тэ тызфаер щедгъэгъотыныр фэтэгъэпсынкIэ; Тэ тызыфаем джыхьнэм машIор фэтэгъэнафэ; ащ ар емыкIу къыхьыгъэу, пыдзы шIыгъэу щыстыщт.
[17.19] Ахърэт гъашIэм фаеу, ащ зэрищыкIагъэм тетэу фэщагъэу, ежь диныр ышIошъ хъоу щытхэм яфэщэныгъэ пае хьалэлэу ятэщтых.
[17.20] ЗэкIэми, мыдырэхэми, адырэхэми, Тэ о уи Тхьэ итынхэр яттыщтых, о уи Тхьэ итынхэр рамытэу зыпари къэнэщтэп.
[17.21] Ахэмэ ащыщхэм, адырэмэ ялъытыгъэмэ, Тэ фэхъугъэхэр зэряттыгъэхэм еплъ, ау ахърэт гъашIэр чIыпIэу зэрытымкIи, фэхъугъэу иIэмкIи нахь лъаг.
[17.22] ЕмыкIу къэмыхьыным, пыдзы уамышIыным пае Алахьым нэмыкIы тхьэ гомыгъэуцу.
[17.23] О уи Тхьэ Ежь изакъоу шъхьащэ фэшъушIынэу, ны=тыхэм шIу афэшъушIэнэу шъо унашъо къышъуфишIыгъ. О къыпкIэрысмэ яз е нэбгыритIури жъыгъом нэсхэмэ, къыуаIуагъэр агу римыхьрэр ямыIу, уатемыкуу, лъытэныгъэ зыхэлъ гущыIэхэмкIэ адэгущыI.
[17.24] ГукIэгъу тамэм ахэр чIэубытэх, Iо: "Я Алахь! Сэ сыцIыкIу зэхъум сызэрапIугъэм фэдэу гукIэгъу къафэшI".
[17.25] ШIу шъушIэу шъущытмэ, шъугу илъыр шъуи Тхьэ нахьышIоу ешIэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, кIэгъожьыгъэхэм Ащ къафегъэгъу!
[17.26] Iахьылым, тхьамыкIэм, гъогу тетым зыфэныкъор ет, ау шапхъэм шIокIэу ипхъахь=итэкъу умышIы,
[17.27] Ипхъахь=итэкъу зышIыхэрэр шэйтаным ышых, шэйтаныр и Тхьэ фэразэп.
[17.28] Узыщыгугъырэ уи Тхьэ ишIушIэ улъыхъоу о ахэмэ уакIыб афэбгъазэмэ, гущыIэ шъабэ яIу.
[17.29] О пIэ сыд фэдэу пшъэхъукIэ ппшъэ епхыгъэми, къызэмыфызылI, уихьэрамыгъэ урамыгъэмысэным е уишъхьэкIэфагъэ къыхэкIэу тхьамыкIэу укъэмынэным пае зэрэфэлъэкIэуи пIэ умыщэй.
[17.30] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ зыфаем ищыкIагъэр е къелыекIэу къыритыщт, е шапхъэм тетэу къыритыщт. Ащ ежь иIумэтхэр ешIэ, елъэгъух!
[17.31] ТхьамыкIэ шъухъуным шъущыщынэу шъуикIэлэцIыкIухэр шъумыукIых. Тэ ахэми шъори шъушхын шъодгъэгъотыщт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр уукIынхэр псэкIодышху!
[17.32] Уимышъхьагъусэм угомыхь, ар къэрарынчъагъ, гъогу дэй!
[17.33] Лажьэ зиIэм фэшъхьафэу Алахьым мыдэ ышIыгъэшъ, псэр Iушъумых. Зыгорэ зэфэнчъэу аукIыгъэмэ, Тэ ащ пэблагъэм лъэкI еттыгъ, ау ыукIыщтым ферэмыгъэлыекI. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ IэпыIэгъу ратыгъ.
[17.34] Ибэм ыныбжь екъуфэ имылъку нахьышIу шъумышIыщтмэ, шъунэмыс, Iуагъэу шъушIыгъэхэр жъугъэцэкIэжьынхэми шъуафэшъыпкъ: IуагъэмкIэ къэупчIэщтых.
[17.35] Шъущэчы зыхъукIэ, шапхъэм шъуфэшъыпкъ, щэчалъэ тэрэзхэмкIэ шъущэчы. КIэухэу фэхъущтымкIэ ар дэгъу дэд.

[17.36] О шIэныгъэ зыфыуимыIэм улъымыкIу: ТхьакIумэхэми, нэхэми, гуми ахэмэ зэкIэмэ ащкIэ къяупчIыщтых.
[17.37] ЧIыгум пагэу урымыкIу. О чIыгур зэгоуутыщтэп, уилъэгагъэкIи къушъхьэмэ уакIэхьащтэп!
[17.38] Ар зэкIэ о уи Тхьэ ыпашъхьэ бзэджагъэу, гущыкIыгъоу щыщыт.
[17.39] Ар Iушыгъэм щыщэу о Тхьэм къыбгуригъэIуагъэр ары, Алахьым нэмыкI тхьэ гомыгъэуцу, армырмэ уаумысыгъэу, пыдзы уашIыгъэу джыхьнэм машIом ухадзэщт!
[17.40] Шъуи Тхьэ шъуизакъоу шъаохэр къышъуитыхи, Ежь мэлаIичхэр бзылъфыгъэ лъэпкъыхэу ыштэгъэнхэуи? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, псэкIод гущыIэшхо къэшъоIо!
[17.41] Ахэмэ зыкъызэрашIэжьын фэдэ Тэ мы КъурIаным къыщыдгъэлъэгъуагъ, ау ахэр ащ нахь лъэшэу дигъэхыгъэх.
[17.42] ЯIу: "Ахэмэ зэраIоу, Ащ тхьэхэр игъусагъэхэмэ, ащыгъум ахэр дунаир зыIэ илъым илъэгапIэ екIурэ гъогум фэенхи".
[17.43] Щытхъур Ащ ыдэжь! Ахэмэ аIорэм нахь лъагэу ар лъэгэпIэ ин дэдэкIэ Iэтыгъэ!
[17.44] Ошъо къатиблымэ, чIыгум, ащ тетхэм Ащ ищытхъу аIуатэ. Ащ щытхъу фэзымыIорэ щыIэп, ау ахэмэ щытхъоу фаIорэр шъо къыжъугурыIорэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ар шъабэ, къыпфегъэгъу!
[17.45] О КъурIаным уеджэ зыхъукIэ, орырэ ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ фызимыIэхэмрэ азфагу Тэ пэIухъо шъэф итэхъо.
[17.46] Тэ ахэмэ агухэм техъон афэтэшIы, ар къагурымыIоным пае атхьакIумэхэр дэгу тэшIых. КъурIаным о уи Тхьэ ыцIэ къыщепIо зыхъукIэ, Тхьэр зы пIозэ, ахэмэ акIыбхэр о къыпфагъазэхэшъ, Iохъушъутыжьых.
[17.47] О къыодэIухэ зыхъукIэ, ежьхэр шъэфэу зэдэгущыIэжьхэ зыхъукIэ, ахэмэ зэхахымэ ашIоигъор Тэ нахьышIоу тэшIэ. ЦIыфыгъэ зимыIэмэ аIо: Ушхъухьэгъэ лIым илъэуж ныIэп шъо шъузэрыкIорэр!"
[17.48] ШIуагъэу ахэмэ о къыппалъхьэрэм еплъ, ахэр гъощагъэх, гъогу къагъотын алъэкIрэп!
[17.49] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ къупшъхьэ=лъашъхьэ тыхъужьыгъэу, икIэрыкIэу тыкъэхъужьына?"
[17.50] ЯIу: "Мыжъо е гъучIы шъухъуми,
[17.51] Е нэмыкIэу псэ зыпыт горэу зэхъокIыгъэ мыхъунэу къышъушIошIырэр арми! "Ахэмэ ащ къыраIолIэщт: "Тэ икIэрыкIэу хэта тыкъэзгъэхъужьыщтыр?" ЯIу: "Апэрэу шъукъэзгъэшIыгъэр ары". Ахэмэ ашъхьэхэр о къыпфагъэ-сысыни, аIощт: "Сыдигъуа ар зыхъущтыр?" ЯIу: "ШIэхэу ар хъункIи мэхъу".
[17.52] Ар къызшъоджэщт мафэр къэхъущт, Ащ щытхъу фашъуIозэ, шъо джэуап къэшъутыжьыщт, чIыгум охътэ макIэ щыжъугъэкIуагъэу къышъушIошIыщт.
[17.53] Сэ сиIумэтхэм нахьышIур аIонэу яIу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шэйтаным ахэмэ азфагу пыиныгъэ къырелъхьэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, шэйтаныр цIыфымкIэ пый наф!
[17.54] Шъуи Тхьэ шъощ нахь дэгъоу ешIэ. Ащ шIоигъо хъумэ, къышъуфигъэгъущт, шIоигъомэ, шъуигъэпщынэщт. Ахэмэ уалъыплъэнэу Тэ удгъэкIогъагъэп.
[17.55] Уашъом щыIи чIыгум щыIи о уи Тхьэ нахьышIоу ешIэ, Тэ пегъэмбархэм ащыщхэм, адырэмэ ялъытыгъэмэ, нахь фэхъугъэхэр яттыгъахэх, Даутэ Забурэр еттыгъ.
[17.56] ЯIу: "Шъо Ащ фэшъхьафэу къэшъуугупшысыгъэхэм IэпыIэгъу къышъуфэхъунхэу шъукъядж: Ахэмэ зэрарыр шъутырахыни е зэблахъуни алъэкIыщтэп!"
[17.57] Шъо IэпыIэгъу къышъуфэхъунхэу шъукъызаджэхэрэм я Тхьэ пэблагъэ зэрэхъущтхэм лъэхъух: НэмыкIхэм анахьи Ащ нахь пэблагъэхэри, е Ащ ишIушIэ ахэр

ежэх, е Ащ зэригъэпщынэщтхэм щэщынэх. Сыда пIомэ о уи Тхьэ уигъэпщынэныр тхьамыкIагъу!
[17.58] Къаймэт мафэм ыпэкIэ Тэ тымыгъэкIодырэ е пщыныжь лъэш зэтымыхырэ зыпари къуаджэ щыIэп. Ар тхылъым итхэгъагъ.
[17.59] Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр афядгъэхьынхэр Тэ зыкIызэтетIажэрэр ыпэкIэ щыIагъэхэм ахэр пцIыкIэ алъытэщтыгъэхэшъ ары. Самудхэм акъыл хахыным пае Тэ мэхъшэбзыр къафэдгъэхъугъ, ау ахэр ащ пыи фэхъугъэх. Дгъэщынэнхэм пай ныIэп Тэ Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зыкIафедгъэхьыхэрэр!
[17.60] Мары, Тэ о къыотIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уи Тхьэ инэплъэгъу цIыфхэр къыреубытэх!" О унэгу кIэкIыгъэу Тэ къыодгъэлъэгъугъэр цIыфхэмкIэ ушэтын тшIыгъэ ныIэп, чъыгэу КъурIаным бгыбзэ зэрихыгъэри ары, Тэ ахэр тэгъэщынэх, ау ахэмэ мыIорышIэныгъэ ин дэдэ ахелъхьэ ныIэп.
[17.61] Мары, Тэ мэлаIичмэ ятIуагъ: "Адам шъхьащэ фэшъушI!" Иблыс фэшъхьафрэ ахэмэ шъхьащэ фашIыгъ. Ащ ыIуагъ: "О ятIэм хэпшIыкIыгъэм сэ шъхьащэ фэсшIынэуи?"
[17.62] ЫIуагъ ащ: "Олъэгъуа шъуIо: Мыр сэщ нахьи о нахь лъытэныгъэ зыфэпшIыгъэр ара? Къаимэт мафэм нэс сипIалъэ зылъыбгъэкIуатэкIэ, сэ ащ къытекIыгъэр нэбгырэ заулэмэ афэшъхьафхэр, згъэкIодыщт.
[17.63] ЫIуагъ Ащ: "IукI! Ахэмэ ащыщэу уауж къихьэрэм, шъыпкъэ дэдэмкIэ, джэхьнэмыр пщыныжь фэхъущт, пщыныжь икъу!
[17.64] Ахэмэ ащыщэу о пфэлъэкIыщтыр умакъэкIэ дэгъэх, ахэмэ апэшIуекIоу уишыудзи уилъэсыдзи угъои, ямылъкукIи якIалэхэмкIи ныбджэгъу афэхъу, гъэгугъэх, шъыпкъэ дэдэмкIэ, шэйтаным ыгъэпцIэнхэм пай ныIэп зыкIигъэгугъэхэрэр!
[17.65] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Сэ сиIумэтхэм о лъэкI афыуиIэп, о уи Тхьэ ахэмкIэ зэрэухъумакIор екъу!"
[17.66] Ащ ишIушIэ шъулъыхъуным пае, хым къухьэхэр щызезгъакIохэрэр шъуи Тхьэ ары, сыда пIомэ шъо Ащ гукIэгъу къышъуфешIы!
[17.67] Шъо хым тхьамыкIагъо къызщышъохъулIэкIэ, шъузаджэрэмэ ащыщэу Ащ фэшъхьаф зыпари къышъуфэнэжьрэп. Тэ шъукъэдгъэнэжьэу гъушъапIэ зыжъугъотыжькIэ, етIанэ Ащ шъуакIыб фэжъугъэзэжьын. Шъыпкъэ дэдэмкIэ,цIыфым рэзагъэ хэлъэп!
[17.68] ЧIыгу нэпкъым шъучIиухъумэнэу е сапэ къэзыхьырэ жьыбгъэ Ащ къышъуфыригъэпщэни шъучIигъэсэен зэрилъэкIыщтым шъущымыщынэуи? Джащыгъум шъукъэзыухъумэн жъугъотыщтэп.
[17.69] Шъо ятIонэрэу Ащ хым шъутыригъэхьани, шIушIэ зэрэшъухэмылъым пае жьыбгъэ лъэш къыригъэпщэни, шъучIыригъэхьан зэрилъэкIыщтым шъущымыщынэуи? Джащыгъум Ащ пэшIуекIоу шъо ухъумакIо жъугъотыщтэп.
[17.70] Адам ыкъохэм Тэ шъхьэкIафэ афэтэшIы, гъушъапIэми хыми ахэр ащызэтэгъэзекIох, ахэмэ фэхъугъэ яттызэ, тяшIушIэ, Тэ къэдгъэхъугъэхэм анахьи нахь фэхъугъэ яIэу ахэмэ ащыщхэр тэшIых.
[17.71] ЗэкIэ цIыфхэм япегъэмбархэр ягъусэхэу Тэ тыкъызщяджэжьыщт мафэ къэхъущт. Джащыгъум ахэмэ ашIагъэхэр зыдэтхагъэр аIэ джабгъухэм къаратыщт, ежьхэм апае дэтхагъэм еджэщтых, хъурмэм ыкIэ телъ нэпIэ пIокIэ цIыкIум фэдизкIи агу хагъэкIыщтэп.
[17.72] Мы гъашIэм щынэшъугъэр ахърэтми щынэшъущт, нахь лъэшэу гъогум дэхыщт.
[17.73] Тэ къытпэшIуекIоу зыгорэ къэуугупшысыным пае щытхъу нэпцI къыфаIозэ, Тэ нафэ къыпфэтшIыгъэм ахэмэ удагъэхынкIэ макIэ иIэжьыгъэр. Джащыгъум ахэмэ о ныбджэгъоу уаштэщтыгъэ.

[17.74] Тэ пытагъэ къыпхэтымылъхьэгъагъэмэ, джыри тIэкIу тешIэжьыгъэмэ, ахэмэ алъэныкъокIэ о удэхыщтыгъэ.
[17.75] Джащыгъум Тэ фэдитIукIэ гъашIэми хьадэгъуми ущыдгъэпщынэщтыгъэ. ЕтIанэ Тэ къытпэшIуекIоу о IэпыIэгъу бгъотыныеп!
[17.76] О мы чIыгур егъэзыгъэкIэ къыуагъэбгынэным пае ащ урафынкIэ макIэ иIэжьыгъэр, джащыгъум ахэр уауж ащ бэрэ тетыжьыщтыгъэхэп.
[17.77] УапэкIэ Тэ къафэдгъакIощтыгъэхэ пегъэмбархэм хабзэу ахэлъыгъэм елъытыгъ, Тэ тихабзэхэм зыпари зэхъокIыныгъэ ахэбгъотэщтэп.
[17.78] Щэджэгъо ужым щегъэжьагъэу шIункI охъуфэ нэмаз шIы, нэфшъагъом КъурIаным еджь, сыда пIомэ КъурIаным нэфшъагъом уеджэ зыхъукIэ, шыхьатхэр щыIэх!
[17.79] Чэщыми угу етыгъэу нэмаз шIы, уи Тхьэ чIыпIэ шIагъо къыуитынкIи мэхъу!
[17.80] ЯIу: "Я Алахь! ИхьэпIэ занкIэкIэ сэ сищ, икIыпIэ занкIэкIэ сыкъищ, сыкъэзыухъумэн кIуачIэ о къысфегъэх".
[17.81] ЯIу: "Шъыпкъэр къызэкIом, пцIыр кIодыжьыгъэ: шъыпкъэ дэдэмкIэ, пцIыр кIодыжьынэу щыт!"
[17.82] Тхьэр зышIошъ хъурэмэ КъурIаным итэу Тэ къафедгъэхыгъ Iэзэгъумрэ шIушIэмрэ, Тхьэр зышIошъ мыхъурэмэ чIэнагъэу ашIырэр ащ нахь ин ешIы.
[17.83] ЦIыфым Тэ шIу зыфатшIэкIэ, ащ ыкIыб къегъазэшъ, IокIыжьы, тхьамыкIагъо къызехъулIэкIэ, ыгу мэкIоды.
[17.84] ЯIу: "Ежь зэрэшIоигъоу хэти мэзекIо, шъуи Тхьэ нахьышIоу ешIэ шъуащыщэу нахь гъогу занкIэ тетыр".
[17.85] Псэ лъапIэм фэгъэхьыгъэу ахэр о къыоупчIых. ЯIу: "Псэ лъапIэр си Тхьэ иунашъо елъытыгъ. Ащ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэу къышъуатырэр мэкIэ дэд ныIэп".
[17.86] Тэ тыфае хъумэ, нафэ къыфэтшIыгъэхэр птетхыжьынхэ тлъэкIыщт. Джащыгъум Тэ къытпэшIуекIон ухъумакIо бгъотыщтэп.
[17.87] О уи Тхьэ ишIушIэ фэшъхьаф бгъотыщтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIушIэныгъэу о Ащ къыфыриIэр ин дэд!
[17.88] ЯIу: "Мы КъурIаным фэдэ горэ зэхагъэуцонэу цIыфхэмрэ джынэхэмрэ зэрэугъоигъагъэхэми зэдэIэпыIагъэхэми, ащ фэдэ горэ ахэмэ зэхагъэуцон алъэкIыщтыгъэп".
[17.89] ЦIыфхэм ядгъэшIэным пае мы КъурIаным гъэсэныгъэ тхыдэ зыхэлъ къэбар кIэкI зэфэшъхьафхэр къыщытхьыгъэх, ау цIыфмэ янахьыбэр джаурэу къэнэным пае къаигъагъэ къызхагъафэ.
[17.90] Ахэмэ аIуагъ: "ЧIыгум псынэкIэчъ къытфычIэмыщыфэ, шIошъхъуныгъэ къыпфэтшIыщтэп,
[17.91] Е хъурмэхэмрэ сэнашъхьэхэмрэ дэтэу чъыг хатэ уиIэ хъумэ, ахэмэ псыхъо IорышIэр азфагу дэчъэу,
[17.92] Е, о зэрэпIоу, уашъор Iэбгъу=Iэбгъоу къытебгъэфэщт, е Алахьымрэ мэлаIичхэмрэ уигъусэу тапашъхьэ укъихьащт,
[17.93] Е дышъэкIэ гъэкIэрэкIагъэу унэ уиIэщт, е уашъом удэкIоещт. Ау узэрэдахьыещтыр тэ тызэджэщт тхылъыр О къытфеомыгъэхыфэ тшIошъ хъущтэп. "ЯIу: "Сэ си, Тхьэ щытхъур ыдэжь! Сэ Алахьым сырилIыкIоба?"
[17.94] Гъогу шъыпкъэм фэгъэхьыгъэ шIэныгъэр ашIошъ хъунымкIэ цIыфхэм сыда пэрыохъу къафэхъурэр? Мары ахэмэ аIуагъэр: "Алахьым цIыфыр лIыкIоу къыгъэкIогъэнэуи?"

[17.95] ЯIу: "ЧIыгум гупсэфэу щызекIохэу мэлаIичхэр щыIагъэхэмэ,Тэ ахэмэ мэлаIичыр лIыкIоу уашъом къафедгъэхыни".
[17.96] ЯIу: "Сэрырэ шъорырэ тизэнэкъокъу Алахьыр шыхьатэу зэриIэр икъущт: Ащ Ежь иIумэтхэм яIофхэр зэрегъафэх, ахэмэ алъэплъэ!"
[17.97] Алахьыр зипащэр ары гъогу занкIэ рыкIорэр, ыгъэгъуащэрэм Ащ фэшъхьаф къэзыухъумэн ыгъотыщтэп. Къаймэт мафэм анэгухэр егъэзыхыгъэхэу, ахэр нэшъухэу, бзакохэу, дэгухэу тыугъоищтых. Ахэмэ яшъхьэ=егъэзыпIэщтыр джэхьнэмыр ары: Ар кIуасэу зэрэрегъажьэу Тэ машIом къыкIэтэгъэсты.
[17.98] Джащ фэд ахэмэ тынэу яIэщтыр, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зышIошъ мыхъухэрэмэ аIо: "Тэ къупшъхьэ, яжьэ тызыхъужьрэм ыуж икIэрыкIэу тыкъэхъужьына?"
[17.99] Ахэмэ алъэгъугъэба Алахьэу уашъомрэ чIыгумрэ къэзгъэшIыгъэм ахэмэ яхьщыр къыгъэхъун зэрилъэкIыщтыр, джэнджэш зыхэмылъ пIалъэ Ащ зэрафигъэуцугъэр? Ау диныр зыгу имылъмэ, шIошъмыхъуныгъэм фэшъхьафрэу, зэкIэ щагъэзые.
[17.100] ЯIу: "Сэ си Тхьэ ишIушIэ гъэтIылъыпIэхэр шъуIэ илъыгъэхэми, ащыгъуми тхьамыкIэ шъухъуным шъущыщтэзэ, тын шъушIыныеп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыфыр хьэрам!"
[17.101] Тэ Мосэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъибгъу къеттыгъ. АщкIэ Исраил ыкъохэм шъуяупчIымэ нахьышIу. Ар ахэмэ адэжь къызэкIом, Фирхьаун къыриIуагъ: "О, Мос, хъопсагъомэ удахьыхыгъэу сегупшысэ".
[17.102] Ащ ыIуагъ: "Мыхэр Iэятэ нэрылъэгъухэу уашъомрэ чIыгумрэ я Тхьэ къыригъэхыгъэх, сэ сишIошIыкIэ, фирхьаун, узтекIодэщт гъогум утехьагъ".
[17.103] фирхьаун ахэр хэгъэгум рифынхэу шIоигъуагъ. Тэ ежьыри ащ игъусагъэхэри чIедгъэхьагъэх.
[17.104] ЕтIанэ Исраил ыкъохэм ятIуагъ. "Хэгъэгум шъущыпсэу, ахърэт гъашIэм игъунапкъэ къызысыкIэ, шъо зэкIэмэ шъузэгъусэу шъутыугъоищт".
[17.105] ШъыпкъэмкIэ, Тэ КъурIаныр къедгъэхыгъ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар уашъом къехыгъ. О, Мыхьамэт, мэкъэгъэIоу, уяушъыизэ агурыбгъэIонэу Тэ укъэдгъэкIуагъ ныIэп.
[17.106] Шъхьэ мыинхэм цIыфмэ уакъыфеджэзэ пшIыным пае Тэ КъурIаныр шъхьэрышъхьэу дгощыгъэ, Тэ ар уашъом къедгъэхыгъ.
[17.107] ЯIу: "Ар шъушIошъ мэхъуми е мыхъуми, ащ фэдизэу Iофэп.Ащ ыпэкIэ шIэныгъэ къызэратыгъэхэр КъурIаным иIэятэмэ къяджэхэ зыхъукIэ, зырадзыхышъ, натIэкIэ чIыгум нэсых.
[17.108] АIо: "Тэ ти Тхьэ щытхъур ыдэжь! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ти Тхьэ тызэригъэгугъэрэр къэхъу".
[17.109] Гъыхэзэ, ажакIэ ахэр тефэжьых, ахэмэ ешIуныгъэу ахэлъыр нахь ин мэхъу".
[17.110] ЯIу: "Алахьым ыцIэ къешъоIомэ е ГукIэгъу зыхэлъым ыцIэ къешъоIомэ, шъо сыдэущтэу шъуеджагъэми, анахь цIэ шIагъохэр Ащ иIэх. Уинэмаз умакъэ щымыIэтыщ, ау уIушъашъэуи ар къэмыIу, гурытым лъыхъу.
[17.111] ЯIу: "Шъаохэр зимыIэу, лъэкIэу иIэмкIэ зыфэдэ щымыIэу Алахьым щытхъур ыдэжь! Тхьэр агъэцIыкIуным щиухъумэнэу зыпшъэ ралъхьан псэ зыпыт щыIэп!" Ар лъапIэу, лъагэу зэрэщытыр ягъашIэзэ ищытхъу Io!

Алкэхьыф

Бисми Лахьи Рахьмани рахьим!
[18.1] Мы тхыгъэр Ежь иIумэт къыфезгъэхыгъэ Алахьым щытхъур ыдэжь, ащ къончагъэ къыдигъэхьагъэп!

[18.2] Ежь лъэкIышхо зэриIэр къыуигъэшIэным пае шъыпкъагъэ зыхэлъ тхыгъ, Тхьэр зышIошъ хъухэу шIу зышIэхэрэм тын лъапIэ яIэ зэрэхъущт къэбарымкIэ егъэгушIох,
[18.3] Ахэр егъашIэм джэнэтым зэрисыщтхэр къареIо;
[18.4] Моущтэу зыIуагъэхэр егъэщынэх: "Алахьым кIэлэцIыкIухэр иIэх".
[18.5] АщкIэ ахэмэ шIэныгъэ яIэп, ятэхэми ар яIагъэп. Ахэмэ ажэ къыдэкIырэ гущыIэм гунахьышхо хэлъ! Ахэмэ аIорэр пцIы!
[18.6] Мы шIэныгъакIэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрэфамышIырэм пае ахэмэ язекIуакIэ о гухэкIышхо уегъэшIынкIи хъун.
[18.7] ШъыпкъэмкIэ, ахэмэ ащыщэу изекIуакIэкIэ нахьышIур тыушэтыным пае, зэкIэ чIыгум тетымкIэ ар дгъэкIэрэкIагъэ.
[18.8] Ащ тетыр зэкIэ Тэ Iошъхьэ хэIэтыкIыгъэу дгъэпсынышъ, зыпари къытемыкIэжьэу тшIыщт.
[18.9] Е гъочIэгъым е Арракъим щыпсэущтыгъэхэр Тэ тищысэ шIагъомэ ащыщэу о къыпшIошIа?
[18.10] Мары, кIэлэ Iэтахъомэ гъочIэгъым зыщагъэбылъи,аIуагъ: "Ярэби я Алахь, уишIушIэ о къытэт, тиIоф занкIэ къытфэшI".
[18.11] Ахэмэ атхьакIумэхэр илъэс пчъагъэкIэ Тэ зэфэтшIыгъэх.
[18.12] ЦIыф купитIум язэу ахэр гъочIэгъым зэрэчIэлъыгъэхэ уахътэр нахьышIоу къэзылъытэщтыр зэдгъэшIэным пае, ахэр Тэ къэдгъэнэхъэжьыгъэх.
[18.13] Ахэмэ афэгъэхьыгъэ къэбархэр хьакъым тетэу Тэ къыпфэтIотэщт. Я Тхьэ шIошъхъуныгъэ фызиIэ кIалэхэу ахэр щытыгъэх, гъогу занкIэм фэкIонхэм нахь фаблэхэу Тэ ахэр тшIыгъэх.
[18.14] Ахэр къэтэджхи къызаIом: "Тэ ти Тхьэ уашъомрэ чIыгумрэ я Тхь, Ащ готэу тэ тхьэ горэм ыцIэ къетIощтэп. Тэ ащыгъум гъунапкъэм тикIыщтыгъэ", Тэ ахэмэ агухэр дгъэпытагъэх.
[18.15] Тэ тилъэпкъэгъухэм, Ащ фэшъхьафэу, нэмыкIы тхьэхэр алъытэх. Ахэр зэрэщыIэхэр къагъэшъыпкъэжьхэу къарэгъэлъагъох. Алахьым имыхьакъ езыIуалIэрэм нахь мызафэ мэхъужьа?
[18.16] Шъо ахэмэ шъуагокIыгъэмэ, Алахьым фэшъхьафэу ахэмэ шъхьащэ зыфашIыщтыгъэр щыжъугъэзыягъэмэ, гъочIэгъым зыщыжъугъэбылъ, Тхьэм ишIушIэ къышъуфищэищт, шъуиIофкIэ IэпыIэгъу къышъуфигъэхьазырыщт.
[18.17] Олъэгъу тыгъэр къыкъокI зыхъукIэ, ахэмэ ягъочIэгъ иджабгъукIэ рекIокIыщтыгъэ, къуахьэ зыхъукIэ, ахэмэ ясэмэгукIэ ябгъукIощтыгъэ,ежьхэр ащ ыгузэгу исыгъэх. Алахьым ищысэтехыпIэмэ ар ащыщ: Алахьыр зыфаер гъогу занкIэ рэкIо, Ащ дигъэхрэм къэзыухъумэни пащэ фэхъуни ыгъотыщтэп.
[18.18] Ахэр мэчэфыхэу о уегупшысэ, ау ахэр мэчъыех, Тэ ахэр сэмэгубгъумкIэ джабгъу лъэныкъомкIэ зэпырытэгъазэх, ахэмэ яхьи ылъакъохэр зэкIищхи, пчъэшъхьаIум тырилъхьагъэх, ахэр о плъэгъугъэхэмэ, уащыщынэзэ, кIэпIэжьыни.
[18.19] Зым адырэр еупчIыжьыным пае Тэ ахэр къэдгъэхъужьыгъэх. Ахэмэ ащыщ къэупчIагъ: "Сыд фэдизрэ мыщ шъучIэлъыгъа?" Ахэмэ аIуагъ: "Мыщ зы мафэ е мафэм щыщ Iахьэ тыщыIагъ". Ахэмэ аIуагъ: "Шъо мыщ шъузэрэщыIагъэр шъощ нахьышIоу шъуи Тхьэ ешIэ. Джы шъуащыщ горэ мы ахъщэр ыIыгъэу къалэм жъугъакIо, зигъомылэ нахь къабзэм къерэплъ, шъушхыщтым фэдиз къерэхь. Ау шъырытэу орэзекIо, шъо шъуикъэбар зыпарэми рерэмыгъашI.
[18.20] Ахэр шъуадэжь къызыкIохэкIэ, е мыжъохэмкIэ шъуаукIыщт, е ежьхэм ядин шъурагъэхьащт, аущтэу эыхъукIэ, шъо егъашIэрэу насыпышIо шъухъущтэп".

[18.21] Алахьым къызэригъэгугъагъэхэр зэрэшъыпкъэр, дунаир зыщыкIодыжьыщт сыхьатым джэнджэш зэрэхэмылъыр ашIэным пае Тэ ахэмэ ар ядгъэшIагъ! Ежьхэм яIофхэмкIэ ахэр зэгокIыгъэхэу зэнэкъокъух, аIуагъ: "Ахэмэ ашъхьагъ унэ горэ ижъугъэуцу. я Тхьэ ахэр анахьышIоу ешIэх". Ахэмэ яIофхэмкIэ апэ итхэм аIуагъ: "Ахэмэ ашъхьагъ мэщыт идгъэуцощт!"
[18.22] Ахэмэ аIощт: "Ахэр щы хъущтыгъэх, яплIэнэрэр ахэмэ яхь", джащ фэдэу аIощт: "Тфы, яхэнэрэр ахэмэ яхь", джаущтэу амышIэрэр зэхаIухьэщтыгъэ, аIощтыгъэ: "Блы, яенэрэр ахэмэ яхь". ЯIу: "Сэ си Тхьэ нахьышIоу ешIэ ахэмэ япчъагъэ. Ар зышIэрэр макIэ ныIэп". Зэнэкъокъур занкIэу зэшIохыгъэ мыхъурэмэ, ащ пае ахэмэ о уямынэкъокъу, афэгъэхьыгъэу ишIошIыкIэ хэти ахэмэ ащыщ уемыупчI.
[18.23] Сыд фэгъэхьыгъэуи о сыдигъуи умыIо: "Ар неущ сшIэн.
[18.24] Алахьым ыIомэ умыIоу, зыпщыгъупшэжькIэ, уи Тхьэ угу къэгъэкIыжь, Iо: "Сэ мыщ шъыпкъэу сыкъекIугъэшъ, си Тхьэ гъогу занкIэ къысигъэлъэгъункIи мэхъу".
[18.25] Ахэр ягъочIэгъ илъэс шъищэ чIэсыгъэх, ащ илъэсибгъу хагъэхъожьыгъ.
[18.26] ЯIу: "Ахэр зэрэчIэсыгъэхэм ибагъэ Алахьым нахьышIоу ешIэ. Уашъоми чIыгуми шъэфэу яIэр Ащ ешIэ. Ащ нафэу зэрилъэгъурэр, Ащ нафэу зэрэзэхихрэр! Ахэмэ яIэп Ащ фэшъхьаф IэпыIэгъу къафэхъун, Ащ рихъухьэхэрэмкIэ зыпари зыгуигъэуцорэп".
[18.27] Уи Тхьэ итхыгъэ щыщэу о къыпфызэIухыгъэм къедж, Ащ игущыIэхэр зэблэзыхъун щыIэп. Ащ фэшъхьафэу укъэзыухъумэн о сыдигъуи бгъотыщтэп.
[18.28] Ащ ынапэ кIэхъопсыхэу я Тхьэ пчэдыжьрэ пчыхьэрэ елъэIухэрэм ренэу апэблагъэу щыт, ахэмэ уинэплъэгъу атемых, гъэшIэ Iахьым идэхагъэ зыдебгъэхьыхэу, Тэ агу тыкъэкIыным емыгугъынэу Тэ тшIыгъэхэм, ежь яшIоигъоныгъэ дихьыхыгъэхэм, зиIофхэм лыягъэ хэлъхэм уафэмыIорышI.
[18.29] ЯIу: "Шъыпкъэр шъуи Тхьэ дэжь къекIы. Фаем шIошъхъуныгъэ ышIыщт, фаер джаур хъущт". Зэфагъэ зыхэмылъхэм Тэ афэдгъэхьазырыгъэр машIо, ащ щатырэм фэдэу ахэр къыухъурэяхьыщтых, ау ахэр IэпыIэгъу къыкIэлъэIухэмэ, псынкIэу IэпыIэгъу афэхъущтых, ау ар нэгур кIэзыстыкIрэ гъучI гъэткIугъэм фэдэщт. Шъоныпс хьэзаб, шъхьэегъэзыпIэ дэй!
[18.30] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэр, IофышIу зышIэщтыгъэхэм ятынхэр Тэ дгъэкIодыщтхэп.
[18.31] Ахэмэ апай егъэшIэрэ псыхъохэр зыщычъэхэрэ джэнэтхэр, ахэмэ ащ дышъэ IэхъухэмкIэ зыщагъэкIэрэкIэщт, уцышъо щыгъынхэу альтэсым, дэнэ Iужъоу тыжьынрэ дышъэрэ зыхэдагъэхэр зыщалъэщтых, тахътэ тIысыпIэмэ атесыщтых. Тын лъапI, шъхьэегъэзыпIэ дэгъу!
[18.32] Гъэсэпэтхыдэу нэбгыритIу ахэмэ къафэхь. Зым Тэ сэнэшъхьэ хэтитIу хъурмэ чъыгхэр къякIокIыхэу фэтшIыгъ, ахэмэ азфагу лэжьыгъэкIуапIэхэр дэтыщтых,
[18.33] ХэтитIуми пхъэшъхьэ=мышъхьэхэр къатыгъэх, ахэмэ ащыщ зыпари дгъэкIодыгъэп. Ахэмэ азфагу Тэ псыхъо рытщагъ.
[18.34] Ащ пхъэшъхьэ=мышхьэхэр иIагъэх, ащ къыдэгущыIэщтыгъэ ныбджэгъум риIуагъ: "Сэ ощ нахьи мылъкукIэ сынахь бай, бынымкIи сынахь насыпышIу".
[18.35] Ежь=ежьырэу шъхьакIо зэрихыжьи, ар ихатэ дэхьагъ, ыIуагъ: " Мыр зэгорэм кIодынэу къысшIошIрэп.
[18.36] Ащ фэдэ уахътэ къэкIонэу сегупшысэрэп. Сэ си Тхьэ дэжь згъэзэжьынэу хъумэ, мыщ ычIыпIэ ащ нахьышIу къыщысатыщт".
[18.37] Ащ къыдэгущыIэзэ, иныбджэгъу къыриIуагъ: "О сапэм ухэзышIыкIыгъэм, етIанэ хъопсащэм, етIанэ цIыф теплъэ озгъэгъотыгъэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фыуимыIэнэуи?

[18.38] Ау Алахьыр си Тхьэ, си Тхьэ зыпари гозгъэуцорэп!
[18.39] О уичъыг хатэ узыдахьэм, пIуагъэмэ: "Алахьым зэрэшIоигъу, Алахьым цIыфым кIуачIэ къыхелъхьэ". Сэ мылъкукIи кIалэхэмкIи ощ нахьи сынахь тхьамыкIэу сыолъэгъуми,
[18.40] Сэ си Тхьэ уичъыг хатэ нахьи нахьышIу къыситынкIи мэхъу, о уичъыг хатэ зыгъэкIодын уашъом къыфыригъэхынышъ, ар чIыгу джашъоу къэнэн,
[18.41] Е псыр чIыгум чIэхьажьынышъ, о сыд пшIагъэкIи къыфэгъотыжьынэп".
[18.42] Чъыг хатэм къыпыкIагъэр зэкIэ кIодыгъэ, джы ар лъапсэу иIагъэм нэсэу унэхъугъэу, ащ тыригъэкIодагъэм пае ыIэхэр зэриутэкIэу ригъэжьагъ, еIо: "Сэ си Тхьэ зыпари госымыгъэуцощтыгъэмэ!"
[18.43] Алахьым фэшъхьафэу ащ къыдеIэн купи иIагъэп, зыухъумэни щыIагъэп.
[18.44] Олъэгъу: Алахь закъор ары укъэзгъэнэжьыщтыр. Ар къыотэнымкIи кIэух пфэхъущтымкIи нахьышIу.
[18.45] ГъэшIэ Iахьыр зыфэдэр ахэмэ ягъэлъэгъу. Ар псэу уашъом къедгъэхрэм фэд; чIыгум тет уцхэр ащ хэкIухьэхэшъ, жьыбгъэм зэрихьэрэ хэкI гъушъэ мэхъужьых. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[18.46] Баиныгъэмрэ кIалэхэмрэ гъэшIэ Iахьым игъэдэхалъэх, ау мыкIодыжьыщтыр уи Тхьэ ыпашъхьэ IофышIоу щыпшIэхэрэр ары, ахэр тыними гугъапIэми анахьышIух.
[18.47] А мафэм Тэ къушъхьэхэр ячIыпIэ зидгъэкощыкIыхэкIэ, чIыгур зэныбжь зэрэхъущтыр плъэгъущт. Тэ ахэр тыугъоижьыщтых, ахэмэ ащыщ зыпари къэдгъэнэщтэп.
[18.48] Уи Тхьэ ыпашъхьэ ахэр сатырэу зэготхэу рагъэуцощтых. Апэрэу тэ шъукъызэрэдгъэхъугъэм шъутетэу, тадэжь шъукъэкIожьыгъ. Охътэ гъэнэфагъэ шъуфэтымыгъэуцущтэу шъорыба зыIощтыгъэр.
[18.49] Тхылъыр арагъэлъэгъущт, псэкIодшIэгъабэ зиIэхэр ащ итым ыгъэщтагъэхэу плъэгъущт. Ахэмэ аIо: "Тэ Тхьэр къытэуагъ, ар сыд тхылъа, цIыкIуи ини ащ дэмытхагъэ къэнагъэп!" ЗэкIэ ашIагъэр ахэмэ нэрлъэгъу афэхъужьыгъ. Уи Тхьэ зыпарэми ыгу хигъэкIрэп!
[18.50] Тэ мэлаIичмэ ятIуагъ: "Адамэ шъхьащэ фэшъушI!" Иблыс фэшъхьафрэ, ахэмэ шъхьащэ фашIыгъ. Ар джынэмэ ащыщыгъ, и Тхьэ игъогу дэхыгъ. Сэ счIыпIэкIэ ащ къытекIыгъэхэр ухъумакIохэу шъуштэнхэуи. ШъоркIэ ахэр пыих. ЗэфэнчъэхэмкIэ ар зэблэхъукIэ дэй!
[18.51] Уашъомрэ чIыгумрэ сэ къызысэгъэшIхэм е ежьхэр къызысэгъэхъужьхэм, ахэр шыхьатэу сштэгъагъэхэп. Гъогум дэзгъэхыхэрэр Сэ IэпыIэгъу зыфэсшIыжьхэрэп.
[18.52] А мафэм Ащ ыIощт: "Сэ сигъусэхэу шъулъытэщтыгъэхэм шъуялъэIу". Ахэмэ къяджагъэх, ау джэуап къаратыжьыгъэп, ахэр зыдэкIодэщтхэ тIокIэ куур азфагу дэтлъхьащт.
[18.53] ПсэкIодшIэгъабэ зиIэхэм джэхьнэм машIор алъэгъугъ, ащ зэрэхэфэщтхэм егупшысагъэх. Ащ щызыухъумэнхэ агъотыгъэп.
[18.54] Мы КъурIаным цIыфмэ апае Тэ гъэсэпэтхыдэ зэфэшъхьафхэр къыщытхыгъэх, ау нахьыбэмкIэ цIыфыр нэкъокъоным фэкъаигъ!
[18.55] Мы цIыфхэр гъогу занкIэм рыкIонхэу унашъо къызыфэкIуагъэм, я Тхьэ къафигъэгъунэу елъэIунхэу зыхъугъэхэм ыуж шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIынымкIэ сыда пэрыохъу къафэхъурэр? НахьыпэмщыIэгъэ цIыфхэм къяхъулIагъэр къяхъулIэнэу фаеха е зэкIэмэ янэрлъэгъоу агъэпщынэхэ ашIоигъуа?

[18.56] Къэбар гушIуагъо, щынагъо амыхьэу Тэ лIыкIохэр дгъэкIогъагъэхэп. Джаурмэ язэнэкъокъукIэ шъыпкъэр пцIыкIэ ракIы ашIоигъу, Тэ ти Iэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэри зэрэдгъэщынэхэри дэхьащхын ашIыгъэх.
[18.57] Ахэмэ я Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр араIохэ зыхъукIэ, акIыб къафэзгъазэхэу, нахьыпэкIэ аIэхэм ашIэщтыгъэр зыщыгъупшэжьхэрэм анахь псэкIодышIэ мэхъужьа? Ахэмэ КъурIаныр къагурымыIоным пае агухэм Тэ техъон афэтшIыгъ, атхьакIумэхэр дэгу тшIыгъэх. Гъогу занкIэ рыкIонхэу ахэмэ узяджэкIэ, гъогур сыдигъуи ахэмэ къагъотыщтэп.
[18.58] Уи Тхьэ къыпфегъэгъу, гукIэгъушIэныр ыIэ илъ, ахэмэ зыфашIэжьыгъэм пае ыгъэпщынэнхэу Ар фэягъэмэ, ахэр псынкIэу Ащ ыгъэпщынэнхи. Ау пIэлъэ гъэнэфагъэ яI, сыдигъуи Ащ фэшъхьаф шъхьэегъэзыпIэ ахэмэ агъотыщтэп.
[18.59] А къуаджэхэри зэфэнчъэ зэхъухэм, Тэ дгъэкIодыгъэх, ахэр дгъэкIодынхэм пае пIэлъэ гъэнэфагъэ дгъэуцугъэ.
[18.60] Мары, зэгорэм Мосэ иIофышIэ кIалэм риIуагъ: "Илъэс тIокIиплIэ сыкIонэу хъугъэми хитIу зыщызэхэлъэдэжьрэм сынэмысэу сыуцущтэп.
[18.61] Хыхэр зыщызэхэлъэдэжьрэм ахэр зынэсхэм, япцэжъые ащыгъупшэжьыгъ, ащ игъогу шъхьафитэу хым фигъэзагъ.
[18.62] Ахэр къызэсыхэм, иIофышIэ риIуагъ: "Типчэдыжьышхэ къаштэ, гъогум тытепшъыхьагъ".
[18.63] Ащ ыIуагъ: "ОшIэба, къушъхьэ цакIэм дэжь тыкъызщэуцум, пцэжъыер сщыгъупшагъ. Сэ сыгу къэмыкIыжьыным пае шэйтаным ар сщигъэгъупшагъ, ащ гъэшIэгъонэу хымкIэ игъогу ыгъэзагъ".
[18.64] Ащ ыIуагъ: "Тэ ары тшIоигъуагъэр". Ялъэужхэм къарыкIожьхэзэ, нэбгыритIуми къагъэзэжьыгъ.
[18.65] Тэ тиIумэтхэм ащыщ ахэмэ къагъотыгъ. Тэ ащ тигукIэгъушIэ еттыгъагъ, Тэ тишIэныгъэ едгъэшIагъ.
[18.66] Ащ Мосэ риIуагъ: "О гъогу занкIэм фэгъэхьыгъэу къыуаIуагъэр сэбгъэшIэным пае уауж сыкъырырэкIуа?
[18.67] Ащ ыIуагъ: "О усигъусэмэ, фэщэIэщтэп.
[18.68] ШIэныгъэ зыфыуимыIэр сыдэущтэу фэщэIэна?"
[18.69] Ащ ыIуагъ: "Алахьыр фаемэ, щэIагъэ схэлъэу сыбгъотыщт, уиунашъо горэм сыдэхыщтэп".
[18.70] Ащ ыIуагъ: "О сауж укъызырыкIокIэ, сэ угу къэсэмыгъэкIыжьыфэ сыд лIэужыгъуи укъыкIэмыупчI".
[18.71] Ахэр ежьагъэх, къухьэм исхэ зэхъум, адырэм ащ гъуанэ фишIыгъ. Ащ риIуагъ: "Мыщ исхэр чIебгъэхьанхэм пае гъуанэ фэпшIыгъа? О къэшIэгъуаеу узекIуагъ!"
[18.72] Ащ ыIуагъ: "Сэ къыосIуагъэба усигъусэнкIэ о щэIагъэр зэрэпфимыкъущтыр?"
[18.73] Ащ ыIуагъ: "Сщыгъупшагъэм пае укъысэмыгый, хьылъэ дэди къыстемылъхь!"
[18.74] Ащ ыуж ахэр кIалэм IокIэфэхэ кIуагъэх, адырэм ар ыукIыгъ. Ащ ыIуагъ: "УкI зытемылъэу, цIыф хыер сыд пае уукIыгъа? О жъалымэу узекIуагъ!"
[18.75] Ащ ыIуагъ: "Сэ усигъусэмэ, щэIагъэ къыпхэфэн зэрэмылъэкIыщтыр къыосIогъагъэба?"
[18.76] Ащ ыIуагъ: "Мыщ ыуж сыд лIэужыгъо фэгъэхьыгъэми сыкъызыоупчIыкIэ, гъогогъу сызфэмышIыжь: Джыри зэ къысфэгъэгъу".
[18.77] Ащ ыуж нэбгыритIур къуаджэ горэм нэсыфэхэ кIуагъэх, щыпсэухэрэм шхын къаратынэу ялъэIугъэх, ау ахьакIэнхэу фэягъэхэп. Ахэмэ дэпкъ горэ къызэхэфэнэу ежьагъэр алъэгъугъ, игъусэ ар ыгъэцэкIэжьыгъ. Ащ ыIуагъ: "О уфэягъэмэ, ащ тефэрэ

уасэр къыуатыни".

[18.78] Ащ ыIуагъ: "Орырэ сэрырэ мы чIыпIэм тыщызэгокIы. О щэIагъэ къызэрэпхэмыфагъэм мэхьанэу иIэр къыосIощт.
[18.79] Къухьэм фэгъэхьыгъэр армэ, ар хым щылэжьэрэ тхьамыкIэмэ яягъ. Ар сэ зэщызгъэкъоным сыфэягъ, сыда пIомэ, къухьэхэр зэкIэ лIыгъэкIэ аIызыхырэ пачъыхьэр ахэмэ акIыб дэтыгъ.
[18.80] Шъэожъыем фэгъэхьыгъэр армэ, ащ янэ=ятэхэм Тхьэр ашIошъ хъоу щытыгъэ, мыдэIоныгъэрэ шIошъмыхъуныгъэрэ ащ пахыным тэ тыщыщтагъ.
[18.81] Тхьэм ащ ычIыпIэ нахьышIоу, нахь къабзэу, гукIэгъу хэлъэу къо къаритыным тэ тыфэягъ.
[18.82] Дэпкъыр къуаджэм щыщ шъэожъые ибитIу яягъ, ахэмэ апае ащ ычIэгъ мылъку чIэтIагъэ чIэлъыгъ, ахэмэ ятэ диныр ышIошъ хъущтыгъ, ахэмэ анибжь икъуни, чIэтIагъэр уи Тхьэ ишIушIэ хэлъэу къычIахыжьыным уи Тхьэ фэягъ. Сэ зэрисхъухьагъэу ар сшIагъэп. О пфэмыщыIагъэм джары къэбарэу пылъыр".
[18.83] БжъэкъуитIу зытетым фэгъэхьыгъэу ахэр о къыоупчIых. ЯIу: "Ащ фэгъэхьыгъэу сэ гукъэкIыжьхэм сакъышъуфеджэщт".
[18.84] Тэ ащ мы чIыгум лъэкIышхо щедгъэгъотыгъ, зэкIэмэ якIурэ гъогу едгъэгъотыгъ,
[18.85] Ар зы гъогу рыкIуагъ.
[18.86] Ар тыгъэ къохьапIэм зынэсым, мэ Iае зыхэурэ псынэкIэчъым дэжь ар щыкъохьажьэу ылъэгъугъ, ащ дэжь цIыфхэр Iутыгъэх. Тэ тIуагъэ: "О БжъэкъуитIу, е о бгъэпщынэщтых е шIу афэпшIэщт".
[18.87] Ащ ыIуагъ: "Мызафэр тэ дгъэпщынэщт, етIанэ ар ежь и Тхьэ дэжь ыгъэзэжьыгъэ хъущт, Ащ пщынэжь хьылъэкIэ ар ыгъэпщынэщт.
[18.88] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэу, шIу зышIэрэм тын шIушIагъэ фэтшIыщт", ащ амал псынкIагъо Тхьэм ритыщт.
[18.89] Ащ ыуж ар зэрэкIон амал Тхьэм ритыгъ.
[18.90] Тыгъэ къокIыпIэм ар зынэсым, тыгъэр къызфыкъокIыхэрэ цIыфхэм ашъхьагъ Тэ зыпари техъон зэрэщытымышIыгъэр ащ ылъэгъугъ.
[18.91] Джаущтэу ар щытыгъ, джы ащ къехъулIэгъэ къэбархэр къэтэтых.
[18.92] Ар зы гъогу рыкIуагъ.
[18.93] ДэпкъитIум азфагу илъ чIыгум нэсыфэ, ар кIуагъэ.Бзэ лъэпкъ горэ ерагъэу къагурыIоу, ахэмэ азфагу ащ цIыф лъэпкъ щилъэгъугъ.
[18.94] Ахэмэ аIуагъ: "О БжъэкъуитIу, Яджыджрэ Мэджыджрэ мы чIыгум тхьамыкIагъохэр щызэрахьэх, ахэмрэ тэрырэ тазфагу о псыIушIэ ибгъэуцоным пае уасэ горэ о къыотэрэта?"
[18.95] Ащ ыIуагъ: "Сэ си Тхьэ пытагъэу къысхилъхьагъэр нахьышIу, кIуачIэкIэ шъукъыздеIи, шъорырэ ахэмрэ азфагу гъунапкъэхэр изгъэуцощтых.
[18.96] ГъучI бзыгъэхэр къысфэшъухь" Бгышъхьэ чэпитIум азфагу зэщиз ащ зешIым, ыIуагъ: "ШъукIапщ!" Ар машIо зашIым, ыIуагъ: "Къысфэшъухьи, ащ гъучI ткIугъэр хэскIэщт".
[18.97] Ахэр ащ дэкIынхи гъуанэ фашIыни афэлъэкIыгъэп.
[18.98] Ащ ыIуагъ: "Ар сэ си Тхьэ игукIэгъушIагъ, Сэ си Тхьэ пIуалъэу ышIыгъэр къызысыкIэ, мыр Ащ хьаджыгъэ фэдэу ышIыщт; сэ си Тхьэ къэхъунэу зыфиIорэр шъыпкъэу къэхъу".

[18.99] Джащыгъум Тэ ахэр зэнэкъокъухэу къэдгъэнэщтых, сырынэм къызепщэхэкIэ, зэкIэри зэхэтхэу Тэ тыугъоижьыщтых.
[18.100] А мафэм зынэхэм пщагъо атетэу Сэ сишIэныгъэ зымылъэгъущтыгъэхэм,
[18.101] Зэхэзыхын зымылъэкIыщтыгъэхэ джаурмэ джэхьнэмыр нафэу ядгъэлъэгъущт.
[18.102] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэ сиIумэтхэр Сэ счIыпIэ ухъумакIохэу аштэнхэу егупшысэщтыгъэхэуи? Джаурмэ япсэупIэнэу Тэ джэхьнэмыр афэдгъэхьазырыгъ.
[18.103] ЯIу: "Iофэу ашIагъэхэм пае чIэнагъэ фэшъхьаф зымышIыщтыгъэхэм,
[18.104] ГъашIэу зыхэтхэм ахэр зэрэщыгъощагъэхэр, ахэмэ ашIэрэр дэгъоу къызэрашIошIырэмэ ацIэ сэ къышъосэрэIуа?"
[18.105] Ахэмэ я Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фамышIэу, Ащ зэрэIукIэжьыщтхэр зышIошъ мыхъущтыгъэхэм яIофхэр пкIэнчъэхэу къычIэкIыгъэх, къаймэт мафэм Тэ ахэмэ зыпари уасэ афэтшIыжьыщтэп.
[18.106] Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афамышIэу, ахэри силIыкIохэри кIэнэкIалъэ зэрашIыщтыгъэхэм пае ахэмэ тынэу яIэр джэхьнэмыр ары.
[18.107] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу шIу зышIэщтыгъэхэм апай джэнэтхэр,
[18.108] Ахэр егъашIэм зыдэщыIэщтхэр ар зэблахъунхэуи фэещтхэп.
[18.109] ЯIу: "Сэ си Тхьэ игущыIэхэр ратхынхэм пае хыр мэрчэп хъугъагъэмэ, ащ фэдиз Тэ джыри хэдгъэхъуагъэми, си Тхьэ игущыIэхэр тымыухыхэзэ, нахьыпэ хыр игъукIыни".
[18.110] ЯIу: "Сэ сышъуфэдэу сыцIыф, шъуи Тхьэ зэу зэрэщытыр къысфырагъэхыгъэу сэшIэ. И Тхьэ IукIэжьыным щыгугърэм IофышIу ерэшI, и Тхьэ шъхьащэ фишIы зыхъукIэ, зыпари Ащ гуерэмыгъэуцу".

Мэриэм

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[19.1] Каф хьа Йа Айн шъад
[19.2] Уи Тхьэ иIумэт Зэчэрые шIоу къыфишIагъэм ехьылIэгъэ гукъэкIыжь.
[19.3] Мары, ар и Тхьэ шъэф лъэIукIэ елъэIугъ.
[19.4] ЫIуагъ: "Я Алахь! Къупшъхьэу схэлъхэр кIочIаджэ хъугъэх, сшъхьэ фыжьы хъугъэ, къыфэзгъазэщтыгъэ сидыухьэхэм, Тхьэ, гъэхъагъэ къысфамыхьэу щытыгъэп.
[19.5] ШъыпкъэмкIэ, сауж къэкIрэ сиIахьылхэм сатещыныхьэ, сишъуз бгъэ: О уиIизын хэлъэу сиIоф лъызгъэкIотэн къысэт!
[19.6] Сэ сикIэн ащ IукIэжьыщт, Якъубэ илъэпкъ икIэни IукIэжьыщт, Ори уигъэразэу, я Алахь, ар шIы!"
[19.7] "О Зэчэрый, Яхьые зыцIэ шъэожъыем фэгъэхьыгъэ къэбарымкIэ Тэ утэгъэгушIо! ЫпэкIэ ащ фэдэ цIэ Тэ зыпарэми фэтшIыгъагъэп".
[19.8] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, сэ сыдэущтэу шъэожъые къысфэхъуна: Сишъузи бгъэ, сэри сижъыгъо гъунэм нэсыгъ?"
[19.9] ЫIуагъ Ащ: "О уи Тхьэ джаущтэу ыIуагъ: "СэркIэ ар IэшIэх. Ащ ыпэкIэ Сэ укъэзгъэхъугъ, о зыми ущыщыгъэп".
[19.10] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь! ЩысэтехыпIэ горэ къысфегъэх! "ЫIуагъ Ащ: "Упсаоу ущытзэ, Чэщищэ цIыфмэ узэрадэмыгущыIэщтыр оркIэ щысэтехыпIэ хъущт".
[19.11] КъыблэмкIэ ар къикIи, ицIыф лъэпкъ къыхэхьагъ, ащ IапэкIэ гуригъэIуагъ": "Пчэдыжьыми, пчыхьэми щытхъур Ащ фашъуIу".
[19.12] "О Яхьые, тхыгъэм пытэу гот!" Ар шъэожъыеу зыщэтым, Тэ Iушыгъэр еттыгъ,
[19.13] ГукIэгъуи къэбзагъи фэтшIыгъ, Тхьэм ищынагъо ыгу илъэу щытыгъ,

[19.14] Янэ=ятэхэм афэшIугъ, жъалымэу, мыдаIоу щытыгъэп.
[19.15] Ар къызщыхъугъэ мафэм, зыщылIэжьыщт мафэм, псэоу къызщыхъужьыщт мафэм мамыр егъот!
[19.16] Мы тхыгъэм Мерэм угу къыщыгъэкIыжь. Мары, ар иунагъо хэкIи, тыгъэкъокIыпIэ чIыпIэ кIуагъэ;
[19.17] Ахэмэ къамылъэгъунэу пэIухъо нэпIэхъ къыIуихъуагъ. Тэ ащ дэжь Ти мэлаIич дгъэкIуагъэ, ащ ыпашъхьэ цIыф шъыпкъэм итеплъэ зыщытыриштагъ.
[19.18] Бзылъфыгъэм ыIуагъ: "О Тхьэм ищынагъо угу илъмэ, о сыпщиухъумэнэу ГукIэгъу зыхэлъым шъхьэегъэзыпIэкIэ сыщэгугъы".
[19.19] Ащ ыIуагъ: "Шъэожъые къабзэ къыостыным пае сэ уи Тхьэ сырилIыкIу ныIэп".
[19.20] Бзылъфыгъэм ыIуагъ: "Сэ сыдэущтэу шъэожъые къысфэхъуна? Сэ цIыф къысэнэсыгъэп, сэ хэтакIоу сыщытыгъэп".
[19.21] Ащ ыIуагъ: "О уи Тхьэ джаущтэу ыIуагъ: "СэркIэ ар IэшIэх. Тэ ар цIыфхэмкIэ щысэтехыпIэу, гукIэгъушIэу афэтшIыщт. А Iофыр ухыгъахэ".
[19.22] АщкIэ ар зэпкъаджэ хъугъэ, ар ышъо хэлъэу чIыпIэ чыжьэ IукIыгъ.
[19.23] Хъушъэн зехьэм, къинэу ылъэгъурэм хъурмэ чъыгым къырищэлIагъ. Ащ ыIуагъ: "Мыщ ыпэкIэ сылIагъэмэ, сащыгъупшэжьыгъэу сыщытыгъэмэ!"
[19.24] Ащ ычIэгъкIэ ар къеджагъ: "Умычэфынчъ: Уи Тхьэ уачIэгъ псы тIэкIу щигъэчъагъ".
[19.25] Хъурмэ чъыгыр уашъхьагъ щыгъэсыс, ащ хъурмэ тIыргъуагъэхэр къыфефэхыщтых.
[19.26] Шхэ, ешъу, зыгъэгупсэф! ЦIыфмэ ащыщ горэ плъэгъумэ, еIу: "Сэ непэ цIыф сыдэмыгущыIэнэу ГукIэгъушIэм гущыIэ пытэ естыгъ".
[19.27] Ар ыIуагъэу ицIыф лъэпкъ дэжь къежьэжьыгъ. Ахэмэ аIуагъ: О Мерэм цIыф зэхимыхыгъэ Iоф пшIагъэ.
[19.28] О Хьарунэ илъэпкъэгъу уятэ цIыф делагъэп, уяни хэтакIоу щытыгъэп.
[19.29] Бзылъфыгъэм сабыим Iапэ фишIыгъ. Ахэмэ аIуагъ: "Кушъэм хэлъ сабыим сыдэущтэу тыдэгущыIэна?"
[19.30] Ащ ыIуагъ: "Сэ Алахьым сыриIумэт. Сэ Ащ тхыгъэр къыситыгъ, пегъэмбар сишIыгъ.
[19.31] Сэ тыдэ сыщыIэми, сынасыпышIонэу сишIыгъ, сэ сыщэIэфэ дыухьэмрэ мылъкум сэдакъэ хэзгъэкIынымрэ згъэцэкIэнхэу къысфигъэпытагъ,
[19.32] Сыкъэзылъфыгъэм сыфэшIушIэнэу, сэ жъалымэу, насыпынчъэу сишIыгъэп.
[19.33] Сэ сыкъызщыхъугъэ мафэм, сызыщылIэжьыщт мафэм, сыпсаоу сыкъызыщыхъужьыщт мафэм мамыр серэI!
[19.34] Ар Хьисэр ары, Мерэм ыкъу, гущыIэ шъыпкъэу ахэр зэджэнджэшхэрэр ары.
[19.35] Алахьым кIалэ иIэнэу щытэп. Ащ щытхъур ыдэжь! Ащ Iоф горэ зырихъухьэкIэ, ащ риIо къодыемэ: "Къэхъу!" ар къэхъу.
[19.36] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр сэ си Тхьэ, шъори шъуи Тхь: Ащ шъхьащэ фэшъушI, ар гъогу занкI!
[19.37] ЦIыф купышхохэм азфагу зэзэгъыныгъэ илъэп: Мэфэшхор къызэрэкIощтыр щызгъэзыерэмэ тхьамыкIагъо афыщылъ!
[19.38] Ахэр тэ тадэжь къызщыкIожьыщтхэ мафэр яIу, ягъэлъэгъу, ау шъхьэкIохэр а мафэм гъощагъэхэу къычIэкIынхэкIэ енэгуягъо.
[19.39] Шъыгъо мафэр ахэмэ агурыгъаIу: Гугъу емылIхэу, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ямыIэхэу ахэр къанэхэми, къэхъущтыр гъэнэфэгъахэ.

[19.40] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мы чIыгури зэкIэ ащ тетри Тэ тикIэн, Тэ тадэжь ахэмэ къагъэзэжьыщт.
[19.41] Мы тхыгъэм Ибрахьимэ угу къыщыгъэкIыжь. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, диныр ышIошъ хъоу, пегъэмбарэу ар щытыгъ.
[19.42] Мары, ащ ятэ риIуагъ: "Тят, зэхэзымыхэу, зымылъэгъоу, сыд лIэужыгъокIи зишIуагъэ къыомыкIрэм сыд пае о шъхьащэ фэпшIра?
[19.43] Тят, о къыонэмысыгъэ шIэныгъэ сэ къысфэкIуагъ; сауж къырыкIу, сэ гъогу шъыпкъэ урысщэщт!
[19.44] Тят, шэйтаным шъхьащэ фэмышI. Шэйтаныр ГукIэгъу зыхэлъым емыдэIугъэр ары!
[19.45] Тят, ГукIэгъу зыхэлъым игъэпщынэн о къыонэсыным, шэйтаным благъэ уфэхъуным сэ сытещтыхьэ!"
[19.46] Ащ ыIуагъ: "Тэ титхьэхэр о щыогъэзыеха, Ибрахьим? О зымыIажэмэ, Iо хэмылъэу, сэ мыжъокIэ сыоощт. Уахътэ горэкIэ санэIу икI".
[19.47] Ащ ыIуагъ: "Мамыр огъот! Сэ си Тхьэ къыпфигъэгъунэу селъэIущт: Сэ ар къысфэгукIэгъушI".
[19.48] Сэ шъори Алахьым фэшъхьафэу шъузэлъэIухэрэми сагокIыщт. Сэ си Тхьэ селъэIу, сэ си Тхьэ ыцIэ къызэресIорэм пае насыпынчъэ сымыхъункIи мэхъу".
[19.49] Ахэми, Алахьым фэшъхьафэу ахэмэ шъхьащэ зыфашIыщтыгъэхэми ар загокIым, Тэ ащ Исхьакърэ Якъубэрэ еттыгъ, ахэр зэкIэ Тэ пегъэмбар тшIыгъэх,
[19.50] Тэ ахэмэ тишIушIэ яттыгъ,шъыпкъэм ыбзэ лъэпIэ дэдэу яттыгъ.
[19.51] Мы тхыгъэм Мосэ угу къыщыгъэкIыжь: Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар хэмыукъуагъэу,лIыкIоу, пегъэмбарэу щытыгъ.
[19.52] Къушъхьэм иджабгъу лъэныкъокIэ Тэ ащ макъэ щедгъэIуи, шъэфэу Тэ къыддэгущыIэнэу къыттпэблагъэ тшIыгъэ.
[19.53] Тэ тишIушIэ хэлъэу ащ ыш Хьарунэ пегъэмбарэу еттыгъ.
[19.54] Мы тхыгъэм Исмахьилэ угу къыщыгъэкIыжь: шъыпкъэ дэдэмкIэ, узэригъэгугъагъэмкIэ ащ шъыпкъагъэ хэлъыгъ, лIыкIоу, пегъэмбарэу щытыгъ.
[19.55] Иунагъо нэмаз ышIынэу, сэдакъэ ытынэу ащ унашъо фишIыщтыгъ, и Тхьэ къыфэразэу щытыгъ.
[19.56] Мы тхыгъэм Индрысэ угу къыщыгъэкIыжь: Шъыпкъэ дэдэмкIэ, диныр ыгу илъэу, пегъэмбарэу ар щытыгъ.
[19.57] Ар чIыпIэ лъагэ Тэ дэтхьыягъ.
[19.58] Алахьым ынэшIу зыщыфагъэхэр Адам къытекIыгъэмэ ащыщ пегъэмбархэр, Нухьэ къухьэм дисхэу Тэ къетщэкIыгъэхэр, Ибрахьимэрэ Исраилрэ къатекIыгъэмэ ащыщхэу гъогу занкIэ рытщагъэхэу Тэ къахэтхыгъэхэр арых. ГукIэгъу зыхэлъым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм къафяджэхэ зыхъукIэ, шъхьащэ ашIымэ гъыхэзэ,ахэмэ натIэкIэ зырадзыхы.
[19.59] Ахэмэ къатекIыгъэхэр ауж рыкIуагъэх, ахэмэ нэмазыр щагъэзыягъ, яфэщэныгъэ лъэшмэ дахьыхыгъэх, ащ пае ахэр
[19.60] КIэгъожьыгъэхэм, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, шIу зышIэщтыгъэхэм афэшъхьафрэ кIодыпIэ ифэщтых. Ахэр джэнэтым ихьащтых, зыпарэкIи агу хагъэкIыщтэп,
[19.61] Джэнэтэу ГукIэгъу зыхэлъым Ежь иIумэтхэр шъэфэу зэригъэгугъагъэхэм исыщтых, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ узэригъэгугъэрэр къэхъу!
[19.62] ГущыIэ нэкI ахэмэ ащ щызэхахрэп, зэхахрэ закъор: "Мамыр!" Ахэмэ ащ ящыкIэгъэ гъомылэр пчэдыжьи пчыхьи щагъотыщт.

[19.63] Тэ тиІумэтхэм ащыщхэу Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм кІэнэу яттыщт джэнэтыр джэщ фэд.
[19.64] О уи Тхьэ иунашъокІэ Тэ тыкъехы ныІэп, тапэ илъи, такІыб щыІи, ахэмэ агузэгу дэлъи Ащ ыІэ илъ,
[19.65] Уашъоми чІыгуми зэкІэ ахэмэ азфагу илъым и Тхьэ щыгъупшапхэп. Ащ пае Ащ шъхьащэ фэшІ, шъхьащэ фэпшІынымкІэ щэІагъэ зыхэгъэлъ. Ащ ицІэджэгъу горэ о ошІа?
[19.66] ЦІыфым еІо: "сэ сызылІэрэ нэужым сыкъэхъужьына?"
[19.67] ЦІыфыр зыпарэуи щымытыгъэу, Тэ ыпэкІэ къызэрэдгъэхъугъэр къышІэжьрэба?
[19.68] Уи Тхьэ ыцІэкІэ Тхьэ сэІо, Тэ ахэри шэйтанхэри тыугъоижьыщтых, етІанэ ахэр джэхьнэм пашъхьэм лъэгонджэмышъхьэкІэ къедгъэуцокІыщтых.
[19.69] ЕтІанэ куп пэпчъ ахэмэ ащыщэу, мыдэІонымкІэ анахь лъэшэу гукІэгъу зыхэлъым пэшІуекІощтыгъэр къыхэтхыщт.
[19.70] ЕтІанэ ащ нахьыбэрэ щыстын фаехэр Тэ нахьышІоу тэшІэх.
[19.71] Ащ хэмыхьан шъо шъухэтэп; о уи ТхьэкІэ ар ихъухьэгъэхэ унашъу.
[19.72] ЕтІанэ Тхьэм ищынагъо зыгу илъыгъэхэр Тэ къэдгъэнэжьыщтых, шъхьэкІоххэр лъэгонджэмышъхьэкІэ щытхэу ащ къидгъэнэщтых.
[19.73] Тэ тиІэятэ зэхэугуфыкІыгъэхэм къафяджэхэ зыхъукІэ, шІошъхъуныгъэ зимыІэхэм шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышІыгъэхэм араІо: "КупитІум язэу тара ичІыпІэкІэ нахьышІур, изэІукІапІэкІэ нахь дэгъу дэдэр?"
[19.74] Ахэмэ апэкІэ ижъырэ лъэпкъыхэу, ямылъкукІи нахь фэшІыгъэхэу, ятеплъэкІи нахь тегъэпсыхьагъэхэу Тэ тхьапша дгъэкІодыгъэхэр?
[19.75] ЯІу: "Гъощэныгъэм хэтхэм пІалъэу яІэр гукІэгъу зыхэлъым аферэгъэкІуат". Зэрагъэгугъагъэхэр ахэмэ залъэгъукІэ, е пщынэныр, е сыхьатэу зыкІодыжьыщтхэр, чІыпІэу зэрытымкІэ нахь дэир, дзэмкІэ нахь кІочІаджэр. Джащыгъум ахэмэ ашІэщт.
[19.76] Гъогу занкІэ рыкІохэрэр Алахьым ыгъэлъэпІэщтых. Гъогу занкІэм узэрэрыкІорэм, зэпымыоу пшІэрэ ІофышІумэ апае анахь шІухьафтын лъапІэр, анахь тын лъапІэр уи Тхьэ къыуитыщт.
[19.77] О уегупшысагъа Тэ тиІэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр щызгъэзыехи, зыІуагъэм: "Іо хэлъэп, мылъкуи лъфыгъэхэри сэ къысатыщтых!"
[19.78] Ащ къэхъущтыр ышІагъа е ГукІэгъу зыхэлъым Іуагъэ дишІыгъа?
[19.79] Хьау! Ащ ыІорэр Тэ ттхын, хьазабыр ащ ин дэдэу фэдгъэлъэшын!
[19.80] Ащ зыфиІорэр Тэ кІэнэу тштэн, ар Тэ тапашъхьэ изакъоу къихьажьыщт.
[19.81] Ахэмэ щытхъу афэхъуным пае, Алахьым фэшъхьафэу нэмыкІ тхьэхэр зыфашІыжьыгъэх.
[19.82] Хьау! Шъхьащэу ахэмэ афашІырэр къыщагъэзыещт, ахэмкІэ пыйхэу къычІэкІыжьыщтых.
[19.83] Ахэр лъэшэу агъэбылъынхэм пае Тэ шэйтанхэр ахэмэ зэрафэдгъэкІуагъэхэр о плъэгъугъэба!
[19.84] Ащ пае ахэмэ уапэшІуекІоным укІэмыгуІ. Ахэмэ яуахътэ лъытэкІэ шъыпкъэкІэ Тэ къэтлъытэщт.
[19.85] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр ГукІэгъу зыхэлъым ыпашъхьэ шъхьэкІафэ афэтшІэу зыщытыугъоищтхэ мафэм ,
[19.86] ПсэкІодшІэгъабэ зиІэхэр Іэхъогъур псыешъуапІэм зэрафыхэрэм фэдэу джэхьнэмым зыщытфыщтхэм.
[19.87] ГукІэгъу зыхэлъым Іуагъэ дызиІэмэ афэшъхьафрэ, зыухъумэнхэ ахэмэ агъотыщтэп.

[19.88] Ахэмэ aIo: "ГукIэгъу зыхэлъым къо иI"
[19.89] Шъо гъунэ щынагъом шъунэсыгъ.
[19.90] Къо иIэу ГукIэгъу зыхэлъым зэрэпатхагъэм пае,
[19.91] Уашъор зэкъоуным, чIыгур зэгозыным, къушъхьэхэр сапэ хъунхэм фэхьазырых.
[19.92] ГукIэгъу зыхэлъым къо иIэнэу щытэп.
[19.93] Уашъоми чIыгуми хэти ащыIэр ГукIэгъу зыхэлъым ыдэжь къызэрэкIожьрэр иIумэтэу ары ныIэп;
[19.94] Ахэр зэкIэ къыпчъынхэу Ащ ешIэ. Пчъагъэу зэрэхъухэрэмкIэ Ащ ахэр къелъытэх.
[19.95] Ахэр зэкIэ къызщыхъужьыщтхэ мафэм Ащ дэжь зырызэу къэкIожьыщтых.
[19.96] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэу, IофышIухэр зышIэщтыгъэхэм ГукIэгъу зыхэлъым гукIэгъу къафешIы.
[19.97] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр бгъэгушIонхэ плъэкIынэу, ащкIэ цIыф къаигъэхэр бгъэщтэнхэу Тэ КъурIаныр убзэ псынкIэ къыфэтшIыгъ.
[19.98] Ахэмэ апэкIэ щыIэгъэ ижъырэ лъэпкъыхэу тхьапша Тэ дгъэкIодыгъэр! Ахэмэ ащыщ гор ныIэми олъэгъуа? Е ахэмэ ащыщ горэм ымэкъэ дэгу ныIэми зэхэоха?

ТIахьа

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[20.1] ТIахьа
[20.2] Мы КъурIаныр къыкIыпфедгъэхыгъэр о къин чIыпIэ уифэным паеп,
[20.3] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм агурыдгъэIоным пай нахь.
[20.4] Ар чIыгумрэ ошъо Iэтыгъэхэмрэ къэзгъэшIыгъэм къыригъэхыгъ.
[20.5] ГукIэгъу зыхэлъым дунэе лъэгапIэм зыщигъэпытагъ.
[20.6] Уашъом щыIи, чIыгум щыIи, ахэмэ азфагу илъи, чIыгу чIэгъым щыIи Ащ ыIэ илъ.
[20.7] Умакъэ пIэтми, шъэфри шъэфым ианахь шъэфыжьри Алахьым ешIэ.
[20.8] Тхьэ! Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп, Ащ цIэ шIагъохэр иIэх.
[20.9] О къыонэсыгъа Мосэ фэгъэхьыгъэ къэбарыр?
[20.10] Мары, ащ машIо ылъэгъуи, илIакъо риIуагъ: "Мы чIыпIэм шъущыт, сэ машIо слъэгъугъэ. Сэ машIо сIыгъэу ащ сыкъикIыжьынкIи е мэшIо пашъхьэм гъогу шъыпкъэ къыщызгъотынкIи мэхъу".
[20.11] Ар машIом екIуалIэ зэхъум, къеджагъэх: "О Мос!
[20.12] ШъыпкъэмкIэ, сыуи Тхь, уицуакъэхэр зыщыхых! О кIэй лъапIэу ТIууа удэт.
[20.13] Сэ о уакъыхэсхыгъ, къыфызэIуахыщтым о фэIорышI.
[20.14] ШъыпкъэмкIэ, Тхьэр-Сэры, Сэщ фэшъхьаф тхьэ щыIэп! Сэ шъхьащэ къысфэшI, Сэ угу сыкъэбгъэкIызэ, намаз шIы!
[20.15] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, пIалъэр къэсыщт; Сэ сыхьазыр ащ ышъхьэ къисхынэу. Сыд фэдэ пси зэгугъурэм тефэрэр ыгъотыным пае!
[20.16] Ащ шIошъхъуныгъэ фызимыIэу ежь шIоигъом лъыкIорэм, о зыдемыгъэхьых, уунэхъун!
[20.17] Сыда пIэ джабгъукIэ пIыгъыр, Мос?"
[20.18] Ащ ыIуагъ: "Ар сэ сибэщ, ащ зытесэгъакIэ, сиIэхъогъумэ апае ащкIэ тхьапэхэр къыпысэутых. Сэщ пае ащ нэмыкI феди хэлъ".
[20.19] ЫIуагъ Ащ: "ЧIэдз ар, Мос!"
[20.20] Ащ ар чIидзыгъ. Мары ар-блэу мэцуахъо.
[20.21] ЫIуагъ Ащ: "Ар штэ, ущымыщын; Тэ ар зытетыгъэм тедгъэуцожьыщт.

[20.22] О пIэ угужъуакIэ далъхь: Зыпари щымышIэу, ар фыжьэу къыдэпхыжьыщт, ар нэмыкI щысэтехыпIэ хъущт.
[20.23] Тэ тищысэ лъапIэмэ ащыщхэр о къыодгъэлъэгъущтых.
[20.24] Фирхьаун дэжь кIо, ащ хьэлэ=балыкъ ышIыгъ".
[20.25] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, сыбгъэ, къысфызэIух,
[20.26] "СиIоф къысфэгъэпсынкI,
[20.27] Сыбзэ телъ зэкъолъэдапIэр къысфызэкъох:
[20.28] Сэ къасIорэр ахэмэ агурэрэIу.
[20.29] Сиунагъо щыщ сшы Хьарунэ,
[20.30] Сэ IэпыIэгъоу къысэт.
[20.31] АщкIэ сэ скIуачIэ къэгъэпыт,
[20.32] СиIоф къыхэлажьэу ар къэшI,
[20.33] О уищытхъу бэрэ тэ тIотэным пае,
[20.34] О бэрэ тыгу укъэкIыным пае:
[20.35] Сыда пIомэ О тэ тыкъэолъэгъу".
[20.36] Ащ ыIуагъ: "О укъызкIэлъэIурэр, Мос, къыостыгъах,
[20.37] ЯтIонэрэуи Тэ тынэшIу о къыпщытфагъ.
[20.38] Мары, агурагъаIорэ хабзэр Тэ уянэ гурыдгъэIуагъ:
[20.39] "Къухьэ цIыкIум ар игъэгъуалъхьи, хым хадз, хым ар къызхерэдзи, нэпкъым къытырерэдз, ар Сэри сипыеу ежьыри ипый ыштэщт". Сэ сынэгу укIэтэу укъэхъуным пае Сэ сишIулъэгъу о къыпхэслъхьагъ.
[20.40] Мары, пшыпхъу къыIохьэшъ къеIо: "ынаIэ тетынэу ар зыштэщтыр къышъуфэсэрэща?" Уянэ ынэхэр къэчэфыжьынхэм, мычэфынчъэным пае Тэ уфэтхьыжьыгъ. О псэ бгъэгъугъэ, щынэгъо чIыпIэм Тэ уитщыгъ, ау хъопсэныгъэкIэ утыушэтыгъ. Илъэс заулэ Мадйан щыпсэухэрэм о уахэсыгъ, етIанэ, Мос Тэ къызэрэфэдгъэнэфагъэу, о мыщ укъэкIуагъ!
[20.41] Сэщ пае Сэ ар аущтэу къыосшIагъ.
[20.42] Ори о пши Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр шъуIыгъэу шъукIу, шъугу Сэ сыкъэкIынымкIэ мэхагъэ къызхэшъумыгъаф.
[20.43] Фирхьаун дэжь шъукIу, ащ хьалэ= балыкъ ышIыгъ,
[20.44] Ащ гущыIэ шъабэ ешъуIу, ащ зыкъишIэжьынкIи е щынэнкIи мэхъу".
[20.45] Ахэмэ аIуагъ: "Ярэби я Алахь! Ащ тэ тыгу хигъэкIынкIэ, е хьалэ=балыкъ къытишIылIэнкIэ тэщынэ".
[20.46] ЫIуагъ Ащ: "Шъумыщын, Сэ сышъуигъус, Сэ зэхэсэхы, сэлъэгъу.
[20.47] Ыдэжь шъукIуи, ешъуIу: "Тэ уи Тхьэ тырилIыкIу. Исраил ыкъохэр тэ къыддэгъакIох, умыгъэпщынэх. О уи Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр тIыгъэу тэ уадэжь тыкъэкIуагъ, гъогу занкIэм рыкIощтым мамыр егъоты.
[20.48] Тэ нафэ къытфэхъугъ: Мыр пцIыкIэ зылъытэу зыкIыб къэзгъэзагъэмэ пщынэжьыр афыщылъ".
[20.49] Ащ ыIуагъ: "Хэта шъо шъуи Тхьэр, Мос?
[20.50] Ащ ыIуагъ: "Тэ ти Тхьэр псэ зыпытхэм зэкIэ къязытэу гъогу къязгъэлъэгъурэр ары".
[20.51] Ащ ыIуагъ: "Ижъырэ лъэпкъыхэм сыд фэдэ гупшыса яIагъэхэр?"
[20.52] Ащ ыIуагъ: "Ащ фэгъэхьыгъэ шIэныгъэр си Тхьэ дэжь щыI, ащ итхылъ дэт, гъуащэрэп си тхьэ, щыгъупшэрэп.

[20.53] Тэры, Алахьыр ары шъощ пае чIыгур зэныбжь зышIыгъэр, шъощ пае гъогухэр пхырызыщыгъэр, уашъом псыр къезыщэхыгъэр, псым ихьатыркIэ Тэ уц зэфэшъхьафхэр тIурытIоу зэгъусэхэу къэдгъэкIыгъэх.
[20.54] Шъушхы, шъуиIэхъогъухэр жъугъэхъух, шъыпкъэ дэдэмкIэ, акъыл зиIэхэмкIэ ащ щысэ хэлъ!"
[20.55] Тэ ащ шъухэтшIыкIыгъ, ащ щыщ шъухъужьыщт, етIани ащ шъухэтшIыкIыжьыщт.
[20.56] Тэ зэкIэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр ащ едгъэлъэгъугъэх, ау пцIыкIэ ылъытагъ, ыкIыб къытфигъэзагъ.
[20.57] Ащ ыIуагъ: "Тэ тичIыгу шхъухьэ IофкIэ о типщынэу тадэжь укъэкIуагъа, Мос?
[20.58] Тэ, Iо хэлъэп, ащ яхьыщырэу шхъухьэ Iоф къыодгъэлъэгъун, ощ паий тэщ пайй уахътэ къэгъэнаф, ори тэри чIыпIэри зэрэзэблэтымыхъущтым фэдэу ар зэблэтхъущтэп".
[20.59] Ащ ыIуагъ: "ШъоркIэ пIалъэр щыгъын кIэракIэмэ ямаф; пчэдыжьым тыгъэм ышъо къэплъыгъэу цIыфхэр къэзэрэугъоих".
[20.60] Фирхьаун IукIыжьыгъ, итхьагъэпцIхэр зэкIэ къыугъоихи, етIанэ къэкIуагъ.
[20.61] Ахэмэ Мосэ ариIуагъ: "Шъо Тхьэр къышъоуагъ, Алахьым имыхьакъ тешъумылъхь, армырмэ, Ащ пщынэжькIэ шъуигъэкIодыщт", ПцIы зыусрэм гъэхъагъэ ышIыщтэп!
[20.62] Ахэр ежьхэм азфагу яIоф щытегущыIэщтыгъэх, шъэфэу зэупчIыжьыщтыгъэх.
[20.63] Ахэмэ аIуагъ: "Iо хэлъэп, мыхэр удитIу мэхъух. ШъуичIыгу шхъухьэ IофкIэ мыхэмэ шъурафы ашIоигъу, щысэ хъун гъогоу шъуиIэр агъэкIодын яморад.
[20.64] ШъуитхьагъэпцIыгъэ зэхэжъугъахъуи, шъузэготэу шъукIу. Непэ текIорэр насыпышIо хъущт!"
[20.65] Ахэмэ аIуагъ: "О Мос, е о чIэдз, е тэ апэ чIэтыдзыщт, хэта чIэзыдзырэр?"
[20.66] Ащ ыIуагъ: "Хьау, шъо чIэшъудз!" Мары, ахэмэ яшхъухьэ кIуачIэкIэ якIапсэхэри ябэщхэри зекIохэу ащ къышIошIыгъ.
[20.67] Мосэ ыгу щынэ къихьагъ.
[20.68] ТIуагъэ Тэ: "умыщын, оры нахь лъагэр!
[20.69] Iэ джабгъумкIэ пIыгъыр чIэдз, ахэмэ къашIыгъэр ащ ыдырыщт; удым итхьагъэпцIыгъэхэр ары ахэмэ къашIыгъэр, тыдэ кIуагъэми, удым насып иIэщтэп".
[20.70] Джащыгъум удыхэр натIэкIэ чIыгум нэсыхи, шъхьащэ ашIыгъ, ахэмэ аIуагъ: "Хьарунэрэ Мосэрэ я Тхьэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтэшIы!"
[20.71] Фирхьаун ыIуагъ: "Сэ Iизын къышъостыным ыпэкIэ, Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъушIыгъэнэуи, ар, Iо хэлъэп, шъощ нахьыжъ, шхъухьэ Iофхэр шъуигъэшIагъэх. Сэ шъуIэхэри шъулъакъохэри пысыупкIыных, хъурмэ чъыгмэ шъуатесIулIэн, джащыгъум уигъэпщынэнкIэ тащыщэу нахь лъэшыр, нахь пкъыер къэшъушIэщт.
[20.72] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ къытфэкIогъэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэмэ анахь лъагэу удгъэуцущтэп: Тэ тыкъэзгъэшIыгъэми нахь лъагэ утшIыщтэп. ПшIэ пшIоигъор шIэ. О пшIэн плъэкIыщтыр мы гъэшIэ Iахьым фэгъэхьыгъэр ары ныIэп.
[20.73] Тэ ти Тхьэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшIыгъ,псэкIодшIагъэхэу тиIэхэри о егъэзыгъэкIэ тэбгъашIэщтыгъэ шхъухьэ Iофхэри къытфигъэгъунхэм пае, Алахьыр нахьышIу, егъашIэм щыIэщт!"
[20.74] Гунахьыбэ телъэу и Тхьэ ыпашъхьэ ихьажьрэм джэхьнэмыр фыхэхыгъ, ащ щылIэрэп, щыщыIэп.
[20.75] Диныр ыгу илъэу, шIу ышIагъэу Ащ ыпашъхьэ ихьажьырэмэ апай анахь чIыпIэ лъагэхэр,
[20.76] ЕгъэшIэрэ джэнэтхэу псыхъохэр зыхэчъыхэрэм ахэр арысыщтых. Зызыукъэбзыжьыгъэхэм аратрэр джащ фэд.

[20.77] Тэ Мосэ гурыдгъэIуагъ: "СиIумэтхэр чэщым къиіщыхи, гъушъапIэм фэдэу ахэмэ
хым гъогу щафыхэсхыщт. Уауж къафыным утемыщтыхь, умыщт!"
[20.78] Идзэ игъусэу фирхьаун ахэмэ ауж ыфыгъ, ау ахэр хым чIихьагъэх.
[20.79] Фирхьаун ицIыф лъэпкъ ыгъэгъощагъ, гъогу занкIэ тыригъэуцуагъэп.
[20.80] "О Исраил ыкъохэр! Шъо шъуипый Тэ шъукъедгъэлыжьыгъ, къушъхьэ чапэм
иджабгъу лъэныкъо тыщызэIукIэнэу шъуфэдгъэнэфагъ, щэкурпи ныбгъухэри
къышъуфедгъэхыгъ.
[20.81] Тэ шIуагъэу къышъоттырэм щыщ шъушхы, шъом шъуимыкI, армырмэ Сэ сигубж
лъэш къышъукIэхьащт, Сэ сигубж лъэш зыкIэхьагъэр кIодыгъэ.
[20.82] Сэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, кIэгъожьыгъэмэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэмэ,
шIу зышIэщтыгъэмэ, етIанэ гъогу занкIэкIэ кIуагъэмэ афэсэгъэгъу.
[20.83] УицIыф лъэпкъ гуIэнкIэ укъыхэкIынэу сыда узышIыгъэр, Мос?"
[20.84] Ащ ыIуагъ: "Сэ счIыпIэ итынхэу ащ зыгорэхэр щыIэх, сэ уадэжь сыкъэпсынкIагъ,
ярэби я Алахь, О разэ ухъуным пае".
[20.85] ЫIуагъ Ащ: "Уауж уицIыф лъэпкъ Сэ сыушэтыгъэ, ахэр ас=Самир ыгъэгъощагъэх.
[20.86] ИцIыф лъэпкъ дэжь лъэшэу губжыгъэу, чэфынчъэу Мосэ къыгъэзэжьыгъ. Ащ
ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Шъуи Тхьэ гугъэ шIагъокIэ шъуигъэгугъагъэба? Е а гугъэр
шъо къышъупэчыжьэу къышъущэхъуа? Е шъуи Тхьэ игубж лъэш къызтежъугъафэ
шъушIоигъуа? Ащ пая сыкъызэрэжъугъэгугъагъэр зыкIэшъуукъуагъэр?"
[20.87] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ тлъэкI къыхьэу узэрэдгъэгугъагъэр тыукъуагъэп, лъэпкъым
ишъуашэмэ дышъэу ахэлъыр къэтхьынэу тэ унашъо къытфашIыгъагъ, тэ ахэр псынкIэу
къэтхьыгъэх. Джащыгъум ас--Самириер машIом хидзагъ;
[20.88] Ар пкъышъол теплъэ иIэу дышъэм хигъэчъыкIыгъ, ар быущтыгъэ. Ахэмэ аIуагъ:
"Мыр шъуи Тхь, Моси и Тхь, ащ Ар щыгъупшагъ".
[20.89] Ахэмэ алъэгъущтыгъэба ащ раIорэм иджэуап къариIожьын зэримылъэкIырэр,
ахэмэ апае зэрари феди ышIэн зэримылъэкIырэр.
[20.90] Ащ ыпэкIэ ахэмэ Хьарунэ ариIогъэхагъ: "О сицIыф лъэпкъ! АщкIэ шъуаушэты
ныIэп, гукIэгъу зыхэлъыр шъуи Тхьэ ары, сауж шъукъырыкIу, сиунашъо шъуфэIорышI".
[20.91] Ахэмэ аIуагъ: "Мосэ тадэжь къемыгъэзэжьыфэ, тэ ащ шъхьэкIафэ фэтшIыныр
зэпыдгъэущтэп".
[20.92] Ащ ыIуагъ: "О Хьарун! Ахэр зэрэгъощагъэхэр зыолъэгъум,
[20.93] Сауж укъырыкIонымкIэ сыда узэтезыIэжагъэр? Сэ сиунашъо уфэмыIорышIэнэуи?"
[20.94] Ащ ыIуагъ: "О сянэ къылъфыгъ! Сэ сыжакIи сшъхьи уакъыхэмыбан, сэ
сыщыщынэщтыгъэ къысэпIощтым: "Исраил ыкъохэр зэгокIынхэр о ппкъы къикIыгъ,
сигущыIэ уфэшъыпкъагъэп".
[20.95] Ащ ыIуагъ: "О, ас=Самир, сыда ащ уфэзгъэчэфыгъэр?"
[20.96] Ащ ыIуагъ: "Ахэмэ амылъэгъущтыгъэр сэ слъэгъугъэ: ЛIыкIом илъэуж сэ чIыгу
Iэбжыб къыхэспхъоти, чIэсыдзыгъ. Джаущтэу сэ спсэ сигъэхъопсагъ".
[20.97] Ащ ыIуагъ: "Мыщ дэжьым IукI, мы гъашIэм о щыпIощт ныIэп: "Укъысэнэмыс!"
оркIэ укъуагъэ мыхъущт пIэлъэ гъэнэфагъэ о пфагъэуцущт. О лъытэныгъэ
зыфэпшIыщтыгъэу уитхьэ еплъ: Тэ ар дгъэстынышъ, хым яжьэу хэттэкъожьыщт.
[20.98] Шъо шъуитхьэр Тхьэр ары. Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп, Ащ ишIэныгъэ псэ
зыпытыр зэкIэ къыреубытэ!"
[20.99] Джаущтэу Тэ о къыпфэтэIуатэ хъугъэ=шIагъэ горэхэу ыпэкIэ щыIагъэхэр, Тэ
тишIэныгъэ о къыотэты!
[20.100] Ащ зышъхьэ щызгъэзыерэм, къызщыхъужьыщтхэ мафэм хьын ихьыщт.

[20.101] Ахэмэ ар егъашIэм ателъыщт. Къаймэт мафэм ахэмэ ар хьын хьылъэ афэхъущт!
[20.102] Мафэу сырынэм къызщепщэщтхэм, Тэ псэкIодшIэгъабэ зиIэхэр нэшхъуантIэ хъугъэхэу къэтыугъоижьыщтых.
[20.103] Ахэр зэIушъэшъэжьыщтых: "Шъо ащ мэфипшI ныIэп шъуузэрэщыIагъэр".
[20.104] Ахэмэ аIорэр Тэ нахьышIоу тэшIэ, чIыпIэу зэрытымкIэ ахэмэ анахь лъагэм еIо: "Шъо ащ шъуузэрэщыIагъэр зы маф ныIэп".
[20.105] О ахэр къушъхьэмэ апае къыоупчIых, яIу: "Ахэр сэ си Тхьэ сапэ ышIыщтых,
[20.106] Ахэр кIэй нэкIхэу къыгъэнэщтых,
[20.107] О чIыгум щыплъэгъущтэп къонщагъи лъэгапIи!"
[20.108] Зыпари къонщагъэ зимыIэу къяджэрэм а мафэм ахэр ыуж рыкIощтых, ГукIэгъушIэм ыпашъхьэ макъэхэр щыIэсэщтых, о зэхэпхыщтыр мэкъэ цIыкIу ныIэп.
[20.109] А мафэм ГукIэгъушIэм къэгущыIэнэу фит ышIырэр зилъэIу гъэхъагъэ хэлъыщтыр ары.
[20.110] Ащ ешIэ ахэмэ апэкIэ щыIагъэр, ауж къэхъущтыр, ахэмэ яшIэныгъэ ар къыубытыщтэп.
[20.111] Джащыгъум ахэмэ ашъхьэхэр псэ зыпытым, щыIэм ыпашъхьэ щефэхыщтых, Iоф бзаджэхэр хьынэу ащ къэзыхьыщтхэм гугъапIэу яIэмкIэ загъэпцIэжьыщт.
[20.112] ШIу зышIэщтыгъэхэу, диныр зышIошъ хъущтыгъэхэр шъхьакIуи тхьамыкIагъуи щыщынэщтхэп.
[20.113] Мары, Тэ КъурIаныр арапыбзэкIэ къедгъэхыгъ: Тэ ащ щынэгъо заулэ щыдгъэфедагъ. Ахэр Тхьэм щыщынэнхэкIи мэхъу е Ежь фэгъэхьыгъэ гукъэкIыжь икIэрыкIэу аригъэшIынкIи мэхъу!
[20.114] Алахьыр зэкIэмэ анахь лъаг! КъурIаныр къыфырагъэхыныр ухыгъэ мыхъоу, ащ уеджэным удэмыгуI, Iо: "Ярэби я Алахь! сишIэныгъэ гъэбагъо".
[20.115] ЫпэкIэ Тэ Адам Iуагъэ дэтшIыгъэхагъ, ау ар щыгъупшалэу щытыгъ, Тэ ащ пытагъэ хэтлъэгъуагъэп.
[20.116] Мары, Тэ мэлаIичмэ ятIуагъ: "Адам шъхьащэ фэшъушI!" иблыс фэшъхьафрэ, ахэмэ шъхьащэ фашIыгъ, ащ ыдагъэп,
[20.117] Тэ тIуагъэ: "О Адам! Ар ори уишъузи шъуипый. Ащ шъо джэнэтым шъукъырерэмыщ, насыпынчъэ умыхъу!
[20.118] ШъыпкъэмкIэ, ащ мэлакIэ ущылIэрэп, ущыпцIанэп,
[20.119] ПсыфалIэ ущылIэрэп, фабэм уигъапэрэп".
[20.120] Шэйтаныр ащ еIушъэшъагъ, ыIуагъ: "О Адам, егъэшIэрэ чьыгымрэ мыкIодыжьын лъэкIрэ къыозгъэлъэгъуна?"
[20.121] НэбгыритIури мыIэрысэм ецэкъагъэх, зэрэупцIэныгъэхэр ахэмэ зыдалъэгъужьыгъ, джэнэт тхьапэхэм джанэхэр зыфыхашIыкIыхэу рагъэжьагъ, Адам и Тхьэ едэIугъэп, гъогум дэхыгъ.
[20.122] ЕтIанэ ар Тхьэм къахихыгъ, фигъэгъугъ, гъогу занкIэ тырищагъ.
[20.123] Ащ ыIуагъ: "Зым адырэр ипыеу ащ зыкъежъугъэфэх! Сэ садэжь къэкIэу шъуузэрыгъозэн къышъуфакIомэ. Сэ сипэщэныгъэ ыуж рыкIорэр дэхыщтэп, насыпынчъэ хъущтэп!
[20.124] Сэ сишIэныгъэ зыкIыб къыфэзгъазэрэм, шъыпкъэ дэдэмкIэ, гъэшIэ зэжъу иIэщт! Къаймэт мафэм Тэ ар нэшъоу къэдгъэнэхъэжьыщт".
[20.125] Ащ еIо: "Я си Алахь, сыд пае сынэшъоу О сыкъэбгъэнэхъэжьыгъ, нахьыпэм слъэгъоу сыщытыгъ?"

[20.126] Ащ риIощт: "Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр о къызыпфэкIохэм, ахэр пщыгъупшагъэх, джащ фэдэу непэ ори уащыгъупшэщт".
[20.127] Гъунэм икIыгъэхэу, и Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзымышIыгъэхэм Тэ джаущтэу тятэ, ау, Iо хэлъэп, ахърэт гъашIэм ипщынэжь нахь лъэш, мыухыжь!
[20.128] Ахэмэ апэкIэ ижъырэ лъэпкъэу Тэ дгъэкIодыгъэхэр Ахэмэ ашIэрэба? Ахэмэ япсэупIагъэхэм мыдырэхэр арэхьах. Акъыл зиIэхэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[20.129] О уи Тхьэ дэжь нахьыпэкIэ гущыIэ къикIыгъэу щытыгъэмэ, ахэмэ ар кIодыпIэ афэхъуни. экIэми пIэлъэ гъэнэфагъэ яI.
[20.130] Ахэмэ аIорэр щэIагъэ пхэлъэу зэпыч. Тыгъэр къыкъокIыным ыпэкIи къохьаным ыпэкIи уи Тхьэ щытхъу фаIу, чэщым игъоми мафэм игъоми Ащ щытхъу фаIу, о разэ ухъункIи мэхъу.
[20.131] ГъашIэм идэхагъэкIэ рытыушэтынхэу унагъо горэмэ Тэ къяттырэмэ уямыхъуапс. О Iахьэу Тхьэм къыпфишIыгъэр нахьышIу, мыухыжь!
[20.132] Уиунагъо нэмаз ышIынэу унашъо фэшI, ори ащ зэпымыоу егугъу, О тын къытфэпшIынэу Тэ тыолъэIурэп, Тэ удгъэшхэщт. Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм гъэхъагъэ ашIыщт.
[20.133] Ахэмэ аIо: "И Тхьэ дэжь къикIэу Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр ыIыгъхэу сыда ар тадэжь къызкIэмыкIощтыр?" Апэрэ тхыгъэхэм арытэу нафэу къэзгъэшъыпкъэрэр ахэмэ къафэкIогъагъэба?
[20.134] Ащ ыпэкIэ Тэ ахэр пщынэжькIэ дгъэкIодыгъагъэхэмэ, аIони: "Я Алахь, тызгъэпыутынрэ тынапэ тезыхынрэ зэхэтшIэным ыпэкIэ, О уиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ ауж тырыкIоным пае О лIыкIор къытфэбгъэкIогъагъэмэ".
[20.135] ЯIу: "ЗэкIэри ежэ, арышъ, шъори шъуеж, гъогу занкIэр зиIэрылъхьэхэр, гъогу занкIэм рыкIощтыгъэхэр етIанэ къэшъушIэщт!"

АланбыяI

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[21.1] ЦIыфмэ ашIагъэр зэдалъэгъужьыщт уахътэр къаблэгъагъ, ау ахэр егугъухэрэп, акIыб къагъазэ.
[21.2] Сыд фэдэ шIэныгъакIэ я Тхьэ дэжь къикIэу ахэмэ къафэкIуагъэми, ащ едэIухээ, диныр зышIошъ хъурэмэ агухэр нэкIыхэу акIэнакIэщтыгъэх.
[21.3] Шъыпкъэм ипыймэ ягущыIэ шъэфхэр аушъэфых: "Ар къышъуфэдэ цIыфба? Шъо ар шъулъэгъу пэтзэ, а шхъухьэ Iофым зыдежъугъэхьыхыщта?"
[21.4] Мыхьамэт ыIуагъ: "Сэ си Тхьэ уашъоми чIыгуми щаIохэрэр ешIэ. Ащ зэхехы, ешIэ".
[21.5] Ахэмэ аIуагъ: "КъурIаныр пкIыхьыпIэ зэхэлъ! Мыхьамэт ар къыугупшысыгъ! Ар усакIу! Нахьыпэрэхэр къызэрагъахьыщтыгъэм фэдэу, Iэятэхэр иIэу ар тадэжь къэрэкIу!"
[21.6] Ахэмэ апэкIэ Тэ дгъэкIодыгъэ къуаджэмэ ащыщэу зы къуаджэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ышIыгъэп. Ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIынэуи?
[21.7] УапэкIэ Тэ нафэ афэтшIыгъэхэр яттыхэзэ афэдгъакIощтыгъэхэр цIыфхэр арых ныIэп; шъо ар шъумышIэрэмэ, тхыгъэр зышIэхэрэм ащкIэ шъуяупчI!
[21.8] Гъомлапхъэ амышхынэу Тэ ахэмэ пкъышъол афэтшIыщтыгъэп, ахэр мылIэжьынхэу щытыгъэхэп.
[21.9] ЕтIанэ Тэ ахэр зэрэдгъэгугъагъэхэр хьакъым тетэу къэдгъэшъыпкъэжьыгъэх, ахэри тшIоигъохэри къэдгъэнэжьыгъэх; ашIоигъор зышIэщтыгъэхэр дгъэкIодыгъэх.

[21.10] ШIэныгъэ къызэрэшъуатырэ тхыгъэр Тэ къышъуфедгъэхыгъ. Шъо ар къыжъугурымыIонэуи?
[21.11] Диныр ашIошъ зэрэмыхъущтыгъэм пае къоджэ тхьапша Тэ дгъэкIодыгъэр, ахэмэ ауж нэмыкI цIыф лъэпкъыхэр къэдгъэхъугъэх!
[21.12] Ахэмэ Тэ тилъэкI къанэсэу зызэхашIэрэм, кIаIэжьы.
[21.13] КъышъолыекIэу къышъуатыгъэм, шъуипсэупIэхэм шъуаIумычъыжь, къафэжъугъэзэжь къышъоупчIынхэкIи мэхъу.
[21.14] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ Тхьэ къытэуагъ, шъыпкъэмкIэ, диныр тшIошъ мыхъоу тыщытыгъ!"
[21.15] Уц хьэсэ упкIагъэу агъэстыжьыгъэм фэдэ Тэ ахэр тэшIыфэхэ, якуо=кIый макъэ зэпыугъэп.
[21.16] Уашъори, чIыгури, ахэмэ азфагу илъри тиджэголъэнэу Тэ къэдгъэшIыгъэп.
[21.17] Тэ гухахъо горэ къызфэдгъотыжьынэу тыфэягъэмэ, Тэ ар зыхэдгъотэжьыни, Тэ аущтэу тшIэнэу тыфэягъэмэ.
[21.18] Ары, Тэ пцIым шъыпкъэр пэтэгъэуцу, шъыпкъэм пцIыр зэхегъэтакъо, мары ар мэкIоды,ау шъо Ащ ешъуIуалIэрэм пае тхьамыкIагъо шъуфыщылъ.
[21.19] Ащ уашъом щыIи чIыгум щыIи фэIорышIэ. Ащ ыпашъхьэ итхэм Ащ фэлэжьэнхэм фэмыехэу загъэинрэп, ащ пае пшъыхэрэп.
[21.20] Зэпамыгъэоу, мыпшъыхэу чэщи мафи ахэмэ Ащ ищытхъу аIо.
[21.21] Къэзгъэхъужьынхэ зылъэкIыщт тхьэхэр ахэмэ чIыгум щыряIэха?
[21.22] Алахьым фэшъхьафэу уашъоми чIыгуми тхьэ горэхэр ащыIагъэхэмэ, ахэр зэхэтэкъонхи. Дунэе лъэгапIэр зыIэ илъ Алахьым щытхъур ыдэжь. Ахэмэ Ащ гуагъэуцорэм нахьи Ар нахь лъаг!
[21.23] Ащ ышIэрэмкIэ еупчIыхэрэп, ау ахэмэ яупчIыщтых.
[21.24] Ащ фэшъхьафэу ахэмэ нэмыкIы тхьэхэр щыIэхэу алъыта? ЯIу: "АщкIэ шъо къызэрэжъугъэшъыпкъэжьрэр къашъуштэ! Мы шIэныгъэр сэ сигъусэмэ апай, сапэкIэ щыIагъэхэми апай. Ау бэмэ шъыпкъэр ашIэрэп, ащ пае дэхых.
[21.25] Сэщ фэшъхьаф Тхьэ зэрэщымыIэр гурытымыгъаIоу Тэ уапэкIэ лIыкIо дгъакIощтыгъэп. Сэ шъхьащэ къысфэшъуш!
[21.26] Ахэмэ аIуагъ: "ГукIэгъу зыхэлъым сабыйхэр иIэх". Ащ щытхъур ыдэжь! Хьау, ахэр Ащ иIумэт лъапIэх ныIэп.
[21.27] ГущыIэкIэ ахэр Ащ ыпэ ишъыхэрэп, Ащ иунашъокIэ ахэр мэзекIох.
[21.28] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэри, ауж къэхъущтыри Ащ ешIэ, ахэр ухъумакIо хъухэрэп. Ащ ынэшIу зыщыфэрэм фэшъхьафкIэ, ахэр Ащ ыпашъхьэ зэрэщыщынэхэрэм ишIуагъэкIэ мэкIэзэзых.
[21.29] Ахэмэ ащыщэу хэта зыIощтыр: "Ащ фэшъхьафэу сэри сытхь", Тэ ащ джэхьнэмыр фэдгъэшъошэщт. Диныр зыгу имылъхэм Тэ джаущтэу тятэщт!
[21.30] Джаурмэ амышIэщтыгъэуи уашъомрэ чIыгумрэ зэу зэрэщытыгъэхэр, етIанэ Тэ ахэр зэрэдгощыгъэхэр, псым Тэ псэ зыпыт пстэури къызэрэхэдгъэкIыгъэр? Ащ ауж ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ амышIыгъэнэуи?
[21.31] ЧIыгум дэмысысынхэу Тэ къушъхьэ пытэхэр ащ тедгъэуцуагъэх, Ахэр рыкIонхэ алъэкIыным пае къушъхьэ тIуакIэмэ гъогу занкIэхэр афэтшIыгъэх!
[21.32] Ошъо зэхэгъэIагъэр Тэ дгъэпсыгъэ, ау ахэр Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ адэхых.
[21.33] Ащ чэщыри, мафэри, тыгъэри, мазэри къыгъэшIыгъ. Ахэмэ апэпчъ гъогу хъурай къакIухьэ.

[21.34] УапэкIэ хэтрэ цIыфи мылIэжьынэу Тэ тшIыгъэп. О улIэмэ, ахэр мылIэжьынхэу хъунхэуи?
[21.35] Псэ пэпчъ лIэныгъэр зэхешIэ, бзэджагъэкIи шIукIи шъудгъэхъуапсэзэ, Тэ шъутэушэты, Тэ тадэжь къэжъугъэзэжьыщт.
[21.36] Джаурмэ узалъэгъукIэ, къыбдэхьащхыхэзэ, зыкъыпфагъазэ: "Шъуитхьэхэр мыра шъугу къэзгъэкIыжьхэрэр?" ГукIэгъу зыхэлъыр угу къэбгъэкIыныр ахэмэ щагъэзые.
[21.37] ЦIыфым гуIэныр къыдэхъугъ! Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр шIэхэу къэшъозгъэлъэгъущтых. Сэ сышъумыгъэгузажъу!
[21.38] Ахэмэ аIо: "ШъушъыпкъаIомэ, а тызэрэжъугъэгугъагъэр сыдигъуа къызыхъущтыр?"
[21.39] Джаурмэ ашIагъэмэ, анапэми акIыбхэми машIор IуагъэзыкIын зыщамылъэкIыщт уахътэр. Ахэр хэти ыухъумэщтхэп.
[21.40] Шъыпкъэ, ахэмэ ошIэ=дэмышIэу ар къашъхьарыонышъ, зэлъиштэщтых, ахэмэ ар IуагъэзыкIын алъэкIыщтэп, япIалъи афылъагъэкIотэщтэп!
[21.41] ЛIыкIохэу уапэкIэ щыIагъэхэм адэхьащхыгъагъэх, ау ахэр дэхьащхын зышIыщтыгъэхэм ахэр зыдэхьащхыщтыгъэхэр къяхъулIагъ.
[21.42] ЯIу: "Чэщыми мафэми ГукIэгъу зыхэлъым хэта шъущызыухъумэщтыр? Ахэр, нэфэшъхьаф, я Тхьэ агу къагъэкIыным фаехэп!
[21.43] Ахэр Тэ къытщаухъумэнхэу тхьэхэр яIэха? Ахэр зэкъохьагъэхэми, Тэ къытпэшIуекIохэу IэпыIэгъу зэратыжьыни, мыдырэхэми IэпыIэгъу къафэхъунхи алъэкIыщтэп.
[21.44] Ахэмэ ягъашIэ лъэкIотэфэ, ежхэми ятэхэми Тэ мылъку ренэу яттыщтыгъэ. Ахэмэ алъэгъурэба ячIыгу Тэ тызэрихьэрэр, ащ игъунапкъэхэм зэрахэдгъэкIрэр? Ахэра текIоныгъэр зиер?
[21.45] ЯIу: "Мы шIэныгъэр сэ къыжъугурысэгъаIо ныIэп", ахэмэ агурагъаIо зыхъукIэ, джэмакъэр дэгумэ зэхахрэп.
[21.46] О уи Тхьэ ипщынэжь ижьы макIэ ахэмэ занэсыкIэ, аIощт: "Тэ Тхьэ къытэуагъ, диныр тыгу имылъэу тыщытыгъ ныIэп!"
[21.47] Къаймэт мафэм Тэ шъыпкъэм ищэчалъэхэр дгъэуцущтых. Зы псэ зы IофкIи гухэкI ыхьыщтэп, ащ ыщэчрэр бэтэргъэным ыкIэ фэдизми, ар Тэ щэчалъэм итлъхьащт. Тэ лъытакIомэ танахь лъытэкIо шъыпкъ!
[21.48] Тэ Моси Хьаруни шIумрэ емрэ зэхадзынэу, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм апае шъэфэу я Тхьэ щыщынэхэрэм, сыхьат щынагъор агу къызыкIыкIэ кIэзэзхэрэм апае,
[21.49] Гъэсэныгъэри ушъыиныгъэри яттыгъэх.
[21.50] КъурIаныр щытхъу зыпылъ ушъыеу Тэ къедгъэхыгъ. Шъо ар щышъогъэзыя?
[21.51] Ибрахьимэ ыпэкIэ игъогу занкIэ Тэ къеттыгъагъ, Тэ ар тшIэщтыгъэ.
[21.52] Мары, ащ ятэ ицIыф лъэпкъ ариIуагъ: "Сыд лIэужыгъо джорэха шъхьащэ зыфэшъушIыхэрэр?"
[21.53] Ахэмэ аIуагъ: "Тятэхэм ахэмэ шъхьащэ афашIэу тлъэгъугъэ".
[21.54] Ащ ыIуагъ: "Шъори шъуятэхэри нафэу шъугъощагъ".
[21.55] Ахэмэ аIуагъ: "Угу илъэу ар къытэоIуа хьауми осэмэркъэуа?"
[21.56] Ащ ыIуагъ: "ШъыпкъэмкIэ, шъуи Тхьэр уашъомрэ чIыгумрэ я Тхьэу, ахэр къэзгъэшIыгъэр ары, сэ ащкIэ шыхьатмэ сащыщ.
[21.57] Алахьым ыцIэкIэ Iуагъэ сэшIы, шъуззэкIэкIожьрэм ыуж мы шъуихьакъ= мэкъхэм емыкIу ясхынкIэ!"

[21.58] Джорэхэр, анахь инэу ахэтым фэшъхьафрэ, хъугъэр тыралъхьан шIошIэу, ащ такъыр=такъырэу зэхигъэтэкъуагъэх.
[21.59] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ титхьэмэ хэта аущтэу адэзекIуагъэр, ащ, енэгуягъо, диныр ыгу имылъэу щытыкIэ!"
[21.60] Ахэмэ аIуагъ: "Ахэмэ кIалэ горэ къазэрэтегущыIэщтыгъэр зэхэтхыгъэ: Ащ ыцIэр Ибрахьим".
[21.61] Ахэмэ аIуагъ "Мы цIыфмэ апашъхьэ ар къижъугъэуцу, ахэми къаушыхьатынкIи мэхъу".
[21.62] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ титхьэмэ мыр язышIагъэр ора, Ибрахьим?"
[21.63] Ащ ыIуагъ: "Хьау, ар зышIагъэр ахэмэ анахь инэу ахэтыр ары, гущыIэ къаIон алъэкIыщтмэ, шъуяупчI".
[21.64] Джащыгъум ежьхэм гущыIэкIэ зызэфагъэзэжьыгъ, аIуагъ: "Шъо диныр шъугу илъэп".
[21.65] Ау ащ ыуж ахэмэ зыкъызэпырагъэзагъ: "ОшIэба мыхэмэ гущыIакIэ зэрамышIэрэр".
[21.66] Ащ ыIуагъ: "Шъо Алахьым фэшъхьафэу феди зэрари къышъуфэзымышIыхэрэм шъхьащэ афэшъушIэуи?
[21.67] Алахьым фэшъхьафэу шъхьащэ зыфэшъушIыхэрэми шъори шъокIод! Шъо ащ шъуемыгупшысэнэуи?"
[21.68] Ахэмэ аIуагъ: "Ар жъугъэсты, зыгорэ шъушIэ шъушIоигъомэ, шъуитхьэмэ гъусэ шъуафэхъу!"
[21.69] Тэ тIуагъэ: "О машIу, чъыIэтагъэ хъу, Ибрахьимэ мамыр фэхъу!"
[21.70] КъэрарынчъагъэкIэ ар агъэкIодынэу ахэр фэягъэх, ау Тэ ащкIэ ахэр амалынчъэ тшIыгъэх.
[21.71] Арырэ ЛютIэрэ Тэ къэдгъэнэжьхи, дунаим пае щытхъухьэ тшIыгъэ чIыгум къэдгъэкощыжьыгъэх.
[21.72] ШIухьафтын фэдэу Тэ ащ еттыгъ Исхьакърэ Якъубэрэ. Ахэр зэкIэ диныр ашIошъ хъоу Тэ тшIыгъэх.
[21.73] Тэ тиунашъокIэ ахэмэ IофышIухэр ашIэнхэу, нэмаз ашIынэу, агухэр зыгъэкъэбзэрэ сэдакъэ атынэу пащэ зэрэтшIыгъэхэр ахэмэ агурыдгъэIуагъ. Ахэмэ Тэ шъхьащэ къытфашIы.
[21.74] ЛютIи Тэ Iушыгъэрэ шIэныгъэрэ еттыгъ, къуаджэу пцIэпIагъэх зэшIэщтыгъэм щытыухъумагъ, ахэр цIыф бзаджэхэу щыкIыгъэхэу щытыгъэх.
[21.75] Тэ ащ тынэшIу щытфагъ, сыда пIомэ, диныр ыгу илъыгъ!
[21.76] Ащ ыпэкIэ, Нухьэ Тэ къызтэлъэIум, ащ джэуап тыфэхъугъ, ежьыри иунагъуи тхьамыкIэгъошхом щытыухъумагъ.
[21.77] Тэ ТиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэ цIыфхэм ар ащытыухъумагъ: Ахэр цIыф бзаджэхэу щытыгъэх, Тэ ахэр зэкIэ хым чIедгъэхьагъэх.
[21.78] Даутэрэ Сулейманрэ лэжьыгъэ шIапIэу яцIыфхэм, ямэлмэ агъэкIодыгъэм иIоф зэхафы зэхъум, Тэри ащ тыщыIагъ.
[21.79] Ащ акъыл хилъхьанэу Тэ Сулейман гурыдгъэIуагъ. А нэбгыритIум Тэ Iушыгъэрэ шIэныгъэрэ яттыгъ. Даутэ игъусэхэу Тэ щытхъу тфаIоным пае, ащ къушъхьэхэри бзыухэри фэдгъэIорышIагъэх: Тэ ар тшIагъэ.
[21.80] Шъузэзао хъумэ шъукъиухъумэнэу, шъощ пае ашъо джанэ ышIэу Тэ ар дгъэсагъэ. Шъо разэ шъухъугъа?
[21.81] Сулейман жьыбгъэр фэдгъэIорышIагъ, ащ иунашъокIэ ар мы чIыгоу шIу къыздэхъунэу Тэ зытетIуагъэм къыщепщэ, хъугъэр зэкIэ Тэ тэшIэ.

[21.82] Псым зычIигъаомэ налмэс=налкъутэхэр къыфычIихыхэу ащ шэйтанмэ ащыщхэр
иIагъэх, ахэмэ нэмыкI Iофхэри ашIэщтыгъэх. Тэ ахэмэ талъыплъэщтыгъэ.
[21.83] Аюби ары, ар и Тхьэ къызелъэIум: "ТхьамыкIагъо къысэхъулIагъ, о гукIэгъу
зыхэлъмэ анахь гукIэгъушхо пхэлъ!"
[21.84] Тэ ащ джэуап тыфэхъугъ, тхьамыкIагъоу телъыгъэр шъхьарытхыгъ, унагъо еттыгъ,
ежьри ежь фэдэхэу игъусагъэхэм Тэ тишIушIэ къафедгъэхыгъ. Тэ шъхьащэ
къытфэзышIхэрэмкIэ ар ушъыиныгъ.
[21.85] Исмахьили, Индрыси, Зул-кифли зэкIэ ахэр щэIагъэ зиIэмэ ащыщыгъэх.
[21.86] Тэ ахэмэ тынэшIу ащыфагъ: Ахэр диныр зыгу илъмэ ащыщыгъэх
[21.87] Пцэжъыем ыдырыгъэр зимышIэжьэу губжыгъэу зыIокIыжьым, Тэ тыфырикъунэп
шIошIыгъ: Ау етIанэ шIункIым хэтэу ар къэлъэIуагъ: "Ощ фэшъхьаф Тхьэ щыIэп,
щытхъур О уадэжь, шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ диныр сыгу имылъэу сыщытыгъ!"
[21.88] Тэ ащ джэуап тыфэхъугъ, къинэу зыхэтым щытыухъумагъ, джаущтэу Тэ Тхьэр
зышIошъ хъухэрэр къэтэгъэнэжьыых.
[21.89] Зэчэрийэ Мары, ар и Тхьэ къелъэIугъ: "Я Алахь, шъхьэзакъоу сыкъэмыгъан,
кIэныр зыIукIэжьрэмэ О уанахьышIу!"
[21.90] Тэ ащ джэуап тыфэхъугъ, Яхьыер едгъэгъотыгъ, ишъуз сабий къыфэхъун
ылъэкIынэу тшIыгъэ: Сыда пIомэ шIушIэным ахэр егугъущтыгъэх, къытщыгугъыхэу,
щынэр агу илъэу Тэ нэмаз къытфашIыщтыгъ, Тэ тапашъхьэ щышъэбагъэх.
[21.91] ЗиукIытэ къэзыухъумагъэри ары. Тэ тпсэ щыщкIэ ащ Тэ тыкIоцIыпщи, ежьыри ащ
ыкъуи дунаимкIэ щысэтехыпIэ тшIыгъэх.
[21.92] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъуидин дин зэикIэу щыт, Сэ сышъуиТхь, Сэ шъхьащэ
къысфэшъушI!
[21.93] Адырэхэр динэу зэрытхэмкIэ зэрэужъгъэигъэх. Ахэмэ зэкIэмэ Тэ тадэжь
къагъэзэжьыщт!
[21.94] Тхьэр зышIошъ хъоу шIу зышIэрэм ыгу етыгъэу ышIэрэр щыгъэзыягъэ хъущтэп.
Ар Тэ фэттхыщт.
[21.95] Къуаджэ горэм бгыбзэ зэрэтефагъэм тетэу ЯIджуджрэ МаIджуджрэ къэмысыфэхэ,
Iуашъхьэмэ къямыхыфэ Тэ дгъэкIодыщтыгъэ,
[21.96] Сыда пIомэ ахэмэ диным къыфагъэзэжьыщтыгъэхэп.
[21.97] Гугъэ шъыпкъэр къэблэгъагъ, шIошъхъуныгъэ зимыIагъэхэм янэплъэгъухэр
кIосагъэх. "Тэ Тхьэр къытэуагъ, тэ ащкIэ шъхьэкIэфагъэ тхэлъыгъэп! Ары, тэ диныр тыгу
имылъэу тыщытыгъ!
[21.98] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъори Алахьым фэшъхьафэу шъхьащэ
зыфэшъушIыщтыгъэхэри джэхьнэм машIом пае гъэстыныпхъэх ныIэп, шъо ащ
шъухэхьащт!
[21.99] Мыхэр тхьэхэу щытыгъэхэмэ, ахэр ащ пэхьаныхэеп ау ахэр зэкIэ ащ егъашIэм
хэтых.
[21.100] Ахэр ащ щыпэхьащтых, ау ежьхэм зыпари зэхахыщтэп.
[21.101] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ нахьыпэм тын шIагъохэр афэтшIынхэу дгъэгугъагъэхэр а
чIыпIэ тхьамыкIагъом Iутщыщтых.
[21.102] Ащ ымэкъэ цIыкIуи ахэмэ зэхахыщтэп, агухэм ашIоигъуагъэм егъашIэм
хэтыщтых.
[21.103] Щынэгъошхом ахэр чэфынчъэ ышIыщтхэп, ахэмэ мэлаIичхэр мыщ фэдэ
гущыIэхэмкIэ апэгъокIыщтых: "Шъо шъузэрагъэгугъагъэ мафэр ары мыр!

[21.104] Тхыгъэхэр зэрэзэкIоцIычэрагъохэрэм фэдэу, Тэ уашъор зызэкIоцIытщыхьэкIэ,
апэрэу Тэ къэдгъэхъугъэр къызэрэдгъэхъугъэм фэдэу, Тэ шъузэрэдгъэгугъагъэу ар
къыкIэтшIыкIыжьыщт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ ар дгъэцэкIэжьыщт!
[21.105] Диныр зыгу илъхэу Сэ сиIумэтхэм чIыгур аIэ илъ зэрэхъущтыр Библием ыуж
Забурэм Тэ къитхагъэх.
[21.106] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъхьащэ къытфэзышIыхэрэмкIэ икъунэу тхылъым
унашъохэр дэтых!
[21.107] Дунаим шIушIэ гукIэгъу уфэхъунэу Тэ удгъэкIуагъ ныIэп.
[21.108] ЯIу: "Шъуи Тхьэ зы Тхьэ, Ащ ыIэ зишъулъхьагъа?"
[21.109] Ахэмэ акIыб къагъазэмэ, яIу: "Шъо зэкIэмэ зэфэдэу шъозгъэшIагъэ, сэ сшIэрэп
благъэми е чыжьэми шъузэрагъэгугъэрэр.
[21.110] Ащ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, лъэшэу къэшъуIорэ гущыIэри шъуушъэфыри ешIэ,
[21.111] Сэ сшIэрэп, ар шъоркIэ ушэтынкIи хъун, пIэлъэ гъэнэфагъэм щыщ IахьынкIи
хъун.
[21.112] ЯIу: "Я Алахь, шъыпкъэм тетэу къызэхэф! Тэ ти Тхьэ гукIэгъу хэлъ, шъо Ащ
пышъулъхьэрэм пэшIуекIорэ IэпыIэгъум Ащ ыдэжь узщылъыхъущтыр!"

Алхэдж

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[22.1] О цIыфхэр! Шъуи Тхьэ ищынагъо шъугу ижъугъэлъ, сыда пIомэ, аджалыр
къызысыщт сыхьатыр щынагъо, тхьамыкIагъу.
[22.2] А мафэм ар зышъулъэгъукIэ, хэтрэ быдзегъэшъо бзылъфыгъи ригъашъорэр
щагъэгъупшэщт, лъэрмыхь пэпчъ ыныбэкIоцI илъыр шIокIодыжьыщт, цIыфхэр
ешъуагъэхэу плъэгъущт. Ау ахэр ешъогъэщтхэп. Алахьым ипщынэжь лъэшы.
[22.3] ЦIыфмэ ахэтых шIэныгъэ фырямыIэу Алахьым пае зэнэкъокъухэрэр, зэкIэмкIи
шэйтан зэIыгъэхьакIом ахэр лъэкIох.
[22.4] Ащ гоуцорэр ыгъэгъощэнэу, машIом хьэзабкIэ хищэнэу ухэсэгъахьэ.
[22.5] О цIыфхэр! ЗыгорэкIэ шъукъагъэхъужьыным шъуехьырэхъышэмэ, шъуегупшыс: Тэ
шъо чIыгум, етIанэ хъопсащэм,етIанэ лъы пцIагъэм, етIанэ лы такъырым зэ дахэу, зэ
мыдахэу шъузэхэлъэу (ар къыжъугурыдгъаIо тшIоигъу). шъухэтшIыкIыгъ. ПIэлъэ
гъэнэфагъэкIэ ныбэ кIоцIмэ шъуарытэлъхьэ, етIанэ сабыеу шъукъэтэгъэхъушъ, шъуныбжь
икъуфэ амал шъотэты, шъо къышъухэтых ипIалъэ къэсымэ лIэхэрэр, шъо къышъухэтых
жьы къатымыщэ охъуфэ щыIэхэрэо, арышъ,ахэмэ нахьыпэм ашIэщтыгъэр ашIэжьрэп.
Джащ фэдэу мы чIыгур илIыкIи, зыпари къызтемыкIэжь хъугъэр олъэгъу, ау Тэ ащ псыр
къызыфедгъэхыкIэ, зыкъызэIуехыжьы, къэбаижьы, уц лъэпкъ зэфэшъхьаф шIагъохэр
къытекIэх.
[22.6] Алахьыр шъыпкъэу щыIэшъ ары ауштэу зыкIэхъурэр, Ащ лIагъэхэр
къегъэхъужьых, Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп,
[22.7] Сыхьатыр къэсыщт, ащ джэнджэш хэлъэп! Къэ унэмэ адэлъхэр Алахьым
къадигъэтэджыкIыжьыщтых.
[22.8] ШIэныгъи, зэрыгъозэнхэ шIэныгъи, шIэныгъэзехьэ тхыгъи ямыIэу Алахьым пае
зэнэкъокъухэрэр цIыфмэ ахэтых.
[22.9] Алахьым игъогу нэмыкIхэр тыращынхэм пае ахэмэ апшъэхэр пагэу ращэкIых;
гъашIэу зыхэтхэм ахэмэ емыкIу щятхыщт, ау къаймэт мафэм хьазаб машIокIэ
тыушэтыщтых.

[22.10] Ар ахэмэ аIашъхьэкIэ къызфахьыжьыгъэм пай, сыда пIомэ Алахьым ежь иIумэтмэ агу хигъэкIрэп.
[22.11] Зы пэчычанэ горэм тетхэм фэдэу Алахьым фэлажьэхэрэр цIыфмэ ахэтых: Ахэмэ шIу горэ къызадэхъукIэ, гупсэфых, ау тхьамыкIагъо горэ къызяхъулIэкIэ, нэмыкI шъыпкъэу зэхъокIых: Ахэр гъашIэу зыхэтхэми ахърэтми ащынасыпынчъэх, ар нэрлъэгъу насыпынчъагъэу щыт!
[22.12] Алахьым ычIыпIэкIэ шIуагъи зэрари къэзымыхьыщтхэм ахэр ялъэIух, ар гъощэныгъэ шъыпкъэу щыт!
[22.13] Федэм нахьи зэрар къафэзыхьыщтым ахэр елъэIух: ухъумакIор тхьамыкIэ, ащ ухъумакIокIэ щыгугъэу зезытыри тхьамыкIэ!
[22.14] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэр псыхъохэр зыхэчъхэрэ джэнэтым Алахьым рещэх. Алахьым шIоигъор ешIэ.
[22.15] ГъашIэу зыхэтхэми ахърэтми Алахьыр ащ (Мыхьамэт) IэпыIэгъу къыфэмыхъунэу егупшысэрэм кIапсэр уашъом перэшIи, зерэтхьалэжь, ерэплъ зыгъэгубжырэр ежь итхьагъэпцIыгъэкIэ щигъэзыен ылъэкIыщтымэ.
[22.16] Алахьыр зыфаер гъогу занкIэ зэрэтыригъэуцорэм ищысэтехыпIэу Iэятэ зэхэугуфыкIыгъэхэу Тэ ар (КъурIаныр). къедгъэхыгъ.
[22.17] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, къаймэт мафэм, шIошъхъуныгъэ зышIыгъэхэри джуртхэри, сабиIинхэри, чиристанхэри, мэджусхэри, тхьабэ зышIошъ хъухэри Алахьым къызэхифыщтых, сыда пIомэ псэ зыпыт пстэуми Алахьыр яшыхьат!
[22.18] О плъэгъугъэба уашъом щыIи, чIыгум щыIи, тыгъэми, мазэми, жъуагъохэми, къушъхьэхэми, чъыгхэми, псэушъхьэхэми, цIыфмэ ащыщыбэхэми Алахьым шъхьащэ зэрэфашIырэр. Ау ахэмэ ащыщыбэхэм пщынэжьыр къалэжьыгъ!. Алахьым ыгъэцIыкIурэр хэти диIэтэежьын ылъэкIыщтэп. Алахьым шIоигъор ешIэ!
[22.19] Мары я Тхьэ пае зэпыищтыгъитIухэр шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм апае машIом хашIыкIыни, щыгъынхэр афабзыщтых, ахэмэ ашъхьэмэ псы жъуагъэр къаракIыхыщт.
[22.20] Ащ къыхэкIэу ахэмэ аныбэкIоцI илъхэр мэткIух, акIышъохэри ары.
[22.21] Ахэмэ апае щыIэх гъучI щыуанышхохэр.
[22.22] Джэхьнэм машIом ахэр къыхэкIынхэу фаехэ къэс, хьазабэу щалъэгъурэм къыхэкIынхэм пае, ахэмэ арагъэгъэзэжьыщт: "Хьазаб машIор шъуушэты!"
[22.23] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэр псыхъохэр зыхэчъхэрэ джэнэтхэм Алахьым арищэщтых. Дышъэм, налмэс=налкъутэм ахэшIыкIыгъэ IэхъухэмкIэ ахэр щагъэкIэрэкIэщтых, щыгъынэу щыряIэщтыр данэ.
[22.24] Сыда пIомэ КъурIаным ишIэныгъэ тефэу ахэмэ ящыIэныгъэ зэгъэфэгъагъэ, ахэмэ ящыIэныгъэ щытхъушхо зыпылъым игъогу фэузэнкIыгъагъ.
[22.25] Тхьэм шIошъхъуныгъэ фэзымышIыгъэхэр, Алахьэм игъогуи, Альмэсджыд Альхьарамэу цIыф пстэумэ ащ дэжь чIыпIэрыпсэухэми е кощырыпсэухэми язэфэдэм Iузыщхэрэр, джащ фэдэу бзэджагъэгорэкIэ, ащ емыкIу щызезыхьан зышIоигъор,Тэ лыуз пщыныжь IудгъэкIэщт.
[22.26] Мары, Ибрахьимэ пае унэм Тэ чIыпIэ щыдгъэнэфагъ: "Сэ къысфэбгъадэу зыпари къызгомыгъэуцу, сиунэ хъураеу къэзыкIухьэрэмэ, щытхэм, щытхъу хэлъэу зызгъэцIыкIухэрэм, чIыгум нэсэу шъхьащэ зышIыхэрэм апае къабзэу Iыгъы".
[22.27] ХьаджэмкIэ цIыфмэ макъэ ягъэIу. Ахэр лъэсхэу махъшэ гъурхэм атесхэу гъогу чыжьэхэмкIэ уадэжь къэкIощтых,

[22.28] Федэу къаратырэр къагъотыным пае, хьайуанмэ ащыщхэу ахэмэ Тэ яттыгъэ
псэушъхьэхэм ашъхьагъ Алахьым ыцІэ мэфэ гъэнэфагъэхэм къыщыраІоным пае. Ахэр
шъушхых, насыпынчъэ тхьамыкІэр жъугъашхэ!
[22.29] ЕтІанэ ахэмэ ямышынкІыгъэ гъунэ фарэшІ, гущыІэ пытэу атыгъэхэр икъоу
арэгъэцэкІэжьых, ижъырэ унэр къарэкІухь.
[22.30] Джары зэрэщытыр! Алахьым иуынашохэр зылъытэрэм и Тхьэ шІу къыфишІэщт.
Къызэджагъэхэмк Іэ къышъуаІогъахэм фэшъхьафрэ, хьайуанхэм ал шъо гъомылэ шъушІын
шъуфит. Тхьэ сурэтмэ яемыкІу шъуебгъукІу, гущыІэ нэпцІым зыщышъудзый,
[22.31] Алахьым ыпашъхьэ диным шъущыфэкъабз, Ащ емыпэсыгъэхэр гошъумыгъэуцох,
емыпэсыгъэхэр Алахьым гозгъэуцохэрэр уашъом къефэхыхи бзыухэм апхъотагъэм е
жьыбгъэм чІыпІэ чыжьэ ылъэсыгъэм фэдэщтых.
[22.32] Джары зэрэщытыр! Алахьым изекІокІэ=шІыкІэхэр зылъытэрэм аущтэу
зыкІишІэрэр Тхьэм ищынагъо ыгу илъышъ ары.
[22.33] Шъо пІэлъэ гъэнэфагъэм тетэу ахэр (хьайуанхэр) жъугъэфедэх, етІанэ ахэмэ
ячІыпІэр ижъырэ унэм дэжь.
[22.34] Былымхэр зыщаукІыщт чІыпІэхэр хэтрэ лъэпкъи Тэ фэдгъэуцугъ. Былымхэр
аукІхэ зыхъукІэ, Тхьам ыцІэ тыраІон фае. Алахьыр зы, ащ шъуфэІорышІ, пэгэнчъэхэр
къэбарышІукІэ жъугъэгушІох.
[22.35] Алахьым ыцІэ къызыраІокІэ зыгу щынагъо къихьэхэрэр, тхьамыкІагъо хафэхэмэ
щэІагъэ къызхэзгъэфэхэрэр, зинэмаз блэзымыгъэкІхэрэр ары Тэ ятырэм щыщ Іахьэ тын
зышІыхэрэр.
[22.36] Псэушъхьэ дэгъухэр, шъуашІохэр Алахьым пае къурмэн шъушІынхэу Тэ
шъуфэдгъэнэфагъэх, шъощ пае ахэмэ шІугъэ ахэлъ. Ахэр лъэхъагъэхэу щытхэ зыхъукІэ,
ахэмэ ашъхьагъ Алахьым ыцІэ къыщышъуІу, ахэр зэхэфагъэхэу жьы къамыщэжь
зыхъукІэ, ал шъушхы, тхьамыкІэу къышъолъэІурэр, сэдэкъэхэдзэу къышъолъэІункІэ
укІытэрэр жъугъашхэ. Тэ джаущтэу ахэр шъуІэ къитлъхьагъэх, шъо разэ шъухъункІэ
мэхъу!
[22.37] Ахэмэ али,алъи Алахьым лъыІэсыщтхэп, ау Тхьэм ищынагъоу шъугу илъыр Ащ
лъэІэсы. Шъо Ащ гъогу занкІэ шъузэрэтырищагъэм пае, Алахьыр жъугъэлъэпІэным пае
джаущтэу ахэр Ащ шъуІэ къырилъхьагъэх, шІу зышІэхэрэр о гъэгушІох!
[22.38] Шъыпкъэ дэдэмкІэ, шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышІыгъэхэр Алахьым къеухъумэх!
Шъыпкъэ дэдэмкІэ, къумалыр, джаурыр Алахьым шІу ылъэгъурэп!
[22.39] Ахэр (диныр зышІошъ къухэрэр). джаурмэ къызэраушъхьакІугъагъэхэм пае
язэонхэ фитых. Шъыпкъэ дэдэмкІэ, ахэмэ къаІэпыІэн Алахьым ылъэкІыщт,
[22.40] Зэфэнчъэу япсэупІэмэ арафыгъагъэхэм "Тэ ти Тхьэр Алахьыр ары" зэраІощтыгъэм
пае. Алахьым зы цІыфхэр адырэ цІыфхэмкІэ ымыІажэщтыгъэхэмэ, чылыс=унэ зэхэтхэри,
чылысхэри, джуртмэ ятхьалъэІупІэ синагогхэри, мэщытхэри Алахьым зэхэкъутэнхи.
Алахьыр зыдеІэрэм деІэ, Алахьыр кІочІэшху, щытхъушхо пылъ!
[22.41] Нэмаз зышІрэр, сэдакъэ зытрэр, шІур зышІошъ хъурэр, хэбзэнчъагъэм
щаухъумэхэрэр ары мы чІыгум Тэ зылъапсэ щыдгъэпытэхэрэр. Хъугъэ=шІагъэмэ кІэухэу
афэхъущтыр Алахьым ыІэ илъ!
[22.42] О ахэмэ пцІыускІэ уалъытэмэ, ахэмэ апэкІэ щыІагъэхэми, Нухьэ ицІыф лъэпкъи,
Іадхэми, самудхэми,
[22.43] Ибрахьимэ ицІыф лъэпкъи, ЛютІэ ицІыф лъэпкъи,

[22.44] Мэденэ щыпсэущтыгъэхэми афагъэкIогъэгъэ пегъэмбархэр пцIыусхэкIэ алъытэщтыгъэх; Мосэ гъэпцIакIокIэ алъытэгъагъ. Сэ джаурмэ япIалъэ лъызгъэкIотэгъагъ, ау етIанэ згъэпщынагъэх. Сэ сигубж зыфэдагъэр!
[22.45] Динынчъэу зыщэтхэм, къоджэ тхьапша Тэ дгъэкIодыгъэр! Мары, ахэр лъапсэм нэсэу зэхэтэкъуагъэх! Псынэ тхьапша, пытапIэ тхьапша нэкIы хъугъэхэр!
[22.46] Ахэр зэгорэм мы чIыгум рыкIуагъэхэба? Мыр къагурыIонэу ахэмэ акъыл яIэбэ? Мыщ къедэIунхэу тхьакIумэхэр яIэба? Ахэмэ анэхэр нэшъухэп, ау абгъэ дэлъыгухэр нэшъух.
[22.47] Пщыныжьыр псынкIэу къэсыщтмэ ахэмэ оркIэ зэрагъашIэ ашIоигъу. Алахьым Iуагъэу ышIыгъэр зэблихъужьыщтэп: Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо уахътэр къызэрэшъулъытэрэмкIэ, уи Тхьэ изы мафэ шъуиилъэс миным фэдиз!
[22.48] Динынчъэу зыщэтхэм, къоджэ тхьапшымэ Сэ япIалъэ афылъызгъэкIотагъ, етIанэ Сэ ахэр згъэпщынагъэх, Сэ садэжь ахэмэ къагъэзэжьыщт.
[22.49] ЯIу: "О цIыфхэр! ШъоркIэ сэ сыушъыекIо=гъэдэIокIо наф.
[22.50] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм къафегъэгъу, яфэшъошэ Iахь агъотыщт.
[22.51] ТиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр кIочIаджэ ашIынхэм пае егугъущтыгъэхэр машIом щыпсэущтых.
[22.52] УапэкIэ хэт фэдэ лIыкIуи хэт фэдэ пегъэмбари Тэ афэдгъэкIуагъэми, ар тхыгъэм къеджэ зыхъукIэ, ахэмэ ащыщ пэпчъ шэйтаным ыгъэхъуапсэщтыгъэ; ау шэйтаным агу къыригъэтаджэрэ пэпчъ Алахьым щегъэзые, ащ ыуж иIэятэхэр щыбгъэзыенхэ умылъэкIынэу Алахьым ешIы,
[22.53] Алахьым ешIэ, Iуш. Шэйтаным ахэмэ агу къыригъэтаджэрэмкIэ ыушэтынхэм пае (шъыпкъэ дэдэмкIэ, зыгу бзэджагъэ илъхэр гъунэм нэсхэу къаигъэх); зыгу уз илъхэри зыгу бзаджэ илъхэри Алахьым ешIэ, Iуш.
[22.54] КъурIаныр о уи Тхьэ дэжь къызэрикIыгъэр, Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIыным, ахэмэ агухэр Ащ фэIорышIэнхэм пае Iэятэхэр къызэратыгъэмэ ашIэн фае. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр Алахьым гъогу занкIэм фещэх!
[22.55] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм сыхьатыр ошIэ=дэмышIэу къафэсыфэ е зыщыкIодыщтхэ мафэм ипщыныжь къафэсыфэ, Ащ фэгъэхьыгъэу еджэнджэшынхэр зэпагъэурэп.
[22.56] А мафэм Алахьым ыIэ лъэкIыр илъ: Ащ къызэхифыщт. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, шIу эышIэщтыгъэхэр джэнэт тхъагъом исыщтых.
[22.57] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэу Тэ тиIэятэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэм апай хьазаб пщыныжьыр!
[22.58] Алахьым игъогу тетхэу яхэгъэгу къэзыбгынагъэхэу, етIанэ укIыгъэ хъугъэхэм е лIагъэхэм Алахьыр тын шIагъокIэ къятэщт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тын зышIыхэрэм Алахьыр анахьышIу!
[22.59] Ахэмэ ашIоигъо ихьапIэкIэ ахэр джэнэтым Ащ рищэщтых. Алахьым ешIэ, шъабэ!
[22.60] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, джаущтэу хъущт! Ежь зэрагъэпщынагъэм фэдэу зыгъэпщынэрэм, етIанэ ащ пэшIуекIоу мызафэу дэзекIохэмэ, ащ, Iо хэмылъэу, Алахьыр IэпыIэгъу къыфэхъущт. Алахьым къыпфегъэгъу!
[22.61] Аущтэу зыкIэхъущтыр Алахьым чэщыр мафэм хегъахьэ, мафэр чэщым хегъахьэ, сыда пIомэ Алахьым зэхехы, елъэгъу.

[22.62] Аущтэу зыкIэхъущтыр Алахьыр щыIэ шъыпкъэу щытышъ ары сыда пIомэ Ащ фэшъхьафэу ахэмэ нэмаз зыфашIыхэрэр нэпцIы, сыда пIомэ, Алахьыр лъагэ, ины.
[22.63] О плъэгъугъэба Алахьым псыр уашъом къызэрэригъэхрэр, чIыгур уц шхъуантIэм зэрэзэлъиштэрэр? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр гукIэгъушI, ешIэ!
[22.64] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Ащ ыIэ илъ, Алахьыр бай, щытхъушхо пылъ!
[22.65] О плъэгъугъэба чIыгум тетыр шъо къызэрэшъуфигъэIорышIагъэр, Ежь иунашъокIэ хым щесырэ къухьэри? ИIизын хэмылъэу уашъор чIыгум къытемыфэным пае, Ащ уашъор ыIыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр цIыфмэ къафэшъаб,гукIэгъушI!
[22.66] Алахьыр ары шъукъэзгъэхъужьыгъэр, етIанэ Ащ шъуигъэлIэщт, етIанэ шъукъигъэхъужьыщт, Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыфыр рэзэнчъэ!
[22.67] Хэтрэ цIыф лъэпкъи шъхьащэ зэришIыщт хэбзэ=зэхэтыкIэр фэдгъэуцугъ. А Iофым пае ахэр о къыорэмынэкъокъух. Уи Тхьэ елъэIу, о гъогу занкIэм утет!
[22.68] Ахэр къыонэкъокъухэмэ, яIу: "Шъо шъушIэрэр Алахьым нахьышIоу ешIэ!
[22.69] Шъуазфагу зэмзэгъыныгъэу илъыр къызщыхъужьыщтхэ мафэм Алахьым къызэхифыщт".
[22.70] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым зэришIэрэр о пшIэрэба? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар Ащ итхылъ дэт, ар АлахьымкIэ IэшIэх!
[22.71] Алахьым фэшъхьафэу Ащ зыпари лъэкI къызфыримыгъэхыгъэмэ, шIэныгъэ зыфырямыIэмэ ахэмэ шъхьащэ афашIы. Динынчъэхэм сыд фэдэ IэпыIэгъуи яIэп!
[22.72] ЗэхэугуфыкIыгъэу къиIотыкIыгъэхэу Тэ тиIэятэхэм диныр зыIыгъхэм къафеджэхэ зыхъукIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр къатебэнэнхэу зэрэхьазырхэр ахэмэ анапэмэ ахэплъэгъощт. ЯIу: "ШъоркIэ анахь тхьамыкIагъоу къэхъущтыр къышъосэрэIуа? МашIо! ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр ащкIэ Алахьым къыгъэгугъагъэх. Ар шъхьэегъэзыпIэ дэй!"
[22.73] О цIыфхэр! Гъэсэпэтхыдэ къышъуаты, ащ шъуедэIу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым фэшъхьафэу шъузэлъэIухэрэр зэкIэ зэрэугъоигъэхэми егъашIи ахэмэ бадзэ къагъэхъун алъэкIыщтэп. Бадзэм зыгорэ атырихми, ахэмэ ащ къытырахыжьын алъэкIыщтэп. ЛъаIори зэлъэIухэри кIочIаджэх!
[22.74] Алахьым тефэрэ уасэ ахэмэ фашIыгъэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр лъэш, ин дэд!
[22.75] ЛIыкIохэр Алахьым мэлаIичмэ, цIыфмэ къахехы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зэхехы, елъэгъу!
[22.76] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэр, ауж щыIэщтыр Ащ ешIэ, къэхъущтыр зэкIэ Алахьым ыIэ илъ.
[22.77] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Зышъууфэзэ, шъхьэкIафэ шъухэлъэу нэмаз шъушIы, шъуи Тхьэ шъуфэлажь, шIу шъушIэ:шъо насыпышIо шъухъункIи мэхъу!
[22.78] Ащ епэсыгъэ гуетныгъэ шъухэлъэу Алахьым пае шъуегугъу. Ащ шъукъыхихыгъ. Хьылъэ къышъуфэхъунэу зыпари диным къыхилъхьагъэп. Шъуятэ Ибрахьимэ идин къызэрэхимылъхьагъэм фэдэу. НахьыпэкIи, джырэ уахътэми, лIыкIор шыхьат къышъуфэхъуным пае, шъо цIыфмэ шыхьат шъуафэхъуным пае Ар быслъымэнкIэ къышъоджагъ. Ащ пае зэпымыоу нэмаз шъушIы, шъугухэр зыгъэкъэбзэрэ сэдакъэ шъуты, Алахьым шъукъызэриухъумэщтым шъулъыхъу! Ар шъуиухъумакIу. Ар сыд фэдэу ухъумэкIо шIагъуа, сыд фэдэу гъусэ шIагъуа!

АлмуIминун

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!

[23.1] Тхьэр зышIошъ хъухэрэр насыпышIох,
[23.2] ШъхьэкIэфэныгъэ ахэлъэу нэмаз зышIыхэрэр,
[23.3] ГущыIэ нэкIмэ защызыдзыехэрэр,
[23.4] Зэчатэ зытыхэрэр,
[23.5] бзылъфыгъэмэ агохьанкIэ зыфэсакъыжьхэрэр,
[23.6] (яшъхьагъусэхэм, бзылъфыгъэ гъэрхэу аIэ къихьагъэхэм афэшъхьафэу, ащкIэ ахэр бгъэмысэнхэу щытэп,
[23.7] А гъунапкъэмэ арыкIхэрэр бзэджашIэх),
[23.8] Шэсэу атыгъэхэр, Iуагъэу ашIыгъэхэр агъэцэкIэнхэм анаIэ тезгъэтхэрэр,
[23.9] Нэмазым егугъухэрэр,
[23.10] Ахэр кIэнзехьэ хъущтых,
[23.11] Ахэмэ джэнэтыр аIукIэжьыщт, ахэр ащ егъашIэм исыщтых.
[23.12] Зэгорэм Тэ ятIэм цIыфыр хэтшIыкIыгъ,
[23.13] ЕтIанэ Тэ ар хъопсащэм хэтшIыкIи, цыхьэшIэгъу чIыпIэ итлъхьагъ,
[23.14] ЕтIанэ хъопсащэм лъыпцIагъэ хэтшIыкIыгъ, лъыпцIагъэм лы такъыр хэтшIыкIыгъ, етIанэ а такъырым къупшъхьэхэр хэтшIыкIыгъэх, къупшъхьэмэ лы къатедгъэхъуагъ, етIанэ Тэ ар цIыфэу къэдгъэхъугъ, гъэпсакIомэ анахьышIоу Алахьым щытхъур ыдэжь !
[23.15] ЕтIанэ ащ ыуж уахътэ зытешIэрэм, шъолIэжьы.
[23.16] ЕтIанэ шъузылIагъэм ыуж, къызщыхъужьыщтхэ мафэм, шъулъэ шъукъытыригъэуцожьыщт.
[23.17] Зэгорэм шъуашъхьагъ ошъо къатибл Тэ къыщыдгъэпсыгъ, а къэдгъэшIыгъэм темыгугъоу тыкъэнэщтэп.
[23.18] Шапхъэм тетэу Тэ уашъом псы къетэгъэхы, чIыгум хэтэгъахьэ, Тэ ар хэтщыжьыными тиIоф тет.
[23.19] А псымкIэ шъощ пае Тэ къэтэгъэкIы хъурмэ чъыг хатэхэр, сэнашъхьэхэр, шъощ пае ахэмэ пхъэшъхьэмышъхьэхэр хъоеу къапэкIэ,
[23.20] Чъыгэу Синай къушъхьэ къытекIэри ары, ащ дагъи шхыныр къэзгъэIэшIури къеты.
[23.21] Шъо щысэ зытешъухын хьайуанмэ ахэлъ: Ахэмэ ашхолмэ щэу арытым Тэ шъуетэгъашъо, шъощ пае ащ бэ федэу хэлъыр, ахэри шъошхых,
[23.22] Къухьэми хьайуанхэми шъузэрахьэ.
[23.23] Тэ Нухьэ ицIыф лъэпкъ фэдгъэкIуагъ, ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Алахьым шъхьащэ фэшъушI. Ащ фэшъхьаф шъо тхьэ шъуиIэп, шъо Ащ шъущыщынэнба?"
[23.24] Ащ ицIыф лъэпкъ щыщхэу диныр зымыIыгъхэм аIуагъ: мыр шъо къышъуфэдэ цIыф, шъуашъхьагъ къиуцоным кIэнэцIы. Алахьым шIоигъуагъэмэ, Iо хэмылъэу, мэлаIичхэр къыригъэхынхи, тятэжъмэ ятэхэм къащыублагъэу ащ фэдэ зэхэтхыгъэп.
[23.25] Ар зышъо икIыгъэ цIыф, ащ къехъулIэщтым ипIэлъэ гъэнэфагъэ шъуеж"
[23.26] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, ахэмэ сэ гъэпцIакIоу сызщалъытэрэм, къыздеI!"
[23.27] Тэ ащ гурыдгъэIуагъ: "Тэ къызэрэбгурыдгъэIуагъэу, къухьэ шIы, Тэ тиунашъо къызыкIоу, хьакур къэплъэу, псыр къызыригъэкIыкIэ, псэушъхьэ лъэпкъ пэпчъ тIурытIоу зэгъусэхэу, уиунагъуи ахэмэ ащыщхэу, Сэ сигущыIэ ыпэкIэ къызфэкIуагъэмэ афэшъхьафэу ащ ищ, динынчъэу щытыгъэхэм апае Сэ укъыздэмыгущыI: Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр псым чIырагъэхьащтых!
[23.28] Ори о уигъусэхэри къухьэм шъузихьахэкIэ, къаIо: "ЦIыф мызафэмэ тащызыухъумэгъэ Алахьым щытхъур ыдэжь!"
[23.29] КъаIо: "Я Алахь, щытхъухьэ сызэхъулIэн чIыпIэ сыкъыщыгъэуцу, шъхьэегъэзыпIэ къязытырэмэ О уанахьышIу!"

[23.30] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ тхьамыкIагъохэр афэтэгъакIохэми, ащ щысэтехыпIэ хэлъ!
[23.31] Ахэмэ ауж нэмыкI лъэхъэнэ цIыфхэр Тэ къэдгъэхъугъэх.
[23.32] Тэ ахэмэ ащыщэу лIыкIо афэдгъэкIуагъ: "Алахьым шъхьащэ фэшъушI, Ащ фэшъхьаф шъо тхьэ шъуиIэп шъо шъумыщынэнэуи?"
[23.33] Ащ ицIыф лъэпкъ щыщ лIэкъолъэшхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм, ахърэт гъашIэм зэрэIукIэжьыщтхэр, пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэм, гъашIэу зыхэтхэм иIэшIугъэ зэхашIэнэу Тэ амал зэдгъэгъотыгъэхэм аIуагъ: "Ар къышъуфэдэ цIыф ныIэп, шъо шъушхыри ары ащ ышхырэр, шъо шъузашъорэр ары ар зашъорэр.
[23.34] Шъо къышъуфэдэ цIыфым шъуфэIорышIэмэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, насыпынчъэ шъухъущт.
[23.35] Шъо шъузылIэрэм ыуж, яжьэу шъухъужьэу, къупшъхьэхэр къызынэжьхэкIэ, икIэрыкIэу псаоу шъукъычIигъэкIыжьынэу ащ къышъуеIуа?"
[23.36] Шъо шъузэрагъэгугъагъэр чыжьэу, чыжьэу щыт!
[23.37] ЩыIэ закъор тэ гъашIэу тызхэтыр ары, тэ тэлIэ, тыщыI, тыкъагъэхъужьыщтэп.
[23.38] Ар Алахьым имыхьакъ тезылъхьэгъэ цIыф ныIэп, Тэ ащ цыхьэ фэтшIырэп".
[23.39] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, сэ пцIыускIэ сызэралъытагъэм пае къыздеI!"
[23.40] Ащ ыIуагъ: "ПIэлъэ кIэкIыкIэ ахэр кIэгъожьыщтых".
[23.41] ШъыпкъэмкIэ, ахэр куо макъэм ыукIыгъэх, псы къиугъэм ыхьырэ хэкIым фэдэ Тэ ахэр тшIыгъэх. Динынчъэ цIыф лъэпкъыр орэкIод!
[23.42] ЕтIанэ ахэмэ ауж нэмыкI лъэхъэнэ цIыфхэр Тэ къэдгъэхъугъэх.
[23.43] Сыд фэдэ цIыф лъэпкъи пIалъэу иIэм ыпэ ишъын ылъэкIыщтэп, ахэмэ ар агъэжъэжъэн алъэкIыщтэп!
[23.44] ЕтIанэ зэмыгъусэхэу, зым ыуж адырэр итэу Тэ тилIыкIохэр къафэдгъакIощтыгъэх. Сыд фэдэ цIыф лъэпкъи илIыкIо къыфакIо къэс ахэмэ ар гъэпцIакIокIэ алъытэщтыгъэ, зы цIыф лъэпкъым ыуж адырэ цIыф лъэпкъыр къэхъухэу Тэ тшIыщтыгъэ, зым пае адырэр къэбар тшIыщтыгъэ. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэ цIыф лъэпкъыр орэкIод!
[23.45] ЕтIанэ тэ тиIэятэхэр аIыгъхэу, лъэкI гъэнэфагъэ яIэу Мосэрэ ащ ышэу Хьарунэрэ, фирхьаунрэ ащ илIэкъолъэшхэмрэ
[23.46] Тэ афэдгъэкIуагъ, ау ахэмэ загъэпэгагъ, зызгъэинрэ цIыф лъэпкъэу къычIэкIыгъэх.
[23.47] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ къытфэдэ цIыфитIу яцIыф лъэпкъ Тэ къытфэлажьэу, ахэмэ цыхьэ афэтшIына".
[23.48] А нэбгыритIур ахэмэ гъэпцIакIокIэ алъытагъэх, ащ пае ахэр агъэкIодыгъэхэм ащыщ хъугъэх.
[23.49] Гъогу занкIэм ахэр рыкIонхэм пае, Мосэ Тэ тхылъыр еттыгъ!
[23.50] Мерэм ыкъо, ащ янэ Тэ щысэтехыпIэ тшIыгъэх, псынэкIэчъ зиIэ Iуашъхьэм дэжь гупсэф шъхьэегъэзыпIэ щяттыгъ.
[23.51] О лIыкIохэр, шхыныгъошIухэр шъушхых, шIу шъушIэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Сэ сэшIэ шъо шъушIэрэр!
[23.52] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мы шъуицIыф лъэпкъ цIыф лъэпкъ зэикI Сэ сышъуи Тхь, Сэ шъукъысщыщын!
[23.53] Дин шIэныгъэу яIэмкIэ ахэр зэфэшъхьаф еплъыкIэхэр яIэхэу зэрэгощыгъэх, куп пэпчъ ежь иIэр зыфэдэм егъэразэ.
[23.54] Уахътэр къэсыфэ ахэр япсычэрэгъоу зыхэтхэм хэгъэтых.
[23.55] Ахэр егупшысэхэрэба мылъкоу, шъаоу Тэ къялыекIэу къяттырэмкIэ,
[23.56] ШIушIэнхэр тиIэу ахэмэ апае Тэ тызэрэгуIэрэр? Ары, ахэмэ ашIэрэп!
[23.57] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, я Тхьэ ищынагъо агу илъэу шъхьэкIэфэныгъэ зыхэлъхэр,

[23.58] я Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афызиIэхэр,
[23.59] я Тхьэ емыпэсыгъэхэр гозымыгъэуцохэрэр,
[23.60] Атын фаер сэдакъэ зышIыхэрэр, агу щынэ илъэу яТхьэ дэжь зэрагъэзэжьыщтым ежэхэрэр
[23.61] Ахэр арых шIум фаблэхэрэр,ащ екIурэ гъогум нэмыкIхэм макъэ арагъэIугъэу, ахэр гупсэфыгъом нахь псынкIэу лъыIэсыщтых.
[23.62] Тэ псэм къытетлъхьэрэр фэукIочIыщтыр ары,. шъыпкъэр къэзыIорэ тхылъ Тэ тиI, ахэмэ агу хагъэкIыщтэп.
[23.63] Ау джаурмэ агухэр ащ емыгугъунхэм хэтых. Ахэмэ яIофхэр мыдырэмэ ялъытыгъэмэ, хэушъхьафыкIыгъэх,
[23.64] Ахэмэ ащыщхэу зызгъатхъэщтыгъэхэр Тэ тэгъэкIодыфэхэ ащ щычаныщтых. Джащыгъум ахэмэ куо=гъы макъэ къаIэтыщт.
[23.65] Непэ куо=гъы макъэ къэшъумыIэт, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ тIэ зыми шъурихыщтэп!
[23.66] Сэ сиIэятэмэ шъо къышъуфяджэщтыгъэх, ау ащкIэ зыжъугъэпагэу,
[23.67] Чэщрэ гущыIэ нэкIхэр зэдэшъушIыхэу шъузэкIакIощтыгъэ.
[23.68] Мы псалъэм тэрэзэу зэремыгупшысагъэхэр армэ шIэ ар аущтэу зыкIэхъурэр? Е ахэмэ ятэжъхэм ятэмэ къафэмыкIогъагъэ горэ къафэкIуагъа?
[23.69] Е ахэмэ къафэкIогъэ лIыкIор къашIэжьыгъэба, ащ пае къаигъэ къыпэхъужьыгъэха?
[23.70] Е ахэмэ аIуа: "Ар ышъэ икIыгъ", ары, шъыпкъэр ашIэу ар ахэмэ афэкIогъагъ, ау ахэмэ анахьыбэмэ шъыпкъэр афэлъэгъурэп.
[23.71] Ау ахэр зыфэщагъэхэмэ шъыпкъэр алъыкIогъагъэмэ, уашъори, чIыгури, ахэмэ ащыIэри зэщыкъощтыгъэ. Тэ ахэмэ шIэныгъэ къафэтхьыгъ, ау ахэр а шIэныгъэм кIэрэкIых.
[23.72] Ахэмэ шIухьафтын горэ къыуатынэу о уялъэIуа? Уи Тхьэ ишIухьафтын сыд фэдэми нахьышIу: гъэшIэ Iахь къэзытырэмэ Ар анахьышIу!
[23.73] О ахэр гъогу занкIэм фэощэх.
[23.74] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ фызимыIэхэр а гъогум дэхых!
[23.75] Тэ ахэмэ гукIэгъу афэтшIэу тхьамыкIагъохэу ахэмэ къяхъулIэхэрэр атетхыгъагъэхэми, нэшъум фэдэхэу гъощэныгъэу зыхэтхэм нахь фэкъаигъэнхи.
[23.76] Тэ ахэм пщыныжьхэр къафэдгъакIощтыгъэх, ау я Тхьэ фэIорышIэщтыгъэхэп, Ащ елъэIугъэхэп.
[23.77] Пщынэжь жъалымым икъэлапчъэ Тэ ахэмэ къызэфаIутэхым, ахэмэ агу кIодыгъэ.
[23.78] Шъо тхьакIумэхэр, нэхэр гур къышъозытыгъэр Алахьыр ары, шъо макIэ разэ шъузэрэхъурэр!
[23.79] Ащ шъо чIыгум шъутырипхъагъ, Ащ ыпашъхьэ шъуугъоижьыщт.
[23.80] Ащ къегъэхъужьых, егъалIэх, чэщымрэ мафэмрэ зэрэзэблэкIрэр Ащ ыIэ илъ, шъо ар къыжъугурыIорэба?
[23.81] Ары, ахэмэ аIорэр къызтекIыгъэхэмэ аIощтыгъэр ары.
[23.82] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ тылIэу, яжьэ, къупшъхьэ тызыхъужьрэм, шъыпкъэ дэдэу тэ тыкъэхъужьына?
[23.83] Тэри тятэхэми ащкIэ тагъэгугъэхэгъагъ. Ар ыпэкIэ щыIэгъэ цIыфхэм къаугупшысыгъ ныIэп!"
[23.84] ЯIу: "Шъо шъошIэмэ, чIыгур, ащ тетыр хэта зыIэ илъыр?"
[23.85] Ахэмэ аIощт: "Алахьыр ары. "ЯIу: "Шъо зыкъэшъумышIэжьынэуи?"
[23.86] ЯIу: Ошъо къатиблым хэта я Тхьэр, дунэе лъэгапIэм и Тхьэр?
[23.87] Ахэмэ аIощт: "Алахьыр ары. "ЯIу: "Шъо Ащ шъущыщынэрэба?

[23.88] ЯIу: Хэта зэкIэ щыIэр зыIэ илъыр, ахэр Ащ къеухъумэх, шъошIэмэ, къаухъумэныр Ащ ищыкIагъэп!"
[23.89] Ахэмэ аIощт: "Алахьым ыIэ илъ". ЯIу: "Шъо шъузэрагъэплъэхъугъэр!"
[23.90] Тэ шъыпкъэр къафэтхьэу ахэмэ такъыфэкIуагъ, ау ахэр пцIыусых!
[23.91] Алахьым хэт фэди къокIэ ыштагъэп, Ащ сыд фэдэ Тхьи игъусагъэп. Армырмэ тхьэ пэпчъ къыгъэшIыгъэр ыштэжьыныешъ, зым адырэр ышъхьагъ иуцощтыгъэ. Алахьым щытхъур ыдэжь, раIуалIэрэм Ар нахь лъаг,
[23.92] Шъэфыри нэрылъэгъури зышIэрэр, имыфэшъуашэу Ащ гуагъэуцорэмэ Ар анахь лъаг!
[23.93] КъаIо: "Я Алахь, ахэмэ щынагъоу апыщылъыр О къысэбгъэлъэгъуна?
[23.94] Я Алахь, динынчъэ цIыфхэм сакъыхэмыгъан!"
[23.95] ШъыпкъэмкIэ, ахэмэ щынагъоу апыщылъыр Тэ о къыодгъэлъэгъун тлъэкIыщт.
[23.96] Ер шIукIэ щыгъэзый. Тэ икъоу тэшIэ шIуагъэу къыппатхэрэр.
[23.97] КъаIо: "Я Алахь, шэйтанмэ яушэтын зыщысыухъумэнэу О уадэжь шъхьэегъэзыпIэ сыщылъэхъу!
[23.98] Сэ ахэмэ яягъэ къысамыгъэкIыным пае уадэжь, я Алахь, шъхьэегъэзыпIэ сыщылъэхъу".
[23.99] Ахэмэ ащыщ горэм лIэныгъэр къызыфакIокIэ, ыIощт: "Я Алахь, сигъашIэ къысэтыжь,
[23.100] Сэ шIоу сымышIэу къэзгъэнагъэр сшIэнкIи мэхъу". Ар хъущтэп. Ар гущыIэу къыIощтыр ары. Къаймэт мафэм нэс ахэмэ акIыб гъогу зэпыгъэIыгъэр дэлъ.
[23.101] Сырынэм ымакъэ къызыIукIэ, а мафэм ахэмэ азфагу Iахьылыгъэ зэфыщытыкIэ илъыжьыщтэп, зэупчIыжьыщтхэп.
[23.102] Джащыгъум ащэчрэр зищэчалъэ нахь зыщыхьылъэщтхэр насыпышIох.
[23.103] Ащэчрэр зищэчалъэ нахь щыпсынкIэщтхэм, егъашIэрэу джэхьнэм машIом къыханэхэзэ, къин арагъэлъэгъущт.
[23.104] МашIом ахэмэ анэгухэр тыристыкIыщтых, узым,хьылъэм анэгухэр зэрагъэлъэщтых.
[23.105] Сэ сиIэятэмэ къышъуфяджэщтыгъэхэба, ау ахэр пцIыкIэ шъулъытэщтыгъэхэба?
[23.106] Ахэмэ аIощт: "Ярэби я Алахь, титхьамыкIагъохэр къыттекIуагъэх, гъощэгъэ цIыфхэу тыхъугъ.
[23.107] Я Алахь, джэхьнэм машIом тыкъыхэщыжь, а дэдэр етIанэ тшIэмэ, тэ тызэфэнчъ".
[23.108] Ащ ыIуагъ: "Ащ шъукъыхан, Сэ шъукъыздэмыгущыI!
[23.109] Сэ сиIумэтхэм ащыщ куп ыIощтыгъэ: "Я Алахь, тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ тшIыгъэ, къытфэгъэгъу, гукIэгъу къытфэшI, гукIэгъу зышIырэмэ О уанахьышIу".
[23.110] Ахэмэ шъуадэхьащхызэ Сэ сигугъу шъущагъэгъупшагъ.
[23.111] ЗэращыIэщтыгъэм пае непэ Сэ ахэмэ сятагъ, ахэр, шъыпкъэмкIэ, тхъэгъошхом хэтых.
[23.112] Ащ ыIуагъ: "Илъэс тхьапша шъо чIыгум щыжъугъэшIагъэр?"
[23.113] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ ащ зы мафэ е мафэм щыщ горэ тытетыгъ, ау яупчI зылъытэхэрэм".
[23.114] Ащ ыIуагъ: "Бэп шъузэрэтетыгъэр".
[23.115] Шъо джэгуалъэ горэм фэдэу шъукъэдгъэхъугъэу, Тэ тадэжь къэшъумыгъэзэжьыщтэу шъуегупшысэуи?"
[23.116] Алахьыр ин дэд, Ащ фэшъхьаф Тхьэ щыIэп, дунэе лъэгэпIэ зафэм ар и Тхь!

[23.117] Алахьым игъусэу нэмыкIытхьэ елъэIурэм, ар къызэриушыхьатын имыIэу, ащ ихьисап и Тхьэ дэжь щыI. Джаурхэр насыпышIо хъухэрэп!"
[23.118] КъаIоба: "Я Алахь, къысфэгъэгъу, гукIэгъу къысфэшI ГукIэгъу къафэзышIрэмэ О уанахьышIу!"

Алнур

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[24.1] Мы сурэр Тэ къедгъэхыгъ, хабзэу къэдгъэуцугъ, ащ итэу Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр шъо акъыл хэшъухынэу Тэ къедгъэхыгъ!
[24.2] Шъхьагъусэ зиIэ хъулъфыгъэ, бзылъфыгъэ хэтакIо пэпчъ огъуишъэкIэ жъугъэпщынэ. Шъо Алахьым, ахърэт мафэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэшъушIыгъэмэ, Ащ идин шъуитэу ахэмэ гукIэгъу афэшъушIыным зыдежъугъэхьыхы хъущтэп. Ахэр жъугъэпщынэхэ зыхъукIэ, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ ащыщхэу нэбгырэ заулэ щытынхэ фае.
[24.3] Шъхьэгъусэ зиIэгъэ хъулъфыгъэ хэтакIом къыщэн фаер бзылъфыгъэ хэтакIоу шъхьэгъусэ зиIагъэр ары е тхьабэ зышIошъ хъущтыгъэр ары. Бзылъфыгъэ хэтакIоу шъхьэгъусэ зиIагъэр зыдэкIон фаер хъулъфыгъэ хэтакIоу шъхьэгъусэ зиIагъэр е тхьабэ зышIошъ хъурэр ары. Ау Тхьэр зышIошъ хъухэрэр ащ фитхэп.
[24.4] ЛIы зиIэ бзылъфыгъэхэм пцIы атезылъхьэу шыхьатиплI къезымыщалIэхэрэр огъу тIокIиплIыкIэ жъугъэпщынэх, ахэр сыдигъокIи щыхьат шъумышIых, ахэр цIыф щыкIыгъэх,
[24.5] Ахэмэ ахэтых нэужым кIэгъожьхэрэр, цIыф тэрэз хъужьхэрэр, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[24.6] Ежь фэшъхьаф шыхьат имыIэу ишъузхэр зыгъэмысэрэм ежь пае шыхьат ышIыщтыр плIэгъогогъо Алахьым ыцIэкIэ шъыпкъэ зэриIорэр ашIошъ зэригъэхъурэр ары,
[24.7] Ау ежь пцIыусмэ, ятфанэрэм Алахьым ибгыбзэ ежь тефэнэу ыIон фае.
[24.8] Ар пцIыусэу ыIоу Алахьыр плIэ шыхьатэу къызихьыкIэ, бзылъфыгъэм ипщыныжь щагъэзые.
[24.9] Ар шъыпкъаIоу щытмэ, Алахьым игубж лъэш ежь къытефэнэу, ятфанэрэу Алахьыр шыхьатэу къехьы.
[24.10] Алахьыр шъуфэхьалэлэу, шIу къышъуфишIэу щымытыгъэмэ, Алахьым ыгу къышъуфэгъоу, Iушэу щымытыгъэмэ ....
[24.11] ПцIы къыфэзыхьи уадэжь къэкIуагъэхэр шъо шъуещыщых. Ар оркIэ бзэджагъэу умылъытэ, ар шъоркIэ шIугъэ. Ахэмэ ащыщ цIыф пэпчъ тефэщтыр псэкIодэу ыгъэхъагъэм фэдиз. Ахэмэ ащыщэу анахь псэкIодыбэ зыгъэхъагъэм пщыныжь ин дэдэ фыщылъ.
[24.12] Ар зызэхэшъохым, Тхьэр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэри бзылъфыгъэри, сыд пае шъугукIэ дэгъоу шъуемыгупшысагъа, шъумыIуагъа: "Ар пцIы гъэнэфагъ!"
[24.13] АщкIэ шыхьат нэбгыриплI сыд пае ахэмэ къамыщагъа? Ахэмэ шыхьатхэр къамыщагъэмэ, Алахьым ыпашъхьэ ахэр щыпцIыусых.
[24.14] ГъашIэу шъузхэтым, ахърэт дунаим Алахьым хьалэлыгъэу къыщышъуфыриIэм, Ащ ишIушIэн мыхъугъэмэ, шъо гущыIэхэу ишъутэкъухьэщтыгъэхэм апае пщыныжь ин дэдэ къышъуфэкIони
[24.15] Зикъэбар шъумышIэрэр шъо бзэгукIэ, IупэкIэ къашъуIощтыгъэ, Алахьым ыпашъхьэ мэхьанэшхо щызиIэр мэхьанэ хъатэ имыIэу шъулъытэщтыгъэ.
[24.16] Ар зызэхэшъохым, шъо сыда зыкIэшъумыIуагъэр: "Ащ тэ тытегущыIэныр къекIурэп. О щытхъур уадэжь!Ар пцIышхо дэд".

[24.17] Шъо Тхьэр шъушIошъ мэхъумэ, ащ яхьщыр сыдигъуи шъумышIэжьынэу Алахьым къыжъугурегъаIо.
[24.18] Алахьым иIэятэхэр къышъуфызэхефых, Алахьым ешIэ, Iуш!
[24.19] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм афэгъэхьыгъэу бзэджагъэхэр къэбар зышIынхэр зикIасэхэм гъашIэу зыхэтхэми ахърэтми хьазаб пщыныжь афыщылъ, Алахьым ешIэ, ау шъо шъушIэрэп!
[24.20] Алахьым шъо хьалэлыгъэу къышъуфыриIэр, Ащ ишIушIэн мыхъугъэмэ, Алахьыр шъабэу, гукIэгъу хэлъэу зэрэщытыр мыхъугъэмэ...
[24.21] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, шэйтаным илъэуж шъурымыкIу! Шэйтаным илъэуж рыкIохэрэр. Ащ емыкIурэ хэбзэнчъагъэ щэхъу унашъо къышIырэп. Шъо хьалэлыгъэу Алахьым къышъуфыриIэр, Ащ ишIушIэн ары мыхъугъэмэ, шъуащыщэу зы нэбгыри зигъэкъэбзэжьын ылъэкIыныеп. Ау Алахьым шIоигъор егъэкъэбзэжьы: Алахьым зэхехы, ешIэ!
[24.22] Фикъун зиIэ шъущыщхэм, баихэм, Iахьылхэм, тхьамыкIэхэм, Алахьым пае яхэгъэгу къырафыгъэхэм Iахь афамышIынэу, тхьэлъанэ арэмышI, агу шIу илъэу, гъэшIоныгъэ ахэлъэу щэрэтых. Алахьым шъо къышъуфигъэгъунэу шъуфаеба? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[24.23] Шъуз шъхьэлъытэжьхэм, Iом пымылъхэм, Тхьэр зышIошъ хъухэрэм пцIы атезылъхьэхэрэм ашIэщтыгъэмкIэ мы дунаими ахърэт мафэми Тхьэм игубж ателъ, хьазабышхо ащэчыщт.
[24.24] А мафэу ахэмэ абзэгухэри, аIэхэри, алъакъохэри ашIэщтыгъэмкIэ шыхьат зафэхъухэкIэ,
[24.25] Ахэмэ дин шъыпкъэу яIагъэмкIэ а мафэм икъу шъыпкъэу Алахьым къаритыщт, ахэмэ ашIэщт Алахьыр шъыпкъэ нафэу зэрэщытыр.
[24.26] Бзылъфыгъэ дэйхэр хъулъфыгъэ дэймэ апаех, хъулъфыгъэ дэйхэр бзылъфыгъэ дэймэ апаех, бзылъфыгъэ дэгъухэр хъулъфыгъэ дэгъумэ апаех, хъулъфыгъэ дэгъухэр бзылъфыгъэ дэгъумэ апаех. АIорэм ахэмэ яIоф хэлъэп. Ахэмэ афагъэгъущт, IахьышIу аратыщт!
[24.27] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, Iизын къышъуатынэу шъуямыупчIэу, шъуиунэмэ афэшъхьаф хэт иуни шъуимыхь, ахэмэ ащыпсэухэрэм мамыр яIэнэу шъуафэлъаIу. Ащ пае шъуиIоф дэгъу хъущт, ар шъугу къэжъугъэкIыжь!
[24.28] Ащ зыпари ишъумыгъуатэмэ, Iизын къышъуамытыфэ шъуимыхь Ау къышъуаIомэ, "Жъугъэзэжь!- къэжъугъэзэжь. Ар шъоркIэ нахь къабз, Алахьым ешIэ шъо шъушIэрэр.
[24.29] Шъуимылъку зэрылъ унэхэу цIыф зэрымысхэм шъуазэрэрыхьэрэм, шъоркIэ гунахь хэлъэп. Шъо къэжъугъэлъагъори шъуушъэфыри Алахьым ешIэ!
[24.30] Тхьэр зышIошъ хъурэмэ яIу, ахэмэ анапIэхэр рарэдзых, зыгъэхъулъфыгъэхэрэр арэухъум: Ар ахэмкIэ нахь къабз. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ ашIэрэр Алахьым ешIэ!
[24.31] Тхьэр зышIошъ хъурэ бзылъфыгъэмэ яIу: Янэплъэгъухэр рарэдзыхых, ябзылъфыгъагъэ къарэухъум, яшъуашэмэ ащыщхэу кIыIутелъмэ афэшъхьаф къарэмыгъэлъагъу, бгъэ зэгохыпIэмэ техъонхэр афарэшIых, ялIыхэм, е ятэхэм, е ялIыхэм ятэмэ, е акъохэм, е ялIымэ акъохэм, е ашыхэм, е ашымэ якIалэхэм, е ашыпхъухэм якIалэхэм, е ябзылъфыгъэхэм, е ягъэр бзылъфыгъэхэу аIэ къихьагъэхэм, е унэIут хъулъфыгъэхэу бзылъфыгъэм емынэцIыжьхэрэм, е кIэлэцIыкIухэу бзылъфыгъэ пцIанэр къызгурымыIохэрэм афэшъхьафхэм ящыгъынхэр арамыгъэлъэгъух, чIэгъчIэлъ щыгъынхэу ащыгъхэр арамыгъэлъэгъунхэм паи зэрэкIохэрэм фэрэсакъых. О диныр зышIошъ хъухэрэр, Алахьым зыфэжъугъаз, шъо насыпышIо шъухъункIи мэхъу!

[24.32] ПщылIхэу, унэIут бзылъфыгъэхэу шъуиIэхэр шъхьэзакъохэмэ къяжъугъащ, дэжъугъакIох. Ахэр тхьамыкIэхэмэ, Ежь ихьалэлыгъэ щыщ мылъку Алахьым къаритыщт. Алахьым шIу ешIэ, Iушым иIушыжь!
[24.33] Къащэнэу амал зимыIэхэм, Алахьым ихьалэлыгъэ щыщ мылъку къаретыфэ, зарэIаж. ШъуIэ къихьагъэмэ ащыщхэу шъхьафит хъужьынхэм фаехэм тхылъ афэшъутх, ахэмэ шIу агу илъэу шъошIэмэ, Алахьым иIэм щыщэу Ащ къышъуитыгъэм щыщ ахэмэ яшъут, унэIут пшъашъэхэр Iэдэбныгъэшхо ахэлъынэу фаехэмэ, гъашIэу зыхэтхэм узэмыжагъэу къыхэхъухьэхэрэм афэмыблэнхэм пае хэтакIо хъунхэу ешъумыгъэзых. Хэтми ахэр езгъэзхэрэр. Ахэр зырагъэзыхэрэм ыуж Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[24.34] Джы шъо Iэятэ зэхэугуфыкIыгъэхэр къышъуфедгъэхыгъэх, шъуапэкIэ щыIагъэхэр щысэтехыпIэу къышъодгъэлъэгъухи, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм ушъыиныгъи къафедгъэхыгъ.
[24.35] Алахьыр уашъоми чIыгуми янур. Ащ инурэ дэпкъым хэт остыгъэм яхьщыр. Остыгъэр псышъо апчым ит, псышъо апчыр жъуагъом фэдэу мэлыды. Ар чъыгым къызэкIегъанэ, ащ хэлъым фэдэ дагъэ тыгъэ къыкъокIыпIэмкIи тыгъэ къохьапIэмкIи щыIэп. Ащ идагъэ машIо нэмысыгъэми, къыгъэнэфынэу хьазыр. Нурэм нурэр тет! Алахьым Ежь шIоигъор инурэ фещэ, цIыфмэ апае щысэхэр Алахьым къехьых. Алахьым зэкIэ ешIэ!
[24.36] Алахьым иIизын хэлъэу ашIыгъэ мэщытхэм Ащ ыцIэ къызыщыраIохэрэм. Ащ ищытхъу пчэдыжьи пчыхьи ащаIо.
[24.37] ЦIыфхэу щэными щэфэными апае къамыгъанэу Алахьым елъэIухэрэм Нэмаз зышIыхэрэм, гур зыгъэкъабзэрэ сэдакъэ зытыхэрэм, мафэу ахэмэ агухэми анэхэми зыщызэпырагъэзэщтым щыщынэхэрэм
[24.38] Ахэмэ шIоу ашIагъэм пае Алахьыр къятэным пае, Ащ Ежь ихьалэлыгъэ щыщкIэ ямылъку къафигъэбэгъоным пае, Алахьым зыфаем гъунэ имыIэу ышхыщтыр къыреты!
[24.39] Ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм ашIэрэр тыгъэхьажъоу шъоф нэкIым къыщылъагъорэм фэд. ПсыфалIэ лIэрэм ар псэу елъытэ, ау зынэскIэ, зыпари ыгъотрэп, ау ежь игъусэу Алахь закъоу ащ ышIагъэмкIэ джэуап Iызыхыжьыщтыр егъоты. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, къыбдилъэгъущтымкIэ Алахьыр IэшIэх!
[24.40] Е ахэр хыор быжъутэм шъхьарыт шIункIым фэдэх. Зы хыорым адырэ хыорэр къытехьэ, ахэмэ ашъхьагъ ошъуапщэр ит. ШIункI къатхэр зым нахьи адырэр нахь шIункI, арышъ, зыIэ зыщэигъэм ыIэ ерагъэу елъэгъу. Алахьым нэфынэ зыфимыгъакIорэм нэфынэ иIэп!
[24.41] Уашъом щыIи чIыгум щыIи, зэготхэу быбырэ бзыуми Алахьым ищытхъу зэраIорэр о плъэгъурэба? Ежь идыухьэ, Ащ щытхъоу фиIощтыр хэти ешIэ. Алахьым ешIэ ахэмэ ашIэрэр!
[24.42] Уашъори чIыгури Алахьым ыIэ илъ, Алахьым дэжь къэжъугъэзэжьыщт.
[24.43] О плъэгъурэба Алахьым пщэхэр зэрэзэригъакIохэрэр, етIанэ ахэр зэхегъахьэх, етIанэ ошъуапщэ ешIых, ахэмэ атIуакIэмэ оешхор къазэрэдэкIрэр олъэгъу. Ащ уашъом къушъхьэм фэдэу ошъур къырегъэхы, ащкIэ Ежь шIоигъор егъэкIоды, шIоигъом шъхьарехы. Ащ ипчыкIэ хъопскI нэхэр пIихынэу хьазыр.
[24.44] Чэщхэмрэ мафэхэмрэ Алахьым къызэблехъух: Акъыл зиIэ цIыфхэмкIэ ащ ушъый хэлъ.

[24.45] Сыд фэдэ псэушъхьэри Алахьым псым къыхигъэкIыгъ. Ахэмэ ащыщхэр аныбашъокIэ мэцуахъох, лъэкъуитIукIэ, лъэкъуиплIыкIэ кIохэри ахэтых. ШIоигъор Алахьым къегъэхъу. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[24.46] Iэятэ зэхэугуфыкIыгъэхэр Тэ къедгъэхыгъэх, Алахьым ежь зыфаер гъогу занкIэм фещэ.
[24.47] Ахэмэ аIо: "Тэ Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэтшIыгъ, тафэIорышIэ!" ЕтIанэ ахэмэ, ащыщхэм ащ ыуж акIыб къагъазэ, ахэр джаурых.
[24.48] Алахьым, Ащ илIыкIо ахэр къызэхифынхэу ялъэIухэ зыхъукIэ, ахэмэ ащыщхэр IокIыжьых.
[24.49] Ахэмэ хьакъыр яягъэмэ IорышIэхэу Ащ ыдэжь къэкIонхи.
[24.50] Ахэмэ агухэм сыд уза арылъыр? Ахэр еджэнджэшыха е Алахьыр, Ащ илIыкIо ахэмэ къафэмызэфэнхэм щэщынэха? Ахэр насыпынчъэх!
[24.51] Тхьэр зышIошъ хъухэрэм Алахьым, Ащ илIыкIо ахэр къызэхифынхэу адэжь къызяджэхэкIэ, ахэмэ аIо: "Тэ зэхэтхыгъэ, тафэIорышIэ!" Ахэр насыпышIох.
[24.52] Алахьым, Ащ илIыкIо афэIорышIэхэрэм, Алахьым ищынагъо зыгу илъхэм, Ащ щыщынэхэрэм гъэхъагъэ ашIыщт.
[24.53] Унашъо зэрафэпшIыгъэм тетэу заом ежьэнхэу Iогъэ лъэшхэр зытыралъхьажьызэ, Алахьым ыцIэкIэ ахэмэ Iуагъэ ашIыщтыгъэ. ЯIу: "Iуагъэ шъумышIы! Икъу шъыпкъэу IорышIэ шъухъу! ШъушIэрэр Алахьым ешIэ!"
[24.54] ЯIу: "Алахьым шъуфэIорышI, пегъэмбарым шъуфэIорышI! Ау акIыб къагъазэмэ, ащ телъыр тыралъхьагъэр ары, шъо шъутелъыр къышъутыралъхьагъэр ары. Ащ шъуфэIорышIэ хъумэ, гъогу занкIэ шъурыкIощт. ЛIыкIом телъыр зэхэугуфыкIыгъэу къышъуиIожьыныр ары".
[24.55] Шъущыщхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыхэу, шIу зышIэщтхэр зэгорэм ахэр къызтекIыгъэхэм чIыгур аIэ къызэрэрилъхьэгъагъэм фэдэу аIэ чIыгур къырилъхьанэу, ахэмэ апае Ежь нахьышIукIэ къафилъытэрэ диныр къафигъэуцунэу, нахьыпэм щынагъоу яIагъэр щынэгъончъэкIэ къафызэблихъунэу Алахьым къыгъэгугъэгъагъэх. Ахэмэ Сэ зыпари къызгуамыгъэуцоу шъхьащэ къысфашIызэ ашIыщт. Ащ ыуж джаурэу къычIэкIхэрэр щыкIыгъэхэр арых!
[24.56] Нэмази шъушIы, зэчати хэжъугъэкI, пегъэмбарым шъуфэIорышI, къышъуфагъэгъункIи мэхъу!
[24.57] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм Алахьым иIоф чIыгум къыщызэIагъэхьанэу шъумылъытэ, ахэмэ машIор япсэупIэщт Ар сыд фэдэу шъхьэегъэзыпIэ щынагъуа!
[24.58] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъуигъэрхэри шъущыщхэу зыныбжь имыкъугъэхэри шъуадэжь къихьанхэу фаехэ хъумэ, Iизын яшъутынэу мафэм щыщ охътищым къышъолъэIунхэ фаех сэбэхьэ нэмазым ыпэкIэ, щэджагъом дэжь шъо щыгъынхэр зызыщышъухрэм, ахъшам нэмазым ыуж, ар шъоркIэ охътищэу шъузщымыфэпагъэр ары. НэмыкI уахътэхэм шъорыкIи ахэмкIи шъузгъэохъун щыIэп, джащыгъум шъузэлъыкIу. Джащ фэдэ щысэхэр Алахьым къышъуфызэIуехых! Алахьым ешIэ, Iуш!
[24.59] ШъуикIалэмэ аныбжь зикъукIэ, апэкIэ щыIагъэмэ зэрашIыщтыгъэу, Iизын яшъутынэу къышъорэлъэIух. Джаущтэу Алахьым ищысэхэр къышуфызэIуехых! Алахьым ешIэ, Iуш!
[24.60] Зыныбжь хэкIотэгъэ бзылъфыгъэхэу дэкIожьынхэм щымыгугъыжьхэрэм, яшъуашэхэмкIэ зыщытхъужьынхэ агу хэмылъмэ, ящыгъынхэр зыщахынхэм

псэкIодышIагъэ хэлъэп. Ау дэхагъэкIэ замыгъэшынкIыным ахэр егъэдахэх. Алахьым зэхехы, ешIэ!
[24.61] Нэшъуми губгъэн телъэп, лъащэми телъэп, сымаджэми телъэп, шъуиунэхэм, е шъуятэмэ яунэхэм, е шъуянэмэ яунэхэм, е шъушымэ яунэхэм, е шъушыпхъухэм яунэхэм, е шъуятэшхэм яунэхэм, е шъуятэшыпхъухэм яунэхэм, е шъуянэшыхэм яунэхэм, е шъуянэшыпхъухэм яунэхэм, е зиIункIыбзэIуххэр шъо шъуIыгъхэм, е шъуиныбджэгъум дэжь шъущышхэмэ псэкIодышIагъэ шъутелъэп, зэкIэми шъузэдашхэмэ е шъуизакъоу шъушхэмэ псэкIодшIагъэ шъутелъэп. унэмэ шъузарыхьэкIэ, Алахьэу щытхъушхо зыпылъым, хьалэлым, псаунэгъэ къышъуитынэу шъуелъэIузэ щIуфэс зэшъух, мамыркIэ шъузэфэлъаIу. Джаущтэу Алахьым щысэхэр къышъуфызэхефых, шъо акъыл хэшъухынкIи мэхъу!
[24.62] Тхьэр зышIошъ хъухэрэр Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышIыгъэхэр арых ныIэп. Ахэр ащ игъусэхэу зы Iоф зэдашIэ зыхъукIэ, ащ Iизын къыIамыхэу IукIыжьхэрэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Iизын яптынэу къыолъэIухэрэр Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышIыгъэхэр арых. Ежьхэм яIоф горэхэм апае Iизын яптынэу ахэр къызыолъэIухэкIэ, ахэмэ ащыщэу узыфаем Iизын ет, ахэмэ къафигъэгъунэу Алахьым елъэIу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[24.63] Шъо шъузэрэзэджэжьрэм фэдэу пегъэмбарым шъуемыдж. Шъущыщхэу загъэбылъзэ ащ гокIхэрэр Алахьым ешIэх. Ащ иунашъо зыукъохэрэр ушэтыныр е хьэзаб пщыныжьыр къалъымыIэсыным пае зыфэрэсакъыжьых!
[24.64] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьыр арба зыIэ илъыр? Шъо зызфэжъугъэзагъэр Ащ ешIэ, ахэмэ Ащ ыдэжь къызщагъэзэжьыщт мафэм, ахэмэ ашIагъэр Ащ къариIощт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым щыIэр зэкIэ ешIэ!

Алфуркъан

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[25.1] Дунаим тет цIыфыр ыгъэсэным пае Тхьэ лъапIэм КъурIаныр илIыкIо къыфыригъэхыгъ.
[25.2] Уашъомрэ чIыгумрэ зыIэ илъым ежь иеу сабый ыштагъэп, хабзэу ыIэ илъымкIэ Ащ гъусэ фэхъун иIагъэп. ЗэкIэ псэ зыпытхэр Ащ къыгъэшIыгъэх, шапхъэу яIэщтхэр къыгъэнэфагъэх.
[25.3] Ахэмэ Ащ ычIыпIэ тхьэхэр аштагъэх, ахэмэ зыпари къагъэхъун алъэкIрэп, ау ахэр къагъэхъугъэх. Ахэмэ ежьхэм апае зэраре федэ къызфахьыжьынэу аIэ илъэп, лIэныгъэри, щыIэныгъэри, къэгъэхъужьынри аIэ илъэп.
[25.4] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм аIо: "ШъыпкъэмкIэ, КъурIаныр къэугупшысыгъ ныIэп, ащ ар къеугупшысы, ащкIэ нэмыкI цIыфхэр IэпыIэгъу къыфэхъух!" Ахэмэ мызэфагъэрэ зэщыгъэкъонрэ зэрахьагъэ!
[25.5] Ахэмэ аIо: "Ар нахьыпэрэ цIыфхэм афэгъэхьыгъэ пшысэх, ежь пае ахэр етхых, пчэдыжьри пчыхьэри къафеджэх".
[25.6] ЯIу "Ар къезгъэхыгъэр уашъуи чIыгуи ащышъэфыр зышIэрэр ары. Ащ къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!"
[25.7] Ахэмэ аIо: "Мыр сыд лIыкIуа? Ар машхэ, бэдзэрым макIо. Ащ мэлаIичыр къыфырагъэхыгъагъэмэ, ар игъусэу егъэджакIо хъугъагъэмэ!
[25.8] Мыжъо лъапIэхэр хэлъхэу мылъку гъэтIылъыгъэ горэ ащ къыфызэIуахыгъэмэ е ежь гъомылэ фэхъун къыдэкIынэу чъыг хатэ иIагъэмэ!" Динынчъэхэм аIо: "Умэхъыгъэ цIыфым ыуж ныIэп шъузэрыкIорэр!"

[25.9] Еплъ ахэмэ узфагъэдагъэр, ахэр гъощагъэх, гъогур къагъотын алъэкIрэп!
[25.10] Фае хъумэ, ащ нахьышIу озгъэгъотыщтым иморад къыдэрэхъу, джэнэт чъыг хатэхэу псыхъохэр зыхэчъхэрэр, пачъхьэ унэхэр.
[25.11] Къаймэт мафэр къызэрэсыщтыр ахэмэ пцIыкIэ алъытэ, ау къаймэт мафэр пцIыкIэ зылъытэрэмэ джыхьнэм машIо афэдгъэхьазырыгъ.
[25.12] Ащ ахэр чыжьэкIэ зилъэгъухэкIэ, машIом игубж лъэшрэ ибыу макъэрэ ахэмэ зэхахыщт.
[25.13] АIэхэмрэ апшъэхэмрэ пшъэхъукIэ зэпхыгъэхэу чIыпIэ зэжъу зырадзэхэкIэ, аукIынхэу ахэр къыкIэлъэIущтых.
[25.14] Непэ зы лIэныгъэп шъузкIэлъэIущтыр, лIэныгъуаб шъузкIэлъэIущтыр!
[25.15] ЯIу: " Мыра нахьышIур е Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр къызэрагъэгугъэгъэ, егъашIэм щыIэщт джэнэтра? Ар ахэмэ тын шъхьэегъэзыпIэ афэхъущт".
[25.16] ЛIэшIэгъу пчъагъэхэм ахэр зыфэещтхэр ащ щагъотыщт, ахэр зыкIэлъэIухэу, уи Тхьэ зэригъэгугъагъэхэу ар къадэхъущт.
[25.17] Къэхъущт мафэм Алахьым фэшъхьафэу ахэри ахэмэ шъхьащэ зыфашIыщтыгъэхэри зиугъоижьхэкIэ къариIощт: "Мы сиIумэтхэр шъора зыгъэгъощагъэхэр, хьауми ежьхэм гъогур ашIокIодыгъа?"
[25.18] Ахэмэ аIощт: О щытхъур уадэжь! О пчIыпIэ тэ ухъумакIохэр тштэнхэр къекIущтыгъэп, ау ахэмэ, ахэмэ ятэхэм О гъэшIэ насыпышIо къызяотым, О агу укъэкIыжьыныр ащыгъупшагъ, ахэр цIыф лъэпкъ кIодыгъэхэу щытыгъэх".
[25.19] Шъо гущыIэхэу къашъуIохэрэр пцIэу ахэмэ къагъэлъагъо, ахэмэ тхьамыкIагъо IуагъэзэыкIыни, IэпыIэгъу къыуатыни алъэкIыщтэп. Шъущыщэу мызафэ пэпчъ хьазабышхо едгъэщэчыщт.
[25.20] УапэкIэ гъомылапхъэ зымышхи, бэдзэрмэ арымыхьи Тэ лIыкIо афэдгъэкIогъагъэп. Шъущыщ зырызхэри шъуфэщыIэщтмэ тIуи, Тэ нэмыкIхэмкIэ ушэтын тшIыгъэх, Уи Тхьэ зэкIэ къелъэгъу.
[25.21] Тэ къытIукIэжьынхэм щымыгугъхэрэм аIуагъ: "Тэ мэлаIичхэр къытфырагъэхыгъэхэмэ е ти Тхьэ тлъэгъугъэмэ!' Ахэмэ пэгэныгъэ ин дэдэкIэ загъэпагэ.
[25.22] Ахэмэ мэлаIичхэр зыщалъэгъущт мафэм- псэкIодышIэхэм апае а мафэм къэбар гушIуагъо хэлъэп, араIощт: "КIуапIэ шъуиIэжьэп!"
[25.23] Джащыгъум ахэмэ ашIэгъэ Iофхэм Тэ танэсыщт, жьым зэрихьэрэ сапэ ахэр тшIыщтых.
[25.24] А мафэм джэнэтыр ащ щыпсэухэрэмкIэ анахь псэупIэ дэгъоу, анахь гупсэфыпIэу хъущт!
[25.25] А мафэм ошъуапщэхэри зэригъусэу уашъор зызэкъоукIэ, мэлаIичхэр къехыщтых,
[25.26] А мафэм зэкIэ лъэкIыр, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ГукIэгъу зыхэлъым ыIэ илъыщт, а мафэр джаурхэмкIэ къиныщт!
[25.27] А мафэм динынчъэр ыIэмэ яцэкъэжьыщт: "ЛIыкIом сыригъусэу сэ гъогур къыхэсхыгъэмэ!
[25.28] Сэ Тхьэр къысэуагъ, сэ мыщ фэдэр ныбджэгъоу сымыштагъэмэ!
[25.29] Сэ шIэныгъэр къызысфэкIуагъэм ыуж, ащ сыдигъэхыгъ. Шэйтаныр цIыфымкIэ къумал!"
[25.30] ЛIыкIом ыIуагъ: Я Алахь, сицIыф лъэпкъ мы КъурIаныр гущыIэ нэкIэу елъытэ!"
[25.31] Джащ фэдэу, хэтрэ пегъэмбари гунахьышIэмэ ащыщхэр Тэ пыи фэтшIыгъэх. ПащэкIэ, IэпыIэгъукIэ уи Тхьэ икъущт!

[25.32] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм аIуагъ: Ащ КъурIаныр зэрэпсаоу
къыфырагъэхыгъагъэмэ!" Ау аущтэу зыкIэхъугъэр угу пытэным пае Тэ ар сурэ-сурэу
дгощыгъэ.
[25.33] Ахэмэ о щысэ горэ къыуаIо къэс, Тэ шъыпкъэр къыотэты, анахьышIоу
къызэхэтэфы.
[25.34] Джэхьнэмым анэгу фэгъэзагъэу къагъэхъужьыщтхэр чIыпIэу зэрытхэр нахь дэих,
ахэр гъогум нахь лъэшэу дэхыгъэх!
[25.35] Тэ Мосэ тхылъыр къеттыгъ, ащ иIэпыIэгъу Хьарунэ тшIыгъэ.
[25.36] Ахэмэ Тэ ятIуагъ: Тэ тиIэятэхэр пцIыкIэ зылъытэрэ цIыф лъэпкъым дэжь шъукIу.
Тэ ахэр дгъэкIодыгъэх.
[25.37] Нухьэ ицIыф лъэпкъи лIыкIохэр гъэпцIакIохэкIэ ылъытэ зэхъум, Тэ ахэр хым
чIедгъэхьагъэх, цIыфыхэмкIэ щысэтехыпIэ тшIыгъэх, динынчъэхэм хьэзаб пщыныжь
афэдгъэхьазырыгъ,
[25.38] Iадхэми, Самудхэми, Рэсы щыпсэухрэми, ахэмэ азфагу къифэрэ ижъэрэ нэмыкI
лъэпкъыхэми.
[25.39] Ахэмэ зэкIэмэ Тэ щысэхэр къафэтхьыщтыгъэх, ахэр зэкIэ Тэ дгъэкIодыгъэх.
[25.40] Зэрар къэзыхьрэ ощхыр зытекIутэгъэ къуаджэм ахэр блэкIыщтыгъэх. Ахэмэ ар
алъэгъугъэба? Ахэр къэхъужьынхэм щыгугъыгъэхэп!
[25.41] Ахэмэ о узалъэгъукIэ, дэхьащхын щэхъу уашIырэп: 'Алахьым лIыкIоу
къыгъэкIуагъэр мырына?
[25.42] Тэ титхьэхэм пытэу тагомытыгъэмэ, ахэмэ тагуиутынэу ар хьазырыгъ.
"Пщыныжьыр залъэгъукIэ, ахэмэ къашIэщт гъогум нахь лъэшэу дэхыгъэр!
[25.43] Олъэгъуа шъуIо ежь зыфэщагъэр тхьэ зыфэзышIыжьыгъэр о ащ ышъхьагъ
улъыплъэу уитына?
[25.44] Е нахьыбэмэ зэхахэу, е къагурыIоу къыпшIошIа? Ахэр хьайуаным фэдэх ныIэп,
ары пакIошъ, нахь лъэшыхэу гъогум дэхыгъэх,
[25.45] О плъэгъурэба уи Тхьэ, Ащ ныбжьыкъур зэрэрищыгъэр? Ау ащ шIоигъуагъэмэ, ар
мыхъыеу ышIыни. Ар къыгъэнафэу тыгъэр Ащ ышIыгъ.
[25.46] ЕтIанэ Тэ ар тэштэжьышъ, гу лъимытэу Iутэхыжьы.
[25.47] Ар чэщыр шъо техъон къышъуфэзышIыгъэр ары,чъыер гъэпсэфыгъо, мафэр
лэжьэгъоу къышъуфишIыъ.
[25.48] Ар Ежь ишIушIэ ыпэкIэ къэбар гушIуагъо къэзыхьырэ жьыбгъэр
къышъуфезгъапщэрэр ары,
[25.49] Хэгъэгу илIыкIыгъэм Тэ псэ къыпыдгъэкIэжьыным, Тэ къэдгъэхъугъэ хьайуанхэр,
цIыфхэр псыкIэ дгъэшъокIынхэм пае Тэ уашъом псы къабзэр къышъуфедгъэхыгъ.
[25.50] Тэ ар шъугу къэкIыжьыным пае къышъухэдгощагъ, ау цIыфмэ анахьыбэхэр,
шIошъымыхъуныгъэм фэшъхьафрэ, зыми фаехэп!
[25.51] Тэ тшIоигъуагъэмэ, къуаджэ пэпчъ динзехьэ дгъэкIони.
[25.52] Джаурмэ уафэмыIорышI, ащкIэ бэнэныгъэ инкIэ ябэн!
[25.53] Ар хитIум гъогу къязытыгъэр ары. Мыр гохьы, псы къабз, адырэр щыугъэ, дыджы.
Ахэмэ азфагу мыкъутэжьынэу зэпыгъэIыгъэ фишIыгъ.
[25.54] Ащ хъопсащэм цIыфыр хишIыкIыгъ, зэпэблагъэхэу ащ хъулъфыгъэмрэ
бзылъфыгъэмрэ къахигъэкIыгъэх. О уи Тхьэ лъэш дэд!
[25.55] Ахэмэ, Алахьым фэшъхьафэу, IэпыIэгъуи къафэмыхъоу зиягъи къэзымыгъакIорэм
шъхьащэ фашIы. Джаурыр и Тхьэ ыпашъхьэ щыкъэрарынчъ!
[25.56] О умэкъэгъэIоу, удинзехьэу Тэ удгъэкIуагъ ныIэп.

[25.57] ЯIу: "Ащ пае сэ тын къысфэшъушIынэу сышъолъэIурэп, зышIоигъохэм ягъогухэр я Тхьэ фагъэзэным фэшъхьафрэ."
[25.58] Псаоу, мылIэрэм уицыхьэ тегъэлъ, Ащ ищытхъу Iо. Ащ иIумэтхэм псэкIодшIагъэу яIэхэр дэгъу дэдэу ешIэх.
[25.59] Уашъори чIыгури, ахэмэ азфагу илъыри мэфихым къыкIоцI къэзгъэшIыгъэу, етIанэ идунэе лъэгапIэ итIысхьажьыгъэр ГукIэгъушIэр ары. Хэтми Ащ хэшIыкI фызиIэм еупчI!
[25.60] Ахэмэ зараIокIэ: ГукIэгъу зыхэлъым шъхьащэ фэшъушI! аIо: Хэта а ГукIэгъу зыхэлъыр? О унашъо къызыфытфэпшIырэм шъхьащэ фэтшIына? Ахэр нахь чыжьэу Iочъыжьых.
[25.61] Уашъом жъогъо зэхэтхэр изгъэуцуагъэхэм, ащ нэфынэу тыгъэр, мазэр изгъэуцуагъэм иморад къыдэрэхъу.
[25.62] Ащ чэщымрэ мафэмрэ уахътэр зэIахыжьэу ыгъэуцугъ, фаемэ акъыл хахынэу е разэ хъу шIоигъомэ апае.
[25.63] ГукIэгъу зыхэлъым иIумэтхэр зыми шIомынэжьхэу чIым рыкIохэрэр арых, ахэмэ мыгъэсагъэ горэ къызяпсалъэкIэ, аIо: "Мамыр!"
[25.64] Я Тхьэ ыпашъхьэ итхэу, шъхьащэ фашIызэ, чэщхэр изыххэрэр ахэр арых.
[25.65] Ахэмэ аIо: "Ярэби я Алахь, джыхьнэм машIор тшъхьарых! АщкIэ уагъэпщынэныр тхьамыкIагъу!
[25.66] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ущысынкIи чIыпIэкIи ар дэи!"
[25.67] Ямылъку агъэкIоды зыхъукIэ, изымытэкъухьэхэрэр, хьэрамыгъэ къызхэзымыгъафэхэрэр, ау итIум азфагу итхэр,
[25.68] Алахьым игъусэу нэмыкIы Тхьэ емылъэIухэрэр, фитныгъэ зэряIэм фэшъхьафэу, Алахьым мыдэ ышIыгъэ псэр Iузымыххэрэр, хэтэкIоным пымылъхэр. Ар зышIэрэм мыхъунэу ышIагъэм тефэрэ тыныр ыгъотыжьыщт.
[25.69] Къаймэт мафэм ащ пщыныжьыр фэдитIу фашIыщт, ынапэ техыгъэу ар егъашIэм ащ къыхэнэщт.
[25.70] Ахэмэ ахахьэхэрэп кIэгъожьыгъэхэр, диныр зышIошъ хъужьыхэрэр, IофышIухэр зышIэщтхэр. Ахэмэ яIоф дэйхэр дэгъухэмкIэ Алахьым къафызэблихъущтых, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[25.71] КIэгъожьыгъэу, шIу зышIэрэм ыгу къыдеIэу кIэгъожьыгъэу Алахьым зыфегъазэ.
[25.72] Шыхьат нэпцI мыхъухэрэр, гущыIэ нэкI зыхахьэхэкIэ, цIыфыгъэ ахэлъэу къыхэкIыжьхэрэр,
[25.73] Я Тхьэ иIэятэхэр агу къызыбгъэкIыжькIэ, ахэмэ афэдэгухэу, афэнэшъухэу, зезымыдзыххэрэр,
[25.74] ЗыIохэрэр: "Ярэби я Алахь! Тишъхьэгъусэмэ къакIэхъухьэхэу тызгъэгушIощт сабыйхэр къытэтых, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэмкIэ щысэтехыпIэ тышI!"
[25.75] ЩэIагъэу къызхагъэфагъэм пае ахэмэ унэ хэхыгъэхэр аратыщтых, ащ ахэмэ сэламкIэ, мамыркIэ къащыпэгъокIыщтых,
[25.76] ЕгъашIэми ащ исынхэу къинэщтых. УисынкIи чIыпIэкIи ар шIагъоу щыт!
[25.77] ЯIу: "Шъо шъуитхьалъэIухэр Ащ фэшъумыгъэзэгъагъэхэмэ Алахьыр шъо къышъуфэгумэкIыщтыгъэп. Шъо пцIыр шъушIошъ мэхъу, ар шъо ренэу шъуигъусэщт".

АлщухьараI

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[26.1] ТIа Син Мим.
[26.2] Тхылъ зэхэугуфыкIыгъэм иIэятэхэр мары.

[26.3] Ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрамышIырэм пае о зыуухыжьынэу ухьазырынкIи мэхъу.
[26.4] Тэ тшIоигъо хъумэ, Тэ ахэмэ уашъом щысэтехыпIэ къафедгъэхын, ащ ыпашъхьэ ахэмэ апшъэхэр щауфэщтых.
[26.5] Ау ГукIэгъушIэм дэжь къикIэу шIэныгъакIэ горэ ахэмэ къафехы къэс, ахэр ащ нахь чыжьэу гокIых.
[26.6] Ахэмэ шIэныгъэр пцIыкIэ алъытэ: Ау шIэхэу зыдэхьащхыщтыгъэхэ хъугъэ-шIагъэхэр ахэмэ апае къэхъущтых.
[26.7] Ахэмэ алъэгъугъэба сыдрэм щыщи тIурытIу шIагъохэу чIыгум къызэрэтедгъэкIагъэхэр?
[26.8] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ щысэтехыпIэ хэлъ, ау ахэмэ ащыщыбэхэм диныр ашIошъ хъурэп!
[26.9] О уи Тхьэ щытхъушхо пылъ, гукIэгъу хэлъ!
[26.10] Зэгорэм о уи Тхьэ Мосэ еджагъ: "Мы цIыф лъэпкъ бзэджашIэм ыдэжь кIо,
[26.11] Фирхьаун ицIыф лъэпкъ дэжь, Тхьэм ищынагъо ыгу илъэу ар хъунба?"
[26.12] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, пцIыускIэ ахэмэ салъытэным сыщэщынэ,
[26.13] Сыбгъэ фызыгъэ, сыбзэгу зыкъитIэтэщтэп, ащ пае лъыгъакIох Хьарунэ!
[26.14] ПсэкIодышIагъэ стелъэу ахэмэ салъытэ, ащ пае саукIыным сытещтыхьэ".
[26.15] Ащ ыIуагъ: "Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр шъуIыгъэу ахэмэ адэжь шъукIу. Тэ тышъуигъусэу тыкъэдэIощт.
[26.16] Фирхьаун дэжь шъукIу, ащ ешъуIу: "Зэрэдунае и Тхьэ тэ тырилIыкIу.
[26.17] Исраил ыкъохэр тэ къыддэгъакIох!"
[26.18] Ащ ыIуагъ: "Сабыеу узыщэтым тэрба узыпIугъэр? Тэ укъытхэтэу уигъашIэ щыщ илъэс заулэ бгъэшIагъэ,
[26.19] Мыхъунэу пшIагъэр пшIагъэу ори уджаурэуи?"
[26.20] Ащ ыIуагъ: "Ар сэ сшIагъэ, ащыгъум сыгъощагъэу сыщытыгъ.
[26.21] Сыкъызэщтэм сэ сышъухэчъыжьыгъ, ащ ыуж си Тхьэ Iушыгъэ къыситыгъ, лIыкIомэ ащыщ сишIыгъ.
[26.22] ШIушIэныгъэу о сызэрэбгъэмысэрэм хэлъыр Исраил ыкъохэр пщылIыпIэм зэрибгъэуцуагъэхэр ары".
[26.23] Фирхьаун ыIуагъ: "Зэрэдунае хэта и Тхьэр?"
[26.24] ЫIуагъ ащ: "Шъыпкъэм шIошъхъуныгъэ фышъуиIэмэ, уашъоми чIыгуми, ахэмэ азфагу илъыми я Тхьэр ары".
[26.25] КъеуцокIыгъэхэм Фирхьаун ариIуагъ: "Шъо шъукъедэIурэба ?"
[26.26] Ащ ыIуагъ: "Шъо шъуи Тхьэ апэ дэдэ шъукъызхэкIыгъэмэ я Тхь".
[26.27] Фирхьаун ыIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъуилIыкIоу къышъуфагъэкIуагъэр ышъэ икIыгъ!"
[26.28] Ащ ыIуагъ: "ТыгъэкъокIыпIэм, тыгъэкъохьапIэм, ахэмэ азфагу илъым, акъыл шъуиIэмэ, ары я Тхьэр".
[26.29] Фирхьаун ыIуагъ: "Сэщ фэшъхьаф о тхьэкIэ пштагъэмэ, сэ хьапсым учIэязгъэдзэщт".
[26.30] Ащ ыIуагъ: "Нафэ горэ сIыгъэу уадэжь сыкъакIомэ?"
[26.31] Фирхьаун ыIуагъ: "Шъыпкъэ пхэлъмэ, ар къэгъэлъагъу!"
[26.32] Ащ ибэщ чIидзыгъ, мары ар блэ гъэнэфагъ.
[26.33] ЫIэ ащ ыбгъэ къыдихыгъ, мары ар еплъырэмкIэ фыжьы.
[26.34] ЛIэкъолъэшхэу къегъэуцокIыгъэхэм Фирхьаун ариIуагъ: "Iо хэмылъэу, мыр уд Iаз!

[26.35] Шхъухьэ IофкIэ шъуичIыгу ащ шъурищы шIоигъу. КъашъуIо етшIэмэ хъущтыр?"
[26.36] Ахэмэ аIуагъ: "Мыщи ащ ыши пIалъэр афылъыгъэкIуати, къыхэзыщынхэ цIыфхэр къалэхэм афэгъакIох.
[26.37] ШIэныгъэ зиIэ хэтрэ удхэр къыпфарэщэх".
[26.38] Мэфэ гъэнэфэгъэ уахътэм ехъулIэу удхэр къаугъоигъэх,
[26.39] ЦIыфхэм араIуагъ: "Шъо шъукъызэрэугъоигъа?
[26.40] Удмэ текIоныгъэр къыдахыгъэу къызычIэкIыкIэ, ахэмэ ауж тэ тырыкIонкIи мэхъу!"
[26.41] Удхэр къызэсыхэм, Фирхьаун раIуагъ: "Тэ текIоныгъэр къыдэтхымэ, шъыпкъэ дэдэу шIухьафтын къытатыщта?"
[26.42] Ащ ыIуагъ: "Ары, джащыгъум къыспэблагъэми ащыщ шъухъущт!"
[26.43] Ахэмэ Мосэ ариIуагъ: "Шъо чIэшъудзыщтыр чIэшъудз!"
[26.44] Ахэмэ якIапсэхэри ябэщхэри чIадзыхи, аIуагъ: "Фирхьаун ыкIуачIэкIэ Iуагъэ тэшIы, Iо хэмылъэу тэ тытекIощт!"
[26.45] Мосэ ибэщ чIидзыгъ, ахэмэ пцIэу къаугупшысыгъэр ащ ыдырыгъ.
[26.46] Джащыгъум удмэ чIыгум зырадзыхи, шъхьащэ ашIыгъ.
[26.47] Ахэмэ аIуагъ: "Зэрэдунае и Тхьэ тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшIыгъ,
[26.48] Мосэрэ Хьарунэрэ я Тхьэ!
[26.49] Фирхьаун ыIуагъ: "Сэ Iизын къышъостыным къыпэкIэ Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъушIынэуи: Ар, Iо хэлъэп, шъуинахьыжъэу шхъухьэ Iофхэр шъозгъэшIагъэр ары, шIэхэу къэшъушIэщт. ШъуIэхэри шъулъакъохэри паупкIынхэу унашъо афэсшIынышъ, зэкIэми къащым шъутыраIулIэнэу ясIощт!"
[26.50] Ахэмэ аIуагъ: "Ар Iофэп, ти Тхьэ дэжь дгъэзэжьыщт.
[26.51] Пстэумэ апэу диныр тшIошъ хъуным пае, ти Тхьэ тигонахь шIагъэхэр къытфигъэгъухэ тшIоигъу".
[26.52] Тэ Мосэ гурыдгъэIуагъ: "Сэ сиIумэтхэр чэщым къищых, сыда пIомэ ахэмэ шъуауж къафыщт".
[26.53] Джащыгъум фирхьаун дзэр къэзыугъоищтхэр къалэмэ афигъэкIуагъэх.
[26.54] "Ахэр куп макI зэрэхъухэрэр.
[26.55] Тэ ахэмэ тагъэгубжыгъ,
[26.56] Тэ тызэгъусэмэ, гулъытэ тиI!"
[26.57] Тэ ахэр чъыг хатэхэм, псынэкIэчъхэм,
[26.58] Мылъку лъапIэхэм, псэупIэ шIагъохэм къахэтщыгъэх.
[26.59] Джаущтэу тшIи, ахэр Исраил ыкъохэм кIэнэу яттыгъэх.
[26.60] Тыгъэ къыкъокIыгъом зыкъаIэти, мысырхэр ахэмэ къалъежьагъэх.
[26.61] ДзитIур зызэрэлъэгъум, Мосэ игъусэмэ аIуагъ: "КъыткIэхьагъэх!"
[26.62] Мосэ ыIуагъ: "Хьау, сэ си Тхьэ сигъус, Ащ гъогу занкIэм сырищэщт!"
[26.63] Мосэ Тэ гурыдгъэIуагъ: "УибэщкIэ хым хау," хыр зэгокIи, ыбгъуитIуи къушъхьэм фэдэ хъугъэ.
[26.64] Адырэхэр Тэ нахь благъэу къэдгъэсыгъэх.
[26.65] Моси ащ игъусагъэхэри Тэ къэдгъэнэжьыгъ.
[26.66] ЕтIанэ Тэ адырэхэр хым чIедгъэхьагъэх.
[26.67] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ щысэтехыпIэ хэлъ, ау ахэмэ анахьыбэм диныр ашIошъ хъущтыгъэп!
[26.68] Шъыпкъэ дэдэмкIи, уи Тхьэ ин дэд, гукIэгъу хэлъ!
[26.69] Ибрахьимэ фэгъэхьыгъэ къэбарым ахэмэ къафедж!

[26.70] Мары, ащ ицIыф лъэпкъ ариIуагъ: "Шъо сыда шъхьащэ зыфэшъушIырэр ?"
[26.71] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ тхьэ сурэтхэм шъхьащэ афэтэшIы, шъхьэкIафэ афэтшIэу ахэмэ апашъхьэ тит".
[26.72] Ащ ыIуагъ: "Ахэмэ нэмаз афэшъушIы зыхъукIэ, шъукъызэхаха ?
[26.73] Е IэпыIэгъу къышъуфэхъуха, е язэрар къышъокIа?"
[26.74] Ахэмэ аIуагъ: "Хьау! Тятэхэм аущтэу ашIэу тэ къэтлъэгъужьыгъ".
[26.75] ЫIуагъ ащ: "Шъо шъхьащэ зыфэшъушIыщтыгъэхэм шъуакIырыплъыгъа?
[26.76] Шъори шъуятэхэу ижъыкIэ щыIагъэхэми?
[26.77] Ахэр арых сэ сипыйхэр нахь, зэрэдунае и Тхьэу
[26.78] Сэ сыкъэзгъэхъугъэр арэп, Ащ сэ гъогу занкIэ сырещэ,
[26.79] Ащ сэ сегъашхэ, сырегъашъо,
[26.80] Сымаджэ сыхъумэ, Ащ сегъэхъужьы,
[26.81] СегъалIэ, етIанэ сыкъегъэхъужьы,
[26.82] Iофыр зыщаIощт мафэм псэкIодшIагъэхэу сиIэхэр Ащ сфигъэгъунхэм сыкIэхъопсы.
[26.83] Ярэби я Алахь, Iушыгъэ къысэт, диныр зыгу илъмэ ащыщ сышI,
[26.84] КъыткIэхъухьэхэрэмкIэ шъыпкъаIо сышI,
[26.85] Джэнэт тхъагъом икIэнзехьэмэ ащыщ сышI,
[26.86] Сяти къыфэгъэгъу, ар гъощагъэмэ ащыщыгъ,
[26.87] Къаймэт мафэм сынапи темых,
[26.88] Мафэу мылъкури шъаохэри IэпыIэгъу зыщымыхъущтхэм,
[26.89] Гу къабзэ зиIэу Алахьым ыпашъхьэ къихьажьыщтхэм афэшъхьафрэ!"
[26.90] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм джэнэтыр къафагъэблэгъагъ!
[26.91] Дэхыгъэхэм джэхьнэмыр къарагъэлъэгъугъ!
[26.92] Ахэмэ къараIощт: "Тыдэ щыIа Алахьым фэшъхьафэу шъо шъхьащэ зыфэшъушIыщтыгъэхэр?
[26.93] Ахэр шъо IэпыIэгъу къышъуфэхъуха е ежьхэр IэпыIэгъу зыфэхъужьыха?
[26.94] Ахэри цIыф бзаджэхэри джэхьнэмым хадзэщтых,
[26.95] ЗэкIэ Иблыс идзэхэри ары!
[26.96] Зэпыижьхэзэ, ахэмэ джэхьнэмым щаIо:
[26.97] "Алахьым ыцIэкIэ Тхьэ тэIо, тэ гъэнэфагъэу тыгъощэгъагъ ныIэп,
[26.98] Шъо зэрэдунае и Тхьэ шъуфэдгъадэ зэхъум!
[26.99] Тэ гъогум тыдэзгъэхыгъэхэр гунахьышIэхэр ары,
[26.100] Тэ тыкъэзыухъумэн тиIэп,
[26.101] Ныбджэгъу хьалэли тиIэп.
[26.102] Тэ дгъэзэжьынэу амал къытатыгъэмэ, Тхьэр тшIошъ хъоу тыхъуни!"
[26.103] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ щысэтехыпIэ хэлъ, ау ахэмэ анахьыбэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп!
[26.104] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ ин дэд, гукIэгъу хэлъ!
[26.105] Нухьэ ицIыф лъэпкъ афагъэкIуагъэхэр гъэпцIакIокIэ алъытагъэх.
[26.106] Мары, ахэмэ ашэу Нухьэ ариIуагъ: "Шъо Алахьым шъущыщынэнба ?
[26.107] Сэ лIыкIо шъыпкъэу сыкъышъуфэкIуагъ.
[26.108] Алахьым шъущыщын, сэ шъукъысфэIорышI!
[26.109] Ащ пае тын къысэшъутынэу сышъолъэIурэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ тынэу къысатыщтыр зэрэдунае и Тхьэ дэжь фэшъхьафэп зыдэщыIэр!
[26.110] Алахьым шъущыщын, сэ шъукъысфэIорышI!"

[26.111] Ахэмэ аIуагъ: "ЦIыф къызэрыкIохэр уауж къырыкIуагъэхэу, тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ къыпфэтшIына?"
[26.112] Ащ ыIуагъ: "Ахэмэ ашIэщтыгъэмкIэ сэ шIэныгъэ сиIэп.
[26.113] Ахэмэ къадалъэгъущтыр сэ си Тхьэ дэжь щыI, шъо ар шъушIэщтыгъэмэ!
[26.114] Диныр эышIошъ хъухэрэр сэ Iусфыщтхэп.
[26.115] Сэ сыушъыекIо-гъэдэIокIо гъэнэфагъ ныIэп".
[26.116] Ахэмэ аIуагъ: "О зымыIажэмэ, Нухь, мыжъокIэ къыоощтых".
[26.117] Ащ ыIуагъ: "Я си Алахь, сэ сицIыф лъэпкъ пцIыусынымкIэ сигъэмысагъ!
[26.118] Тыкъызэхэф, сэри диныр зышIошъ хъоу сигъусэхэми тыкъэгъэнэжь!"
[26.119] Ежьыри ащ игъусагъэхэри къухьэ ушъагъэм исхэу Тэ къэдгъэнэжьыгъэх.
[26.120] ЕтIанэ къэнагъэхэр Тэ чIедгъэхьагъэх.
[26.121] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ щысэтехыпIэ хэлъ, ау ахэмэ анахьыбэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп!
[26.122] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ ин дэд, гукIэгъу хэлъ!
[26.123] Iадхэм афагъэкIуагъэхэр гъэпцIакIокIэ алъытагъэх.
[26.124] Мары, ахэмэ ашэу Хьудэ ариIуагъ: "Алахьым шъущыщынэнба ?
[26.125] Сэ лIыкIо шъыпкъэу сыкъышъуфэкIуагъ.
[26.126] Алахьым шъущыщын, сэ шъукъысфэIорышI!
[26.127] Ащ пае сэ тын къысфэшъушIынэу сышъолъэIурэп, шъыпкъэ дэдэмкIэ, къыстефэрэ тыныр зэрэдунае и Тхьэ дэжь зыдэщыIэр!
[26.128] ЧIыпIэ хэIэтыкIыгъэ пэпчъ унэ кIэракIэхэр джэгуалъэ шъушIынхэу тешъогъэуцохэуи?
[26.129] ЕгъашIэм шъущыIэщтым фэдэу унэ шIагъохэр зыфэшъошIыжьых!
[26.130] Хабзэр зешъухьэ зыхъукIэ, лыягъэ яшъухызэ, зешъохьэ.
[26.131] Алахьым шъущыщын, сэ шъукъысфэIорышI!
[26.132] Шъо шъушIэрэр шъушIэнымкIэ IэпыIэгъу къышъуфэхъугъэм шъущыщын.
[26.133] Ар шъо Iэхъогъухэмки, шъуишъаохэмкIэ,
[26.134] Чъыг хатэхэмкIэ, псы лъакъохэмкIэ къышъуIэпыIагъ.
[26.135] Мэфэшхо мафэм шъуагъэпщынэнкIэ сышъуфащтэ".
[26.136] Ахэмэ аIуагъ: "ТэркIэ тIури зы, о гъэдэIокIо-ушъыякIоу утиIэнри е ушъыекIо-гъэдэIуакIоу утимыIэнри.
[26.137] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар ыпэкIэ щыIэгъэ цIыфмэ къаугупшысыгъ,
[26.138] Тэ тагъэпщынэщтэп".
[26.139] Ахэмэ ар гъэпцIакIокIэ алъытагъ, Тэ ахэр дгъэкIодыгъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ щысэтехыпIэ хэлъ, ау ахэмэ анахьыбэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп!
[26.140] Шъыпкъэ дэдэмкIи, о уи Тхьэ ин дэд, гукIэгъу хэлъ!
[26.141] Самудхэми лIыкIохэр пцIыусхэкIэ алъытагъэх.
[26.142] Мары, ахэмэ ашэу Шъалихьэ ариIуагъ: "Шъо Алахьым шъущыщынэнба ?
[26.143] Сэ лIыкIо шъыпкъэу шъуадэжь сыкъэкIуагъ.
[26.144] Алахьым шъущыщын, сэ шъукъысфэIорышI!
[26.145] Ащ пае тын къысфэшъушIынэу сышъолъэIурэп, сэ тынэу къыстефэрэр зэрэдунае и Тхьэ дэжь фэшъхьаф щыIэп!
[26.146] Шъуеплъ, щынагъо шъуимыIэу мыщ щыIэм шъуакъыхэнэ:
[26.147] Чъыг хатэхэм, псынэкIэчъхэм,
[26.148] Лэжьыгъэ шIагъэхэм, хъурмэ чъыгхэу пхъэшъхьэ=мышъхьэ шъабэхэр къызпыкIэхэрэм.

[26.149] Зыжъугъэпагэзэ, къушъхьэмэ унэхэр ахэшъоупкIы.
[26.150] Алахьым шъущыщын, сэ шъукъысфэIорышI!
[26.151] ШIу зымышIэхэрэм шъуафэмыIорышI".
[26.152] ЩыкIыгъэхэу чIыгум мыхъунхэр щызгъэбагъохэу,
[26.153] Ахэмэ аIуагъ: "О дахьыхыгъэмэ уащыщ.
[26.154] Тэ укъытфэдэу уцIыф ныIэп, шъыпкъагъэ уиIэмэ, щысэтехыпIэ къытфэхь".
[26.155] Ащ ыIуагъ: "Ащ фэдэ хъущтыр мэхъшэбзыр ары, мэфэ гъэнэфагъэм ар псы ешъощт, мэфэ гъэнэфагъэм шъо псы шъуешъощт.
[26.156] Мэфэшхо мафэм ипщыныжь къышъутемыфэным пае, бзэджагъэ шъугу илъэу ащ шъунэмыс".
[26.157] Ау ахэмэ ар аукIыгъ, пчэдыжьым кIэгъожьыгъэх.
[26.158] Пщыныжьыр ахэмэ къафэкIуагъ: Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ щысэтехыпIэ хэлъ, ау ахэмэ анахьыбэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп.
[26.159] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ ин дэд, гукIэгъу хэлъ!
[26.160] ЛютIэ ицIыф лъэпкъ лIыкIохэр пцIыусхэкIэ ылъытагъ.
[26.161] Мары, ахэмэ ашэу ЛутIэ ариIуагъ: "Алахьым шъущыщынэнба ?
[26.162] Сэ лIыкIо шъыпкъэу сыкъышъуфэкIуагъ.
[26.163] Алахьым шъущыщын, сэ шъукъысфэIорышI!
[26.164] Ащ пае сэ тын къысфэшъушIынэу сышъолъэIурэп: шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ къыстефэрэ тыныр зэрэдунае и Тхьэ дэжь фэшъхьаф щыIэп!
[26.165] Шъуеплъ, дунаим тетмэ ащыщэу шъо хъулъфыгъэмэ шъуагогъуалъхьэ,
[26.166] Шъуи Тхьэ шъощ пае къыгъэхъугъэ шъуишъхьэгъусэхэр къэшъогъанэх, шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъухэбзэнчъэ цIыф лъэпкъ!
[26.167] Ахэмэ аIуагъ: "О зымыIажэмэ, ЛютI, урафыщт".
[26.168] Ащ ыIуагъ: "Шъо шъушIэрэр сэ слъэгъу хъухэрэп.
[26.169] Я си Алахь, сэри сиунагъуи ахэмэ ашIэрэм тащыухъум!"
[26.170] Тэ ари ащ зэкIэ иунагъуи къэдгъэнэжьыгъэх,
[26.171] Ауж къинагъэмэ ахэтыгъэ ныом фэшъхьафрэ.
[26.172] ЕтIанэ нэмыкIхэр дгъэкIодыгъэх,
[26.173] Ахэмэ ощх къатеткIагъ, мысэхэмкIэ а ощхыр зэрэтхьамыкIагъор!
[26.174] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ щысэтехыпIэ хэлъ, ау ахэмэ анахьыбэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп.
[26.175] Шъыпкъэ дэдэмкIи, уи Тхьэ ин дэд, гукIэгъу хэлъ!
[26.176] Ал-Айкэ щыпсэухэрэм лIыкIохэр пцIыусхэкIэ алъытагъэх.
[26.177] Мары, ахэмэ Щухьаибэ ариIуагъ: "Алахьым шъущыщынэнба ?
[26.178] Сэ шъоркIэ сылIыкIо шъыпкъ.
[26.179] Алахьым шъущыщын, сэ шъукъысфэIорышI!
[26.180] Ащ пае сэ тын къысфэшъушIынэу сышъолъэIурэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ къыстефэрэ тыныр зэрэдунае и Тхьэ дэжь фэшъхьаф щыIэп!
[26.181] Тэрэзэу шъупщы, гъэпцIакIо шъумыхъу,
[26.182] Щэчэлъэ тэрэзхэмкIэ шъущэчы,
[26.183] Сыд щыщкIи цIыфмэ яемкIэ зэрар яшъумыгъэшI. ЧIыгум псэкIодшIагъэр щыжъугъэбагъоу Бзэджагъэ шъумышIэ.
[26.184] Шъори шъуапэкIэ ижъырэ цIыфхэу щыIагъэхэри къэзгъэшIыгъэм шъущыщын".
[26.185] Ахэмэ аIуагъ: "О дахьыхыгъэхэмэ уащыщ ныIэп.

[26.186] Тэ укъытфэдэу уцIыф ныIэп, ау Тэ нахь узэрэтшIошIырэр пцIыусмэ уащыщэу ары.
[26.187] О шъыпкъэ къэоIомэ, уашъом къикIэу къутафэ къыттегъаф!"
[26.188] Ащ ыIуагъ: "Шъо шъушIэрэр си Тхьэ нахьышIоу ешIэ".
[26.189] Ахэмэ ар гъэпцIакIокIэ алъытагъ, ащ пае ошъопщэ шIуцIэр къазышъхьащыхьэгъэ мафэм хьадэгъур къалъыIэсыгъ. Ахэмэ яхьэдэгъу мафэ щынэгъуагъэ!
[26.190] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ щысэтехыпIэ хэлъ, ау ахэмэ анахьыбэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп.
[26.191] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ ин дэд, гукIэгъу хэлъ!
[26.192] Шъыпкъэ дэдэмкIи, КъурIаныр зэрэдунае и Тхьэ къыригъэхыгъ,
[26.193] Джэбраил цыхьэшIэгъум къырихьыхыгъ,
[26.194] о динзехьэ ухъуным пае арапыбзэ къабзэкIэ
[26.195] угу къырилъхьагъ.
[26.196] НэмыкI тхыгъэхэу ыпэкIэ щыIагъэхэм ащ фэгъэхьыгъэу арыт.
[26.197] АхэмкIэ щысэтехыпIэ хъурэба ар Исраил ыкъо гъэсагъэхэм зэрашIэрэр?
[26.198] Ар Тэ нэмыкIыбзэ горэкIэ къедгъэхэу,
[26.199] Ар ахэмэ къафеджэгъагъэмэ, ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIыныеп.
[26.200] Джауштэу Тэ ар гунахьышIэмэ агу итэлъхьэ!
[26.201] Хьазаб пщыныжьыр амылъэгъуфэ, ахэмэ ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIыщтэп.
[26.202] Ахэр зыщемыгупшысэхэрэм ошIэ-дэмышIэу ар къафэкIощт.
[26.203] Ахэмэ аIощт: "ТипIалъэ тфагъэкIотэщтба?"
[26.204] Тэ зэрэдгъэпщынэщтхэм ахэр дэгузэжъонха ?
[26.205] Плъэгъурэба илъэс заулэм къыкIоцI щыIэныгъэм рытхъэжьынхэу Тэ ахэмэ яттыгъэмэ,
[26.206] ЕтIанэ ахэр зэрагъэгугъагъэхэр къафэсыгъэмэ,
[26.207] Ахэмэ зызэрагъэтхъэжьыщтыгъэм федэ къафихьыгъэп.
[26.208] Зы къали Тэ дгъэкIодыгъэп ушъыекIо гъэдэIуакIо ямыIагъэу,
[26.209] АгурызгъэIон ямыIагъэу, Зэфэнчъэу Тэ тыщытыгъэп.
[26.210] Шэйтанхэр арэп ар къезгъэхыгъэр:
[26.211] Ахэмэ ар акIуачIэ къыхьынэу щытэп, ахэмэ ар ашIэн алъэкIыщтэп.
[26.212] Ар зэхахынэу ахэр къырагъэкIуалIэхэрэп.
[26.213] Агъэпщынэрэмэ ащыщ умыхъуным пае, Алахьым игъусэу нэмыкIытхьэхэм уямылъэIу.
[26.214] УиIахьыл благъэхэм яушъый.
[26.215] Диныр зышIошъ хъухэу о уигъусэхэр птэмэ чIэгъ щыгъашIох.
[26.216] Ахэр къыомыдэIухэмэ, яIу: "Шъо шъушIэрэм сэ сиIоф хэлъэп!"
[26.217] Щытхъушхо зыпылъэу, ГукIэгъу зыхэлъыр гугъапIэ шIы,
[26.218] УкъызытэджыкIэ укъэзылъэгъурэр,
[26.219] Шъхьащэ зышIырэмэ узэрадэзекIорэр къэзылъэгъурэр.
[26.220] Ащ къызэхехы, ешIэ!
[26.221] Шэйтанхэр къызфеххэрэр къышъотэрэгъэлъэгъуха?
[26.222] Хэтрэ къэугупшысакIуи хэбзэнчъэ зышIи ахэр къафехых.
[26.223] Ахэмэ къаIутэкъурэр зэдэIошагъэхэр ары, ау ахэмэ анахьыбэр пцIыусых.
[26.224] УсакIохэри джащ фэдэх, гъощагъэхэр ахэмэ алъэкIох.
[26.225] О плъэгъурэба ахэр зэкIэ кIэйхэм зэращызекIохэрэр,

[26.226] АфэмышIэщтым зэрэтегущыIэхэрэр?
[26.227] Ахэмэ ахахьэхэрэп шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, шIу зышIэхэрэр, бэрэ Алахьыр зыгу къэзгъэкIхэрэр. Агу зыхагъэкIыгъэм нэуж ахэр къаухъумэх: ахэмэ агу хэзгъэкIыщтыгъэхэм къяхъулIэщтыр шIэхэу къашIэщт!

Алнэмыл

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[27.1] ТIасин. КъурIаным, тхылъ зэхэугуфыкIыгъэм мыхэр иIэятэх,
[27.2] Рыгъозэщтых, диныр зышIошъ хъухэрэмкIэ къэбар гушIуагъу,
[27.3] Нэмаз зышIыхэрэмкIэ, сэдакъэ зытыхэрэмкIэ, ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фызиIэхэмкIэ.
[27.4] Ахърэтым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фызимыIэхэм Iофэу ашIагъэхэр дэгъу дэдэхэу Тэ ятэгъэлъэгъух, ахэр ашъэ икIыгъэхэу нэшъум фэдэхэу хэтыгъэх.
[27.5] Ахэмэ анахь пщынэжь жъалымыр афыщылъ: Ахърэтым ахэр лъэшэу щынасыпынчъэ цIыфых.
[27.6] Iушэу, ЗышIэрэм КъурIаныр о къыпфыригъэхыгъ.
[27.7] Зэгорэм Мосэ иунагъо риIуагъ: "Сэ чыжьэу машIо слъэгъугъэ, сэ къэбар сшIэу, мэшIо пхъэцIакIэ сIыгъэу, шъуадэжь къэзгъэзэжьыщт, шъо зыжъугъэфэбэжьынкIи мэхъу".
[27.8] МашIом ар екIуалIэ зэхъум, макъэ къэIугъ: "МашIом хэтым, машIом къегъэуцокIыгъэм иморад къыдэхъугъ! Зэрэдунае и Тхьэу Алахьым щытхъур ыдэжь!
[27.9] О Мос, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Сэры Алахьэ ин дэдэр, Iушыр.
[27.10] Уибэщи чIэдз! "Блэм фэдэу бэщым зиIонтIэ щантIэу ащ зелъэгъум, къыкIиIэжьыгъ, ыгъэзэжьыгъэп. "О Мос, умыщын. ЛIыкIохэр Сэ сапашъхьэ зыми щыщынэхэрэп,
[27.11] Ау зыгорэм мызэфагъэ ышIэу, етIанэ Iоф бзаджэм ычIыпIэ IофышIу ышIэмэ, Сэ фэсэгъэгъу, гукIэгъу схэлъ!
[27.12] ПIэ угужъуакIэ далъхь, ар зи щымышIыгъэу фыжьэу къыдэпхыжьыщт. Ар Фирхьауни ащ ицIыф лъэпкъи щысибгъу афэхъущтмэ ащыщ. Ахэр цIыф лъэпкъ щыкIыгъэхэу щытыгъэх".
[27.13] Тэ тиIэятэхэу зэхязгъэшIыкIхэрэр ахэмэ къызафакIохэм, аIуагъ: "Ар шхъухьэ гъэнэфагъ!"
[27.14] Диныр ашIошъ мыхъоу, загъэпагэу зэрэщытыгъэхэм къыхэкIэу, Iэятэхэр зэрэшъыпкъэхэр ашIошъ хъугъэми, ахэмэ Iэятэхэр щагъэзыещтыгъэх. А цIыф гъэкIодхэм кIэух афэхъугъэм еплъ!
[27.15] Даутэрэ Сулейманрэ Тэ шIэныгъэ къяттыгъ. Ахэмэ аIуагъ: "Ежь иIумэтхэм ащыщэу диныр зышIошъ хъухэрэм анахьыбэхэм апашъхьэ тэ фэхъуныгъэ къытэзытыгъэ Алахьым щытхъур ыдэжь!"
[27.16] Сулейман Даутэ икIэнзехьэу щытыгъ. Ащ ыIуагъ: "О цIыфхэр, тэ бзыумэ абзэ тагъэшIагъ, тэ сыдрэм щыщи къытатыгъ! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар фэхъуныгъэ гъэнэфагъ!"
[27.17] Зэгорэм Сулейман идзэ джынэхэми, цIыфхэми, бзыухэми ащыщхэр зыхэтхэр купхэмкIэ гощыгъэхэу ащ дэжь къыщызэрэугъоигъэх.
[27.18] Ахэр къамзэгу кIэим зынэсхэм, къамзэгу горэм къыIуагъ: "О къамзэгухэр, шъуипсэупIэмэ шъуарыхьажь, шъо гу къышъулъамытэу Сулейманрэ ащ идзэрэ шъуампIытIыным пай".
[27.19] Джащыгъум ар IущхыпцIыкIыгъ, къамзэгум игущыIэхэм агъэщхыгъ, ыIуагъ: "Я Алахь, О шIоу сэри сянэ-сятэхэм къытфэпшIагъэм ишIушIагъэ разэ сырыхъунэу, шIу

сшIэнэу, О уигуапэ сшIэнэу сышI. УиIумэтхэу шIу зышIэхэрэм узэрафыщытэу, унэшIу къысщыгъаф!"
[27.20] Бзыумэ алъыхъоу ащ ригъэжьагъ, ыIуагъ: "Сыда сэ темэнтачыр зыкIэсымылъэгъурэр? Хьауми ар къэмыкIуагъэмэ ащыща?
[27.21] Пщынэжь лъэшкIэ сэ ар згъэпщынэщт, е шIуабзынэу унашъо сшIыщт, е зызэриухыижьын икъун къерэгъэлъагъу".
[27.22] Ар бэрэ къэтыгъэп, ыIуагъ: "О умышIэрэр сэ къызэзгъэшIагъ, СэбэI сыкъибыбыкIыжьи, къэбар шъыпкъэ сиIэу уадэжь сыкъэбыбыжьыгъ.
[27.23] Сэ ахэмэ япачъыхьэ бзылъфыгъэу къэзгъотыгъ, сыдрэм щыщи къыратыгъэу иI, ащ пачъыхьэ тахътэ ин дэдэ иI.
[27.24] Сэ къэслъэгъугъ ари ащ ицIыф лъэпкъи, Алахьым ычIыпIэкIэ, тыгъэм шъхьащэ зэрэфашIырэр, ахэмэ ашIэхэрэр дэгъу дэдэхэу шэйтаным къаригъэлъэгъугъ, гъогу занкIэм ахэр дигъэхыгъэх, гъогу занкIэ рыкIохэрэп,
[27.25] Уашъоми чIыгуми ащыушъэфыгъэр нафэ къэзышIыри, шъуушъэфри зышIэрэ Алахьым шъхьащэ фамышIыным пае ахэр гъогу занкIэ рыкIохэрэп.
[27.26] Дунэешхом и Тхьэу Алахьым фэшъхьаф тхьэ щыIэп!"
[27.27] Ащ ыIуагъ: "О шъыпкъэ къэпIуагъэмэ е упцIыусмэ тэ теплъыщт.
[27.28] Сэ ситхылъ пцапэ дэлъэу ахэмэ адэжь быбы, афедзых, етIанэ ахэмэ уакIыб афэгъази, еплъ ащ къыраIолIэщтым".
[27.29] СэбэI ипачъыхьэ бзылъфыгъэ ыIуагъ: "О лIэкъолъэшхэр, мэхьанэшхо зиIэ тхылъ сэ къысфырадзыхыгъ.
[27.30] Ар Алахьэу гукIэгъушIэу, гукIэгъу зыхэлъым ыцIэкIэ Сулейман дэжь къекIы.
[27.31] Сэ шъукъыспэмышIуекIу, ау IорышIэ шъухъунэу садэжь къэжъугъэзэжь".
[27.32] Бзылъфыгъэм ыIуагъ: "О лIэкъолъэшхэр, сиIофкIэ шъуишIошI къысашъуIу, шъо эыгорэ къешъоIолIэфэ, сэ зыпари сшIэн слъэкIыщтэп".
[27.33] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ кIуачIэ тиI, лIыгъэ пытэкIэ тылъэш, ау унашъор оры зыIэ илъыр: Унашъоу тэ къытфэпшIын фаем о еплъ.
[27.34] Бзылъфыгъэм ыIуагъ: "Пачъыхьэхэр къуаджэ горэм зыдахьэхэкIэ, зэрапхъо, щытхъу зыпылъэу дэсхэр пкIэ ямыIэжьэу къагъанэх. Ахэр джаущтэу мэзекIох.
[27.35] Сэ ахэмэ тынхэр афязгъэхьынышъ, лIыкIохэр къызэрагъэкIожьыщтхэм сеплъыщт".
[27.36] Сулейман дэжь лIыкIор къызэкIом, Сулейман ыIуагъ: "Шъора сэ мылъкукIэ къыздеIэрэр? Сэ Алахьым къыситыгъэр шъо Ащ къышъуитыгъэм нахьышIу. Ау шъо тынэу шъуиIэм шъурэгушIо.
[27.37] Ахэмэ адэжь гъэзэжь; ахэр къызыпэуцужьын зымылъэкIыщт дзэр тигъусэу адэжь тыкъэкIощт, ахэр ушъхьакIугъэхэу зэрысхэм къитщыщтых, пкIэ ямыIэжьэу къэнэщтых".
[27.38] Ащ ыIуагъ: "ЛIэкъолъэшхэр, ахэр сэ садэжь IорышIэхэу къэкIонхэм ыпэкIэ, хэта шъуащыщэу ащ итахътэ садэжь къэзыхьыщтыр?"
[27.39] Джынэмэ ащыщэу Африт горэм ыIуагъ: "О уичIыпIэ укъэмытэджыкIыфэ сэ ар къыфэсхьыщт, ар сшIэнымкIэ сылъэш, сыпфэшъыпкъ".
[27.40] Тхыгъэм ишIэныгъэ зиIагъэм ыIуагъ: "НэгъэупIэпIэгъум къыкIоцI ар къыпфэсхьыщт". Ар ыпашъхьэ итэу ащ зелъэгъум, ыIуагъ: "Сэ ащ сыфэразэмэ е сыфэмыразэмэ сиушэтыным пае, си Тхьэ ишIушIэнмэ ар зэу ащыщ. Разэ хъурэр ежь ыпсэ ифедэу разэ мэхъу, разэ мыхъурэр, ар... Сэ си Тхьэ бай, хьалэл".
[27.41] Ащ ыIуагъ: "Бзылъфыгъэм итахътэ къымышIэжьынэу шъушIы ; теплъыщт, гъогу занкIэ ащ къыгъотыщта е гъогу занкIэм темытэу кIорэмэ ащыщыщта".

[27.42] Бзылъфыгъэр къызэкIом, раIуагъ: "Мырба о уитахътэ? Ащ ыIуагъ: "Ары фэд. Ащ ыпэкIэ тэ шIэныгъэ къытатыгъагъ, тэ Алахьым тыфэIорышIэ".
[27.43] Ар щезгъэгъэзыягъэр Алахьым фэшъхьафэу ащ шъхьащэ зыфишIыщтыгъэр ары, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар джаур лъэпкъым щыщыгъ!
[27.44] Ащ раIуагъ: "Къэлэсэраим чIахь!" Ар ащ зелъэгъум, псыубытыпIэкIэ ылъыти, ылъашъхьэхэр къычIигъэщыгъэх. Сулейман ыIуагъ: "Мыр къэлэсэраеу апч лъапIэкIэ пкIагъэ". Бзылъфыгъэм ыIуагъ: "Я Алахь, сэр-сэрэу лые зэсхыжьыщтыгъ, джы Сулейман сыригъусэу зэрэдунае и Тхьэу Алахьым сыфэIорышIэ!"
[27.45] Самудхэм акъош: Шъалихьэ Тэ афэдгъэкIуагъ: "Алахьым шъхьащэ фэшъушI!" Ау ахэр зэнэкъокъурэ лъэныкъуитIоу гощыгъэх.
[27.46] Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Шъо сыд пае дэир дэгъум ыпэ ижъугъэшъыра? Къышъуфигъэгъунэу Алахьым сыд пае шъуемылъэIущта? Шъо къышъуфигъэгъункIи хъуныгъэ!"
[27.47] Ахэмэ аIуагъ: "Бзыумэ ябыбыкIэкIэ тэ ори уигъусэхэми тишIошI шъотIуалIэщтыгъэ". Ащ ыIуагъ: "Шъо шъуибзыу Алахьым ыIэ илъ, аушэтрэ цIыф лъэпкъэу шъущыт!"
[27.48] Мыхъуныбэ ашIэу, шIу амышIэу ахэмэ якъалэ нэбгырибгъу дэсыгъ.
[27.49] Ахэмэ аIуагъ: "Алахьым ыцIэкIэ Iуагъэ зэфэшъушIыжь, тэ чэщым ащи, ащ иунагъуи татеощт, етIанэ иухъумакIо етIощт: "Ащ иунагъо зэкIодым, тэ тыщыIагъэп, тэ шъыпкъэ къэтэIо".
[27.50] Ахэр хъоршэрыгъэм еусагъэх Тэри ахэмэ яхъоршэрыгъэ теусагъ, ау ахэмэ ар ашIэщтыгъэп.
[27.51] Ахэмэ ятхьагъэпцIыгъэ кIэухэу фэхъугъэм еплъ! Тэ ахэри а цIыф лъэпкъыри зэрэщытэу дгъэкIодыгъэх.
[27.52] Мары, ахэр зэфэнчъэхэу зэрэщытыгъэхэм пай, ахэмэ япсэупIэхэр зэхэгъэуагъэх, нэкIых, Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыфхэу зышIэхэрэмкIэ ащ щысэтехыпIэ хэлъ!
[27.53] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, Тхьэм ищынагъо зыгу илъыгъэхэр Тэ къэдгъэнэжьыгъэх.
[27.54] ЛютIи илъэпкъ риIуагъ: "ШъушIэ пэтзэ, ащ фэдэ бзэджагъэм зешъутынэуи?
[27.55] Бзылъфыгъэхэр щыжъугъэзыехэзэ, хъулъфыгъэмэ шъуагохьанэуи? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъуцIыф дел!"
[27.56] Ащ ицIыф джэуапэу къытыжьыгъэр ахэмэ къаIуагъэр ары: "ЛютIэ илIакъо тикъуаджэ дэжъугъэкI: ахэр гу къабзэ зиIэу зызылъытэжьрэ цIыфых".
[27.57] Джащыгъум ари ащ иунагъуи, ишъуз фэшъхьафрэ, Тэ къэдгъэнэжьыгъэх. Ишъуз къэнагъэмэ ащыщ хъунэу Тэ фэтыухэсыгъ.
[27.58] Тэ ахэмэ ощхыр къатеткIагъ: Мысэу къычIэщыгъэхэм а ощхыр кIодыпIэ афэхъугъ.
[27.59] ЯIу: "Алахьым щытхъур ыдэжь, Ащ къыхихыгъэхэу Ежь иIумэтхэм мамыр арэгъот! Алахьыр нахьышIуа е Ащ гожъугъэуцохэрэр ара?
[27.60] Уашъомрэ чIыгумрэ къэзгъэшIыгъэр ара, шъощ пае уашъом псы къезгъэхрэр ара. Тэ ащкIэ ядэхагъэ уигъэгушIоу чъыг хатэхэр къэтэгъэкIых, шъо шъукIуачIэкIэ ахэмэ чъыгхэр къадэжъугъэкIышъущтэп, е Алахьым нэмыкIытхьэ игъуса? Мы цIыфхэм ахэр зэфагъадэхэми, ащ фэдэ хъун ылъэкIыщтэп.
[27.61] ЧIыгур пытэ зышIыгъэр, ащ итIуакIэхэм псыхъохэр арызыщагъэр, ащ къушъхьэхэр тезгъэуцуагъэр, хитIум азфагу зэпыгъэIыпIэ фэзышIыгъэр ара, е Алахьым тхьэ гъусэ иIа? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ ащыщыбэмэ ашIэрэп!

[27.62] Ащ зелъэIукIэ, егъэзыгъэм джэуап къезытрэр ара, мы чIыгур шъуIэ
къизылъхьагъэр ара, нэмыкIытхьэ горэ игъуса? МакIэ шъо шъузэрегупшысэрэр!
[27.63] ГъушъапIэми хы кIыIуми чэщ шIункIым шъо гъогу къышъозгъэлъэгъурэр, Ежь
ишIушIэн икъэбаршIузехьэу жьыбгъэхэр къезгъапщэрэр ара, хьауми Алахьым гъусэ горэ
иIа? Ащ гуагъэуцорэмэ Алахьыр анахь лъаг!
[27.64] Псэ зыпытыр апэрэу къэзгъэхъугъэр, етIанэ, уахътэ зытешIэкIэ, зыгъэкIодыжьрэр,
шъузфэныкъохэр уашъоми чIыгуми ащышъозгъэгъотрэр ара, хьэуми Алахьым гъусэ иIа?
ЯIу: "Шъо шъыпкъэ шъоIомэ, къызэрэжъугъэшъыпкъэжьрэр къашъуштэ!"
[27.65] ЯIу: "Алахьым фэшъхьаф къэхъущтыр уашъом щыIи чIыгум щыIи зыми ышIэрэп,
ахэми ашIэрэп. Къызщыхъужьыщтхэр!"
[27.66] Ахърэт гъашIэм фэгъэхьыгъэу шIэныгъэ горэхэр ахэмэ агъотыгъ, ау ахэр ащ
еджэнджэшых, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ фэгъэхьыгъэмкIэ ахэр нэшъух.
[27.67] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэмэ аIо: "Тэ тятэмэ афэдэу, чIыгум щыщ
тызыхъужьрэм, тыкъэтэджыжьынэуи?
[27.68] Ар нахьыпэкIэ тэри тятэхэми гугъапIэу къытатыгъагъ, ау ахэр ижъырэ пшысэх!"
[27.69] ЯIу: "ЧIыгум шъурыкIу, шъуеплъ гунахьышIэмэ кIэухэу афэхъугъагъэм!"
[27.70] Ахэмэ уафэмызэщ, зэхалъхьэрэмэ угу ямыгъэгъэуз.
[27.71] Ахэмэ аIо: "Шъо шъыпкъэ шъоIомэ, сыдигъуа къызыхъущтыр а гугъапIэр?"
[27.72] ЯIу: "ШъуишIоигъоныгъэкIэ нахь пасэу къэхъун ылъэкIыщтыгъэр шъуауж итэу
къэкIонкIи мэхъу".
[27.73] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уи Тхьэ ишIушIэ цIыфмэ ателъ, ау ахэмэ анахьыбэр рэзэнчъэ!
[27.74] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ агухэм аушъэфыри нафэ къашIыри уи Тхьэ ешIэ!
[27.75] Тхылъ зэхэугуфыкIыгъэм имытэу уашъоми чIыгуми зыпари шъэф ащыIэп.
[27.76] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Исраил ыкъохэр зэрэзэгокIхэрэм инахьыбэм мы КъурIаныр
къатегущыIэ
[27.77] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар диныр зыгу илъхэмкIэ IэпыIэгъу шIушIэнэу щыт.
[27.78] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр зэрэзэнэкъокъухэрэр уи Тхьэ къызэхифыщт. Ар лъэш,
ешIэ!
[27.79] Алахьыр гугъапIэ шIы, о шъыпкъэ гъэнэфагъэр уиIэубытыпI!
[27.80] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ зыкIаIэжькIэ, джэмакъэр о хьадэми дэгуми зэхябгъэхын
плъэкIыщтэп.
[27.81] Зэрэгъощагъэхэм нэшъу ехъулIагъэхэри о гъогу занкIэ фэпщэнхэ плъэкIыщтэп. О
зэхэзэбгъэхын плъэкIыщтыр Тэ тиIэятхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышIыгъэхэр
арых ныIэп, ахэр IорышIэ хъущтых.
[27.82] Мы гущыIэр ахэмкIэ къэшъыпкъэжьы зыхъукIэ, джащыгъум ахэмэ апае чIы
чIэгъым Тэ хьэкIэ=къуакIэ къычIэтщыщт, ар ахэмэ къадэгущыIэщт. мы цIыфхэм Тэ
тиIэятхэр ашIошъ хъущтыгъэп.
[27.83] Тэ тиIэятэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэу зэкIэ цIыф лъэпкъыхэм ахэтыгъэхэр зы
купэу Тэ зытыугъоижьыщтхэ мафэр къэхъущт, ахэр куп-купэу гощыгъэщтых.
[27.84] Алахьым ыпашъхьэ ахэр къызихьажьхэкIэ, Ащ ыIощт: "Тэ тиIэятэхэр пцIыкIэ
зыкIэшъулъытэщтыгъэхэр мэхьанэу яIэр къыжъугурымыIокIэ ара? Ешъо сыд
шъушIэщтыгъ?
[27.85] Ахэр зэфэнчъэхэу зэрэщытыгъэхэм пае мы гущыIэр ахэмкIэ гъэцэкIагъэ хъущт,
ахэмэ зыпари къаIощтэп.

[27.86] Ахэмэ алъэгъугъэба загъэпсэфыным пае Тэ чэщыр къазэрэфэтшIыгъэр ? Мафэри нэфынэу лэжьэнхэм пае къазэрэфэтшIыгъэр? Диныр зышIошъ хъухэрэмкIэ ащ щысэтехыпIэ хэлъ!
[27.87] Сырынэм къызепщэщтхэ мафэм уашъом щыIи чIыгум щыIи къэщынэщтых, ахэмэ Алахьым ахигъэкIы шIоигъомэ афэшъхьафхэмрэ, къешIугъэхэу Ащ ыпашъхьэ къиуцощтых.
[27.88] ЗэкIэ щыIэр щыкIэгъэнчъэу къэзгъэпсыгъэ Алахьым иIэмыркIэ ошъуапщэхэр зэрэзекIорэм фэдэу, мыхъыехэу плъытэщтыгъэ къушъхьэхэр зэрэзекIохэрэр о плъэгъущт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъушIэрэр Ащ ешIэ!
[27.89] IофышIухэр ашIагъэхэу дунаим ехыжьхэрэм нахьышIу афыщылъ. А мафэм щынэгъончъэ чIыпIэ ахэр итыщтых.
[27.90] Дэй зышIагъэу къэзымгъэзэжьхэрэм анапэкIэ машIом хадзэщтых. ШъушIэщтыгъэр арба тыны къышъуфашIыжьрэр?
[27.91] "Мы хэгъэгоу мыштэ Ащ ышIыгъэм и Тхьэ сэ шъхьащэ фэсшIынэу унашъо къысфашIыгъ. Ащ зэкIэ ыIэ илъ, сэ IорышIэмэ ащыщ сыхъунэу,
[27.92] КъурIаным седжэнэу унашъо къысфашIыгъ. Гъогу занкIэ рыкIорэм ежь ышъхьэкIэ шIу зыфишIэжьыщт, гъощэныгъэм дихьыхрэм еIу: "Сэ сыегъэджэкIо гъэдэIуакIу ныIэп".
[27.93] ЯIу: "Алахьым щытхъур ыдэжь, Ащ шIэхэу Ежь ищысэтехыпIэхэр къышъуигъэлъэгъущт, къэшъушIэжьыщтых, шъушIэхэрэм шъуи Тхьэ ынаIэ къатемытэу щытэп!"

Алкъэшъэшъ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[28.1] ТIа Син Мим.
[28.2] Тхылъ зэхэугуфыкIыгъэм иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр мары.
[28.3] ЦIыфыхэу диныр зышIошъ хъурэмэ апае Мосэрэ Фирхьаунрэ афэгъэхьыгъэ къэбарым хьакъым тетэу Тэ о тыкъыпфеджэщт.
[28.4] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ичIыгоу зытетым Фирхьаун зыщытыриIэтыкIыгъ, ицIыф лъэпкъ ыгощыгъ. Зы лъэпкъыр кIочIаджэ ышIыгъ, акъохэр шIуибзыхэу, ябзылъфыгъэхэр къанэхэу ышIыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, лъэпкъ гъэкIодыр къафэзыхьрэмэ ар ащыщыгъ!
[28.5] Мы чIыгум кIочIаджэ щашIыгъэхэм Тэ шIу афатшIэ, ахэр дин пащэ, кIэнзехьэ хъухэ тшIоигъу.
[28.6] Мы чIыгум ахэмэ лъэкI щядгъэгъоты тшIоигъу. Фирхьауни Хьамани, (Исраил исхэм алъэныкъокIэ) ахэр зыщыщынэщтыгъэхэр ядзэхэми ядгъэлъэгъущт.
[28.7] Мосэ янэ нафэ къыфэтшIыгъэм Тэ къыщытIуагъ: "Ар пIу, ау ащ уфэщынэ зыхъукIэ, псым хадз, умыщын, умынэшхъэй! Тэ ащ уадэжь къедгъэгъэзэжьыщт, лIыкIо тшIыщт".
[28.8] Ар Фирхьаун илIакъо пыи, нэшхъэигъо фэхъуным пае, ахэмэ ар афадзыгъэу къагъотыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Фирхьауни, Хьамани, ахэмэ ядзэхэри псэкIодышIэхэу щытыгъэх!
[28.9] Фирхьаун ишъуз ыIуагъ: "Ар оркIи сэркIи гупсэф! Ар шъумыукIы. Тэ ащ федэ къытфихьынкIи е ахэмэ амышIэу ткъом ычIыпIэу тштэнкIи мэхъу". Хьущтыр ахэмэ ашIагъэп.
[28.10] Пчэдыжьым Мосэ янэ гумэкIэу ригъэжьагъ, диныр зышIошъ хъурэмэ ащыщэу къэнэжьыным пае, Тэ ащ ыгу дгъэпытагъэ нахь, ащ ышъхьэ къырихынэу ар хьазырыгъ.
[28.11] Мосэ ышыпхъу ным риIуагъ: "Ащ унаIэ тегъэт!" Гу къызлъыримыгъатэу, ыбгъукIэ щытэу ар Мосэ лъыплъэщтыгъэ.

[28.12] Ащ ыпэкIэ кIэлэпIумэ абыдзхэр ымыштэнэу тэ ар тшIыгъэ, ышыпхъу ыIуагъ: "Шъощ пае тегуIэхьэу зыпIущт унагъо къышъозгъэлъэгъуна?"
[28.13] Ныр гупсэфыжьыным, мынэшхъэиным, Алахьым къызеригъэгугъагъэр зэрэшъыпкъэр ышIэным пае, Тэ ащ янэ дэжь едгъэгъэзэжьыгъ, ау ахэмэ ащыщхэм анахьыбэмэ ар ашIэрэп!
[28.14] Ащ ыныбжь икъуи лIы зэхъум, Тэ Iушыгъэрэ шIэныгъэрэ еттыгъ. ШIу зышIэхэрэм Тэ джаущтэу яшIуагъэ афэтэлъэгъу!
[28.15] Зэгорэм, ащ щыпсэухэрэм анаIэ къызщытырамыдзэрэ уахътэм, ар къалэм дэхьагъ. лъIитIу щызэзаоу ащ дилъэгъуагъ: зыр ежь ицIыф лъэпкъ щыщыгъ, адырэр ипыйхэм ащыщыгъ. Ежь ицIыф лъэпкъ щыщыр IэпыIэгъу фэхъунэу ащ къелъэIугъ. Мосэ ицIыф лъэпкъ ипыим IэбжымкIэ еуагъ, ыукIыгъ. Ащ ыIуагъ: "Ар шэйтаным иIэшIагъ, ар гъогум дэзгъэхыхэрэ пый гъэнэфагъ".
[28.16] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь! Сэр-сэрэу сыгу хэзгъэкIыжьыгъ. Къысфэгъэгъу!" Мосэ Ащ къыфигъэгъугъ: Ащ къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[28.17] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, О унэшIу къызэрэсщыбгъэфагъэм пае, сэ сыдигъуи псэкIодышIэмэ ухъумакIо сафэхъужьыщтэп!"
[28.18] Щынэу, зыфэсакъыжьэу пчэдыжьым ар къалэм дэхьагъ. Ардэдэм IэпыIэгъу фэхъунэу тыгъуасэ ащ къелъэIущтыгъэр джыри ащ къеджэ. Мосэ ащ риIуагъ: "О гъэнэфагъэу угъощагъ!"
[28.19] НэбгыритIуми япыеу щытыгъэр ащ кIуачIэкIэ зэтыриIэжэнэу зыфежьэм, мыдырэм ыIуагъ: "Мос, тыгъуасэ псэр зэрэхэпхыгъэм фэдэу сэри сыуукIынэу уфая? Мы чIыгум о жъалымэу утетынэу уфай нахь, шIу зышIэрэмэ уащыщынэу уфаеп".
[28.20] Къэлэ гъунэм цIыф къичъи, ыIуагъ: "О Мос, уаукIын агу хэлъэу лъэрыхьхэр зэхэгущыIэжьых. Джыдэдэм дэкIыжь, о шIу къыохъулIэмэ сшIоигъу!"
[28.21] Щынэмэ зыфэсакъыжьзэ, ар къалэм дэкIыжьыгъ. Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, мы цIыф жъалымхэм сащыухъум!"
[28.22] Мадиан ылъэныкъокIэ ащ зегъазэм, ыIуагъ: "Сэ си Тхьэ гъогу занкIэкIэ сищэнкIи хъун!"
[28.23] Мадиан ипс ар къызэсым, былымхэр псы езгъашъощтыгъэхэ цIыф купым аIукIагъ. Ахэмэ адэжь нэмысзэ, ыбгъукIэ ябылым Iэхъогъу Iуафыгъэу бзылъфыгъитIу ылъэгъугъ. ЯупчIыгъ: "Сыд фэда шъуиIоф?" Ахэмэ аIуагъ: "Тэ тятэ ныбжьышхо иIэми, мо IахъохэрIомыкIыжьыфэхэ, тиIэхъогъу псы едгъэшъон тлъэкIыщтэп".
[28.24] Ахэмэ яIэхъогъу ащ псы ригъэшъуагъ, кIуи, жьаум чIэтIысхьагъ, ыIуагъ: "Я Алахь, О шIоу къысфебгъэхыгъэм сэ сыфыщэкIэ!"
[28.25] БзылъфыгъитIум яз ащ дэжь къыIохьэшъ, укIытэзэ къыреIо: "ТиIэхъогъу псы зэрэтфебгъэшъуагъэм пае, тын къыфишIы шIоигъоу, сятэ укъырегъэблагъэ". Ар ащ дэжь кIуи къэбархэр (джы нэс КъурIаным къыIотэгъэ къэбархэр) къызеIуатэм, ащ ыIуагъ: "Умыщын, диным фэмышъыпкъэ цIыфхэм уакъыIапыкIыжьыгъ!"
[28.26] БзылъфыгъитIум яз къыIуагъ: "Тят, мыр IофышIэу штэ: IофышIэу пштэщтхэм мыр анахьышIу, кIочIэшху, шъыпкъагъэ хэлъ".
[28.27] Ащ ыIуагъ: "Сэ сыфай спхъуитIу яз озгъэщэнэу, ау ащ пае къыфэзгъэуцурэр илъэсие укъысфэлэжьэнэу ары. Ау уфаемэ, илъэсипшIэ къысфэлажь, ар оры зэлъытыгъэр, сэ сыфаеп уезгъэзынэу, Алахьым шIоигъомэ, сэ оркIэ сызафэу сыщытыщт".
[28.28] Ащ ыIуагъ: "Джаущтэу тызэфыщытыщт: пIэлъитIум згъэцэкIэщтым сэ салъэныкъокIэ мышъыпкъагъэ къызхэзгъэфэщтэп. Тэ затIорэмкIэ Алахьыр шэсы".

[28.29] Мосэ ипIалъэ ыухи, иунагъо игъусэу гъогу техьагъ. Ащ ТIур лъэныкъомкIэ машIо щилъэгъугъ. Ащ иунагъо риIуагъ: "Мыщ шъущыI, сэ машIо слъэгъугъэ, ащ къэбар горэ къисхыни къэзгъэзэжьынкIи хъун е пхъэцIакIэ машIо къэсхьыни, шъо зыжъугъэфэбэжьынкIи хъун".
[28.30] Ар машIом зекIуалIэм, кIэим ыджабгъу лъэныкъокIэ, зиморад къыздэхъун чIыгоу зэныбжьым тет куандэм макъэ къыхэIукIыгъ: "О Мос, Сэры Алахьыр, зэрэдунае и Тхьэр!
[28.31] Уибэщ чIэдз! "Блэм фэдэу ащ зиIонтIэ=щантIэу зелъэгъум, кIыбыкIэ къызэкIэчъагъ, зэплъэкIыжьыгъэп. "О Мос, моу къыIухь, умыщын, о щынэгъончъэ чIыпIэ уит!
[28.32] ПIэ угужъуакIэ далъхь, зыпари щымышIыгъэу фыжьэу ар къыдэпхыжьыщт, етIанэ зыми ущымыщынэу, пIэхэр зыгоушхох. ФирхьаункIи ащ илIэкъолъэшхэмкIи уи Тхьэ дэжь къикIэу шыхьатитIу ар хъущт, шъыпкъэ дэдэмкIэ, а цIыфхэр щыкIыгъэх".
[28.33] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, ахэмэ ащыщ цIыф сэ сыукIыгъэ, ащ пае ахэмэ саукIынкIэ сэщынэ.
[28.34] Сэ сшэу Хьарунэ сэщ нахьи нахь жэбзашIу, къыздыригъэштэнэу къыздэгъакIу, сызэрэзафэр къыушыхьатынэу. Сэ ахэмэ пцIыускIэ салъытэным сыщэщынэ".
[28.35] Ащ ыIуагъ: "О пIашъхьэ къыгъэпытэнэу Тэ пшы унагъо къыфэтшIыщт, шъо лъэкI къышъоттыщт. Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэмкIэ шъушIэщтым фэдэм благъэу екIолIэнхэ ахэмэ алъэкIыщтэп. шъо нэбгыритIуми шъуауж къырыкIощтхэми текIоныгъэр къыдэшъухыщт".
[28.36] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэу зэхэугуфыкIыгъэу къиIотыкIыгъэхэр ыIыгъхэу ахэмэ Мосэ къызафакIом, ахэмэ аIуагъ: "Ар къэугупшысыгъэ шхъухьэ Iоф ныIэп! Ащ фэгъэхьыгъэу тятэжъхэм къаIожьэу зэхэтхыгъэп".
[28.37] Мосэ ыIуагъ: "Зэрыгъозэщтыр Ащ дэжь къикIэу къэзыхьырэр, ахърэт псэукIэр зытефэщтыр си Тхьэ нахьышIоу ешIэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, жъалымхэр насыпышIо хъухэрэп!"
[28.38] Фирхьаун ыIуагъ: "О лIэкъолъэшхэр, сэщ фэшъхьаф шъо тхьэ шъуиIэу сэ сшIэрэп. Хьаман, сэщ пае чырбыщ гъажъэ, сэщ пае унэ хъурэе дахэ гъэуцу, Мосэ итхьэ дэжь сынэсынкIи мэхъу. Сэ ар пцIыусэу къысщэхъу".
[28.39] Ари ащ идзэхэри шIэныгъэ ямыIэу чIыгоу зытетхэм щыпэгагъэх, ахэмэ Тэ тадэжь къарамыгъэгъэзэжьынэу егупшысэщтыгъэх.
[28.40] Ари ащ идзэхэри Тэ тыубытхи, хым хэтыдзагъэх. Еплъ жъалымымэ кIэухэу афэхъугъэм!
[28.41] МашIом пэзыщэхэрэ дин пащэ Тэ ахэр тшIыгъэх, къаймэт мафэм ахэмэ ухъумакIо яIэщтэп.
[28.42] ГъашIэу зыхэтхэм Тэ ахэмэ бгыбзэр гъогогъу афэтшIыгъ, къаймэт мафэми ахэр аушъхьакIущтых.
[28.43] ЫпэкIэ щыIэгъэ лъэпкъыхэр зытэгъэкIодхэ ыуж, цIыфмэ щысэтехыпIэ афэхъунэу, рыгъозэнхэу, ахэмкIэ шIушIэнхэу Тэ Мосэ тхыгъэр къеттыгъ, ахэмэ зыкъашIэжьынкIи мэхъу!
[28.44] А Iофыр Мосэ ыIэ Тэ зитэлъхьэм, къушъхьэм итыгъэ къохьэпIэ лъэныкъо ущыIагъэп, къекIолIагъэмэ уахэтыгъэп.
[28.45] Ау ащ дыкIыгъоу цIыф лъэпкъ заулэ Тэ къэдгъэхъугъ. Ахэмэ ащыщ пэпчъ уахътэу зэрэщыIэщтыр е нахьыбагъ, е нахь мэкIагъ. Мадиан дэсхэм о уадэпсэугъэп, тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм уакъыфеджагъэп, ау Тэ ахэмэ лIыкIо къафэдгъэкIогъагъ.

[28.46] Ащ унашъо Тэ къызыфэтэшIым, къушъхьэм ылъэныкъокIэ о ущыIагъэп, ау уи
Тхьэ шIу къызэрэпфишIагъэр уапэкIэ зы егъэджакIуи къызфэмыкIогъэ цIыф лъэпкъыр о
зэребгъаджэрэр ары, ахэмэ акъыл къагъотыжьынкIи мэхъу.
[28.47] Ахэмэ аIэхэм ашIагъэм пае тхьамыкIагъо горэ къяхъулIэгъагъэмэ, аIони: "Я Алахь,
О тэ лIыкIо къытфэбгъэкIогъагъэмэ, О уиIэятэмэ тарыгъозэгъагъэмэ, тэ диныр зышIошъ
хъурэмэ тащыщыни!"
[28.48] Тэ тадэжь икIэу ахэмэ шъыпкъэр къызафакIом, аIуагъ: "Мосэ къыратыгъэ
шъыпкъэр сыд пае мыщ къырамытыгъа?" ЫпэкIэ Мосэ къыратыгъагъэр ахэмэ
щагъэзыягъэба? Ахэмэ аIуагъ: "ЗэдеIэжьрэ шхъухьитIу!" Джыри аIуагъ: "А зэпстэур тэ
тшIошъ хъурэп!"
[28.49] ЯIу: "Алахьым дэжь мыхэмэ анахь гъозэшIу хъунэу тхылъ къишъух, шъо шъыпкъэ
къэшъоIомэ, сэ ащ сырыгъозэщт!"
[28.50] О ахэмэ джэуап къыуамытмэ, зэгъашIэ ахэр ежьхэр зыфэщагъэхэм
зэралъыкIохэрэр. Алахьым ипэщэныгъэ чIэмытэу, ежь зыфэщагъэм лъыкIорэм нахь
лъэшэу гъогум дэхыгъэ хэт хъужьына? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мызэфэ цIыфхэр Алахьым
гъогу занкIэ рищэхэрэп!
[28.51] Мы гущыIэр ахэмэ Тэ ятIожьыгъах, ахэр егупшысэнхэкIи мэхъу!
[28.52] Ащ ыпэкIэ тхылъыр Тэ зэттыгъэхэм ащ шIошъхъуныгъэ фыряI.
[28.53] Ахэмэ къафяджэ зыхъукIэ, аIо: "Тэ ащ ыпэкIи быслъымэнэу тыщытыгъ".
[28.54] ЩэIагъэ зэряIэм пае, фэдитIу тын ахэмэ аратыщт, дэир дэгъукIэ щагъэзые: Тэ
ядгъэгъотрэм щыщ Iахьэ ахэмэ тын ашIы.
[28.55] ГущыIэ нэкI ахэмэ зызэхахыкIэ, ашъхьэ щагъэзые, аIо: "Тэ тиIоф тиIоф, шъо
шъуиIоф шъуиIоф. Мамыр шъогъот! ШIэныгъэ зимыIэхэм тэ благъэ зафэтшIырэп!"
[28.56] Угу рихьрэр орэп гъогу занкIэ тезгъэуцорэр, ау Алахьым зыфаер гъогу занкIэ
тырегъэуцо, гъогу занкIэ рыкIохэрэр Ащ нахьышIоу ешIэ.
[28.57] Ахэмэ аIо: "Тэ тыуигъусэу а пэщэныгъэм тырыгъуазэмэ, тичIыгу тытырачыщт". Ау
тэрыба ежьхэм яе шъыпкъэу а чIыгур ахэмэ язытыгъэр ? Пхъэшъхьэ=мышъхьэ
зэфэшъхьафхэу гъомылэ афэхъуным пае ащ щаугъоигъэхэр Тэрба къэзгъэкIыгъэхэр? Ау
ахэмэ анахьыбэм ар ашIэрэп.
[28.58] ЯпсэукIэ рыпагэхэу къоджэ тхьапша Тэ дгъэкIодыгъэр! Мары, ахэмэ ауж, тIэкIумэ
афэшъхьафрэ, япсэупIэхэр мыпсэупIэжьыхэу къэнагъэх. Тэры ахэмэ якIэнзехьэхэу
щытыгъэхэр.
[28.59] Тэ тиIэятэхэм къафяджэщт лIыкIор цIыфмэ афимыгъакIозэ къуаджэхэр
ыгъэкIодынхэу уи Тхьэ ащ фэдэу щытыгъэп. Тэ къуаджэхэу дгъэкIодыщтыгъэхэр
динынчъэ бзэджашIэхэр зыдэсыгъэхэр арых ныIэп.
[28.60] Шъо сыд къышъуатыгъэми, гъашIэу шъузхэтымкIэ ар мылъку, гъэдэхалъ, ау
Алахьым дэжь щыIэр нахьышIу, егъашIэм уиIэщт. Шъо ар къыжъугурыIонба?
[28.61] Тэ мы гъашIэм щыIэкIэ дэгъу зэттыгъэу, етIанэ къаймэт мафэм тапашъхьэ
къырагъэуцожьыщтыр Тэ гугъэпIэ дэгъу зэттыгъэу ащ IукIэжьыщтым фэдэ хъуна?
[28.62] Къаймэт мафэм Ащ къыIощт: "Сэ сигъусэхэкIэ шъулъытэщтыгъэхэр тэ щыIэха?"
[28.63] А гущыIэр зыфэгъэзагъэхэм аIощт: "Я Алахь, мыхэр арых дгъэгъощагъэхэр! Тэ
тызэрэгъощагъэм фэд зэрэдгъэгъощагъэхэр! Тэ ахэмэ шъхьащэ къытфашIыщтыгъэп,
уапашъхьэ тэ тыщымысэп".
[28.64] Джащыгъум къараIощт: "Шъо къэшъуугупшысыгъэ гъусэмэ шъуяупчI". Ахэр
Тхьэм гъусэ фашIыгъэмэ яупчIыщтых, ау зи къараIожьыщтэп. Джащыгъум яхьазаб ахэмэ
алъэгъущт. Ахэр гъогу занкIэ рыкIощтыгъэхэмэ!

[28.65] Къаймэт мафэу ахэр Ежь ыпашъхьэ зырищэжьыщтхэм Ащ къыIощт: "ЛIыкIохэм шъо сыд къяшъуIожьыгъэр?"
[28.66] Ау зиакъыл, зимыежьым фэдэу, а мафэм ахэмэ ягущыIэхэм гупшысэ ахэлъыщтэп, зэупчIыжьынхэ ахэмэ алъэкIыщтэп.
[28.67] Ау кIэгъожьэу, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIрэр, шIу зышIэрэр насыпышIо хъункIи мэхъу!
[28.68] Уи Тхьэ шIоигъор ешIэ, зыфаер къыхехы, ахэмэ зыфаер къыхахын алъэкIрэп. Алахьым щытхъур ыдэжь, Ащ гъусэу ахэмэ гуагъэуцорэмэ Ар анахь лъаг!
[28.69] Ахэмэ агу щаушъэфри нафэ къашIри уи Тхьэ ешIэ.
[28.70] Ар Алахьыр ары, Ащ фэшъхьаф Тхьэ щыIэп! ГъашIэу тызхэтми къэкIощт гъашIэми Ащ щытхъур ыдэжь, Ащ зэкIэ ыIэ илъ, Ащ дэжь шъо шъугъэзэжьыщт.
[28.71] ЯIу: Къаймэт мафэм нэс шъо чэщыр зэпымыужьэу Алахьым къызышъуфишIыкIэ, ащ шъуущыгупсэфыным пае, Алахьым фэшъхьафэу, хэта тхьэу шъо мафэр къышъуфэзыхьыщтыр? Шъо зэхэшъумыхэуи?
[28.72] ЯIу: Къаймэт мафэм нэс шъо мафэр зэпымыужьэу Алахьым къызышъуфишIыкIэ, ащ шъуущыгупсэфыным пае, Алахьым фэшъхьафэу, хэта тхьэу шъо чэщыр къышъуфэзыхьыщтыр? Шъо шъумылъэгъоуи?
[28.73] Чэщыр окIофэ зыжъугъэпсэфынэу, мафэр екIыфэ Ащ итынмэ шъуалъыхъунэу, Ащ ишIушIэкIэ чэщымрэ мафэмрэ Ащ къышъуфигъэпсыгъэх, шъо разэ шъухъункIи мэхъу!"
[28.74] А мафэу ахэр Ежь ыпашъхьэ зырищэжьыщтхэм, къыIощт: "Тэ щыIэха Сэ къысфэшъушIыгъэкIэ шъулъытэщтыгъэхэ гъусэхэр?"
[28.75] ЦIыф лъэпкъ пэпчъ Тэ шыхьат къыхэтхи, етIуагъ:
"Къызэрэжъугъэшъыпкъэжьхэрэр къэшъухьых!" Ахэмэ къашIагъ шъыпкъэр Алахьым ыIэ зэрилъыр, ахэмэ къаугупшысыщтыгъэхэр кIодыжьыгъэх.
[28.76] Къарунэ Мосэ ицIыф лъэпкъ щыщыгъ, ахэмэ бзэджагъэхэр къаришIэщтыгъэх. Ащ мылъку лъапIэу Тэ еттыгъэр, зэрэбэм ишIуагъэкIэ, кIочIэшIу зиIэ купэу IункIыбзэхэр зыIыгъхэм IункIыбзэмэ яонтэгъуагъэ къяхьылъэкIыщтыгъэ. Мары, ащ ицIыф лъэпкъ риIуагъ: "Илыягъэу умыгушIу, илыягъэу гушIохэрэр Алахьым шIу ылъэгъухэрэп!
[28.77] Алахьым о къыуитыгъэм ахърэт псэупIэм щылъыхъу! Мы дунаим Iахьэу щыуиIэр зыщымыгъэгъупш, Алахьыр къызэрэошIушIэрэм фэдэу, ори шIу шIэ, чIыгум мыхъун щыпшIэным уфэмыбл. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мыхъун бащэ зышIэхэрэр Алахьым шIу ылъэгъухэрэп!"
[28.78] Ащ ыIуагъ: "Сэ сиIэр шIэныгъэу сиIэмкIэ згъотыгъэ". Ащ ышIэрэба ыпэкIэ ежь нахь лъэш лъэпкъыхэу нэбгырэ пэпчъ ихьарамыгъэкIэ ежь нахь мылъкушхо зыугъоигъагъэхэр зыхэтыгъэхэр Алахьым зэригъэкIодыгъэхэр? БзэджашIэмэ псэкIодышIагъэу яIэм пае яупчIыжьынхэу ищыкIагъэп.
[28.79] Ишъошэ кIэракIэхэр щыгъхэу ар ицIыфмэ къахэхьагъ. ГъашIэу зыхэтым кIэхъопсырэмэ аIуагъ: "Къарунэ къыратыгъэм фэдэ тэри къытатыгъэмэ! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Iахьышхо дэдэ ащ ыIэ илъ!"
[28.80] ШIэныгъэ къызэратыгъэмэ аIуагъ: "Шъо Тхьэр къышъоуагъ! ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэу, шIу зышIэщтыгъэмэ Алахьым къафишIагъэр нахьышIу, ащ IукIэжьын зылъэкIыщтхэр щэIагъэ зиIэхэр арых ныIэп!"
[28.81] Ари ащ ипсэупIи Тэ чIыгум едгъэдырыгъ. Алахьым ар щиухъумэнэу купышхуи ыгъотыгъэп. IэпыIэгъу фэхъуни ащ къыфыкъокIыгъэп.
[28.82] Ащ ычIыпIэ тыгъуасэ иуцохэмэ зышIоигъуагъэхэм пчэдыжьым аIощтыгъэ: "Ащ иIумэтхэм ащыщэу Ежь зыфаем тын фишIы хъумэ шапхъэм итэу ятэ хъуми сыдэу

Алахьыр ина! Тэ Алахьым гукIэгъу къытфимышIыгъэмэ, тэри чIыгум тидырыни. Мыразэхэр сыдэу насыпынчъэха!"

[28.83] ЧIыгоу зытетхэм зыщагъэпэгэным фэмыехэм, нэмыкIхэр хэзымыгъэукъохэрэм апае ахърэт гъашIэм зыщыпсэущтхэр Тэ ащыфэдгъэнэфагъэх. Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм яттырэр джащ фэд!
[28.84] IофышIухэр ышIагъэхэу мыщ къэкIожьрэм нахьышIу фашIэщт, ау Iоф дэйхэр ышIагъэхэу къэзгъэзэжьрэмэ афашIэщтыр ежьхэм ашIагъэм тефэрэр ары.
[28.85] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, урыпсэунэу о КъурIаныр къыфэзышIыгъэм о зыдэбгъэзэжьын фэе чIыпIэм уигъэгъэзэжьыщт. ЯIу: "Сэ си Тхьэ гъогу занкIэм рыкIорэр, гъэнэфагъэу гъощагъэр нахьышIоу ешIэ".
[28.86] Мы тхылъыр къызэрэуатыщтым уежэщтыгъэп, Алахьым ишIушIэкIэ ар къыуатыгъ, арышъ, джаурмэ ухъумакIо уафэмыхъу!
[28.87] Алахьым иIэятэхэр къызфырагъэхыгъэм нэуж, ахэр о щыбгъэзыенхэу ахэмэ уарэмышI. Уи Тхьэ елъэIу, тхьабэ зышIошъ хъурэм ащыщ умыхъу!
[28.88] Алахьым уригъусэу нэмыкI, Тхьэ уемылъэIу!. Ащ фэшъхьаф Тхьэ щыIэп. Ащ ынапэ фэшъхьафрэ зэкIэ мэкIодыжьы. Ары изыхъухьэрэр, Ащ ыдэжь шъо къэшъугъэзэжьыщт!

Алхьэнкэбут
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[29.1] Алйф Лам Мим.
[29.2] Ахэмэ "Тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ тшIыгъэ" заIорэ нэужым амыушэтхэу къагъэнэнхэкIэ цIыфмэ къашIошIа?
[29.3] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэр Тэ тыушэтыгъэх, хьакъым тетэу шъыпкъагъэ зиIэхэри Алахьым ешIэ, ешIэ пцIыусхэри.
[29.4] Бзэджагъэ зышIэхэрэр Тэ тапэ ишъынхэу къащэхъуа? Дэеу ахэр егупшысэх!
[29.5] Алахьым IукIэжьыным кIэхъопсырэм Алахьым къыфигъэнэфэгъэ пIалъэр къыфэсыщт. Ащ зэхехы, ешIэ!
[29.6] Егугъурэр ежь ышъхьэ пае егугъы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр бай, мы дунаир ищыкIагъэп!
[29.7] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм дэеу ашIагъэр Тэ афэдгъэгъунышъ,ежьхэм ашIэщтыгъэм нахьышIукIэ тятэщт.
[29.8] Ятэ=янэхэм афэдэгъунэу Тэ цIыфым унашъо къыфэтшIыгъ. Ау хэшIыкI зыфыуимыIэ горэ ахэмэ Сэ тхьэу къызгуагъэуцонэу уауж къызихьэхэкIэ, уафэмыIорышI. Сэ садэжь къэжъугъэзэжьыщт, шъушIэщтыгъэм Сэ ышъхьэ къисхыщт!
[29.9] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэр Тэ цIыфышIумэ ахэтщэщтых.
[29.10] А цIыфмэ ахэтых зыIохэрэр: "Алахьым тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшIыгъ", ау ар зэриIуагъэм пае ахэмэ гухэкI горэ къызарашIэкIэ, цIыфхэр зэраушэтхэрэр Алахьым ипщынэжь фэдэу алъытэ. Ау уи Тхьэ дэжь текIоныгъэр къикIымэ, ахэмэ аIощт: "Тэ шъо тышъуигъусагъ". А цIыфмэ агу илъыр Алахьым ышIэрэба?
[29.11] Алахьым ешIэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, ешIэ шъорышIхэр!
[29.12] ШIошъхъуныгъэ зимыIэхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэмэ араIо: "Тэ тигъогу шъурыкIу, шъуипсэкIодшIагъэхэр тэ зытетлъхьажьыщтых". Ау ахэмэ япсэкIодшIагъэмэ ащыщэу зыпари ахэмэ зытыралъхьажьыщтэп. Ахэр пцIыусых!

[29.13] Ахэмэ яхьылъэхэм хьылъэхэр ателъхэу ахьыщт. Къаймэт мафэм пцIэу къаугупшысыгъэм пае ахэмэ къяупчIыщтых.
[29.14] НахьыпэкIэ Нухьэ ицIыф лъэпкъ Тэ фэдгъэкIогъагъ: илъэс шъэныкъо къыщыкIэу, илъэс минэ ар ицIыф лъэпкъ хэтыгъ.Ащ ыуж ахэр хыдзэ-псыдзэм зэлъиштагъэх, ахэр бзэджагъэм зыратыгъэу щытыгъэх.
[29.15] Тэ ар къэдгъэнэжьыгъ, къухьэм исыгъэхэри ары, зэрэдунае ар щысэтехыпIэ фэтшIыгъ.
[29.16] Ибрахьими(Тэ афэдгъэкIогъагъ). Мары, ащ ицIыф лъэпкъ риIуагъ :"Алахьым шъхьащэ фэшъушI, Ащ шъущыщын! Шъо шъошIэмэ, шъоркIэ ар нахьышIоу щыт.
[29.17] Алахьым ычIыпIэкIэ шъо тхьэ сынхэм шъхьащэ афэшъошIы, пцIыр къэшъогъэхъу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым фэшъхьафэу шъо шъхьащэ зыфэшъушIыхэрэм гъомылэу шъуищыкIагъэр аIэ илъэп, гъомылэ шъуфэхъущтым Алахьым дэжь шъущылъыхъу, Ащ шъхьащэ фэшъушI, Ащ шъузэрэфэразэр ешъуIу. Ащ дэжь жъугъэзэжьыщт".
[29.18] Шъо мыр пцIыкIэ зышъулъытэкIэ, шъуапэкIэ щыIэгъэ цIыф лъэпкъхэми мыр пцIыкIэ алъытэщтыгъэ. ЛIыкIом иIофыр зэхэугуфыкIыгъэу къышъуиIожьыныр ары ныIэп.
[29.19] Ахэмэ алъэгъугъэба Алахьым зэрихьэхэрэр, зылIэжьхэкIэ икIэрыкIэу къызэригъэхъужьхэрэр? Ар АлахьымкIэ IэшIэх!
[29.20] ЯIу: "ЧIыгум шъурыкIу, шъуеплъ Ащ къыгъэхъунхэр зэрэригъэжьагъэм, етIанэ Алахьым аужырэ IэшIагъэр къыгъэхъущт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[29.21] Зыфаер Ащ егъэпщынэ, зыфаем фегъэгъу,ащ дэжь шъуагъэгъэзэжьыщт.
[29.22] ЧIыгуми уашъоми Ащ илъэкI шъо къащыхэжъугъэIэн шъулъэкIыщтэп, Алахьым фэшъхьаф шъоркIэ ухъумакIуи IэпыIэгъуи щыIэп!"
[29.23] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм, Ащ IукIэжьынхэм шIошъхъуныгъэ фызимыIэхэр сэ сынэшIу ащыфэным щыгугъыхэрэп. Ахэр хьазаб пщынэжь зыфыщылъхэр арых.
[29.24] Ащ ицIыф лъэпкъ джэуапэу иIагъэр ахэмэ къаIуагъэр ары: "Ар шъуукIы е жъугъэсты!" Алахьым ар машIом къыхихыжьыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, диныр зышIошъ хъурэ цIыфхэмкIэ ар щысэтехыпIэу щыт!
[29.25] Ащ ыIуагъ: "ГъашIэу шъузхэтым щышъушIыгъэ шIулъэгъум елъытыгъэу Алахьым фэшъхьафэу сынхэр тхьэ зыфэшъушIыжьыгъэх, етIанэ Къаймэт мафэм шъузэрэуджэгъужьыщт, бгыбзэ зэшъухыжьыщт, псэупIэ шъуфэхъущтыр машIо, IэпыIэгъу къышъуфэхъун шъуиIэп!
[29.26] Джащыгъум ЛютIэ ащ ыIорэр ышIошъ хъугъэ, ыIуагъ: "Сэ сихэгъэгу секIыжьышъ, си Тхьэ зыдэщыIэм сэкIожьы. Ар ин дэд, Iуш!"
[29.27] Тэ ащ Исхьакърэ Якъубэрэ къеттыгъ, илъэпкъ къытекIыщтхэм пегъэмбарыгъор, тхыгъэр яIэнэу Тэ афэдгъэуцугъ. ГъашIэу зыхэтым Тэ ащ тефэрэ тыныр щеттыгъ, ахърэт гъашIэми диным фэкъэбзэ напэ ащ иIэщт.
[29.28] ЛютIи(Тэ афэдгъэкIогъагъ). Мары, ащ ицIыф лъэпкъ риIуагъ: "ШъуапэкIэ зы цIыф лъэпкъ зызэримытыгъэ бзэджагъэхэм шъо зяшъутыгъ!
[29.29] Шъыпкъэба шъо хъулъфыгъэмэ шъуазэрэголърэр, гъогум зэрэщышъухъункIэхэрэр, шъуизэIукIэмэ хэбзэнчъэхэр зэращишъухъухьэхэрэр?" Ащ ицIыф лъэпкъ иджэуап гущыIэ къодый ныIэп: "О зафэмэ уащыщмэ, Алахьым ипщынэжь къытфэгъакIу".
[29.30] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, цIыф лъэпкъ щыкIыгъэм пэшIуекIоу IэпыIэгъу къысфэхъу!"

[29.31] Къэбар гушІуагъо яІэу Тэ тилІыкІохэр Ибрахьимэ дэжь къызэкІохэм, ахэмэ аІуагъ: "Мы къуаджэм ыпсэхэр тэ дгъэкІодыщтых. Шъыпкъэ дэдэмкІэ, ащ щыпсэухэрэр бзэджашІэх!"
[29.32] Ащ ыІуагъ: "Ащ ЛютІи дэс". Ахэмэ аІуагъ: "Ащ дэсхэр тэ нахьышІоу тэшІэх. Тэ ари ащ икалэхэри, ишъуз фэшъхьафрэ, къэдгъэнэжьыщтых, ишъуз хьазабым къыхэнэщтмэ ащыщ.
[29.33] ЛютІэ дэжь Тэ тилІыкІохэр къызэкІохэм, ахэмэ афэгумэкІэу гухэкІ ышІыгъ, ахэр къыухъумэнхэу кІуачІэ иІагъэп. Ахэмэ аІуагъ: "Умыщын, гухэкІ умышІы! Тэ ори, уиунагъуи, уишъуз фэшъхьафрэ, къэдгъэнэжьыщт, шъузыр мыщ къинэрэмэ ащыщыщт.
[29.34] Мы къуаджэм щыпсэухэрэр зэрэщыкІыгъэхэм пае шыблэ огъоу зыукІыщтхэр тэ уашъом къафедгъэхыщт.
[29.35] Акъыл зиІэ цІыфхэмкІэ щысэтехыпІэ нафэу ар Тэ къэдгъэнагъ.
[29.36] Мадианхэм акъошэу щухьаибэ(афэдгъэкІогъагъ). Ащ ыІуагъ: "О сицІыф лъэпкъ! Алахьым шъхьащэ фэшъушІ, аужыпкъэрэ мафэм шъущыгугъ, бзэджагъэр щыжъугъэбагъоу чІыгум шъурымыкІу!"
[29.37] Ау ахэмэ ар пцІыускІэ алъытагъ, джащыгъум ахэр чІыгусысыным екІодылІагъэх, пчэдыжьым анэгухэр егъэзыхыгъэхэу ахэр яунэмэ арылъыгъэх.
[29.38] Адхэми самудхэми а дэдэр къяхъулІагъ. Ахэмэ япсэупІэгъэ ужхэр шъоркІэ нафэх. ЦІыф нэжгъурхэу щытыгъэхэми, шэйтаным ахэмэ яІофхэр афигъэдэхагъэх, гъогум дигъэхыгъэх.
[29.39] Къаруни, фирхьауни, Хьамыни джа дэдэр къяхъулІагъ. Мосэ Іэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкІыгъэхэр иІэхэу ахэмэ къафэкІогъагъ, ау ащ ыуж ячІыгу зыщагъэинэу рагъэжьагъ. Тэ тІэкІэкІыжьынхэу ахэр игъо ифагъэхэп.
[29.40] Ахэмэ ащыщ пэпчъ псэкІодэу ышІагъэм пае Тэ дгъэпщынагъэ. Ахэмэ ахэтыгъэх Тэ жьыуае зыфэдгъэкІуагъэхэр. Ахэмэ ахэтыгъэх пчыкІэм ыукІыгъэхэр: Ахэмэ ахэтыгъэх Тэ чІыгум едгъэдырыгъэхэр, ахэмэ ахэтыгъэх Тэ псым чІедгъэхьагъэхэр. Алахьыр арэп ахэмэ шъхьакІо языхынэу фэягъэр, ахэмэ ежь ежьырэу шъхьакІо зэрахыжьыгъ.
[29.41] Алахьым фэшъхьафэу ІэпыІэгъухэр зыфэзышІыжьыгъэхэр бэджэу унэ зыфэзыухъытэжьыгъэм фэдэх. ЗэкІэмэ анахь унэ хъыбэир бэджым зафиухъытэжьыгъэ унэр ары, ахэмэ ар ашІэщтыгъэмэ!
[29.42] Шъыпкъэ дэдэмкІэ, Ежь фэшъхьафэу ахэр зэлъэІухэрэр зыми зэрэщымыщхэр Алахьым ешІэ. Ар лъэш, Іуш!
[29.43] Мары щысэхэу Тэ мы цІыфхэм къафэтхьыхэрэр: ахэр къызыгурыІохэрэр зышІэхэрэр арых.
[29.44] Хьакъым тетэу уашъори чІыгури Алахьым къыгъэшІыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкІэ, диныр зышІошъ хъухэрэмкІэ ащ щысэтехыпІэ хэлъ!
[29.45] Тхыгъэм щыщэу о нафэ къыфэхъугъэм едж, зэпымыоу нэмаз шІы, сыда пІомэ бзэджагъэм, хэбзэнчъагъэм нэмазым уащеухъумэ. Алахьыр угу къэбгъэкІыжьыныр шІогъэ ин дэдэу щыт, шъо шъушІэрэр Алахьым ешІэ!
[29.46] Тхыгъэм къеджэхэрэм шІоу щыІэм фэшъхьафкІэ уямынэкъокъу, ахэмэ зэфэнчъэхэу къахэкІхэрэм яшъуІу: "Тэ къытфырагъэхыгъэм, шъо къышъуфырагъэхыгъэм шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшІыгъ, Тэ ти Тхьи шъо шъуи Тхьи зы, тэ Ащ зетэты".
[29.47] Джаущтэу Тэ мы тхыгъэр о къыфедгъэхыгъ, мы тхыгъэр Тэ зэттыгъэхэми ащ шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашІыгъ. Ащ фэдэу мы цІыфхэми ахэтых ащ шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышІыгъэхэр, Тэ тиІэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр щызгъэзыехэрэр джаурхэр арых ныІэп!

[29.48] Мыщ ыпэкIэ сыд фэдэ тхыгъи о уеджагъэп, ар пIашъхьэкIи птхыгъэп, армырмэ мыр нэкIэу зылъытэщтыгъэхэм джэнджэш агу къихьащтыгъ.
[29.49] Мыр Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэу шIэныгъэ зэратыгъэхэм агу илъ. Тэ тиIэятэ щызгъэзыехэрэр жъалымхэр арых ныIэп!
[29.50] Ахэмэ аIуагъ: "Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр ащ и Тхьэ къыфигъэхьыгъэхэмэ!" ЯIу: "Iэятэхэр Алахь закъом ыIэ илъых, сэ сыегъэджэкIо наф ныIэп".
[29.51] Ахэмэ къызфяджэхэрэ тхыгъэр о къызэрэфедгъэхыгъэр ахэмкIэ икъущтба? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, диныр зышIошъ хъурэ цIыфхэмкIэ ащ шIушIэни ушъыини хэлъ!
[29.52] ЯIу: "СэркIи шъоркIи Алахьыр шыхьаткIэ икъущт. Уашъом щыIи чIыгум щыIи Ащ ешIэ, ау пцIыр зышIошъ хъугъэхэу Алахьыр зышIошъ мыхъухэрэр кIодыщтых".
[29.53] ПщынэнымкIэ ахэмэ уагъэгузажъо, гъэнэфэгъэхэ гъунапкъэр ары мыхъугъэмэ, ахэмэ пщынэжьыр къафэкIощтыгъэ, ахэмэ зыщамышIэрэм ошIэ-дэмышIэу ар къафэкIощт.
[29.54] ПщынэнымкIэ ахэмэ уагъэгузажъо, ау, шъыпкъэ дэдэмкIэ, джаурхэр джыхьнэмым къеуцухьэх.
[29.55] Пщынэжьыр ахэмэ ашъхьагъкIи ачIэгъкIи къызатеощт мафэр къэхъущт, Ащ къыIощт: "Шъо шъуиIофмэ къакIэкIуагъэр зэхашъушIэ!"
[29.56] Сэ сиIумэтхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Сэ сичIыгу игъэкIотыгъ, Сэ шъхьащэ къысфэшъушI.
[29.57] Псэ пэпчъ лIэныгъэр зэхишIэщт, етIанэ Тэ тадэжь къэжъугъэзэжьыщт.
[29.58] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэр Тэ джэнэтым идгъэхьащтых, унэ хэхыгъэхэу ачIэгъкIэ псыхъохэр зыхэчъхэрэм ахэр егъашIэм арысыщтых. Сыд фэдэу ар тын шIагъуа цIыф чанхэу,
[29.59] ЩэIагъэ зиIэхэу, я Тхьэ гугъапIэ зышIыхэрэмкIэ.
[29.60] Псэушъхьэ тхьапша щыIэр ашхыщтым ымыгъэгумэкIэу, ахэр, шъощ фэдэу, Алахьым егъашхэх. Ащ зэхехы, ешIэ!
[29.61] О ахэмэ уяупчIымэ: "Хэта уашъуи чIыгуи къэзгъэшIыгъэр, тыгъэри мазэри къызфэзгъэIорышIагъэр? "ахэмэ, Iо хэлъэп, къаIощт: "Алахьыр ары". Ахэмэ акъыл зэрямыIэр!
[29.62] Ежь иIумэтмэ ащыщэу Алахьыр зыфаем ищыкIагъэм фэдизэу е къелыекIэу къыреты, е шэпхъэ гъэнэфагъэм тетэу къыреты. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зэкIэ ешIэ!
[29.63] О ахэмэ уяупчIымэ: "ЧIыгур зилIыкIыгъэм нэуж хэта уашъом псыр къезгъэхыгъэр, ащкIэ чIыгум псэ къыпызгъэкIэжьыгъэр?" Ахэмэ, Iо хэлъэп, къаIощт: "Алахьыр ары". ЯIу :"Алахьым щытхъур ыдэжь!" Ау ахэмэ анахьыбэм ар ашIэрэп!
[29.64] Мы гъэшIэ Iахьыр гъэпцIакIо, джэгу ныIэп, ау аужырэ псэупIэр щыIэныгъ, ахэмэ ар ашIэщтыгъэмэ!
[29.65] Къухьэм исхэу ахэр кIохэ зыхъукIэ, Алахьым ыпашъхьэ ядин щагъэкъабзэзэ, Ащ елъэIух. Ау ахэр къагъэнэжьхи гъушъапIэм къызтырагъэуцожьхэрэм, тхьабэ ашIошъ хъоу ахэр мэхъужьых.
[29.66] Тэ яттыгъэр ашIошъ амыгъэхъуным пае, ахэмэ зарэгъэтхъэжь, етIанэ къашIэщт!
[29.67] Ахэмэ алъэгъугъэба, мы хэгъэгур ахэмкIэ щынэгъончъэ Тэ зэрэтшIыгъэр, ащыгъум цIыфхэу ахэмэ къягъэтIысэкIыгъэхэр зэрэзэрапхъохэрэр? ПцIыр ахэмэ ашIошъ мэхъоуи, ау Алахьым ишIушIэ ашIошъ мыхъоуи?
[29.68] Шъыпкъэр къызыкIуагъэм ыуж, Алахьым имыхьакъ тезылъхьэрэм е шъыпкъэр пцIыкIэ зылъытэрэм нахь мызафэ хэта хъужьырэр? Джаурхэр джыхьнэмыр арба зыщыпсэущтхэр?

[29.69] Тэщ пае егугъущтыгъэхэр, Тэ тигъогу тетщэщтых. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр, Io хэмылъэу, шIу зышIэрэмэ ягъус!

Алрум

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[30.1] Алиф Лам Мим.
[30.2] Румыхэм ащытекIуагъэх,
[30.3] Мы чIыгум пэблагъэу, ахэмэ затекIуагъэхэм ыуж джыри текIощтых.
[30.4] Илъэс заулэкIэ. А хъугъэ-шIагъэр къызэрежьагъэри, ухыгъэ зэрэхъугъэри Алахьым
ыIэ илъ, ау а мафэм диныр зышIошъ хъухэрэр Алахьым ыгъэгушIощтых.
[30.5] Къаритыгъэм ыгъэгушIощтых. Зыфаем Ащ IэпыIэгъу къыреты, Ар ин дэд, гукIэгъу
хэлъ!
[30.6] Алахьым къызеригъэгугъагъэхэм елъытыгъэу ар къэхъущт. Алахьым
къызеригъэгугъэхэрэр зэблихъужьрэп, ау цIыфмэ анахьыбэм ар ашIэрэп.
[30.7] ГъашIэу зыхэтхэм итеплъэ ахэмэ ашIэ, ау ахърэтымкIэ ахэр гугъуемылIых.
[30.8] Ахэр ашъхьэ егупшысагъэхэба. Уашъуи чIыгуи, ахэмэ азфагу илъи хьакъым тетэу
пIэлъэ гъэнэфагъэ яIэу Алахьым къыгъэшIыгъэх. Ау я Тхьэ зэрэIукIэжьыщтхэр
цIыфыбэмэ ашIошъ хъурэп!
[30.9] Ахэр мы чIыгум рыкIуагъэхэба? алъэгъугъэба апэкIэ щыIагъэхэм кIэух афэхъугъэр?
КIуачIэу яIагъэмкIэ ахэр мыдырэмэ анахь лъэшыгъэх, чIыгури алэжьыгъ, мыдырэм ащ
тырагъэуцогъэ унэмэ анахьыби унэ ашIыгъ, Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ
зэхэугуфыкIыгъэхэр аIыгъхэу, ахэмэ лIыкIохэр къафэкIогъагъэх. Ахэмэ агу хигъэкIынэу
Алахьыр фэягъэп. Ахэмэ ежь=ежьырэу агу хагъэкIыжьыгъ.
[30.10] ЕтIанэ бзэджагъэ зышIэщтыгъэхэм кIэухэу афэхъугъэр зэрар зыкIафэхъугъэр
Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр пцIыкIэ зэралъытагъэхэм, кIэнэкIалъэ
зэрашIыгъэхэм пай.
[30.11] Алахьым апэрэу псэ зыпытыр къегъэхъу, етIанэ ар къыкIешIыкIыжьы, шъори Ащ
ыдэжь къэжъугъэзэжьыщт!
[30.12] Къаймэт мафэм псэкIодшIэгъабэ зиIэхэм агу кIодыщт.
[30.13] Гъусэ ашIыгъэмэ ащыщхэр ахэмэ ухъумакIохэу яIэщтхэп, ягъусэмэ
шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ахэмэ афашIыщтэп.
[30.14] Къаймэт мафэр къызысыкIэ, ахэмэ зыратэкъухьащт.
[30.15] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэр джэнэтым
щагъэрэзэщтых.
[30.16] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэу Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэри
ахърэт гъашIэм зэраIукIэжьыщтхэри пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэм пщынэжь атыралъхьащт!
[30.17] Пчыхьэр къышъушъхьарыхьэми пчэдыжьыр къышъуфакIоми, Алахьым ищытхъу
шъуIо.
[30.18] Чэщыр къызщыкIорэми щэджагъом игъоми Ащ уашъоми чIыгуми ищытхъу
ащышъуIуат!
[30.19] Ащ псэ зыпымытым псэ зыпыт къыхегъэкIы, псэ зыпымытыми псэ зыпымыт
къыхегъэкIы. ИлIыкIыгъэ чIыгум Ащ псэ къыпегъэкIэжьы, шъори джащ фэдэу къэмэ
шъуакъыдэтэджыкIыжьыщт!
[30.20] Ащ ищысэмэ зэу ащыщ чIыгум Ащ шъузэрэхишIыкIыгъэр, етIанэ цIыфы
шъузыхъугъахэм ыуж, чIыгум шъущэбагъо.

[30.21] Ащ ищысэмэ зэу ащыщ шъо къышъухихи шъощ пае шъхьагъусэхэр Ащ
Къызэрэшъуфигъэхъугъэхэр, шъо ахэмэ гупсэфыгъо яжъугъотылIэным пае: Шъуазыфагуи
шIулъэгъуныгъэрэ гукIэгъурэ къырилъхьагъ. Гупшысэхэрэмкlэ ащ щысэхэр хэлъых.
[30.22] Ащ ищысэмэ зэу ащыщ уашъомрэ чIыгумрэ къызэригъэшIыгъэр, зэфэшъхьафхэу
бзэу шъуIулъхэри шъукIышъомэ ашъохэри къызэришIыгъэхэр. Шъыпкъэ дэдэмкIэ,
зышIэхэрэмкIэ ар щысэтехыпI!
[30.23] Ащ ищысэхэм чэщыми мафэми шъузэрэчъыери ишIушIэ шъузэрэлъыхъури ащыщ.
Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыф сакъхэмкIэ ар щысэтехыпIэу щыт!
[30.24] Ащ ищысэхэм зэу ащыщ пчыкIэ хъопскIымкIэ Ащ е шъузэригъэщынэрэр е
гугъапIэ къызэрэшъуитырэр: уашъом псы къышъуфырегъэхы, ащкIэ зилIыкIыгъэхэ ужым
чIыгум псэ къыпегъэкIэжьы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыф IушхэмкIэ ар щысэтехыпI!
[30.25] Ащ ищысэмэ зэу ащыщ иунашъокIэ уашъомрэ чIыгумрэ пытэу зэрэщытхэр.
Уахътэ зытешIэкIэ, Ар чIы чIэгъым шъукъычIэкIыжьынэу къызышъуаджэхэкIэ,
шъукъычIэкIыжьыщт!
[30.26] ЗэкIэ уашъом щыIи чIыгум щыIи Ащ ыIэ илъ. ЗэкIэ Ащ фэIорышIэ!
[30.27] Псэ зыпытыр Ащ къегъэхъу, зылIэхэрэ нэужым къыгъэ хъужьынхэр нахь IэшIэх.
Уашъоми чIыгуми ащыIэм анахь щытхъушхо зыпылъыр Алахьыр ары. Ар лъэш, Iушы!
[30.28] Шъор шъыпкъэхэр шъоркIэ щысэхэу Ащ къышъуетых: гъэрмэ ащыщхэу шъуIэ
къихьагъэхэр Тэ къышъоттыгъэмкIэ гъусэ къышъуфэхъунхэ алъэкIа, ащкIэ ахэр
къышъуфэдэ хъунхэуи? Шъо шъузэрэзэщыщынэжьрэм фэдэу ахэмэ шъуащэщынэ.
Джаущтэу зэхэугуфыкIыгъэу Тэ тищысэ техыпIэхэр акъыл зиIэ цIыфхэм апае
къитэIотыкIых!
[30.29] Ары, зафэу щымытхэр зыпари шIэныгъэ ямыIэу лъэшэу зыфэщагъэхэм арэгъуазэх.
Алахьым ыгъэгъощагъэр хэта гъогу занкIэ тезгъэуцожьыщтыр? Ахэмэ афэдэхэм IэпыIэгъу
афэхъун яIэп!
[30.30] Алахьым цIыфхэр къызэригъэхъугъэм тетэу, угу къыбдеIэу а диным унэгу фэгъаз.
Алахьым къыгъэшIыгъэм зэхъокIныгъэ иIэп, ар дин шъыпкъ, ау цIыфмэ анахьыбэмэ ар
ашIэрэп!
[30.31] Ащ зыфагъазэзэ: "Ащ шъущыщын, нэмаз шъушIы, тхьабэ зышIошъ хъурэмэ ащыщ
шъумыхъу,
[30.32] Зидин зыгощхи, куп зэфэшъхьаф хъугъэмэ афэдэу. Сыд фэдэ купи ежь иIэм
кIэгушIу.
[30.33] ЦIыфмэ тхьамыкIагъо къызафакIокIэ, Ащ зыфагъазэзэ, я Тхьэ елъэIух. ЕтIанэ
ахэмэ Ащ гукIэгъу къызафишIыкIэ, ащыщ купым я Тхьэ гъусэхэр гуегъэуцо,
[30.34] Тэ ядгъэгъотыгъэм пае рэзэнчъэхэу къанэхэзэ. Ар жъугъэфедэ, етIанэ
къэшъушIэщт!
[30.35] Тэ ахэмэ лIыкIо горэ афэдгъэкIогъагъа? Ащ гуагъэуцорэмэ апае ащ зыгорэ
ариIогъагъа?
[30.36] Тэ цIыфмэ шIу зафатшIэкIэ, ащ ахэр кIэгушIух. Ау нахьыпэкIэ ахэмэ
зыфашIэжьыгъэм пае тхьамыкIагъо къызафакIокIэ, агу мэкIоды!
[30.37] Ахэмэ алъэгъугъэба Алахьыр ежь зыфаем хьалэлэу зэретэрэр, зэрэзэригъафэрэр?
Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэ цIыфхэмкIэ ар щысэтехыпIэу
щыт!
[30.38] Къыппэблагъэм, тхьамыкIэм, гъогу тетым фитныгъэу иIэр ет. Алахьым ынапэ
кIэхъопсыхэрэмкIэ ар нахьышIу. Ахэр насыпышIо хъугъэхэр арых.

[30.39] НэмыкI цIыфхэм ямылъкукIэ хахъо шъушIынэу ахъщэ тедзэкIэ шъо яшъутырэм Алахьым ыпашъхьэ хахъо ышIыщтэп. Ау шъугу жъугъэкъабзэзэ сэдакъэ зышъутырэм, ар фэдитIукIэ нахьыбэ шъуфэхъущт.
[30.40] Шъукъэзгъэхъугъэр, шъуищыкIагъэр шъозгъэгъотрэр Алахьыр ары. Уахътэ зытешIэкIэ, Ащ лIэныгъэр къышъуфигъэкIощт, етIанэ шъукъигъэхъужьыщт. Шъо тхьэкIэ шъулъытэрэмэ ащыщхэм ахэта ахэмэ афэдэ горэ шъощ пае зышIэн зылъэкIын? Ащ щытхъур ыдэжь! Ахэмэ Ащ гуагъэуцорэмэ анахьи Ар анахь лъаг!
[30.41] ЦIыфмэ ашIагъэр зыфэдэр сыд фэдизми ашIэным пае ахэмэ аIэкIэ ашIагъэм къыхэкIэу, мыхъуныбэ чIыгуми хыми къащыхъугъ. Ахэмэ къагъэзэжьынкIи мэхъу!
[30.42] ЯIу: "ЧIыгум шъурыкIу, шъуеплъ шъуапэкIэ щыIагъэхэм кIэухэу афэхъугъэм! Ахэмэ анахьыбэм тхьабэ ашIошъ хъоу щытыгъ".
[30.43] Алахьым лъимыгъэкIотэщт мафэр къэсыным ыпэкIэ дин шъыпкъэм унэгу фэгъаз. А мафэм ахэр зэрэгощыщтых!
[30.44] ШIошъхъунығъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм яшIошъхъунығъэ ежьхэм къяхьылъэкIыжьыщт. Ау шIу зышIэщтыгъэхэм гъолъыпIэ гупсэфхэр зыфызэIуахыжьыщтых,
[30.45] ШIошъхъунығъэ шъыпкъэ зиIагъэхэм Ежь шIоу иIэм щыщ къаритыжьыным пае. Джаурхэр ащ шIу ылъэгъухэрэп.
[30.46] Ащ ищысэмэ Ащ ишIушIэн зэхэшъушIэныр, Ащ иунашъокIэ къухьэхэр есынхэр, Ащ итынхэм шъуалъыхъуныр, Ащ жьыбгъэхэр гушIогъо зехьэхэу къызэрэригъэпщэныр Ащ ищысэмэ ащыщ, шъо разэ шъухъункIи мэхъу!
[30.47] О уапэкIэ лIыкIохэр ахэмэ яцIыф лъэпкъ Тэ фэдгъэкIогъагъэх. Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр яIэхэу ахэмэ адэжь лIыкIохэр кIогъагъэх, гунахьыбэ зышIагъэхэм Тэ афэдгъэгъугъэп. Диныр зышIошъ хъухэрэр къэтыухъумэнхэр Тэ тпшъэ илъыгъ.
[30.48] Алахьым жьыбгъэхэр къырегъапщэх, ахэмэ пщэр зэрафэ, Ежь зэрэфаеу ар уашъом щеубгъу, зэкIоцIегъэчэрагъо, олъэгъу уашъом ощхыр къызэречъэбзэхрэр. ИIумэтмэ ащыщхэу Ежь зыфаем Ащ ощхыр къызатыригъащхэкIэ, мэгушIох,
[30.49] Къафыригъэщхыным ыпэкIэ ахэмэ агу кIодыгъэу.
[30.50] Алахьым ишIушIэн лъэужэу къыгъэнагъэмэ яплъ. ЗилIыкIыгъэм ыуж Ащ чIыгум псэ къызэрэпигъэкIэжьрэр! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, лIагъэхэр Ащ къегъэхъужьых, Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп!
[30.51] Тэ ахэмэ жьыбгъэу афэдгъэкIуагъэр гъожьы хъугъэу алъэгъугъэми, зэрэджаурхэу къэнэжьыщтых.
[30.52] Хьадэмэ зэхахы о пшIыщтэп, акIыб къагъэзагъэу дэгухэри IукIыжьхэ зыхъукIэ, уиджэ макъэ зэхахэу пшIыщтхэп.
[30.53] Нэшъухэм о уряпащэп, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр зышIошъ хъухэрэр, IорышIэхэр арых ныIэп, гъощэным щыуухъумэнхэу, зэхэзыхыхэу пшIын плъэкIыщтхэр.
[30.54] Шъо шъукIочIаджэу Алахьым шъукъегъэхъу, етIанэ шъузэрэкIочIаджэм ычIыпIэкIэ кIуачIэ къышъуитыщт, етIанэ кIуачIэм ыуж кIочIэджагъи жъыгъи къышъуитыщт: Ащ зыфаер къегъэхъу, Ащ шIэныгъи лъэкIышхуи иI!
[30.55] Къаймэт мафэр къызысыщтым, псэкIодышIэгъабэ зиIэхэм тхьарыIо ашIыщт. Сыхьат нахь мыбэу ахэр къэмэ адэлъыгъэхэу. Мыщ ыпэкIи джащ фэдэу шъыпкъагъэм ахэр дэхыщтыгъэх!

[30.56] ШIэныгъэрэ динымрэ зэратыгъэхэм аIуагъ: "Шъо ащ шъуzэрэчIэлъыгъэр, Алахьым итхылъ къызэригъэлъагъорэмкIэ, Къаймэт мафэр ары, мары къызыщыхъужьыщтхэ мафэр, ау шъо ар шъушIэщтыгъэп".
[30.57] Зафэу щымытыгъэхэм зызэраухыижьрэр IэпыIэгъу афэхъущтэп, ахэмэ шIу афашIэщтэп.
[30.58] Мы КъурIаным Тэ гъэсэпэтхыдэ зэфэшъхьафхэр цIыфмэ къащыфэтхыыгъэх,ау ахэмэ Iэятэ горэ къызафэпхьыкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм аIо: "Шъо нэкIы фэшъхьаф къэшъуугупшысрэп!"
[30.59] ЗымышIэрэмэ агухэр джаущтэу Алахьым къызэфешIых!
[30.60] ЩэIагъэ зыхэгъэлъ, Алахьым гугъэу къытыгъэр шъыпкъэ, шIэныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм о шъхьэпсынкIэу уарэмылъыт!

Лукъман

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[31.1] Алиф Лам Мим.
[31.2] Мы Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэу тхылъ Iушым дэтхэр
[31.3] ШIу зышIэхэрэмкIэ IэпыIэгъу, шIушIэн
[31.4] Нэмаз зышIыхэрэмкIэ, агу зыгъэкъэбзэрэ сэдакъэ зытыхэрэмкIэ, ахэр ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ фызиIэхэр ары.
[31.5] Ахэр я Тхьэ игъогу занкIэ тетых, мэтхъэжьых.
[31.6] Зыпари шIэныгъэ имыIэу, нэмыкIхэр Алахьым игъогу дигъэхынхэм пае тарихъ джэгуалъэ зыщэфрэ цIыфмэ ахэт, ар джэгуалъэ ешIы. Ахэмэ зыгъэцIыкIухэрэ пщынэжь афыщылъ.
[31.7] Ащ Тэ тиIэятэмэ къыфяджэхэ зыхъукIэ, ахэр зэхимыхыгъэхэм фэдэу, ытхьакIумэхэр дэгухэу, пагэу ыкIыб къегъазэ. Хьазаб пщыныжьыкIэ ар гъэгушIо!
[31.8] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм джэнэт гуIэтыпIэхэр апай.
[31.9] Алахьым шъыпкъэкIэ къызэригъэгугъагъэхэу егъашIэм щыпсэунхэу. Ар ин дэд, Iуш!
[31.10] Шъо зэрэшъулъэгъоу, кIэгъэкъонхэр имыIэхэу Ащ уашъор къыгъэшIыгъ: Къыжъудэмысысыным пае чIыгум къушъхьэ пытэхэр къытыригъэуцуагъэх, сыд фэдэ псэушъхьэхэри ащ къытырипхъагъэх. Тэ псыр уашъом къедгъэхыгъ, сыдым щыщи тIурытIу дахэу къэдгъэхъугъ.
[31.11] Ар Алахьым иIэшIагъ. Ащ фэшъхьафмэ ашIыгъэр Сэ къысэжъугъэлъэгъу. Шъыпкъагъэ зимыIэхэр гъэнэфагъэу гъощагъэх!
[31.12] Тэ зэгорэм Лукъман Iушыгъэ къеттыгъагъ: "Алахьым разэ фэхъу! Разэ хъурэр ежь ыпсэ ифедэкIэ разэ, ау гунахьыбэ зышIагъэр. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр бай, щытхъушхо пылъ!"
[31.13] Мары, ыкъо еушъыизэ, Лукъман риIуагъ: "О сикIал! Алахьым имыфэшъуашэхэр гомыгъэуцох: тхьабэ пшIошъ хъуныр зэфэнчъэгъэ ин дэд".
[31.14] Янэ-ятэхэм афэгъэхьыгъэу Тэ цIыфым унашъо фэтшIыгъ. Ным ар ыныбэкIоцI илъэу къырихьакIзэ, къарыунчъагъэм ыкIыIу къарыунчъагъэ тетэу ещыIэ, ар илъэситIум ыуж ыбгъэ пегъэгъукIыжьы. Сэ разэ къысфэхъу, уянэ уятэхэри ары. ЗэкIэми Сэ садэжь къагъэзэжьыщт.
[31.15] О зыпари шIэныгъэ зыфыуимыIэр Сэ къызгуагъэуцонэу ахэр уауж къызихьэхэкIэ, уафэмыIорышI. Ахэмэ о шIукIэ мы дунаим щырягъус, Сэ зыкъысфэзгъэзагъэмэ ягъогу

рыкIу. ЕтIанэ шъо Сэ садэжь къэшъугъэзэжьыщт, шъушIэщтыгъэхэр Сэ къышъосIожьыщтых.
[31.16] "О сикIал! Бэтэргъэным фэдиз ионтэгъуагъэу мы дунаим зыгорэ тетэу, къушъхьэ мыжъом, е уашъом, е чIыгум ар ащыIэми, Алахьым ар къыхигъэкIыщт. Алахьыр Iуш, ешIэ!
[31.17] О сикIал! Нэмаз шIы, шIум фэгъасэх, хэбзэнчъэр афэмыд. Насыпынчъагъэ къызыпфакIорэм, щэIагъэ зыхэгъэлъ, ар пытагъэ пхэлъыным щыщ.
[31.18] ЦIыфмэ фэмылъэгъуныгъэ афэпшIэу унэгу къуанчэу ремыщэкI, пагэу чIыгум урымыкIу. Сыд фэдэ пагэри, шъхьащытхъужьри Алахьым шIу ылъэгъурэп!
[31.19] УикIуакIэ шъырытэу щэрэт, умакъэ гъэшъхъы. макъэмэ ащыщэу зэкIэмэ анахь гуштэгъуаджэр, Iо хэлъэп, щыдым ымакъ".
[31.20] Шъо шъулъэгъугъэба уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым къызэрэшъуфигъэIорышIагъэр? Ежь ишIуагъэхэр къышъолыекIхэу чIыгум ыкIыIу телъри ычIэгъ чIэлъри Ащ къышъуеты. Зыпари шIэныгъэ имыIэу, пэщэныгъи ымышIэу, гъэсэныгъэ зыхэпхырэ тхыгъэр имыIэу Алахьым пае нэкъуакъорэ цIыфмэ ахэт.
[31.21] Ахэмэ зараIокIэ: "Шъо Алахьым къышъуфыригъэхыгъэм шъулъыкIу, Ахэмэ аIо: "Хьау, тэ тятэхэм ятлъэгъулIагъэм тырыкIощт". Джэхьнэм машIоми хищэнхэу шэйтаныр къяджэщтыгъэмэ,ахэр аущтэу зекIонхэя?
[31.22] Зынэгу Алахьым фэзгъэзагъэу шIу зышIэрэм зыщыгугъын IэубытыпIэ пытэ ыубытыгъ. Алахьым дэжь зэкIэми кIэух ащыфэхъу!
[31.23] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэм ишIошъмыхъуныгъэ уерэмыгъэнэшхъэй. Тэ тадэжь ахэмэ къагъэзэжьыщт, Тэ ахэмэ ашIагъэхэр къятIожьыщтых. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, гум илъыр Алахьым ешIэ!
[31.24] Ахэмэ Тэ мыбэу тхъагъо ядгъэгъотыщт, етIанэ егъэзыгъэкIэ хьазаб къин ядгъэлъэгъущт.
[31.25] Ау ахэмэ узяупчIыкIэ: "Уашъомрэ чIыгумрэ хэта къэзгъэшIыгъэр?", Iо хэмылъэу, ахэмэ аIощт: "Алахьыр ары". ЯIу: "Алахьым щытхъур ыдэжь!" Ау ахэмэ анахьыбэм ар ашIэрэп!
[31.26] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым ыIэ илъ. Алахьыр бай, щытхъушхом ищытхъужь пылъ!
[31.27] ЗэкIэ чIыгум тет чъыгхэр зэрэтхэхэрэ къамзый хъугъагъэхэми, ащ ыуж мы хыр мэрчэп хибл хъугъагъэми, ащыгъуми Алахьым игущыIэхэр зэкIэ кIэтхыкIыжьыгъэхэ хъущтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр лъэш, Iуш!
[31.28] Шъо шъукъигъэхъунри шъукъигъэхъужьынри зы цIыф къыгъэхъуным фэд. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зэхехы, елъэгъу!
[31.29] О плъэгъугъэба Алахьым чэщыр мафэм ыкIоцI, чэщым ыкIоцI мафэр зэрэщигъэбылъырэр, тыгъэри мазэри къызэрэзыфигъэIорышIагъэхэр, адырэри мыдырэри гъунэпкъэ гъэнэфагъэм нэс макIох, шъо шъушIэрэр Алахьым ымышIэуи?
[31.30] Ар аущтэу зыкIэхъурэр Алахьыр шъыпкъэу щыIэшъ ары, ау Ащ фэшъхьафэу шъузэлъэIухэрэр пцIы. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр лъагэ, ин дэд.
[31.31] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр къышъуагъэлъэгъунхэм пае Ащ ишIушIэкIэ хым къухьэхэр зэрэтетхэр плъэгъугъэба? Шъыпкъэ дэдэмкIэ, щэIагъэ зиIэмкIэ, разэмкIэ ащ щысэтехыпIэ хэлъ!
[31.32] Техъоным фэдэу ахэр хыорым зычIиухъумэхэкIэ, агу етыгъэу фэлэжьэнхэу агъэгугъэзэ, Алахьым елъэIух, ау гъушъапIэм Ащ къызтыригъэхьажьхэкIэ, ащыщ горэхэр

теубытагъэ ямыIэу къэнэжьых. Тэ тиIэятэхэр щызгъэзыехэрэр бзэджашIэхэр, рэзэнчъэхэр арых!
[31.33] О цIыфхэр! Шъуи Тхьэ шъуфэшъыпкъ, тым икIалэхэр сыд фэдизкIи ыгъэрэзэнхэ, кIалэмэ ятэ агъэрэзэн зыщамылъэкIыщт мафэм шъущыщын. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къызэригъэгугъагъэхэр шъыпкъэ, гъашIэу шъузхэтым шъудерэмыхьых, нэцIэбгагъэм Алахьым фэгъэхьыгъэу сыд лIэужыгъокIи шъудерэмыхьых.
[31.34] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сыхьатыр къызысыщтыр Алахьым ешIэ. Ащ ощх лъэшыр къырегъэщхы, ныбэмэ арылъыр ешIэ, ау зы псэ закъуи къыгъэхъэщтыр ышIэрэп, зы псэ закъуи ар чIыгоу зыщылIэжьыщтым щыгъуазэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, шIэныгъошхэ иI.

Алсэдждэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[32.1] Алиф Лам Мим.
[32.2] Тхылъэу къырагъэхыгъэу щэч зыхэмылъыр зэрэдунае и Тхьэ дэжь къекIы.
[32.3] Е ахэмэ аIощта: "Ар ащ къыугупшысыгъ!" Ар шъыпкъэ,уи Тхьэ дэжь къекIы, уапэкIэ ушэтынхэр къызфэмыкIогъэ лъэпкъым о уушэтынхэм пае уакъыфэдгъэкIуагъ, ахэр гъогу занкIэ рыкIонхэкIи мэхъу!
[32.4] Алахьыр ары уашъори чIыгури, ахэмэ азфагу илъыри мэфихым къыкIоцI къэзгъэшIыгъэр, етIанэ ащ дунэе лъэгапIэм зыщигъэпытагъ. Ащ фэшъхьаф шъукъэзыухъумэни гъуси шъо шъуиIэп, Шъо ащ шъуегупшысэнба?
[32.5] Ащ зэкIэ уашъом къырегъэхышъ, чIыгум къыфегъакIо, етIанэ ар мафэ горэм Ащ дэжь дэкIоежьы, а мафэу шъо илъэс мин шъущыхьурэр АлахьымкIэ зы мафэ.
[32.6] Ар джащ фэд: Шъэфыри нафэри ешIэ, щытхъушхо пылъ, гукIэгъу хэлъ,
[32.7] ЗэкIэ шIагъоу къэзгъэшIыгъэр, етIанэ цIыфыр ятIэм хэзышIыкIыгъэр,
[32.8] ЕтIанэ ащ къытекIыщтыр хъопсащэм, псы гъоткIо мэкIэ дэдэм къыхигъэкIыгъ,
[32.9] ЕтIанэ ар занкIэ къышIыгъ, Ежь ыпсэ щыщ ащ къыхипщагъ, шъо тхьакIумэхэр, нэхэр, гур къышъуфишIыгъ. Шъо макIэ шъузэрыразэрэр?
[32.10] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ чIыгум тычIаухъумэжьмэ, нэмыкIыпсэ тиIэу тыкъэхъужьынэуи?". Я Тхьэ зэрэIукIэжьыщтхэр ахэмэ ашIошъ хъурэп!
[32.11] ЯIу: "ЛIэныгъэм имэлаIичэу къышъулъыплъэнэу къышъупагъэуцуагъэм шъузэригъэлIэщтыр шъыпкъэ, джащыгъум шъуи Тхьэ дэжь шъуагъэгъэзэжьыщт".
[32.12] Ахэмэ я Тхьэ ыпашъхьэ а бзэджашIэмэ ашъхьэхэр зэрэщырауфэхыщтхэр о плъэгъугъэмэ!" Ярэби я Алахь, тэ тлъэгъугъэ, зэхэтхыгъэ, тэ чIыгум тэгъэгъэзэжь, тэ шIу тшIэщт, джы ар зэрэшъыпкъэр тшIошъ хъугъэ".
[32.13] Тэ тшIоигъуагъэмэ, Тэ псэ пэпчъ гъогу занкIэ еттыни, ау Сэ сигущыIэ пыупкIыгъ: "Джэхьнэмыр джынэхэмкIи, цIыфхэмкIи, зэпстэухэмкIи изы сшIыщтых!"
[32.14] ШъуимафэшъузэрэIукIэжьыщтыр зэрэшъущыгъупшагъэм пае шъущэчы! Тэри шъутщыгъупшагъ, нахьыпэкIэ шъушIэщтыгъэм пае егъэшIэрэ хьазабым шъухэт!
[32.15] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр зышIошъ хъухэрэр, агу къызагъэкIыжьыкIэ чIыгум натIэкIэ зезыдзыхызэ шъхьащэ зышIыхэрэр, я Тхьэ щытхъу фэзыIохэрэр зызымыгъэинхэрэр арых.
[32.16] Ахэр пIэм къызыхэкIхэкIэ, щыщынэхэу, щыгугъыхэу я Тхьэ елъэIух. Тэ ахэмэ ядгъэгъотыгъэм щыщ тынхэр ахэмэ ашIэх.
[32.17] Ахэмэ ашIэщтыгъэм пае шIухьафтынэу нэхэр зыгъатхъэрэм щыщэу ахэмэ апае гъэбылъыгъэр зы псэ закъуи ышIэрэп.

[32.18] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэр щыкIыгъэм фэдэнэуи? Ахэр зэфэдэхэп!
[32.19] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм ашIэщтыгъэм пае джэнэт унэхэр псэупIэ афэхъущтых.
[32.20] Хэбзэнчъэ зышIэщтыгъэхэм япсэупIэщтыр машIор ары. Ахэр ащ къыхэкIхэ ашIоигъо пэпчъ, арагъэгъэзэжьызэ ашIыщт, ахэмэ араIощт: "Шъо нахьыпэм пцIыкIэ шъулъытэщтыгъэ машIом хьазабкIэ шъущытхъэжь!"
[32.21] Пщынэжь ин дэдэхэр ятымыгъэшIыхэу, Тэ ахэмэ пщынэжь псынкIэ горэхэр ядгъэушэтыщтых, ахэмэ къагъэзэжьынкIи мэхъу!
[32.22] Ежь и Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр ыгу къэзгъэкIыжьыгъэу, ахэмэ ыкIыб афэзгъэзагъэм нахь мызафэ хэт хъужьына? ПсэкIодшIэгъабэ зиIэхэм зэрафэтымыгъэгъущтым Тэ тылъэхъу!
[32.23] Тэ зэгорэм Мосэ тхыгъэр къеттыгъ, ар Алахьым зэрэIукIэжьыщтымкIэ угу джэнджэш къимыгъахь! Исраил ыкъохэр ащ рыгъозэнхэу тшIыгъэ.
[32.24] Тэ ахэмэ ащыщхэр дин пащэ тшIыгъэх. Ахэмэ щэIагъэ зэряIэм,Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм шIошъхъуныгъэ зэрафыряIэм пае, Тэ тиунашъокIэ ахэмэ пэщэныгъэ зэрахьэ.
[32.25] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, къаймэт мафэм уи Тхьэ къызэхифыщт ахэмэ азфагу зэмызэгъыныгъэу илъыгъэр!
[32.26] АхэмкIэ нэрылъэгъуба апэкIэ щыIэгъэ ижъырэ цIыф лъэпкъ пчъагъэу Тэ дгъэкIодыгъэр? Ахэмэ япсэупIагъэхэм ежьхэр арэхьэх. Ащ щысэхэр хэлъых. Ахэмэ зэхахрэба?
[32.27] Ахэмэ алъэгъурэба Тэ псыр къэтэфышъ, чIыгу гъушъэм уц къызэрэтедгъакIэрэр, ащкIэ еутыгъэхэр къэтэгъэкIых. Ар ахэмэ ябылымхэми ежьхэми ашхы. Ахэмэ алъэгъурэба?
[32.28] Ахэмэ аIо: "Шъо къашъуIорэр шъыпкъэмэ, сыдигъуа а унашъор къызыхъущтыр?"
[32.29] ЯIу: "Ар зыщырахъухьащт мафэм джаурмэ ядин федэ къафихьыщтэп, ахэмэ япIалъэ афагъэкIотэщтэп".
[32.30] Ахэмэ апэчыжьэ зышI, еж, ахэри ежэх.

Алахьзаб

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[33.1] О пегъэмбар, Алахьым фэшъыпкъ, джаурхэми шъорышIхэми уафэмыIорышI, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, Iуш!
[33.2] О уи Тхьэ пшIошъ къыгъэхъугъэм рыкIу. Шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[33.3] Алахьыр гугъапIэ шIы, Алахьыр гугъапIэкIэ икъущт!
[33.4] Алахьым цIыфым гуитIу къыкIоцIилъхьагъэп, шъуишъузхэр шъуянэ къышIыгъэхэп, шъупIужьыхэри шъукъо къышIыгъэхэп. ШъуIупэ телъыр шъо шъуигущыI ныIэп, ау Алахьым къыIорэр шъыпкъэ, Ащ гъогу занкIэр къегъэлъагъо.
[33.5] Ахэр ятэ шъыпкъэхэм якIалэхэкIэ шъулъытэх, ар Алахьым ыпашъхьэкIэ нахь зэфагъ. Ахэмэ ятэхэр шъумышIэмэ, ахэмэ шъуидин ит шъукъошхэр, шъуиIахьылхэр ты афэрэхъух. ПсэкIодэу къышъутефэщтыр шъо хэукъоныгъэу шъушIырэр арэп зэлъытыгъэр, гухэлъ фышъуиIэу шъугумэ аушъэфрэр ары нахь. Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[33.6] Ежьхэр зэрэзэпэблэгъэжьхэм нахьи пегъэмбарыр Тхьэр зышIошъ хъурэмэ нахь апэблагъ, ащ ишъхьэгъусэхэр ахэмэ янэх. Iахьылыгъэ зэфызиIэхэр, Алахьым итхылъкIэ,

Тхьэр зышIошъ хъухэрэм, мухьаджырхэм зэрапэблагъэхэм нахьи нахь зэпэблагъэх. Шъуиныбджэгъухэм шIоу афашъушIэрэр ащ хэкIы. Ар тхылъым итхагъ.
[33.7] Тэ пегъэмбарми ори, Нухьи, Ибрахьими, Моси, Мерэм ыкъоу Хьиси, Iогъэ пхъашэ къаIытхыгъ.
[33.8] Къафэшъыпкъэхэр къафэшъыпкъэнхэм кIэдэунхэу, джаурхэм хьэзаб пщыныжь Ащ афигъэхьазырыгъ.
[33.9] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо дзэхэр къызышъутеохэм, Алахьым шIоу къышъуфишIагъэр шъугу къэжъугъэкIыжь, Тэ ахэмэ жьыбгъэр къафидгъэлъыгъ, шъумылъэгъухэрэ дзэхэр къапэдгъэгъокIыгъэх. Шъо шъушIэрэр Алахьым къелъэгъу!
[33.10] Шъо ахэр шъуашъхьагъыкIи шъуачIэгъыкIи къышъутеуагъэх, мары, шъунэхэри кIосагъэх, шъугухэр шъучыишъхьэ къыIугъолъхьэгъагъэх, АлахьымкIэ шъузэгупшысэщтыр шъумышIэу, шъухъугъ.
[33.11] Мыщ Тхьэр зышIошъ хъухэрэр ушэтыгъэ щыхъугъэх, щэчыгъое гукIодыгъо инкIэ агъэщэчэгъагъэх!
[33.12] ШъорышIхэмрэ зыгу уз илъхэмрэ аIощтыгъэ: "Тэ Алахьым, Ащ илIыкIо тыкъызэрагъэгугъагъэр пцIы ныIэп!"
[33.13] Ахэмэ ащыщэу зы куп ыIуагъ: "Ясриб щыпсэухэрэр! Мыщ шъущытыныр къышъопэсыгъэп, жъугъэзэжь! "НэмыкI купыр IукIыжьынэу Iизин къаритынэу пегъэмбарым къелъэIу: "Тиунэхэр IэпыIэгъунчъэх". Ау ахэр IэпыIэгъунчъэхэу щытыгъэхэп. КIаIэжьынэу ахэр фэягъэх ныIэп.
[33.14] Къалэм исыд фэдэрэ лъэныкъокIи пыир ахэмэ къатеогъагъэмэ, пыим езэонхэу хъугъагъэхэмэ ахэмэ лIыгъэ къахэфэныеп, анахьыбэр пыим гохьани.
[33.15] АкIыб къамыгъэзэнэу ахэмэ нахь пасэу Алахьым Iуагъэ фашIыгъагъ. Алахьым Iуагъэу дашIыгъэмкIэ ахэмэ къяупчIыщтых.
[33.16] ЯIу: "Хьадэгъум е шъуаукIыным шъуаIэкIэкIынэу шъочъэмэ, шъузэрэчъэрэм шъо федэ къышъуфихьыщтэп, шъутхъэжьэу бэрэ шъухэтыщтэп".
[33.17] ЯIу: "Е къышъуишIэ шIоигъомэ е гукIэгъу къышъуфишIы шIоигъомэ хэта Алахьым нэмыкIэу шъукъэзыухъумэнэу щыIэр?" Алахьым фэшъхьафэу къэзыухъумэнхи IэпыIэгъу афэхъуни ахэмэ агъотыщтэп!
[33.18] Алахьым ешIэх шъо шъущыщхэу ащ (Мыхьамэт) ыкъошхэр гозыщхэрэр, ахэмэ языIохэрэр: "Тэ тадэжь шъукъакIу!" МакIэ ахэмэ лIыгъэу къызхагъафэрэр,
[33.19] Шъощ пае загъэхьарамзэ. Щынагъо къызыкIокIэ, олъэгъу ахэр къызэрэоплъхэрэр, хьадэгъум ыгъэмэхыгъагъэм фэдэу, ахэмэ анэхэр ечэрэзыхьэх. Щынагъор зытекIыкIэ, абзэгу папцIэхэмкIэ ахэр къыпхэпыджэх, былымыр агощы зыхъукIэ хьарамых. Ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыгъэп, яIофхэр Алахьым пкIэнчъэ ышIыщтых! АлахьымкIэ ар IэшIэх!
[33.20] БзэджэшIэ зэгъусэхэр зэкIэмыкIуагъэхэу ахэмэ къашIошIы, бзэджэщIэ зэгъусэхэр джыри къызыкIохэкIэ, а арабхэм ягъусэхэу шъофым кощырыпсэухэу исынхэм, ащ тэ тиIоф зытетым щыкIэупчIэнхэу ахэр фэештых, ахэр шъуигъусагъэми, макIэ зэрэзэуагъэхэр.
[33.21] Алахьым, ахърэт мафэм щыгугъыхэрэм апае, бэрэ Алахьыр зыгу къэзгъэкIыжьхэрэм апае Алахьым илIыкIо щысэ шIагъо хэлъ.
[33.22] Тхьэр зышIошъ хъурэмэ бзэджэшIэ зэгъусэхэр залъэгъум, аIуагъ: "Ар тэ Алахьым, Ащ илIыкIо тыкъызэрагъэгугъагъэр ары. Алахьым, Ащ илIыкIо шъыпкъагъэ ахэлъ!" Ахэмэ шIошъхъуныгъэу, IорышIагъэу ахэлъыр ащ нахь ин ышIыгъ ныIэп.

[33.23] Алахьым Iуагъэу дашIыгъэм фэшъыпкъэ цIыфхэр Тхьэр зышIошъ хъурэмэ ахэтых. Ахэмэ ащыщхэм зигъашIэ зыухыгъэхэри зымыухыгъэхэри ахэтых. Ахэмэ яIо зэблахъугъэп.
[33.24] Шъыпкъагъэ зиIэхэм яшъыпкъагъэ пае Алахьыр къызыщытэщтым, е фае хъумэ шъорышIхэр ыгъэпщынэщтых, е афигъэгъущт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[33.25] Джаурхэр ыгу зэрэтемыфэщтыгъэхэм пае ахэр Алахьым щигъэзыягъэх, ахэмэ Ащ мылъку аритыгъэп. Тхьэр зышIошъ хъухэрэр заом Алахьым къыщиухъумэщтых: Алахьыр кIочIэшху, пытэ!
[33.26] Тхыгъэр зышIэрэ цIыф лъэпкъым щыщхэу ахэмэ адеIэщтыгъэхэр япытапIэмэ Ащ къадигъэкIыгъэх. Ахэмэ ащыщэу зы купыр шъо шъуукIыгъэ, адырэ купыр шъо гъэрэу шъуубытыгъэ.
[33.27] Ахэмэ ячIыгухэр, япсэупIэхэр, ямылъкухэр, ячIыгоу шъумыгъэцIыкIугъэр Ащ кIэнэу къышъуитыгъ. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[33.28] О пегъэмбар, уишъхьагъусэмэ яIу: "ГъашIэу шъузхэтым, ащ идэхагъэхэм шъуфаемэ, шъукъакIу: Сэ а тхъагъохэр шъозгъэгъотыщтых, шъхьафитныгъэ икъу къышъостынышъ, шъхьафитэу шъустIупщыщт.
[33.29] Ау шъо Алахьымрэ илIыкIорэ ахърэтымрэ шъуфаемэ, шъо шъуащыщэу шIу зышIагъэмэ Алахьым тынышхо къафигъэхьазырыгъ.
[33.30] О пегъэмбарым ишъхьагъусэхэр! Шъуащыщэу бзэджэгъэ гъэнэфагъэ зышIэрэм пщынэжьэу ыхьыщтыр фэдитIукIэ нахьыб. АлахьымкIэ ар IэшIэх!
[33.31] Шъуащыщэу Алахьымрэ илIыкIорэ шъуафэIорышIэмэ, шIу афашъушIэмэ, Тэ фэдитIу тын шъуфэтшIыщт, ащ пае IахьышIу дгъэхьазырыгъэ.
[33.32] О пегъэмбарым ишъхьагъусэхэр! Бзылъфыгъэмэ ащыщ горэмэ шъуфэдэп. Тхьэм ищынагъо шъугу илъмэ, дэхащэу шъумыгущыI, зыгу уз илъхэр къышъомыхъопсэнхэм пае, гущыIэ дэгъукIэ шъугущыI.
[33.33] Шъуиунэмэ шъуарыс, блэкIыгъэ уахътэу зи зыщышъумышIэщтыгъэм шъузэрэзыщытхъужьыщтыгъэм фэдэу нэмыкIмэ апашъхьэ шъуищыгъынхэмкIэ шъузщымытхъужь, нэмаз шъушIы, мылъкум шъугухэр зыгъэкъэбзэрэ сэдакъэ хэжъугъэкI, Алахьым, Ащ илIыкIо шъуафэIорышI. Шъо бзэджагъэр Алахьым шъукIэрихы шIоигъу ныIэп, мы унэм ис унагъом шъо къэбзэ шъыпкъэ, шъуишIы шIоигъу.
[33.34] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм шъуиунэмэ шъущяджэ зыхъукIэ Ащ иIушыгъэ шъугу къэжъугъэкIыжь. Алахьыр шIу, ешIэ!"
[33.35] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, быслъымэн хъулъфыгъэхэм, быслъымэн бзылъфыгъэхэм, Тхьэр зышIошъ хъухэрэ хъулъфыгъэхэм, бзылъфыгъэхэм, ТхьэмкIэ щэIагъэ зиIэхэм, Ар зыгу имыкIхэрэ хъулъфыгъэхэм, бзылъфыгъэхэм, сэдакъэ зытыхэрэ хъулъфыгъэхэм, бзылъфыгъэхэм, нэкIмазэр зыIыгъ хъулъфыгъэхэм, бзылъфыгъэхэм, зинамыс къэзыухъумэжьхэрэ хъулъфыгъэхэм, бзылъфыгъэхэм, Алахьыр бэрэ зыгу къэзгъэкIхэрэм фэгъэгъуныр, тын лъапIэр Алахьым къафигъэхьазырыгъ!
[33.36] Алахьым, Ащ илIыкIо Iоф горэ рихъухьэ зыхъукIэ, Тхьэр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэми бзылъфыгъэми а IофымкIэ ашIэн зыфаIорэм фитхэп, Алахьым, Ащ илIыкIо апэшIуекIорэр нэрылъэгъу гъощакIэкIэ гъощагъэ.
[33.37] Алахьым ынэшIу къызщыфагъэм, о унэшIу зыщыфагъэм "Уишъхьагъусэ зэубытылI, Алахьым щыщын!", Алахьым нафэ къышI шIоигъуагъэр о угу щыуушъэфызэ, цIыфмэ уащыщынэзэ, япIо зэхъум, о зэкIэми анахьэу Алахьым ущыщынэн фэягъэ. Бзылъфыгъэм фэгъэхьыгъэу Зэидэ шIоигъор зегъэцакIэм, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ

апIужьыгъэмэ яшъузхэр къащэнхэр гунахь мыхъуным пае ахэмэ ежьхэр зэрашIоигъоу задэзекIуагъэхэм ыуж Тэ ар о къэодгъэщагъ. Алахьым иунашъо гъэцэкIагъэ хъугъэ!
[33.38] Алахьым унашъо къызэрэфишIыгъэм тетэу пегъэмбарыр зекIуагъэмэ, нахьыпэкIэ щыIагъэхэм апае Алахьым хабзэу ыгъэуцугъэм тефэмэ, пегъэмбарым псэкIод телъэп. Алахьым иIоф пэшIорыгъэшIэу ихъухьэгъахэу щытыгъ.
[33.39] Алахьым къыригъэххэрэр языIожьхэрэмкIэ, щыщынэхэрэмкIэ, Алахьым фэшъхьафэу хэти щымыщынэхэрэмкIэ Алахьыр зэкIэмэ анахь узщыгугъын ухъумакIоу щыт!
[33.40] Шъо шъуихъулъфыгъэмэ ащыщ горэм Мыхьамэт ятагъэп, ау ар Алахьым илIыкIу ныIэп, пегъэмбархэм ятамыгъ. Алахьым зэкIэ ешIэ!
[33.41] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьыр бэрэ шъугу къэжъугъэкIыжь,
[33.42] Пчэдыжьри пчыхьэри Ащ ищытхъу шъуIо!
[33.43] ШIункIхэм шъукъыхищыни, нэфынэм шъукъыхищэным пае шъуиморад къыжъудэзгъэхъунэу зышIэрэр Алахьыр ары, Ащ имэлэIичхэр ары. Алахьыр ары гукIэгъу къышъуфэзышIырэр, ащ имэлаIичхэри къышъуфэзгъэлъаIорэр. Тхьэр зышIошъ хъурэмэ афэгукIэгъушI!
[33.44] Ахэр Ащ зыщыIукIэщтхэ мафэм сэлам къарихыщт: "Мамыр" Ахэмэ Ащ тын дэгъу къафигъэхьазырыгъ.
[33.45] О пегъэмбар, ушыхьатэу, агурыбгъэIонэу, гу лъябгъэтэнэу Тэ удгъэкIуагъ.
[33.46] Алахьым иIоф фэпщэнхэм, дин шIэныгъэ язгъэгъотрэ остыгъэ нэф уафэхъуным Ащ иIизын хэлъ.
[33.47] Алахьым ыцIэкIэ шIушIэн ин дэдэхэр зэрафыщылъымкIэ Тхьэр зышIошъ хъухэрэр гъэгушIох!
[33.48] Джаурхэм, шъорышIхэм уафэмыIорышI, ахэмкIэ шъхьакIо умышIы, Алахьыр гугъапIэ шIы! Алахьыр гугъапIэкIэ икъущт.
[33.49] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Тхьэр зышIошъ хъухэрэр къызышъущэхэу, етIанэ ахэмэ шъуанэсыным ыпэкIэ зышъутIупщыжьхэкIэ, пIалъэу шъулъытэрэм нэс ижъугъэсынхэу ищыкIагъэп, тынхэр афашъушIи, цIыфыгъэ хэлъэу ижъугъэкIыжьых.
[33.50] О пегъэмбар! Нэчыхьэ зэптыгъэхэр шъхьагъусэ къыпфэхъунхэу Тэ фит утшIыгъ, Алахьым къонтхъэу къыуитыгъэм щыщэу пIэ къихьэгъэ бзылъфыгъэ гъэрхэри ары. Уятэшымэ, уятэшыпхъумэ апхъухэр, уянэшмэ, уянэшыпхъумэ апхъухэр, уигъусэхэу мыщ къэкощыжьыгъэхэр (Меккэм къикIхи, Мэдинэ къэкIожьыгъэхэр), хэтрэ бзылъфыгъэу Тхьэр зышIошъ хъурэр пегъэмбарым Iэрылъхьэ зыфишIымэ, пегъэмбарым ар къыщэнэу хъумэ, уихэхыгъэ фитныгъ нахь, зэкIэ Тхьэр зышIошъ хъурэмэ апаеп. О псэкIод птемылъыным пае ахэмэ яшъхьагъусэхэм, аIэ къихьэгъэ бзылъфыгъэ гъэрхэм афэгъэхьыгъэу Тэ хабзэу афэдгъэуцугъэр Тэ тэшIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[33.51] Ахэмэ ащыщэу узыфаер птIупщыжьын уфит, пшIоигъор шъхьэгъусэу пштэн уфит, птIупщыжьыгъэмэ ащыщэу узыфаер къыппэблагъэ пшIыжьын уфит. АщкIэ о псэкIод къыптефэщтэп. Ахэмэ анэмэ жьы акIэуным пае ар нахь къекIу, ахэр орэмынэшхъэих, ахэмэ яптырэмкIэ ахэр разэ пфэрэхъух. Шъугу илъхэр Алахьым ешIэ. Алахьым ешIэ, шъабэ!
[33.52] Ащ ыуж бзылъфыгъэмэ ядэхагъэ лъэшэу угу рехьыми, о пIэ къихьэрэ бзылъфыгъэ гъэрхэр хэмытхэу, ащ нахьыбэрэ шъуз къэпщэн, уиIэхэр нэмыкI шъхьэгъусэхэмкIэ зэблэпхъун уфитэп. Алахьым зэкIэ инэплъэгъу ит!

[33.53] О шIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышIығъэхэр! Шъо Iанэм шъурамығъэблэгъагъэу, ар
зыщыхьазырым къышъомыжэхэмэ, пегъэмбарым иунэхэм шъуарымыхь. Ау
къызышъуаджэхэкIэ, шъуихь, шъузышхахэкIэ, ныбджэгъу гущыIэм шъухэмыхьажьэу
шъузэхэкIыжь. Ащ пегъэмбарыр егъэгумэкIы. Ар къышъуиIонкIэ пегъэмбарыр мэукIытэ,
ау шъыпкъэр къышъуиIонкIэ Алахьыр укIытэрэп. Ахэмэ шъо шыкъу горэм пае
шъузялъэIукIэ, пэIухъо горэм ыкIыб шъудэтэу шъуялъэIу. Ар шъугухэмкIи ахэмэ
агухэмкIи нахь къабз. Алахьым илIыкIо жъугъэгумэкIыныр къекIурэп, ащ ишъузыгъэхэр
къэшъумыщэжьых. Алахьым ыпашъхьэкIэ ар Iофышху.
[33.54] Шъо зыгорэ нафэу е шъэфэу шъошIэмэ, зэкIэ Алахьым ешIэ.
[33.55] Ятэхэм, якIалэхэм, ашыхэм, ашымэ акъохэм, ашыпхъухэм акъохэм, ахэмэ
яшъузхэм, ягъэрхэм апашъхьэ ахэр мыухъумагъэхэу ихьанхэм псэкIод хэлъэп. Алахьым
шъущыщын, Ащ зэкIэ къелъэгъу!
[33.56] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым, Ащ имэлаIичхэм пегъэмбарым иморад къыдэхъунэу
раIуалIэ. О шIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышIығъэхэр! Ащ иморад къыдэхъунэу ешъуIуалI,
ащ мамыр иIэнэу шъушIоигъоу, мамыр шIуфэс ешъух.
[33.57] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым, Ащ илIыкIо шъхьакIо языхыхэрэм гъашIэу
зыхэтхэми ахърэтми бгыбзэ Алахьым ащырихыгъ, ахэр зыгъэцIыкIухэрэм пщынэжь
къафигъэхьазырыгъ.
[33.58] Тхьэр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэм, бзылъфыгъэхэм ямыфэшъуашэу шъхьакIо
языхрэм пцIы зытыралъхьажьы, псэкIод гъэнэфагъэ ашIэ.
[33.59] О пегъэмбар! Уишъхьагъусэхэм, ппхъухэм, Тхьэр зышIошъ хъухэрэм яшъузхэм
яIу: "Ахэмэ атехъуагъэхэр нахь благъэу къызэрарэщэкIых, аущтэу ашIымэ, ахэр
къашIэжьыщтхэп, шъхьакIо къарахыщтэп". Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[33.60] ШъорышIыхэу, зыгу уз илъхэу, къэбар нэпцIыхэр Мэдинэ щызытIупщыхэрэр
зымыуцухэкIэ, Тэ ахэмэ уафэдгъэблыщт, Алахьыр ябгыгъэ хъунхэшъ, уигъунэгъухэу бэрэ
псэущтхэп,
[33.61] Тыдэ ахэмэ ащыIукIагъэхэми, нахьыпэкIэ щыIагъэхэм афэгъэхьыгъэу Алахьым
унашъоу ышIыгъагъэм тефэу, утынкIэ нэбгырэ пэпчъ аукIыщт,
[33.62] НахьыпэкIэ щыIагъэхэм афэгъэхьыгъэу Алахьым унашъоу ышIыгъагъэм тефэу.
Алахьым иунашъо зэхъокIыныгъэ о хэбгъотэщтэп!
[33.63] СыхьатымкIэ цIыфхэр о къыоупчIых. ЯIу: "Ар зышIэрэр Алахьыр ары". Ар о хэта
озгъэшIэщтыр? А сыхьатыр къэблэгъэхэнкIи мэхъу.
[33.64] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр джаурмэ ябгыгъ, джэхьнэм мэшIотхъуабзэ
къафигъэхьазырыгъ.
[33.65] Ахэр егъашIэм ащ хэтыщтых! Агъотыщтэп ахэмэ ухъумакIуи IэпыIэгъуи.
[33.66] А мафэу ахэмэ анэгухэр машIом зыфагъазэхэкIэ, аIощт: "Тэ Алахьым
тыфэIорышIэщтыгъэмэ, лIыкIом тыфэIорышIэщтыгъэмэ!"
[33.67] Ахэмэ аIуагъ: "Ярэби я Алахь, тетыгъор зыIыгъхэм, лъэкI зиIэ байхэм тэ
тафэIорышIагъ, ахэмэ гъогум тыдагъэхыгъ!
[33.68] Ярэби я Алахь, ахэмэ афэдитIу пщыныжь ят, бгыбзэ ин дэди ях!"
[33.69] О шIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышIығъэхэр! Мосэ ыгу хэзгъэкIыщтыгъэмэ афэдэ
шъумыхъу! Ахэмэ аIощтыгъэм иIоф хэмылъэу ар ышIыгъ, ар Алахьым ылъытэщтыгъ.
[33.70] О шIошъхъунығъэ шъыпкъэ зышIығъэхэр! Алахьым шъущыщт, гущыIэ зафэхэр
шъуIох.

[33.71] Шъо шъуиIофхэр Ащ къызэригъэфэщтых, гунахьшIагъэу шъуиIэхэр къышъуфигъэгъущтых. Алахьым, Ащ илIыкIо афэIорышIэрэр тхъэгъо ин дэдэкIэ тхъэжьыщт.
[33.72] Уашъом, чIыгум, къушъхьэхэм Тэ диныр шэсэу яттыгъ, ау ахэмэ ар аштагъэп, щыщынагъэх, цIыфым ар ыштагъ, сыда пIомэ имышIэныгъэкIэ ащ лые зэрихыжьыгъ, зышъхьэригъэхыгъ.
[33.73] ШъорышI хъулъфыгъэхэр, бзылъфыгъэхэр, тхьабэ зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэр, бзылъфыгъэхэр Алахьым ыгъэпщынэщтых, ау Тхьэр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ шIу къяхъулIэмэ шIоигъоу Алахьыр къазэрадэзекIорэр алъэгъущт. Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!

СэбэI

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[34.1] Уашъом щыIи чIыгум щыIи зыIэ илъэу Алахьым щытхъур ыдэжь. КъэкIощт гъашIэми Ащ щытхъур ыдэжь. Ар Iуш, ешIэ!
[34.2] ЧIыгум хахьэри ащ къыхэкIри, уашъом къехри ащ дэкIуаери Ащ ешIэ. Ар гукIэгъушI, къыпфегъэгъу!
[34.3] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм аIо: "Тэ аджалыр къытфэкIощтэп!" ЯIу: "Си Тхьэу шъэфыр зышIэрэмкIэ тхьэ сэIо, ар шъо къышъуфэкIощт", уашъоми чIыгуми сэпацэм фэдиз Ащ шъэфы ащыфэхъущтэп, зэхэугуфыкIыгъэ тхылъым имытэу, ащ нахь цIыкIуи нахь ини щыIэп.
[34.4] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, шIу зышIэщтыгъэхэм Ащ тын къафишIызэ, къафегъэгъу, хьалэл Iахь къареты.
[34.5] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм акIуачIэ къыщагъэкIэным пае егугъухэрэмэ, гугъу уезгъахьырэмэ хьазаб пщынэжь афыщылъ.
[34.6] ШIэныгъэ къызэратыгъэхэм алъэгъу о уи Тхьэ дэжь къикIэу къыпфырагъэхыгъэр шъыпкъэу зэрэщытыр, щытхъушхо зыпылъым игъогу ин дэдэу узэрэфищэрэр.
[34.7] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм аIо: "Зыпари къышъухэмынэжьэу шъузыкIодыпэкIэ, икIэрыкIэу шъукъэхъужьынэу къышъозыIорэ цIыфыр къышъотэрэгъэлъэгъуа?
[34.8] Алахьым ащ имыхьакъ тырелъхьа е ышъэ икIыгъа?" Ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ фызимыIэхэр хьазаб хэтых, гъунэм нэсэу гъощагъэх!
[34.9] Е ахэмэ апэкIэ щыIэри, аужкIэ щыIэри, уашъом, чIыгум ащыIэри сыда зыкIэмылъэгъурэр? Тэ тыфае хъумэ, ахэр чIыгум едгъэдырынхэ тлъэкIын е къутафэхэр уашъом къедгъэфэхыни, къатедгъэфэн. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэм иIумэтэу, кIэгъожьыгъэу Ащ хэтми зыфэзгъазэрэмкIэ ар щысэтехыпIэу щыт.
[34.10] Зэгорэм Тэ Даутэ фэхъугъэ иIэу тшIыгъэ: "Къушъхьэхэри бзыухэри, ащ шъуригъусэу Сэ сищытхъу шъуIо!" Тэ ащ гъучIыр нахь шъабэ фэтшIыгъ:
[34.11] "Ашъо джанэхэр шIы, хъурджанэхэр ащ щызэрэзэпыпшIэхэрэр зэпэщэч, шIу шъушIэ, шъо шъушIэрэр Сэ къэсэлъэгъу!"
[34.12] Сулейман жьыбгъэр фэдгъэIорышIагъ, ащ ипчэдыжь гъогу мазэ, ащ ипчыхьэ гъогу мазэ. Гъоплъэ ткIугъэр псынэкIэчъэу къыфыкIэчъынэу Тэ тшIыгъэ. Ащ и Тхьэ иунашъокIэ джынэмэ ащыщхэм ащ ыпашъхьэ Iоф щашIэ, ахэмэ ащыщэу Тэ тиунашъо зыщызыдзыерэм машIокIэ пщынэжь зэхишIэнэу Тэ еттыщт.

[34.13] Ар зыфаер ахэмэ фашIыщтыгъэ: Унэ зэхэтхэр, мыжъо сурэтхэр, псыубытIыпIэм фэдэ Iэгубжъэ инхэр, къушъхьэмэ афэдэу щыт щыуанхэр. Даутэ илъэпкъ, рэзэныгъэ шъушIы! Ау сэ сиIумэтмэ ащыщ мыбэмэ рэзэныгъэ ахэлъ!
[34.14] ЛIэныгъэр Тэ ащ зытетэлъхьэм, илIэныгъэ къэзгъэлъэгъуагъэр ибэщыпэ пызыхъукIыгъэ чIылъэ хьэцIэ=пIацIэр ары ныIэп: Ар зытефэм, зэрэлIагъэр джынэмэ нафэ къафэхъугъ. А шъэфыр нахь пасэу ахэмэ ашIэгъагъэмэ, зыгъэпыутхэрэ Iофым къыIунэнхэеп.
[34.15] СэбэI щыпсэухэрэм япсэупIэхэр зэгорэм щысэтехыпIэхэу щытыгъэх, джабгъумкIи сэмэгумкIи хэтэ гъэкIэрэкIэгъитIу яIагъ, шъуи Тхьэ къышъуитыгъэм щыщ шъушхы, Ащ чылэшIу къызэрэшъуитыгъэмкIэ, Тхьэ гукIэгъушIэ зэрэшъуиIэмкIэ шыкур фэшъушI.
[34.16] Ау ахэр зыдэхыхэм, Iэрим псыхъо къиугъэр ахэмэ афэдгъэкIуагъ, ахэмэ яхэтитIу пхъэшъхьэ мышъхьэ дыджхэр къызпыкIэхэрэ хэтитIукIэ, псыгуIэнэ жъгъэйхэмкIэ зэблэтхъугъ.
[34.17] ШIошъхъуныгъэ зэрямыIагъэм пае Тэ ахэмэ джаущтэу тятагъ! Джаурхэр ары ныIэп Тэ джаущтэу тызатэрэр!
[34.18] Ахэмэ азфагу яморад къадэхъунэу Тэ тшIыгъэ, къуаджэмэ азфагу Тэ къоджэ шIагъохэр къыдэдгъэтэджагъэх, гъогу афэтшIыгъ: "Щынагъо шъухэмытэу ащ чэщыкIи мафэкIи шъущызекIу!"
[34.19] Ахэмэ аIуагъ: "Ярэби я Алахь, тэ тызщызекIорэм гъогоу илъыр нахь ин къытфэшI! ахэмэ шъхьакIо зэрахыжьыгъ. Ахэр Тэ къэбар тшIыгъэх, Тэ ахэр хэгъэгу зэфэшъхьафхэм арыттакъохи, иттэкъухьагъэх. Хэтми щэIагъэ зиIэмкIэ, разэмкIэ ар щысэтехыпIэу щыт!
[34.20] Иблыс игупшысэ шъыпкъэкIэ ахэмэ аригъэштагъ, ахэр, Алахьыр зышIошъ хъурэ мыбэмэ афэшъхьаф, ащ ыуж рыкIуагъэх.
[34.21] Ахэмэ ащ лъэкI зыкIафыриIэгъэ закъор ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ фызиIэхэр ащ ахэтшIыкIынхэм пай. Уи Тхьэ сыд фэдэри къеухъумэ!
[34.22] ЯIу: "Алахьым фэшъхьафэу шъо къэшъуугупшысыгъэмэ шъуялъэIу! Уашъоми чIыгуми сэпацэм ыщэчырэм фэдиз ахэмэ лъэкI ащыряIэп, ахэмэ ягъэпсын Алахьым игъусэхэу ахэр хэлэжьагъэхэп, Ащ IэпыIэгъу фэхъун ахэмэ ахэтэп.
[34.23] Ащ фит ышIыхэрэм афэшъхьаф, Ащ ыпашъхьэ гъусагъэм ишIуагъэ къыщыкIощтэп. Ахэмэ агу щынагъор зикIыжькIэ, ахэмэ аIощт: "Шъуи Тхьэ сыд ыIуагъэр?" Адырэмэ аIощт: "Шъыпкъэр ары, Ар лъагэ, ин дэд!"
[34.24] ЯIу: "Шъузфаер уашъоми чIыгуми къахэкIэу хэта шъозгъэгъотрэр?" ЯIу: "Алахьыр ары". Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэри шъори е гъогу занкIэм тытет, е гъэнэфагъэу тыгъощагъ!
[34.25] ЯIу: "Тэ псэкIодшIагъэу тиIэхэмкIэ шъо къышъоупчIыщтхэп, шъо шъушIэрэмкIэ тэри къытэупчIыщтхэп".
[34.26] ЯIу: "Тэ ти Тхьэ тызэIуигъэкIэжьыщт, етIанэ хьакъым тетэу тыкъызэхифыщт. Ащ хэшIыкIышхо фыриIэу Iофыр зэхефы, ешIэ!"
[34.27] ЯIу: "Ащ гожъугъэуцуагъэхэр сэ къысэжъугъэлъэгъух!" Ахэр щыIэхэп: а зыр ары ныIэп Алахьэ лъэшэу, Iушэу щыIэр!
[34.28] ЗэкIэ цIыфхэм мэкъэгъэIоу, гъэдэIокIо ушъыякIоу Тэ уафэдгъэкIуагъ ныIэп, ау ахэмэ анахьыбэ цIыфмэ ар ашIэрэп.
[34.29] Ахэмэ аIо: "Шъо шъыпкъэ къэшъоIомэ, а тыкъызэрэжъугъэгугъагъэр сыдигъуа къызыхъущтыр?"
[34.30] ЯIу: "Шъощ пае сыхьатыр гъэнэфэгъахэ: шъо ар зы сыхьаткIи жъугъэпсынкIэни лъыжъугъэкIотэни шъулъэкIыщтэп.

[34.31] ШIошъхъуныгъэ зимыIагъэхэм аIуагъ: "Мы КъурIаными ащ ыпэкIэ къырагъэхыгъэми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшIыщтэп!" Шъыпкъагъэ зимыIэхэр я Тхьэ ыпашъхьэ рагъэуцуагъэхэу о плъэгъугъэмэ! Ахэмэ гущыIэхэр зэтыралъхьажьхэу, зэрэгъэмысэжьхэу рагъажьэ. Хъыбэеу щытыгъэхэм зыхэзыIэтыкIыщтыгъэхэм араIо: "Шъоры мыхъугъэмэ, тэ диныр тшIошъ хъоу тыщытыщтыгъэ!"
[34.32] ЗыхэзыIэтыкIыщтыгъэхэм хъыбэеу щытыгъэхэм араIо: "Гъогу занкIэр къызышъуфэкIогъахэм ыуж, тэ ащ шъудэдгъэхыгъа? Хьау, шъо псэкIодышIэхэу шъущытыгъ!"
[34.33] Хъыбэеу щытыгъэхэм зыхэзыIэтыкIыщтыгъэхэм араIуагъ: "Ары! Чэщыми мафэми тхьагъэпцIыгъэу ахэлъыгъэр Алахьыр тэ тшIошъ мыхъунэу, Ащ яхьщырхэр тшIынхэу шъо унашъо къызэрэтфэшъушIыщтыгъэр ары!" Хьазабыр залъэгъукIэ, ахэмэ джаущтэу зэрэкIэгъожьхэрэр къагъэлъэгъощт. Джаурмэ апшъэ Тэ пшъэхъухэр арытлъхьащт, ащ фэдэ тын ахэмэ зыкIаратыщтыр ашIагъэм паеба?
[34.34] Сыд фэдэ ушъыекIо гъэдэIуакIо сыд фэдэ къуаджэ дгъэкIуагъэми, насып щыIакIэм зэригъэкIокIыгъэхэу ахэмэ адэсхэм аIощтыгъэ: "Шъо шъукъызфагъэкIуагъэр тэ тшIошъ хъурэп!"
[34.35] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ мылъкукIи кIалэхэмкIи тыбай. Пщынэныр зифэшъуашэхэм тащыщэп".
[34.36] ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ си Тхьэ зыфаем ищыкIагъэр е къелыекIэу къыреты, е фикъущтым фэдизэу, ау цIыфмэ ащыщыбэмэ ар ашIэрэп.
[34.37] Шъо шъуимылъкуи шъо шъуикIалэхэри Сэ шъо благъэ зыкъызэрэсфэшъушIырэм ишIогъэ лъапсэхэп: шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, шIу зышIэщтыгъэхэр арых ныIэп яшIушIагъэ пае фэдитIу тын зыгъотыщтхэр, унэ хэхыгъэмэ ахэр ащыгупсэфыщтых.
[34.38] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр хъыбэй ашIынхэм пае егугъыхэрэр зэпымыоу хьазаб хэтыщтых.
[34.39] ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ежь иIумэтхэм ащыщхэу зыфаем сэ си Тхьэ къелыекIэу ищыкIагъэр е фикъущтым фэдиз къыреты. Шъо шъутырэм фэдиз Ащ шъуигъэгъотыжьыщт, уищыкIагъэр озгъэгъотрэмэ Ар анахьышIу!
[34.40] А мафэм ахэр зэкIэ Ащ ыугъоижьыщтых, етIанэ мэлаIичмэ ариIощт: "Мыхэмэ шъхьащэ къышъуфашIыщтыгъа?"
[34.41] Ахэмэ аIощт: "О щытхъур уадэжь! Ахэр арэп, Оры къыткъотыр! Ары, ахэмэ джынэмэ шъхьащэ афашIыщтыгъэ, ахэмэ анахьыбэм джынэмэ шIошъхъуныгъэ афыряIагъ!"
[34.42] А мафэм зымэ адырэхэр федэ е зэрар афэхъунхэу амал яIэп. Мызафэу щытыгъэхэм Тэ ятIощт: "Шъо пцIыкIэ шъулъытэщтыгъэ мэшIо пщынэжьыр зэхашъушIэ!"
[34.43] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм зэхэугуфыкIыгъэу ахэмэ къафяджэхэ зыхъукIэ, аIо: "Ар цIыфы ныIэп, шъуятэхэм шъхьащэ зыфашIыщтыгъэхэм шъуадигъэхы ащ шIоигъу!", ахэмэ аIощтыгъэ: "Ар (КъурIаныр) пцIэу къэугупшысыгъэ ныIэп!" Шъыпкъэр къызафакIом, шIошъхъуныгъэ зимыIагъэхэм аIо: "Ар шхъухьэ гъэнэфагъ ныIэп!"
[34.44] Ахэмэ зэрагъэшIэн тхылъ Тэ яттыгъагъэп, уапэкIи гъэдэIокIо=ушъыякIуи афэдгъэкIогъагъэп.
[34.45] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэм пцIыр ашIошъ хъущтыгъэ, Тэ ахэмэ мыдырэмэ (Мыхьамэт дэпсэухэрэм) афэтшIагъэм ызыпшIани яттыгъэп, ахэмэ Тэ тилIыкIохэр пцIыусхэкIэ алъытэщтыгъэх. Сэ сигубж лъэш зыфэдагъэр!

[34.46] ЯIу: "Сэ зы ушъый закъо къышъостыщт. ТIырытIоуи зырызэуи Алахьым ыпашъхьэ шъуихь, етIанэ шъуегупшыс, джащыгъум шъо къыжъугурыIощт шъо шъущыщ цIыфыр ышъэ зэримыкIыгъэр, пщынэжь лъэшым шъущызыухъумэрэ гъэдэIокIо=ушъыякIоу зэрэщытыр!"
[34.47] ЯIу: "Сэ тын къысфэшъушIынэу сышъолъэIурэп. Ар шъощ пай. Алахьым иIэм фэшъхьаф сэщ пае тын щыIэп: Сыд фэдэрэ Iофи Ар ишыхьат!"
[34.48] ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ си Тхьэ шъыпкъэр къеты. Ащ гум ишъэфхэр ешIэ!"
[34.49] ЯIу: "Шъыпкъэр къэкIуагъ, пцIыр къэкIожьыщтэп, къыгъэзэжьыщтэп!"
[34.50] ЯIу: "Сэ сыгъощагъэмэ, зэрар зэсхыжьэу сэгъуащэ, ау гъогу занкIэм сырэкIомэ, сызыкIырыкIорэр си Тхьэ сшIошъ ыгъэхъугъэшъ ары. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ зэхехы, къытпэблагъ".
[34.51] КIаIэжьынэу амал ямыIэжь зыхъухэкIэ, чIыпIэ благъэм щыубытыгъэхэ зыхъукIэ, ахэмэ агучIэ зэризыщтыр о плъэгъугъэмэ!
[34.52] Ахэмэ аIощт: "Тэ ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшIыгъ!" Ау а шIошъхъуныгъэр чыжьэ хъугъэ.
[34.53] НахьыпэкIи ахэмэ Ар ашIошъ хъущтыгъэп, чIыпIэ чыжьэ щыIэхэу шъэфым фэгъэхьыгъэ гупшысэхэр зэфадзыжьыщтыгъэх.
[34.54] Ау ахэмрэ ахэмэ ашIоигъомрэ азфагу, апэкIэ щыIагъэхэм зэрафашIыгъагъэм фэдэу, зэпыгъэIыпIэ игъэуцуагъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, зэхафын амылъэкIрэ джэнджэшым ахэр хэтыгъэх!

ФатIир

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[35.1] Уашъуи чIыгуи КъэзгъэшIыгъэу, тэмэ тIурытIухэр, щырыщхэр, плIырыплIхэр зиIэ мэлаIичхэр лIыкIо зышIыгъэ Алахьым щытхъур ыдэжь. Ежь шIоигъор гъэиныгъэу псэ зыпытэу къыгъэшIыгъэмэ ахелъхьэ. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп!
[35.2] Ежь гукIэгъоу хэлъым щыщэу Алахьым цIыфмэ къафилъэгъурэр зэтезыIэжэн щыIэп. Ащ зэтыриIажэрэр Ащ ыуж къэзгъэхьын щыIэп. Ар ин дэд, Iуш!
[35.3] О цIыфхэр, Алахьым шIоу къышъуфишIэрэр шъугу къэжъугъэкIыжь. Алахьым фэшъхьафэу гъэпсакIо горэ шъуищыкIагъэр уашъом къыригъэхэу, чIыгум къыхигъэкIэу щыIа? Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп! Шъо шъузэрэакъылынчъэр!
[35.4] О ахэмэ гъэпцIакIокIэ уалъытэмэ, уапэкIэ щыIэгъэ лIыкIохэр гъэпцIакIохэкIэ алъытэщтыгъэх, Алахьым дэжь а Iофхэм къагъэзэжьыщт.
[35.5] О цIыфхэр, Алахьым гугъэу къышIыгъэр шъыпкъэ. ГъашIэу узхэтым зыдемыгъэхьых, Алахьым фэгъэхьыгъэ гъэблакIом зыдемыгъэхьых!
[35.6] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шэйтаныр шъо шъуипый, ар пыикIэ шъулъытэ! Ащ фэщагъэхэр машIом щыпсэунхэу ышIынхэм пае ар къяджэ.
[35.7] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм апай пщынэжь лъэшыр. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм афагъэгъущт, тын лъапIэ афыщылъ.
[35.8] Iоф бзаджэу ашIагъэр дэгъукIэ зылъэгъужьхэрэр?. Ежь зыфаер Алахьым егъэгъуащэ, зыфаем занкIэу пэщэныгъэ дызэрехьэ, ащ пае о ахэмэ уафэмышъыгъу, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ ашIэрэр Алахьым ешIэ!
[35.9] Алахьым жьыбгъэхэр къегъакIох, ахэмэ ошъуапщэхэр къаIэтых, Тэ ахэр хэгъэгу илIыкIыгъэм тэфыхэшъ, ахэмкIэ чIыгум псэ къыпытэгъэкIэжьы. Джащ фэд къызэрэхъужьыщтхэри!

[35.10] Зыгорэ щытхъу фаемэ, гущыIэшIуи IофышIуи зэкIолIэжьэу Алахьым дэжь зэрэщытэу щытхъур щыI. Ащ ар ыгъэлъэпIэщт. БзэджагъэмкIэ тхьагъэпцIыгъэ къызхэзгъафэхэрэм хьазаб пщынэжь афыщылъ, ахэмэ ятхьагъэпцIыгъэ хьаолыеу кIодыщт.
[35.11] Алахьым шъо ятIэм шъухишIыкIыгъ, етIанэ гъуаткIом, етIанэ зэшъхьэгъусэ шъуишIыгъ: Тхьэм ымышIэу бзылъфыгъэм ыныбэ илъ хъурэп, къыгъотрэп. ГъэшIэ кIыхьэ зиIэри гъэшIэ кIэкI зиIэри Тхьэм дэжь тхыгъэу щыI. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар АлахьымкIэ IэшIэх!
[35.12] ХитIур зэфэдэп: зым уешъонкIэ IэшIу, гохьы, гуапэ, адырэр щыугъэ, дыджы, тIуми лэу къахэшъухыгъэр шъошхы, зызэрэжъугъэдэхэщтхэри къахэшъохы. О олъэгъу Ащ ишIушIэ шъулъыхъунэу амал шъуиIэным пае къухьэхэу псыр зэIызыбзхэрэр, шъо разэ шъухъункIи мэхъу!
[35.13] Ащ чэщыр мэфэ кIоцIым щегъэбылъы, мафэр чэщ кIоцIым. Ащ тыгъэри мазэри къызфигъэIорышIагъ. Адырэри мыдырэри пIэлъэ гъэнэфагъэм нэс къекIокIых. Шъуи Тхьэ Алахьыр джащ фэд. Ащ лъэкI иI, ау Ащ фэшъхьафэу шъо нэмаз зыфэшъушIыхэрэм хъурмакIэм телъ кIышъо цIыкIуми лъэкI фыряIэп.
[35.14] Ахэмэ шъукъяджэмэ, шъуиджэ макъэ зэхахрэп, ау зэхахэу щытыгъэхэмэ, джэуап къышъуатыжьыныеп, къызщыхъужьыщтхэ мафэм шъо тхьабэ шъушIошъ зэрэхъущтыгъэр ахэмэ щагъэзыещт. ЗышIэрэм къэбар зэрэуигъэшIэщтым фэдэу хэти уигъэшIэщтэп!
[35.15] О цIыфхэр, шъо Алахьым шъуфыщэкIэ, Алахьыр бай, щытхъушхо пылъ.
[35.16] Ар фае хъумэ, шъуигъэкIодынышъ, нэмыкIхэр кIэу къыгъэшIынхэ ылъэкIыщт.
[35.17] АлахьымкIэ ар къинэп.
[35.18] Зихьылъэ къызэхьылъэкIрэ псэм нэмыкI хьылъэ тырилъхьащтэп, ау ар къехьылъэкIэу, фахьынэу къэлъэIуагъэми, зэлъэIугъэр иIахьыл благъэу щытми, зыми фихьыщтэп. О ебгъэджэщтхэр шъэфэу я Тхьэ ищынагъо зыгу илъхэр, нэмаз зышIыхэрэр арых ныIэп. Къабзэу щытыр ежь ышъхьэ пай ныIэп зыфэкъэбзэщтыр. ЗэкIэми Алахьым дэжь шъхьэегъэзыпIэ щагъотыжьыщт.
[35.19] Нэшъумрэ нэпсэумрэ зэфэдэхэп.
[35.20] ШIункIымрэ нэфынэмрэ,
[35.21] Жьаумрэ тыгъэнэстырымрэ,
[35.22] Псэухэмрэ лIагъэхэмрэ зэфэдэхэп: Ежь зыфаем Алахьым зэхырегъэхы, ау о къэмэ адэлъхэм зэхябгъэхын плъэкIыщтэп;
[35.23] О шIэныгъэ ахэолъхьэ ныIэп.
[35.24] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ о къэбарышIу ябгъэшIэнэу, шIэныгъэ ахэплъхьанэу удгъэкIуагъ. Сыд фэдэ цIыф лъэпкъи щыIэп шIэныгъэ ахэзылъхьан зыфэмыкIуагъэ!
[35.25] О ахэмэ гъэпцIакIокIэ уалъытэмэ, ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэ лIыкIохэр, Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр, тхыгъэхэр, шIэныгъэ язгъэгъотрэ тхылъыр къафэзыхьыщтыгъэхэр гъэпцIакIокIэ алъытэщтыгъэх.
[35.26] ЕтIанэ Сэ ахэр згъэпщынэгъэ, джаурыгъэх. Сэ сигубж лъэш зыфэдагъэр!
[35.27] О плъэгъугъэба Алахьым псыр уашъом къызэрэригъэхрэр, ащкIэ Тэ шъо зэфэшъхьаф зиIэ пхъэшъхьэ мышъхьэхэр къэтэгъэкIых. Къушъхьэмэ яIэх гъогухэр фыжьхэуи плъыжьхэуи, ашъохэмкIэ зэфэшъхьафхэу, чIапцIэхэу, къолэжъыр зэрэшIуцIэм фэдэу.
[35.28] ЦIыфхэми, хьэкIэ=къуакIэхэми, хьайуанхэми шъо зэфэшъхьафхэр ахэтых. Ащ иIуметмэ ащыщхэу Алахьым щыщтэхэрэр Iушхэр ары ныIэп, Алахьыр кIочIэшху, къыпфегъэгъу!

[35.29] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым итхылъ еджэхэрэр, нэмаз зышIыхэрэр, Тэ ядгъэгъотрэм щыщ шъэфэуи нафэуи зытыхэрэр сатыу мыкIодыжьыщтым щэгугъыx.
[35.30] Ахэмэ уасэр Ащ хьакъым тетэу къаритыщт, Ежь ихьалэлыгъэ щыщи къафыхигъэхъощт. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ къыпфегъэгъу, шIу ешIэ!
[35.31] Тхылъым щыщэу Тэ о къыбгурыдгъэIуагъэр шъыпкъэ, ащ къегъэшъыпкъэжьы ащ ыпэкIэ къырагъэхыгъэхэр зэрэшъыпкъэр. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ежь иIумэтхэр Алахьым ешIэх, елъэгъух!
[35.32] ЕтIанэ Тэ тиIумэтхэм ащыщхэу Тэ къыхэтхыгъэмэ тхыгъэр яттыгъ, ахэмэ ахэтых ежь ежьырэу зэрар зэзыхыжьхэрэр, ахэмэ ахэтых зыпкъ итхэри, Алахьым ишIэ хэлъэу шIукIэ нэмыкIмэ апэ ишъыхэри ахэтых, ар шIушIэ ин дэд!
[35.33] Джэнэтым ичъыг хатэмэ ахэр ахэхьащтых, ащ дышъэм, налмэс=налкъутэм ахэшIыкIыгъэ Iэхъухэр щызыпалъхьащтых, дэнэ щыгъынкIэ фэпэгъэщтых.
[35.34] Ахэмэ аIощт: "Нэшхъэигъэр ттезыхыгъэ Алахьым щытхъур ыдэжь" Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэ ти Тхьэ къыпфегъэгъу, шIу ешIэ!
[35.35] Ащ ишIушIагъэкIэ тэ егъашIэм щыIэщт псэупIэм тыригъэтIысхьагъ; тэ ащ пшъыгъэр, пшъыгъэ дэди къыщытэнэсыщтэп.
[35.36] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм джэхьнэм машIор къяжэ. Ахэр лIэнхэу пэшIорыгъэшIэу афэухэсыгъэп, ащ щащэчыщт хьазабри нахь шъабэ хъущтэп. Хэтрэ джаури пщынэжьэу едгъэхьыщтыр джащ фэд!
[35.37] Ащ ахэр тхьаусхэхэзэ щыкуощтых: "Ярэби я Алахь, мыщ тэ тищыжь, нахьыпэм тшIэщтыгъэм фэмыдэу тэ шIу тшIэщт! Акъыл къэзгъотыжьын зылъэкIыщтым къыгъотыжьынэу Тэ гъэшIэ кIыхьэ къышъоттыгъагъэба? ШIэныгъэ къышъухэзылъхьащтыри къышъуфэкIогъагъ. Зэфэнчъэмэ IэпыIэгъу афэхъун щыIэп, зэхашъушIэ!
[35.38] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уашъоми чIыгуми яшъэфхэр Алахьым ешIэх. Ащ гум илъыр ешIэ!
[35.39] ЧIыгур шъуIэ илъынэу шъо Ащ шъутыригъэуцуагъ: джаурым иджаурыгъэ ежь тефэжьыщт, джаурмэ шIошъхъуныгъэу яIэмкIэ я Тхьэ фэмылъэгъуныгъэу къафыриIэр нахь лъэш ашIыщт, джаурмэ яшIошъмыхъуныгъэкIэ ятхьамыкIагъо хагъэхъощт ныIэп!
[35.40] ЯIу: "Алахьым фэшъхьафэу шъузэлъэIоу Ащ гожъугъэуцохэрэм шъуягупшысагъа? ЧIыгум ахэмэ щашIыгъэр къэжъугъэлъагъу. Е уашъом щыхъурэм ахэр хэлажьэха? Тэ яттыгъэ тхылъым ахэмэ апае унашъо горэ ита?" Къэрар зимыIэхэр. Зым адырэр дехьыхы ныIэп.
[35.41] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мыкIодыжьынхэм пае, Алахьым уашъори чIыгури ыIыгъых. Ахэр кIодыжьыгъэхэмэ, Ащ фэшъхьафэу зыми къыгъэнэжьынхэеп. Ар шъабэ, къыпфегъэгъу!
[35.42] Алахьым ыцIэкIэ ятхьалъэIу кIуачIэ халъхьэ ашIоигъу, ахэмэ тхьэ аIощтыгъ: ШIэныгъэ язгъэгъотын ахэмэ адэжь къызыкIокIэ, сыд фэдэрэ цIыф лъэпкъ нахьи нахь гъогу занкIэ тетхэу хъущтых. ШIэныгъэ язгъэгъотыщтыр ахэмэ къазыфакIом, фэмылъэгъуныгъэу ахэлъыр нахь лъэш хъугъэ,
[35.43] ЧIыгум зэрэщыпагэхэрэми бзэджагъэу къаугупшысыхэрэми ахэхъуагъ. Ау а бзэджэ мэхъэджагъэр зытефэжьыгъэхэр ащ пылъыгъэхэр ары. АпэкIэ щыIэгъэ цIыф лъэпкъыхэм къяхъулIагъэр ежьхэм къяхъулIэнэу ахэр ежэнхэуи? Алахьым ышIэхэрэм о зэблэхъугъэ ахэбгъотэщтэп! Алахьым ышIэхэрэм зэхъокIыныгъэ о ахэбгъотэщтэп!

[35.44] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэм кIэухэу афэхъугъэр ахэмэ амылъэгъущтыгъа? КIуачIэкIэ ахэр нахь лъэшыгъэх, ау Алахьым ыкIуачIэ уашъоми чIыгуми хэти къащыщигъэкIэн ылъэкIыщтэп. Ащ ешIэ, лъэкIышхо иI!
[35.45] ЦIыфмэ зэрагъэгъотыгъэм пае Алахьым ахэр ыгъэпщынэнхэу фэягъэмэ, Ащ чIыгум зы псэушъхьэ къытыринэныеп, ау ахэмэ пIэлъэ гъэнэфагъэм нэс Ащ афылъегъэкIуатэ. Ау ахэмэ япIалъэ къызысыкIэ, Алахьым ежь иIумэтхэр къелъэгъух!

Ясин

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[36.1] Ясин.
[36.2] КъурIан IушымкIэ Iуагъэ сэшIы!
[36.3] О, Iо хэмылъэу, улIыкIу.
[36.4] Гъогу занкIэ утет.
[36.5] Мыр ГукIэгъушIэм иеу Iушыгъэ нафэ зыхэлъыр,
[36.6] ЦIыфхэу зятэхэм яушъыихэзэ зыгурамыгъэIуагъэхэм, ащ уж къырамыдзэу къэнэгъагъэмэ уяушъыизэ агурыбгъэIоным пай.
[36.7] Ахэмэ анахьыбэхэм ащыщхэм гущыIэр къафэшъыпкъэжьыгъ, ау ахэмэ джыри шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп.
[36.8] Ахэмэ ажэкIэпэпкъмэ къанэсэу Тэ лъэхъухэр атетлъхьагъэх, ашъхьэхэр егъэзыгъэкIэ къамыIэтмэ мыхъунэу хъугъэх.
[36.9] Тэ ахэмэ апэкIи акIыбыкIи гъунапкъэ щытшIыгъ, ахэр зэфэтшIыгъэх, ахэмэ алъэгъурэп.
[36.10] Ахэмэ уяушъыизэ агурыбгъэIонри уямыушъыинри зэфэдэ. Ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп.
[36.11] О зэбгъэшIэщтыр мы шIэныгъэм рыкIощтыр ары ныIэп, ГукIэгъушIэм ищынагъо шъэфэу зыгу илъыр ары. Зэрэфагъэгъурэм итынышIукIэ ар гъэгушIо!
[36.12] Тэ лIагъэхэр къэтэгъэхъужьых. Iофым ахэр зэрэфыщытыгъэхэр, кIэухэу ахэмэ афэхъугъэр Тэ тэтхы. Сыд лIэужыгъуи зытетым тетэу Тэ хьакъым тетэу тхыгъэм къыщытэгъэлъагъо.
[36.13] Тэ тилIыкIохэр къыздэкIогъэгъэ къалэм щыпсэущтыгъэхэр ахэмэ щысэм къыщягъэлъэгъу.
[36.14] Мары Тэ ахэмэ нэбгыритIу афэдгъэкIуагъ, дгъэкIуагъэхэр пцIыусыкIэ алъытагъэх, ащ ыуж акIуачIэ хэдгъэхъонэу ящэнэрэр яттыгъ. Ахэмэ аIуагъ: "Тэ шъуадэжь тыкъагъэкIуагъ".
[36.15] Адырэмэ аIуагъ: "Шъо шъукъытфэдэ цIыфых ныIэп. ГукIэгъушIэм зыпари нафэ къышъуфишIыгъэп, пцIы шъоусы къодый".
[36.16] Ахэмэ аIуагъ: "Шъуадэжь тыкъызэрагъэкIуагъэр ти Тхьэ ешIэ.
[36.17] Тэ тиIофыр хьакъым тетэу къышъотIожьыныр ары".
[36.18] Ахэмэ аIуагъ: "МыгъуагъэкIэ шъуикъэкIон теплъыгъ, шъузфэдэр тэшIэ, тауж шъуимыкIмэ, мыжъохэмкIэ тышъоощт, тэ къытпкъырыкIэу хьазаб пщыныжь шъухэфэщт".
[36.19] Адырэмэ аIуагъ: "Шъуимыгъуагъэ шъуигъусэ. Шъузэредгъаджэрэр ара? Ау шъо гъунапкъэм имытышъугъэ цIыфхэу шъущытых!"
[36.20] Къэлэ гъунэм къикIи, гузажъоу цIыф къэкIуагъ. Ащ ыIуагъ: "О цIыфхэр, лIыкIомэ ауж шъурыкIу!
[36.21] Тын фэшъушIынэу къышъомылъэIурэм гъогу занкIэ тетым ыуж шъурыкIу!

[36.22] Сэ сыкъэзгъэшIыгъэу зэкIэми зыдэжь жъугъэзэжьыщтым сыд пае шъхьащэ фэсымышIыщта?
[36.23] Ащ фэшъхьафэу сэ нэмыкIытхьэхэр зыфэсштэжьынха? ГукIэгъушIэм сэ тхьамыкIагъо горэ къысигъэхъулIэ шIоигъомэ, ахэмэ ягъусагъэ зыми сыщаухъумэн алъэкIыщтэп, сэ ахэмэ сыкъагъэнэжьыщтэп.
[36.24] Ащыгъум сэ гъэнэфагъэу гъощагъэ сыхъущт.
[36.25] Сэ шъуи Тхьэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэсшIыгъ, шъукъысэдэIу".
[36.26] Ащ раIуагъ: "Джэнэтым ихь!" Ащ ыIуагъ: "Сэ сицIыфмэ ашIэщтыгъэмэ
[36.27] Си Тхьэ къызэрэсфигъэгъугъэр, лъытэныгъэ зыфашIырэмэ ащыщ сызкIишIыгъэр!"
[36.28] Ащ ыуж ащ ицIыф лъэпкъ уашъом идгъэкIэу сыд фэдэ дзи Тэ фэдгъэкIуагъэп, фэдгъэкIонэу Тэ ащ тыфэдэп.
[36.29] ЩыIагъэр зы куо=кIый макъ ныIэп, мары, ахэр кIосэжьыгъэх.
[36.30] А цIыфхэр сыдэу насыпынчъэха! Ахэмэ пегъэмбарыр къафэкIо, ахэр ащ дэхьащхых.
[36.31] Ахэмэ апэкIэ Тэ ижъырэ лъэпкъ пчъагъэу дгъэкIодыгъэр алъэгъугъэба? Ахэмэ ежьхэм адэжь къагъэзэжьыщтэп.
[36.32] Шъыпкъэ дэдэмкIэ зэкIэри зэхэтэу, нэбгырэ пэпчъ шъхьафэу Тэ тапашъхьэ къыуцожьыщтых.
[36.33] Ахэмэ щысэ афэхъущтыр илIыкIыгъэ чIыгур ары, Тэ ащ псэ къыпытэгъэкIэжьышъ, лэжьыгъацэ къыхэтэгъакIэ, ар гъомылэ ахэмэ афэхъу.
[36.34] Тэ ащ хъурмэ, сэнэшъхьэ хатэхэр къытедгъэкIагъэх, псынэкIэчъхэр ащ къыхэтщыгъэх.
[36.35] Ахэмэ аIашъхьэхэмкIэ а пхъэшъхьэ=мышъхьэхэр къалэжьзэ ашхынхэм пай. Сыда ахэр зыкIэмыразэхэр?
[36.36] ЧIыгум къытехъохэри, ежь дэдэхэри, ахэмэ амышIэрэмэ ащыщхэри тIурытIоу зэгъусэхэу къэзгъэхъурэм щытхъур ыдэжь.
[36.37] АхэмкIэ чэщыр щысэтехыпIэм фэд. Тэ ащ мафэр къыготэхышъ, ахэр шIункIым къыхэнэх.
[36.38] Тыгъэри зынэсын фэе чIыпIэ фэкIо. Джащ фэд щытхъушхо зыпылъ Iушым иунашъо!
[36.39] Мазэр зыдэщытыщтхэр Тэ зэтетыутыгъэх. Арышъ, ар ыкIэм хъурмэ чъыгым икъутэмэжъэу зыкъэзгъэщыгъэм фэдэ мэхъу.
[36.40] Тыгъэр мазэм кIахьэ хъущтэп, чэщри мафэм ыпэ ишъы хъущтэп, ари адырэри ягъогу тетхэу ошъогум щесых.
[36.41] АхэмкIэ щысэтехыпIэр къатекIыгъэхэр Тэ тикъухьэ ушъагъэ исхэу къызэретхьакIхэрэр
[36.42] ЧIыгум тетхэ хъумэ зэрэзекIонхэу къафэтшIыгъэм зэрэфэдэр ары.
[36.43] Тэ тшIоигъо хъумэ, ахэр чIедгъэхьащтых, ахэмэ IэпыIэгъу афэхъун щыIэп, ахэр къэзгъэнэжьынхи щыIэп,
[36.44] ПIэлъэ гъэнэфагъэ щыIэнхэу Тэ тишIушIэ алъытымыгъэIэсмэ,
[36.45] Ахэмэ араIо: ШъуапэкIэ щыIагъэм, шъуаужкIэ щыIэщтым шъущыщт, шъо къышъуфагъэгъункIи мэхъу!"
[36.46] Ау Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэмэ ащыщэу акIыб фамыгъазэу зы Iэятэ ахэмэ къафакIорэп.
[36.47] Ахэмэ зараIокIэ: "Алахьым къышъуитыгъэм щыщ тыны шъушIы!" шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм диныр зыгу илъхэм араIо: "Ежь

шIоигъуагъэмэ, Алахьым ыгъэшхэн ылъэкIыщтыгъэр тэ дгъэшхэна? Шъо гъэнэфагъэу шъугъощагъ".
[36.48] ЕтIани ахэмэ аIо: "Шъо къашъуIорэр шъыпкъэмэ, тызэрэжъугъэгугъагъэр сыдигъуа къызыхъущтыр?"
[36.49] Ахэр зэнэкъокъухэ зыхъукIэ, зы куо закъоу къанэсыщтым фэшъхьаф ахэмэ зыпари алъэгъущтэп.
[36.50] Осыет къашIыжьынэу е яунагъо екIужьынхэу ахэмэ амал яIэщтэп.
[36.51] Сырынэм къепщэщтых, ахэр якъэхэм къадэкIынхэшъ, я Тхьэ дэжь гузажъохэу кIощтых.
[36.52] Ахэмэ аIо: "Тэ тхьэр къытэуагъ! Тэ тигъолъыпIэхэм хэта такъизIэтыкIыгъэр? Джары ГукIэгъушIэм тыкъызэригъэгугъэгъагъэр, лIыкIомэ аIощтыгъэр шъыпкъэ!"
[36.53] Зы куо закъо фэшъхьаф щыIагъэп, мары ахэр зэкIэ Тэ тапашъхьэ къиуцуагъэх.
[36.54] Непэ сыд фэдизкIэ псэм гухэкI рагъэшIыщтэп. Шъо къышъуатыщтыр шъуиIагъэр ары ныIэп.
[36.55] Непэ джэнэтым щыпсэухэрэр, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ашIагъэм рэтхъэжьых.
[36.56] Ахэри ахэмэ яшъхьагъусэхэри гъолъыпIэмэ ателъхэу жьаум чIэлъых.
[36.57] Ахэмэ апае ащ пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр, зэкIэ зыфаехэр щагъоты.
[36.58] ГукIэгъу зыхэлъ Алахьым ахэмэ сэлам къызэрарихыщтыр "Мамыр!"
[36.59] "ГунахьшIэгъабэ зиIэхэр, непэ шъхьафы зышъушI!
[36.60] Адам ыкъохэр, шэйтаным шъхьащэ фэшъумышIынэу сэ унашъо къышъуфэсшIыгъагъэба? ШъоркIэ ар пый наф!
[36.61] Сэ шъхьащэ къысфэшъушI. Ар гъогу занкI.
[36.62] Ащ цIыф лъэпкъыбэ гъогум дигъэхыгъ. Шъо ар къыжъугурыIуагъэба?
[36.63] Мары шъузэрагъэгугъагъэ джэхьнэмыр.
[36.64] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрэшъуимыIагъэм пае ащ непэ шъухэстыхьэ!"
[36.65] Непэ Тэ ахэмэ аIупэхэр зэфэтшIыщтых, Тэ къыддэгущыIэщтхэр аIэхэр арых. Ахэмэ ашIагъэр къэзыушыхьатыщтхэр алъакъохэр арых.
[36.66] Тэ тыфэягъэмэ, ахэмэ анэхэр атетхыни. Джащыгъум зым адырэр течъыжьэу гъогум телъэдагъэхэмэ, сыдэущтэу алъэгъуныя?
[36.67] Тэ тыфэягъэмэ, а чIыпIэ дэдэм ахэмэ нэмыкI теплъэ яIэу тшIыни, ыпэкIэ кIонхи къагъэзэжьыни амылъэкIэу хъунхи.
[36.68] Тэ гъэшIэ кIыхьэ зэттырэр быты тэшIы. Ахэмэ ар къагурыIорэба?
[36.69] Усэхэр зэхилъхьанхэу Тэ ар дгъэсагъэп, ар къекIурэп, ар шIэныгъэ къодый, зэхэугуфыкIыгъэ КъурIан
[36.70] ГъашIэ зиIэр ригъэджэнэу гущыIэр джаурхэмкIэ къэшъыпкъэжьынэу. Ар шIэныгъэ къодый.
[36.71] Ахэмэ алъэгъугъэба Тэ тIэшъхьитIукIэ ахэмэ апае къэдгъэшIыгъэ хьайуанхэр зэрагъэфедэхэрэр?
[36.72] Тэ ахэр афэдгъэIорышIагъэх: ахэмэ ащыщхэм атесхэу мэзекIох, адырэхэр ашхых.
[36.73] Ащ феди зэшъонхи къафыхэкIы. Сыд пае ахэр мыразэха?
[36.74] Алахьым фэшъхьафэу, IэпыIэгъу горэ къаратыным щыгугъыхэу ахэмэ тхьэ горэхэр аштагъэх.
[36.75] Ахэр дзэ хьазырхэу щытхэми, IэпыIэгъу къафэхъущтхэп.
[36.76] Ахэмэ ягущыIэмэ о нэшхъэй уарэмышI. Тэ тэшIэ ахэмэ аушъэфыри нафэ къашIри.
[36.77] ЦIыфым ылъэгъурэба Тэ ар гъуаткIом къызэрэхэдгъэкIыгъэр? Ау ар къаигъэ нэкъокъуал!

[36.78] КъэхъукIэ фэхъугъэр щыгъупшэжьзэ, ар Тэ къытэдэожьы. Ащ еIо: "Къупшъхьэ шъугъахэхэм хэта псэ къапызгъэкIэжьыщтыр?"
[36.79] ЕIу: "Апэрэу ахэр къэзгъэхъугъэхэр ары къэзгъэхъужьыщтыр, псэ зыпытэу иIэ пэпчъ Ащ ешIэ,
[36.80] Ащ шъо чъыг шхъуантIэм машIо къышъуфыхихыгъ, ащкIэ машIор зэхэшъогъанэ".
[36.81] Уашъомрэ чIыгумрэ къэзгъэшIыгъэм ахэмэ афэдэ къышIынэу амал иIэба? Ар ГъэпсакIо, Iуш!
[36.82] Ащ зыгорэ шIоигъо зыхъукIэ, Ащ иIоф закъор "Къэхъу!" ыIоныр ары, зиIокIи, къэхъу.
[36.83] ЗэкIэ псэ зыпытхэр зыIэ илъым щытхъур ыдэжь. Ащ дэжь шъори къэжъугъэзэжьыщт!

Алшъаффат

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[37.1] Iуагъэ сэшIы сатырэ зэготхэмкIэ,
[37.2] Къаигъэу IузыфхэрэмкIэ,
[37.3] ГукъэкIыжьхэр къэзыIуатэхэрэмкIэ,
[37.4] Шъыпкъэ дэдэмкIэ шъуи Тхьэ зы,
[37.5] Уашъоми, чIыгуми, ахэмэ азфагу илъыми я Тхьэ, тыгъэкъокIыпIэм и Тхьэ!
[37.6] ШъыпкъэмкIэ, анахь ошъо благъэр, жъуагъомэ ядэхагъэкIэ Тэ дгъэкIэрэкIагъэ.
[37.7] Сыд фэдэрэ шэйтан бзаджэ щытыухъумэным пае,
[37.8] Алахь лъагэм ахэр едэIухэрэп, ахэмэ бгъу пстэумкIи яох.
[37.9] Iуафынхэм пае ахэмэ хьазаб пщыныжь афыщылъ.
[37.10] Ащ фэдэ тыгъугъэ ышIынэу ахэмэ ащыщ горэ зэрэфежьагъэм лъыпытэу, мэшIо тхъобзэ нэфынэу бзэгу пчъагъэ зиIэм ащ ыуж ефы.
[37.11] Ахэмэ яупчI: Ахэра нахь лъэшхэу къагъэшIыгъэхэр е Тэ къэдгъэшIыгъэхэр ара? Тэ ахэр Iэм къепкIырэ ятIэм хэтшIыкIыгъэх!
[37.12] Ары, о огъэшIагъо, ау ахэр мэщхых;
[37.13] Ащ фэгъэхьыгъэу агу къызагъэкIыжькIэ, ахэмэ агу къэкIыжьрэп,
[37.14] Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ горэ залъэгъукIэ, дэхьащхых,
[37.15] АIо: "Ар нэрлъэгъу шхъухь ныIэп!
[37.16] Тэ тызылIахэу яжьэ къупшъхьэ тызыхъужькIэ, тыкъэхъужьынэуи?
[37.17] Тэ тыкъызтекIыгъэхэри ащ фэдэуи?
[37.18] ЯIу: "Ары, ащ игъусэу шъо гъэцIыкIугъэ шъухъущт!"
[37.19] Мары, зы джэмэкъэ пхъаш ныIэп ищыкIагъэр, заплъыхьэу ахэмэ рагъэжьэщт,
[37.20] АIощт: "Тэ Тхьэр къытэуагъ! Ар тиIоф зыщаIощт мафэр ары".
[37.21] Шъо пцIыкIэ шъулъытэщтыгъэ мафэу шъузыщызэхафыщтыр ары.
[37.22] Яныбджэгъухэр ягъусэхэу, жъалымагъэ зезыхьэщтыгъэхэр, Алахьым фэшъхьафэу, ахэмэ шъхьащэ зыфашIыщтыгъэхэр къэшъуугъоих,
[37.23] Ахэр джыхьнэм гъогум тешъущэх,
[37.24] Къэжъугъэуцух, ахэмэ къяупчIыщтых:
[37.25] "Сыда къышъохъулIагъэр, шъузэдеIэжьрэпи?"
[37.26] Ары, непэ ахэр IорышIэх!
[37.27] ЗэупчIыжьхэзэ, ахэмэ зым адырэм зыфегъазэ.
[37.28] Ахэмэ аIо: "Джабгъу лъэныкъомкIэ къикIхэу шъорба ащыгъум тадэжь къэкIогъагъэхэр?"

[37.29] Адырэмэ аIощт: "Хьау, шъо Тхьэр шъушIошъ хъоу шъущытыгъэп,
[37.30] ШъоркIэ тэ лъэкI тиIагъэп, шъо ащыгъум гъунэм нэсэу зэкIокIыгъэ цIыф лъэпкъэу шъущытыгъ.
[37.31] Ти Тхьэ игущыIэ тэркIэ къэшъыпкъэжьыгъ, джы тэ тыушэтыщт!
[37.32] Тэ шъо шъудгъэгъощагъ, сыда пIомэ тэри гъощагъэу тыщытыгъ."
[37.33] А мафэм хьазабэу ащэчыщтымкIэ ахэр нэмыкIхэм гъусэ афэхъущтых.
[37.34] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, псэкIодшIэгъабэ зиIэхэм Тэ джаущтэу тадэзекIо!
[37.35] Ахэмэ араIо зэхъум: "Алахьым фэшъхьаф Тхьэ щыIэп!" загъэпагэщтыгъэ,
[37.36] АIощтыгъэ: "Зытет шъыпкъэмкIэ, ышъэ икIыгъэ усакIом пае тэ титхьэхэр IэкIыб тшIынха?"
[37.37] Хьау, шъыпкъэр голъэу ар къэкIуагъ, лIыкIохэр зэрэщыIагъэхэр къеушыхьаты.
[37.38] Шъо, Iо хэлъэп, хьазаб пщынэжьыр зэхэшъушIэщт!
[37.39] Шъо шъушIагъэм пай ныIэп тынэу къышъуатыщтыр.
[37.40] Алахьым иIумэтхэу гу къабзэ зиIэхэм афэшъхьафрэ,
[37.41] Ахэмэ Iахь гъэнэфагъэ яIэщт.
[37.42] Пхъэшъхьэ=мышъхьэхэм лъытэныгъэ щафашIыщт
[37.43] Джэнэт тхъагъохэм.
[37.44] ЗэпэIусхэу ахэр тетIысхьапIэмэ щатесыщтых.
[37.45] Ахэмэ псынэкIэчъыпс къаргъор зэрыт Iэгубжъэхэр адаIыгъхэу къадекIокIыщтых.
[37.46] Ешъохэрэр фыжэу ыгъатхъэхэу.
[37.47] Узгъэчэфын ащ хэлъэп, ахэр ащ ыгъэулэущтхэп.
[37.48] Ахэмэ апашъхьэ нэплъэгъу укIытапхэхэр зиIэхэр, зынэхэр нэфынэхэу,
[37.49] Фэсакъхэзэ къаухъумэрэ кIэнкIэмэ афэдэ къабзэхэр итыщтых.
[37.50] ЗэупчIыжьыхэу ахэмэ рагъэжьэщт.
[37.51] Ащыщ горэм ыIуагъ: "Сэ ныбджэгъу сиIагъ.
[37.52] Ащ ыIощтыгъэ: "Мыр шъыпкъэу зылъытэрэмэ ори уащыща?
[37.53] Тэ тылIэжьэу, яжьэ къупшъхьэ тызыхъужьрэм, тэ тиIоф аIожьынэуи?"
[37.54] Ащ еIо: "Шъо ащ зыпари ишъулъагъорэба?"
[37.55] Адырэр иплъагъ, ар джэхьнэм пчэгум рилъэгъуагъ.
[37.56] Ащ ыIуагъ: "Алахьым ыцIэкIэ Тхьэ сэIо! О сэ сыбгъэкIодыным уфэхьазырыгъ.
[37.57] Сэ си Тхьэ ишIушIэн мыхъугъэмэ, сэри мыщ исмэ ащыщ сыхъущтыгъэ.
[37.58] Тэ тылIэжьыщтба,
[37.59] Апэрэ лIэныгъэм фэшъхьафкIэ тэ тагъэпщынэщтба?"
[37.60] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар тхъэгъо ин дэдэу щыт!
[37.61] Мыщ фэдэм ихьатыркIэ лажьэхэрэр орэлажьэх.
[37.62] А шхынра нахьышIур е панэхэр зытет чъыгра?
[37.63] Хэбзэнчъэ зышIэхэрэр рыдгъэпщынэнхэм пае Тэ ар къэдгъэкIыгъ.
[37.64] Ар джэхьнэм лъачIэм къыхэкIрэ чъыг.
[37.65] Ащ къыпыкIэхэрэр шэйтаным ышъхьэ фэдэ къабзэх.
[37.66] Ахэмэ ар ашхы, анибэ изы ашIы.
[37.67] ЕтIанэ псэу къажъорэм ахэр рагъэшъощтых.
[37.68] ЕтIанэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ якъекIолIэжьыпIэщтыр джэхьнэмыр ары.
[37.69] Ятэхэр гъощагъэхэу зэрэщытыгъэхэр ахэмэ алъэгъущт.
[37.70] Ятэхэм ялъэуж тетхэу ахэр зэрэкIуагъэхэри алъэгъущт.
[37.71] Джыри ахэмэ апэкIэ щыIэгъэ цIыфмэ ащыщыбэхэр гъощагъэхэу щытыгъэх.
[37.72] Ахэмэ яушъыизэ агурызгъэIощтхэр Тэ афэдгъакIощтыгъэх.

[37.73] ГъэдэIокIо ушъыякIомэ кIэух афэхъугъэм еплъ,
[37.74] Алахьым гукъабзэ фызиIэ иIумэтхэм афэшъхьафрэ!
[37.75] Мары, Тэ Нухьэ къытэлъэIугъ, Тэ ащ джэуап шIагъо тызэрэфэхъугъэр!
[37.76] Ари ащ илъэпкъи тхьамыкIэгъошхом Тэ щытыухъумагъ.
[37.77] Ащ къыкIэныгъэр ежь ыуж къэнэнхэу тшIыгъэ.
[37.78] КъыкIэныгъэхэм Тэ ащ сэламэу фахьыжьыщтыр къахэдгъэнагъ:
[37.79] "Зэрэдунаеу Нухьэ мамыр щегъот!"
[37.80] ШIу зышIэхэрэм Тэ джаущтэу тятэ!
[37.81] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар Тэ тиIумэтхэм ащыщэу диныр зышIошъ хъурэмэ ащыщ!
[37.82] ЕтIанэ Тэ нэмыкIхэр чIедгъэхьагъэх.
[37.83] Ащ идин итыгъ Ибрахьими.
[37.84] Ар и Тхьэ дэжь гу зафэ иIэу къэкIуагъ.
[37.85] Мары, ащ ятэ, ицIыф лъэпкъ ариIуагъ: "Шъо сыда шъхьащэ зыфэшъушIырэр?
[37.86] Алахьым фэшъхьафэу къэугупшысыгъэр шъо тхьэкIэ шъуштэнэу шъуфэенэуи?
[37.87] Зэрэдунае и Тхьэ шъо сыда хэшIыкIэу фышъуиIэр?
[37.88] Ащ инэплъэгъу жъуагъохэм атыридзагъ,
[37.89] ЫIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сэ сысымадж!"
[37.90] ЗэкIэкIожьхэзэ, ахэмэ ащ ыкIыб къыфагъэзагъ.
[37.91] Джащыгъум ар гъэбылъыгъэкIэ ахэмэ ятхьэмэ адэжь ихьагъ, ариIуагъ: "Шъо шъушхэрэба?
[37.92] Сыда къышъохъулIагъэр, шъугущыIэрэба?"
[37.93] Ахэмэ якIуалIи, Iэ джабгъумкIэ яуагъ.
[37.94] Адырэхэр гузажъохэзэ, ыдэжь къекIухэ зэхъум,
[37.95] ЫIуагъ: "Шъо мыжъом хэшъуупкIыгъэм сыдэущтэу шъхьащэ фэшъушIыра?
[37.96] Шъори шъо шъушIыри Алахьым къыгъэшIыгъ".
[37.97] Ахэмэ аIуагъ: "Ащ пае пхъэ машIо шъушIы, ар машIом пэшъудз!"
[37.98] Ащ пэшIуекIоу бзэджэгъэ гухэлъ шъэфхэр фызэхалъхьагъэх, ау Тэ ахэр тыушъхьакIугъэх.
[37.99] Ащ ыIуагъ: "Сэ си Тхьэ дэжь сэкIо, сэ Ащ гъогу занкIэкIэ сищэщт.
[37.100] Я Алахь! ШэнышIу зиIэ кIалэ къысэт!"
[37.101] Тэ ар кIэлэ IасэкIэ дгъэгушIуагъэ.
[37.102] Ятэ игъусэу лэжьэн ылъэкIыным ар зынэсым, ащ ыIуагъ: "Сишъау! Къурмэныпхъэ усшIэу пкIыхьапIэ слъэгъугъэ, къызэхэф, къаIо о ащ узэрегупшысэрэр". Ащ ыIуагъ: "Тят, унашъоу о къыпфашIыгъэр шIэ, Алахьым шIоигъомэ, щэIагъэ зэрэсхэлъыр о плъэгъущт".
[37.103] НэбгыритIуми IорышIэхэу Алахьым зызыратым, ащ икIалэ ынэгу егъэзыхыгъэу чIыгум зытырегъэгъуалъхьэм,
[37.104] Тэ ащ макъэ къедгъэIугъ: "О Ибрахьим!
[37.105] ПкIыхьыпIэу плъэгъугъэр о къэбгъэшъыпкъэжьыгъ". ШIу зышIэхэрэм Тэ джаущтэу тятэ!
[37.106] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар ушэтын гъэнэфагъ.
[37.107] Тэ ар тын лъапIэкIэ тыухыижьыгъэ.
[37.108] Ащ къыкIэныгъэмэ сэлам фахьыжьынэу Тэ къахэдгъэнагъ:
[37.109] "Ибрахьимэ мамыр егъот!"
[37.110] ШIу зышIэхэрэм Тэ джаущтэу тятэ!
[37.111] Диныр зышIошъ хъоу Тэ тиIумэтмэ ар ащыщыгъ.

[37.112] Исхьакъ пегъэмбарэу диныр зыгу илъыгъэм фэгъэхьыгъэ къэбарымкIэ ар Тэ дгъэгушIуагъэ,
[37.113] Ежьыри Исхьакъи яморад къадэхъунэу етIолIагъ, ау ахэмэ къатекIыгъэхэр зыр зэфашIэу, адырэр псэкIодышIэ нэфэу хъугъэх.
[37.114] БэшIагъэу Моси Хьаруни Тэ тишIушIэн афэтшIагъ.
[37.115] Ахэр яцIыф лъэпкъыхэр ягъусэхэу тхьамыкIэгъошхом хэтщыжьыгъэх.
[37.116] Ахэмэ тадеIагъ, ахэр текIуагъэх.
[37.117] НэбгыритIуми Тэ тхылъ зэхэугуфыкIыгъэ яттыгъ.
[37.118] Ахэр гъогу занкIэм тетщагъэх.
[37.119] Ахэмэ къакIэныжьыгъэхэм сэламэу афахьыжьыщтыр къахэдгъэнагъ:
[37.120] "Мосэрэ Хьарунэрэ мамыр агъот!"
[37.121] ШIу зышIэхэрэм Тэ джаущтэу тятэ!
[37.122] Диныр зыгу илъхэу Тэ тиIумэтхэм а нэбгыритIур ащыщыгъ.
[37.123] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Иляс лIыкIоу щытыгъ.
[37.124] Ащ ицIыф лъэпкъ риIуагъ: "Тхьэм ищынагъо шъугу имылъэу шъущытынэуи?
[37.125] Бахьыл нэмаз фэшъушIынышъ, гъэпсакIомэ анахьышIур IэкIыб шъушIынэуи?"
[37.126] Алахьыр шъуи Тхьэ, шъуятэмэ ятэхэми я Тхь.
[37.127] Ахэмэ ар гъэпцIакIокIэ алъытагъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр Сэ сапашъхьэ къыхьажьыщтых!
[37.128] Алахьым иIумэтхэу диныр зыгу илъхэм афэшъхьафрэ.
[37.129] Уахътэ тешIэмэ ащ къыкIэныгъэмэ фахьыжьыщт сэламыр къахэдгъэнагъ:
[37.130] "Иляс мамыр егъот!"
[37.131] ШIу зышIэхэрэм Тэ джаущтэу тятэ!
[37.132] Диныр зыгу илъэу Тэ тиIумэтмэ ар ащыщыгъ.
[37.133] ЛютIи лIыкIоу щытыгъ.
[37.134] Ари зэкIэ ащ илъэпкъи къэдгъэнэжьыгъ.
[37.135] Тэ жъы хъугъэ ишъузэу къэнагъэмэ къахэнагъэм фэшъхьафрэ,
[37.136] Адырэхэр Тэ дгъэкIодыгъэх.
[37.137] Шъо ахэмэ пчэдыжьым
[37.138] чэщым шъуябгъукIо, шъо акъыл къэжъугъотынба?
[37.139] Юныси лIыкIоу щытыгъ.
[37.140] "Мары, хьылъэ зэрылъ къухьэу IукIыжьрэм дэжькIэ ащ кIиIэжьыгъ.
[37.141] Пхъэдз радзагъ, ар мысэу къычIэкIыгъ,
[37.142] Пцэжъыем ар ыдырыгъ, сыда пIомэ уумысиныр фэшъуашэу щытыгъэшъ ары.
[37.143] Щытхъур зыIорэмэ ащымыщэу ар щытыгъэмэ,
[37.144] Ахэр къызщыхъужьыщтхэ мафэм нэс ащ ыныбэ ар къинэни.
[37.145] Хы Iушъо нэкIым Тэ ар тетыдзагъ, ащыгъум ар сымэджагъ.
[37.146] Ащ ышъхьагъ къэбыр къыщыкIынэу Тэ унашъо тшIыгъэ.
[37.147] ЕтIанэ нэбгырэ минишъэ е къехъоу цIыфхэр зыдэс къалэм дгъэкIуагъэ.
[37.148] Ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыгъ, тхъэжьхэу щыIэнхэу Тэ пIалъэ яттыгъ.
[37.149] Ахэмэ яупчI: "Ахэмэ кIалэхэр зэряIэхэм фэдэу о уи Тхьэ пхъухэр иIэха?"
[37.150] МэлаIичхэр Тэ бзылъфыгъэхэу къэдгъэхъугъэха, ахэмэ алъэгъугъа?
[37.151] Еплъ, шъхьэнэкIыгъэба ахэмэ аIоныр:
[37.152] "Тхьэм кIэлэцIыкIухэр къыфэхъугъэх! Ахэмэ пцIы аусы.
[37.153] Къомэ анахьи пхъухэр Ащ нахь къахихыгъэнхэуи?
[37.154] Сыд фэдэ лъапсэ яIэу ахэр аущтэу тегущыIэхэра?

[37.155] Ахэмэ зыкъашIэжьын амылъэкIэуи?
[37.156] Е ахэмэ нафэу къызэрагъэшъыпкъэжьын яIа?
[37.157] Шъо шъузафэмэ, шъуитхылъ къэшъухь!
[37.158] Тхьэмрэ джынэхэмрэ зэIахьылхэу ахэмэ аIо, ау джынэмэ ашIэ, уахътэ зытешIэкIэ, ахэр Ащ ыпашъхьэ зэрэрагъэхьажьыщтхэр.
[37.159] Ащ гуагъэуцохэрэр щыжъугъэзыехи, Алахьым ищытхъу шъуIо!
[37.160] "Шъо зыр ары ныIэп Алахьым гу къабзэ фызиIэхэу иIумэтхэр.
[37.161] Шъори шъо шъхьащэ зыфэшъушIыхэри
[37.162] Тхьэм фэгъэхьыгъэу дэжъугъэхынхэ шъулъэкIыщтхэр,
[37.163] Джыхьнэм машIом щыстыщтхэр арых ныIэп.
[37.164] Тэ тщыщ пэпчъ чIыпIэ гъэнэфагъэ иI.
[37.165] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэ сатырэу тыщыт,
[37.166] Тэ щытхъур Алахьым фэтэIо".
[37.167] Ахэмэ къаигъагъэкIэ аIощтыгъэ:
[37.168] "ИжъыкIэ щыIагъэхэм шIэныгъэ къытатыжьыгъэу тиIагъэмэ,
[37.169] Тэ Алахьым гу къабзэ фызиIэ иIумэтхэу тыщытыни".
[37.170] Ау ахэмэ КъурIаныр щагъэзыягъ. Ахэмэ шIэхэу къашIэщт.
[37.171] ЫпэкIэ джыри Тэ тиIумэтхэу къэдгъэкIогъагъэхэм Тэ тигущыIэ апэ къидгъэшъыгъэхагъ.
[37.172] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр ары текIуагъэ хъущтхэр.
[37.173] Тэ тидзэ ахэмэ текIоныгъэ къафихьыщт.
[37.174] Арышъ, охътэ гъэнэфагъэкIэ ахэмэ уакIыб афэгъаз,
[37.175] Ахэмэ алъыплъ, ежьхэми алъэгъущт!
[37.176] Тэ типщынэжь ахэр дэгузажъоха?
[37.177] Ар ахэмэ япсэупIэмэ къызафехыкIэ, джа акъыл зэрагъэгъотхэрэм япчэдыжь тхьамыкIагъо зэрэхъущтыр!
[37.178] Охътэ гъэнэфагъэкIэ ахэмэ агокI,
[37.179] Ахэмэ алъыплъ, ежьхэми шIэхэу алъэгъущт!
[37.180] Ахэмэ Ащ гуагъэуцохэрэр зимыIэу, щытхъум и Тхьэу, о уи Тхьэ щытхъур ыдэжь!
[37.181] Ащ илIыкIохэм мамыр агъот!
[37.182] Зэрэдунае и Тхьэу, Алахьым щытхъур ыдэжь!

Шъад

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[38.1] Шъад. Узгъэсэрэ КъурIанымкIэ Iуагъэ сэшIы,
[38.2] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, джаурхэр пэгагъэм, къаигъагъэм хэтых.
[38.3] Ахэмэ апэкIэ ижъырэ цIыф лъэпкъ тхьапша Тэ дгъэкIодыгъэр! Шъхьафит тшIыжьынхэу ахэр къэлъаIощтыгъэх, ау шъхьафит шIыжьыгъо уахътэ щыIэжьыгъэп .
[38.4] Ежьхэм ащыщы ушъыякIо ригъэджэнхэу къызэрэкIуагъэр ахэмэ агъэшIэгъуагъ. Джаурмэ аIуагъ: "Ар уды, пцIыус!
[38.5] Тхьэхэм ачIыпIэ ащ зы Тхьэ закъо ригъэуцо шIоигъоуи? Шъыпкъэ дэдэмкIэ,ар Iоф гъэшIэгъон дэд!"
[38.6] Ахэмэ цIэрыIо дэдэу ахэтхэр IукIыжьыгъэх: "ШъукIу шъуитхьэмэ апае шъущаIэ! А Iофыр пшIоигъоу щытын фае.
[38.7] Ащ фэгъэхьыгъэу аужырэ диным тэ щызэхэтхыгъэп. Ар къэугупшысыгъ ныIэп.

[38.8] Тэ тщыщэу а зыр ара ащ фэдэ шIэныгъэ къызфырагъэхыгъэр? Ары, Сэ сишIэныгъэ ахэр еджэнджэшых. Ау Сэ сипщынэжь джыри IукIагъэхэп!
[38.9] Е о уи Тхьэу щытхъушхо зыпылъэу, къыуатэрэм ишIушIэ игъэтIылъыпIэ байхэр ахэмэ яIэна?
[38.10] Е уашъори, чIыгури, ахэмэ азфагу илъри ахэмэ аIэ илъа? КIапсэхэмкIэ ахэр ошъо лъагэм къыдэрэкIуаех!
[38.11] АшIэзэ бзэджагъэ зышIэхэрэм ащыщхэу сыд фэдэ дзэ мыщ къагъэкIуагъэми, ар къафыщт.
[38.12] Нухьи, Iади, мыжъосынхэр зыIэ илъэу фирхьауни яцIыф лъэпкъыхэм, Самуди, ЛютIи яцIыф лъэпкъыхэми,
[38.13] Ал-Айкэ щыпсэухэрэми, ар пцIыкIэ алъытэщтыгъэ.
[38.14] Хэти лIыкIохэр пцIыусхэу ылъытэщтыгъэ, Сэ сипщынэжь къэшъыпкъэжьыгъ!
[38.15] Мыхэми зы куо зэмкIэ зэхахыщт, ащ пIэлъэ лъыгъэкIуатэ иIэп.
[38.16] Ахэмэ аIуагъ: "Ярэби я Алахь! Тэ къыттефэрэр, къызыщытфэлъэгъощт мафэр къэмысызэ, псынкIэу къызэшIох,
[38.17] Ахэмэ аIорэр щаIэ, Тэ тиIумэт Даутэу лъэкI зиIагъэр угу къэгъэкIыжь. Ар ыгукIэ Тэ къытфэшъыпкъэу щытыгъ!
[38.18] Тэ ащ къушъхьэхэр фэдгъэIорышIагъэх, ахэмэ ахъшамыми нэфшъагъоми щытхъур ащ фаIо:
[38.19] Бзыухэу ащ дэжь щызэрэугъоищтыгъэхэри ары, зэкIэми ащ щытхъушхо фаIо.
[38.20] Ащ ипачъыхьагъу Тэ дгъэпытагъэ, адэгущыIэным пае Iушыгъи жэбзэ дахи еттыгъ.
[38.21] НэбгыритIоу зэдаощтыгъэхэм якъэбар о къыонэсыгъа? Мары, ахэр дэпкъым шъхьапырыкIхи, мэщытым чIэхьагъэх.
[38.22] Мары, ахэр Даутэ дэжь ихьагъэх, ахэмэ ар ащыщынагъ. Ахэмэ аIуагъ: "Умыщын, тэ нэбгыритIум тызэдао, титIу яз адырэм зэфэнчъэу дэзекIуагъ: Хьакъым тетэу тыкъызэхэф, уиунашъокIэ мызэфагъэ къызхэмыгъаф, гъогу занкIэм тыфащ.
[38.23] Мыр сэ сшы, ащ мэл тIокIиплIырэ пшIыкIубгъурэ иI, сэ зы мэл сиI. Ащ ыIуагъ: "Мэлым сэ сыфэгъаз!" игущыIэхэмкIэ сэ къыстекIуагъ".
[38.24] Ащ ыIуагъ: "О уимэл ежь имэлхэм ахэбдзэнэу къызэрэолъэIугъэмкIэ ащ угу хигъэкIыгъ. ШъыпкъэмкIэ, зэпэблагъэу щытхэм ащыщыбэхэр зэфэнчъэу зэдэзекIожьых, ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэхэрэр ахэмэ ащыщхэп, ахэр макIэ мэхъух ". Даутэ Тэ зэрэтыушэтрэр къыгурыIуагъ, къыфигъэгъунэу кIэгъожьыгъэу, чIыгум нэсэу шъхьащэ фишIызэ, и Тхьэ елъэIоу ар фежьагъ .
[38.25] Тэ ащ фэдгъэгъугъ, ащ пае Тэ къытпэблагъэу шъхьэегъэзыпIэ шIагъо иI.
[38.26] О Даут, о Iэшъхьэтетэу Тэ чIыгум утедгъэуцуагъ, хьакъым тетэу цIыфмэ яIоф зэхэф, шIоигъоныгъэ лъэшмэ зыдямыгъэхьых, армырмэ ащ Алахьым игъогу удигъэхыщт! Алахьым игъогу дэхыхэрэм къызяупчIыщтхэ мафэр зэращыгъупшагъэм пае пщынэжь лъэш афыщылъ!
[38.27] Джаурхэр зэрегупшысэхэу, уашъори, чIыгури, ахэмэ азфагу илъри Тэ пкIэнчъэу къэдгъэшIыгъэп. Джэхьнэм машIом джаурмэ тхьэ щяуагъ.
[38.28] Тхьэр зышIошъ хъухэрэр, шIу зышIэхэрэр чIыгум мыхъун щызышIэхэрэм афэдэ тшIынха? е Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр щыкIыгъэмэ афэдэ тшIынха?
[38.29] Акъыл зиIэхэр ягупшысэнхэм, зэрагъэшIэнхэм пае, ар тхылъ бэрчэтэу къыфедгъэхыгъ.
[38.30] Даутэ Тэ Сулейман къеттыгъ: Ар Iумэт шIагъоу зэрэщытыгъэр! Ыгу къыдеIэу кIэгъожьыгъэу ащ Алахьым зыфигъазэщтыгъэ!

[38.31] Мары, пчыхьэ уахътэм лъэкъуищыкIэ щытхэу, яплIэнэрэ лъакъор ылъабжъэкIэ ерагъэу чIыгум нэсэу, псынкIэу чъэхэрэр ащ къыфащэгъагъ,
[38.32] Ащ ыIуагъ: "ШIулъэгъоу мы шIуагъэм фэсшIыгъэр чэщ шIункIым хэкIодэжьыфэ, сэ си Тхьэ сыгу къэзгъэкIыжьыным сыщигъэуагъ.
[38.33] Ахэмэ садэжь къяжъугъэгъэзэжь!" Алъашъхьэхэм, апшъэхэм Iэ ащифэу ащ ригъэжьагъ.
[38.34] Ащ итахътэ псэ зыпыт горэ зытетэлъхьэм, Сулейман тыушэтыгъэ. Ащ ыуж ар кIэгъожьыгъ.
[38.35] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, сэ къысфэгъэгъу, сэщ нэмыкIэу зыми ыIэ къимыхьэгъэ хабзэ къысэт. Сыда пIомэ, О хьалэлэу отэ!"
[38.36] Джащыгъум Тэ ащ жьыбгъэр фэдгъэIорышIагъ. Ар ежь иунашъокIэ, шъабэу къепщэзэ, зыфэе лъэныкъомкIэ зигъазэщтыгъэ,
[38.37] Шэйтанхэу е гъэпсакIохэу, е псычIэгъесхэу щытыгъэхэри,
[38.38] НэмыкIхэуи пшъэхъукIэ зэпхыгъэхэри арых.
[38.39] Джары Тэ къышъоттыгъэхэр, гъунэ имыIэу тхьауегъэпсэу яIу е ямыIу.
[38.40] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ пае Тэ къытпэблагъэу шъхьэегъэзыпIэ дэгъу тиI!
[38.41] Джащ фэдэу Тэ тиIумэт Аюбэ угу къэгъэкIыжь. Мары, ар ежь и Тхьэ елъэIугъ: "Шэйтаныр узыкIэ, къинлъэгъукIэ къысэнэсыгъ!"
[38.42] "ПлъакъокIэ чIыгум тепкI! Мары псэу амдэз зэрэпштэщтыр, зызэрэбгъэучъыIэтэщтыр, узэшъощтыр".
[38.43] Тэ тишIушIэкIэ акъыл зиIэ цIыфхэм шIэныгъэ хахынэу, нахьыпэм ащ иIагъэм фэдэ унагъо еттыгъ.
[38.44] УитхьарыIо уепцIыжьыгъэу укъэмынэным пае уц ихыгъэкIэ IапIэ пIэкIэ убыти, уишъуз еу! ЩэIагъэ иIэу Тэ ар къычIэдгъэщыгъ. Iумэт шIагъу! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ыгу къыдеIэу кIэгъожьыгъэу ащ Алахьым зыфигъазэщтыгъэ!
[38.45] Джащ фэдэу Тэ тиIумэтхэу Ибрахьими,Исхьакъи, Якъуби угу къэгъэкIыжьых. Ахэр гупцIанэхэу, чыжьэу плъэхэу щытыгъэх.
[38.46] ТипсэупIэ фэгъэхьыгъэ гукъэкIыжь къабзэкIэ Тэ ахэр дгъэкъэбзагъэх,
[38.47] Ахэр Тэ тадэжь унэ хэхыгъэм, диныр зыгу илъмэ ащыщхэу щыIэх,
[38.48] Джащ фэдэу Исмахьили, Алесахьи, Зул-Кифли угу къэгъэкIыжьых, ахэр зэкIэ цIыфышIумэ ащыщыгъэх.
[38.49] Ахэр зэкIэ гукъэкIыжьых. ШъыпкъэмкIэ, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм шъхьэегъэзыпIэ дэгъу яI.
[38.50] ЕгъэшIэрэ джэнэтхэу ахэмэ апае зикъэлапчъэхэр зэIухыгъэхэр!
[38.51] Пхъэшъхьэ-мышъхьабэхэр, зэшъощтхэр зэряIэм пае Алахьым фэразэхэу ахэмэ аIо.
[38.52] Ахэмэ ягъусэщтых зинэплъэгъухэр едзыхыгъэу, ялэгъу бзылъфыгъэхэр.
[38.53] Шъо шъукъызэрагъэгугъагъэу къызшъоупчIыщтхэ мафэр джащ фэдэщт.
[38.54] Джащ фэд Тэ Iахьэу къышъоттырэр, ар уухынэу щытэп!
[38.55] ГунахьышIэмэ япсэупIэщтыр тхьамыкIэгъо дэд
[38.56] Джэхьнэмэу ахэр зыщыстыщтхэр ары, ар гъолъыпIэ дэй!
[38.57] Ахэр ерэплъых псэу къажъорэм, щыным,
[38.58] Ахэмэ афэдэх нэмыкIэу гур зыщыкIыхэрэ.
[38.59] А цIыф купэу емыгупшысэу шъуауж зыкъизыдзыгъэхэр. Ахэмэ мыщ гужьыдэгъэкI щагъотыщтэп, сыда пIомэ мы машIом ахэр хэстыхьащтых!
[38.60] Ахэмэ аIо: "Шъори гужьыдэгъэкI шъуиIэщтэп !Шъо ар къытфэжъугъэхьазырыгъ: Мы псэупIэр сыдэу гумэкIыгъуа!"

[38.61] Ахэмэ аIо: "Ярэби я Алахь, тэщ пае хэта мыр зыгъэхьазырыгъэр, ар машIом зэрэщыбгъэпщынэщтым фэдитIу хэгъахъу!"
[38.62] Ахэмэ аIо: "ЦIыф дэйхэм ащыщхэу тэ тлъытэщтыгъэхэр сыд пае тымылъэгъухэра,
[38.63] Тэ тыздэхьащхыщтыгъэхэр? Е тэ тынэмэ ахэр алъэгъунхэ алъэкIырэба?"
[38.64] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ары зытетыр, машIом къин щызылъэгъухэрэр зэрэзэдаохэрэр джащ фэдэщт.
[38.65] ЯIу: "Сэ сыушъыекIо-гъэдэIуакIу ныIэп, лъэкIышхо зиIэ Алахьы закъом фэшъхьаф тхьэ щыIэп,
[38.66] Уашъомрэ чIыгумрэ, ахэмэ азфагу илъым я Тхьэу, щытхъушхо зыпылъэу, къыфэзгъэгъурэм".
[38.67] ЯIу: "Ар къэбар ин дэд.
[38.68] Шъо ащ шъуакIыб фэшъогъазэ.
[38.69] Сэ шIэныгъэ сиIагъэп. Алахь лъагэмкIэ ахэр зэфэгубжыхэми.
[38.70] Сэ ушъыекIо=гъэдэIокIо нафэу сызэрэщытым фэшъхьаф зыпари нафэ къысфэхъугъагъэп".
[38.71] Мары уи Тхьэ мэлаIичмэ ариIуагъ: "Сэ цIыфыр ятIэм хэсэшIыкIы.
[38.72] Сэ ар зысыухэу Сэ спсэ лъапIэ щыщ ащ зыхаспщэкIэ, ащ шъхьащэ фэшъушIэу зешъудзых!"
[38.73] МэлаIичхэр зэкIэ зэгъусэхэу, Иблыс фэшъхьафрэ, натIэкIэ чIыгум нэсыгъэх,
[38.74] Ащ зигъэпэгагъ, джаурэу къычIэкIыгъ.
[38.75] Ащ ыIуагъ: "О Иблыс, Сэ сIэшъхьитIукIэ сшIыгъэм шъхьащэ фэпшIыным о сыда уфэзыIэжагъэр?. О пагэ узкIэхъугъэр хэхыгъэмэ уащыщышъ ара?"
[38.76] Ащ ыIуагъ: "Сэ ащ сынахьышIу. О машIом сыхэпшIыкIыгъ, ар ятIэм хэпшIыкIыгъ".
[38.77] Ащ ыIуагъ: "Мыщ икI, мыжъокIэ заохэрэр оры.
[38.78] Шъхьадж фалъэгъущтыр къызысыщт мафэм нэс Сэ сибгыбзэ о птелъ".
[38.79] Ащ ыIуагъ: "Я Алахь, ахэр къызщыхъужьыщтхэ мафэм нэс пIалъэр сфылъыгъэкIуат!"
[38.80] Ащ ыIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, зыфылъагъэкIотагъэмэ о уащыщ,
[38.81] ПIэлъэ гъэнэфагъэр къызысыщт мафэм нэс!"
[38.82] Ащ ыIуагъ: "ШъхьакIэфэныгъэу О уиIэмкIэ тхьэ сэIо, ахэр зэкIэ сэ хэзгъэукъощтых,
[38.83] Ахэмэ ащыщхэу О уиIумэтхэу гукъабзэ къыфызиIэхэм афэшъхьафхэр!"
[38.84] Ащ ыIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Сэ къасIорэр шъыпкъэ,
[38.85] Ори о уауж зэкIэ къырыкIуагъэхэри джэхьнэмыым изы Сэ сщIыщтых!"
[38.86] ЯIу: "КъурIаным пае тын къысфэшъушIынэу сышъолъэIурэп, ахэмэ апае пшIэн умылъэкIыщтыр спшъэ ислъхьажьрэп.
[38.87] ДунаимкIэ ар шIэныгъэу щыт ныIэп,
[38.88] Охътэ тIэкIу тешIэмэ, ащ шIуагъэу хэлъыр шъо къэшъушIэщт!

Алзумур

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[39.1] Щытхъушхо зыпылъ тхылъыр Iушэу Алахьым дэжь къекIы.
[39.2] Хьакъым тетэу тхыгъэр Тэ о къыфедгъэхыгъ. Алахьым шъхьащэ фэшI, Ащ ыпашъхьэ уидин щыгъэкъабз!

[39.3] Джэнджэш хэмылъэу, дин къабзэр Тхьэм идин. Алахьым фэшъхьаф IэпыIэгъухэр зыштагъэхэм аIо: "Ащ пэблагъэу тыщытэу, Алахьым пэблагъэ ташIыным пае, тэ ахэмэ шъхьащэ афэтэшIы ныIэп". Ахэр зэрэзэгокIхэрэр Алахьым къызэхифыщт! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, пцIыусыр, джаурыр Алахьым гъогу занкIэ рищэрэп!
[39.4] Сабый иIэнэу Алахьыр фэягъэмэ, Ежь къыгъэхъурэмэ ащыщэу Ащ шIоигъор къахихыни. Ащ щытхъур ыдэжь! Алахьыр зы, лъэкIышхо иI!
[39.5] Хьакъым тетэу Ащ уашъори чIыгури къыгъэшIыгъ. Ащ мафэм чэщыр, чэщым мафэр къырещэкIы, Ащ тыгъэмрэ мазэмрэ къызфегъэIорышIэ. Гъунэпкъэ гъэнэфагъэм нэс ахэр къекIокIых. Ар ин дэд, къыпфегъэгъу!
[39.6] Зы псэ шъо Ащ шъукъыхигъэкIыгъ, етIанэ ащ шъхьэгъусэ фэхъущтыр къыхишIыкIыгъ тIурытIоу зэгъусэхэу хьайуанхэр и къышъуитыгъэх. Зэ гъэпсыгъокIэ, шIункIищмэ шъуахэтэу, шъуянэмэ аныбэ кIоцIхэм Ащ шъуакъыщегъэпсы. Шъо шъуи Тхьэр Алахьыр ары, Ащ лъэкIыр ыIэ илъ, Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп, шъо шъуззэрагъэпцIагъэр!
[39.7] Шъо джаурэу шъущытыщтмэ, Алахьыр шъо къышъущыкIэрэп, Ежь иIумэтхэр динынчъэ хъунхэм Ар фэещтэп, ау шъо разэу шъущытмэ, шъощ пае Ар фэещт. Ыпсэ ихьылъэ къызэхьылъэкIрэм нэмыкI хьылъэр къехьылъэкIыщтэп. ЕтIанэ шъуи Тхьэ фэжъугъэзэжьыщт. ШъушIэрэмкIэ Ащ макъэ къышъуигъэIущт. Шъугу илъыр Ащ ешIэ!
[39.8] ЦIыфым тхьамыкIагъо горэ къызынэскIэ, и Тхьэ зыфигъазэзэ, кIэгъожьыгъэу Ащ елъэIу, етIанэ ар шIушIэкIэ Ащ къызыфызэблихъукIэ, ыпэкIэ,гъогум дигъэхыным пае, зыфелъэIущтыгъэр щэгъупшэжьы, Алахьым гъусэхэр фешIых. ЯIу :"Динынчъэу узэрэщытым зырыгъэтхъэжь, о машIом къин щызылъэгъущтхэм уащыщ!
[39.9] НатIэкIэ чIыгум нэсэу ипIэлъэ гъэнэфагъэхэм нэмаз зышIырэр, ащкIэ ахърэтым зыщызыухъумэрэр, и Тхьэ ишIушIэ щыгугъырэр арба шъхьакIэфэныгъэ зыхэлъыр? ЯIу: "ЗышIэхэрэмрэ зымышIэхэрэмрэ зым адырэр фэдэ хъуна?" Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ащ егупшысэхэрэр акъыл зиIэхэр ары!
[39.10] ЯIу: "О сэ сиIумэтхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, шъуи Тхьэ шъущыщт! Мы гъашIэм шIу щызышIэщтыгъэхэм шIу афыщылъ, Алахьым ичIыгу игъэкIотыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, щэIагъэ зиIэхэм ятын гъунэнчъэу аратыжьыщт.
[39.11] ЯIу: "Сэ Алахьым шъхьащэ фэсшIынэу, Ащ ыпашъхьэ диныр щызгъэкъабзэзэ,
[39.12] Быслъымэнхэм сащыщынэу унашъо къысфашIыгъ"
[39.13] ЯIу: "Сэ сыфэмыIорышIэмэ, си Тхьэ мэфэшхо мафэм ипщынэжь сыщэщынэ".
[39.14] ЯIу: "Сэ Алахьым шъхьащэ фэсэшIы, Ащ ыпашъхьэ диныр щызгъэкъабзэзэ.
[39.15] Ащ фэшъхьафэу шъо шъушIоигъом шъхьащэ фэшъушI!" ЯIу: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, чIэнагъэ зышIыгъэхэр къаймэт мафэм ежь-ежьырэу яунагъохэм зэрар языхыжьыгъэхэр арых. Ар чIэнэгъэ гъэнэфагъ!
[39.16] Ахэмэ мэшIо ошъуапщэхэр ащ щашъхьарытых, ычIэгъыкIи мэшIо ошъуапщэхэр ачIэтых". Алахьым Ежь иIумэтхэр ащкIэ егъэщынэх, о сиIумэтхэр, Сэ шъукъысщыщын!
[39.17] Шъхьащэ афамышIыным пае тхьэ сурэтхэм агокIыгъэхэм, Алахьым зыфэзгъэзагъэхэм апай къэбар гушIуагъор. Сэ сиIумэтхэр къэбарышIукIэ гъэгушIох,
[39.18] Мы гущыIэм кIэдэIукIхэзэ, ахэмэ анахьышIоу ахэтым лъыкIохэрэр! Ахэр Алахьыр зипащэхэр арых, ахэр акъыл зиIэ цIыфых.
[39.19] Пщынэжь гущыIэр къызфэшъыпкъэжьыгъэр, машIом хэтхэр о къэбгъэнэжьынха?
[39.20] Ау я Тхьэ ищынагъо зыгу илъыгъэхэмэ апай унэ хэхыгъэхэр, ахэмэ ашъхьагъ щагъэпсыгъэхэр, Ахэмэ ачIэгъ, Алахьым къызэригъэгугъагъэхэу, псыхъохэр щэчъэх-къызэригъэгугъэхэрэр Алахьым ыукъожьрэп!

[39.21] О плъэгъурэба Алахьым псыр уашъом къызэрэригъэхыгъэр, чIыгум псы лъакъохэу зэрэрищагъэхэр, етIанэ ащ ихьатыркIэ, къэгъагъ зэфэшъхьафхэр къариххэу фышъхьэ лэжьыгъэхэр къегъэкIых. ЕтIанэ ахэр мэгъонлэжьых, олъэгъу ахэр гъожьы хъужьыгъэхэу, етIанэ ахэр Ащ къурэ ешIыжьых. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, акъыл зиIэхэмкIэ ащ акъыл зыхэпхын хэлъ.
[39.22] IорышIэныгъэм Алахьым зыбгъэ къызыфызэIуихрэр арба и Тхьэ дэжь къикIырэ нэфынэм хэтыр? Алахьыр агу къамыгъэкIыжьэу зыгу пытэ хъугъэхэм Тхьэр яуагъ! Ахэр гъэнэфагъэу гъощагъэх.
[39.23] Тхыгъэ чIэгъчIэлъ къэIуакIэхэр, зэфэдэхэу къытегъэзэжьыгъэхэу зэджэнхэр зыдэтхэр, анахь шIэныгъэ дэгъур Алахьым къыригъэхыгъ. Я Тхьэ щыщынэрэмэ акIышъо ащ къыхэкIэу зэфащэ,етIанэ Алахьыр агу къызэрагъэкIыжьрэм пае ахэмэ акIышъохэри агухэри шъабэ мэхъужьых. Алахьым ипэщэныгъэ джащ фэд, ащкIэ Ащ зыфаер гъогу занкIэ тырегъэуцо. Ау Алахьым ыгъэгъуащэрэм пащэ фэхъун щыIэп.
[39.24] Къаймэт мафэм пщынэжь ин дэдэм ежь=ежьырэу зыщызыухъумэрэм фэдэ щыIэна, хэбзэнчъэ зышIагъэхэм къызараIокIэ: "Шъо зэжъугъэгъотыгъэр зэхашъушIэ!"
[39.25] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэм пцIыр аIыгъыгъ, ащ пае пщынэжьыр ахэмэ амышIэрэ лъэныкъомкIэ къафикIыгъ.
[39.26] ГъашIэу зыхэтхэм ахэр Алахьым щигъэцIыкIугъэх, ау ахърэтым ахэмэ хьазабэу щащэчыщтыр ащ нахьыб, ахэмэ ар ашIэщтыгъэмэ!
[39.27] Ахэр егупшысэнхэм пае мы КъурIаным чIэгъчIэлъ къэбар зэфэшъхьафхэр арапыбзэкIэ тхыгъэу, цIыфмэ апае къыщытхьыгъахэх,
[39.28] АрапыбзэкIэ зыпари къонщагъэ хэмылъэу, Тхьам ищынагъо агу илъэу ахэр хъунхэм пае!
[39.29] ЧIэгъчIэлъ гущыIэкIэ гъэсэпэтхыдэ Алахьым къарегъэлъэгъу пщылI нэбгырабэу зэгурымыIохэрэмэ зэдыряер, пщылIэу зы нэбгырэ закъом иер: ИтIур зэфэдэна? Алахьым щытхъур дэжь. Ау ахэмэ ащыщыбэхэм ар ашIэрэп!
[39.30] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ори улIэжьыщт, ахэри лIэжьыщтых.
[39.31] ЕтIанэ, къызщыхъужьыщтхэ мафэм, шъуи Тхьэ ыпашъхьэ шъуущызэдэожьыщт.
[39.32] Алахьым имыхьакъ тезылъхьагъэм, шъыпкъэр нафэ къызфэхъугъэм ыуж ар пцIыкIэ зылъытэщтыгъэм нахь дининчъэ хэт хъужьына. Джаурмэ чIыпIэ псэупIэ афэхъун джэхьнэмым иIэба?
[39.33] Шъыпкъэр къэзыхьыхэу ар шъыпкъэкIэ зыштэхэрэм Тхьэм ищынагъо агу илъ.
[39.34] Ахэмэ ашIоигъор зэкIэ я Тхьэ ыпашъхьэ къащыдэхъущт. ШIу зышIэхэрэм аратыщтыр джащ фэд,
[39.35] Алахьым ахэмэ Iоф дэйхэу ашIагъэхэр ыгъэкъэбзэжьынхэм пае, ахэмэ шIоу ашIэщтыгъэм тефэу шIу афишIэжьыным пае.
[39.36] Алахьыр арба иIумэтхэр зыгъэразэхэрэр? Ащ фэшъхьафэу ахэмэ яIэхэмкIэ о уагъэщынэ ашIоигъу. Алахьым ыгъэгъуащэрэм пащэ фэхъун щыIэп!
[39.37] Алахьыр пащэ зыфэхъурэм дэзгъэхын иIэщтэп. Алахьыр ин дэдэба, фэмыгъэгъуныр ыIэ илъба?
[39.38] О ахэмэ узяупчIыкIэ: "Хэта къэзгъэшIыгъэр уашъохэмрэ чIыгумрэ?" Iо хэмылъэу, аIощт: "Алахьыр ары!" ЯIу: "Алахьым фэшъхьафэу шъузэлъэIурэмэ шъуягупшысагъа, сэ Алахьым лые къысихы шIоигъо хъумэ, Ащ изэрар ахэмэ сыщаухъумэн алъэкIыщта? Е Ащ шIу къысфишIэ шIоигъо хъумэ, Ащ ишIушIэ зэтыраIэжэн алъэкIыщта?" ЯIу: Алахьыр сэркIэ икъущт, къот лъыхъухэрэм ягугъапIэ зылъэханэрэр Алахьыр ары!"

[39.39] ЯIу: "О силъэпкъэгъухэр!Шъугу къышъуиIорэмкIэ шъузекIу! Сэ сызэрэфаеу сызекIощт, шъо шIэхэу къэшъушIэщт,
[39.40] ЗыгъэцIыкIурэ пщынэжьыр къазфэкIощтыри егъэшIэрэ пщынэжьым хэтыщтри".
[39.41] Шъыпкъэр цIыфмэ ябгъэшIэным пае Тэ тхыгъэр къыфедгъэхыгъ, арышъ, гъогу занкIэ рыкIорэр ежь ыпсэ пае кIощт, ащ дэхырэм ежь лые зэрихыжьыщт. О ахэмэ шэсы уафэхъунэу щытэп.
[39.42] Алахьым цIыфмэ лIэныгъэр къафегъакIо е ахэр зыщылIэщтхэ уахътэр къызысыкIэ, е ахэр зыщычъыехэрэ уахътэу джыри лIэныгъэр къызщынэмысыгъэ уахътэм фэдэм. ЗиIоф ухыгъэ хъугъэм лIэныгъэр къыреты, адырэхэм пIэлъэ гъэнэфагъэ нэс ар ашъхьарехы. Егупшысэрэ цIыфхэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[39.43] Алахьым фэшъхьафэу ухъумакIо афэхъунхэр ахэмэ къагъотынхэуи? ЯIу: "ЛъэкI зимыIэхэу, зыпари къызгурымыIохэрэр ащ фэдэ таущтэу хъущтха?"
[39.44] ЯIу: "УхъумэкIоныр Алахьым ыIэ илъ, уашъохэри чIыгури ыIэ илъ, етIанэ Ащ дэжь шъо шъуагъэгъэзэжьыщт".
[39.45] Алахьыр зы заIокIэ, ахърэт гъашIэр зышIошъ мыхъурэмэ агу тефэрэп, ау Ащ фэшъхьафмэ ацIэ къызыраIокIэ, ахэр мэгушIох.
[39.46] ЯIу: "О Алахьэу уашъохэри чIыгуи къэзгъэшIыгъэу, шъэфыри нафэри зышIэрэр! О уиIумэтхэр зыфызэнэкъокъухэрэр къызэхэофы".
[39.47] Зэфэнчъэу щытхэм чIыгум телъым фэдиз яIэу, джыри ащ фэдиз ащ игъусэу яIагъэмэ, къызщыхъужьыщтхэ мафэм пщыныжь жъалымым ашъхьэ щаухъумэнэу ар уасэу къатыни. Ау ащыгъум ахэр зэмыгупшысагъэхэр Алахьым къафигъэкIони.
[39.48] Джащыгъум Iоф дэйхэу ашIагъэхэр апашъхьэ къыиуцожьынхи, ыпэкIэ ахэр зыдэхьащхыщтыгъэхэм якIодылIэжьыщтых.
[39.49] Насыпынчъагъэ горэ цIыфым къызехъулIэкIэ, Тэ къытэлъэIу, ау ащ ыуж Тэ тишIушIэ зеттыкIэ, еIо: "Ар сишIэныгъэ къыхьыгъ". НэмыкI шъыпкъ зэрэщытыр, ар ащкIэ ушэтынэу щытыгъ, ау ахэмэ ащыщыбэхэм ар ашIэрэп!
[39.50] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэми ар аIощтыгъэ, ау Iофэу ашIагъэм сыд фэдэ феда къафихьыгъэр?
[39.51] Ахэмэ ашIэгъэ Iоф бзаджэхэр арых атефэжьыгъэхэр, а цIыфхэм ащыщхэу зэфэнчъэу зекIощтыгъэхэр арых ашIэщтыгъэ Iоф бзаджэхэр зытефэжьыщтхэр. Ахэмэ ар щагъэзыен алъэкIыщтэп.
[39.52] Ахэмэ ашIэрэба щыIэныгъэм зыщыфэныкъохэр Алахьым ежь шIоигъом хьалэлэу зэраритхэрэр е ахэр зэригъэмакIэхэрэр? Тхьэр зышIошъ хъухэрэмкIэ ащ щысэ хэлъ!
[39.53] ЯIу: "О сэ сиIумэтхэу лые зэзыхыжьыгъэхэр, Алахьым ишIушIэкIэ шъугу шъумыгъэкIоды. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, псэкIодышIагъэр зэрэщытэу Алахьым егъэгъу. Ащ къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[39.54] Пщынэжьыр къышъонэсыным къыпэкIэ, шъукIэгъожьыгъэу шъуи Тхьэ зыфэжъугъаз, Ащ шъуфэIорышI, ащ ыуж IэпыIэгъу къышъуатыжьыщтэп.
[39.55] ОшIэ-дэмышIэу, шъумышIэзэ, пщынэжьыр къышъуфэкIоным къыпэкIэ, шъуи Тхьэ дэжь къикIэу нахьышIоу къышъуфырагъэхыгъэм шъулъыкIу,
[39.56] Псэм ымыIоным пае: "Алахьым фэсшIэн фаер фэсымышIэу, ахэмэ адэхьащхырэмэ сызэращыщыгъэм пае сэ сызэрэнасыпынчъэр!"
[39.57] Е ыIощт: "Сэ Алахьыр пащэ сфэхъугъэмэ, Тхьэм ищынагъо сыгу илъэу сыщытыни".
[39.58] Е, пщынэжьыр зилъэгъукIэ, ыIощт: "Сэ сызэрытыгъэм сиуцожьыгъэмэ, шIу зышIэрэмэ сащыщыни!"

[39.59] Ары! О уадэжь Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр къакIощтыгъэх, о ахэр пцIыкIэ плъытагъэх, зыбгъэпэгагъ, джаур ухъугъ.
[39.60] Алахьым имыхьакъ езыIуалIэщтыгъэхэр анэгухэр ушIуцIыгъэхэу Къаймэт мафэм о плъэгъущтых. Пагэ хъугъэхэм апае псэупIэ чIыпIэ джэхьнэмым иIэщтба?
[39.61] Тхьэм ищынагъо зыгу илъыгъэхэр япсэупIэшIумэ арысхэу Алахьым къыгъэнэжьыщтых, ахэмэ бзэджагъэ къанэсыщтэп, чэфынчъагъи къякIуштэп.
[39.62] ЗэкIэ Алахьым къыгъэшIыгъ, Ащ зэкIэ зэрегъакIо.
[39.63] Уашъохэмрэ чIыгумрэ яIункIыбзэхэр Ащ дэжь щыIэх. Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр щызгъэзыехэрэр насыпынчъэ хъущтых.
[39.64] ЯIу: "Алахьым фэшъхьаф шъхьащэ фэсшIынэу шъо унашъо къысфэшъошIа, о шIэныгъэ зимыIэхэр!"
[39.65] Ори уапэкIэ щыIагъэхэми нафэ къафэхъугъэхагъ: "Тхьабэ пшIошъ хъоу о узыхъукIэ, Iофэу пшIэрэр пкIэнчъэ хъущт, насыпынчъэмэ ащыщ ухъущт".
[39.66] Алахьым шъхьащэ фэшI, разэмэ ащыщ хъу!
[39.67] Осэ шъыпкъэу иIэмкIэ ахэмэ Алахьым уасэ фашIыщтыгъэп, ау чIыгур зэрэщытэу къызщыхъужьыщтхэ мафэм Ащ ыIэмычIэ илъыщт, уашъохэри гъэчэрэгъугъэхэу иджабгъукIэ ыIыгъыщт. Ащ щытхъур ыдэжь, ахэмэ Ащ гуагъэуцорэмэ Ар анахь лъаг!
[39.68] Сырынэм ымакъэ къэIущт, зэкIэ уашъом щыIи чIыгум щыIи, пчыкIэр къызэуагъэр зэрэлIэрэм фэдэу, илIыкIыщт, Алахьым (псаоу къыгъанэ) шIоигъомэ анэмыкIрэ, етIанэ ащ ымакъэ къэIущт, мары, бгъу пстэумкIи заплъыхьэзэ, ахэр къэтэджыжьыщтых.
[39.69] ЧIыгум и Тхьэ инэфынэкIэ ар къэшIэтыщт, тхылъыр къагъэтIылъыщт, пегъэмбархэри диным пае зыпсэ зытыгъэхэри къащэщтых, ахэмэ яIоф хьакъым тетэу зэхафыщт, агу хагъэкIыщтэп.
[39.70] Псэ пэпчъ ышIагъэр зэрэщытэу ратыжьыщт. Ахэмэ ашIагъэр Ащ нахьышIоу ешIэ.
[39.71] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэр купэу зэхэтхэу джэхьнэмым афыщтых, ахэр къызыкIохэкIэ, ащ ипчъэхэр Iухыгъэщтых, ащ иухъумакIохэм ахэмэ къараIощт: "Шъуи Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм къышъуфяджэхэу шъо шъущыщ пегъэмбархэр шъуадэжь къэкIогъагъэхэба, мы шъуимафэ шъузэрэIукIэжьыщтымкIэ къышъуфагъэпытэгъагъэба?" Ахэмэ аIуагъ: "Ары!" Ау пщынэжьым фэгъэхьыгъэу гущыIэр джаурхэмкIэ шъыпкъэ хъугъэ!
[39.72] Ахэмэ араIуагъ: "ЕгъашIэм шъущыпсэунэу джэхьнэм къэлапчъэм шъудахь!" ЗызгъэпагэхэрэмкIэ ар псэупIэ дэй!
[39.73] Я Тхьэ ищынагъо зыгу илъыгъэхэр купэу зэхэтхэу джэнэтым ащэщтых. Ахэр ащ къызыкIохэкIэ, ипчъэхэр Iухыгъэщтых, иухъумакIомэ къараIощт: "Мамыр шъогъот! ШIу къышъохъулI! ЕгъашIэм шъуисынэу шъуихь!"
[39.74] Ахэмэ аIощт: "Тыкъызэригъэгугъагъэр къэзгъэцэкIэжьыгъэу, чIыгур кIэнэу къытэзытыгъэ Алахьым щытхъур ыдэжь. Тэ тшIоигъо чIыпIэу джэнэтым иIэм тыщыпсэущт". Чанхэм ятын сыдэу шIагъуа!
[39.75] Дунэе лъэгапIэм ихьанэ-гъунэ къырачъыхьакIэу малаIичмэ я Тхьэ ищытхъу зэраIуатэрэр о плъэгъущт. Хьакъым тетэу цIыфмэ яIоф зэхафыгъ, аIощт: "Зэрэдунае и Тхьэу Алахьым щытхъур дэжь!"

Гъафер

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[40.1] Хьа Мим.
[40.2] КъурIаным итхэр Алахьэу щытхъушхо зыпылъым, Iушым дэжь къекIы,

[40.3] ПсэкIодышIагъэхэр зыгъэгъоу, тобэр къабыл зышIэу уигъэпщынэнкIэ лъэшым, бэу зытрэм. Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп: зыдагъэзэжьыщтыр Ащ дэжь.
[40.4] Джаурхэр ары ныIэп Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм афэгъэхьыгъэу зэнэкъокъухэрэр. Чаныгъэу ахэмэ хэгъэгум щызэрахьэрэм о ударэмыхьых.
[40.5] Ахэмэ апэкIэ Нухьэ ицIыф лъэпкъэу щыIагъи, ащ ыуж къэхъугъэ лъэпкъыхэми пцIыр къаигъэу аIыгъыгъ, лIыкIом текIонхэм пае ащ пэшIуекIоу гухэлъхэр лъэпкъ пэпчъ ышIыщтыгъэх, пцIыкIэ шъыпкъэр щагъэзыеным пае, ахэр ащ енэкъокъущтыгъэх. Ау Сэ ахэр зэкIэсыубытагъэх, шъолъэгъу Сэ ахэр зэрэзгъэпщынагъэхэр!
[40.6] О уи Тхьэ игущыIэ джаурхэмкIэ джауштэу къэшъыпкъэжьыгъ, ахэмэ машIом хьэзаб щалъэгъущт!
[40.7] Пачъыхьэ тахътэр зезыхьэхэу, ащ къегъэуцокIыгъэхэм я Тхьэ ищытхъу лъагэу аIэты, ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яI, Тхьэр зышIошъ хъурэмэ къафигъэгъунэу Ащ елъэIух: "Ярэби я Алахь, О уишIушIэкIэ, пшIэрэмкIэ зэкIэ къызэлъэоубыты! КIэгъожьыгъэхэу О уигъогу рыкIуагъэхэм къафэгъэгъу, джыхьнэм машIом ахэр щыухъумэх!
[40.8] Ярэби я Алахь, О къызэрэбгъэгугъэгъэ джэнэт чъыг хатэм ахэри ахэмэ ятэ=янэхэри, яшъхьагъусэхэри, якIалэхэри, диным ихабзэхэр зэрахьэхэу щытхэмэ, хащэх. О щытхъушхо ппылъ, уIуш!
[40.9] Ем ахэр щыухъумэх, а мафэм О ем щыуухъумэрэмэ афэбгъэгъугъ. Ар гъунэ зимыIэ насып!"
[40.10] А мафэм джаурмэ афэгъэзэгъэ макъэр зэхахыщт: "Зэфэмылъэгъужьыныгъэу шъо зэфышIуиIэм нахьи Алахьым фэмылъэгъуныгъэу къышъуфыриIэр нахьыб, диным шъуфащэ зэхъум, шъо джаурэу шъукъанэщтыгъэ!"
[40.11] Ахэмэ аIощт: "Ярэби я Алахь, О тIо тыбгъэлIагъ, тIо тыкъэбгъэхъужьыгъ. ПсэкIодшIагъэхэу тиIэхэр тштэжьыгъэх, икIыпIэ зи иIэба?"
[40.12] Алахьэу зизакъом уасэ фашIы зэхъум, шъушIошъ зэрэмыхъущтыгъэм пае джары къышъохъулIэщтыр, ау Ащ емыпэсыгъэхэр гуагъэуцохэ зыхъукIэ, шъушIошъ хъущтыгъэ. Унашъор Алахьэу лъапIэу лъагэм дэжь щыI.
[40.13] Ащ Ежь иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр къышъуегъэлъэгъух, шъощ пае гъомылэр уашъом къышъуфырегъэхы, ау Алахьым зыфэзгъазэрэр ары ныIэп ар зыгу къэкIыжьрэр.
[40.14] Джаурмэ ар афэмылъэгъуми, ыпашъхьэ диныр щыжъугъэкъабзэзэ, Алахьым нэмаз фэшъушI!
[40.15] (Тхьэм) анахь хэIэтыкIыгъэ лъэгапIэр ыIыгъ, пщыпIэ тахътэр ыIэ илъ, Ежь иунашъокIэ иIумэтхэм ащыщэу ежь шIоигъом, мафэу зыщызэIукIэжьыщтхэм фэгъэхьыгъэу яушъыизэ, псэр Ащ къафырегъэхы.
[40.16] А мафэм цIыфхэр Алахьым ыпашъхьэ зихьажьхэкIэ, ашIагъэм щыщэу зыпари Ащ шIуаушъэфын алъэкIыщтэп. А мафэм апшъэрэ лъэкIыр хэта зыIэ илъыщтыр ? Алахьэу зизакъоу, кIочIэшхо зиIэр ары!
[40.17] А мафэм псэ пэпчъ ышIагъэм елъытыгъэу тефэрэр ыгъотыщт, а мафэм мызэфагъи зэрахьащтэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, къыбдилъэгъущтымкIэ Алахьыр IэшIэх!
[40.18] Мафэу къэблагъэрэм фэгъэхьыгъэу ахэмэ яушъыизэ агурыгъаIу, мафэу гухэр чыишъхьэ шъыпкъэм къызщигъолъхьащтхэм, ытхьалэнхэкIэ къэнэжьырэ щымыIэу зыщыхъущтым. Хэбзэнчъэхэм ныбджэгъу хьалэли ухъумэкIо дэгъуи яIэщтэп.
[40.19] Янэплъэгъу мэхъаджэхэми агухэм аушъэфыри Ащ ешIэ.

[40.20] Хьакъым тетэу Алахьым Iофыр зэшIуехы, ау Ащ ычIыпIэкIэ ахэр зэлъэIухэрэм
зыпари зэшIуахырэп. Алахьым зэхехы, елъэгъу!
[40.21] Ахэр чIыгум тетыгъэхэба, алъэгъугъэба апэкIэ щыIагъэхэм кIэухэу афэхъугъэр?
ЛъэкIэу яIагъэмкIи, лъэужэу чIыгум къытыранагъэмкIи ахэр мыдырэмэ анахь лъэшыгъэх.
ПсэкIодшIагъэу яIэхэм апае Алахьым ахэр зэкIиубытагъэх. Алахьым щызыухъумэн ахэмэ
яIагъэп.
[40.22] Ар аущтэу зыкIэхъурэр Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр яIэхэу Тэ
тилIыкIохэр ахэмэ адэжь къызэрэкIощтыгъэхэм, ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ
зэрамышIыщтыгъэм пай. Алахьым ахэр зэкIиубытагъэх: уигъэпщынэнкIэ Ар лъэш,
кIочIэшху!
[40.23] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэмкIэ лъэкI нафэ иIэу Тэ Мосэ дгъэкIуагъэ
[40.24] Фирхьаун, Хьаман, Къарун адэжь. Ахэмэ аIуагъ: "УшхъухьэкIо пцIыус!"
[40.25] Тэ тадэжь икIырэ шъыпкъэр афахьэу ар зафакIом, аIуагъ: "Ащ игъусэу
шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэмэ якIалэхэр шъуукIых, ахэмэ яшъузхэр псаоу
къэжъугъанэх!" Ау джаурмэ ябзэджэгъэ гухэлъ шъэфхэр къадэхъугъэхэп!
[40.26] Фирхьаун ыIуагъ: "Сэ Мосэ сыукIынэу фит сышъушI, ар ежь и Тхьэ къерэдж,
шъуидин ащ зэблихъуным е хэгъэгум зэмызэгъыныгъэ къырилъхьаным сыщэщынэ!"
[40.27] Мосэ ыIуагъ: "Ифэшъуашэ къазщыдалъэгъужьыщт мафэм шIошъхъуныгъэ
шъыпкъэ фэзымышIыгъэ пагэхэм сапэшIуекIоу, сэри си Тхьэу шъори шъуи Тхьэу щытым
дэжь сэ шъхьэегъэзыпIэ сыщылъэхъу!"
[40.28] Динэу зэрытыр зыушъэфэу Фирхьаун илъэпкъ щыщэу Тхьэр зышIошъ хъурэ
цIыфым ыIуагъ: "Ащ моущтэу зэриIорэм пае цIыфыр шъуукIынэуи: "Сэ си Тхьэ Алахьыр
ары!" шъуи Тхьэ дэжь къикIырэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр иIэхэу
шъуадэжь къызэрэкIуагъэм пае? Ар пцIыусмэ, пцIэу ыусрэр ежь тефэжьыщт,ар
шъыпкъаIоу щытмэ, тхьамыкIагъоу шъузэригъэщынэрэмэ ащыщ горэ къышъонэсыщт.
Шъыпкъэ дэдэмкIэ, езгъэлыекIри пцIыусри Алахьым зэнкIагъэм фищэхэрэп!
[40.29] О сицIыф лъэпкъ! Непэ шъо хабзэр шъуIэ илъ, мы хэгъэгум (Мысырым)
шъущылъэш, ау Алахьым илъэкI къытфакIомэ, хэта тыкъэзыухъумэщтыр? Фирхьаун
ыIуагъ: "Сэ къышъозгъэлъэгъурэр слъэгъурэр ары ныIэп, гъогу зафэм шъурысэщэ".
[40.30] КъыIуагъ Iиман зиIэм: "О куп! Сышъутещыныхьэ куп=купэу зэмыдэIугъэхэм
ямафэ къышъуфэкIонкIэ,
[40.31] Нухьэрэ, Хьадрэ, Самудрэ якуп ямафэ фэдэ, ахэмэ ауж къикIыгъэхэм. Шъыпкъэ
дэдэмкIэ, Алахьым иджагъу иIумэтхэм жъалымагъэ арихыныр!
[40.32] О сицIыф лъэпкъ! ЦIыфхэр зэджэжьхэу зыщыхъущт мафэм сышъуфыщэщынэ,
[40.33] А мафэу шъуакIыб къэжъугъазэу шъузщыхэхьажьыщтым. Джащыгъум шъо
Алахьым шъущызыухъумэн зыпари шъуиIэщтэп, Алахьым ыгъэгъощагъэр гъогу занкIэ
тезыщэн иIэп!
[40.34] НахьыпэкIэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр иIэхэу Юсыф
шъуадэжь къэкIуагъ, ау къызышъуфакIом иIагъэм шъуеджэнджэшыныр
зэпыжъугъэущтыгъэп, ар зэлIэм, шъуIуагъэ: "Ащ ыуж Алахьым лIыкIо къыгъэкIощтэп!"
ЕзгъэлыекIрэр, еджэнджэшрэр Алахьым джаущтэу дегъэхы.
[40.35] Къамыгъэшъыпкъэжьэу Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэмэ афэгъэхьыгъэу
нэкъуакъорэмэ Алахьым ыкIи, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэмэ фэмылъэгъуныгъэу
афашIырэр ин дэд! Пагэу, щыкIырэ цIыф пэпчъ ыгу джаущтэу Алахьым зэфешIы!
[40.36] Фирхьаун ыIуагъ: "О Хьаман, а ошъогухэм салъыIэсыным пае къэлэсэрае сфэшI.

[40.37] Ошъогухэм, Мосэ итхьэ дэжь садэкIоещт, сыда пIомэ ар гъэпцIакIоу сэлъытэ".
Джаущтэу бзэджэгъэ Iофхэу Фирхьаун ышIагъэхэу дэгъу дэдэхэу ежь
къышIошIыщтыгъэхэм гъогум тырафыгъэу хъугъагъэ, Фирхьаун зэхилъхьагъэхэм
зыпарэми фащагъэп.
[40.38] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIэ цIыфэу (Мысыр исмэ ащыщым) ыIуагъ: "О сицIыф
лъэпкъ! Сэ сауж шъукъырыкIу, гъогу зафэм шъуесщэлIэщт!
[40.39] О сицIыф лъэпкъ! ГъашIэу шъузхэтыр дунэе хьаф ныIэп, ау зэпымыоу
шъузэрысыщтыр ахърэтыр ары зыщыжъугъотыщтыр.
[40.40] Бзэджагъэ зышIэрэм къыратыжьыщтыр бзэджагъэр ары ныIэп, шIу зышIэу
(хъулъфыгъэми бзылъфыгъэми зэфэдэ) шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIырэр ахэр
джэнэтым ихьащтхэр арых, ащ гъунэнчъэу къащяшIушIэщтых.
[40.41] О сицIыф лъэпкъ! Шъо шъукъэзгъэнэжьынэу сыд пае сышъуаджэра, ау сэ машIом
сыпэхьанэу шъо шъукъысаджэра?
[40.42] Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фысимыIэнэу, шIэныгъэ зыфысимыIэхэр Ащ
гозгъэуцонхэу шъукъысэджэ, ау сэ сышъоджэ Къыфэзгъэгъурэ ин дэдэм дэжь.
[40.43] Шъо сызыфашъущэрэм гъашIэу тызхэтми ахърэтми макъэ зэращыримыIэм, тэ
Алахьым зызэрэфэдгъазэрэм, езгъэлыекIхэрэр джыхьнэм машIом зэрэщыпсэущтхэм щэч
хэмылъэу щыт!
[40.44] Сэ къышъуасIорэр шъугу къэкIыжьыщт: Сэ сиIоф Алахьым есэты, шъыпкъэ
дэдэмкIэ, иIумэтхэр Алахьым къелъэгъух!
[40.45] ТхьагъэпцIыгъэ зыхэлъ бзэджагъэу ахэмэ фызэхалъхьэрэм ар Алахьым
щиухъумагъ, Фирхьаун илъэпкъ зэрар зыхэлъ пщыныжь къыфэкIуагъ
[40.46] МашIоу пчэдыжьи пчыхьи зэрагъэурэр, ау а сыхьатыр къызысыкIэ, къаIощт:
"Фирхьаун илъэпкъ пщыныжь лъэш дэдэм хэшъудз!"
[40.47] Мары, ахэр машIом хэтхэу зэнэкъокъух, цIыф хъыбэихэмэ зыхэзыIэтыкIыгъэхэм
араIощт: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъуауж тыкъырыкIуагъ, машIом щыщ Iахь нэмыIэми
тыщышъуухъумэн шъулъэкIыщта?"
[40.48] ЗыхэзыIэтыкIыщтыгъэхэм аIощт: "Тэ зэкIэми ащ тыхэт, шъыпкъэ дэдэмкIэ,
Алахьым иIумэтхэр къызэхифыгъэх!"
[40.49] Джыхьнэмым иухъумакIохэм машIом хэтхэм араIощт: "Тызэригъэпщынэрэр зы
маф ныIэми къытфигъэпсынкIэнэу шъуи Тхьэ шъутфелъэIу".
[40.50] УхъумакIомэ аIуагъ: "Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр яIэхэу
шъуилIыкIохэр къышъуфэкIогъагъэхэба? Ахэмэ аIуагъ: "Ары". УхъумакIомэ аIуагъ:
"ШъулъаIоба!" Ау джаурмэ ялъэIу гъощэныгъэм хэт ныIэп!
[40.51] Тэ тилIыкIохэми шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэми гъашIэу зыхэтхэм ыкIи
мафэу шыхьатхэр апашъхьэ къызщиуцощтхэм Тэ IэпыIэгъу тащыфэхъущт,
[40.52] А мафэу зэфэнчъэхэм зызэраухыижьрэр IэпыIэгъу къызщафэмыхъущтым бгыбзэ
ятэхы, ахэмэ апай зэрар зыщахьыщт псэупIэр!
[40.53] Тэ Мосэ гъогу занкIэ еттыгъ, Исраил ыкъомэ тхылъыр кIэнэу къафэдгъэнагъ
[40.54] Акъыл зиIэхэр рыгъозэнхэу, агу къэдгъэкIыжьынэу.
[40.55] ЩаIэ! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым гугъэу къытрэр шъыпкъэ, псэкIодшIагъэу
уиIэм пае къыфигъэгъунэу елъэIу, пчыхьи пчэдыжьи уи Тхьэ ищытхъу лъагэу Iэты!
[40.56] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэу къафэкIуагъэхэм
хэшIыкI фырямыIэу рызэнэкъокъухэрэм агу илъыр зызэрагъэиныщтыр ары, ахэр ащ
лъыкIэхьащтхэп, Алахьым дэжь шъхьэухъумапIэ щылъыхъу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ
зэхехы, елъэгъу!

[40.57] ЦIыфхэр къэбгъэхъунхэм нахьи, уашъомрэ чIыгумрэ къэбгъэшIынхэр бэкIэ нахь ин, ау цIыфмэ янахьыбэм ар ашIэрэп!
[40.58] Нэшъумрэ нэ псаумрэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу шIу зышIэхэрэмрэ бзэджагъэ зышIэхэрэмрэ зэфэдэхэп, макIэрэ ар шъугу къэшъогъэкIыжьы!
[40.59] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сыхьатыр къэсы ащ щэч хэлъэп, ау цIыфмэ янахьыбэм ар ашIошъ хъурэп!
[40.60] Шъуи Тхьэ къыIуагъ: "Сэ шъукъысэлъэIуи, джэуап сышъуфэхъущт, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Сэ шъхьащэ къысфашIыным зытезыIэтыкIхэрэр егъашIэм исынхэу джэхьнэмым ихьащтых".
[40.61] Чэщыр екIыфэ зыжъугъэпсэфыным пае Алахьым ар шъо къышъуитыгъ, шъуплъэным пае мафэр къышъуитыгъ. ЦIыфмэ къафишIэщт шIур Алахьым ыIэ илъ, ау цIыфмэ анахьыбэр рэзэнчъэ.
[40.62] Алахьыр шъо шъуи Тхьэ, щыIэр зэкIэ къыгъэшIыгъ, Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп. Шъо шъузэрагъэпцIагъэр!
[40.63] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр щызгъэзыехэри ащ фэдэу гъэпцIагъэх.
[40.64] ЧIыгум шъутетынэу къышъозытыгъэр, уашъор къышъуфэзгъэпсыгъэр, шъузэпэзгъэшыгъэр, теплъэ шIагъор, шIугъэхэр къышъозытыгъэр Алахьыр ары. Алахьыр ары шъуи Тхьэр, шIушIэгъабэ зиIэ Алахьэу дунаим и Тхьэр! Иморад къыдэрэхъу!
[40.65] Ар псэу, Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп, Ащ ыпашъхьэ диныр щыжъугъэкъабзэзэ, шъуелъэIу! Зэрэдунае и Тхьэ Алахьым щытхъур дэжь!
[40.66] ЯIу: "Сэ си Тхьэ дэжь къикIэу Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр къызысфэкIуагъэхэм, сэ зэрэдунае и Тхьэ зестынэу унашъо къызысфашIыгъэм ауж, Алахьым фэшъхьафэу шъузэлъэIухэрэм шъхьащэ афэсшIынэу Iизын сиIэп".
[40.67] Шъо ащ ятIэм шъухишIыкIыгъ, етIанэ гъуаткIом, етIанэ лъыпцIагъэм, етIанэ сабыеу шъукъигъэхъугъ, етIанэ кIуачIэ шъуигъэгъотыгъ, етIанэ шъо лIыжъы шъуишIыгъ. Шъо къышъухэт нахь пасэу лIэри, гъунапкъэу зыцIэ къетIуагъэм нэсыхэри, шъо ар къыжъугурыIонкIи мэхъу!
[40.68] Ащ къегъэхъух, егъалIэх, ау Iоф горэ зырихъухьэкIэ, ыIощт ныIэп: "Къэхъу!" ар къэхъу.
[40.69] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэмэ афэгъэхьыгъэу зэнэкъокъухэрэр зэрэгъощагъэхэр о плъэгъухэрэба,
[40.70] Тхылъыр, Тэ тилIыкIохэр зыфэдгъэкIуагъэхэр пцIыкIэ зылъытэхэрэр, ау ахэмэ ашIэщт,
[40.71] Апшъэмэ, алъакъомэ лъэхъухэр ателъхэ зыхъукIэ, ахэр халъэшъощтых
[40.72] Псэу къажъорэм, етIанэ машIом хагъэстыхьащтых.
[40.73] ЕтIанэ ахэмэ араIощт: "Тыдэ щыIа шъо Тхьэм гожъугъэуцощтыгъэр
[40.74] Алахьым фэшъхьафэу?" Ахэмэ аIощт: "Ахэр тшIогъощагъэх. Нахьыпэм тэ зыпарэми телъэIущтыгъэп". Джаущтэу Алахьым джаурхэр гъогум дегъэхых!
[40.75] ЗэрэщымыткIэ чIы шъхьашъом шъузэрэщыгушIощтыгъэм, зызэрэхэшъуIэтыкIыщтыгъэм пае ар шъощ пай!
[40.76] ЕгъашIэм ащ шъущыпсэунэу джьэхьнэмым икъэлапчъэ шъудахь! ЗыхэзыIэтыкIыхэрэмкIэ ар псэупIэ дэй!
[40.77] ЩаIэ! Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ипIалъэ шъыпкъэ: Тэ узэрэдгъэгугъэрэм щыщ Iахьэ е къыодгъэлъэгъущт, е удгъэлIэщт, Тэ тадэжь ахэмэ къагъэзэжьыщт.
[40.78] УапэкIэ Тэ лIыкIохэр къэдгъэкIогъагъэх, ахэмэ ащыщхэм якъэбар о къыфэтIотагъ, адырэхэм афэгъэхьыгъэу къыфэтIотагъэп. Сыд фэдэ лIыкIуи тефэщтыгъэп Алахьым

иIизын хэмылъэу Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ къыхьынэу. Ау Алахьым иунашъо къызыкIокIэ, хьакъым тетэу зэшIохыгъэ хъущт, джащыгъум пцIыкIэ узгъэмысэхэрэм чIэнагъэ ашIыщт.
[40.79] Шъо Алахьым хьайуанхэр, зымэ шъуатесэу шъузекIоным пае, адырэхэр гъомылэ шъуфэхъунхэм пае, къышъуитыгъэх.
[40.80] ШъугукIэ шъузфаем шъулъыIэсыным пае шъуифедэ ахэмэ ахэлъ, ахэмкIи къухьэхэмкIи шъо шъузэращэ.
[40.81] Ащ щысэтехыпIэхэр къышъуегъэлъэгъух. Алахьым ищысэмэ ащыщэу тара шъо щыжъугъэзыещтыр?
[40.82] Ахэр чIыгум тетыгъэхэба, алъэгъугъэба ежьхэм апэкIэ щыIагъэхэм кIэухэу афэхъугъэр? Ахэр бэ дэдэ хъущтыгъэх, лъэкIэу яIэмкIи чIыгум ужэу къытыранагъэмкIи нахь лъэшыгъэх. Ау зэрагъэгъотыгъэм ахэр къыгъэнагъэхэп!
[40.83] Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр яIэхэу Тэ тилIыкIохэр ахэмэ къызафакIохэм, ежьхэм шIэныгъэу яIагъэм рыгушIощтыгъэх, лые зэрахыщтыгъэм ахэр зэлъиубытыгъэх.
[40.84] Тэ тилъэкI залъэгъум, аIуагъ: "Тэ Алахьэу зизакъом шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшIыгъ, имыфэшъуашэу Ащ годгъэуцощтыгъэхэр щыдгъэзыягъэх!"
[40.85] Ау Тэ тилъэшыгъэ залъэгъум, ахэмэ яшIошъхъуныгъэ федэ къафихьыжьыгъэп. Джы щымыIэжьхэу Алахьым иIумэтыгъэхэм къафишIыгъэ гъогур джащ фэдагъ. Джаурхэм джаущтэу зэрар ашIыщтыгъэ!

Фушъшъилэт

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[41.1] Хьа Мим!
[41.2] Мары ГукIэгъушIэу, ГукIэгъу зыхэлъым къыригъэхыгъэ тхылъыр,
[41.3] Тхылъэу зиIэятэхэр къызгурыIорэмэ апае зыщызэхэугуфыкIыгъэр, арапыбзэкIэ къехыгъэ КъурIаныр,
[41.4] (Тхылъэу)къэбар къязгъэIурэр, къяушъыизэ къагурызгъаIорэр. Ау ахэмэ анахьыбэмэ акIыб къагъэзагъ, ахэр къэдаIохэрэп!
[41.5] Ахэмэ аIо: "О тызыфапщэрэм тыгухэр фызэлъагъэх, фызэфэшIыгъэх, ттхьакIумэхэр къыIуагъэх, шъорырэ тэрырэ тазфагу озымыгъэлъэгъурэ пщагъо ит, (о угу зэрэрихьэу) зекIо, (тэ зэрэтшIоигъоу) тызекIощт.
[41.6] ЯIу: "Сэ шъощ сыфэдэу сыцIыф, шъуитхьэ зэу сэ уахьыер къысфехы. Ащ шъуфаблэу, ыдэжь занкIэу шъукIу, Ащ къышъуфигъэгъунэу шъуелъэIу, нэмыкIытхьэхэр Тхьэм гозгъэуцохэрэмэ,
[41.7] Зэчъатыр зымытыхэрэмэ, ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзымышIыгъэхэм тхьэр яуагъ".
[41.8] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм мыухыжьын тын къаратыщт!
[41.9] ЯIу: "ЧIыгур мэфитIукIэ къэзгъэшIыгъэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъумышIэуи, Ащ зыгорэ фэжъугъадэу гошъогъэуцуа? Ар зэрэдунае и Тхь!
[41.10] Ащ чIыгум ыкIыIу пытэу щыт къушъхьэхэр къытыригъэуцуагъэх, иморад къыдэхъунэу ащ риIолIагъ гъомылэу тетхэр мэфиплIым къыкIоцI къыкIэупчIэхэрэм апай къыгъэшIыгъ.

[41.11] ЕтIанэ, уашъор Iугъоу щытэу зыщигъэпытагъ, уашъоми чIыгуми ариIуагъ: "ШъуIорышIэу е шъуIорышIэнчъэу шъукъакIу!" Ахэмэ аIуагъ: "ТыIорышIэу тыкъэкIуагъ!"
[41.12] Джащыгъум Ащ мэфитIум къыкIоцI уашъор къатиблэу ыгощыгъ, ошъо къат пэпчъ ышIэщтыр гуригъэIуагъ, анахь ошъо благъэр Тэ къэзгъэнэфхэрэмкIэ дгъэкIэрэкIагъэ, ухъумакIохэр фэдгъэнэфагъэх. Ин дэдэу, Iушым джащ фэд зэригъэпсыгъэр.
[41.13] Ахэмэ акIыб къагъазэмэ, яIу: "Адэрэ Самудрэ къатеогъэ жьыуаем фэдэ къызэрэшъутеощтыр шъосэIо".
[41.14] Мары, ахэмэ апэкIи аужкIи къафэкIуагъэх лIыкIохэр: "Алахьым фэшъхьафэу зыми шъхьащэ фэшъумышI". Ахэмэ аIуагъ: "Тэ ти Тхьэ шIоигъуагъэмэ, мэлаIичхэр къыгъэкIонхи, ау шъукъызфэкIуагъэр тэ тшIошъ хъурэп".
[41.15] ЗэрэщымыткIэ Адхэри чIы шъхьашъом щыпэгагъэх, аIуагъ: "ИлъэкIыкIэ хэта нахь лъэшыр?" Алахьэу къэзгъэхъугъэр илъэкIыкIэ зэранахь лъэшыр ахэмэ алъэгъущтыгъэба? Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэри ахэмэ щагъэзыещтыгъэх.
[41.16] ГъашIэу зыхэтхэм хьазаб шъхьэгъэцIыкIу пщынэжь ядгъэхьыным пае, Тэ ахэмэ мэфэкI мафэхэм жьыуае афэдгъэкIуагъ. Ау ахърэт гъашIэм пщынэжьэу ахьыщтым ащ нахьи нахь хьэйнапэ рыхъущтых, ащ щызыухъумэнхэ ахэмэ агъотыщтэп.
[41.17] Самудхэм Тэ гъогу занкIэ ядгъэлъэгъугъ, ау гъогу занкIэм ычIыпIэкIэ, нэшъунхэр ахэмэ нахьышIу алъэгъугъ. Жьыуаеу шъхьэгъэцIыкIу пщынэжьыр къэзыхьрэр ахэмэ ашIагъэм пае къатеуагъ.
[41.18] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, Тхьэм ищынагъо зыгу илъыгъэхэр Тэ къэдгъэнэжьыгъэх.
[41.19] Алахьым ипыйхэр мэшIо пашъхьэм зыщыщаугъоижьыщтхэ, куп Iужъоу зэхэтхэу зыщыкIощтхэ мэфэмкIэ ахэмэ афэгъэпыт.
[41.20] Ахэр Ащ ыдэжь къызэкIожьхэм, атхьакIумэхэри, анэхэри, акIышъуи апэшIуекIохэу шыхьат хъугъагъэх.
[41.21] Ахэмэ акIышъохэм араIуагъ: "Тэ шъукъытпэшIуекIоу сыд пае шыхьат шъухъура?" Ахэмэ аIуагъ: "Джа Тхьэу псэ зыпыт пэпчъ бзэ Iузылъхьагъэм тэ тыкъегъэгущыIэ. Шъо Ащ шъукъигъэхъугъэмэ, шъо Ащ дэжь джыри къэжъугъэзэжьыщт".
[41.22] Шъо шъутхьакIумэхэри, шъунэхэри, шъукIышъохэри къышъупемышIокIонхэу зыжъугъэбылъын шъулъэкIыщтыгъэп, ау шъушIэрэм щыщыбэ Алахьым ымышIэу шъо къышъушIошIыщтыгъэми.
[41.23] А шIошъхъуныгъэ нэпцIымкIэ шъо зыжъугъэпсэфыгъ, ащ шъуекIодылIагъ, джы шъо чIэнагъэ зышIыгъэмэ ащыщ шъухъугъ.
[41.24] Ахэмэ афэщыIэмэ, машIор яшъхьэегъэзыпI, ау шIу афашIэнэу къэлъаIохэ хъумэ, шIу зыфашIэрэмэ ащыщ хъущтхэп.
[41.25] Ахэмэ апашъхьэ итымрэ аужкIэ щыIагъэмрэ дахэу язгъэлъэгъугъэ ныбджэгъухэр апэдгъэуцуагъэх, щыкIыгъэ цIыф лъэпкъыхэу ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэм атыралъхьэгъагъэу шэйтанхэмрэ цIыфхэмрэ къахэкIыгъ, ахэр кIодыщтых.
[41.26] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм аIуагъ: "КъурIаным къеджэхэ зыхъукIэ, шъуемыдэIу, къеджэрэм ымакъэ зэхэшъумыхыным пае, лъэшэу шъугущыI. Шъо шъуатекIонкIи мэхъу!"
[41.27] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм шIокIыпIэ имыIэу пщынэжь хьылъэ зэхашIэнэу Тэ атетлъхьащт! Дэеу ашIэщтыгъэм тефэрэр Тэ ахэмэ ядгъэгъотыщт!
[41.28] Джары Алахьым ипыймэ шIухьафтынэу яIэщтыр, ащ егъашIэм ахэр хэтыщтых, сыда пIомэ, ахэмэ Тэ тиIэятэ къэгъэ шъыпкъэжьыгъэхэр щагъэзыещтыгъэх.

[41.29] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм аIуагъ: "Ярэби я Алахь, цIыфхэми е шэйтанхэми ащыщхэми, тэ тызгъэгъощагъэхэр къытэгъэлъэгъух, кIодынхэм пае ахэр тлъэгу чIэгъ чIэтыдзэщтых!"
[41.30] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, моущтэу зыIохэрэм: "Тэ ти Тхьэр Алахьыр ары", етIанэ Ащ дэжь занкIэу кIохэрэм мэлаIичхэр къафехых. Шъумыщын, шъумынэшхъэй, шъукъызэрагъэгугъэгъэ джэнэтым шъукIэгушIу!
[41.31] Шъо гъашIэу шъузхэтми ахърэтми Тэ шъутиныбджэгъу. Шъощ пае ащ щыIэр шъугухэр зыфаехэр ары, шъощ пае ащ щыIэр шъузкIэлъэIурэр ары.
[41.32] Джаущтэу шъуиштэщт Къыпфэзгъэгъоу, ГукIэгъушIэм.
[41.33] Алахьым фэзыщэхэрэм жабзэу Iулъым нахь дахэ хэт Iулъына, шIу зышIэу зыIорэм; "Сэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым зезытыгъэмэ сащыщ!"
[41.34] ШIумрэ емрэ зэготхэу кIонхэ алъэкIыщтэп. Ем пае шIу шIэ, о плъэгъущт уипый ныбджэгъу ухъумакIо къызэрэфэхъущтыр.
[41.35] Ау зыщыIэщтыгъэхэм афэшъхьаф ар зыпарэми фагъэшъошагъэп, насыпышхо зыIэ илъмэ афэшъхьаф ар зыпарэми фагъэшъошагъэп.
[41.36] О ем шэйтаным уфегъэблымэ, Алахьым дэжь шъхьэегъэзыпIэ щылъыхъу, сыда пIомэ, Ащ зэхехы, зэкIэ ешIэ!
[41.37] Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэмэ ащыщых мафэри чэщыри, тыгъэри мазэри. Тыгъэми мазэми шъхьащэ афэшъумышI, ау ахэр къэзгъэшIыгъэм шъо лъытэныгъэ фэшъошIымэ, Алахьым шъхьащэ фэшъушI!
[41.38] Ау ахэр пагэ хъухэмэ, уи Тхьэ дэжь щыIэхэм Ащ ищытхъу чэщи мафи аIо, ахэр пшъыхэрэп.
[41.39] Ащ ищысэтехыпIэмэ ащыщ пкIыжьыгъэ фэдэу чIыгур о зэрэплъэгъурэр, ау Тэ ащ псыр къызыфедгъэхыкIэ, ар мэгумэкIы, къэбэгы. Ащ псэ къыпызгъэкIэжьыгъэм лIагъэхэри къыгъэхъужьыщтых. Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп!
[41.40] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр зымыштэхэрэр Тэ тинэплъэгъу икIхэрэп! Къаймэт мафэм щынэгъончъэ чIыпIэ итэу (Тхьэм ыпашъхьэ) къихьажьыщтым нахьи нахь IахьышIу ыгъотына псэкIодшIэгъабэ зиIэу машIом хадзэщтым? Шъо шъушIоигъор шъушIэ: шIо шъушIэрэр Ащ къелъэгъу!
[41.41] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тхылъэу къаратыгъэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзымышIыгъэхэр мысэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар тхылъ лъэпIэ дэд!
[41.42] Сыд фэдэ лъэныкъокIэ ар къэкIуагъэми, пцIыр ащ лъыIэсыщтэп, ар Iушэу Щытхъушхо зыпылъым къыригъэхыгъ.
[41.43] УапэкIэ щыIэгъэ лIыкIомэ арамыIуагъэ ащ зыпари къыщыуаIорэп. Ау уи Тхьэу къыфэзгъэгъурэ дэдэм хьазаб пщынэжьыри иI!
[41.44] НэмыкIыбзэкIэ тхыгъэ КъурIанэу Тэ ар тшIыгъагъэмэ, ахэмэ аIони: "Ащ иIэятэхэр зэхэугуфыкIыгъэхэу къиIотыкIыгъагъэхэмэ!" НэмыкIыбзэкIэ тхыгъэ тхылъымкIэ сыдэущтэу араб цIыф лъэпкъым удэгущыIэщта? ЯIу: "ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэмэ ар апай, ахэмкIэ ар IэпыIэгъу, Iэзэгъу, ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм атхьакIумэхэр дэгух, ахэр ащ фэнэшъух, чыжьэу щыIэхэу Тхьэм уфэзыщэнхэу къаджэрэмэ ахэр афэдэх".
[41.45] Тэ Мосэ тхылъыр еттыгъах, ащ фэгъэхьыгъэу зэнэкъокъум зыкъыIэтыгъ. (ПIалъэр зэрэлъагъэкIуатэрэр) ахэмэ пэшIорыгъэшъэу араIуагъахэу щымытыгъэмэ, ахэмэ яIоф лъэтемытэу зэшIуахыщтыгъэ, сыда пIомэ, мы тхылъым фэгъэхьыгъэу ахэр гумэкI джэнджэшым хэтыгъэх.

[41.46] ШIу зышIэщтыгъэм ежь ышъхьэ фишIэжьыгъ, ау е зышIэщтыгъэм ежь зэкIодылIэжьыщтыр ышIэщтыгъэ, о уи Тхьэ иIумэтхэмкIэ шъхьэкIохэп.
[41.47] А зыр ары сыхьатыр зышIэрэр, Ащ ишIэ хэмылъэу фышъхьацэм лэжьыгъэ къытырэп, бзым ыныбэ ридзэрэп, зы щыр къылъфырэп. А мафэм Ащ къызиIокIэ: "Тыдэ щыIэха Сэ къызгуагъэуцуагъэхэр!" Ахэмэ аIощт: "Тэ макъэ О къыодгъэIугъ, тэ сыд фэдэ шыхьати къытхэтэп!"
[41.48] Тхьэхэу нахьыпэм ахэр зэлъэIущтыгъэхэр янэплъэгъу икIодыкIыжьыгъэх, ахэмэ ашIэщт ащ шъхьэегъэзыпIэ зэрэщырямыIэр.
[41.49] ШIушIэ зэфэшъхьафхэр къыритынхэу цIыфыр зэпымыоу Алахьым еубзэ, ау тхьамыкIагъо горэ къызэрэфакIоу, ащ ыгу мэкIоды, пкIэ иIэжьрэп.
[41.50] ФыщыкIэу зыщытыгъэм ыуж тишIушIэ зэхишIэнэу Тэ зеттыкIэ, ащ Iо хэмылъэу, еIо: "Ар аущтэу хъунэу щытыгъ, сыхьатыр зэгорэм къысфэсынэу сыгугъэрэп, си Тхьэ дэжь згъэзэжьынэу хъугъэми, Iо хэлъэп. Ащ сэ къысфишIэн шIушIэ иI". Iо хэлъэп, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм ашIагъэр Тэ ятIощт, пщынэжь пхъашэ зэхашIэнэу яттыщт.
[41.51] ЦIыфым шIушIэр зыфэдгъэшъуашэкIэ, ыкIыб къегъазэ, IокIыжьы. Ау насыпынчъагъэ къызехъулIэкIэ, лъэIу игъэкIотыгъэкIэ зыкъытфегъазэ.
[41.52] ЯIу: "Шъо сыдэущтэу къышъущыхъура? КъурIаныр Алахьым дэжь къекIымэ, ау а тхылъым шIошъхъуныгъэ фышъуимыIэмэ, охътэ кIыхьэкIэ ащ къыпызыгъэм нахь лъэшэу угъоищэжьын плъэкIыщтмэ къашъуIо?"
[41.53] (КъурIаныр) шъыпкъэу зэрэщытыр ахэмэ нафэ афэмыхъуфэ Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр хэгъэгу зэфэшъхьафхэм щядгъэлъэгъущтых. Ар сыд фэди зэришыхьатыр о уи ТхьэкIэ икъущтба?
[41.54] Тхьэм зэрэIукIэжьыщтхэм ахэр еджэнджэшыхи! Ащ зэкIэ щыIэр къызэлъеубыты!

Алщура
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[42.1] Хьа Мим.
[42.2] Iаин Син Къаф.
[42.3] Алахьэу ин дэдэу, Iушым ори уапэкIэ щыIагъэхэми нэфагъэ зыхэлъыр джаущтэу къышъуфырегъэхы!
[42.4] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Ащ ыIэ илъ. Ар лъагэ, ин дэд.
[42.5] Ахэмэ ашъхьагъ уашъор зэгозынэу хьазыр, ау я Тхьэ ищытхъу мэлаIичмэ аIэты, чIыгум тетхэм къафигъэгъунэу елъэIух. Ары! Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[42.6] Ащ фэшъхьафэу ухъумакIохэр зыштагъэхэм Алахьыр алъэплъэ, о ахэмэ шэсы уафэхъурэп.
[42.7] Къуаджэмэ янэ, ащ къегъэтIысэкIыгъэхэм уяушъыизэ агурыбгъэIоным пае, джэнджэш зыхэмылъ мафэу зыщаугъоижьыщтхэм фэгъэхьыгъэу агурыбгъэIоным пае, араб КъурIаныр Тэ о къыбгурыдгъэIуагъ. Зы купыр джэнэтым ис, зы купыр джэхьнэмым ис.
[42.8] Алахьым шIоигъуагъэмэ, зы цIыф лъэпкъ ышIынхи, ау Ащ ишIушIэн зэритрэр Ежь шIоигъор ары. Ау мызафэхэм яIэп къэзыухъумэнхи, IэпыIэгъу афэхъуни!
[42.9] Ащ фэшъхьаф къэзыухъумэнхэр ахэмэ аштэгъэнхэуи? Алахьыр ары ухъумакIор, Ащ лIагъэхэр къегъэхъужьых, Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп!
[42.10] Ау шъо шъузфызэгокIыгъэм изэшIохын Алахьым ыIэ илъ. Алахьыр (зыфыщыIэр) шъощ пай, си Тхьэ, сэ Ащ цыхьэ фэсшIыгъ, Ащ зыфэсэгъазэ.

[42.11] Уашъомрэ чIыгумрэ къыгъэшIыгъ. Шъо шъущыщхэу шъхьагъусэхэр къышъуфигъэхъугъ, былымхэри тIурытIоу къыгъэхъугъэх. Шъо Ащ (чIыгум) шъутырепхъэ, Ащ фэдэ хъун зыпари щыIэп. Ащ зэхехы, елъэгъу!
[42.12] Уашъоми чIыгуми яIункIыбзэхэр Ащ ыIыгъ, Ежь шIоигъом щыIакIэр фырегъэкIоты, зыфаеми щыIакIэр фегъэзэжъу. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ сыдырэри ешIэ!
[42.13] Шъощ пае Нухьэ дин унашъоу къыфишIыгъэр Ащ хабзэу диным щигъэуцугъ. Тэ нафэ о къыфэтшIыгъэри, Ибрахьими, Моси, Хьиси дин унашъоу афэтшIыгъэри ары: "Диныр занкIэу шъуIыгъ, ащ зыщышъумыгощ!" Тхьабэ зышIошъ хъухэрэмкIэ къин О зыфапщэхэрэр! Ежь зыфаер ыдэжь ыщэжьынэу Алахьым къыхехы, зыфэзгъазэрэр Ежь ыдэжь ещэжьы.
[42.14] Джэгъогъуныгъэу азфагу илъым къыхэкIэу, шIэныгъэр къызафэкIогъэ нэуж ныIэп ахэмэ зызагощыгъэр. ГущыIэу о уи Тхьэ дэжь къикIэу пIэлъэ гъэнэфагъэкIэ апэ къишъыгъэр мыхъугъэмэ, ахэмэ азфагу Iофыр ухыгъэ щыхъущтыгъэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ ауж тхыгъэр кIэнэу зыштагъэхэр, ахэр ащ ехъырэхъышэх, темыIэмыхьэх.
[42.15] Ащ пае о унашъо къызэрэпфашIыгъэу ядж, занкIэу щыт, ахэмэ яфэщэныгъэ лъэшхэм зыдямыгъэхьых, Iо: "Тхыгъэм щыщэу Алахьым къыригъэхыгъэм сэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэсшIыгъ, шъо шъуазфагу зафэу ситынэу сэ унашъо къысфашIыгъ! Алахьыр тэри ти Тхьэ, шъори шъуи Тхь, тэ тшIагъэхэр тэ тиех, шъо шъушIагъэхэр шъуиех. Зыгорэхэр къэзыущыхьатынхэ тэрырэ шъорырэ тазфагу илъэп. Алахьым тэ тиугъоижьыщт, Ащ дэжь дгъэзэжьыщт!"
[42.16] Джэуап заратыжьыгъэм ыуж Алахьым фэгъэхьыгъэу зэнэкъокъухэрэм, Тхьэм дэжь зыгорэ къыраушыхьатынэу ахэмэ яIэр зи арыхэп, ау ахэмэ губж лъэшыр атефагъ, пщынэжь лъэш афыщылъ!
[42.17] Шъыпкъэр зэрыт тхылъыр, щэчалъэр къезгъэхыгъэр Алахьыр ары. О сыдым фапшIэра, сыхьатыр блэгъэнкIи мэхъу!
[42.18] АщкIэ зыгъэгузажъохэрэр Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзымышIыгъэхэр ары. Ау Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэу, Ащ щыщынэхэрэм, Ар зэрэшъыпкъэр ашIэ. Ары! Сыхьатым фэгъэхьыгъэу еджэнджэшхэрэр, Iо хэмылъэу, лъэшэу гъощагъэх.
[42.19] Алахьыр Ежь иIумэтхэм афэшIу. ЗэрэшIоигъоу хэти къырыкIощтыр Ащ къыреты. Ар лъэш, ин дэд!
[42.20] Ахърэт гъашIэм пае езыпхъыным фаблэрэм хилъхьэрэм Тэ фыхэдгъэхъощт, ау зыхэт гъашIэм пае хэзылъхьэ зышIоигъом иер Тэ еттыщт, ау ахърэтым ащ зыпари Iахь щыриIэп!
[42.21] Е ахэмэ Алахьым ымыдэрэр диным хабзэкIэ къащыфагъэуцугъэхэу ныбджэгъухэр яIэха? Унашъо къэзышIырэ гущыIэр ары мыхъугъэмэ, ахэмэ азфагу Iофыр ухыгъэ щыхъуни. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, зафэу щымытхэм апай хьазаб пщынэжьыр!
[42.22] Къаймэт мафэм плъэгъущтых дэйхэр зышIагъэхэр ашIагъэм пае щынэхэу, зыщыщынэхэрэр ахэмэ къатефэщт. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэр джэнэт къэгъагъэмэ ахэтых. Ахэмэ зэкIэ ашIоигъор я Тхьэ дэжь щыI. Ар шIушIэн ин дэд!
[42.23] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэу Ежь Алахьым иIумэтхэм мары къэбарэу къаригъэIурэр. ЯIу: "Сэ тын къысфэшъушIынэу сышъолъэIурэп, къышъупэблагъэхэм гукIэгъу афэшъушIынэу сышъолъэIу, шIу зышIэрэм Тэ шIоу ышIагъэм шIу къыхэдгъэхъощт". Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, разэ!

[42.24] Е ахэмэ аIощт: "Ащ пцIыр къыугупшыси, Алахьым тырилъхьагъ!" Алахьым шIоигъуагъэмэ, Ащ о угу къызэфишIыни, Алахьым пцIыр тырегъэкIы, Ежь игущыIэхэмкIэ шъыпкъэр егъэуцужьы: гум илъыр Ащ ешIэ!
[42.25] Ежь иIумэтхэм якIэгъожьыныгъэ зыштэжьрэр Ары, бзэджэшIагъэхэр къафегъэгъух, шъо шъушIэрэр ешIэ.
[42.26] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, шIу зышIэщтыгъэхэм Ащ джэуап къареты, Ежь ишIушIагъэ къафегъэбагъо. Ау джаурхэр пщынэжь лъэшыр ахэмэ апай!
[42.27] Алахьым Ежь иIумэтхэм яIахь нахьыбэ ышIыгъагъэмэ, ахэр чIыгум щыщыкIыныех, ау зэрэшIоигъоу, шапхъэм тетэу Ащ къафырегъэхы. Ащ Ежь иIумэтхэм афэгъэхьыгъэр ешIэ, елъэгъу!
[42.28] Ахэмэ агу зыкIодыгъэм ыуж Ащ ощхыр къафырегъэхы, Ежь ишIушIагъэ къатыреубгъо. Ар ухъумакIу, щытхъушхо пылъ.
[42.29] Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэмэ ащыщ уашъохэмрэ чIыгумрэ къызэригъэшIыгъэр, ащ къатырипхъагъэ псэушъхьэхэр. ШIоигъомэ, ахэр ыугъоижьынхэмкIэ Ащ лъэкIышхо иI!
[42.30] Шъо тхьамыкIагъоу къышъохъулIэрэр шъуIэмэ къышъуфахьыжьыгъэм пай, Ащ бэ къышъуфигъэгъурэр.
[42.31] Тхьэм къышъуфигъэшъуашэрэм шъуIэпыкIын шъулъэкIыщтэп, Алахьым фэшъхьаф шъукъэзыухъумэни, IэпыIэгъу къышъуфэхъуни шъуиIэп!
[42.32] Къушъхьэмэ афэдэ къабзэхэу хым щесырэ къухьэхэр Ащ ищысэтехыпIэмэ ащыщых.
[42.33] Ащ шIоигъо хъумэ, жьыбгъэр егъэIасэ, ахэр самбырхэу ащ ытхыцIэ къытенэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, хэтми щэIагъэ зыхэлъэу, разэм ащ щысэ фыхэлъ!
[42.34] Е зэрагъэгъотыгъэм пае Ащ ахэр егъэкIодых, бэ къафигъэгъурэр.
[42.35] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэмэ афэгъэхьыгъэу зэнэкъокъурэмэ арэшI къэзгъэнэжьынхэ зэрэщымыIэр!
[42.36] Къышъуатыгъэр зэкIэ гъашIэу шъузхэтым щыжъугъэфедэщтыр ары. Ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, я Тхьэ щыгугъыхэрэм,
[42.37] ПсэкIодышхуи къэрарынчъагъи защызыдзыехэрэм, губж лъэш зашIыкIэ зыгъэгъухэрэм.
[42.38] Я Тхьэ джэуап къызфэхъугъэхэм, нэмаз зышIыхэрэм, яIофхэр джэнджэшэгъу зэфэхъухэзэ зэшIозыххэрэм, Тэ ахэмэ яттырэм щыщ зытыжьхэрэм Алахьым ишIушIэ нахьыбэрэ афикъущт.
[42.39] ШъхьакIо къызэхъулIэхэрэр, ахэр IэпыIэгъу лъэхъух.
[42.40] Бзэджагъэм фэшъуашэр ащ фэдэ бзэджагъ. Ау зыгъэгъоу, зэгурызгъаIорэм тынэу фашIыщтыр Алахьым дэжь щыI. Зэфагъэ зыхэмылъхэр Ащ шIу ылъэгъухэрэп!
[42.41] Лые къызэрахыгъэм зызтырихыжьыкIэ губгъэн телъэп.
[42.42] ШъхьакIорэ бзэджагъэрэ зышIэхэрэр цIыфхэр ары, ащкIэ лыягъэ зыхыхэрэр. Ахэмэ хьазаб пщынэжь лъэш афыщылъ.
[42.43] Ау, Iо хэлъэп, зыщыIэу, зыгъэгъурэм. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар къызхэкIрэр яIоф зэрэфэшъыпкъэхэр ары.
[42.44] Алахьым гъогум дигъэхырэм Ащ ыуж къэзыухъумэн ыгъотыщтэп, олъэгъу диным имытхэр, ахэмэ пщынэжьыр залъэгъукIэ, аIо: "Къыфэдгъэзэжьынэу гъогу щыIэба?"
[42.45] ЗэрагъэцIыкIухэрэм пае ашъхьэхэр еуфэхыгъэхэу ахэр ащ къызэращэщтхэр о плъэгъущт, янэплъэгъу аIэ Iуалъхьэзэ, ахэр къэплъэщтых. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм аIощт: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, чIэнагъэ зышIыгъэхэр Къаймэт мафэм зэрар

зэзыхыжьыгъэхэр, яунагъохэм зэрар языхыгъэхэр ары!" Ары, диным имытхэр зэпымыоу мэпщынэх!
[42.46] Алахьым фэшъхьафэу IэпыIэгъу ахэмэ къафэхъун ухъумакIо яIэщтэп. Алахьым гъогум дигъэхрэм гъогу иIэп!
[42.47] Алахьым дэжь къимыкIыжьыщт мафэр къэмысызэ, шъуи Тхьэ джэуап къешъут. ШъуиIэп а мафэм шъхьэегъэзыпIи, шъуиIэп шъузгокIыжьыни!
[42.48] Ахэмэ акIыб къагъазэмэ, къэуухъумэнхэу удгъэкIогъагъэп. О япIожьыныр ары ныIэп уиIофыр. ЦIыфым Тэ тишIушIэ зэхишIэнэу зеттыкIэ, ащ кIэгушIу, ау ыпэкIэ ащ ыIэмэ фагъэхьазырыгъэм пае бзэджагъэ къызехъулIэкIэ, цIыфыр рэзэнчъэ мэхъу.
[42.49] Уашъори чIыгури Алахьым ыIэ илъ. Зыфаер Ащ къешIы, шIоигъом бзылъфыгъэхэр къыретых, шIоигъом хъулъфыгъэхэр къыретых.
[42.50] Е хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ зэкIэлъыкIохэу Ащ къегъэхъух, ау шIоигъор бгъэ ешIы: Ащ ешIэ, лъэкIышху!
[42.51] Нэфагъэ зыхэлъ тхылъымкIэ е озымыгъэлъэгъурэ пщагъом ыкIыб щымыIэу Алахьыр цIыфым къыдэгущыIэу хъугъэп, Е лIыкIо къыгъакIощтыгъэ, Ежь иIизын хэлъэу шIоигъор ащ къыфызэIуихыщтыгъэ. Ар лъагэ, Iуш!
[42.52] Тэ тишIоигъоныгъэ ыпсэ о пшIошъ дгъэхъугъэ, о пшIэщтыгъэп тхылъыр, диныр зылIэужыгъохэр, ау Тэ тиIумэтхэм ащыщхэу тызыфаехэр зэрытщэрэ нэфынэу ар тшIыгъэ,
[42.53] Уашъом щыIи чIыгум щыIи зыIэ илъ Алахьым игъогу занкIэ ори фэощэх. Ары, зэкIэ Iофхэм Алахьым дэжь къагъэзэжьы!

Алзухъруф

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[43.1] Хьа Мим.
[43.2] Тхылъэу зэхэугуфыкIыгъэмкIэ Iуагъэ сэшIы!
[43.3] Шъо къыжъугурыIоным пае КъурIаныр арапыбзэкIэ Тэ къышъуфедгъэхыгъ, шъуегупшысэнкIи мэхъу!
[43.4] Тадэжь щыIэ тхылъ ухъумагъэм щыкIэгъэнчъэу, гъэпытагъэу ар ит.
[43.5] Шъо хэбзэнчъэ купэу шъузэрэщытым пае Тэ щыдгъэзыещта Алахьым и КъурIан?
[43.6] ЫпэкIэ щыIэгъэ цIыф лъэпкъыхэм пегъэмбар тхьапша Тэ къафэдгъэкIуагъэр!
[43.7] Ахэр дэмыхьащхыгъэхэу зыпари пегъэмбар ахэмэ къафакIощтыгъэп.
[43.8] Ахэмэ анахьи нахь лъэкI зиIэхэр Тэ дгъэкIодыгъэх, апэрэмэ ящысэ къэкIогъах.
[43.9] Уащъомрэ чIыгумрэ къэзгъэшIыгъэмкIэ ахэмэ о узяупчIыкIэ, Iо хэлъэп, аIощт: ахэр къэзгъэшIыгъэр щытхъушхо зыпылъэу, Iушэу,
[43.10] Шъощ пае чIыгур кушъэ шъуфэзышIыгъэу, шъощ пае ащ гъогухэр щыхэзыхыгъэр ары, шъо занкIэу шъукIонкIи мэхъу!
[43.11] Шапхъэм тетэу уашъом псыр къезгъэхыгъэр Ары. Тэ ащкIэ хэгъэгоу лIагъэр къэтIэтыжьыгъ. Джащ фэдэу шъори шъукъагъэхъужьыщт.
[43.12] Лъэпкъ пстэури хъурэ бзырэ зэгъусэу Ащ къыгъэхъугъ, къухьэхэри шъузэрэшэсхэрэ хьайуанхэри къышъуфигъэхъугъэх,
[43.13] Ахэмэ атхыцIэхэм шъо защыжъугъэпытэным, ахэмэ зызащыжъугъэпытэрэм ыуж шъуи Тхьэ ишIушIэ шъугу къэкIыжьыным, шъуIоным пае: "Тэ ар тпшъэ имыфэу щытыгъэу, ар къытфэзышIагъэм щытхъур ыдэжь!
[43.14] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэ ти Тхьэ дэжь тэгъэзэжьы!"
[43.15] Ау Ащ иIумэтмэ ащыщ горэхэм ахэр яджагъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, гъэнэфагъэу цIыфым рэзэныгъэ иIэп!

[43.16] Ащ къыгъэхъугъэмэ ащыщэу пшъашъэхэр ыштэхи, шъо шъаохэр къышъуитыгъэнэуи?
[43.17] Ау ГукІэгъу зыхэлъым фагъэшъошэрэ цІыфмэ афэдэ горэ къафэхъугъэу ахэмэ ащыщ горэм макъэ зырагъэІукІэ, ынэгу къэушІункІы, игубж лъэш зэтыреІажэ.
[43.18] Гъэдэхалъэмэ ахэсэу апІугъэр, ушъхьагъу икъу имыІэу нэкъокъоным сыдигъуи фэхьазырыр нафэба?
[43.19] МэлаІичхэу ГукІэгъу зыхэлъым иІумэтхэр ахэмэ бзылъфыгъэхэу алъытэх. Ахэр къыгъэхъухэ зэхъум, ежьхэр щытыгъэха? Ахэмэ къаушыхьатрэр афатхыщт, ахэмэ яупчІыщтых!
[43.20] Ахэмэ аІощтыгъэ: "ГукІэгъу зыхэлъым шІоигъуагъэмэ, Тэ ахэмэ шъхьащэ афэтшІыныеп!" АщкІэ ахэмэ шІэныгъэ яІэп, къаугупшысы ныІэп!
[43.21] Ахэмэ Тэ тхылъ горэ ащ ыпэкІэ яттыгъа, аІыгъа?
[43.22] Ахэмэ аІуагъ: "Тэ тятэхэр шІэныгъэ горэм итхэу къэтлъэгъужьыгъэх, тэ, Іо хэмылъэу, ахэмэ ялъэуж занкІэу тырэкІо".
[43.23] Ащ фэдэу о уапэкІэ гъэдэІокІо ушъыякІо гори дгъэкІогъагъэп, ащ яшІугъоу щыпсэухэрэм амыІоным пае: "Тэ тятэхэр шІэныгъэ горэм итхэу къэтлъэгъужьыгъэх: тэ ахэмэ ялъэуж тырэкІо!"
[43.24] ЯІу: "Шъо шъуятэхэм яІагъэм нахь шІэныгъэ шъыпкъэ сэ сиІэу шъуадэжь сыкъэкІогъагъэмэ?" Ахэмэ аІуагъ: "Тэ, Іо хэлъэп, укъызфагъэкІуагъэр тшІошъ хъурэп".
[43.25] Тэ ахэмэ яфэшъуашэ ядгъэгъотыгъ. Тэ тилІыкІохэр гъэпцІакІокІэ зылъытэщтыгъэхэм кІэух афэхъугъэм еплъ!
[43.26] Мары, Ибрахьимэ ятэ ицІыф лъэпкъ риІуагъ: "Шъо шъхьащэ зыфэшъушІырэм сэ сиІоф хэлъэп.
[43.27] Сэ сыкъэзгъэхъугъэм фэшъхьаф пащэ къысфэхъущтэп!"
[43.28] Ар ащ илъэпкъэу къыкІэхъухьэрэм егъашІэм хэлъым гущыІэу щигъэуцугъ, ахэмэ къагъэзэжьынкІи мэхъу!
[43.29] Тхьабэ зышІошъ хъурэ арабмэ, ахэмэ ятэмэ чІыгум шІуагъэу телъхэр тхъэхэу агъэфедэнхэу, шъыпкъэмрэ лІыкІо нафэмрэ къафэмыкІохэзэ, сэ Іизын ястын.
[43.30] Ау шъыпкъэр ахэмэ зараІом, ахэмэ аІуагъ: "Ар шхъухьэ Іоф, тэ ар тшІошъ хъурэп".
[43.31] Ахэмэ аІуагъ: "Сыд пае къоджитІумэ адэсмэ ащыщэу лъэкІ ин зиІэ цІыф КъурІаныр къафыримыгъэхыгъа?"
[43.32] О уи Тхьэ ишІушІэ ахэр ара зыгощхэрэр? ГъашІэу зыхэтхэм ахэмэ гъомылэу щашхыщтыр Тэ щафэдгощыгъ. Зым адырэр фэлэжьэным пае, чІыпІэу зэрытхэмкІэ зым адырэр нахь лъагэу фэтшІыгъ. Ахэмэ шІуагъэу аугъоирэмэ анахьи о уи Тхьэ ишІушІэ нахь дэгъу!
[43.33] ЗэкІэ цІыфхэр зы цІыф лъэпкъыхэу (джаурмэ) яехэу хъуным тыщымыщтэу, ГукІэгъу зыхэлъыр зышІошъ мыхъурэмэ яунашъхьэхэр тыжьыным хэтшІыкІыни, ахэр зэрэдэкІуаерэ лъэоихэри Тэ афэтшІыни,
[43.34] Яунэмэ пчъэу ахэлъхэри, ахэр зытелъ гъолъыпІэхэри,
[43.35] Гъэдэхагъэхэри арых. Ау ахэр зэкІэ гъашІэу зыхэтхэмкІэ шІуагъэх ныІэп, Тхьэм ищынагъо зыгу илъмэ апае ахърэтыр уи Тхьэ дэжь щыІ.
[43.36] ГукІэгъу зыхэлъыр ыгу къыгъэкІыжьыным зыщызыдзыерэм Тэ шэйтаныр гъусэ фэтшІыщт, ащкІэ ар гъогогъу.
[43.37] Шэйтанмэ, Іо хэлъэп, ахэр гъогум дагъэхыщтых, ахэмэ къашІошІыщт гъогу занкІэм рыкІохэу

[43.38] ЦIыфыр Тэ тапашъхьэ къызихьажькIэ ыIощт: "А янасын, сэрырэ шэйтанымрэ тазфагу тыгъэ къокIыпIитIу гъогум фэдиз илъыгъэмэ! Сыдэу гъусэ дэя мы шэйтаныр!"
[43.39] Шъо зэфэнчъэу шъущытыгъэмэ, мы мафэм зыкIи IэпыIэгъу къышъуфэхъущтэп (шъугу къызэреорэр), ащыгъум пщынэнымкIи шъузэгъусэу шъукъэнэжьыщт.
[43.40] Дэгумэ зэхябгъэхын плъэкIына, нэшъухэр занкIэу пщэнха, нафэу гъощагъэхэр бгъэгъозэнхэ плъэкIына?
[43.41] Тэ ахэмэ уахэтщыжьми, афэдгъэгъущтэп.
[43.42] Е зэрэдгъэгугъагъэхэр одгъэлъэгъун: Тэ ахэмэ лъэкI афытиI!
[43.43] О къыфырагъэхыгъэм гъусэгъэ пытэ дэшI! О гъогу тэрэз утет.
[43.44] Мы КъурIаныр оркIи уилъэпкъкIи щытхъушху, шъо ащкIэ къышъоупчIыщтых.
[43.45] УапэкIэ къэдгъэкIогъэ лIыкIомэ яупчI: "ГукIэгъу зыхэлъым фэшъхьафэу тхьэхэу шъхьащэ зыфашIын фаехэр Тэ ахэмэ къафыхэтхыгъагъэха?"
[43.46] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр иIэхэу Фирхьаунрэ ащ илIэкъолъэшхэмрэ Тэ Мосэ афэдгъэкIогъагъ: Ащ ыIуагъ: "Зэрэдунае и Тхьэ сэ сырилIыкIу!"
[43.47] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр иIэхэу ар адэжь къызэкIом, ахэр тиIэятэмэ къадэхьащхыщтыгъэх.
[43.48] Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэу ыпэкIэ щыIагъэмэ анахь мыгъэшIэгъонхэр Тэ ядгъэлъэгъухэрэп, Тэ ахэр дгъэпщынагъэх, ахэмэ къагъэзэжьынкIи мэхъу!
[43.49] Ахэмэ аIуагъ: "О усэрэжъ! О Ащ укъызэригъэгугъагъэр къышIэнэу уи Тхьэ елъэIу. Тэ гъогу занкIэм тырыкIощт!"
[43.50] Пщынэжьыр Тэ ахэмэ зашъхьарытэхым, яIуагъэ аукъуагъ.
[43.51] Мыщ фэдэ гущыIэхэр ицIыф лъэпкъ зэхыригъэхынэу фирхьаун унашъо ышIыгъ: "О сицIыф лъэпкъ, Мысыр хэгъэгури псыхъохэу сапашъхьэ щыблэчъыхэри сIэ илъба? Шъо ар шъулъэгъурэба?
[43.52] Мы пкIэ зимыIахэу ерагъэу къэгущыIэрэм нахьи, сынахьышIуба?
[43.53] Дышъэм хэшIыкIыгъэ Iэхъухэр ащ ыIапшъэ илъыгъэхэмэ е ащ игъусэу, игъогогъухэу мэлаIичхэр къыдэкIогъагъэхэмэ!"
[43.54] Ащ ицIыф лъэпкъ шъхьэпсынкIэ ышIыгъ, едэIугъэх. Ахэр цIыф лъэпкъ щыкIыгъэхэу щытыгъэх!
[43.55] Ахэмэ Тэ губж лъэш зытагъэшIым, афэдгъэгъугъэп, зэкIэ хым едгъэтхьэлагъэх.
[43.56] Тэ ахэр ыпэкIэ щыIагъэхэу, ауж къэкIыгъэхэмкIэ щысэхэу тшIыгъэх.
[43.57] Мерэм ыкъо щысэу уицIыф лъэпкъ зыфагъэуцукIэ, ахэмэ ащ фэгъэхьыгъэр зэхахынэу фаехэп.
[43.58] Ахэмэ аIуагъ: "Тэ титхьэхэра нахьышIухэр хьауми Мерэм ыкъуа?" Ахэмэ ар къызыкIаIорэр нэкъокъонхэм пай ныIэп. Ахэр зэнэкъокъурэ цIыф лъэпкъых!
[43.59] ШIушIэр Тэ зэтти, Исраил ыкъохэм щысэ афэтшIыгъэу ар тиIумэт ныIэп.
[43.60] Тэ тшIоигъуагъэмэ, шъо шъущыщхэу мэлаIичхэр чIыгум къытедгъэхьанхи, шъуикIэнзехьэхэу тшIыныгъэхи.
[43.61] Ар, шъыпкъэ дэдэмкIэ, аджалым инэшан. Ащ шъуемыджэнджэш, Сэ сауж шъукъырыкIу! Ар гъогу занкI.
[43.62] Шэйтаным шъудерэмыгъэх, ар шъуипый наф.
[43.63] Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр иIэхэу Хьисэ къызэкIом, ыIуагъ: "Сэ Iушыгъэ сиIэу шъуадэжь сыкъэкIуагъ, шъузфызэнэкъокъурэмэ ащыщ горэхэр къышъуфызэхэсфыщтых. Тхьэм шъущыщт, шъукъысфэIорышI!
[43.64] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр сэ си Тхь, шъори шъуи Тхьэ! Ащ шъхьащэ фэшъушI! Ар гъогу занкI!

[43.65] Куп зэфэшъхьафхэр зэнэкъокъужьыщтыгъэх! Зэфэнчъэу щытыгъэхэм хьазаб пщынэжь зыщахьыщт мафэм Тхьэ яуагъ!
[43.66] Сыда ахэр зажэхэрэр! Ежьхэр зыщемыжэрэм ошІэ дэмышІэу къалъыІэсыщт сыхьатыр ара?
[43.67] Анахь ныбджэгъу благъэхэри а мафэм пыи зэфэхъущтых, ау Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр зэпыищтхэп!
[43.68] О Сэ сиІумэтхэр! А мафэм шъоркІэ щынагъо щыІэп, чэфынчъэ шъухъущтэп,
[43.69] Тэ тиІэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышІыгъэхэр быслъымэнэу щытыгъэхэр ары.
[43.70] Шъори шъуишъхьагъусэхэри джэнэтым шъуихь, шъуагъэрэзэщт!
[43.71] Шъо дышъэ Іэгубжъэхэр, шъуинэплъэгъухэр зыгъатхъэхэрэр зэрыт бжъэхэр къышъуагъэуцокІыщтых. Шъо ащ егъашІэм шъуисыщт!
[43.72] Джары шІушІагъэу шъуиІэмэ апае къышъуатыгъэ джэнэтыр.
[43.73] КъышъолыекІэу ащ пхъэшъхьэ=мышъхьэхэр щышъуиІэщтых, шъо ахэр шъушхыщтых.
[43.74] Шъыпкъэ дэдэмкІэ, псэкІодышІэхэм егъэшІэрэ пщынэжьыр джэхьнэмым щызэхашІэу исыщтых.
[43.75] Ахэмэ псынкІэ къафашІыщтэп, агу кІодыгъэу ащ исыщтых.
[43.76] Тэ шъугу хэдгъэкІыгъэп, ау ахэр шъхьэкІохыхэу щытыгъэх.
[43.77] Ахэр къэкууагъэх: "О Малик! Уи Тхьэ нахь псынкІэу терэгъалІ!" Ащ ыІуагъ: "Шъо хьазабым шъукъыхэнэщт".
[43.78] Тэ шъыпкъэр тиІэу шъуадэжь тыкъэкІуагъ, ау шъуанахьыбэмэ шъыпкъэр афэлъэгъурэп.
[43.79] Джаурмэ хъытыухэр къагъэуцухэмэ, Тэри ахэмэ хъытыухэр афэдгъэуцущтых.
[43.80] Е ахэмэ къашІошІа яшъэфхэри зэрэзэдэгущыІэжьхэри Тэ зэхэтымыхыхэу? Ары, Тэ тимэлаІичхэу ахэмэ ахэтхэм зэкІэ атхы.
[43.81] ЯІу: "ГукІэгъу зыхэлъым къо иІагъэмэ, сэ апэрэу ащ шъхьащэ фэсшІыщтыгъэ".
[43.82] Уашъохэмрэ чІыгумрэ, я Тхьэ, дунэе лъэгапІэр зыІэ илъым щытхъур ыдэжь, имыфэшъуашэу Ащ гуагъэуцорэмэ Ар анахь лъаг!
[43.83] Ямафэ ахэр натІэкІэ емыутэкІыфэхэ, мафэу зэрагъэгугъагъэхэм ауж икІхи, гущыІэ нэкІхэр ашІыхэу, джэгухэу хэгъэтых.
[43.84] Ар уашъом Щытхь, чІыгуми Щытхь, Ар Іуш, ешІэ!
[43.85] Уашъохэмрэ чІыгумрэ, ахэмэ азфагу илъыр зиІэмырыр Тхьашхоу зихъаир иныр ары. Сыхьатыр къызысыщтыр Ащ фэшъхьаф ышІэрэп, Ащ дэжь шъо къэжъугъэзэжьыщт.
[43.86] Ащ ычІыпІэкІэ шъузэлъэІухэрэм шъукъаухъумэн алъэкІыщтэп, ар зышІэн зылъэкІыщтыр шъыпкъэр къэзыушыхьатыгъэр ары. Джаурмэ ар къагурыІощт.
[43.87] Ахэр къэзгъэхъугъэхэмкІэ уяупчІымэ, Іо хэмылъэу, аІощт: "Алахьыр ары". Ахэр зэрагъэплъэхъугъэхэр!
[43.88] Ащ еІо: "О я Алахь! Шъыпкъэ дэдэмкІэ, ахэр диныр зышІошъ мыхъурэ цІыфых!"
[43.89] Ахэмэ афэгъэгъу, Іо: "Мамыр!" ЕтІанэ ахэмэ къикІрэр ашІэщт.

Аллдухъан

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[44.1] Хьа Мим.
[44.2] Мы КъурІанымкІэ Іуагъэ сэшІы!

[44.3] Чэщ лъапIэм ар Тэ къедгъэхыгъ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ ушъыекIо гъэдэIуакIоу тыщыт!
[44.4] А чэщым къыкIоцI Iушыгъэ зыхэлъ Iофхэр,
[44.5] Тэ къытпкъырыкIырэ унашъом ишIуагъэкIэ зэшIокIых, Тэры пегъэмбархэр къэзгъакIохэрэр,
[44.6] О уи Тхьэ гукIэгъоу хэлъым ихьатыркIэ, Ащ зэхехы, ешIэ!
[44.7] Шъо шъыпкъэр шъушIошъ мэхъумэ, уашъоми, чIыгуми, ахэмэ азфагу итым и Тхьэ.
[44.8] Ащ фэшъхьаф Тхьэ щыIэп: Ащ къегъэхъужьых, егъалIэх.
[44.9] Ау джэнджэшым хэтхэу ахэр мэджэгух!
[44.10] ЗэкIэмэ алъэгъоу уашъом Iугъо къызхэкIыщт мафэм ахэмэ яплъ.
[44.11] Ащ цIыфхэр зэкIэ чIиухъумэщтых, ар хьазаб пщынэжь!
[44.12] "Ярэби я Алахь! Пщынэжьыр тшъхьащых, тэ диныр тшIошъ мэхъу!"
[44.13] ЛIыкIо гъэнэфагъэ къафэкIогъагъэмэ, тыдэ хъугъа ахэмэ зэряушъыигъэхэр?
[44.14] ЕтIанэ ахэмэ ащ акIыб фагъэзагъ, аIуагъ: "Мары къагъэсагъэр, ышъэ икIыгъэр!"
[44.15] Пщынэжьыр Тэ тIэкIу шъутетэIэтыкIы ныIэп, а мафэу Тэ кIодыкIаекIэ шъузщыдгъэкIодыщтым.
[44.16] Шъо джыри джаурыныгъэм фэжъугъэзэжьыщт. Тэ афэдгъэгъурэп!
[44.17] Фирхьаун ицIыф лъэпкъ ахэмэ апэкIэ Тэ тыушэтыгъэ, ахэми лIыкIошIур къафэкIуагъ:
[44.18] "Тхьэм иIумэтхэр, сэ садэжькIэ къэжъугъэзэжьых, сэ сылIыкIо цыхьэшIэгъоу шъуадэжь сыкъэкIуагъ.
[44.19] Алахьым зыфэшъумыгъэин: Ушъхьэгъу нафэ сиIэу сэ шъуадэжь сыкъэкIо.
[44.20] Шъо мыжъокIэ шъукъысэмыоным пае, сэ си Тхьэу, шъори шъуи Тхьэ дэжь шъхьэегъэзыпIэ сыщылъэхъу.
[44.21] Ау сэ цыхьэ къысфэшъумышIыгъэмэ, шъукъызгокI".
[44.22] Ар и Тхьэ еджагъ: "Мыхэр псэкIодышIэ цIыф лъэпкъых".
[44.23] "Сэ сиIумэтхэр уигъусэхэу чэщым къикI, Мысырым исхэр къышъулъежьэщтых.
[44.24] Хым ихыорхэр зэрзэгоугъэу къэрэнэх, ахэмэ ядзэ чIихьащт".
[44.25] Чъыг хатэхэу, псынэкIэчъхэу,
[44.26] Хьэсэ шIагъэхэу, псэупIэ лъапIэхэу,
[44.27] Ахэр зыщыджэгущтыгъэ чIыпIэ тхъагъохэу тхьапша къагъэнагъэр ?
[44.28] Ары, джары (зэрэщытыгъэр), ау Тэ а зэпстэур нэмыкI цIыф лъэпкъ кIэнэу еттыгъ.
[44.29] Уашъоми чIыгуми ахэмэ нэпс афырагъэхыгъэп, ахэмэ япIалъэ афылъагъэкIотагъэп!
[44.30] Исраил ыкъохэр зыгъэцIыкIущтхэ пщынэжьым щытыухъумагъэх
[44.31] Фирхьаун ылъэныкъокIэ. Ар пагэу, шъом икIыгъэу щытыгъ.
[44.32] ЗэкIэ дунаим тет цIыф лъэпкъыхэм Тэ тшIэзэ, ахэр къахэтхыгъэх.
[44.33] Ушэтын нафэ зыхэлъ Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр Тэ ахэмэ къафэтхьыгъэх.
[44.34] А джаурхэм аIо:
[44.35] "ЩыIэр зы лIэныгъ ныIэп, тэ тыкъэхъужьыщтэп!
[44.36] Шъо шъыпкъэ къэшъоIомэ, тэ тятэхэм тадэжь къяжъугъэгъэзэжь".
[44.37] Ахэра нахьышIухэр е Туббэ ицIыф лъэпкъэу ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэра? Ахэр Тэ дгъэкIодыгъэх, ахэр псэкIодышIэхэу щытыгъэх.
[44.38] Тэ тыджэгузэ, уашъори, чIыгури, ахэмэ азфагу илъри къэдгъэшIыгъэп.
[44.39] Тэ ахэр шъыпкъэхэу къэдгъэшIыгъэх, ау ахэмэ ащыщхэм анахьыбэмэ ар ашIэрэп.
[44.40] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, а мафэу загощыщтхэр ахэмэ зэкIэмэ япIалъ.

[44.41] А мафэм бысымым ипщылI ыгъэрэзэн ылъэкIыжьыщтэп, сыд фэдэ IэпыIэгъуи ахэр щыгугъынхэ алъэкIыщтэп.
[44.42] IэпыIэгъу зэратыщтхэр Алахьым гукIэгъу зыфишIхэрэр ары ныIэп. Ар ин дэд, гукIэгъу хэлъ!
[44.43] Чъыг пэнэ дыдж закIэр
[44.44] ПсэкIодышIэм игъомылэщт.
[44.45] Гъоплъэ ткIугъэм фэдэу ар анырбэмэ къащыжъощт.
[44.46] Псэу къажъорэм фэдэщт.
[44.47] "Шъуубыти цIыф дэир джыхьнэмым ыгузэгу ишъудз,
[44.48] ЕтIанэ ышъхьэ псы жъуагъэ тешъукIэзэ, хьазаб ешъух.
[44.49] ШIумэ еплъ, о уин дэд, щытхъушхо ппылъ!
[44.50] Джары шъо щъузэджэнджэшыщтыгъэр."
[44.51] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр щынэгъончъэ чIыпIэ щыIэщтых,
[44.52] ПсынэкIэчъхэм, джэнэтхэм ахэтхэу,
[44.53] Алътэсым, дышъэрэ тыжьынрэ зыхэдэгъэ данэм ахэшIыкIыгъэхэр ащыгъхэу, зэпэчIынатIэхэу щысыщтых.
[44.54] Ары, джаущтэу щытыщт! Ахэмэ нэшIуцIэ нэшхо бзылъфыгъэхэр Тэ гъусэ афэтшIыгъэх.
[44.55] Пхъэшъхьэ=мышъхьэ зэфэшъхьафхэм ахэр ахэIэх, щынэгъончъэ чIыпIэ итых.
[44.56] Апэрэ лIэныгъэм фэшъхьаф ахэмэ ащ лIэныгъэ щызэхашIэщтэп, джэхьнэм машIом ипщынэжь, уи Тхьэ ишIушIэ ихьатыркIэ,
[44.57] Ахэр ащ щиухъумагъэх. Ар тын ин дэд!
[44.58] КъурIаныр убзэкIэ къэтти, къагурыIонымкIэ ар IэшIэх къэтшIыгъ. Ахэмэ агу къэкIыжьынкIи хъун!
[44.59] Еж Мыхьамэт, ахэри ежэх.

Алджасие
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[45.1] Хьа Мим.
[45.2] Алахьэу щытхъушхо зыпылъэу, Iушым дэжь тхылъыр къекIы.
[45.3] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уашъоми чIыгуми ащыIэх Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэу диныр зыIыгъмэ апаехэр!
[45.4] Шъо шъукъызэригъэшIыгъэри Ащ чIыгум къытыригъэхъогъэ хьайуанхэри шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэмкIэ щысэхэу щытых:
[45.5] Мафэмрэ чэщымрэ зэрэзэблэкIри, гъомылэм щыщэу Алахьым уашъом къаригъэхыгъэри, ащкIэ чIыгур зылIагъэм ыуж къызэригъэхъужьыгъэри, жьыбгъэхэр къызэрепщэхэри акъыл зиIэ цIыфхэмкIэ щысэх.
[45.6] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр джарых, Тэ ахэмэ шъыпкъэу о такъыфеджэ. Алахьым Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэмэ ауж сыд фэдэ къэбара ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зыфашIыщтыр?
[45.7] Хэтрэ пцIыуси псэкIодышIи Тхьэр еуагъ!
[45.8] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэу къызыфеджэхэрэм ар ядэIу, ау етIанэ зегъэпагэшъ, зэхимыхыгъахэхэм фэдэу къаигъагъэ къызхегъафэ. Хьазаб пщынэжьым икъэбаркIэ ар гъэгушIо!
[45.9] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэмэ ащыщ горэ ащ зишIэкIэ кIэнэкIалъэ ешIы. Ащ фэдэмэ афыщылъыр зыгъэпыутхэрэ пщынэжьыр ары.

[45.10] Ахэмэ акIыбкIэ щыIэр джэхьнэмыр ары. ШIоу ахэмэ аугъоигъэми, Алахьым фэшъхьафэу ухъумакIоу ахэмэ аштагъэхэми, зыпарэми къаIэкIахыжьынхэ алъэкIыщтэп. Ахэмэ апай пщынэжь иныр!
[45.11] Ар гъогу занкI, я Тхьэ иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр зышIошъ мыхъухэрэм пщынэжь хьылъэрэ хьазабрэ афэгъэхьазырыгъ.
[45.12] Алахьым иунашъокIэ къухьэхэр хым тетынхэм, Ащ итын хьалэлхэр шъо къышъуIэкIигъэхьанхэм пае Ащ хыр къышъуфигъэIорышIагъ. Шъо разэ шъухъункIи мэхъу!
[45.13] Уашъом щыIэри чIыгум щыIэри, зэкIэ Ащ дэжь къикIырэр къышъуфигъэIорышIагъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, егупшысэрэ цIыфхэмкIэ ащ щысэтехыпIэ хэлъ!
[45.14] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм яIу: "Алахьым имафэхэм ащымыгугъыхэрэм, цIыфмэ ашIагъэм елъытыгъэу атефэрэр Ащ афишIэным пае ахэмэ аферэгъэгъу.
[45.15] ШIу зышIэрэм ыпсэ шIу фешIэжьы, бзэджагъэ зышIэрэм лые зэрехыжьы. ЕтIанэ шъуи Тхьэ дэжь зэкIэми къэжъугъэзэжьыщт.
[45.16] Исраил ыкъохэм Тэ яттыгъ тхылъыр, Iушыгъэр, пегъэмбархэр, шIуагъэхэри яттыгъэх, зэрэдунае щыхэтIэтыкIыгъэх.
[45.17] Iофым фэгъэхьыгъэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр Тэ ахэмэ яттыгъэх; ау шIэныгъэр къызафэкIуагъэ ыуж, джэгъогъуныгъэу азфагу илъым къыхэкIэу, ахэр зэгокIыгъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ къызщыхъужьыщтхэ мафэм ахэмэ азфагу зэмызэгъыныгъэу илъыгъэр уи Тхьэ зэшIуихыщт!
[45.18] ЕтIанэ ащ фэдэ унашъокIэ Тэ щэрихьатым ущыдгъэнэфагъ, арышъ, ащ рыгъуаз, шIэныгъэ зимыIэхэм яшъIоигъоныгъэ улъымыкIу!
[45.19] Ахэр сыд фэдизкIи Алахьым пэшIуекIохэу о федэ къыпфэхъущтхэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, динынчъэхэр къэзэрэухъумэжьых, Тхьэм ищынагъо зыгу илъмэ Алахьыр яухъумакIу!
[45.20] Мы КъурIаныр цIыфхэмкIэ нэфынэм фэд, шIошъхъуныгъэ пытэ зиIэ цIыф лъэпкъымкIэ ар гъуазэ, шIушIэныгъ.
[45.21] Бзаджэ зышIэщтыгъэхэр егупшысэщтыгъэхэуи шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм ахэр афэдэ тшIынхэу, ахэмэ ящыIэныгъи ялIэныгъи зэфэдэ тшIынхэуи? Дэеу ахэр егупшысэх!
[45.22] Псэ пэпчъ лъытэныгъэу зыфаригъэшIыгъэр ыгъотыжьыным пае, хьакъым тетэу Алахьым уашъори, чIыгури къыгъэшIыгъэх, ахэмэ агу хагъэкIыщтэп.
[45.23] Лъэшэу зыфэщагъэр ежь итхьэу зыштагъэр умылъэгъугъэнэуи? Алахьым ышIэзэ ар ыгъэгъощагъ, ытхьакIумэхэри ыгуи къызэфишIыгъэх, инэплъэгъу къырихъуагъ. Алахьым ыуж хэта ар зезыщэщтыр? Шъо зыкъэшъушIэжьынба ?
[45.24] Ахэмэ аIуагъ: "Ар тэ гъашIэу тызхэтыр ары ныIэп, тэ тэлIэ, тыщыI, уахътэр ары ныIэп тэ тызгъэкIодрэр." Ащ фэгъэхьыгъэу зыпари шIэныгъэ яIэп, ахэмэ къашIошIы ныIэп.
[45.25] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэу зэхэугуфыкIыгъэу къиIотыкIыгъэхэм къафяджэхэ зыхъукIэ, ахэмэ аIорэм фэшъхьаф къызэраушыхьатын яIэп: "Шъо къашъуIорэр шъыпкъэмэ, тятэхэр къашъущэх!"
[45.26] ЯIу: "Шъо Алахьым шъукъегъэхъужьы, етIанэ шъуегъалIэ, етIанэ щэч зыхэмылъэу къаймэт мафэм ехъулIэу шъуиугъоижьыщт. Ау ар цIыфмэ янахьыбэм ашIэрэп!

[45.27] Уашъори чIыгури Алахьым ыIэ илъ. Шъыпкъэр щызгъэзыехэрэ цIыфхэр сыхьатыр къызысыщт мафэм кIодыщтых.
[45.28] ЗэкIэ цIыф лъэпкъхэр лъэгонджэмышъхьэкIэ щытхэу о плъэгъущт. ЦIыф лъэпкъ пэпчъ итхылъ ращэлIэщт. А мафэм шъушIагъэм елъытыгъэу къышъутефэрэр къышъуфашIэщт.
[45.29] Тэ титхылъ хьакъым тетэу къышъуфэгъэхьыгъэу къыIотэщт. Шъо шъушIэщтыгъэхэр даттхэщтыгъэх.
[45.30] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэхэм афэгъэхьыгъэр армэ, ахэмэ я Тхьэ ынэшIу ахэмэ ащифэщт. Ар насып гъэнэфагъ!
[45.31] ШIошъхъуныгъэ зымышIыгъэхэр, Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэм шъуапашъхьэ къащемыджагъэхэуи? Ау шъо зыжъугъэпэгагъ, псэкIодышIэ цIыф лъэпкъэу шъукъычIэкIыгъ.
[45.32] Шъо къызышъуаIом: "Алахьым шъузэригъэгугъагъэр ар шъыпкъэр ары, сыхьатыр къызэрэсыщтым джэнджэш хэлъэп", шъуIуагъэ: "Сыхьатыр зылIэужыгъор тшIэрэп, гупшысэ зэфэшъхьафхэм тягупшысэ ныIэп, зыпарэми шIошъхъуныгъэ фытиIэп".
[45.33] Ахэмэ Iоф дэеу ашIэщтыгъэхэр зэкIэ апашъхьэ къиуцуагъэх, ахэр зыдэхьащхыщтыгъэхэ пщынэжьым бгъу пстэумкIи зэлъиштагъэх.
[45.34] А мафэм ахэмэ араIощт: "Мы мафэм шъузэрэIукIэжьыщтыр зэрэшъущыгъупшагъэм фэдэу, Тэри мы мафэм шъутщыгъупшэщт, шъощ пае шъхьэегъэзыпIэр машIо, шъуиIэп IэпыIэгъухэр.
[45.35] Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр кIэнэкIалъэ зэрэшъушIыгъэхэм, гъашIэу шъузыхэтым шъузэрэдихьыхыгъэм къыхэкIэу, ар шъощ пай". Непэ ахэр машIом къыхагъэкIыщтхэп, шъуи Тхьи жъугъэразэ къараIожьыщтэп.
[45.36] Уашъом и Тхьэу, зэрэдунае и Тхьэу Алахьым зэкIэ щытхъур ий.
[45.37] Уашъохэми афэдэу чIыгуми Ащ шъхьэкIэфэныгъэ щыриI. Ар лъэш, Iуш!

Алахькъаф

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[46.1] Хьа Мим.
[46.2] Щытхъушхо зыпылъ Алахьым, Iушым къыригъэхыгъэ тхылъыр мары.
[46.3] Шъыпкъэм тетэу, пIэлъэ гъэнэфагъэ иIэу уашъуи чIыгуи зэкIэ ахэмэ азфагу илъэу ахэр зыгощрэр Тэ къэдгъэшIыгъ, ау яушъыизэ агурагъаIорэм джаурхэр дэхых.
[46.4] ЯIу: "Алахьым фэшъхьафэу шъузэлъэIурэр шъулъэгъугъа? ЧIыгум ахэмэ щашIагъэр сэ къысэжъугъэлъэгъу, е ахэмэ уашъом Iахь щыряIа? Мы тхылъым фэшъхьафэу нахьыпэ къэхъугъэу тхылъ, е шIэныгъэм илъэуж горэ, шъо зафэу шъущытмэ къысфэшъухь.
[46.5] Алахьым фэшъхьафэу къызщыхъужьыщтхэ мафэм нэс зыпари джэуап къэзымытыжьыщтмэ ялъэIурэм нахь гъощагъэ мэхъужьа? Ахэмэ ялъэIу зыпарэкIи а тхьэхэм анаIэ къытырадзэрэп.
[46.6] Шъхьадж ифэшъуашэ зыIукIэжьыщт мафэм пае цIыфхэр угъоижьыгъэ зыхъукIэ, а тхьэ лъэпкъыхэр ахэмэ япыихэу къычIэкIыщтых, ахэмэ шъхьащэ афашIыным фэмыежьхэу хъущтых.
[46.7] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэу зэхэугуфыкIыгъэхэу къиIотыкIыгъэхэм ахэмэ къафяджэхэ зыхъукIэ, шъыпкъэ къызафэкIуагъэм ыуж ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзымышIыгъэхэм аIо: "Ар шхъухьэ наф".
[46.8] Ахэмэ аIонкIи хъун: "Ар Мыхьамэт къыугупшысыгъ!" ЯIу: "Сэ ар къэсыугупшысыгъэу щытмэ, Тхьэм хьазаб къыстырилъхьэмэ шъо стешъуIэтыкIын

шъулъэкIыщтэп, ау КъурIаным ешъуIуалIэрэр Ащ нахьышIоу ешIэ. Сэрырэ шъорырэ тазфагу Алахьыр шыхьаткIэ икъущт. Ащ къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!"
[46.9] ЯIу: "Сэ зыр арэп лIыкIоу щыIагъэр; сэ сшIэрэп къысашIэщтри шъо къышъуашIэщтыри. Сэ къызгурагъэIуагъэм сырэкIо ныIэп, сэ сыушъыекIо=гъэдэIокIо гъэнэфагъ ныIэп".
[46.10] ЯIу: "Шъо шъуегупшысагъа? (Мы тхылъыр) Алахьым дэжь къекIымэ, шъо ащ шIошъхъунынгъэ шъыпкъэ фэшъушIыгъэп (ау Исраили) ыкъомэ ащыщэу шыхьатым ащ фэдэ къызэрэхъущтыр къыушыхьатыгъ ыкIи шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ащ ышIыгъ, шъуепэгэкIэу ащ шъуакIыб фэшъогъаза ?" Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыф дэйхэм зыдагъэзэщтыр Алахьым аригъэлъэгъурэп.
[46.11] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм къараIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм: "Ар (КъурIаныр) шIоу щытыгъэмэ, ахэр тапэ ишъыхэу аштэныеп. Ащ гъогу къыдамыгъотыгъэмэ, ахэмэ аIощт: "Ар бэ зытешIэгъэпцI!"
[46.12] Ащ ыпэкIэ Мосэ итхылъ щысэ хъунэу, гукIэгъунэу къехыгъ. Жъалымагъэ зышIагъэхэм яушъыихэзэ агурагъэIоным, шIу зышIэрэм шIу афэхъуным пай мы тхылъ къэгъэшъыпкъэжьыгъэу арапыбзэкIэ тхыгъэр.
[46.13] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, моущтэу зыIохэрэм: "Тэ ти Тхьэ Алахьыр ары" етIанэ зафэу кIохэрэм, щынагъо ателъэп, нэшхъэищтхэп.
[46.14] Ахэмэ яшIушIагъэмэ апае аратыгъэу джэнэтыр яй, ахэр ащ егъашIэм исыщтых.
[46.15] Янэ ятэхэм дэгъоу афыщытынэу цIыфым унашъо фэтшIыгъ, къин ылъэгъузэ, ар ным къырехьакIы, къелъфы (ныбэилъынырэ быдзегъэшъонымрэ мэзэ щэкI ахьы), ыныбжь зикъукIэ (илъэс тIокIитIум зынэсыкIэ), ащ еIо: "Я Алахь, О шIоу сэри сянэ=сятэхэми къытфэпшIагъэм пае шыкур къыпфэсшIынэу сыгу къихьагъ, О шIоу узыфаер сшIэнэу къызгурыгъаIу, сикIалэхэмкIэ насып къысэт! Сэ О уадэжь къэсэгъэзэжьы, пIэ зыкъизылъхьэрэмэ сэ зэу сащыщ".
[46.16] А цIыфхэм анахь IофышIухэу ашIагъэхэр Тэ тэштэх, ахэмэ япсэкIодшIагъэхэр афэтэгъэгъух, джэнэтым щыпсэурэмэ ащыщхэу ахэр алъытэщтых. Ахэр зэрагъэгугъагъэхэм зэхъокIныгъэ афэхъущтэп.
[46.17] Янэ ятэхэм языIори щыI: "Сыщъуфэпхэндж! Сэ сыкъэхъужьынэу гугъапIэ къысэшъотэуи? сэ сапэкIэ гъашIэхэр блэкIыгъэхи! Алахьыр къаIэпыIэнэу ахэр елъэIух: "О Тхьэр къыоуагъ! ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ шIы, Алахьым гугъэу къытрэр шъыпкъэ!" Ащ еIо: "Ар ижъырэмэ япшысэмэ анэмыкIэп!"
[46.18] Ахэр джа цIыф лъэпкъхэу, шэйтанхэмрэ цIыфхэмрэ къахэкIыгъэхэу, ахэмэ апэкIэ текIыгъэхэу, Алахьым игущыIэ къызфэшъыпкъэжьыгъэхэр арых, ахэр чIэнагъэ яIэу къэнагъэх.
[46.19] ЗэкIэми чIыпIэ яI, нэбгырэ пэпчъ Алахьым ишIушIэ филъэгъуным, эыми шъхьакIо римыхыным пае, ышIагъэм елъытыгъэу чIыпIэ иI.
[46.20] Джаурхэм машIор къызщарагъэлъэгъурэ мафэм араIощт: "Дунэе гъашIэу шъузхэтыгъэм тын шIагъохэу къыщышъуатыгъагъэхэр къычIэшъунагъэх, ахэмкIэ зыжъугъэтхъэжьыным шъукIэгуIыщтыгъэ, джы мары, шъунапэ тезыхыщт пщынэжькIэ ар шъуагъэщэчыщт, дунаим шъутетыфэ шъузэрэщымыткIэ шъузэрэпагэщтыгъэм, Тхьэм ыIуагъэм шъузэрэдэхыщтыгъэм пае.
[46.21] Адхэм аш угу къэгъэкIыжь. Мары, ащ ицIыф лъэпкъ алIахькъаф щыIэу диныр хилъхьэщтыгъэ, ыпэкIи ыужкIи ащ лIыкIохэр щыIагъэх, ахэмэ ариIощтыгъэ: "Алахьым фэшъхьафэу, нэмыкI тхьэхэм шъхьащэ афэшъумышI, сыда пIомэ, мэфэшхо мафэм шъуагъэпщынэнкIэ сыщъуфэщынэ."

[46.22] Ахэмэ аIуагъ: "ПцIыкIэ тэ титхьэхэм такIыб афэтэбгъэгъэзэнэу о укъэкIогъэнэуи? О шъыпкъэ къэзыIорэмэ уащыщмэ, тызэрэбгъэгугъэрэр къытфащ".
[46.23] Ащ ыIуагъ: "ШIэныгъэр Алахьым дэжь щыI, къышъосIожьрэр сыкъызфагъэкIуагъэр ары: ау сэлъэгъу шIэныгъэ зимыIэ цIыф лъэпкъэу шъузэрэщытыр".
[46.24] Ахэмэ якIэйхэмкIэ къэсырэ ошъуапщэр залъэгъум, аIуагъ: "А ошъуапщэр ощх къытфезгъэщхыщтыр ары" Хьау, ар шъо къэжъугъэхъунэу шъузкIэгуIыщтыгъэр ары, а жьыхьарзэм хьазаб пщынэжь къехьы.
[46.25] Ащ и Тхьэ иунашъокIэ зэкIэ ыгъэкIодыщт. КъыкIэлъыкIогъэ пчэдыжьым зэрэхъугъэмкIэ, ахэмэ япсэупIэмэ афэшъхьаф плъэгъужьыщтыгъэп, псэкIодшIагъэ зиIэ цIыф лъэпкъым Тэ джаущтэу тетэ.
[46.26] (О Меккэм щыпсэухэрэр!) Шъо лъэкIэу къышъотымытыгъэр тэ ахэмэ яттыгъ, Тэ ахэмэ тхьакIумэхэри, нэхэри, гухэри яттыгъэх. Ау Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр зэрэщагъэзыягъэхэм пае ахэр зыми щаухъумагъэхэп, ахэр зыдэхьащхыщтыгъэхэ пщынэжьым зэлъиштагъэх.
[46.27] Шъо шъукъэзыуцухьэрэ къуаджэхэр Тэ дгъэкIодыгъэх, Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр ахэдгощагъэх: ахэмэ къагъэзэжьынкIи хъун!
[46.28] Алахьым ычIыпIэ лъытэныгъэ зыфашIэу ахэмэ тхьэхэу аштагъэхэр сыда адэ IэпыIэгъу къыкIафэмыхъугъэхэр? Тхьэхэр ахэмэ агокIыгъэх. Джащ фэд ахэмэ япцI!
[46.29] Мары, КъурIаным къедэIунхэм пае Тэ о уадэжь джынэ куп къэдгъэкIуагъ. Ахэр къызэкIохэм, зэраIожьыгъ: "ШъуедэIу!" Еджэныр къызаухым, яцIыфхэм, яушъыихэу кIожьыгъэх.
[46.30] Ахэмэ аIуагъ: "О тилъэпкъ! Мосэ ыуж къырагъэхыгъэ тхылъэу, ащ ыпэкIэ къырагъэхыгъэр зэрэшъыпкъэр къэзыушыхьатыжьрэм тедэIугъ, ащ шъыпкъэм, гъогу занкIэм уафещэ.
[46.31] О тилъэпкъ! Алахьым елъэIурэм шъуедэIу, Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъушI: Ащ шъуипсэкIодшIагъэхэр къышъуфигъэгъущтых, хьазаб пщынэжьым шъущиухъумэщт.
[46.32] Алахьым елъэIурэм джэуап фэмыхъурэм, чIыгум Ар щыщигъэзыен ылъэкIыщтэп, Ащ фэшъхьафи къэзыухъумэн иIэп. Ащ фэдэ цIыфхэр нафэу гъощагъэх.
[46.33] Ахэмэ алъэгъурэба, Алахьэу уашъохэри чIыгури къэзгъэшIыгъэм ыкIуачIэ къызэрэщымыкIагъэр, лIагъэхэр къыгъэхъужьын зэрилъэкIыщтыр? Ары, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп!
[46.34] Мафэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэр мэшIо пашъхьэм зыщырагъэуцощтхэм араIощт: "Шъыпкъэба мыр?" Ахэмэ аIощт: "Ары, ти ТхьэкIэ Iуагъэ тэшIы!" Ащ ыIощт: "Шъо шIошъхъуныгъэ зэрэшъуимыIагъэм пае пщынэжьыр шъуушэты!"
[46.35] ЛIыкIомэ ащыщхэу пытагъэ зыхэлъыгъэхэм зэращыIэщтыгъэм фэдэу щыIэ, ахэр зэрэфаем пае сымыгъэгузажъу! А мафэм ахэр зэрагъэгугъагъэхэр залъэгъукIэ, мафэм щыщ сыхьат нахь къэмэ адэмылъыгъэхэу къашIошIыщт. Джаущтэу Тэ агурытэгъаIо! ЦIыф лъэпкъ гунахьышIэм фэшъхьаф зыгорэ агъэкIода ?

Мухьаммэд

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[47.1] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэу, Алахьым игъогу дэхыгъэхэм яIофхэр Ащ пкIэнчъы ышIыщтых.

[47.2] ШIошъхъуныгъэ зышIыгъэхэм, IофышIухэр зышIэщтыгъэхэм, Мыхьамэт къыфыригъэхыгъэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэм, ар шъыпкъэу я Тхьэ дэжь къекIы, дэеу ашIагъэхэр Алахьым афигъэгъущт, агухэр зафэ къышIыщтых.
[47.3] Аущтэу хъущт, сыда пIомэ джаурхэр пцIым ыуж рыкIуагъэх, диныр зыIыгъхэр Алахьым къафигъэкIогъэ шъыпкъэм ыуж рыкIуагъэх. Джаущтэу Алахьым щысэхэр цIыфмэ къафехьых!
[47.4] Джаурхэм шъузаIукIэкIэ, апшъэмэ сэшхокIэ шъуадау, укIыкIаеу зышъуукIхэкIэ, лъэхъухэр жъугъэпытэх. ЕтIанэ, заор зыуцужькIэ, ахэр шъхьафит шъушIыжьынхэ е ахэмэ апае шъхьащэфыжь уасэ къаIышъухын шъулъэкIыщт. Джаущтэу шъузекIу! Алахьым шIоигъуагъэмэ, ахэмэ апэшIуекIоу Ар Ежь IэпыIэгъу зыфэхъужьыни, ау аущтэу зыкIишIрэр зыхэр адырэхэмкIэ ыушэтыным пай. Ау Алахьым игъогу тетхэу къаукIыгъэхэм Iофэу ашIагъэхэр Ащ сыдигъуи ыгъэкIодыщтхэп:
[47.5] Ахэмэ Ащ гъогур аригъэлъэгъущт, агухэр зафэхэу ышIыщт,
[47.6] НэIуасэ зыфишIыгъэхэ джэнэтым ахэр рищэщтых.
[47.7] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым шъудеIэмэ, Ежьри шъо къыжъудеIэщт, шъулъэхэр ыгъэпытэщтых.
[47.8] Ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр тIокIэ куум дэрэкIуадэх, ахэмэ ашIагъэхэр Ащ ыгъэкIодыщтых.
[47.9] Алахьым къыригъэхыгъэр алъэгъу мыхъоу зэрэхъугъэхэм пай аущтэу зыкIэхъущтыр, ахэмэ ашIагъэхэр Ащ пкIэнчъэ ышIыщтых.
[47.10] Ахэр чIыгум рыкIощтыгъэхэба, алъэгъугъэба апэкIэ щыIагъэхэм кIэухэу афэхъугъэр? Алахьым ахэр ыгъэкIодыгъэх, джаурмэ афыщылъыр ащ яхьщыр.
[47.11] Аущтэу зыкIэхъурэр, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэмэ Алахьыр яухъумакIу, джаурмэ ухъумакIо яIэп.
[47.12] шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, IофышIухэр зышIэщтыгъэхэр Алахьым ригъэхьащтых джэнэтхэу псыхъохэр зыхэчъхэрэм. Ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр мэтхъэжьых, хьайуанхэр зэрэшхэхэрэм фэдэхэу машхэх, машIор ахэмэ япсэупIэщт!
[47.13] О укъыздафыгъэ уикъуаджэ ялъэкIыкIэ бэкIэ нахь лъэшхэу къоджэ тхьапша Тэ дгъэкIодыгъэр, ахэмэ IэпыIэгъу яIэп!
[47.14] Ежь иIоф дэйхэр шIагъохэу къызщыхъужьэу, ежь ишIоигъоныгъэхэм афэIорышIэщтыгъэмрэ и Тхьэ дэжь къикIэу иIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэм афэIорышIэрэмрэ зэфэдэнха?
[47.15] Тхьэм ищынагъо зыгу илъ цIыфхэр зэрагъэгугъагъэм итеплъэ мары: Псыхъохэу сыдигъуи мыкIодырэпс зыдэтхэр, псыхъохэу зиIэшIугъакIэ зэмыкIокIыжьрэ щэ зыдэтхэр, ешъохэрэмкIэ гохьэу санэ зыдэт псыхъохэр, псыхъохэу шъоу кIэщыгъэ зыдэтхэр. Ахэмэ апае ащ щыIэх пхъэшъхьэ мышъхьэ зэфэшъхьафхэр, я Тхьэ псэкIодшIагъэхэр къафегъэгъу. Ау ащ фэдэ псэукIэ къежа машIом хэтынэу зытыралъхьагъэм псэу къажъорэм рагъашъозэ, ыкIоцI зэпызыупкIрэм?
[47.16] Ахэмэ ахэт о къыодэIухэрэр. Ау уадэжь зикIыжьхэкIэ шIэныгъэ зэратыгъэхэм араIо: "БэмышIэу сыд лIэужыгъуа ащ къыIощтыгъэр ?" Ахэр Алахьым зыгу зэфишIыгъэхэр арых, ахэр ежьхэм яшIоигъоныгъэхэм арэгъуазэх ныIэп.
[47.17] Гъогу занкIэмкIэ кIуагъэхэм язэнкIагъэ Ащ хигъэхъощт, ахэмэ Тхьэм ищынагъо агу илъынэу аритыгъ.

[47.18] ОшIэ=дэмышIэу къафэкIощт сыхьатым фэшъхьаф ахэр ежэнхэ алъэкIына? Ащ инэшанэхэр мары къэсых, ахэмкIэ ар къызысыкIэ, узэряушъыирэм сыда ишIуагъэу къякIыжьыщтыр ?
[47.19] ЗэгъашIэ Алахьым фэшъхьаф тхьэ зэрэщымыIэр: Ащ елъэIу уипсэкIодшIагъэхэр къыпфигъэгъунхэу, шIошъхъуныгъэ зиIэ хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми къафигъэгъунэу. Шъо чIыпIэу Iоф зыщышъушIэри чIыпIэу шъузщылIэщтыри Алахьым ешIэ!
[47.20] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм аIо: "Сурэ къытфыригъэхыгъэу щытыгъэмэ!" Ау теубытагъэ зыхэлъ сурэр уашъом къызехыкIэ, ащ заом фэгъэхьыгъэу къыIуатэ зыхъукIэ, зыгу теубытагъэ имылъхэ цIыфхэр, хьадэгъур залъэгъукIэ зэрэмэххэрэм фэдэхэу, плъэгъущтых. Ау ахэр
[47.21] КъыпфэIорышIэхэу, гущыIэ тэрэзхэр къаIощтыгъэхэмэ, ежьхэмкIэ нахьышIу хъуныгъи! Iофыр (заор) зыщыухыгъахэм, Алахьым фэгъэхьыгъэу апшъэ ралъхьажьыгъэхэр ахэмэ агъэцэкIэжьыгъагъэмэ, ежьхэмкIэ нахь федэ хъуныгъи.
[47.22] ШъуакIыб къэжъугъазэмэ, чIыгум мыхъунхэр щышъушIэхэу, шъуизэIахьылыныгъэхэр зэщыжъугъакъохэу шъухъункIи мэхъуба?
[47.23] Ащ фэдэ цIыфхэм Алахьыр ябгыгъ. Ахэр Ащ дэгу, нэшъу ышIыгъэх.
[47.24] Ахэр КъурIаным егупшысэнхэба? Е ахэмэ агухэм IункIыбзэ ягъэтыгъа?
[47.25] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, гъогу шъыпкъэр зыдэгъэзагъэр нафэу зэрагъэлъэгъугъэм ыуж ялъэужхэм арыкIожьхэрэм шэйтаным зэрэзекIощтхэр агурегъаIо, арегъашIэ.
[47.26] Ар аущтэу зыкIэхъурэр Алахьым къыригъэхыгъэр зылъэгъу мыхъухэрэм ахэмэ араIуагъэшъ ары: "Тэ Iоф горэхэмкIэ тышъуфэIорышIэщт". Ау Алахьым ешIэ ахэмэ яшъэфхэр.
[47.27] МэлаIичхэм ахэмэ апсэхэр хахы зыхъукIэ, анапэхэм, атхыцIэхэм яохэ зыхъукIэ, сыдэущтэу зекIощтха?
[47.28] Ар аущтэу зыкIэхъущтыр Алахьым губж лъэш езгъэшIыгъэмэ ахэр ауж зэрэрыкIуагъэхэр ары, Ащ шIоигъор ахэмэ афэлъэгъущтыгъэп. Ахэмэ ашIагъэхэр Ащ пкIэнчъы ышIыгъэх.
[47.29] Зыгу теубытагъэ имылъхэр егупшысэнхэуи ахэмэ ябзэджагъэ Алахьым ымылъэгъунэуи?
[47.30] Тэ тшIоигъуагъэмэ, ахэр одгъэлъэгъунхи, ори янэшанэхэмкIэ къэпшIэжьынхи: Ори ахэр, Iо хэмылъэу, амакъэкIэ къэпшIэжьынхи, Алахьым ешIэ шъо шъушIэхэрэр!
[47.31] Диным пае заохэрэр, къаигъагъэ къызыхэзгъафэхэрэр зэтэгъэшIэфэ, Тэ шъутыушэтыщт. Шъо шъуизекIуакIэ Тэ тыушэтыщт.
[47.32] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэу, Алахьым игъогу дэзгъэхыгъэхэм, гъогу занкIэр нафэ къызафэхъугъэм ыуж пегъэмбарым гокIыгъэхэм Алахьым зыпарэкIи зэрар рахыщтэп, ахэмэ ашIагъэхэр Ащ пкIэнчъэ ышIыщтых.
[47.33] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым шъуфэIорышI, лIыкIом шъуфэIорышI, шIагъэу шъуиIэхэр хьаолые шъумышIых!
[47.34] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэу Алахьым игъогу дэзгъэхыгъэхэм, етIанэ джаурхэу лIагъэхэм сыдигъуи Алахьым афигъэгъущтэп:
[47.35] Шъунахь лъэшзэ, къэрэбгъагъэ къызхэшъумыгъаф, мамыр къыжъудашIынэу джаурмэ шъуямыдж, Алахьыр шъуигъус, Ащ шъушIагъэхэм къакIыригъэчыщтэп.
[47.36] ГъашIэу шъузыхэтыр джэгу нэкI, охътэ гъэкIод. ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ шъушIэу, Тхьэм ищынагъо шъугу илъэу шъущытмэ, Ащ шъуитынхэр къышъуетыжьых, шъуимылъкухэмкIэ къышъоупчIыщтхэп.

[47.37] АхэмкIэ шъо Ар къышъолъэIоу, шъуригъэзэу щытыгъэмэ, хьарамэу шъукъычIэкIыни, джащыгъум шъуибзэджагъэ Ащ нафэ къышIыни,
[47.38] Шъуимылъку Алахьым ихьатыркIэ жъугъэкIодынэу къышъоджэх, ау шъуащыщхэм хьэрамхэр ахэтых. Хьарамыгъэ къызыхэзгъафэрэм ежь хьарамыгъэ зэрехыжьы. Алахьыр бай, шъо шъутхьамыкI! Ау шъуакIыб къызыжъугъазэкIэ, Ащ нэмыкI цIыф лъэпкъыкIэ шъузэблихъущт, ахэр шъо шъуфэдэщтхэп.

Алфэтхь

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[48.1] ПсэкIодшIагъэхэу уиIагъэхэр, джы уиIэхэр
[48.2] Алахьым къыпфигъэгъуным пае, о къыпфэгъэхьыгъэу Ащ ишIушIэ ыгъэцэкIэным пае, гъогу зафэм уфиузэнкIыным пае,
[48.3] IэпыIэгъу ин дэдэкIэ Алахьыр IэпыIэгъу къыфэхъуным пае Тэ текIоныгъэ нафэ къыпфедгъэхыгъ.
[48.4] Диныр зыгу илъхэм Ащ гупсэфыгъо къафыригъэхыгъ, шIошъхъуныгъэу ахэмэ яIэм зэпымыоу хагъэхъоным пае, уашъоми чIыгуми ащыIэ дзэхэр Алахьым ыIэ илъых, Алахьым ешIэ, Iуш!
[48.5] Диныр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри джэнэтхэу псыхъохэр зыхэчъхэрэм Ащ хищэнхэм, егъашIэм хэсынхэм, Iоф дэеу ашIагъэхэм ащиухъумэнхэм пае. Ар Алахьым ишIушIэ ин дэд!
[48.6] Хъулъфыгъэ, бзылъфыгъэ шъорышIхэр, тхьабэ зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэри бзылъфыгъэхэри, мыхъун шIошIыхэр Тхьам фэзышIыхэрэр Ащ ыгъэпщынэщтых. Насыпынчъагъэ къатефэщт. Алахьым ахэмэ губж лъэш афишIыгъ, Ар ябгыгъ, джэхьнэмыр афигъэхьазырыгъ, ар шъхьэегъэзыпIэ дэй.
[48.7] Уашъом, чIыгум ащыIэ дзэхэр Алахьым ыIэ илъых: Алахьыр ины, Iуш!
[48.8] шыхьатэу, мэкъэгъэIоу, ушъыекIо=гъэдэIуакIоу
[48.9] Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэшъушIыным, ащ IэпыIэгъу шъуфэхъуным, Тхьэм лъытэныгъэ фэшъушIыным, Ащ ищытхъу пчэдыжьри пчыхьэри шъуIотэным пае Тэ шъудгъэкIуагъ.
[48.10] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, зыIапэ къэзытызэ шъыпкъэныгъэ хэлъынэу Iуагъэ зышIырэмэ Алахьым Iуагъэ фашIы. Ахэмэ аIэмэ Алахьым ыIэ ателъ. Хэтми Iуагъэр зыукъорэм кIодыпIэ зыредзэжьы. Алахьым Iуагъэу дишIыгъэр зыгъэцакIэрэм Ащ тын ин дэдэ къыритыщт.
[48.11] Шъоф нэкIым ис арабхэу яунэмэ къарынагъэхэм къыуаIощт: "Тэ мылъкоу тиIэмрэ тиунагъохэмрэ тыдахьыхыгъ. Тэщ пае къытфигъэгъунэу елъэIу!" Ахэмэ агу имылъыр аIупэкIэ къаIо. ЯIу: "Алахьым ыпашъхьэ шъощ пае хэта лъэкI зиIэр, Ащ изэрар шъо къышъуигъэкI шIоигъо хъумэ е шъуифедэ къышIэ шIоигъо хъумэ?" Ары, шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[48.12] ЛIыкIоми диныр зышIошъ хъухэрэми яунагъо сыдигъуи къафамыгъэзэжьынэу шъо къызшIожъугъэшIыщтыгъэ! А гупшысэм шъугухэр ыгъэгушIощтыгъэх, гупшысэ дэйхэр зэхашъушIэщтыгъэх, цIыф лъэпкъ кIодыгъэу шъущытыгъ.
[48.13] Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзымышIыгъэ джаурмэ Тэ машIо афэдгъэхьазырыгъ.
[48.14] Уашъори чIыгури Алахьым ыIэ илъ. Ежь шIоигъом Ащ фегъэгъу, шIоигъор егъэпщынэ. Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!

[48.15] Къонтхъ къэшъухьынэу шъузежьэкIэ, унэм къинагъэхэм аIощт: "Шъуауж тыкъырыкIонэу тыкъэжъугъан!" Алахьым игущыIэ зэблахъу ахэмэ ашIоигъу. ЯIу: "Шъо сыдигъуи тэ тауж шъукъырыкIощтэп! ЫпэкIэ Алахьым шъо джаущтэу къышъуиIуагъ". Джащыгъум ахэмэ аIощт: "Хьау, тэ шъукъытэхъуапсэ!" Ахэмэ къагурыIорэр макIэ.
[48.16] Шъоф нэкIым ис арабхэу яунэмэ къарынагъэхэм яIу: "ЛъэкI щынэгъошхо зиIэ цIыф лъэпкъым шъуеззэонэу Тэ шъутщэщт, ахэр быслъымэн омыхъуфэхэ шъуяззэощт. IорышIэ шъухъумэ, Алахьым тын шIагъо къышъуитыщт, ау зэ ар зэрэшъушIагъэм фэдэу шъуакIыб къэжъугъазэмэ, хьазаб пщынэжь Ащ къышъуфигъэкIощт".
[48.17] Нэшъур, лъащэр е хъыбэир заом мыкIохэмэ, ар мысагъэкIэ афалъэгъущтэп. Хэтми Алахьым, Ащ илIыкIо афэIорышIэрэр джэнэтхэу псыхъохэр зыкIэчърэм хащэщт, ау зыкIыб къэзгъазэрэр Ащ хьазаб пщынэжькIэ ыгъэпщынэщт.
[48.18] Диныр зышIошъ хъухэрэм чъыг чIэгъым Iуагъэ къыщыпфашIы зэхъум, Алахьыр ахэмэ афэрэзагъ, Ащ къышIагъ агу илъыр, ахэмэ Ежь игупсэфыгъо къафыригъэхыгъ, ар дэдэм текIоныгъэ къаритыгъ,
[48.19] Арышъ, ахэмэ къонтхъыбэ къатырахыгъ. Алахьыр ины, Iуш!
[48.20] Шъо къонтхъыбэ къэшъухьынэу Ащ шъукъыгъэгугъагъ, ар къышъуитыным дэгузэжъуагъ. Диныр зышIошъ хъухэрэмкIэ ар щысэтехыпIэ хъуным, шъо гъогу занкIэ шъурищэным пае, шъуипыимэ аIэхэр Ащ щигъэзыягъэх.
[48.21] НэмыкIэу джыри шъуIэ къимыхьагъэхэмкIэ Ащ шъукъигъэгугъагъ, ау Алахьым ахэр къыухъурэигъах, Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп.
[48.22] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр къышъозэонхэу хъугъагъэмэ, ахэмэ кIатхъужьыныгъи. ЕтIанэ ахэмэ ухъумакIуи IэпыIэгъуи агъотыщтэп.
[48.23] Алахьым ихабзэ джащ фэд, блэкIыгъэ цIыф лъэпкъыхэм Ар джаущтэу адэзекIощтыгъ. Алахьым хабзэу иIэхэм ори зыпари зэхъокIныгъэ ахэбгъотэщтэп.
[48.24] Шъо шъузатыригъэкIуагъэм ыуж Ащ шъуипыимэ аIэ къышъутырarigъэIагъэп, джащ фэдэу адырэхэри Ащ Меккэ кIэим ащиухъумагъэх. Шъо шъушIэрэр Алахьым къелъэгъу!
[48.25] Ахэр арых шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэу Алмэсджыд алхьэрам мэщытым шъуIузыщыгъэхэр, къурмэныпхъэ былымхэр зыкъозы=утхьэкъуагъэхэр. Ахэмэ диныр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэу, бзылъфыгъэхэу шъумышIэхэрэр ахэгъэкIокIагъэхэу щымытыгъэмэ, ахэр зэрэзэхэгъэкIокIагъэхэм ихьатыркIэ о умышIэу лые япхынышъ, псэкIод къэпхьыным Ар щымыщынэщтыгъэмэ, Ежь Алахьым зыфаем ишIушIэ ритыным пае, (диныр зышIошъ хъухэрэр джаурмэ) ахэкIыгъагъэхэмэ, Тэ джаурмэ пщынэжь хьылъэ атетлъхьащтыгъэ.
[48.26] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIагъэхэм агухэм губж лъэшыр ралъхьагъ, мышIэныгъэ губж лъэшыр, Алахьым, илIыкIо диныр зыIыгъхэм Ежь игупсэфыгъо къафыригъэхыгъ, ахэмэ Тхьэм ищынагъо агу илъыныр ренэу ягъусэнэу ышIыгъ. Ахэмэ ар атефэу щытыгъ, ар къаратыныр анахь яфэшъошагъ. Алахьым зэкIэ ешIэ!
[48.27] Ежь илIыкIо ылъэгъугъэ пкIыхьапIэр, мыщ фэдэ гущыIэхэр ащ зызэхырегъэхыхэм, Алахьым къыгъэшъыпкъэжьыгъ, "Шъо, Iо хэмылъэу Алмэсджыд алхьэрам мэщытым шъучIэхьащт, Алахьым шIоигъомэ, щынэгъончъэу, шъушъхьэхэр шъуупсынхэшъ е кIакоу шъуупхъунхэшъ, щынэ шъумышIэу ащ шъуихьащт. Шъо шъумышIагъэр Алахьым ышIагъ, ащ ыпэкIэ шъо къышъуфигъэхьазырыгъэ текIоныгъэр лъэтемытэу къэсыщт.
[48.28] Дин пстэумэ ахиIэтыкIыным пае Ащ Ежь илIыкIо зэрыгъозэщтыр ыIыгъэу, дин шъыпкъэр иIэу занкIэу къыгъэкIуагъ, шыхьаткIэ Алахьыр икъущт!

[48.29] Мыхьамэт Алахьым илIыкIу, ащ игъусэхэр джаурхэмкIэ пхъэшэ дэдэх, ежьхэр дэгъоу зэфыщытых. Шъхьащэ ашIэу, чIыгум натIэкIэ нэсхэу ахэр олъэгъух. Алахьым ишIушIэ, ынэшIу къащыфэным ахэр лъэхъух. НатIэкIэ чIыгум зэрэнэсхэрэм ялъэужэу ахэмэ анатIэмэ атет ужхэр плъэгъущтых. Ахэр Библиемрэ Евангелиемрэ зыфагъэдэхэрэр мары: Ахэр чылапхъэу къыхэкIыгъэм яхьщырых, ар къэкIы, хэхъо, щэпкъым зыщегъэпытэ, ащ чIыгулэжьыр егъэгушIо. Ахэр ащ зыкIыфэдэхэр джаурхэр замышIэжьэу ыгъэгубжынхэм пай. Диныр зышIошъ хъухэрэм, IофышIухэр зышIэхэрэм япсэкIодшIагъэхэр къафигъэгъунхэу, тын ин дэдэ къаритынэу Алахьым къыгъэгугъагъэх!

Алхьуджурат

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[49.1] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым, Ащ илIыкIо (яунашъохэм) апэ шъуимышъ, Алахьым шъущыщт, Алахьым зэхехы, ешIэ!
[49.2] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъумакъэхэр пегъэмбарым ымакъэ нахь лъэшэу къэшъумыIэтых, ау шъо ар шъушIэрэп, шъуиIофхэр пкIэнчъы мыхъунхэм пае шъузэрэзэдэгущыIэрэм фэдэу ащ псэлъэ лъэшкIэ зыфэшъумыгъаз,
[49.3] Алахьым илIыкIо ыпашъхьэ зымакъэ щызгъэцIыкIухэрэр диныр зыгу илъхэу Алахьым ышIыгъэхэр арых. Ахэмэ афагъэгъущт, тыныр хьалэлэу аратыщт.
[49.4] ЫкIоцIыкIэ щыIэ унэм уисэу мэкъэ IэтыгъэкIэ къыуаджэхэу укъизыщыхэрэм янахьыбэр акъыл зимыIэ цIыфых.
[49.5] О ахэмэ адэжь укъычIэкIыфэ къыожагъэхэмэ, ежьхэмкIэ ар нахьышIуни. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[49.6] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъуадэжь цIыф дэй къэбар къыхьэу къызыкIокIэ, зэрэшъумышIэрэм къыхэкIэу цIыф горэхэр шъуIэкIэмыкIодэнхэм, шъушIагъэм шъурыкIэмыгъожьыным пае, къэбар зэжъугъэшIэным шъупылъ.
[49.7] ЗэжъугъашIэ шъо Алахьым илIыкIо къызэрэшъухэтыр, IофыгъуабэхэмкIэ ар къышъодэIущтыгъэмэ, шъо къин шъулъэгъуни. Ау Алахьым шъо диныр шIу шъуигъэлъэгъугъ, ар дахэу шъугу къырилъхьагъ, динынчъагъэр, щыкIыгъэныр, мыIорышIэныгъэр шъуфэмылъэгъухэу шъуишIыгъ. Ахэр занкIэу кIохэрэр ары.
[49.8] Ахэр Алахьым ихьалэлыгъэрэ ишIушIэрэ яхьатыркIэ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым ешIэ, Iуш!
[49.9] Диныр зышIошъ хъурэ купитIу зэзаощтыгъэмэ, зэжъугъэшIужьых. Зыр адырэм фэгъэхьыгъэу мызафэу щытмэ, Алахьым иунашъо фэIорышIэ омыхъуфэ, мызафэм шъуезау. Ау ащ ихэукъоныгъэхэр зиштэжьхэкIэ, зэфагъэ хэлъэу ахэр зэжъугъэшIужьых, зэфагъэ адызешъухь, зафэхэр Алахьым шIу елъэгъух!
[49.10] Диныр зыIыгъхэр зэшых. Шъушымэ азфагу зэнэкъокъу къызихьэкIэ, зэжъугъэшIужьых, Алахьым шъущыщын, шъо Ащ къышъуфигъэгъункIи мэхъу.
[49.11] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Хъулъфыгъэхэр хъулъфыгъэмэ адэрэмыхьащхых: Ахэр адырэмэ анахьышIунхэкIи хъун! Бзылъфыгъэхэри бзылъфыгъэмэ адэрэмыхьащхых: Ахэр адырэмэ анахьышIунхэкIи хъун! Шъор шъорэу шъунапэ тешъумыхыжь, цIэ лыехэр зэфэшъумышIыжьых. Диным ыуж "щыкIыгъацIэ" уиIэныр къэрарынчъагъ! КIэмыгъожьыхэрэр мызафэхэр ары.
[49.12] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ГуцэфэшIылэ шъухъуным зыщышъудзый, псэкIоды хъурэ гуцафэхэр щыIэх: НэмыкIым лъэбэкъоу ыдзырэм пэпчъ шъулъымыплъ: Зым адырэр ерэмыуб, шъуащыщэу хэта ыш ихьадэ ыл хэIэнэу фэещтыгъэр! ар шъугу тефэна ? Алахьым шъущыщт. Ащ къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!

[49.13] О цIыфхэр! Тэ шъухъулъфыгъэу, шъубзылъфыгъэу шъукъэдгъэхъугъ, шъузэрэшIэным пае цIыф лъэпкъыхэу, лIакъохэу шъудгощыгъ. Алахьым ыпашъхьэ шъуащыщэу анахь щыцIыфышIур Тхьам ищынагъо лъэш зэхэзышIэрэр ары. Алахьым зэкIэ ешIэ, зэкIэмэ ащыгъуаз.
[49.14] Шъоф нэкIым ис арабмэ аIуагъ: "Тэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ тшIыгъэ!" ЯIу: "Шъо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ шъушIыгъэп, ау шъоIо: "Тэ IорышIэ тыхъугъ", сыда пIомэ, диныр, шъо джыри шъугу илъыгъэп. Ау шъо Алахьым, Ащ илIыкIо шъуафэIорышIэ зыхъукIэ, шIагъэу шъуиIэмэ ащыщэу зыпари кIодыщтэп". Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[49.15] Диныр зыIыгъхэр Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэу, етIанэ джэнджэш зыгу къимыхьажьыгъэхэр Алахьым игъогу тетхэу ямылъкукIи апсэхэмкIи фэбэнагъэхэр арых ныIэп. Ахэр хьэрамыгъэнчъэх.
[49.16] ЯIу: "Уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым ышIэзэ, шъо Алахьым диныр ежъугъэшIэжьынэу шъуфежьынэуи? Алахьым зэкIэ ешIэ!"
[49.17] Ислъамыр зэраштагъэм пае о шIу горэ къыпфашIагъэм фэдэу ахэр къыогыих. ЯIу: "ШъуиислъамкIэ сэ шъукъысэмыгий. Шъо диным шъузэрэрищагъэм пае къышъогыиныр Алахьым нахь тефэ. Шъыпкъагъэ шъуиIэу шъущытмэ, ащ шъуезэгъ.
[49.18] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уашъоми чIыгуми яшъэфхэр зэкIэ Алахьым ешIэх! Шъо шъушIэхэрэр Алахьым къелъэгъу!

Къаф

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[50.1] Къаф. Щытхъушхо зыпылъ КъурIанымкIэ Iуагъэ сэшIы!
[50.2] Ежьхэм ащыщ ыгъэдэIонхэу къызэрэкIуагъэр ахэмэ агъэшIэгъуагъ, джаурмэ аIуагъ: "Ар Iоф шIагъу!
[50.3] Тэ хьадэ тызыхъугъахэм, сапэ тызыхъужьыгъэм (ыуж тэ икIэрыкIэу тыкъэхъужьынэуи?) ЧыжьаIо ащ фэдэ къэгъэзэжьыкIэр!"
[50.4] Тэ тэшIэ ахэмэ чIыгум аIихрэр, Тэ тиI тхылъэу къэтыухъумагъэр.
[50.5] Шъыпкъэр ахэмэ къызафакIом, пцIыкIэ алъытагъ, ахэр хэкIыпIэ зимыIэ чIыпIэ итых.
[50.6] Ашъхьагъ, ит уашъор Тэ зэрэдгъэIагъэм, зэрэдгъэкIэрэкIагъэм, чагъэ зэримыIэм ахэр еплъыгъэхэба?
[50.7] ЧIыгури Тэ тыубгъугъэ, ащ пытэу щыт къушъхьэхэр тедгъэуцуагъэх, ащ сыд фэди дахэхэу, тIурытIоу зэгъусэхэу къыщыдгъэкIыгъэх.
[50.8] Фэчэфэу тадэжь къэзгъэзэжьрэ пэпчъ джары зэгупшысэн, зэусэн ылъэкIыщтыр.
[50.9] Уашъом Тэ къышъуфедгъэхыгъ ощхышIур, ащкIэ чъыг хатэхэри чылапхъэу ешъуутыгъэхэри къэдгъэкIыгъэх,
[50.10] Хъурмэ лъагэхэри, пхъэшъхьэ мышъхьэхэр зэгосхэу апытых,
[50.11] Iумэтмэ ягъомылапхъэкIэ илIыкIыгъэ къуаджэм псэ къыпыдгъэкIэжьыгъ, Джащ фэд ахърэт мафэм Алахьым цIыфхэр къызэригъэхъужьыщтхэр!
[50.12] Нухьэ ицIыф лъэпкъ япегъэмбархэр пцIыусхэкIэ алъытэщтыгъэба, ар Рассэ, Самуд щыпсэущтыгъэми,
[50.13] Iади, Фирхьауни, ЛютIэ ышхэми,
[50.14] Ал-Айки, Туббэ ицIыф лъэпкъи зэкIэми лIыкIохэр пцIыусхэкIэ алъытагъэх, Сэ зэрэзгъэщынэщтыгъэхэр къэшъыпкъэжьыгъ.

[50.15] Апэрэу къэдгъэшIы зэхъум, Тэ тыпшъыгъа? Ары, кIэу къэдгъэшIыщтым ахэр еджэнджэшых.
[50.16] Тэ цIыф къэдгъэхъугъ, ащ ыпсэ зэхэпхэу къыIуагъэр тэшIэ, ащ ежь ыпшъэ лъынтфэ нахьи, Тэ тынахь пэблагъ.
[50.17] ЦIыфым игущыIэхэр зыукъонхэ фаехэ мэлаIичитIур джабгъумкIи сэмэгумкIи щысхэу аугъоих.
[50.18] Лъыплъэрэм химыгъэунэфыкIэу ар дэдэм ащ зыгу щыIэ къыIорэп.
[50.19] Щэч зыхэмылъ лIэныгъэм изэтекъэныгъэ ар зэлъиштагъэ. Джары гъунапкъэу о IубгъэкIот пшIоигъуагъэр!
[50.20] Сырынэм ымакъэ къэIу, ар шъузэрагъэгугъэгъэ мафэр ары.
[50.21] Псэ пэпчъ игъогу ащ феузэнкIы, зыфэе гъуазэри шыхьатыри игъусэх.
[50.22] УщэIэфэ мы мафэм уегупшысагъэп (къыраIощт псэм). Унэхэр къизыхъощтыгъэр Тэ тетхыгъ, непэ уинэплъэгъу чан.
[50.23] Ащ игъусэм къыриIуагъ: "Мары сэ ощ пае згъэхьазырыгъэр".
[50.24] Хэтми джаурыр, къаигъэр нэбгыритIум джэхьнэмым хэшъудз,
[50.25] ШIум пэуцужьрэр, бзэджашIэр, джэнджэш язгъэшIырэр.
[50.26] Алахьым нэмыкIытхьэ гозгъэуцуагъэр, жъалым пщынэжьым хэшъудз!
[50.27] Псэм игъусэщтым Алахьым риIощт: "Ярэби я Алахь, сэ ар дэзгъэхыгъэп, ежь лъэшэу гъощэгъагъ!"
[50.28] ЫIуагъ Ащ: "Сэ садэжь шъущызэмынэкъокъу, мы мафэм ыпэкIи Сэ шъузгъэщынэгъагъ.
[50.29] Сэ сигущыIэ зэсхъокIыжьрэп, IумэтхэмкIэ Сэ сыжъалымэп
[50.30] А мафэм Тэ джэхьнэмым етIощт: "Изы хъугъа?" Ащ къыIощт: "Къыхэжъугъэхъон щыIэба?"
[50.31] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм апае джэнэтыр къагъэблэгъэщт.
[50.32] КIэгъожьыгъэ пэпчъ, Тхьэм ихабзэ зыIыгъхэр джары зэрагъэгугъагъэхэр,
[50.33] ГукIэгъушIэм шъэфэу щыщынэрэр, ыгу цIыкIу хъугъэу къекIолIэжьрэр.
[50.34] "Шъуихь ащ мамырэу, ар егъашIэрэм имаф".
[50.35] Шъо зэкIэ шъузыфаер ащ щыжъугъотыщт, Тэри ащ къыхэдгъэхъощт.
[50.36] Сыд фэдиз цIыф лъэпкъа ахэмэ апэкIэ Тэ дгъэкIодыгъэр, ахэр (Меккэм щыпсэущтыгъэхэм анахьи) нахь лъэшыгъэх, чIыгум шъхьэегъэзыпIэ щыщыIэмэ аIоти, лъыхъощтыгъэх!
[50.37] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, гуи, тхьакIуми, ни зиIэ цIыф пэпчъ пае гъэсэпэтхыдэр джащ фэд.
[50.38] Уашъори, чIыгури, ахэмэ азфагу илъыри мэфихым къыкIоцI Тэ къэдгъэшIыгъ, Тэ пшъыгъэр зэхэтшIагъэп.
[50.39] Ахэмэ аIорэр щыIэ, тыгъэр къыкъокIыфэкIэ къохьажьыным ыпэкIи о уи Тхьэ ищытхъу Iуатэ.
[50.40] Чэщри, шъхьащэ фэпшIыныр зыщыуухыщтми Ащ ищытхъу Iо.
[50.41] Гъоум чIыпIэ благъэм макъэ къызщигъэIущт мафэм кIэдэIукI.
[50.42] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыфмэ куокIый макъэр зыщызэхахыщт мафэр ахэр якъэхэм къызадэкIыжьыщтхэ мафэу хъущт.
[50.43] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тэ къэтэгъэхъух, тэгъалIэх, Тэ тадэжьи къагъэзэжьыщт!
[50.44] Ахэмэ алъэгу чIэгъ чIыгур псынкIэу зыщызэгоущт мафэр зыщытыугъоижьыщтхэ мафэу хъущт. Тэ ар тшIэнкIэ псынкIагъо.

[50.45] Тэ джаурмэ аIорэр нахьышIоу тэшIэ, ахэр о ебгъэзынхэу щытэп. Сэ сищынагъо щыщынэхэрэм КъурIаныр ягъашI!

Алзарият

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[51.1] Хэпхъагъэр зезыхьэрэ жьыбгъэмкIэ,
[51.2] Хьылъэ зыхьыхэрэмкIэ,
[51.3] ПсынкIагъэ хэлъэу чъэхэрэмкIэ,
[51.4] Унашъоу къаритыгъэм телъытагъэу зыгощхэрэмкIэ Iуагъэ сэшIы!
[51.5] Шъо шъукъызэрагъэгугъагъэр шъыпкъэ,
[51.6] Шъыпкъэ дэдэмкIэ хьыкуми щыIэщт.
[51.7] Жъогъо гъогухэр зиIэмыр уашъомкIэ Iуагъэ сэшIы,
[51.8] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъо шъуишIошIыхэм шъуагощы.
[51.9] КIыбыр зыфагъэзэщтхэр дин шъыпкъэм зыкIыб фэзгъазэхэрэр арых.
[51.10] ЯмышIэныгъэ икуупIэ щыгъощагъэхэр,
[51.11] ГъэпцIакIохэр орэкIодых,
[51.12] Ахэр къэупчIэх: "Шъхьадж ифэшъуашэ зыщыIукIэжьыщт мафэр сыдигъуа?"
[51.13] Ахэр мэшIо пашъхьэм зыщаушэтыщтхэ мафэр ары:
[51.14] "Шъуиушэтын зэхашъушIэ! Шъо тызфэжъугъэгузажъощтыгъэр джары!"
[51.15] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр я Тхьэ къаритыгъэм кIэгушIухэу псынэкIэчъхэр зэрыт джэнэтхэм арысыщтых,
[51.16] Ахэмэ ащ ыпэкIи шIу ашIэщтыгъэ.
[51.17] Чэщрэ ахэр макIэу чъыещтыгъэх,
[51.18] Нэфшъагъорэ япсэкIод шIагъэ къафигъэгъунэу лъаIощтыгъэх.
[51.19] ТхьамыкIэмэ, насыпынчъэмэ апае ямылъку щыщ Iахь ахэмэ къахагъэкIыщтыгъэ.
[51.20] ШIошъхъуныгъэ зиIэмэ апае чIыгури щысэ мэхъу.
[51.21] Шъо шъугуми ахэр арылъых. Шъумылъэгъоуи?
[51.22] Уашъоми шъуигъомылэ щыI, шъукъызэрагъэгугъагъэр ащ хэлъ.
[51.23] ГущыIакIэр къызэрэшъуитыгъэм фэдэу уашъомрэ чIыгумрэ я ТхьэкIэ мыр зэрэшъыпкъэмкIэ Iуагъэ сэшIы.
[51.24] Ибрахьимэ ихьакIэхэм лъытэныгъэ арахзэ зэрапэгъокIыгъэхэм якъэбар къыонэсыгъа?
[51.25] Мары ахэр ащ дэжь къихьэхи, аIуагъ: "Мамыр!" ахэмэ ариIожьыгъ "Мамыр!" амышIэрэ цIыфхэр"
[51.26] Ар иунагъо дэжь чIэкIи, шкIэл пщэр къыхьыгъ,
[51.27] ХэIэнхэу ариIуагъ: "Шъушхына?"
[51.28] АхэмкIэ ащ щынагъо зэхишIагъ. Ахэмэ аIуагъ: "Умыщын!" шъэожъые IушымкIэ ащ къэбар къыраIуагъ.
[51.29] Джащыгъум ащ ишъуз къихьагъ, ащ ыбгъэгу куо макъэ къыдэIукIыгъ, къыIуагъ: "Сэ ныо сыхъугъ, сыбгъ, сыдэущтэу сылъфэна?
[51.30] Ахэмэ аIуагъ: "О уи Тхьэ джаущтэу еIо: ар Iуш, ешIэ!"
[51.31] Ащ ыIуагъ: "О лIыкIохэр, шъо гухэлъэу шъуиIэр сыда?"
[51.32] Ахэмэ аIуагъ: "ПсэкIодшIагъэ зиIэ цIыф лъэпкъым,
[51.33] ЯтIэм хэшIыкIыгъэ мыжъохэр къафедгъэхынхэм пае,
[51.34] Уи Тхьэ лыягъэ зышIэрэ пэпчъ фигъэнэфэгъахэу тэ тыкъыфагъэкIуагъ.
[51.35] Диныр зышIошъ хъухэрэр тэ ащ къитщыжьыгъэх.

[51.36] Ау зы унагъо фэшъхьаф Алахьым фэшъыпкъэу Тэ ащ идгъотагъэп.
[51.37] Хьэзаб пщынэжьым щыщынэхэрэм апае Тэ ащ щысэтехыпIэхэр къитынагъэх.
[51.38] Мосэ фэгъэхьыгъэри ары. Мары, Тэ ар фирхьаун дэжь хэбзэ гъэнэфагъэ иIэу дгъэкIуагъэ.
[51.39] Ау имылъкурэ идзэрэ ащыгугъэу ащ ыкIыб къыгъэзагъ, ыIуагъ: "Уды е ышъэ икIыгъ!"
[51.40] Тэ ари ащ идзэхэри тыубытхи, хыдзэ-псыдзэм хэтыдзагъэх. Ащ уегыиныр ифэшъуаш!
[51.41] Iадхэри ары. Мары, Тэ ахэмэ
[51.42] ЗэрыкIорэр хэкужъ ышIэу зыгъэкIодыщтхэ жьыбгъэр афэдгъэкIуагъ!
[51.43] Самудхэри ары. Мары, ахэмэ ятIуагъ: "Уахътэ горэм нэс зыжъугъатхъ".
[51.44] Ау ахэр я Тхьэ иунашъо гокIыгъэх, шыблэ хъопскIым еплъыхэзэ ыхьыгъэх.
[51.45] Къэтэджыжьынхи алъэкIыгъэп, IэпыIэгъу къафэхъуни агъотыгъэп.
[51.46] Ахэмэ апэкIэ Нухьэ ицIыф лъэпкъи ары. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар цIыф лъэпкъ щыкIыгъагъ.
[51.47] Уашъор Тэ тIэхэмкIэ къэдгъэпсыгъ, ар игъэкIотыгъэ тшIыгъэ.
[51.48] Алрэгъум фэдэу Тэ чIыгур тыубгъугъэ. Сыд фэдэу Тэ тызэгъэфэкIо шIагъуа!
[51.49] Шъуегупшысэным пае, Тэ зэкIэ тIырытIоу къэдгъэхъугъ!
[51.50] Алахьым дэжь шъхьэегъэзыпIэ шъущылъыхьу; сэ ащ дэжь ушъыекIо-гъэдэIокIо нафэу сыкъекIы.
[51.51] Алахьым нэмыкIытхьэ гъусэ фэшъумышI; сэ ащ дэжь ушъыекIо-гъэдэIокIо нафэу сыкъекIы.
[51.52] Ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэми лIыкIо къафакIощтыгъэп: рамыIуагъэу "Уды е ышъэ икIыгъ!"
[51.53] Зымэ адырэхэм ар осыет къафашIыжьыгъэу щытыгъа? Ахэр гъунапкъэм икIыгъэ цIыф лъэпкъыгъэх!
[51.54] Ахэмэ уакIыб афэгъаз, гые къыптефэщтэп!
[51.55] Агу къэгъэкIыжь, диныр зышIошъ хъухэрэм гукъэкIыжьыр IэпыIэгъу афэхъу.
[51.56] Джынэхэри цIыфхэри Сэ къызфэзгъэшIыгъэхэр шъхьащэ къысфашIынэу ары ныIэп.
[51.57] Сэ ахэмэ Iахьэ къысфашIынэу сялъэIурэп, Сэ ахэмэ сагъэшхэным сыфаеп.
[51.58] Алахьым гъомылэр къеты, лъэкIыр ыIэ илъ, кIочIэшху!
[51.59] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, дахэу мызекIохэрэм Iахьэу агъотыщтыр ахэмэ апэкIэ зекIощтыгъэхэм Iахьэу аIукIэгъагъэм фэдиз, ахэмэ Сэ сарамыгъэгузажъу!
[51.60] Джаурмэ афэгъэхьазырыгъэ мафэр къызысрэм ахэмэ тхьэ яуагъ!

Алтур

Бисми Лахи рахьмани рахьим!
[52.1] ТIур къушъхьэмкIэ,
[52.2] Тхылъ тхыгъэмкIэ,
[52.3] ТхылъыпIэ зэгохыгъэм тетымкIэ,
[52.4] Унэу цIыф кIуапIэмкIэ,
[52.5] КIашъо IэтыгъэмкIэ,
[52.6] Хы губжыгъэмкIэ Iуагъэ сэшIы,
[52.7] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уи Тхьэ ипщынэжь шIокIыпIэ иIэп,
[52.8] Ар щызгъэзыен щыIэп,

[52.9] Уашъор гырзэу зыщыхъурэ мафэм,
[52.10] Къушъхьэхэр кIохэу зыщежьэхэрэм,
[52.11] ПцIыкIэ зыгъэмысэхэрэм,
[52.12] ПцIыкIэ Iоржъорхэрэм а мафэм тхьэ яуагъ;
[52.13] А мафэм яIункIыхэзэ, ахэр джэхьнэм машIом хадзэщтых.
[52.14] А машIор шъо пцIыкIэ шъулъытэщтыгъэр ары,
[52.15] Ар шхъухьэ Iофа е шъо зыпари шъулъэгъурэба?
[52.16] Ащ шъухэстыхь! ШъощыIэми е шъомыщыIэми, шъоркIэ тIури зы: Шъо къышъуфашIырэ тыныр шъушIэщтыгъэр ары.
[52.17] ШъыпкъэмкIэ, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр джэнэт тхъагъомэ арысыщтых,
[52.18] Ахэмэ я Тхьэ къыритыгъэмкIэ тхъэжьхэу джэхьнэм къиным щиухъумэщтых.
[52.19] ШъушIэщтыгъэхэм апае гухахъо шъуфэхъоу шъушх,
[52.20] Сатырэу зэгогъэуцогъэ гъолъыпIэмэ шъуатегъэуагъэу шъущылъ. Ахэр нэ шIуцIэ нэшхохэм гъусэ афэтшIыщтых.
[52.21] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, динымкIэ зикIалэхэр зилъэуж рыкIуагъэхэм тэ якIалэхэр ядгъэгъотыжьыщтых, ашIагъэм щыщ зыпари къыщыдгъэкIэщтэп. Хэтрэ цIыфи ышIагъэм шэсы фэхъу.
[52.22] Ежьхэм ашIоигъом щыщэу Тэ ахэмэ пхъэшъхьэ-мышъхьи, шхыни, ли ядгъэгъотыщт.
[52.23] Ахэмэ Iэгубжъэр зэратыжьы, псэкIодшIэным уфэзгъэблын гущыIэ нэкIхэр ащ щыIэхэп.
[52.24] Налмэс-налкъутэм фэдэхэ кIэлэ Iэтахъохэр ахэмэ къадекIокIых.
[52.25] Тхъэжьхэрэр зызэIукIэхэкIэ, зэдэгущыIэщтых.
[52.26] Ахэмэ аIощтыгъэ: "Нахьыпэм тэ тиунагъомэ тахэсэу тыгумэкIыщтыгъэ.
[52.27] Тэ Алахьым ынэшIу къытщыфагъ, пщынэжь хьылъэм тыщиухъумагъ.
[52.28] Тэ нахьыпэкIи Ащ телъэIущтыгъэ: Ар хьалэл, гукIэгъушI!"
[52.29] Агу къэгъэкIыжь! О уи Тхьэ ихьатыркIэ, пшъэ уикIыгъэп, уушхъухьакIоп,
[52.30] Е ахэмэ аIощт: "УсакIу, ащ ышъхьэ къырыкIощтым зэхъокIныгъэу фэхъущтым тежэ".
[52.31] ЯIу: "Шъуеж, сэри шъусигъусэщт!"
[52.32] Е ахэмэ япкIыхьыпIэхэм унашъо къафашIа, е ахэр цIыф лъэпкъ гъощагъэха?
[52.33] Ахэмэ аIощт: "КъурIаныр ежь къыугупшысыгъ!" Ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ яIэп!
[52.34] Ахэмэ шъыпкъэ къаIомэ, мыщ яхьщыр къэбар къарэхь!
[52.35] Е зыми щымыщым ахэр хэшIыкIыгъэха, е ежьхэм къагъэшIын алъэкIа?
[52.36] Е ахэмэ уашъохэмрэ чIыгумрэ къагъэшIыгъа? Ахэмэ шIошъхъуныгъэ яIэп!
[52.37] Е о уи Тхьэ игъэIылъыпIэ лъапIэхэр яIа, е ахэр зэрагъакIоха?
[52.38] Е рыдэIуашэхэу лъэой яIа? ДэIуагъэм зэхихыгъэр нафэу къыгъэшъыпкъэжьынэу, къэрэкIу.
[52.39] Е шъо шъаохэр шъуиIэхэу, Ащ пхъухэр иIэха?
[52.40] Е, ахэмэ ашъхьэ чIыфэм къыхэмыщыжьэу ыпэкIэ къыуатынэу уялъэIуа?
[52.41] Е ахэмэ „,къэхъущтымкIэ шIэныгъэ яIа, ахэмэ атха?
[52.42] Е ахэмэ къыотхьагъэпцIэкIыхэ ашIоигъуа? Джаурхэр апэрэу ащ пэIуфэщтых.
[52.43] Е Алахьым фэшъхьафэу ахэмэ нэмыкIы тхьэ яIа? Алахьым шытхъур дэжь, Ащ гуагъэуцорэмэ Ар анахь лъаг!
[52.44] Ошъо IапIэхэр къефэхххэу алъэгъумэ, ахэмэ аIощт: "ЗэхэгукIэгъэ ошъуапщэх!"

[52.45] Ямафэ IомыкIэфэхэ, шыблэм емыукIыфэхэ, ахэмэ ауж икI ,
[52.46] А мафэм ахэмэ якъэрарынчъагъэ сыд лIэужыгъокIи федэ афэхъущтэп, ахэмэ IэпыIэгъу агъотыщтэп.
[52.47] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, жъалымэу щытыгъэ цIыфхэр ащ ыпэкIэ пщынэщтых, ау ахэмэ анахьыбэмэ ашIэрэп!
[52.48] Уи Тхьэ унашъоу ышIыхэрэр щаIэх! О тэ тинэплъэгъу уит. УкъызытэджыжьыкIэ, уи Тхьэ ищытхъу Iуатэ!
[52.49] Чэщрэ жъуагъохэр икIыжьхэ зыхъукIэ, Ащ ищытхъу Iуатэ.

Алнэджым

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[53.1] Жъуагъоу къуахьэрэмкIэ Iуагъэ сэшIы!
[53.2] Мыхьамэт гъогум дэхыгъэп, гъощагъэп,
[53.3] КъыIори ежь дэжь къикIрэп.
[53.4] КъурIаныр ежь къыфызэIуахыгъэу къыфырагъэхыгъ.
[53.5] МэлаIич Джэбраил лъэшым ащ ригъэшIагъ,
[53.6] ЛъэкIышхо зыIэ илъыр мары,
[53.7] Анахь ошъогу лъагэм,мары занкIэу къиуцуагъ,
[53.8] ЕтIанэ благъэ къэхъугъ, къехыгъ,
[53.9] ЩэбзэщитIу фэдиз ичыжьагъэу е нахь благъэу ар щытыгъ,
[53.10] Ежь илIыкIо къыфыригъэхын фэегъэ уахьыер къыфыригъэхьыгъ.
[53.11] Мыхьамэт ыгу ылъэгъугъэмкIэ ащ зигъэпцIэжьыгъэп.
[53.12] Ащ ылъэгъурэмкIэ шъуенэкъокъуна?
[53.13] Джэнэт гъунэм Iут чъыгым дэжь,
[53.14] Адырэ дэкIоегъум Ар ылъэгъугъах.
[53.15] ШъхьэегъэзыпIэ джэнэтыр Ащ дэжь щыI.
[53.16] Техъогъэн фаер чъыгым къытырихъуагъэ зэхъум,
[53.17] Пегъэмбарым инэплъэгъу зы нэгъэупIэпIэгъукIи тырихын ылъэкIыгъэп.
[53.18] Ащ и Тхьэ анахь щысэ шIэгъо дэдэу иIэмэ ащыщыр ылъэгъугъ.
[53.19] Шъо шъулъэгъугъа шъуIо ал-Латэрэ алхьуззарэ
[53.20] Ящэнэрэ тхьэсурэтэу Манатрэ?
[53.21] Шъо къышъутекIыштхэр хъулъфыгъэхэу Ащ иIэхэр бзылъфыгъэнхэуи?
[53.22] Зэфагъэ хэмылъэу шъо жъугощыгъэ!
[53.23] Ахэр цIэ къодыех ныIэп. Шъори шъо шъуятэхэми а цIэхэр афэшъуусыгъэх ныIэп. Ахэмэ ягъусэу Алахьым щысэтехыпIэ гори къыгъэкIогъагъэп. Ахэр зэрыгъуазэхэрэр ежьхэм къашIошIырэм, агухэр зыфэщагъэхэр ары ныIэп, ау я Тхьэ дэжь къикIэу зэрыгъозэщтхэр къафэкIогъах.
[53.24] Е цIыфым ежь шIоигъор иIэ хъущта?
[53.25] Ахърэтри апэрэ гъашIэри Алахьым ыIэ илъ.
[53.26] Ягъусэныгъэ зыпарэми ишIуагъэ емыкIынэу, Алахьым ахэр фит къымышIыхэмэ, Ежь зыфаер, Ежь шIоигъор къаухъумэнэу мэлаIич тхьапша ошъогум итыр!
[53.27] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахърэт гъашIэм шIошъхъуныгъэ фызимыIэхэр мэлаIичмэ бзылъфыгъацIэхэмкIэ яджэх.
[53.28] Ау ахэмэ ащ фэгъэхьыгъэу зыпари шIэныгъэ яIэп. Ахэр зэрэгъуазэхэрэр къашIошIырэр ары, къыпшIошIырэм шъыпкъэр зэблихъун ылъэкIыщтэп.

[53.29] Тэ агу къэдгъэкIыжьрэр щызгъэзыехэу, гъашIэу зыхэтхэм фэшъхьаф фэмыехэм уакIыб афэгъаз.
[53.30] Ахэмэ шIэныгъэу яIэр ащ фэдиз ныIэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уи Тхьэ игъогу дэхыгъэхэри гъогу занкIэхэмкIэ кIуагъэхэри Ащ нахьышIоу ешIэх.
[53.31] ЗэкIэ уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым ыIэ илъ. бзаджэ зышIэхэрэм ашIагъэм елъытыгъэу Ащ къаритыщт. ШIу зышIэхэрэм Ащ тын шIагъохэр къафишIыщтых.
[53.32] Ау бзэджагъэ ин дэдэхэм, емыкIу зекIуакIэхэм защызыдзыерэм, хэукъоныгъэ цIыкIухэр зышIыхэрэм уи Тхьэ щэIэгъэшхо къадызэрехьэ. Шъо чIыгум шъухашIыкI зэхъум, ащ шъуишIэщтыгъэ, шъуянэ ыныбэ шъуридзэгъэ къодыеу, зышъуухыижьыным шъупымылъ. Тхьэм ищынагъо зыгу илъыхэр Ащ нахьышIоу ешIэх!
[53.33] ЗыкIыб къэзгъэзагъэр,
[53.34] МакIэ зытыгъэр, хьэрамыгъэ зезыхьагъэр о плъэгъугъа?
[53.35] Гум шъэфэу илъыр ащ ышIэна, ылъэгъуна?
[53.36] Мосэ ыIыгъ тхьапэмэ ащыгъэнэфагъэхэр ащ раIуагъэхэба?
[53.37] ИIуагъэ фэшъыпкъэ Ибрахьимэ иIэри?
[53.38] Ежь ихьылъэ зыхьырэ псэм нэмыкIым ихьылъэ ыхьыщтэп.
[53.39] ЦIыфым ежь ышIагъэр ары рагъэлъэгъужьыщтыр.
[53.40] Ащ ыкIуачIэ осэ тэрэз ратыщт.
[53.41] Анахь тефэрэ тыныр ратыщт.
[53.42] ЗэкIэмэ агъунапкъэр о уи Тхьэба.
[53.43] Ащ уегъэщхы, уегъэгъы.
[53.44] Ащ иунашъокIэ уегъалIэ, Ащ иунашъокIэ укъегъэхъужьы.
[53.45] Хъулъфыгъэри бзылъфыгъэри ащ къыгъэхъугъ,
[53.46] Хъопсащэм хишIыкIхи.
[53.47] ЯтIонэрэ къэгъэхъужьынри Ащ ыпшъэ илъ.
[53.48] Ащ баи уешIы,къыуеты.
[53.49] Ар жъогъобынэу зэхэсым и Тхь.
[53.50] Ащ апэрэ Iадхэр ыгъэкIодыгъэх,
[53.51] Самудхэри ары,
[53.52] Ащ ыпэкIэ Нухьэ ицIыф лъэпкъи шъхьасыгъэп-ахэр нахь динынчъагъэх, нахь хэбзэнчъагъэх.
[53.53] Зэпыригъэзэгъэ къалэхэри Ащ зэхикъутагъэх.
[53.54] Уашъом ипщыныжь ахэр зэрэщытэу зэлъиштагъэх.
[53.55] Уи Тхьэ ишIушIагъэмэ ащыщэу тары узэджэнджэшырэр?
[53.56] Мы мэкъэгъэIур апэрэ мэкъэгъэIумэ ащыщ.
[53.57] Къэсын фэе сыхьатыр къэблэгъагъ;
[53.58] Алахьым фэшъхьаф ащ пэшIуекIон щыIэп.
[53.59] Мы къэбарыр шIагъо къышъуущыхъунэуи?
[53.60] Шъощхы нахь, шъугъырэп,
[53.61] Шъузэрэпагэу шъукъэнэжьа?
[53.62] Алахьым нэмаз фэшъушI, шъхьащэ фэшъушI!

Алкъамэр

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[54.1] Сыхьатыр къэблэгъагъ, мазэр зэгокIыгъ!
[54.2] Ау ахэмэ щысэ алъэгъумэ, щагъэзые, аIо: "КIыхьэ-лыхьэ хъугъэ шхъухь!"

[54.3] Ушъыинхэр ахэмэ пцIыкIэ алъытагъэх, ежьхэм ашIоигъом тетхэу зекIуагъэх, ау зэкIэ зэмыхъокIынэу щыт.
[54.4] Ау щытми, щынагъом зэлъедгъэштэнхэ зылъэкIыщт къэбар горэхэм ядэIунхэу амал ахэмэ аратыгъ.
[54.5] Ар блэфыгъэ акъыл, ау яушъыихэзэ зэрагъэдаIохэрэр ахэмэ зыкIи IэпыIэгъу афэхъугъэп.
[54.6] Ахэмэ уакIыб афэгъаз, Мыхьамэт! А мафэм зэкIэ цIыфхэм унашъо афишIынэу зыпшъэ ралъхьэгъэ мэлаIичым щынагъом фэкIонхэу унашъо къызафишIыкIэ,
[54.7] Янэплъэгъухэр едзыхыгъэхэу, зэбгырыбыбыкIыгъэ мацIэмэ яхьщырхэу ахэр якъэхэм къадэкIыщтых,
[54.8] Ахэмэ унашъо къафэзышIыгъэ мэлаIичым ыпэ итхэу, псынкIэ дэдэу чъэщтых. Джащыгъум джаурмэ аIощт: "Ар мэфэ къин!"
[54.9] Ахэмэ апэкIэ Нухьэ ицIыф лъэпкъ шъыпкъэр пцIыкIэ ылъытагъ, гъэпцIакIом фэдэу тэ тиIумэт къыдэзекIуагъ, аIуагъ: "Ышъэ икIыгъ."Ар къыIуафыгъагъ.
[54.10] Ар и Тхьэ еджагъ: "Сэ къыстекIуагъэх, къыздеIэба!"
[54.11] Уашъор игъэкIотыгъэу Тэ къызэIутхи, ащ псы чъэрыр къеткIыкIэхыгъ.
[54.12] ЧIыгу тIуакIэмэ Тэ псынэкIэчъыхэр къадэтщыгъэх, пэшIоргъэшъэу къызэраIуагъэу, къатыралъхьагъэм зэрэщагъэнэфагъэм тетэу, уашъом къехыгъэ псыр псынкIэчъыпсым хэлъэдэжьыгъ.
[54.13] ГъучIыIунэкIэ зэхэIулIэгъэ пхъэмбгъум хэшIыкIыгъэ къухьэм исэу Нухьэ Тэ етхьыжьагъ.
[54.14] Тэ тинэплъэгъу итэу ар хым къыщекIокIыщтыгъэ. Ахэр разэ зыфэмыхъугъэхэм джащ фэд тыны афэхъугъэр.
[54.15] Тэ ар щысэу къафэдгъэнагъ, зы нэбгыр ныIэми акъыл фэхъунба!
[54.16] Сэ сяушъыизэ зэрэзгъэдаIощтыгъэхэ сихьазаб сыд фэдагъа!
[54.17] Тяушъыизэ дгъэдэIонхэм пае Тэ КъурIаныр гурыIогъошIу тшIыгъэ. Ащ зыпари егупшысэрэба?
[54.18] Хьадмэ шъыпкъэр пцIыкIэ алъытагъ, Сэ сяушъыизэ зэрэзгъэдэIуагъэхэ сихьазаб сыд фэдагъа!
[54.19] Ахэмэ Тэ жьыбгъэ лъэш мэфэ мыгъом афэдгъэкIогъагъ, ар зэпымыожьэу къепщэщтыгъэ.
[54.20] Хъурмэ чъыг итхъыгъэм фэдэу, ащ цIыфхэр чIыгум къытыричхэти, къыIэтыщтыгъэх.
[54.21] Сэ сяушъыизэ зэрэзгъэдаIощтыгъэхэ сихьазаб сыд фэдагъа!
[54.22] Тяушъыизэ дгъэдэIонхэм пае Тэ КъурIаныр гурыIогъошIу тшIыгъэ. Ащ зыпари егупшысэрэба?
[54.23] Тэ зэрэдгъэщынэхэрэр самудмэ пцIыкIэ алъытагъ,
[54.24] АIуагъ: "Тэ тщыщ цIыф закъом тедэIунэуи? Ащыгъум тэ гъощэныгъэм, акъылынчъагъэм тыпыхьагъэу тыхъуни!
[54.25] Хьау, ар нафэу пцIыус, пагэ.
[54.26] Пэгэ пцIыусыр ахэмэ неущ къашIэщт!
[54.27] Ахэр тыушэтынхэм пае Тэ мэхъшэбзыр афэтэгъакIо, ахэмэ алъыплъ, щыIэ!
[54.28] Псыр ежьхэмрэ мэхъшэбзымрэ зэфагощын зэрэфаер яIу атефэрэр зэбладзызэ арэшI.
[54.29] Ахэмэ ныбджэгъу унашъо фашIыгъ. Адырэм сэшхор къырихи, мэхъшэбзыр ыукIыгъ.

[54.30] Сэ сяушъыизэ зэрэзгъэдаIощтыгъэхэр, зэрэзгъэпщынэщтыгъэхэр сыд фэдагъа!
[54.31] Тэ ахэмэ мэлаIичым икуо макъ ныIэп афэдгъэкIуагъэр, ахэр орзэ гъугъэу ятIэм хэгъэкIухьагъэм фэдэ хъугъэх.
[54.32] Тяушъыизэ дгъэдэIонхэм пае Тэ КъурIаныр гурыIогъошIу тшIыгъэ. Ащ зыпари егупшысэрэба?
[54.33] ЛютIэ ицIыф лъэпкъ гъэщынэныгъэр пцIыкIэ ылъытэщтыгъэ.
[54.34] Мыжъохэр къэзыдзыщтыгъэ жьыуае Тэ а цIыф лъэпкъым фэдгъэкIуагъ, нэфшъагъом ЛютIэ иунагъу ныIэп къэдгъэнэжьыгъэр.
[54.35] Тэ талъэныкъокIэ ар шIушIагъэу щытыгъ. Къытфэрэзэ цIыфхэм Тэ джаущтэу тятэ!
[54.36] ЛютIэ Тэ кIуачIэу тиIэмкIэ ахэр ыгъэщынэщтыгъэх, ау щынэныгъэм еджэнджэшыщтыгъэх.
[54.37] Ахэр яхьакIэмэ зэрар арахынэу фэягъэх, ау Тэ амылъэгъужьэу тшIыгъэ, ятIуагъ: "Сэ сигъэпщынэни, сигъэщынэни зэхашъушIэ!"
[54.38] КъыкIэлъыкIогъэ мафэм хьэзаб пщынэжьым ар дэдэм ахэр зэлъиштагъэх.
[54.39] Сэ зэрэзгъэщынэхэрэр, сяушъыизэ зэрэзгъэдаIохэрэр зэхашъушIэ!
[54.40] Тяушъыизэ дгъэдэIонхэм пае Тэ КъурIаныр гурыIогъошIоу тшIыгъэ. Ащ зыпари егупшысэрэба?
[54.41] Фирхьаун илIакъо ушъыихэр къыфэкIуагъэх.
[54.42] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр зэкIэ ахэмэ пцIыкIэ алъытагъэх, Тэ ахэр ин дэдэу, Лъэш дэдэм зэришIэу, Iуедгъэхыгъэх.
[54.43] Шъо шъуиджаурхэр нахьышIуа шъуапэ итхэм анахьи? Е шъо хыеу шъухэзгъэкIын тхыгъэмэ арыта?
[54.44] Ахэмэ аIона: "Тэ тызэдеIэжьмэ, бэ тэхъу?".
[54.45] Ау бэ хъурэр шIэхэу зэбгырытэкъугъэ хъущт. Ахэмэ зэкIэмэ акIыб къагъэзэщт,
[54.46] Яфэшъуашэ зыIукIэжьыщтхэ сыхьатым ахэр зэрэлъэгъущтых. Сыд фэдэу нэшхъэеу, тхьамыкIагъоу а сыхьатыр щытыщт!
[54.47] Мысэхэр гъощэныгъэм, акъылынчъагъэм хэтых.
[54.48] А мафэм, ахэр анэгухэмкIэ чIыгум щалъэшъухэзэ джэхьнэм машIом зыщыхащэщтхэм, якуощтых: "Джэхьнэмым шъузэрэнэсырэр шъуушэты!"
[54.49] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сыд лIэужыгъуи шапхъэм тетэу Тэ къэдгъэшIыгъ!
[54.50] Тэ тиIуагъэ нэгъэупIэпIэгъум фэдэу заIо.
[54.51] Шъо шъуихьащырхэр Тэ дгъэкIодыгъэх. Ащ зыпари егупшысэрэба?
[54.52] Ахэмэ зэкIэ ашIэрэр мы тхыгъэхэм ащыхэгъэунэфыкIыгъ.
[54.53] Ащ зэкIэ итхагъ: Ин дэдэри цIыкIури.
[54.54] Зафэхэр псыхъохэр зыщыкIэчъырэ джэнэтхэм ащыпсэущтых,
[54.55] Шъыпкъэр зыдэщыIэр лъэкIышхо зиIэ Тхьам дэжь.

Алрэхьман

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[55.1] ГукIэгъу зыхэлъым
[55.2] КъурIаныр аригъэшIагъ,
[55.3] ЦIыфыр къыгъэшIыгъ.
[55.4] Дахэу гущыIэнэу ригъэшIагъ,
[55.5] Тыгъэмрэ мазэмрэ пIэлъэ гъэнэфагъэм тетэу къекIокIых.
[55.6] Уцхэмрэ чъыгхэмрэ Тхьэм шъхьащэ фашIы.
[55.7] Уашъор лъагэу ыIэтыгъ,шъущэчырэмкIэ шъумыгъэпцIэнхэу

[55.8] Щэчалэхэр ыгъэуцугъэх.
[55.9] Зэфагъэм тетэу афэшъущэч, щэчалъэхэр зэщышъумыгъакъох.
[55.10] ЦIыф лъэпкъ зэфэшъхьафхэм апае Ащ чIыгур зэригъэфагъ.
[55.11] Пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр, хъурмэ чъыгхэр,
[55.12] Фышъхьэ лэжьыгъэхэр, мэIэшIу къызпихырэ уцхэр чIыгум тетых.
[55.13] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.14] КъошынышIымэ агъэфедэрэ ятIэм Ащ цIыфыр хишIыкIыгъ.
[55.15] МэшIо тхъоуабзэ Iужъоу Iугъо къызпымыкIрэм Ащ джынэхэр хишIыкIыгъэх.
[55.16] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.17] КъокIыпIитIур Ащ ыIэ илъ. КъохьапIитIур Ащ ыIэ илъ.
[55.18] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.19] ХитIоу зэнэсыщтыгъэхэр Ащ ыгощыгъ.
[55.20] Ахэмэ азфагу зэпыгъэIыкIыпIэм зыкъыщеIэты, ахэр зэхахьэхэрэп.
[55.21] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.22] Адырэми мыдырэми налмэс налкъутэхэр, мыжъо лъапIэхэр къахэкIых.
[55.23] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.24] Къушъхьэм фэдэу хыхэр зэпызычырэ къухьэхэр Ащ иех.
[55.25] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.26] Псэ зыпытэу чIыгум тетыр зэкIэ кIодыжьыщт.
[55.27] ЕгъашIэрэу къэнэжьыщтыр уи Тхьэ ынап, щытхъурэ шIуагъэрэкIэ къэуцухьагъэщт.
[55.28] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.29] ЗэкIэ псэ зыпытэу уашъом щыIи чIыгум щыIи лъэIуныгъэшхо яIэу Ащ зыфагъазэ. Мафэ къэс Ащ IофыкIэхэр ешIэх
[55.30] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.31] О цIыфхэмрэ джынэхэмрэ, шъуиIоф тIоным Тэ зы мафэ пэIудгъэхьащт.
[55.32] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.33] О цIыф купрэ джынэ купрэ! Уашъомрэ чIыгумрэ ягъунапкъэхэм шъуаблэкIын шъулъэкIыщтмэ,шъуаблэкI! Ау Тхьам лъэкI къышъуитымэ ары ныIэп ащ шъублэкIын зышъулъэкIыщтыр.
[55.34] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.35] Iугъо пымыкIэу мэшIо тхъуабзэ Iужъу къышъуфагъэкIуагъэ хъущт, шъо IэпыIэгъу жъугъотыщтэп.
[55.36] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.37] Уашъор зэгорэм зэкъоунышъ, кIышъо гъэлагъэм фэдэу плъыжьы хъущт.
[55.38] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.39] А мафэм цIыфхэми джынэхэми псэкIодэу ашIагъэмкIэ яупчIыщтхэп.
[55.40] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.41] ПсэкIодышIэхэр ятамыгъэхэмкIэ къэшIэжьыгъэ хъущтых, ахэр ашъхьацхэмкIэ, алъакъохэмкIэ аубытыщтых.
[55.42] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.43] Джаурмэ къэугупшысыгъэкIэ алъытэщтыгъэ джэхьнэмыр мары,
[55.44] МэшIо тхъуабзэмрэ псэу къажъомрэ азфагу къакIухьэу ахэр итыщтых.
[55.45] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.46] Лъытэныгъэ зиIэ Тхьэм ищынагъо зыгу илъым джэнэтитIу ратыщт.
[55.47] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?

[55.48] ТIури къутамэхэмкIэ гъэкIэрэкIэгъэщтых.
[55.49] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.50] Ахэмэ псы лъэкъуитIу ахэчъы.
[55.51] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.52] Ахэмэ пхъэшъхьэ-мышъхьэ зэфэшъхьафхэр лъэпкъитIоу ащыIэх.
[55.53] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.54] Ахэр дышъэрэ тыжьынрэ зыхэдэгъэ дэнэ Iужъур зыкIэбзэгъэ алрэгъумэ загъэпсэфынэу атегъолъхьащтых. чъыг хэтитIуми пхъэшъхьэ-мышъхьэу апытхэр зышIоигъо пэпчъ къыпичынхэу лъхъэнчэщтых.
[55.55] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.56] Нэплъэгъу укIытапхэхэр зиIэхэ пшъэшъэ ныбжьыкIэхэу цIыфи джыни зынэмысыгъэхэр ащ щыIэщтых.
[55.57] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.58] Ахэр мэрджанэмэ, налмэс-налкъутэмэ афэдэх.
[55.59] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.60] ШIум шIу фэшъхьаф тын фэпшIынэу щыIэна?
[55.61] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.62] Мы джэнэтитIум афэшъхьафэу, нэмыкI джэнэтитIу джыри щыIэщт.
[55.63] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.64] Уцышъо чIапцIэхэр.
[55.65] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.66] Ахэмэ псы къакIэчъэу псынэкIэчъитIу ахэтыщт.
[55.67] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.68] Ахэмэ пхъэшъхьэ-мышъхьэ, хъурмэ, нарэ чъыгхэр арытых.
[55.69] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.70] Бзылъфыгъэ шIагъохэр, хьалэлхэр ащ щыIэщтых.
[55.71] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.72] Нэ шIуцIэ инхэр зиIэ пшъашъэхэр щыбылыкъмэ ачIэсыщтых.
[55.73] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.74] Ахэмэ цIыфи джыни анэсыгъэп.
[55.75] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.76] Шъхьэнтэ уцышъомэ, алрэгъу шIагъомэ ателъхэу загъэпсэфыщт.
[55.77] Шъуи Тхьэ ишIушIэмэ ащыщэу шъо тара пцIыкIэ шъулъытэщтыр?
[55.78] Щытхъурэ лъытэныгъэрэ зыIэ илъэу уи Тхьэ ыцIэ лъапIэ, лъагэ орэхъу!

Алукъихьэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[56.1] Къефэхрэр къызефэхыхэкIэ,
[56.2] Ащ икъефэхын пцIы хэлъэп!
[56.3] Ащ цIыфышIухэр ыгъэлъэпIэщтых,цIыф дэйхэр ыгъэцIыкIущтых.
[56.4] ЧIыгур лъэшэу зысысыкIэ,
[56.5] Къушъхьэхэр тэкъуафэхэу зызэбгырытэкъухэкIэ,
[56.6] Бгъу пстэумкIи итэкъухьэгъэ сапэм фэдэу зыхъухэкIэ,
[56.7] Шъо, цIыфхэр, купищэу гощыгъэ шъузыхъукIэ,
[56.8] Джащыгъум джабгъу лъэныкъор зыIэ илъыщт цIыфхэр, сыд фэдэха джабгъу лъэныкъор зыIэ илъхэр?

[56.9] Сэмэгу лъэныкъор зыIэ илъхэр, сыд фэдэха сэмэгу лъэныкъор зыIэ илъхэр?
[56.10] Апэрэхэр апэрэу щытыщтых.
[56.11] Ахэр Алахьым пэблэгъэ дэдэхэу щытыщтых.
[56.12] Джэнэт тхъагъохэм ахэр арысыщтых.
[56.13] Ижъырэ цIыф пчъагъэу Адам къыщегъэжьагъэу Мыхьамэт нэсыжьэу, ахэмэ ахэтыщтыр нахьыб,
[56.14] Джырэ цIыфмэ ащыщхэр бэщтхэп-Мыхьамэт къызыкIуагъэм щегъэжьэгъэщт.
[56.15] ДышъэкIэ, мыжъо лъапIэхэмкIэ гъэкIэрэкIэгъэ гъолъыпIэхэм защагъэпсэфызэ,
[56.16] АIэнтэгъухэм ахэр атегъэпсыкIыгъэхэу, ахэмэ анэгухэр зэфагъэзэщтых.
[56.17] ЕгъашIэм ныбжьыкIэу щытыщт кIэлакIэхэр,
[56.18] Псы чъыIэ бжъэхэр, Iэгубжъэхэр, къошынхэр адаIыгъэу, ахэмэ къадекIокIыщтых,
[56.19] Шъхьэузи шъхьэунэзэни хахыщтэп,
[56.20] Ежьхэм ашIоигъоцт пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр ащ щыIэщтых,
[56.21] Ежьхэм шIу алъэгъурэ бзыулхэри щыIэщтых.
[56.22] Ахэмэ пшъэшъэ нэ шIуцIэ нэшхо дахэхэр,
[56.23] Налмэс налкъутэмэ афэдэхэу агъэлъапIэхэрэр яIэщтых.
[56.24] Ахэмэ, нахьыпэрэ шIушIагъэмэ апае, тынхэр афашIыщтых.
[56.25] ГущыIэ нэкIхэр, псэкIодышIэным уфэзыщэрэ гущыIэхэр ахэмэ зэхахыщтхэп,
[56.26] Ахэмэ мыщ фэдэ гущыIэ фэшъхьаф зэхахыщтэп: "Мамыр, мамыр"
[56.27] Джабгъу лъэныкъор зыIэ илъхэр, хэтха джабгъу лъэныкъор зыIэ илъхэр?
[56.28] Панэ зытемыт чъыг къэгъагъэхэм,
[56.29] Мэзэ чъыгхэм, пхъэшъхьэ-мышъхьэр зыпиз чъыгхэм ахэр ачIэсыщтых.
[56.30] Чыжьэу зызыдзырэ жьау чIэгъыми,
[56.31] Псы лъакъор зыщыблэчъырэми,
[56.32] Пхъэшъхьэ-мышъхьэр зыщыхъоими,
[56.33] Ахэмэ къыпыпчын уфимыт зыми уимышIэу,
[56.34] Алрэгъу убгъугъэмэ ахэмэ защагъэпсэфыщт.
[56.35] Джэнэт пшъэшъэ дахэхэр Тэ нэмыкIхэу, нахь гъэшIэгъонхэу къэдгъэхъугъэх.
[56.36] Ахэр зытетыгъэхэм тетхэу къэдгъэнагъэх,
[56.37] ЯлIымэ шIу алъэгъухэу, ныбжьымкIэ зэлэгъухэу,
[56.38] Ахэр зыфэгъэзэгъэщтхэр джабгъу лъэныкъор зыIэ илъ цIыфхэр арых.
[56.39] Ахэмэ ижъырэ цIыфэу ахэтыщтыр бэ хъущт,
[56.40] Ау тэ тилъэхъан щыщ цIыфхэри бэ хъущтых.
[56.41] Сэмэгу лъэныкъор зыIэ илъ цIыфхэр, сыд фэдэха сэмэгу лъэныкъор зыIэ илъхэр?
[56.42] УзгъэкIодрэ жьыбгъэм, псэу къажъорэм,
[56.43] Iугъо шIуцIэм ижьаоу,
[56.44] МычъыIэтагъэу, мытхъагъоу щытым хэтыщтых.
[56.45] Ащ ыпэкIэ гъэшIэ тхъагъом хэтхэу ахэр щыIагъэх.
[56.46] Гунахьышхо агъэхъэным ахэр фэкъаигъэх
[56.47] КъыхэкIыщтыгъэ аIоу: "Тэ тылIэжьэу, яжьэ, къупшъхьэ тыхъужьмэ, шъыпкъэмкIэ, тэ тыкъагъэхъужьына,
[56.48] Е тятэ пIашъэхэу ижъыкIэ щыIагъэхэр?"
[56.49] ЯIу: "Апэ щыIагъэхэри ыужкIэ щыIагъэхэри,
[56.50] Iо хэмылъэу, агъэнэфагъэ мафэм щызэIуагъэкIэщтых.
[56.51] ЕтIанэ шъо, хэукъоныгъэм хэтхэр, Тхьэр зышIошъ мыхъухэрэр,
[56.52] Чъыг панэм къыпыкIэрэр шъушхыщт.

[56.53] Шъо шъуныбэмэ арыз шъушIыщт,
[56.54] Псы фалIэм ригъэзыгъэу махъшэр псы зэрешъорэм фэдэу,
[56.55] Псы жъуагъэкIэ зыжъугъэшъокIыщт".
[56.56] ЯIоф зыщаIощт мафэм ахэр зэрагъэшхэщтхэр джащ фэд.
[56.57] Тэ шъукъэдгъэхъугъ, ар шъушIошъ хъугъэмэ!
[56.58] Хъопсащэм шъукъызэрэхэкIырэ шIыкIэм шъуегупшысэгъэна?
[56.59] Ар шъора къэзгъэхъугъэр е тэра?
[56.60] ЛIэныгъэр Тэ къышъухэдгощагъ, Тэ тыфае хъумэ,
[56.61] Шъо къышъуфэдэхэу нэмыкI цIыфхэмкIэ шъузэблэтхъущтымэ е шъо нэмыкI теплъэ шъуиIэу кIэрыкIэу шъукъэдгъэхъужьыщтмэ, зыпарэми къытфигъэпытэн фитэп.
[56.62] Шъо, апэрэу къэхъугъэхэр шъошIэ, сыд пае шъуемыгупшысэра?
[56.63] Лэжьыгъэу шъулэжьхэрэр шъулъэгъугъэха?
[56.64] Шъора ар езыутрэр е Тэ етэута?
[56.65] Тэ тыфэягъэмэ, шъухыжьырэр зэкIэ орзэ гъугъэкIэ зэблэтхъуни, жъугъэшIэгъони, шъумакъэ Iэтыгъэу шъуIони:
[56.66] "Мары, тэ чIыфэм тыхэхьагъ.
[56.67] ТигугъапIэхэм тагъэпцIэжьыгъ.
[56.68] Шъузашъорэ псыр шъулъэгъугъа?
[56.69] Ошъуапщэм къыхэкIэу ар къезгъэхырэр шъора е Тэ къетэгъэха?
[56.70] Тэ тшIоигъуагъэмэ, ар щыугъэ Тэ тшIын тлъэкIыщтыгъ, Сыд пае шъо шIукIэ шъугу тыкъэмыкIра?
[56.71] Зэщышъухъозэ, машIоу къэжъугъотырэр шъунэхэмкIэ шъулъэгъугъэба?
[56.72] Ар къэзытырэ чъыгыр шъора къэзгъэхъугъэр е Тэ къэдгъэхъугъа?
[56.73] Шъоф нэкIыр къэзыкIухьэу итхэм апае федэ хъунэу, акъыл хахынэу Тэ ар тшIы тшIоигъуагъ.
[56.74] О уи Тхьэшхо ыцIэ щытхъу фаIу!
[56.75] Сэ жъуагъохэмэ якъохьапIэхэмкIэ Тхьэ сэIо
[56.76] ШъошIэмэ, ар тхьарыIо ин дэд.
[56.77] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар, КъурIаныр, лъэпIэ дэд,
[56.78] Ар тхылъ ухъумагъэм дэт.
[56.79] Зыпари, цIыф къабзэхэм афэшъхьаф, ащ нэсыщтэп.
[56.80] Зэрэдунае зыIэ илъым ар ищыс.
[56.81] Мы тхылъыр армэ шIэ шъо фэмылъэгъуныгъэ шъуиIэу шъузэплърэр?
[56.82] Мафэ къэс шъушхырэ хьалыгъумкIэ мы тхылъым пэшIуекIоу мысэныгъэхэр шъошIыха?
[56.83] Сыда шъугу шъучыишъхьэ къызигъуалъхьэкIэ,
[56.84] ШъуинэплъэгъубгъупстэумкIи зидзы зыхъукIэ,
[56.85] Шъо шъулъэгъурэп, шъощ нахьи нахь тэ тыпэблагъ,
[56.86] Шъо шъузфитыжьэу щытмэ,
[56.87] Шъукъэзыбгынэрэ псэм сыда къызкIешъумыгъэгъэзэжьрэр, шъуишъыпкъэмэ!
[56.88] Алахьым пэблэгъэ дэдэмэ ащыщхэмэ
[56.89] Гупсэфыгъуи, мэIэшIухэри, джэнэт тхъагъохэри афагъэхьазырыгъ.
[56.90] Джабгъу лъэныкъор зыIэ илъ цIыфхэм ащыщ хъущтхэм
[56.91] АIощт: джабгъу лъэныкъор зыIэ илъ цIыфхэм ацIэкIэ мамыр огъот!
[56.92] ЦIыфмэ ащыщхэу пцIыусхэм афэдэхэу пегъэмбархэм адэзекIощтыгъэхэм, гъощагъэхэм

[56.93] Гъомылэ афэхъущтыр псэу къажъорэр ары.
[56.94] Ахэмэ афэдэхэр машIом щыдгъэстыщтых.
[56.95] ШъыпкъэмкIэ, ар узэмыджэнджэшыжьын шъыпкъ!
[56.96] О уи Тхьэшхо ыцIэ гъэлъапIэ!

Алхьэлид
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[57.1] ЗэкIэ уашъохэм ащыIи чIыгум щыIи Алахьым щытхъу феIо. Ар кIочIэшху, Iуш!
[57.2] Ащ уашъори чIыгури ыIэ илъ. Ащ ущегъаIэ, уегъалIэ. Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп.
[57.3] Ар апэрэ, аужырэ, нафэ, шъэфы. Ащ зэкIэ ешIэ.
[57.4] МэфихыкIэ Ащ уашъори чIыгури къыгъэшIыгъ, етIанэ ипщыпIэ лъэгапIэ
зыщигъэпытагъ. ЧIыгум хахьэри, ащ къыхэкIри, уашъом къехри, ащ дэкIуаери Ащ ешIэ.
Шъо тыдэ шъущыIэми, Ар шъуигъус. ШъушIэрэр Алахьым къелъэгъу!
[57.5] Уашъори чIыгури Ащ ыIэ илъ, Ащ зэкIэми фагъэзэжьы.
[57.6] Ащ мафэм чэщыр къыхегъахьэ, чэщым мафэр хегъахьэ. Шъо шъугу илъыр Ащ ешIэ.
[57.7] Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэшъушI, Тхьэм шъо кIэнзехьэ
шъузфишIыгъэ шIуагъэмэ ащыщ сэдакъэ шъуты. Шъо шъуащыщхэу шIошъхъуныгъэ
шъыпкъэ зышIыгъэхэу, сэдакъэ зытыхэрэм тын лъапIэ аIокIэжьы.
[57.8] Шъуи Тхьэ шIошъхъуныгъэ фэшъушIынэу пегъэмбарыри къышъуаджэ пэтзэ,
гущыIэ пытэ шъуIихыгъэу, шIошъхъуныгъи шъуиIагъэмэ, Алахьым шIошъхъуныгъэ
фэшъумышIынэу сыда къышъущышIыгъэр?
[57.9] Шъо шIункIым шъукъыхищыни нэфынэм шъухищэным пае, Ащ Ежь илIыкIо Iэятэ
къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр къыфырегъэхых. ШъоркIэ Алахьыр шъабэ,
гукIэгъушI!
[57.10] Уашъомрэ чIыгумрэ якIэн Алахь закъом зиекIэ, шъо сыд пае шъуимылъку
Алахьым ихьатыркIэ шъумыгъэкIодыщта? Шъо шъуащыщхэу текIоныгъэм ыпэкIэ
имылъку щыщ зытыщтыгъэхэм, ежь ышъхьэкIэ заомэ ахэлажьэщтыгъэм цIыфэу ащ
яхьщыр зымышIэщтыгъэм фэдэу адэзекIощтхэп. ТекIоныгъэм ыуж зимылъку къэзытырэм,
заохэм нахь кIасэу ахэлажьэрэм нахьи, ащ фэдэм нахь лъэоенэ хэIэтыкIыгъэ ыубытыщт.
Ау Алахьым ахэри адырэхэри тын лъапIэхэмкIэ къыгъэгугъагъэх. Шъо шъушIэрэмэ Ар
ащыгъуаз.
[57.11] Тхьэр фэдэ IэджыкIэ къетэжьыным, тынышIу къыфишIэжьыным пае, ыгу пыкIэу
Алахьым хэта тын фэзышIыщтыр?
[57.12] А уахътэм хъулъфыгъэхэу бзылъфыгъэхэу Тхьэр зышIошъ хъухэрэр плъэгъущт.
Ахэмэ янэфынэ апэ итэу зидзыщт, яджабгъу лъэныкъокIэ ахэмэ непэ къараIощт: "Тэ
къэбарышIу непэ къышъотэIо псы лъакъохэмкIэ гъэшъокIыгъэхэу егъашIэм
шъузэрысыщтхэ джэнэтхэм афэгъэхьыгъэ къэбар. Ар гъунэ зимыIэ насып.
[57.13] А мафэм нэпитIу зиIэ хъулъфыгъэхэмрэ бзылъфыгъэхэмрэ Тхьэр зышIошъ
хъурэмэ араIощт: "Шъо шъуинэфынэ щыщ шъуIытхыным пае, тэ шъукъытаж !" Ахэмэ
араIощт: "ШъукъыздикIыгъэм жъугъэзэжьи, нэфынэм шъулъыхъу!" Къэлапчъэ зыхэлъ
дэпкъ ахэмэ азфагу игъэуцуагъ. Ащ ыкIоцI ГукIэгъу зыхэлъыр дэс, ыпэкIи ыкIыбкIи
пщынэжьыр щыI!
[57.14] НэпитIу зиIэхэр Тхьэр зышIошъ хъурэмэ къякуощтых: "Тэ шъо
тышъуигъусагъэба?" Ахэмэ араIожьыщт: "Ары, ау шъор-шъорэу зышъуушэтыжьыщтыгъэ,
шъуежэщтыгъэ, джэнджэшым шъудихьыхыгъ, хъопсэным шъухигъэукъуагъ. Арышъ,
Алахьым иунашъо къэсыгъ, шъо Алахьым фэгъэхьыгъэ нэцIэбгэным шъуигъэплъэхъугъ.

[57.15] Шъушъхьэ зэрэшъущэфыжьын шъори шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэми
непэ шъуIахыщтэп. ШъуишъхьэегъэзыпIэ-машIо, шъо джары шъушъхьэ
фэшъушIэжьыгъэр. Ар зэрэкIэух тхьамыкIагъор!
[57.16] Алахьым игугъу къызщашIырэм, шъыпкъэр зэрыт тхылъэу Ащ къыригъэхыгъэм
ыпашъхьэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр агукIэ еуцолIэнхэмкIэ уахътэр
къэсыгъэба? ПэшIоргъэшъэу тхылъыр къызэратыгъэхэу, уахътэ зытешIэм зыгухэр
жъалым хъугъэхэм, ахэмэ ащыщыбэхэу щыкIыгъэхэм афэдэ зарэмышI.
[57.17] ЧIыгу лIагъэм Алахьым псэ къызэрэпигъэкIэжьырэр зэжъугъашIэ. Шъо
къыжъугурыIонхэм пае а къэбар хьалэмэтхэр Тэ къыжъугурыдгъэIогъахэх.
[57.18] Хъулъфыгъэхэм, бзылъфыгъэхэм ащыщхэу сэдакъэ зытыхэу, агу пыкIэу Тхьэм
тын фэзышIхэрэм ащ пае фэдэ IэджкIи къятэжьыщтых, ахэмэ тын хьалэл яIэщт.
[57.19] Алахьым, Ащ илIыкIохэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзышIыхэрэр цIыф зафэхэр,
щахьидхэр арых, я Тхьэ ыпашъхьэ ахэр щыкъабзэх, тобэ щашIыжьы. Ахэмэ тын нэфынэ
яIэщт. Джаур хъугъэхэмрэ Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр пцIыкIэ зылъытагъэхэмрэ
джэхьнэм машIор япсэупIэщт.
[57.20] Мы дунэе гъашIэр мыхъатэу, пкIэнчъэу зэрэщытыр зэжъугъашIэ, шъоркIэ ар гуIэн
щытхъу, зэнэкъокъупI, ахъщэ угъоинымкIэ, кIэлабэ уиIэнымкIэ. Ар зыфэдэр ощхыр
къещхэу, къэкIхэрэр багъохэу, жъонакIомэ агъэшIагъоу, етIанэ ахэр гъонлэжьыщтых,
плъэгъущт орзэ гъугъэ хъужьыщтых. Ахърэтым хьазабышхуи Алахьым ишIушIи итын
дахи щыI. Мы дунэе гъашIэр пIалъэ зиIэ тхъагъоу шъузгъапцIэрэр ары.
[57.21] Шъуи Тхьэ къышъуфигъэгъуным, чIыгумрэ уашъомрэ афэдиз зиинэгъэ джэнэтэу
Алахьым, Ащ илIыкIохэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэхэм афагъэхьазырыгъэр
къышъуатыным зым адырэр ыпэ ишъэу шъукIэгуI. Ар Алахьым ишIушI, Ежь зыфаем
реты. ШIушIэ иныр Алахьым ыIэ илъ.
[57.22] Шъо шъукъэдгъэхъуным ыпэкIэ тхыгъэм имытэу чIыгур е шъо шъузгъэкIодрэ зы
тхьамыкIагъо къэхъурэп. Шъыпкъэ дэдэмкIэ,ар АлахьымкIэ IэшIэх.
[57.23] Шъо шъуIэкIэкIыгъэм нэшхъэй зешъумыгъэшI, къыжъудэхъурэм гъунэнчъэу
шъузэригъэгушIуагъэр къызхэшъумыгъэщ. ЦIыф пагэу шъхьащытхъужьыр Алахьым шIу
ылъэгъурэп,
[57.24] Ежьхэри хьэрамхэу, хьэрамыгъэ зэрахьанэу цIыфхэм унашъо афэзышIыхэрэр, Ащ
зыщызгъэзыерэмкIэ Алахьыр бай, икъун щытхъу иI.
[57.25] Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр яIэхэу тилIыкIохэр Тэ
къэдгъэкIуагъэх, ахэмэ ягъусэу, цIыф зафэхэм апае тхыгъэмрэ щэчалъэмрэ къедгъэхыгъэх,
гъучIыри ары. Ащ цIыфхэмкIэ зэрарышхуи феди хэлъ. Ар шъо къызыкIышъуитыгъэр
шъуащыщэу, лIыкIом фэдэу ыгу етыгъэу, Ащ шъэфэу IэпыIэгъу фэхъущтыр ылъэгъуным
пай. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Алахьыр кIочIэшху, ины!
[57.26] Тэ Нухьэрэ Ибрахьимэрэ къэдгъэкIогъах, ахэмэ къатекIыгъэхэм пегъэмбархэри
къафэдгъэкIуагъэх,тхылъхэри къафедгъэхыгъэх, тхыгъэр яIэнэу афэдгъэуцугъ. Гъогу
зэнкIэ рыкIохэри ахэмэ ахэтых, ау анахьыбэри щыкIыгъ.
[57.27] ЕтIанэ ахэмэ ауж Тэ къэдгъэкIуагъэх тилIыкIохэр, Мерэм ыкъоу Хьисэ ауж
къэдгъэкIуагъ, ащ къеттыгъ Евангелиер, ащ ыуж рыкIуагъэхэм агу къитлъхьагъ
шъэбагъэр, гукIэгъур, ахэмэ гъашIэм шIуагъэу хэлъыр зэкIэ щызгъэзыерэ щыIакIэр
къаугупшысыгъ. Алахьым шIоигъом фэшъхьаф амышIэнэу Тэ ахэмэ афэдгъэнэфагъ, ау Тэ
тиунашъохэр зэрэщытын фаем тетэу ахэмэ агъэцэкIагъэхэп. Ахэмэ ащыщхэу
шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зиIагъэхэм Тэ тын афэтшIыгъ, ау ахэмэ анахьыбэр цIыф
щыкIыгъ.

[57.28] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым шъущыщт, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ фэшъушI, Ежь гукIэгъоу хэлъым щыщэу IахьитIу къышъуитыщт. Нэфынэр шъуиIэпыIэгъоу шъуапэкIэ шъукIоным пае ар къышъуитыщт, къышъуфигъэгъущт. Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[57.29] Тхыгъэр зиIэмэ ашIэным пае Алахьым ишIушIэмэ ащыщэу зыпарэми ахэмэ лъэкI зэрэфырямыIэр ыкIи шIушIэр Алахьым ыIэ зэрилъыр, Ежь зыфаем ар реты. ШIушIэ иныр Алахьым ыIэ илъ.

Алмуджадэлэ
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[58.1] ИлI пае даощтыгъэм, тхьаусыхэщтыгъэм игущыIэхэр Алахьым зэхихыгъэх. Алахьым зэхехы, елъэгъу!
[58.2] Шъуащыщхэу яшъузхэр янэмэ атхыкъупшъхьэ фагъадэзэ щызгъэзыехэрэм ахэр янэхэп, ахэр къэзылъфыгъэхэр арых янэхэр, Iо хэлъэп, гум темыфэрэ гущыIэ ашIы, пцIы аусы. Iо хэлъэп, Алахьыр къыпфигъэгъуным фэщагъ, щэIагъэ хэлъ!
[58.3] Янэмэ атхыкъупшъхьэхэм яшъузхэр фэзгъадэхэу, етIанэ аIуагъэм текIыжьхэрэм зэгохьажьынхэм ыпэкIэ пщылI горэ шъхьафит арэшIыжь. Джащ фэдэ унашъо къышъуфашIыгъ. Алахьым ешIэ шъо шъушIэрэр!
[58.4] НэбгыритIу зэнэсынхэм ыпэкIэ гъэрыр шъхьафит ышIыжьынэу амал зымыгъотрэм зэлъыпытэу мэзитIо ерэнэкI. Ар зымылъэкIыщтмэ тхьамыкIэ тIокIищ агъэшхэщт. Ауштэу зыкIэхъурэр шъо Алахьым, ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ афышъуиIэным пай. Алахьым иунашъохэр джащ фэдэх. Джаурмэ пщынэжь хьылъэ афагъэхьазырыгъ.
[58.5] Алахьым, Ащ илIыкIо апэшIуекIохэрэр ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэр хэкужъ зэрашIыгъэхэм фэдэу хэкужъ хъущтых. Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр Тэ къедгъэхыгъэх, зыгъэцIыкIущтхэ пщыныжьыр джаурмэ афыщылъ!
[58.6] АшIагъэр зэкIэ Къаймэт мафэм Алахьым къызщариIожьыщтым Ащ зэкIэ къыдилъытагъ, ау ахэмэ зэкIэ ащыгъупшагъ. Алахьым зэкIэ къеушыхьатыжьы!
[58.7] Уашъом щыIи чIыгум щыIи Алахьым зэришIэрэр о плъэгъурэба? Ар яплIэнэрэу щымытэу нэбгырищ зэдэгущыIэу хъурэп, Ар яхэнэрэу щымытэу нэбгыритф зэрэугъоеу къыхэкIрэп. Бэу къэзэрэугъоихэми макIэу къэзэрэугъоихэми, тыдэ щыIэхэми, Ар ямыгъусэу хъурэп. ЕтIанэ Къаймэт мафэм ахэмэ шIагъэу яIэхэр, агу къыгъэкIыжьыщт, сыда пIомэ, Ащ зэкIэ ешIэ!
[58.8] Шъэф зэдэгущыIэр зыфамыдагъэхэр о плъэгъугъэхэба, ау ахэмэ етIанэ афамыдагъэм къыфагъэзэжьы, псэкIодым, пегъэмбарыр алъэгъу зэрэмыхъурэм, фэмыIорышIэнхэм атегущыIэх. Ахэр о уадэжь къызыкIохэкIэ, Алахьым о шIуфэс къызэрэуихыщтыгъэм фэмыдэу, шIуфэс къыуахы, агукIэ аIо: "Тэ гущыIэу тIорэмэ апае сыда тэ Алахьым тызыкIимыгъэпщынэрэр? Ахэмэ тынэу яIэщтыр джэхьнэмыр ары. Ахэр ащ егъашIэм щыстыщтых. Ар кIэух тхьамыкIагъу!
[58.9] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо шъэфэу шъугущыIэ зыхъукIэ псэкIодым, пегъэмбарыр шъугу темыфэным, ащ иунашъохэм шъуафэмыIорышIэным шъуатемыгущыI, шIушIэгъэным, Тхьэм ищынагъо шъугу илъыным шъуатегущыI, зыпашъхьэ шъуихьэжьыщт Алахьым шъущыщт.
[58.10] Шъэф зэдэгущыIэр шIошъхъуныгъэ зышIыгъэхэр чэфынчъэ зышIы зышIоигъо шэйтаным къыпкъырэкIы. Ау Алахьым иIизын хэмылъмэ, шъо ащ иягъэ къышъуигъэкIын ылъэкIыщтэп, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм Алахьыр гугъапIэ арэшI!

[58.11] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! "ШъуизэIукIэхэр ижъугъэкIотых!" къызышъуаIокIэ, ижъугъэкIотых. Алахьым джэнэтым чIыпIэ игъэкIотыгъэ къыщышъуитыщт, ау къызышъуаIокIэ: "Шъукъэтэдж!" шъуащыщэу Алахьым хиIэтыкIрэр шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, шIэныгъэ зэфэшъхьафхэр зиIэхэр ары. Шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ.
[58.12] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо лIыкIом шъэфэу шъудэгущыIэ зыхъукIэ, шъузэдэгущыIэным ыпэкIэ садакъэр къижъугъэкIот. ШъоркIэ ар нахьышIу, нахь къабз. Ау шъо ащ фэдэ амал шъуимыIэмэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[58.13] ШъуизэдэгущыIэ ежъугъэжьэным ыпэкIэ сэдакъэ шъутымэ тхьамыкIэ шъухъунэу шъощына? Ар шъумышIагъэмэ, Алахьым къышъуфигъэгъун, ащыгъум нэмаз шъушIы, зэчатэр хэжъугъэкI, Алахьым, Ащ илIыкIо шъуафэIорышI, Шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[58.14] Алахьым игубж зытезылъхьэжьыгъэ лъэпкъым ныбджэгъуныгъэ дэзышIыхэрэр о плъэгъугъэхэба? Ахэр шъо шъущыщхэп, адырэми ащыщхэп, ашIэзэ пцIыкIи Тхьа аIо.
[58.15] Пщынэжь щынагъо ахэмэ Алахьым афигъэхьазырыгъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ ашIэрэр дэи!
[58.16] ЧэтэпэIудзэм фэдэу ахэмэ я Тхьэ иIуагъэхэр аштагъэх, нэмыкIхэр Алахьым игъогу Iуащых. ЗыгъэцIыкIущтхэ пщынэжьыр ахэмэ яI!
[58.17] Мылъкоу яIэри якIалэхэри Алахьым ыпашъхьэ ахэмэ зыкIи афэлэжьэщтэп. Ахэр машIом щыпсэущтых, ащ егъашIэм хэтыщтых.
[58.18] Къаймэт мафэм ахэмэ шъуапашъхьэ Iуагъэ зэрэщашIыщтыгъэм фэдэу шIошъхъуныгъэ яIэу Iуагъэ ашIыщт, ау ар IэпыIэгъу афэхъущтэп. Еплъ ахэр зэрэгъэпцIакIохэм!
[58.19] Шэйтаным ахэр зэлъиштагъэх, Алахьым игугъуи ащигъэгъупшагъ, ахэр шэйтаным икупых, шэйтаным икупхэр ары кIодыгъэхэр!
[58.20] Алахьымрэ илIыкIорэ апэшIуекIохэрэр къырамыдзэжьхэу къэнэщтых.
[58.21] Алахьым ытхыгъ: "Сэри сэ силIыкIохэми текIоныгъэр къыдэтхыщт! Алахьыр лъэш, кIочIэшхо иI!
[58.22] Джаурыр ятэми, ыкъоми, ышыми, илъэпкъэгъухэми Алахьымрэ илIыкIорэ апэшIуекIоу щытмэ, шIулъэгъуныгъэ афашIыщтэп, ахэмэ Алахьым ишIошъхъуныгъэ агу къырилъхьагъ, япыйхэм атекIонхэу къадэIэпыIагъ. Псы лъакъохэр зыхэчъыхэрэ джэнэтхэм ахэр ригъэхьащтых, егъашIэм исыщтых. Алахьыр ахэмэ къафэраз, ежьхэри Алахьым фэразэх, игъусэх. Алахьым игъусэхэр тхъэжьыщтых.

Алхьэщыр

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[59.1] Уашъохэми чIыгуми ащыIэм Алахьым ищытхъу аIо. Ар ины, Iуш!
[59.2] Тхыгъэр къызэратыгъэмэ ащыщхэу джаурхэм япсэупIэмэ арыкIынхэу Ащ унашъо къафишIыгъ. Джауштэу ахэр кощынхэу къежьагъэх. Ахэр Ащ икIынхэм шъуегупшысагъэп, япытапIэхэм Алахьым ащиухъумэнхэу ежьхэри гугъэщтыгъэх. Зыщемыжэщтыгъэхэ лъэныкъомкIэ ахэмэ Алахьыр атеуагъ. Ахэмэ агухэм Ащ щынагъор арилъхьагъ. Ахэмэ ежь аIэхэмкIэ, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм аIэхэмкIэ яунэхэр зэхагъэтэкъуагъэх. Ар зэхэзыхрэ цIыфхэмкIэ а щысэр жъугъэфедэ!
[59.3] Ахэр агъэкощынхэу Алахьым унашъо къафимышIыгъагъэми, гъашIэу зыхэтхэм ахэр Алахьым щигъэпщынэнхи, ахэмэ мэшIо пщынэжь ахърэтым къыщяжэ.

[59.4] Ар-Алахьымрэ илIыкIорэ ахэр зэрагокIыгъэхэм пай, Алахьым гокIырэр ыгъэпщынэнкIэ Алахьыр лъэш!
[59.5] Хъурмэ чъыгмэ ащыщхэр ишъуупкIыгъэх, ащыщхэр зэрэщытэу къэжъугъэнагъэх. Джаурхэр Ащ ыушъхьакIунхэм пае Алахьым иIизын хэлъэу а зэпстэур шIагъэ хъугъэ.
[59.6] Ахэмэ къахэкIыгъэ къонтхъэу Алахьым илIыкIо шы заулэрэ мэхъшэ заулэрэ ритыгъэр, шъорэп ахэр къыфэзыфыгъэхэр, Алахьыр ары. Алахьым ыIэ къимыхьан щыIэп,
[59.7] Къуаджэмэ ащыпсэурэмэ къапыкIыгъэ къонтхъэу Алахьым ежь илIыкIо къыритыгъэр шъо баеу шъуиIэмэ зэфамыгощыжьыным пае зыер Алахьыр, Ащ илIыкIу, къышъупэблагъэхэр, ибэхэр, тхьамыкIэхэр, гъогурыкIохэр ары. ЛIыкIом къышъуитыгъэр шъуштэ, ащ къышъуимытыгъэм зыфэшъуIаж. Алахьым шъущыщын, уигъэпщынэнкIэ Алахьыр лъэш!
[59.8] Мухьаджырхэм ащыщхэу тхьамыкIэхэу япсэупIэхэм къарафыгъэхэм, зимылъку фимытыжьхэм, Алахьым ынэшIу къащифэным щыгугъыхэрэм, Алахьым, Ащ илIыкIо IэпыIэгъу фэхъунхэм фэхьазырхэм а къонтхъым щыщ Iахьэ аIукIэн фае, Ахэр цIыф шъыпкъэх!
[59.9] ПсэупIэ ренэу зиIагъэхэу, ау диныр нахьыпэм зыштагъэхэм адэжь шъхьэегъэзыпIэ щылъыхъурэ цIыфхэм афэчэфхэу шъхьэегъэзыпIэ араты. Ахэмэ аратрэр ежьхэм зэрагъэгъотыным ахэр агукIэ фаехэп, ежьхэр тхьамыкIэу щыIэх нахь мышIэми, адырэмэ афагъэкIуатэ. НасыпышIо хъущтыр хьарамыгъэм зыщызыухъумэхэрэр ары.
[59.10] Ахэмэ ауж къэкIыгъэхэм аIо: "Ярэби я Алахь! Тэ тшыхэу тапэкIэ диныр зыштагъэхэм афэдэу, къытфэгъэгъу, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм афэгъэхьыгъэу тыгумэ зэхэшIэ дэй къарымылъхь. Ярэби я Алахь! О ушъаб, угукIэгъушI!"
[59.11] О плъэгъугъэба шъорышIыгъэ зезыхьэхэрэр, ежьхэм якъошхэу тхыгъэ зиIэхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм зэрараIорэр: "Шъо шъузырафыкIэ, тышъуигъусэу тэри тикIыщт, шъощ пае тэ зыми тыфэIорышIэщтэп. Шъо къышъозаохэ хъумэ, тэри шIокIыпIэ имыIэу IэпыIэгъу тыкъышъуфэхъущт". Ахэр зэрэпцIыусыхэмкIэ Алахьыр шыхьат.
[59.12] Ахэр зырафхэкIэ, мыдрэхэр ахэмэ адикIыщтхэп, ахэмэ язаохэ зыхъукIэ, мыдрэхэр ахэмэ IэпыIэгъу афэхъущтхэп. IэпыIэгъу афэхъухэми, акIыб къагъэзэщт, IэпыIэгъуи ахэмэ агъотыщтэп.
[59.13] Алахьым нахьи шъо нахь шъущынагъоу ахэмэ агу шъуилъ. Ар зытехъухьэрэр ахэр къызгурымыIорэ цIыф лъэпкъэу зэрэщытхэр ары.
[59.14] Къоджэ пытапIэхэм е дэпкъыхэм акIыб дэтхэмэ ары нахь, ахэр зэкIэ шъо къыжъудэзэощтхэп. Ахэр лъэшэу зыфэжъалымыжьых: Ахэр зэгъусэхэу о къыпшIошIы, ау агухэр зэпэзырызых. Аущтэу зыкIэхъурэр ахэр къызгурымыIорэ цIыф лъэпкъэу зэрэщытхэр ары.
[59.15] Бэ мышIэу ахэмэ апэкIэ щыIагъэхэм ахэр яхьщырых: Iоф зэрар бзаджэхэр зэрашIэхэрэр ахэмэ зэхашIэжьыгъ, ахэмэ хьэзаб пщынэжь афыщылъ.
[59.16] Шэйтаным фэдэу ахэр мэзекIох, цIыфым риIуагъ: "Джаур хъу! Ар джаур зэхъум, ыIуагъ: "Сэ о сыбгъодэкIыжьы. Зэрэдунае и Тхьэу Алахьым сэ сыщэщынэ!"
[59.17] ТIуми зэраухыгъэр егъашIэм зыхэтыщтхэ машIом зэрэхэфагъэхэр ары. ЦIыф дэйхэм джащ фэд тынэу агъотырэр!
[59.18] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым шъущыщт. КъэкIощт мафэм псэ пэпчъ зыфигъэхьазырыжьрэм дэгъоу ереплъыжь. Алахьым шъущыщт, сыда пIомэ шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!

[59.19] Алахьыр зыщыгъупшагъэмэ афэдэ шъумыхъу, ежьхэми защыгъупшэжьынэу Алахьым ахэр ышIыгъэх. Ахэр щыкIыгъэх.
[59.20] Джэнэт Iахьылхэмрэ джэхьнэм Iахьылхэмрэ зэфэдэп, джэнэтым исхэр ары насыпышIохэр.
[59.21] Мы КъурIаныр къушъхьэ горэм къыфедгъэхыгъагъэмэ Алахьым ыпашъхьэ зэрэщыщынэрэм къыхэкIэу зэгоутыгъэу о плъэгъуни. ЦIыфмэ Тэ къяттырэ щысэхэр джащ фэдэх, ахэр егупшысэнхэкIи хъун.
[59.22] Алахьыр ары, Ащ фэшъхьаф шъэфыри нафэри ышIэу Тхьэ щыIэп. Ар гукIэгъушI, гукIэгъу хэлъ!
[59.23] Алахьыр ары, Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп, пачъыхь, къабзэ, щыкIагъэ иIэп, шъыпкъагъэ иI, ухъумакIу, кIочIэшху, щытхъушхо пылъ. Алахьым щытхъур ыдэжь, ахэмэ гуагъэуцорэмэ Ар анахь лъаг!
[59.24] Алахьыр гъэпсакIо, зэхэщакIо, гъэсакIо, зэкIэмэ анахь цIэ шIагъохэр Ащ иIэх. Уашъом щыIи чIыгум щыIи Ащ ищытхъу еIо.Ар ины, Iуш!

Алмумтэхьинэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[60.1] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Сэ сипыйхэми шъуипыйхэми ныбджэгъуныгъэ адэшъумышI. ШIулъэгъу афышъуиIэу ахэмэ зафэшъогъазэ, ау шъыпкъэм щыщэу къышъуфэкIуагъэм ахэмэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIыгъэп. Шъуи Тхьэ Алахьыр шъушIошъ зэрэхъурэм пае, шъори лIыкIори ахэмэ шъукъызыхафы. Сэ сигъогу шъутетэу шъузэонэу, Сэ сыжъугъэрэзэнэу шъукъызыдэкIым, ахэмэ шIулъэгъоу афышъуиIэр шъуушъэфыщтыгъэ. Шъо шъуушъэфыщтыгъэри къэжъугъэлъагъощтыгъэри Сэ нахьышIоу сэшIэ. Ар шъуащыщэу зышIэрэр гъогу зафэм дэхыгъ.
[60.2] Шъущыщ куп горэм ахэр къыIукIагъэхэмэ, шъуалъэгъу зэрэмыхъурэр ахэмэ къышъуагъэлъэгъуни, яягъэ къышъуагъэкIыным пае ахэмэ аIэхэри абзэгухэри къышъутыращэенхи, икIэрыкIэу джаур шъуашIыжьыным ахэр фэенхи.
[60.3] Къаймэт мафэм шъуиIахьылхэри шъуикIалэхэри IэпыIэгъу къышъуфэхъущтэп. Ащ шъуигощыщт. Шъо шъушIэрэр Алахьым къелъэгъу!
[60.4] Ибрахьимрэ ащ игъусагъэхэмрэ шъоркIэ щысэ дэгъугъэх. Ахэмэ яцIыф лъэпкъ раIуагъ: "Алахьым фэшъхьафэу шъо шъхьащэ зыфэшъушIырэм тэ тиIоф хэлъэп. Шъо шIошъхъуныгъэ шъуфытиIэп. Алахь закъом шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэшъумышIыфэ, шъорырэ тэрырэ тазфагу фэмылъэгъуныгъэрэ пыиныгъэрэ егъашIэрэу къыщежьагъ. Ибрахьимэ ятэ риIогъагъэм щысэ тешъумых: "О Алахьым къыпфигъэгъунэу сэ селъэIущт, ау ощ пае Ащ зыпари къезгъэшIэн слъэкIыщтэп. Ярэби я Алахь, оры тэ цыхьэ зыфэтшIырэр, О зыкъэфэдгъэзагъ, уадэжь къэдгъэзэжьыщт!
[60.5] Ярэби я Алахь! ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм ачIыпIэкIэ тэ тымыушэт, къытфэгъэгъу. Ярэби я Алахь, О уин, уIуш!"
[60.6] Алахьым, ахърэт мафэм IукIэжьынхэм щыгугъыхэрэмкIэ а цIыфхэр щысэ дэгъух, ау Алахьым зыкIыб фэзгъэзэрэ цIыфхэм Ар ащыкIэрэп. Алахьыр бай, щытхъушхо пылъ!
[60.7] Шъори ахэмэ ащыщхэу шъузэпыихэрэми шъуазфагу Алахьым шIулъэгъуныгъэ къырилъхьанкIи мэхъу. Алахьыр лъэш, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[60.8] Шъо шъуидин пае къышъомызэуагъэхэм, шъуиджэныкъомэ шъуадэзымыфыгъэхэм хьалэлэу, зафэу шъуафыщытыныр Алахьым мыдэ ышIырэп. Зафэхэр Алахьым шIу елъэгъух!

[60.9] Шъуидин пае къышъозэуагъэхэм, шъуиджэныкъомэ шъуадэзыфыгъэхэм е ар
нэмыкӀхэм къышъуашӀэным ӀэпыӀэгъу афэхъущтыгъэхэм сыд фэдэ гъусэныгъэ
адышъуиӀэныр Алахьым мыдэ ешӀы. Ахэр ныбджэгъу зышӀыхэрэр насыпынчъэх.
[60.10] О шӀошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышӀыгъэхэр! Тхьэр зышӀошъ хъурэ бзылъфыгъэхэр
къызышъухэхьажьхэкӀэ, ахэр шъуушэтых. Ахэмэ ашӀошъ хъурэр Алахьым нахьышӀоу
ешӀэ. Тхьэр ашӀошъ ахэмэ зэрэхъурэр зышъушӀэкӀэ, джаурмэ адэжь яшъумыгъэгъэзэжь.
Ахэмэ ахэр яенхэр хэбзэнчъэ е ахэр ялӀынхэр: Ау уасэу къафатыгъэм ежъугъэгъэзэжь.
Ахэр къэшъущэнхэми мыхъун хэлъэп, ау уасэ афэшъут. Бзылъфыгъэ джаурхэр
шъумыӀыгъых, ау уасэу алъышъутыгъэм къежъугъэгъэзэжь. Джащ фэдэ къабзэу а
бзылъфыгъэмэ къаратыщтым апае джаурхэр къышъодэощтых. Джащ фэдэ унашъо
Алахьым къеты. Алахьыр Іуш, ешӀэ!
[60.11] Джаурмэ адэжь ыгъэзэжьыным пае шъуишъузмэ ащыщ зикӀыжькӀэ, лъатыгъэм
фэдиз къонтхъэу къэшъухьыгъэм щыщ а шъузыр зыӀэпыкӀыгъэхэм яшъут.
ШӀошъхъуныгъэ зыфэшъушӀыгъэ Тхьэм ыӀорэм шъублэмыкӀ.
[60.12] О пегъэмбар! Тхьэр зышӀошъ хъурэ бзылъфыгъэхэр уадэжь къызыкӀохэкӀэ, Іуагъэ
къыпфашӀэу Алахьым имыфэшъуашэхэр гуамыгъэуцонхэу, мытыгъонхэу, ялӀымэ
афэшъыпкъэнхэу, якӀалэхэр амыукӀыжьынхэу, ялӀмэ ямыкӀалэхэр ахэмэ яй аӀоу пцӀы
амыусынэу, дэгъум фэӀорышӀэнхэу о штэх, къафигъэгъунэу Алахьым елъэӀу, Алахьым
къыпфегъэгъу, гукӀэгъу хэлъ!
[60.13] О шӀошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышӀыгъэхэр! Алахьым ынае зыщыфагъэхэм
ныбджэгъуныгъэ адэшъумышӀ. Бэным дэлъхэм джаурхэр зэращымыгугъыжьхэрэм фэдэу
ахэр ахърэт гъашӀэм щыгугъыжьхэрэп.

Алшъэф

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[61.1] Уашъохэм ащыӀи чӀыгум щыӀи Алахьым ищытхъу еӀо. Ар Іуш!
[61.2] О шӀошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышӀыгъэхэр! Шъо шъумышӀэрэр сыд пае шъуӀора?
[61.3] Шъо шъумышӀэрэр зэрэшъуӀорэм пае фэмылъэгъуныгъэу Алахьым
къышъуфишӀырэр ины.
[61.4] Алахьым игъогу тетхэу, сатырэ зэготхэу заохэрэр Ащ шӀу елъэгъух, ахэр унэ пытэм
фэдэх!
[61.5] Мосэ ицӀыф лъэпкъ риӀуагъ: "О сицӀыф лъэпкъ! Сэ Алахьым сырилӀыкӀоу
шъуадэжь сыкъызэрэкӀуагъэр шъушӀэзэ, сыд пае шъхьакӀо къысэшъухыра?" Гъогу зафэм
ахэр зыдэхыхэм, Алахьым ахэмэ агухэр ыгъэгъощагъэх. ПсэкӀодшӀэгъабэ зиӀэ цӀыф
лъэпкъыр Алахьым гъогу занкӀэ рищэрэп!
[61.6] Мерэм ыкъоу Хьисэ ицӀыф лъэпкъ риӀуагъ: "О Исраил ыкъохэр! Сэ сапэкӀэ
къырагъэхыгъэ Библием итхэр зэрэшъыпкъэр къэсыушыхьатынэу, сэ сауж къэкӀощт
лӀыкӀоу Ахьмэд зыцӀэм пае къэбарышӀу къышъозгъэӀунэу, Алахьым сырилӀыкӀоу сэ
шъуадэжь сыкъэкӀуагъ". Іэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкӀыгъэхэр иӀэхэу ар
къызэкӀом, ахэмэ аӀуагъ: "Ар шхъухьэ наф!"
[61.7] Алахьым имыхьакъ езыӀуалӀэрэм, Ислам диным фэлэжьэнэу раӀозэ, нахь
гунахьышӀэ цӀыф щыӀэна? Гунахьыбэ зыгъэхъэгъэ цӀыф лъэпкъыр Алахьым гъогу занкӀэ
рищэрэп!
[61.8] Ахэр гущыӀэкӀэ Алахьым инурэ агъэбылъыным фаех, ау Алахьым къытырэ нурэм,
джаурмэ ар яджагъоми, нэфынакӀэ къыхегъахъо.

[61.9] Сыд фэдэ дини ар анахь лъагэу къыгъэкIоным пае, ар Тхьабэ зышIошъ хъурэмэ афэмылъэгъущтыгъэ нахь мышIэми, илIыкIо зэрэзекIощтымрэ дин шъыпкъэмрэ къыритыгъэх.
[61.10] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Хьэзаб пщынэжьым шъущызыухъумэщт сатыур къышъосэрэгъэлъэгъуа?
[61.11] Шъо Алахьым, Ащ илIыкIо шIошъхъуныгъэ афышъуиI, Алахьым игъогу шъутетэу шъуимылъкукIэ, шъупсэхэмкIэ шъозао. ШъоркIэ ар нахьышIу! шъо шъошIэмэ.
[61.12] Джащыгъум шъо псэкIодшIагъэу шъуиIэхэр Ащ шъуфигъэгъущтых, псыхъохэр зыхэчъхэрэ джэнэтхэу псэупIэшIухэр зыхэтхэм шъуахищэщт. Ар гъунэ зимыIэ насып!
[61.13] Шъо нэмыкI шIуагъэхэу шъузфаехэр, Алахьым иIэпыIэгъурэ итекIоныгъэ благъэрэ, Ащ къышъуетых Тхьэр зышIошъ хъухэрэр гъэгушIох!
[61.14] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Алахьым шъуригъус, Мерэм ыкъо Хьиси игъусэхэмэ зэрариIуагъэм фэдэу: "Алахьым иIофкIэ хэта сэ джэуап къысфэхъущтыр? Ригъэджагъэхэм аIуагъ: "Тэры Алахьым игъусэхэр!" Исраил ыкъохэм ащыщэу зы куп шIошъхъуныгъэ ашIыгъ, адырэмэ шIошъхъуныгъэ ашIыгъэп. ШIошъхъуныгъэ зышIыгъэхэм япыйхэм апэшIуекIонхэу Тэ кIуачIэ яттыгъ, ахэмэ текIоныгъэр къыдахыгъ.

Алджумухьэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[62.1] Пачъыхьэу къабзэу, щытхъушхо зыпылъэу, Iушэу Алахьым ищытхъу уашъохэм ащыIи чIыгум щыIи аIо! Ар лъэшы, Iуш!
[62.2] ЦIыф мыгъэсагъэмэ ащыщэу Ащ лIыкIор къахигъэтэджагъ. Ар Ащ иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэмэ къафеджэ, ахэр егъэкъабзэх, тхыгъэмрэ Iушыгъэмрэ арегъашIэ, ахэр ыпэкIэ, Iо хэмылъэу, нафэу гъощагъэхэу щытыгъэхэми,
[62.3] Ахэмэ ащыщхэу джыри нэмыкIхэу гъусэ къафэмыхъугъэхэри. Ежь щытхъушхо пылъ, Iуш!
[62.4] Мыр Алахьым ишIушIагъ, ар Ежь шIоигъом реты. ШъушIэ иныр Алахьым ыIэ илъ.
[62.5] Библиер къызэратыгъэу ащ рымылажьэрэр тхылъхэр зыхьырэ щыдым фэд. Алахьым иIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэ цIыфхэр дэй горэм яхьщыр мэхъух! ШIошъхъуныгъэ зимыIэ цIыфхэм Алахьыр пащэ афэхъурэп!
[62.6] ЯIу: "О джурт хъугъэхэр! Шъо Алахьым шъупэблагъэу къышъушIошIымэ,нэмыкI цIыфмэ афэшъхьафэу, шъо шъуIорэр шъыпкъэмэ, лIэныгъэр къыхэшъух!
[62.7] Хьау, Iофэу ашIагъэмэ апае ахэр сыдигъуи лIэныгъэм фэещтхэп, сыда пIомэ Алахьым цIыф дэйхэр ешIэх.
[62.8] Ахэмэ яIу: "ШъузIэпыкIы шъушIоигъо лIэныгъэр шъуапэкIэ къышъуфэзэщт, етIанэ шъэфыри нафэри зышIэрэм ыпашъхьэ шъурагъэзыхьажьыщт, шъушIэщтыгъэхэр Ащ къышъуиIожьыщтых".
[62.9] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Джумахьэ мафэм нэмаз шъушIынэу къызышъуаджэхэкIэ, Алахьыр шъугу къэжъугъэкIыжьыным шъуегугъу, сатыур щыжъугъэзый. ШIошIэмэ, шъоркIэ ар нахьышIу!
[62.10] Нэмазыр ухыгъэ зыхъукIэ, шъуздакIо шъушIоигъом шъукIу, Алахьым ишIушIэ шъулъыхъу, бэрэ Алахьым шъуегупшыс, шъо насыпышIо шъухъункIи мэхъу,
[62.11] Ахэмэ сатыу горэ залъэгъукIэ е чэфыгъо горэ анэ къызыпэшIуафэкIэ, бгъу пстэумкIи зэхэкIыжьхэшъ, уизакъоу укъагъанэ. ЯIу: "Алахьым иIэр чэфыныгъэмрэ сатыумрэ анахьышIу!" Алахьым гъомылэр анахьышIоу егощы!

Алмунафикъун

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[63.1] ШъорышIхэр уадэжь къызыкIохэкIэ, аIо: "О Алахьым узэрилIыкIор тэ къэтэушыхьаты". Алахьым ешIэ узэрилIыкIор, шъорышIхэр зэрэпцIыусхэр Алахьым къеушыхьаты.
[63.2] Ахэмэ яIуагъэхэр чэтэпэIудзэ зыфашIыжьыгъэх, Алахьым игъогу дагъэхыгъэх. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ ашIэрэр дэи!
[63.3] Апэм ахэмэ шIошъхъуныгъэ ашIыгъ,ау етIанэ шIошъмыхъуныгъэм фагъэзэжьыгъ. Ахэмэ агухэр зэфэшIыгъэх, ахэмэ зыпари къагурыIорэп.
[63.4] Ахэр зыплъэгъухэкIэ, ятеплъэ угу рехьы. Ахэр къэгущыIэхэ зыхъукIэ, уигуапэу уядэIу. Бгыкъу псынкIэхэу дэпкъым еусэигъэмэ ахэр афэдэх. Ахэмэ куо макъэ зызэхахыкIэ, а куо макъэр ежьхэм апэшIуекIоу къашIошIы. Ахэр о уипыих. Ахэмэ защыдзый. Алахьым ахэмэ зао арерэшIылI. Ахэр зэрэпцIыусхэр.
[63.5] Ахэмэ зараIокIэ: "ШъукъакIу, Алахьым илIыкIо къышъуфигъэгъунэу елъэIущт!" ахэмэ ашъхьэхэр ращэкIых, ори олъэгъу загъэинызэ акIыб къызэрагъазэрэр.
[63.6] Ахэмэ къафигъэгъунэу улъэIонри умылъэIонри ахэмкIэ зэфэдэ: Алахьым ахэмэ сыдигъуи къафигъэгъущтэп. ЦIыф лъэпкъ щыкIыгъэм Алахьыр пащэ фэхъурэп!
[63.7] Ахэмэ афэдэхэр ары зыIохэрэр: "Пегъэмбарым игъусэхэм зыпари яшъумыт, джащыгъум ахэр Ащ гокIыжьынхэ фаехэу хъущтых!" Уашъоми чIыгуми мылъкоу ателъыр Алахьым ыIэ илъ, ау шъорышIхэм къагурыIорэп!
[63.8] Ахэмэ аIо: "Тэ къалэм къызыдгъэзэжькIэ, нахь лъэшым нахь хъыбэир къыдифыщт". КIуачIэ зиIэхэр Алахьыр, Ащ илIыкIу, шIошъхъуныгъэ зышIыгъэхэри ары, ау шъорышIымэ ашIэрэп!
[63.9] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъо мылъкоу шъуиIэм, шъуикIалэхэм Алахьыр шъугу къэжъугъэкIыжьыным пэчыжьэ шъуарэмышI. Аущтэу зышIэхэрэм чIэнагъэ ашIы.
[63.10] Тэ шIуагъэу къышъоттыгъэм щыщ сэдакъэ хэжъугъэкI, лIэныгъэр къышъушъхьарыхьаным ыпэкIэ шъуIомэ: "Я Алахь, тIэкIу джыри укъысэжагъэмэ, тынхэр сэ хьалэлэу сшIынхи, цIыф зафэмэ ащыщ сыхъуни!"
[63.11] ЗипIалъэ къэсыгъэ псэм Алахьым сыдигъуи фызэкIихьэрэп. Шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ.

Алтэгъабун

Бисми Лахьи Рахьмани рахьим!
[64.1] Уашъомэ ащыIи чIыгум щыIи Алахьым ищытхъу еIо. Ащ хабзэр ыIэ илъ, Ащ щытхъур ыдэжь, Ащ ыIэ къимыхьан щыIэп!
[64.2] Ар шъо шъукъэзгъэхъугъэр ары: Тхьэр зышIошъ хъуни зышIошъ мыхъуни къышъухэт. Шъо шъушIэрэр Алахьым къелъэгъу!
[64.3] ГухэлъышIу иIэу Ащ уашъори чIыгури къыгъэшIыгъ, шъуитеплъэ Iуплъи анахь шэпхъэ шIагъохэри Ащ къышъуитыгъ. Ащ дэжь шъо къэжъугъэзэжьыщт!
[64.4] Уашъомэ ащыIи чIыгум щыIи Ащ ешIэ, Шъо жъугъэбылъри къэжъугъэлъагъори ешIэ. Гум илъыр Алахьым ешIэ!
[64.5] ЫпэкIэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм, яIофхэм зэрарэу къафахьыгъэр зэрэзэхашIагъэм икъэбар шъо къышъонэсыгъэба, ахэмэ хьазаб пщынэжь афыщылъ!

[64.6] Ар аущтэу зыкIэхъурэр Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр яIэхэу Тэ тилIыкIохэр ахэмэ адэжь къызэрэкIощтыгъэхэр, ау ахэмэ зэраIощтыгъэр ары: "ЦIыфхэм тэ гъогу занкIэ тыращэнэуи?" ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ашIыгъэп, акIыби къагъэзагъ, Алахьым ахэр ищыкIагъэхэп. Алахьыр бай, щытхъушхо пылъ!
[64.7] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэм ахэр сыдигъуи къэмыхъужьыщтхэу къаушыхьаты. ЯIу: "Ары, си ТхьэкIэ Iуагъэ сэшIы, шъо шъукъэхъужьыщт, етIанэ шъушIагъэхэр къышъуаIожьыщт, ар АлахьымкIэ IэшIэх".
[64.8] Алахьым, Ащ илIыкIо, нэфынэу Тэ къышъуфедгъэхыгъэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэшъушI, шъо шъушIэрэр Алахьым ешIэ!
[64.9] А мафэу зэIукIэ мафэм пае шъо Ащ шъузиугъоищтыр, ар зэрэгъэпцIэжьым имаф. Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIыгъэу, шIу зышIэщтыгъэм дэеу ышIагъэхэр Ащ фыхигъэкIокIэжьыщтых, псыхъохэр зыхэчъхэрэ джэнэтхэм егъашIэм исынхэу рищэщтых. Ар гъунэнчъэ насып!
[64.10] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэу, Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр пцIыкIэ зылъытэщтыгъэхэр егъашIэрэ джэхьнэм машIор япсэупIэщт. Сыдэу ар къэгъэзэжьыгъо дэя!
[64.11] Алахьым иIизын хэмылъэу цIыфым сыд фэдэ насыпынчъагъи къехъулIэщтэп. Алахьым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIрэр ыгу гъогу шъыпкъэм фиузэнкIыщт. Алахьым щыIэр зэкIэ ешIэ!
[64.12] Алахьым шъуфэIорышI, лIыкIом шъуфэIорышI! ШъуакIыб къэжъугъазэмэ, Тэ тилIыкIо тефэрэр зэхэугуфыкIыгъэу къышъуиIожьыныр ары.
[64.13] Алахьым фэшъхьаф Тхьэ щыIэп: Тхьэр зышIошъ хъухэрэм Алахьым яцыхьэ тырарэгъэлъ!
[64.14] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Шъыпкъэ дэдэмкIэ шъуишъузхэми, шъуикIалэхэми шъуипыйхэр ахэтых, ахэмэ защышъуухъум! Шъо шъогъэгъумэ, шъуебгъукIомэ, зэжъугъашIэ, Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъу хэлъ!
[64.15] Шъо мылъкоу шъуиIи шъуикIалэхэри шъоркIэ ушэтыных ныIэп, тын лъапIэр Алахьым дэжь щыI.
[64.16] ЛъэкIэу шъуиIэмкIэ Алахьым шъущыщын, шъудаIу, шъуIорышI, Шъушъхьэ пае сэдакъэ шъуты. Хьэрам мыхъуным зыгу сакъэу щызыухъумэхэрэр насыпышIох!
[64.17] Алахьым чIыфэ дэгъу зешъутыкIэ, Ащ фэдитIу къышъуфишIыщт, къышъуфигъэгъущт. Алахьыр разэ, шъабэ,
[64.18] Шъэфыри нафэри ешIэ, ины, Iуш!

АлтIэлакъ
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[65.1] О пегъэмбар, шъузмэ шъузабгъодэкIыжькIэ, ахэмэ апае гъэуцугъэ пIалъэм тефэу шъуабгъодэкIыжь, пIалъэр къэшъулъыт, шъуи Тхьэу Алахьым шъущыщт! Ахэр зыщыпсэухэрэм арышъумыгъэкIых, къэрарынчъэгъэ гъэнэфагъэ амышIагъэмэ, зэрысхэм арэрэмыкIых. Алахьым игъунапкъэхэр джащ фэдэх. Алахьым игъунапкъэмэ арыкIырэм ежь=ежьырэу шъхьакIо зэрихыжьыгъ. О пшIэрэп, ащ ыуж шъузэзгъэшIужьын Iоф горэ Алахьым къыгъэхъункIи мэхъу.
[65.2] Афэгъэнэфэгъэ уахътэм нэс ахэр унэм зисыхэкIэ, е шIуагъэ хэлъэу къижъугъэнэжьых, е шIуагъэ хэлъэу шъубгынэх. Шъущыщ нэбгыритIу зэфэ шыхьатхэр шъуубытых, ахэр Алахьым ыпашъхьэ шыхьат щэрэхъух. Алахьым, ахърэт мафэм

шIошъхъуныгъэ фэзышIыгъэхэм джары унашъоу афишIырэр. Алахьым ищынагъо зыгу илъым иIоф кIэух дэгъу фэхъуным ар фэгумэкIыщт,
[65.3] Ежь зыщымыгугъыгъахэм къикIэу гъомылэ къыритыщт. Алахьым цыхьэ фэзышIырэмкIэ Ар икъунэу щыт. Алахьым иунашъохэр кIэух дэгъум негъэсых, зэкIэ щыIэ пэпчъ Алахьым шапхъэ фигъэуцугъ.
[65.4] Шъуишъузхэм ащыщхэу мазэм къафакIорэм аныбжьыкIэ щымыгугъыжьхэрэм, шъо шъуемыджэнджэшырэмэ, пIалъэу яIэр мэзищ, бзылъфыгъэхэу мазэм къафакIохэрэр зимыIагъэхэми джа дэдэр яунашъу, ау бзылъфыгъэ зэпкъаджэхэм зэпкъырэкIыфэхэ шъуяж. Алахьым ищынагъо зыгу илъым Ежь иIоф псынкIэ къыфишIыщт.
[65.5] Ар Алахьым иунашъу: Ар Ащ къышъуфыригъэхыгъ. Алахьым ищынагъо зыгу илъым Iоф дэеу ышIагъэхэр фыхигъэкIокIэжьыщтых, тыныр нахьыбэ къыфишIыщт.
[65.6] Шъо амалэу шъуиIэхэм ялъытыгъэу, бзылъфыгъэхэу щыжъугъэзыягъэхэр шъо шъузыщыпсэурэм щыжъугъэпсэух, гумэкI къафэшъухьэу мыхъун яшъумышI. Зэпкъаджэхэу ахэр щытхэмэ, зэпкъырэкIыфэхэ атефэрэр афэжъугъэкIод. Ахэмэ шъуисабыйхэр быдз рагъашъохэмэ, шIухьафтын горэ яшъут, шъузэзэгъи, хьалэлэу шъуафыщыт. Шъо ар къин къышъуфэхъумэ, нэмыкI бзылъфыгъэ ар быдз рерэгъашъу.
[65.7] ЦIыфэу лъэкI зиIэм мылъкоу иIэм телъытагъэу рерэт. Ежь ищыкIагъэм нахьыбэ зимыIэм, Алахьым къыритыгъэм телъытагъэу рерэт. Шъхьадж фэукIочIыщтым фэдиз хьылъэу Алахьым къытырилъхьэрэр. ТхьамыкIэныгъэм ыуж Алахьым псынкIэ къыфишIыщт.
[65.8] Ахэмэ я Тхьэ, Ащ илIыкIо яунашъо къоджэ тхьапша епэгэкIыгъэр. Тэ ахэмэ лъэгъун пхъашэкIэ тилъэгъун адэтыухыгъ, пщынэжь хьылъэкIэ ахэр дгъэпщынагъэх.
[65.9] Ахэмэ ашIагъэмэ язэрар зэхашIэжьыгъ, ахэмэ зэрэзэхэтэкъуагъэхэр кIэух афэхъугъ.
[65.10] Пщынэжь лъэш Алахьым ахэмэ афигъэхьазырыгъ. Акъыл зиIэхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, Алахьым ищынагъо шъугу ижъугъэлъ! Алахьым шъо къышъуфыригъэхыгъ шъузыухъумэщтыр: (КЪурIан Iэятэхэр).
[65.11] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, шIу зышIэщтыгъэхэр шIункIым къыхищынхи нэфынэм къыхищэнхэм пае Iэятэ зэхэугуфыкIыгъэм къышъуфеджэрэ пегъэмбарыр Алахьым къышъуфигъэкIуагъ. Алахьым шIошъхъуныгъэ фэзышIыгъэу, шIу зышIэрэр Ащ егъэшIэрэ джэнэтхэм арищэщтых. ЦIыф зафэм сыд фэдэ насыпа Алахьым къыритыгъэр!
[65.12] Ошъо къатиблыр, ащ фэдиз чIыгур Алахьым къыгъэшIыгъ. Алахьым зэкIэ ыIэ зэрилъыр, ишIэныгъэкIэ Алахьым зэкIэ къызэриубытырэр шъо шъушIэным пае Ащ иунашъохэр ахэмэ азфагу къыщехых.

АлтIэхьрим

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[66.1] О пегъэмбар, уишъузхэр бгъэрэзэнхэм ыуж уитзэ, сыд пае Алахьым фит узфишIыгъэр хьарам пшIыра? Ау Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!
[66.2] ШъуиIуагъэхэр зытешъухыжьынхэу шъо Алахьым Iизын къышъуитыгъ. Ар шъуиухъумакIу, Ащ ешIэ, Iуш!
[66.3] Зэгорэм пегъэмбарым ишъузмэ ащыщ горэм къэбарыкIэ шъэфэу риIуагъ. Ащ нэмыкI шъузым ар зыреIожьым, Алахьым ащкIэ пегъэмбарым макъэ къыригъэIугъ, а къэбарым щыщ пычыгъо ащ ишъуз фиIотагъ, адырэ пычыгъор къыгъэнагъ. Шъузыр ащ къеупчIыгъ: "Хэта а зэпстэур озгъэшIагъэр? Ащ ыIуагъ: "ЗышIэрэм, зыIэ илъым сигъэшIагъ".

[66.4] Шъо нэбгыритIуми шъукIэгъожьыгъ, сыда пIомэ шъугухэр дэхыгъэх, Алахьым къышъуфигъэгъущт, ау пегъымбарым пэшIуекIоу шъузэгуахьэмэ, Алахьыр ащ иухъумакIу. Джэбраили, Тхьэр зышIошъ хъурэ цIыф зафэхэри, мэлаIичхэри ащ IэпыIэгъу фэхъущтых.
[66.5] Шъо шъузщанэжькIэ, ащ и Тхьэ шъхьэгъусэ нахьышIухэр ритынхэкIи мэхъу быслъымэн бзылъфыгъэхэр, Тхьэр зышIошъ хъухэрэр, диныр къабзэу зезыхьэхэрэр, ягуапэу кIэгъожьхэрэр, IорышIэхэр, нэкIмазэ зыIыгъыхэрэр, шъузабэхэр, пшъашъэхэр,
[66.6] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! ЦIыфхэр, мыжъохэр кIэгъэстэн зыфэхъущт машIом шъупсэхэр, шъуиунагъохэр щышъуухъумэх. Ащ ышъхьагъ мэлаIич пхъашэхэр, кIочIэшхохэр итых, Алахьым унашъоу къышIырэм ахэр дэхыхэрэп, ахэмэ унашъоу афашIырэр агъэцакIэ.
[66.7] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр! Джы зышъуухыижьыным шъупымылъ. ШъушIагъэм елъытыгъэу тыныр жъугъотыщт.
[66.8] О шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр! Тобэ шъыпкъэ Тхьэм фэшъушIыжь. Шъуи Тхьэ мыхъунэу шъушIагъэхэр шъутырихынхи, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм анапэ зыщытырамыхыщт джэнэтым шъухищэнкIи мэхъу. Ахэмэ янэфынэ яджабгъукIэ щыIэу апэ итэу чъэщт. Ахэмэ аIо: "Ярэби я Алахь! Мы нэфынэр щыкIагъэ имыIэу къытфигъэкъу, псэкIодшIагъэу тиIэхэр къытфэгъэгъу. О пIэ къимыхьан щыIэп!"
[66.9] О пегъэмбар, джаурхэми шъорышIхэми ябэн, афэпхъаш! Ахэмэ яшъхьэегъэзыпIэр джэхьнэмыр ары, ар гъэзэжьыпIэ дэй!
[66.10] Нухьэ ишъузрэ ЛютIэ ишъузрэ джаурмэ апае щысэу Алахьым къыхьыгъэх. Тэ тиIумэтхэм ащыщхэу цIыф зэфитIу ыIэмычIэ ахэр илъыгъэх, тIури ялIымэ афэшъыпкъагъэхэп, ау Алахьым пэшIуекIоу ахэмэ ащ федэ зи хахыгъэп, араIогъагъ: "МашIом хэхьэрэмэ шъурягъусэу шъори шъухахь!"
[66.11] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм апае гъэсэпэтхыдэм ычIыпIэу, Алахьым Фирхьаун ишъуз къехьы, ащ ыIуагъ: "Я Алахь! О уадэжь джэнэтым унэ щысфэшIи, Фирхьауни ащ ышIэрэми сащыухъум, цIыф лъэпкъ дэим сыщыухъум!"
[66.12] Ипшъэшъашъхьэ къэзыухъумагъэу, Имран ипшъашъэу Мерэм Тэ тпсэ лъапIэ щыщ Iахь хэтлъхьагъ. Ащ и Тхьэ игущыIэхэр, Ащ итхыгъэ шъыпкъэкIэ ащ ылъытагъэх, диныр шынкIэу зезыхьэрэмэ ар ащыщыгъ.

Алмулк

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[67.1] Мылъкур зыIэ илъэу, зэкIэ зыIэ илъыр Тхьэ лъапIэр ары.
[67.2] Шъо шъуащыщэу ышIагъэхэмкIэ нахьышIур ыушэтыным пае лIэныгъэр, щыIэныгъэр къэзгъэшIыгъэр Алахьыр ары, Ар ины, Ащ къыпфегъэгъу!
[67.3] Ошъо къатиблэу гукIэгъу зыхэлъым къыгъэшIыгъэм зэдимыштэрэ хэплъагъорэп. Уинэплъэгъу фэгъаз: Зэщыкъуагъэ о плъэгъуна?
[67.4] ЕтIанэ тIогъогогъо уинэплъэгъу дзы. КIэгъожьыгъэу, улэугъэу нэплъэгъум къыпфигъэзэжьыщт.
[67.5] Ошъо блэгъэ дэдэр Тэ нэфынэхэмкIэ дгъэкIэрэкIэгъахэ, ахэмкIэ джынэпцIхэм яонхэм пае ахэр тшIыгъэх, ахэмэ джэхьнэм машIо афэдгъэхьазырыгъ.
[67.6] Тхьэр зышIошъ мыхъурэмэ пщынэжьэу джэхьнэмыр агъотыщт, ар гъэзэжьыпIэ дэй!
[67.7] Ахэр джэхьнэмым зыхадзэхэкIэ, зэрэгъуахъохэрэр зэхахы, ар къэжъо.
[67.8] Губжым къыхэкIэу, джэхьнэмыр зэгоутынэу хьазыр. Ащ куп хадзэ къэс, икъэрэгъулэхэр къэупчIэх: "ШъузгъэдэIон ушъыякIо шъуадэжь къэкIогъагъэба?"

[67.9] Ахэмэ аІуагъ: "ТызгъэдэІон ушъыякІо къытфэкІогъагъ, ау гъэпцІакІокІэ тлъытагъэ, тІуагъэ: "Алахьым зыпари къыгъэкІуагъэп, шъо лъэш дэдэу шъугъощагъ ныІэп".
[67.10] Ахэмэ аІуагъ: "Тэ тыдаІощтыгъэмэ е къыдгурыІощтыгъэмэ, машІом щыпсэухэрэм ащыщ тыхъуныеп".
[67.11] ПсэкІодышІагъэу яІэхэм ахэр яуцолІэжьыгъэх. Джэхьнэмым щыпсэухэрэр, шъо мыщ зыІуежъугъэх!
[67.12] Шъэфэу я Тхьэ ищынагъо зыгу изгъэлъыхэрэм псэкІодшІагъэу яІэхэр къафегъэгъу, шІушІэ ин дэдэхэр агъотыщтых.
[67.13] Шъо шъуигущыІэхэр шъэфэу яшъуІощтхэми е шъхьаихыгъэу яшъуІощтыми, шъыпкъэ дэдэмкІэ, Ащ ешІэ шъугу илъхэр!
[67.14] КъэзгъэшІыгъэм ымышІэн ылъэкІына, Ар къыпхырэплъы,ешІэ.
[67.15] Ащ шъо чІыгур къышъуфэІорышІэу ышІыгъ, ащ шъуищызекІу, Ащ къышъуитырэр гъомылэ шъуфэхъу. Ащ дэжь шъущаугъоижьыщт, шъукъагъэхъужьыщт.
[67.16] Уашъом щыІэм шъо чІыгум шъуригъэдырын зэрилъэкІыщтым шІошъхъуныгъэ фышъуиІа? Мары,чІыгур мэсысы.
[67.17] Уашъом щыІэм мыжъохэр къэзыдзырэ жьыбгъэшхо дэдэ къышъуфыримыгъэпщэным шІошъхъуныгъэ фышъуиІа? Джащыгъум шъо шъушІэщт Сэ сыкъышъоушъыизэ шъуузэрэзгъэдаІорэр зыфэдэр.
[67.18] Ахэмэ апэкІэ щыІэгъэ цІыф лъэпкъ нэмыкІхэм япегъэмбархэр пцІым рагъэмысэщтыгъэх, Сэ сигубж лъэш зэрэщынэгъуагъэр!
[67.19] Ахэмэ алъэгъурэба ашъхьагъ бзыухэр зэрэщыхьарзэхэрэр, ахэмэ атамэхэр зэрэзэгуапкІэхэрэр, икІэрыкІэу зэрэзэкІащхэрэр? ГукІэгъу зыхэлъыр армырмэ, хэта ахэр жьым щызыІыгъыхэрэр? Ащ зэкІэ къелъэгъу!
[67.20] Шъо хэта дзэкІэ шъузылъытэн зылъэкІыщтыр, ГукІэгъу зыхэлъым пэшІуекІоу шъо ІэпыІэгъу къышъуфэхъущтыр? Джаурхэр гъощэгъэ шъыпкъэх!
[67.21] Ащ игъомылэ зызэтыриІажэкІэ, хэта шъо гъомылэ къышъозытыщтыр? Ары, мыІорышІэным гокІыным хэнагъэх!
[67.22] Хэта нахь тэрэзэу кІорэр? ИІоф ыуж итэу натІэкІэ чІыгум щыцуахъорэр ара, хьауми гъогу занкІэм зандэу рыкІорэр ара?
[67.23] ЯІу: "Ащ шъукъигъэшІыгъ, Ащ зэрэзэхэшъухыни, зэрэшъулъэгъуни, гуи къышъуитыгъ. МакІэрэ шъо разэ шъуфэхъу!"
[67.24] ЯІу: "Ар шъо чІыгум шъутезыпхъагъэр ары, Ащ ыдэжь шъо къэжъугъэзэжьыщт".
[67.25] Ахэмэ аІо: "Шъо шъыпкъэ къэшъоІомэ, тызэрагъэщынэрэр сыдигъуа къызыхъущтыр?"
[67.26] ЯІу: "Ар зышІэрэр Алахь закъор ары. Сэ зэхэугуфыкІыгъэу ушъый гъэдэІонхэр къисэІотыкІых ныІэп".
[67.27] Пщыныжьыр благъэу залъэгъум, шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыІагъэхэм анэгухэр Іае къэхъугъэх, ахэмэ араІуагъ: "Шъо шъукъызкІэупчІэщтыгъэр джары!"
[67.28] ЯІу: "Шъо ащ сыдэущтэу шъуегупшысэра? Сэри сэ сигъусэхэми тылІэнэу Алахьым унашъо къытфишІымэ, е къытфигъэгъоу тыкъигъэнэжьмэ, хьазаб пщынэжьым джаурхэр хэта щызыухъумэщтхэр?"
[67.29] ЯІу: "Ар ГукІэгъу зыхэлъыр ары. Тэ Ащ шІошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшІыгъ, Ащ тицыхьэ телъ. Нафэу гъощагъэр шъо шъушІэщт!"
[67.30] ЯІу: "Шъо сыдэущтэу шъуегупшысэра? ЗэкІэ псэу щыІэр чІыгум зыхэхьажькІэ, псынэкІэчъ, къаргъор къыкІэчъынэу хэта унашъо зышІыщтыр?"

Алкъэлэм
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[68.1] Нун. КъэлэмымкIэ, ащкIэ атхырэмкIэ Iуагъэ сэшIы!
[68.2] О, Мыхьамэт, уи Тхьэ ихьатыркIэ, пшъэ уикIыгъэу ущытэп.
[68.3] О мыухыжьын псапэ уиI.
[68.4] Уишэн о лъагэ.
[68.5] О плъэгъущт, джаурхэми алъэгъущт
[68.6] Шъо шъуащыщэу зышъэ икIыгъэр.
[68.7] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ игъогу дэхыгъэр уи Тхьэ нахьышIоу ешIэ, Ащ занкIэу кIохэрэр нахьышIоу ешIэх!
[68.8] Iэятэхэр пцIыкIэ зылъытэхэрэм уафэмыIорышI!
[68.9] Ахэр о шъабэу адебгъэштэнэу фэенхи. Джащыгъум ахэми о шъабэу къыбдырагъаштэнхи.
[68.10] Ау хэтми Iуагъэ зышIыныр зикIасэм, ауджэгъугъэ цIыфым уфэмыIорышI.
[68.11] НэмыкIхэр ыуцIэпIыным пае къекIокIрэ бзэгухьэм,
[68.12] ШIум пэрыохъу фэхъурэм, пыим, гунахьышIэм,
[68.13] Жъалымым, къызхэкIыгъэр зымышIэрэм,
[68.14] Ар мылъкукIэ баеу, кIэлабэ иIэу щытми, уемыдэIу.
[68.15] Ащ ыпашъхьэ Тэ тиIэятэхэм къыщяджэхэ зыхъукIэ, еIо: "ЫпэкIэ щыIагъэхэм ятарихъ!"
[68.16] Ащ ыпэ Тэ тамыгъэкIэ дгъэлэн!
[68.17] Чъыг хатэхэр зиIэхэу къэкIощт мафэм ипчэдыжь пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр пахыжьынхэу Iуагъэ зышIыгъагъэхэр зэрэтыушэтыгъэхэм фэдэу Тэ Мэккэм щыпсэухэрэр тыушэтыгъэх.
[68.18] Зыпари укIытэ амышIэу ахэмэ Iуагъэ ашIыгъагъ.
[68.19] Чэщым ахэр чъыехэ зэхъум, ошIэ-дэмышIэу тхьамыкIагъор яхатэ къышъхьарыхьагъ.
[68.20] КъыкIэлъыкIорэ мафэм ипчэдыжь, зыгорэм риупкIыгъэм фэдэу, чъыг хатэр зэхэгъэтэкъогъагъ,
[68.21] Пчэдыжьым ахэр зэджэжьыщтыгъэх:
[68.22] "Шъо къэшъуугъоижьынэу зышъогъэхьазырмэ, шъукIу".
[68.23] МэкIэжъыеу зэдэгущыIэхэзэ, ахэр ежьагъэх.
[68.24] "Тичъыг хатэ непэ зыпари тхьамыкIэ къыдэрэмыхь".
[68.25] Зыпари къыдамыгъэхьаным щыгугъхэу ахэр нэфшъагъом кIуагъэх.
[68.26] Чъыг хатэм къехъулIагъэр залъэгъум, ахэмэ аIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэ гъогум тыдэхыгъ!
[68.27] Тэ тигугъэкIэ зыдгъэпцIэжьыгъ!"
[68.28] Ахэмэ агурэм ыIуагъ: "Сэ къышъуасIощтыгъэба: "Шъо сыда Алахьым шъукIемыгупшысэрэр?"
[68.29] Ахэмэ аIуагъ: "Ти Тхьэ щытхъур ыдэжь! Тэ шъхьэкIохэу тыщытыгъ!"
[68.30] Зым адырэр егыиеу ахэмэ рагъэжьагъ,
[68.31] Ахэмэ аIощтыгъэ: "Тэ Тхьэр къытэуагъ! Тэ цIыф дэеу тыщытыгъ!
[68.32] Тэ ти Тхьэ нахь чъыг хэтэшIукIэ къытфызэблихъункIи мэхъу. Тэ ти Тхьэ ишIушIэ, тыгу къыддеIэу, тыщэгугъы!"
[68.33] Пщынэжьыр джащ фэд! Ахърэт гъашIэм ипщынэжь ащ нахьи нахьыб. Ар ашIэщтыгъэмэ!

[68.34] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэм джэнэт тхъагъор къяжэ!
[68.35] ПсэкIодшIагъэ зиIэхэм афэдэ Тэ быслъымэнхэр тшIынха?
[68.36] Сыд лъапсэ иIэу шъо аущтэу шъуегупшысэра?
[68.37] Шъо зэжъугъэшIэрэ тхылъыр шъуиIа?
[68.38] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъузфаер къыхэшъухынэу ащ ита?
[68.39] Е шъо зэкIэ шъуиIэн фаеу шъулъытэрэр Къаймэт мафэм нэсэ Тэ зэпымыоу къышъуфэтхьыныр тпшъэ илъэу Iуагъэ ттелъа?
[68.40] Ахэмэ яупчI, хэта ащкIэ шэсэу яIэр?
[68.41] Е ахэмэ гъусэхэр яIэха? Шъыпкъэ аIоу ахэр щытхэмэ, ягъусэхэр къарэщэх.
[68.42] АлъэкIэнхэр къызщычIэщхэрэ мафэм,шъхьащэ ашIынэу ахэмэ унашъо къызщафашIырэм, ящыкIэгъэ кIуачIэ ахэмэ яIэжьыщтэп.
[68.43] Ахэмэ янэплъэгъухэр едзыхыгъэщтых, анапэхэм зэрэцIыфыгъэнчъэхэр ателъыщт, псауныгъэ яIэу, щынэгъончъэ чIыпIэ зетхэм, ахэмэ Тхьэм шъхьащэ фашIынэу унашъо афашIыщтыгъэ, ахэр къакIощтыгъэхэп.
[68.44] Мы къэбарыр пцIыкIэ зылъытэрэм Сэ сыкъыдэгъан, къыхэмыщэу Тэ ахэр хьадэгъум фэтщэщтых, ахэмэ ашIэщтэп.
[68.45] Сэ ахэмэ япIалъэ лъызгъэкIотэщт, ау Сэ сигухэлъ шъэфыхэм лъэпсэ пытэ яI.
[68.46] ЫпкIэ къатынэу ахэмэ уялъэIуна, ащ пае афэмыукIочIырэ чIыфэм ахэр хэтха?
[68.47] Е ахэмэ гухэлъ шъэф яIа, а гухэлъ шъэфхэр Алахьым итхылъ тыратхыкIха?
[68.48] О уи Тхьэ рехъухьэфэ щаIэ, пцэжъыем ыдырыгъэм фэдэ зымышI. Мары, ар гузэжъуапIэ итэу къэджагъ.
[68.49] Ащ и Тхьэ ишIушIэ лъымыIэсыгъэмэ, нэпкъ гъукIагъэм ар къытефэни, ушъхьакIугъэ хъуни.
[68.50] Ащ и Тхьэ ар къахигъэщыгъ, ар цIыф зафэ ышIыгъ.
[68.51] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм КъурIаным укъеджэу зызэхахыкIэ, янэплъэгъухэмкIэ узэпырагъэзэным фэхьазырых, ахэмэ аIо: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ар ышъэ икIыгъ!"
[68.52] Хьау, КъурIаныр зэрэдунаеу яшIэныгъ!

Алхьакъэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[69.1] Хьакъы мафэр!
[69.2] Сыд лIэужыгъуа хьакъы мафэр?
[69.3] Хьакъы мафэр зилIэужыгъор хэт о къыбгуригъэIощта?
[69.4] Самудрэ Хьадрэ хьакъы мафэр агъэпцIыгъ.
[69.5] Ошъогум къиIукIыгъэ куо щынагъом самудхэр ыгъэкIодыгъагъэх.
[69.6] Жьыбгъэ чъыIэ лъэшэу быурэм Хьадхэр хагъэкIодагъэх.
[69.7] Чэщиблырэ мэфийрэ жьыбгъэ чъыIэр ахэмэ къафыригъэпщагъ, джы олъэгъу цIыфхэр чъыг икIагъэмэ афэдэхэу зэритэкъухьагъэхэр,
[69.8] Ащыщ горэ къэнэжьыгъэу олъэгъуа?
[69.9] Фирхьауни, цIыф лъэпкъыхэу ащ ыпэкIэ щыIагъэхэми, къалэхэу зэпырыгъэзагъэхэми псэкIод ашIэщтыгъэ.
[69.10] Я Тхьэ илIыкIо фэIорышIагъэхэп, ахэр Ащ пщынэжьыбэкIэ ыгъэпщынагъэх.
[69.11] Псыхэр нэпкъымэ къызадэкIхэм,
[69.12] Зызщышъуухъумэщтыр щысэ шъуфэхъуным пае, тхьакIумэ сакъым ащ фэгъэхьыгъэ гукъэкIыжьыр къыухъумэным пае Тэ ахэр къухьэм исхэу къетщэкIыгъэх.

[69.13] Апэрэу сырынэм ымакъэ къызыIукIэ,
[69.14] ЧIыгумрэ къушъхьэхэмрэ жьым тырихыгъэхэ зыхъукIэ, зэогъукIэ зэкIэ зэхэгъэтэкъуагъэу.
[69.15] Къаймэт мафэр къэсыгъэ хъущт.
[69.16] Уашъори зэгоущт, а мафэм ар хъыбэеу щытыщт.
[69.17] Уашъом ыкъуапэхэм мэлаIичхэр щыхьазырыщтых, уи Тхьэ идунэе лъэгапIэ а мафэм мэлэIичмэ аIыгъыщт.
[69.18] А мэфэ дэдэм шъо Тхьэм ыпашъхьэ шъурагъэуцощт, шъэфэу шъушIагъэмэ ащыщ зыпари шъэфы хъущтэп.
[69.19] Ащ итхылъ ыIэ джабгъукIэ зэратрэм ыIощт: "Мары, ситхылъ шъуедж!
[69.20] КъыздалъэгъужьыщтымсызэрэIукIэжьыщтыр сэ сшIошъ хъущтыгъэ,
[69.21] ГъэшIэ гохьым ар тхъэжьэу щыхэтыщт,
[69.22] Ар джэнэт лъаг,
[69.23] Пхъэшъхьэ-мышъхьэхэр лъахъчэх.
[69.24] "БлэкIыгъэ мафэхэм шъушIагъэмэ апае, гухахъо шъуфэхъоу шъуушх!"
[69.25] Тхылъыр ыIэ сэмэгукIэ зэратыгъэм ыIощт: "О, ситхылъ къысамытыгъэу щытыгъэмэ!
[69.26] А къыздалъэгъужьыщтыр нибжьи сымышIэнэу щытыгъэмэ!
[69.27] О сызэрэщыIэр хьадэгъум сигъэухыгъэмэ!
[69.28] Мылъкоу сиIэм зи къысфишIагъэп.
[69.29] Сэ лъэкIэу сиIэр кIодыгъэ!"
[69.30] Ар шъуубыти, зэкIоцIышъупх!
[69.31] ЕтIанэ джэхьнэм машIом хэжъугъэстыхь!
[69.32] ЕтIанэ Iэнтэгъу тIокIищырэ пшIырэ хъурэ пшъэхъур ащ тешъулъхь!
[69.33] Алахьэу лъапIэр ащ ышIошъ хъущтыгъэп,
[69.34] ТхьамыкIэр агъэшхэным фигъэчэфыщтыгъэхэп.
[69.35] Непэ ащ ныбджэгъу мыщ щыриIэп,
[69.36] ТхьакIэпсымэ афэшъхьаф гъомылэ щыриIэп,
[69.37] ПсэкIодышIэмэ афэшъхьаф ар зыми ышхырэп".
[69.38] Шъо шъулъэгъурэмкIэ,
[69.39] ШъумылъэгъурэмкIэ Iуагъэ сэшIы!
[69.40] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэр цIыфыгъэ зыхэлъ лIыкIом игущыIэх.
[69.41] Ахэр усакIом игущыIэхэп. ШIошъхъуныгъэу шъуиIэр макIэ!
[69.42] Къэхъущтыр къэзышIэрэми иехэп. МакIэ шъузэрегупшысэрэр.
[69.43] Зэрэдэунае и Тхьэ ар къыригъэхыгъ!
[69.44] Тэ къытфэгъэхыгъэу Мыхьамэт зыгорэ къыугупшысыгъагъэмэ,
[69.45] Тэ ащ ыIэ джабгъу тыубытыни,
[69.46] ЕтIанэ ыгу лъынтфэ зэпытыупкIыни,
[69.47] Ащ Тэ тщызыухъумэн шъо къышъухэкIыныеп.
[69.48] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр ыгъэдэIонхэр ары мы тхыгъэр зыфэлажьэрэр.
[69.49] Шъущыщ горэхэм ар къэугупшысыгъэу зэралъытэрэр Тэ дэгъоу тэшIэ.
[69.50] Мы тхыгъэр джаурхэмкIэ насыпынчъагъ.
[69.51] Сыда пIомэ КъурIаныр шъыпкъэр ары.
[69.52] О уи Тхьэ ин дэдэм ищытхъу Iо!

Алмэхьаридж
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[70.1] НэмыкIэу даорэр мэфэл зытемышIэщт пщынэжьэу
[70.2] Джаурмэ къатефэщтым къыкIэдэу.
[70.3] Лъэоянэхэр зыIэ илъ Тхьэм зыпари пэрыохъу фэхъун фитэп.
[70.4] Илъэс мин шъэныкъо фэдиз хъурэ мафэм къыкIоцI мэлаIичхэри Джэбраили Ащ дэжь дэкIуаех.
[70.5] ЩэIэгъэ дахэкIэ щаIэ.
[70.6] Ахэр (джаурхэр) хьыкум мафэр чыжьэу щыIэм фэдэу еплъых,
[70.7] Ау Тэ ар благъэу тэлъэгъу.
[70.8] Мафэу гъоплъэ ткIугъэм фэдэу уашъор зыщыхъущт мафэм;
[70.9] Къушъхьэхэр цы IапIэхэу плъыжькIэ гъэлагъэхэм афэдэ зыщыхъущтхэм;
[70.10] Ныбджэгъур ныбджэгъу къызщыкIэмыупчIэжьыщтым;
[70.11] Зым адырэр ылъэгъущтыми, джащыгъум мысэм пщынэным зыщиухъумэным пае ышъхьэ ыщэфыжьынэу ежь ыкъохэмкIэ фэени,
[70.12] Ишъхьэгъусэкlэ, ышыкIэ,
[70.13] Шъхьэегъэзыпlэ ащ къезытрэ илъэпкъыкIэ,
[70.14] ЗэкIэ чIыгум тетхэмкIэ, етIанэ ежь къагъэнэжьымэ ары ныIэп.
[70.15] Хьаолый, сыда пIомэ джэхьнэм машIом,
[70.16] Шъхьэкъупшъхьэр зэлъиштэзэ,
[70.17] Хэтрэ цIыфэу зыкIыб къэзгъазэти IукIыжьыщтыгъэм лъышIэжьыр къыфихьыщт,
[70.18] Мылъку зыугъоищтыгъэу, ау хьэрамэу къычIэкIыгъэм.
[70.19] ЦIыфыр ехъырэхъышалэу къэхъугъ,
[70.20] Мыхъун къызехъулIэкIэ ыгучIэ изэу,
[70.21] ШIу къызехъулIэкIэ хьарамэу,
[70.22] Ау ахэмэ нэмазышIхэр ащыщхэп,
[70.23] Зэпымыоу нэмаз зышIыхэрэр.
[70.24] Зимылъку фэшъошэ зэчатэр хэзгъэкIхэрэр,
[70.25] ЛъаIорэми укIытэпхэ тхьамыкIэм паий.
[70.26] Ахэмэ ахэтых Къаймэт мафэм шIошъхъуныгъэ фызиIэхэри,
[70.27] Я Тхьэ ыгъэпщынэнхэм щыщынэхэрэр,
[70.28] Ахэмэ я Тхьэ уигъэпщынэнхыр щынэгъончъэп!
[70.29] Зыпкъ итэу псэухэрэр,
[70.30] Яшъузхэм, гъэрэу зэрагъэгъотыгъэ бзылъфыгъэхэм афэшъхьаф агомыхьэхэрэр, сыда пIомэ аущтэу зыхъукIэ, ахэмэ анапэ тезыхын зыпари ашIэрэп.
[70.31] А гъунапкъэмэ арыкIхэрэр бзэджашIэх.
[70.32] Цыхьэ къафишIэу хьылъэу къалъэхинагъэр егугъухэзэ къэзыухъумэхэу ежьхэм зытралъхьэжьыгъэхэр зыгъэцэкIэжьхэрэм;
[70.33] Къаушыхьатрэм емхъырэхъышэжьхэрэм,
[70.34] Щыо ямыIэу янэмаз уахътэхэр зезыхьэхэрэм;
[70.35] Ахэмэ афэдэхэм джэнэт чъыг хатэхэм шъхьэкIафэ къащыфашIыщт.
[70.36] Жьы къаIумыкIыжьэу уиджабгъукIи уисэмэгукIи
[70.37] Куп гощыгъэхэу сыд пае джаурхэр щызечъэхэра?
[70.38] Джэнэт тхъагъом ахэмэ ащыщ пэпчъ хэхьэ зэрэшIоигъом паемэ шIэ!
[70.39] Сыд хъугъэкIи къебгъэкIуалIэхэ хъущтэп. Тэ ахэр къэдгъэхъугъэх, ашIэрэм хэтшIыкIыгъэх.

[70.40] ТыгъэкъокIыпIэхэм, тыгъэкъохьапIэхэм я Тхьэ ыцIэкIэ Iуагъэ сэшIы, Тэ ахэр
[70.41] Ежьхэм анахьышIукIэ зэблэтхъунхэ тлъэкIыщт, Тэ тапэ уишъын плъэкIыщтэп!
[70.42] ЯшIэн ашIэу зэрагъэгугъэгъэхэ мафэр къэсыфэкIэ джэгухэу ахэр къэгъанэх.
[70.43] А мафэм ахэр гуIэнкIэ якъэхэм къазыдэкIыхэкIэ, къурмэншIыпIэхэм ячъэхэрэм фэдэу,
[70.44] Янэплъэгъухэр едзыхыгъэщтых. Зыгъэпыутыщтхэр ахэмэ къанэсыщт. ахэр зэрагъэгугъагъэ мафэр джары.

Нухь

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[71.1] Тэ Нухьэ ицIыф лъэпкъ дэжь дгъэкIуагъэ, етIуагъ: "Хьазаб пщынэжьыр къытефэным ыпэкIэ уилъэпкъ еушъый!"
[71.2] Ащ ыIуагъ: "О сицIыф лъэпкъ! Сэ гъэдэIокIо нафэу шъоркIэ сыщыт.
[71.3] Алахьым шъхьащэ фэшъушI, Ащ шъущыщт, сэ шъукъысфэIорышI!
[71.4] ШъуипсэкIодшIагъэхэр Ащ шъуфигъэгъущтых, пIэлъэ гъэнэфагъэм нэс шъущыIэн шъуфитэу Iизын къышъуитыщт. Алахьым ипIалъэ къызысыкIэ, ар зыми зэтыриIэжэн ылъэкIыщтэп. Ар шъо къыжъугурыIонэу щытыгъэмэ!"
[71.5] Ащ ыIуагъ: "Я си Алахь, сэ сицIыф лъэпкъ О уадэжь зыкъигъэзэнэу чэщи мафи седжагъ,
[71.6] Ау сиджэпсалъэ ахэр о нахь лъэшэу ппэчыжьэ ышIыгъэх ныIэп.
[71.7] ПсэкIодшIагъэу яIэхэр О афэбгъэгъуным пае тобэ ашIыжьынэу ахэмэ сяджэ къэс, атхьакIумэхэм аIэхъуамбэхэр раIужьыщтыгъэх, ящыгъынхэм закIуацIащыхьэщтыгъэ, зэрэгъощагъэхэр янэрыгъыгъ, фэдэ мыхъугъэ пэгагъэ къызхагъафэщтыгъэ.
[71.8] ЕтIанэ нафэу шIэныгъэ ахэслъхьанэу сыпылъыгъ,
[71.9] Нафэуи шъэфэуи садэгущыIэщтыгъ.
[71.10] ЯсIощтыгъ: "Шъуи Тхьэ къышъуфигъэгъунэу шъуелъэIу, Ащ къыпфегъэгъу,
[71.11] Ощх гъэбэжъу Ащ уашъом къышъуфыригъэхыщт,
[71.12] Шъуимылъку къыхигъэхъощт, шъукъохэр нахьыбэ къышIыщтых, шъощ пае чъыг хатэхэр къыгъэкIыщтых, шъощ пае псыхъохэр къышIыщтых.
[71.13] Сыда Алахьым лъытэныгъэ закIыфэшъумышIрэр?
[71.14] Лъэхъэнэ-лъэхъанэу шъо Ащ шъукъигъэшIыгъ.
[71.15] Ошъо къатибл зэтетыр Алахьым къызэригъэшIыгъэр шъулъэгъурэба?
[71.16] Нэфынэ къытынэу ащ мазэр тыригъэуцуагъ, нэфынэшхоу ащ тыгъэр щигъэуцугъ.
[71.17] Шъо чIыгум Алахьым шъукъыхигъэкIыгъ,
[71.18] ЕтIанэ ащ шъуегъэгъэзэжьы, икIэрыкIэу шъукъыхегъэкIыжьы.
[71.19] Ащ игъогу шъуамбгъохэм шъуарыкIоным пае,
[71.20] ЧIыгур алрэгъоу къышъуитыгъ.
[71.21] Нухьэ ыIуагъ: "Я си Алахь, ахэр сэ къысэдэIугъэхэп, мылъкоу яIэм, якIалэхэм зэрарэу къафихьырэр нахьыбэ зыфэхъухэрэм ауж ихьагъэх.
[71.22] ТхьагъэпцIыгъэ ин зэрахьанэу ахэмэ рахъухьагъ,
[71.23] АIуагъ: "Сыд хъункIи шъуитхьэхэр къэшъумыгъан, сыд хъункIи Одди, Суахьй къэшъумыгъан. Егъуси, Егъукъи, Нэсри къэшъумыгъан!"
[71.24] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ахэмэ бэхэр гъогум дагъэхыгъэх, гъощэныгъэм фэшъхьаф пэщэ жъалымхэм зыпари хэхъоныгъэ ямыгъэшI!
[71.25] ПсэкIодшIагъэу яIэхэм пае ахэр псым чIырагъэхьагъэх, етIанэ машIом хадзагъэх, ау Алахьым фэшъхьаф IэпыIэгъу агъотыгъэп.

[71.26] Нухьэ ыIуагъ: "Ярэби я Алахь, зы джаур чIыгум къытемын.
[71.27] Ахэр къызыбгъанэхэкIэ, уиIумэтхэр дагъэхыщтых щыкIыгъэрэ шъыпкъэныгъэ зимыIэрэ щэхъу къалъфыщтэп.
[71.28] Я си Алахь, сэри, сянэ-сятэхэми, Тхьэр ышIошъ хъоу сиунэ къихьагъэхэми, Тхьэр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми къытфэгъэгъу. ЛIэныгъэм фэшъхьаф жъалымхэм зыпари хэхъоныгъэ ямыгъэшI!"

Алджын

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[72.1] ЯIу: "Ащ къысфыригъэхыгъэ уахьыем джынэ заулэ къысэдэIошагъэу ылъэгъугъ, ахэмэ аIуагъ: "Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэ КъурIан гъэшIэгъон зэхэтхыгъ!
[72.2] Ащ гъогу занкIэм уфещэ. Тэ ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшIыгъ, сыдигъуи ти Тхьэ зыпари годгъэуцощтэп.
[72.3] Ти Тхьэ лъагэу лъапIэм шъхьэгъуси сабыий иIэп.
[72.4] Акъыл зимыIэу тэ тщыщым Алахьым лыягъэ риIуалIэщтыгъэ.
[72.5] ЦIыфхэмрэ джынэхэмрэ сыдигъуи Алахьым имыхьакъ рамыIолIэщтэу тэ тыгугъагъ.
[72.6] ЦIыфмэ ащыщ лIыхэр джынэмэ ащыщ лIыхэм адэжь шъхьэегъэзыпIэ щылъыхъущтыгъэх, ау ащ ятхьамыкIагъо хигъэхъощт ныIэп.
[72.7] А цIыфхэр шъощ фэдэхэу Алахьым зыпари къымыгъэхъужьыщтэу джынэхэр егупшысагъэх.
[72.8] Тэ уашъом тынэсыгъ, ухъумэкIо лъэшхэр, мэшIотхъуабзэр къызпихрэ щэбзащэхэр зэризхэр дгъэунэфыгъэ.
[72.9] Ащ щыхъурэр щызэхэтхыным пае тэ тIысыпIэмэ татетIысхьагъ ау непэ щегъэжьагъэу зэхэзыхынэу фаем мэшIотхъуабзэ къызпихрэ щэбзащэу зыукIынэу къешэрэр ыгъотыщт.
[72.10] ЧIыгум тетхэм зэрар къарихы шIоигъуагъэми е ахэмэ я Тхьэ гъогу занкIэ тырищэхэ шIоигъуагъэми тэ тшIэрэп.
[72.11] Тэ, джынэхэм, тхэтых шIу зышIэхэри мытэрэзхэри. Тэ гъогу зэфэшъхьафхэу тыщытыгъ.
[72.12] Алахьым илъэкI чIыгум къыщыщыдгъэкIэн зэрэтымылъэкIыщтыр, къызэрэкIэтIэжьыгъэмкIи Ащ илъэкI къыхэдгъэIэн зэрэтымылъэкIыщтыгъэри тшIагъэ.
[72.13] Гъогу занкIэм икъэбар зэрэзэхэтэхэу Ащ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэтшIыгъ, и Тхьэ шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фэзышIырэр шъхьакIуи акъылынчъагъи щыщынэрэп.
[72.14] Алахьым зезытыгъэхэри, гокIыгъэхэри тэ къытхэтых, зезытыгъэхэр гъогу занкIэм рыкIуагъэх,
[72.15] ГокIыгъэхэр джэхьнэм машIом икIэгъэстэных".
[72.16] Гъогум занкIэу ахэр тетыгъэхэмэ, къялыжьэу Тэ псы едгъэшъонхи,
[72.17] АщкIэ ахэр тыушэтынхэм пае: Хэтыми и Тхьэ ыгу къыгъэкIыжьыным зыщызыдзыерэм пщыныжь хьылъэ Ащ ригъэхьыщт.
[72.18] Мэщытхэр Алахьым иех, Алахьым хэти гошъумыгъэуцу!
[72.19] Алахьым илIыкIо Ащ шъхьащэ фишIынэу къызэтэджым, ар Iужъоу къауцухьаным ахэр фэхьазырыгъэх.
[72.20] ЯIу: "Сэ къысIэпыIэнэу си Тхьэ седжэ, имыфэшъуашэ гозгъэуцорэп!"
[72.21] ЯIу: "Шъощ пае сэ бзэджагъи шIуагъи сиIэп".
[72.22] ЯIу: "Сэ Алахьым хэти сыщиухъумэщтэп, Ащ фэшъхьаф сэ шъхьэегъэзыпIэ згъотыщтэп.

[72.23] Алахьым дэжь къикIрэр ахэслъхьаныр, Ащ икъэбархэр къышъуфэсхьынхэр ары
ныIэп сэ сIэ илъыр. Алахьым, Ащ илIыкIо афэмыIорышIэрэр егъашIэм къыхэнэнэу
джэхьнэм машIор тынэу ыгъотыщт.
[72.24] Ахэр зэрагъэщынэщтыгъэхэр ежьхэм анэхэмкIэ залъэгъукIэ къэрарынчъэхэу
къэнэжьыщтых. Джащыгъум IэпыIэгъоу иIэхэмкIэ нахь хъыбэир, пчъагъэкIэ нахь макIэр
ахэмэ ашIэщт.
[72.25] ЯIу: "Шъо шъузэрагъэщынэрэ пщыныжьыр благъэми е Алахьым ахэмэ пIэлъэ
гъэнэфагъэ афигъэуцугъэми сэ сшIэрэп
[72.26] Алахь закъор ары шъэфыхэр зышIэрэр. Ахэр Ащ зыми къыфызэIуихырэп,
[72.27] Ежь ынэшIу зыщыфагъэ лIыкIом фэшъхьаф, ахэр Ащ зыми къыфызэIуихырэп.
[72.28] Я Тхьэ къафигъэхьыгъэхэр ахэмэ зэрэратыжьхэрэр Ежь ышIэнхэм пае. Ар ыпэкIи
ыужкIи итэу къылъыплъэзэ къыдакIо. Ахэмэ яIэхэр зэкIэ Ащ къызэлъеубыты, Ащ зэкIэ
къыридзэгъах".

Алмуззэммил

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[73.1] О зыкIоцIызыщыхьагъэр!
[73.2] Чэщ псаум тIэкIу къыщыкIэу нэмазым тет,
[73.3] Е ызыныкъу, е ызыныкъо тIэкIу къыщыгъакI,
[73.4] Е ащ зыгорэ хэгъахъу, КъурIаным еджэкIэ зэкIукIэ едж.
[73.5] Мэхьанэшхо зиIэ гущыIэ Тэ къыпфызэIутхыщт.
[73.6] (Диныр угу илъыныр) чэщым ипэублэм нахь лъэш мэхъу, ащ игущыIэ пэпчъи нахь
пыт.
[73.7] Сыда пIомэ мафэм о Iофэу уиIэр бэ.
[73.8] Уи Тхьэ ыцIэ угу къэгъэкIыжь, зэрэпсаоу зет
[73.9] ТыгъэкъокIыпIэм, тыгъэкъохьапIэм и Тхьэ зэрэпсаоу, Ащ фэшъхьаф тхьэ щыIэп. Ар
ухъумакIоу штэ!
[73.10] Джаурмэ аIорэм щэIагъэ пхэлъэу ядэIу, къекIурэ ушъхьагъукIэ абгъодэкI.
[73.11] Мы дунаим шIуагъэу телъхэм ахэтхъыкIыхэрэ пцIыусхэр сэ къысфэгъазэх, пIэлъэ
гъэнэфэгъэ макIэ ахэмэ ят.
[73.12] Тэ ахэмэ апае лъэхъухэр, машIор,
[73.13] Ахэр зытхьалэщтхэ машIор хьэзаб пщынэжьэу тиI!
[73.14] ЧIыгур, къушъхьэхэр зыщыкIэзэзхэрэ мафэр, къушъхьэхэр зэхэпхъапхъэхэу
Iуашъхьэ зыщыхъухэрэ мафэр тиI!
[73.15] Фирхьаун дэжь лIыкIо зэрэдгъэкIуагъэм фэдэу шъуадэжь лIыкIо къэдгъэкIуагъ,
шъо къышъупэшIуекIоу шыхьат хъунэу ыпшъэ итлъхьагъ.
[73.16] Фирхьаун лIыкIом едэIугъэп, Тэ ар пщынэжь къинкIэ дгъэпщынагъэ.
[73.17] Шъо джаурэу шъукъанэмэ, мафэу кIэлэцIыкIухэр къэрабэ зышIыщтхэм сыдэущтэу
зыщышъуухъумэщта?
[73.18] Джащыгъум уашъор зэгоу, Ащ зэригъэгугъагъэхэр къэхъу.
[73.19] Мыхэр гукъэкIыжьых, хэти зыщышIоигъом и Тхьэ игъогу фегъазэ.
[73.20] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, уи Тхьэ дэгъоу ешIэ чэщым ищэнитIу къыщыкIэу о нэмазым
узэрэтетрэр, е чэщым ызыныкъо, е ащ ызыщанэ уигъусэмэ ащыщхэри джащ фэдэу
мэзекIох. Алахьым мафэмрэ чэщымрэ къегощых. Ащ ешIэ шъо ар
къызэрэдэшъумылъытэщтыр, Ащ къышъуфигъэгъугъ. КъурIаным щыщэу шъо шъузэджэн
шъулъэкIыщтым шъуедж. Алахьым ешIэ шъо сымаджэхэр къызэрэшъухэтыщтхэр,

Алахьым ишIушIэ щыщ шIуагъэ агъотмэ ашIоигъоу гъогу рыкIохэм хэгъэгур къызэракIухьэрэр, Алахьым игъогу тетхэу заохэрэр къызэрэшъухэтхэри Ащ ешIэ. Шъо нахь макIэу къышъохьылъэкIынэу КъурIаным итхэм шъуядж. Нэмаз шъушIы, сэдакъэ шъуты, Алахьым тынышIухэр фэшъушIых. Сыд фэдэ шIушIагъэу шъо шъуапэ ижъугъэшъырэр шъо икIэрыкIэу Алахьым ежъугъотылIэжьыщт. ШъоркIэ ар нахьышIу хъущт, джаущтэу шъо тын ин къэжъугъэхъэщт. Алахьым къышъуфигъэгъунэу шъуелъэIу. Алахьым къыпфегъэгъу, гукIэгъушI!

Алмуддэсир

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[74.1] О зыкIоцIызыщыхьагъэ Муддэсирыр!
[74.2] Къэтэдж, цIыфхэр гъасэх!
[74.3] Уи Тхьэ ищытхъу Iуатэ!
[74.4] Уищыгъынхэр гъэкъабзэх!
[74.5] Сынхэм защыдзый!
[74.6] ШIу пшIэзэ шъхьэфэшIужь умыхъу!
[74.7] Уи Тхьэ ихьатыркIэ щэIагъэ зыхэгъэлъ!
[74.8] Къилъыгъэ жьыбгъэм сырынэм ымакъэ къызихькIэ,
[74.9] Ар мэфэ хьылъэ хъущт.
[74.10] ДжаурхэмкIэ мэфэ тхьамыкIагъу.
[74.11] Сэрырэ Сэ къэзгъэшIыгъэмрэ тизакъоу такъыхан.
[74.12] Гъунэ зимыIэ мылъку Сэ ащ къестыгъ,
[74.13] Инэрылъэгъоу зыхахъохэрэ къохэри
[74.14] Сэ ащ зэкIэ къыфэсшIыгъ.
[74.15] А шIуагъэхэм къыфыхагъахъо ащ джыри шIоигъу.
[74.16] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм апашъхьэ ар щыкъаигъ.
[74.17] Iошъхьэ зандэм Сэ ар лIыгъэкIэ дэзгъэкIоещт.
[74.18] ЗэкIэ ащ къыугупшысыхьагъ, къылъытагъ.
[74.19] Ар укIыгъэ орэхъу! Ащ къызэрилъытагъэр!
[74.20] Джыри ар укIыгъэ орэхъу! Ащ къызэрилъытагъэр!
[74.21] ЕтIанэ ащ зиплъыхьагъ!
[74.22] Ынапцэхэр ащ зэхигъэхьагъэх, нэгъуцу теплъэ зытыриштагъ,
[74.23] ЕтIанэ шъыпкъэм ыкIыб фигъэзагъ, зигъэпэгагъ,
[74.24] ЫIуагъ: "КъурIаныр нэмыкIмэ къахахыгъэ шхъухьэ нахь, нэмыкIэп!
[74.25] Ар цIыф гущыIэ къызэрыкIу нахь, нэмыкIэп!"
[74.26] Сэ ар джэхьнэм машIокIэ згъэстыщт.
[74.27] Джэхьнэм машIор зыфэдэр о пшIэмэ, сыда къыуитыщтыр?
[74.28] Ащ зи къыгъанэрэп; зыпари IэкIэкIрэп!
[74.29] Ащ цIыфылыр есты.
[74.30] Ащ мэлаIич пшIыкIубгъу шъхьарыт.
[74.31] МашIом иухъумакIохэу Тэ дгъэуцугъагъэхэр мэлаIичхэр арых, ахэр зыфэдизхэр тэ къызкIэтIуагъэр ащкIэ джаурхэр тыушэтынхэм пай, тхылъыр къызфэкIуагъэхэм КъурIаным шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ фашIыным пай, диныр зышIошъ хъухэрэм яшIошъхъуныгъэ хэхъоным пай. Тхылъыр зэратыгъэхэр, диныр зышIошъ хъухэрэр ащ ерэмыджэнджэшых. Зыгу уз илъхэм, диныр зышIошъ мыхъухэрэм аIоным пае: "А гъэсэпэтхыдэмкIэ сыда Алахьым къыIо шIоигъор?". Джаущтэу Алахьыр зыфаер

егъэгъуащэ, зыфаер гъогу занкIэ рещэ. Ащ фэшъхьаф дзэу иIэм ипчъагъэ зыми ышIэрэп. Ар цIыфмэ заухъумэжьыным пай ныIэп.
[74.32] Ары, мазэмкIэ Iуагъэ сэшIы,
[74.33] Чэщэу икIырэмкIэ,
[74.34] Нэфылъэу къыштэрэмкIэ,
[74.35] Джэхьнэмыр анахь хьылъэу щыIэмэ ащыщкIэ,
[74.36] ЦIыфхэм заухъумэжьыным ар паекIэ,
[74.37] Диныр зышIошъ хъухэрэми зышIошъ мыхъухэрэми апаекIэ.
[74.38] Псэ пэпчъ зэригъэгъотыгъэм ишэс,
[74.39] Ау джабгъу лъэныкъом щыIэ цIыфхэр
[74.40] ЗэупчIыжьхэу джэнэтхэм арысыщтых,
[74.41] ГунахьышIэмэ афэгъэхьыгъэу а Iощт:
[74.42] "Шъо сыда джэхьнэмым шъукъизыхьагъэр?"
[74.43] Ахэмэ аIо: "Тэ нэмаз зышIыщтыгъэмэ тахэтыгъэп,
[74.44] ТхьамыкIэхэр дгъашхэщтыгъэхэп,
[74.45] Тэ гущыIэ нэкIхэр тшIызэ, Iор-жъормэ уахътэр адэдгъакIощтыгъэ,
[74.46] ЛIэныгъэр къытэнэсыфэ,
[74.47] Къаймэт мафэр тэ пцIыкIэ тлъытэщтыгъэ.
[74.48] Гъусэ къафэхъугъэхэм ягъусэныгъэ ахэмэ IэпыIэгъу афэхъурэп.
[74.49] Заухъумэжьыным акIыб фагъазэу, сыда ахэмэ къяхъулIагъэр.
[74.50] Щыды щтагъэхэм афэдэ къабзэхэу,
[74.51] КъатекIорэм къыIэпыкIыжьыгъэм фэдэхэу?
[74.52] Ахэмэ ащыщ цIыф пэпчъ фай тхылъыпIэр зэгохыгъэу ратыным.
[74.53] Хьау, ахэр ахърэт гъашIэм щыщынэхэрэп.
[74.54] Хьау, КъурIаныр шIэныгъ.
[74.55] Фаем ар егъоты.
[74.56] Ау Алахьым шIомыигъомэ, ахэмэ агу къэкIыжьыщтэп. Ащ ищынагъо угу илъыныр тефэ. Фэчэфэу Ащ къыпфегъэгъу.

Алкъиямэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[75.1] Къаймэт мафэмкIэ Iуагъэ сэшIы.
[75.2] Зэгыижьырэ псэмкIэ Iуагъэ сэшIы!
[75.3] Тэ цIыфым икъупшъхьэхэр сыдигъуи тымыугъоижьынхэм шIошъхъуныгъэ фыриIа?
[75.4] Ащ ыIэхъуамбэхэр зэгодгъэуцожьынхэм Тэ тыфэамал.
[75.5] Ау цIыфым имыхъо=мышIэхэр ыпэ ригъэшъыхэ шIоигъу.
[75.6] Ар къэупчIэ, сыдигъуа Къаймэт мафэр?
[75.7] Нэплъэгъур къызыушIункIыкIэ,
[75.8] Мазэр зиубытыкIэ,
[75.9] Тыгъэмрэ мазэмрэ зы зыхъухэкIэ,
[75.10] А мафэм цIыфым ыIощт: "ШъхьэегъэзыпIэ тыдэ щызгъотыщта?"
[75.11] ЩыIэп шъхьэегъэзыпIэ.
[75.12] А мафэм аужырэ шъхьэегъэзыпIэр уи Тхьэ дэжь щыI!
[75.13] Джащыгъум цIыфым шIагъэу иIэхэр, мышIагъэу къыгъэнагъэхэр къыриIощт.
[75.14] Сыд фэдэ къыхьыгъэми цIыфыр ежь-ежьырэу зылъыплъэжьэу,
[75.15] Зиухыижьэу хъугъэми.

[75.16] КъурIаныр къыкIэпIотыкIыжь зыхъукIэ, убзэгу умыгъэпсынкIэ, гумэкI лые къызхэмыгъаф.
[75.17] Сурэхэр зэпыдгъэуцонхэр, зэрищыкIагъэм тетэу тыкъеджэныр Тэ тиIоф.
[75.18] Тэ (Джэбраил ыIупэкIэ тхыгъэм) тыкъыфеджэ зыхъукIэ, тыкъызэреджэрэм утигъусэу лъыплъ.
[75.19] ЫужкIэ ар о къыфызэхэтфыжьыныр Тэ тиIоф.
[75.20] Джы щегъэжьагъэу аущтэу шъумызекIу. Ау мы дунэе гъашIэр шъо шIу шъулъэгъу.
[75.21] Ахърэт гъашIэр къэшъогъанэ.
[75.22] А мафэм зымэ анэгухэр нэфынэ лъэшкIэ лыдыщтых,
[75.23] Ахэмэ афэдэхэм янэплъэгъу я Тхьэ фагъэзэщт.
[75.24] Нэгу кIосагъэхэри а мафэм тхьамыкIэгъошхо къатеоным
[75.25] Егупшысэхэу щыIэщтых.
[75.26] Ары, джэнджэш хэлъэп. Псэр тыкъыным къызысыкIэ,
[75.27] Куо макъэ тыдэкIи къыщыIу зыхъукIэ, хэта Iэзэгъу уцыр къэзыхьын зылъэкIыщтыр?
[75.28] ЗэпэIапчъэ зыщыхъущтхэ уахътэр зэрэблагъэр цIыфым къызыгурыIокIэ,
[75.29] ЛъэкIапIэхэр зэрынагъэхэу,
[75.30] А уахътэм о уи Тхьэ дэжь афыщтых.
[75.31] Ащ диныр ышIошъ хъущтыгъэп, нэмаз ышIыщтыгъэп.
[75.32] Ащ КъурIаныр пцIыкIэ ылъытэщтыгъэ, ыкIыб къыгъазэщтыгъэ.
[75.33] ЕтIанэ ар пагэу иунагъо дэжькIэ IукIыжьыгъ.
[75.34] Ау сыхьатыр къэсы, ар благъэ.
[75.35] Ар зэпыу имыIэу нахь благъэ къэхъу, аужыпкъэм, джыри нахь благъэ къэхъу.
[75.36] Шъхьафитэу къагъэнэным цIыфыр егупшыса?
[75.37] ПсынкIэу зэхэчъырэ хъопсащэу апэм ар щытыгъэба?
[75.38] ЕтIанэ ар лъыпцIагъэ хъуи, ащ Тхьэм ар хишIыкIыгъэба?
[75.39] Ащ Алахьым зэгъуситIу хишIыкIыгъ-хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ.
[75.40] ЛIагъэхэр къыгъэхъужьынхэм пае Ащ лъэкIэу иIэр икъущтба?

АлIинсан

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[76.1] Зэуи щымытыхэу цIыфым пIалъэ къекIугъэна?
[76.2] Тэ цIыфыр тыушэтыным пае, лъэпкъитIу хъопсащэ зыхэлъым хэтшIыкIыгъ зэхихэу, ылъэгъоу.
[76.3] Тэ разэ гъогур ащ едгъэлъэгъугъ, ахэмэ гъощагъи мыгъощагъи къахэкIыгъ.
[76.4] Джаурмэ апае Тэ дгъэхьазырыгъэх пшъэхъухэр, пшъэрылъхэр, машIор.
[76.5] ЦIыф зафэхэр мэ IэшIур зыхихрэ псы Iэгубжъэмэ яшъощтых.
[76.6] Тхьэм иIумэтхэр псы зыщешъощтхэ псынэкIэчъыхэр зыфэе лъэныкъокIэ хьэкъуашъохэмкIэ афащэщт.
[76.7] Ахэмэ (цIыф зафэхэм) гущыIэ пытэу атыгъэр агъэцэкIэжьы, тхьамыкIагъоу къыхьырэр чыжьэу нэзгъэсырэ мафэм щэщынэх.
[76.8] Ахэмэ Тхьэр шIу зэралъэгъурэм пае тхьамыкIэр, ибэр, гъэрыр агъашхэ.
[76.9] "Тэ Тхьэм игуапэ тшIэным пае къышъотэты, тыни шIушIэни шъуIытхынэу тыфаеп!
[76.10] Мэфэ шIункI мэфэ пхъашэ ти Тхьэ къытфигъэкIоным тыщэщтэ.
[76.11] А мафэм зэрарэу къыхьыщтым Алахьым ахэр щиухъумагъэх. Ахэмэ анэгухэр Ащ къыгъэнэфыгъэх, гушIуагъохэр къаригъэтэкъохыгъ.

[76.12] АщэIагъэм пае джэнэтрэ данэрэ ахэмэ тын къафишIыгъ.
[76.13] Ахэр гъолъыпIэмэ ателъыщтых, тыгъэ нэстыри мылдыкъи алъэгъущтэп.
[76.14] Чъыг благъэмэ яжьау ахэр чIэсыщтых, ахэмэ пхъэшъхьэ=мышъхьэу апытыр къин амыхъоу къыпачыным пае, лъхъанчэу щытыщтых,
[76.15] Тыжьыным,апч къэбзэ шъыпкъэм ахэшIыкIыгъэ Iэгубжъэхэр аIыгъхэу ахэмэ къадекIокIыщтых.
[76.16] Гъунэпкъэ гъэнэфагъэм нэсэу тыжьын псышъуалъэхэм ахэмэ арагъэхъощт.
[76.17] МэIэшIур зыхихрэ Iэгубжъэмэ ахэр арагъэшъощтых,
[76.18] Ар Сэлсэбил зыфаIорэ псынэкIэчъым къыхахыщт.
[76.19] МыкIосэжьын дэхагъэ зиIэ кIэлэцIыкIухэр ахэмэ яхэгъырэищтых. Ахэр налмэс-налкъутэ итэкъухьагъэм фэдэхэу къыпщыхъущтых.
[76.20] Ар о зыплъэгъукIэ, чIыпIэ тхъагъоу хэбзэшхо зыдэщыIэр зэхэпшIэщт.
[76.21] Алътэс уцышъом, дышъэрэ тыжьынрэ зыхэбзэгъэ шэкI Iужъум ахэшIыкIыгъэ щыгъынхэр ахэмэ ащыгъыщтых, тыжьын IэхъухэмкIэ гъэкIэрэкIэгъэщтых. Ахэр шъон къабзэкIэ я Тхьэ ыгъэшъокIыгъэх.
[76.22] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, шъоркIэ ар тыны, шъузэрегугъугъэм пае шIу къышъуфашIэщт.
[76.23] Тэ КъурIаныр къыфедгъэхыгъ.
[76.24] Уи Тхьэ рихъухьащтым щэIагъэ пхэлъэу еж, псэкIодышIэмрэ джаурымрэ уафэмыIорышI!
[76.25] Пчэдыжьыми пчыхьэми, уи Тхьэ ыцIэ ренэу угу къэгъэкIыжь,
[76.26] Чэщыми Ащ шъхьащэ фэшI, чэщ кIыхьэм Ащ ищытхъу Iо!
[76.27] А цIыфхэм дунаир шIу алъэгъу, ахърэт мэфэ хьылъэр къызэранэкIы.
[76.28] Тэ ахэр къэдгъэхъугъэх, Тэ ахэмэ кIуачIэ яттыгъ тыфае хъумэ, ахэмэ афэдэхэмкIэ зэблэтхъущтых.
[76.29] Ар, шъыпкъэ дэдэмкIэ, гукъэгъэкI, шIоигъом и Тхьэ екIурэ гъогур къыхехы.
[76.30] Ау Алахьым шIомыигъомэ, шъори шъушIоигъощтэп, Алахьыр Iуш, ешIэ!
[76.31] Ащ Ежь шIоигъом игукIэгъу къылъигъэIэсыщт, цIыф дэйхэм Ащ хьазаб пщынэжь къафигъэхьазырыгъ.

Алмурсэлат

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[77.1] Зэуж итхэу къагъакIохэрэм мэлэIичхэмкIэ,
[77.2] ПсынкIэ дэдэу зекIохэрэмкIэ,
[77.3] ИзыпхъыхьэхэрэмкIэ,
[77.4] Теубытагъэ хэлъэу зэхэзыфыхэрэмкIэ,
[77.5] ШIэныгъэр язытыхэрэмкIэ,
[77.6] Фэгъэгъуныгъэмрэ гъэщынэхэмрэ языIожьхэрэмкIэ Iуагъэ сэшIы.
[77.7] Шъузэрагъэгугъагъэр хьазыр къэхъущт.
[77.8] Жъуагъохэр зыкIуасэхэкIэ,
[77.9] Уашъор зызэгоукIэ,
[77.10] Къушъхьэхэр сапэу жьым зыхахьэхэкIэ,
[77.11] ЛIыкIомэ пIэлъэ гъэнэфагъэ къазыратыкIэ,
[77.12] Сыд мафэм нэсэу гъэнэфагъэр зэкIахьащта?
[77.13] Унашъо зыщашIыщт мафэм нэс!
[77.14] Унашъо зыщашIыщт мафэр пшIэным о сыда къыуитыщтыр?
[77.15] А мафэр пцIыкIэ зыгъэмысэхэрэмкIэ тхьамыкIагъу!

[77.16] Апэрэхэр Тэ дгъэкIодыгъэхэба?
[77.17] ЕтIанэ ауж къикIыгъэхэр ахэмэ ауж идгъэхьащтхэба?.
[77.18] Тэ джаущтэу гунахьышIэмэ тадэзекIо.
[77.19] А мафэр пцIыкIэ зыгъэмысэхэрэмкIэ тхьамыкIагъу!
[77.20] ПкIэ зимыIэ псым Тэ шъукъыхэдгъэкIыгъэба.
[77.21] Ар пIэлъэ гъэнэфагъэм нэсэу,
[77.22] ЧIыпIэшIу дгъэIылъыгъэба?
[77.23] Тэ ар тшIэн тлъэкIыгъэ. Тэ лъэкIышхо зэрэтиIэр!
[77.24] А мафэр пцIыкIэ зыгъэмысэхэрэмкIэ тхьамыкIагъу!
[77.25] Тэ чIыгур псэухэм, хьадэхэм апае
[77.26] ГъолъыпIэ тшIыгъэх,
[77.27] Ащ къушъхьэ хэIэтыкIыгъэхэр тедгъэуцуагъэх, псы IэшIукIэ шъудгъэшъокIыгъ.
[77.28] А мафэм пцIыусхэм тхьамыкIагъо афыщылъ!
[77.29] Шъо пцIыкIэ шъулъытэщтыгъэр пщыныжькIэ шъуушэты!
[77.30] Ныбжьыкъоу щэ зэгокIрэм дэжь шъукIу,
[77.31] Ащ жьау къышIрэп, машIом шъущиухъумэщтэп!
[77.32] Ащ мэшIочэ инхэр къедзых.
[77.33] Мэхъшэ гъожьмэ афэдэ къабз пIонэу .
[77.34] А мафэр пцIыкIэ тызгъэмысэхэрэмкIэ тхьамыкIагъу!
[77.35] А мафэм джаурхэр бзэкощтых.
[77.36] Заухыижьынхэу ахэр фит ашIыщтхэп.
[77.37] А мафэр пцIыкIэ тызгъэмысэхэрэмкIэ тхьамыкIагъу!
[77.38] Тэ шъори шъуапэкIэ щыIагъэхэри зытыугъоижьыщтхэ мафэр ары ар зыхъущтыр.
[77.39] Шъо тхьагъэпцIыгъэ горэ шъуIэ илъмэ, Сэ тхьагъэпцIыгъэ къызыздешъухь!
[77.40] А мафэр пцIыкIэ тызгъэмысэхэрэмкIэ тхьамыкIагъу!
[77.41] Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэр жьаум чIэсых, псынэкIэчъымэ ахэтых,
[77.42] АшIоигъо пхъэшъхьэ=мышъхьэр яI.
[77.43] Шъо шъушIэщтыгъэм пае гухахъо шъуфэхъоу шъушх!
[77.44] ШIу зышIэхэрэм Тэ джаущтэу тяшIушIэ!
[77.45] А мафэр пцIыкIэ тызгъэмысэхэрэмкIэ тхьамыкIагъу!
[77.46] Мы чIыгум джыри тIэкIурэ зыщыжъугъэтхъэжъ, шъуешъу, шъушх. Шъо шъупсэкIодышI.
[77.47] А мафэр пцIыр зышIошъ хъущтыгъэхэмкIэ тхьамыкIагъу!
[77.48] Ахэмэ зэраIокIэ: "шъхьащэ шъушIы" шъхьащэ ашIрэп.
[77.49] А мафэр пцIыр зышIошъ хъущтыгъэхэмкIэ тхьамыкIагъу!
[77.50] Ащ ыуж сыд фэдэ къэбара ежьхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зыфашIыщтыр?

АлнэбэI

Бисми лахьи рахьмани рахьим!
[78.1] Сыда ахэр зыфызэупчIыжьхэрэр?
[78.2] КъэбарышIоу
[78.3] Ахэр зыфызэнэкъокъухэрэр ары.
[78.4] ШъыпкъэмкIэ, шIэхэу ахэмэ ар ашIэщт,
[78.5] Ары, шъыпкъэмкIэ, шIэхэу ашIэщт!
[78.6] ГъолъыпIэ фэдэу Тэ чIыгур афэтшIыгъэба?
[78.7] Къушъхьэхэри зандэхэу пкъэумэ афэдгъэдагъэхэба?

[78.8] Хъурэ бзырэу шъукъэдгъэхъугъэба?
[78.9] Шъуичъыий гъэпсэфыгъо тшIыгъэба?
[78.10] Чэщыр техъон уахътэ тшIыгъэба?
[78.11] Мафэри гъэшIэ уахътэ тшIыгъэба?
[78.12] Шъо шъуашъхьагъ ошъо къатибл пытэ идгъэуцуагъэба?
[78.13] Ащ лъэшэу къэзгъэнэфрэ тыгъэр щытшIыгъэба?
[78.14] Ошъуапщэмэ хъоеу ощхыр къахэдгъэкIи,
[78.15] АщкIэ фышъхьэ лэжьыгъэхэмрэ уцхэмрэ,
[78.16] Чъыг хэтэ Iужъухэмрэ къэдгъэкIыным пае къедгъэхыгъэба?
[78.17] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Iофыр зыщырахъухьащт мафэу пэшIорыгъэшъэу агъэнэфагъэр гъунапкъэу щыт.
[78.18] Сырынэм ымакъэ къызыIущт мафэр къэсыщт, шъузэхэтэу шъукъэкIощт.
[78.19] Уашъор зэгоунышъ, шъо къэлэпчъэ пчъагъэ шъуфэхъущт.
[78.20] Къушъхьэхэр хъыехэу къежьэщтых, нэпIэхъым фэдэу къышъущыхъущтых,
[78.21] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, джэхьнэмыр плъапIэу щыт.
[78.22] ЦIыф дэйхэм ар яшъхьэегъэзыпI,
[78.23] ЕгъашIэм ахэр ащ исыщтых.
[78.24] Ахэмэ чъыIэтагъи зэшъонхи,
[78.25] Псэу къажъорэмрэ щынырэ афэшъхьаф щызэхашIэщтэп.
[78.26] Сыда пIомэ, ахэмэ ашIагъэм ар тефэ.
[78.27] Ахэр адалъэгъужьыщтым зыпарэкIи егупшысагъэхэп.
[78.28] Тэ тиIэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэхэр щагъэзыещтыгъэх, пцIыкIэ алъытэщтыгъэх.
[78.29] Тэ зэкIэ къыдэтлъытагъ, ттхыгъэ.
[78.30] Пщынэжьым фэшъхьаф Тэ зыпари къышъуфыхэдгъэхъощтэп!
[78.31] Тхьам ищынагъо зыгу илъхэм шъхьэегъэзыпIэшIу афэгъэхьазырыгъ,
[78.32] Чъыг хатэхэр, сэнэшъхьэ хатэхэр,
[78.33] Зыбгъэхэр хъурэе пшъашъэхэу зэлэгъухэр,
[78.34] Шъоныр зэрыз Iэгубжъэхэр.
[78.35] Ахэмэ гущыIэ нэкIхэри пцIыхэри ащ щызэхахыщтэп.
[78.36] О уи Тхьэ дэжь, уашъомрэ чIыгумрэ,
[78.37] Ахэмэ азфагу илъым и Тхьэ гукIэгъушIэм дэжь къикIрэ тыныр джащ фэд, ау ахэмэ Ащ гущыIэ къаритыщтэп.
[78.38] Псэмрэ мэлаIичхэмрэ къызщызэгоуцощтхэ мафэм ГукIэгъу зыхэлъым фит ышIырэм фэшъхьаф зыпари гущыIэщтэп, ахэмэ шъыпкъэр къаIощт.
[78.39] А мафэр узэмынэгуен мафэу щыт. Фаем и Тхьэ дэжь зэригъэзэжьыщт гъогур къыхихыщт.
[78.40] Благъэ къэхъугъэ хьэзабыр; ЦIыфым ыIэхэмкIэ ышIагъэр зыщилъэгъужьыщт мафэр Тэ шъотэгъашIэ, джаурым ыIощт: "О сэ ятIэ сыхъугъагъэмэ!"

Алназихьат

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[79.1] Псэр хэзыххэрэмкIэ Iуагъэ сэшIы,
[79.2] ЗэхэзыххырэмкIэ,
[79.3] Уашъом псынкIэу къеххэрэмкIэ,
[79.4] Ячъэ хэтхэу апэ ишъыхэрэмкIэ,
[79.5] Унашъохэр зыгъэцакIэхэрэмкIэ!

[79.6] А мафэм кIэзэзырэр къызыкIэзэзыкIэ,
[79.7] Ащ ыуж адырэр къызыкIэлъыкIокIэ,
[79.8] А мафэм гухэр кIэзэзыщтых.
[79.9] Нэплъэгъухэр кIосэщтых.
[79.10] Ахэмэ аIо: "Тэ икIэрыкIэу тыкъэхъужьына?
[79.11] Къупшъхьэ тэкъуагъэ тыхъужьыгъагъэу?"
[79.12] Ахэмэ аIощт: "Ар тэркIэ федэ зыхэмылъ гъэзэжь!"
[79.13] Зы мэкъэ щынэгъо закъу ныIэп къэIурэр,
[79.14] Мары ахэр къыгъэхъужьыгъэх.
[79.15] Мосэ фэгъэхьыгъэ къэбарыр о къыонэсыгъа?
[79.16] КIэй лъэпIэ ТIуо дэтэу ащ и Тхьэ унашъо къыфишIыгъ
[79.17] "Фирхьаун дэжь кIо, ар щыкIыгъ,
[79.18] ЕIу: "О зыуукъэбзыжьыныр къыптефэрэба?
[79.19] Сэ уи Тхьэ дэжь усщэщт, Тхьэм ищынагъо угу илъэу ухъущт".
[79.20] Мосэ ащ щысэтехыпIэ ин дэдэ ригъэлъэгъугъ,
[79.21] Ау пцIыкIэ ар ылъытагъ, къедэIугъэп,
[79.22] ЫкIыб къыгъэзагъ, иIофхэм ауж ихьажьыгъ.
[79.23] Ащ цIыфхэр къыугъоигъэх, ежь иунашъохэр ахэмэ унашъо афишIыгъ.
[79.24] АриIуагъ "Сэры шъо шъуи Тхьэу лъэгэ дэдэр!"
[79.25] ЧIыгуми ахърэт гъашIэми пщыныжьым фэIорышIэн фаеу Алахьым ар ышIыгъ.
[79.26] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, Тхьэм ищынагъо зыгу илъхэмкIэ ащ гъэсэпэтхыдэ хэлъ!
[79.27] Шъо шъукъагъэшIыныр ара хьауми уашъор къэгъэшIыгъэныр ара нахь къиныр? Ащ уашъор къыгъэпсыгъ,
[79.28] Ошъо зэхэгъэIагъэр лъагэу ыIэтыгъ, шъо зэкIужь къыритыгъ.
[79.29] Ащ ичэщ шIункIи пчэдыжь нэфылъыр къыригъэштагъ.
[79.30] Ащ ыуж чIыгур ригъэкIотыгъ,
[79.31] Ащ псыр, хъупIэхэр,
[79.32] Къушъхьэхэр къыхищыгъэх,
[79.33] Шъори шъуибылымхэри къышъушъхьэпэнхэу Ащ ыгъэпытагъэх.
[79.34] Зэхэгъэтэкъо ин дэдэр къызысыкIэ,
[79.35] ЦIыфыр ышIагъэмэ ягупшысэ зыхъукIэ,
[79.36] Нэ зиIэ пэпчъ джэхьнэм мэшIо плъырхэр ыIэгу илъым фэдэу зыхъукIэ,
[79.37] IорышIэу щымытыгъэ цIыф пэпчъэу
[79.38] Зыхэт гъашIэр нахь къэзыштэщтыгъэм
[79.39] Джэхьнэмыр шъхьэегъэзыпIэ фэхъущт.
[79.40] И Тхьэ илъэпIагъэ щыщынэу кIэзэзыщтыгъэм, псэкIодышIэным зыфэзыIажэщтыгъэм
[79.41] Джэнэтыр шъхьэегъэзыпIэ фэхъущт.
[79.42] О ахэр къыоупчIых: "Сыдигъуа ар къызысыщтыр?"
[79.43] О сыда ащ хэпшIыкIрэр?
[79.44] Ащ гъунапкъэу иIэр зышIэрэр Алахь закъор ары.
[79.45] Ащ щыщынэхэрэмкIэ о умэкъэгъэIу ныIэп.
[79.46] А мафэм ахэмэ Ар залъэгъукIэ, зы пчыхьэ закъо е пчэдыжьым якъэхэм адэлъыгъэхэу къашIошIыщт.

Хьэбэсэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[80.1] Ащ ынэжгъ, нэшъур къызэрэкIэрыхьагъэм пае,
[80.2] ЗэIигъэхьагъ, ыкIыб къыгъэзагъ.
[80.3] О сыда ащ фапшIэрэр; ащ зигъэкъэбзэжьынкIи мэхъу,
[80.4] Е ышIошъ агъэхъугъэр ыгу къэкIыжьэу ежьэщт, гукъэкIыжьыр ащ IэпыIэгъу фэхъущт.
[80.5] Ау джа баим
[80.6] Дэжь о зыогъазэ,
[80.7] Диным къымыхьыныр о птелъэп.
[80.8] Ыгу къыдеIэу уадэжь къакIорэм,
[80.9] Тхьэм ищынагъо зыгу илъым
[80.10] О унаIэ теудзэрэп.
[80.11] Аущтэу ущымыт. Ар угу къэтэгъэкIыжьы.
[80.12] Фаем КъурIаныр ыгу къэкIыжьы.
[80.13] Лъытэнызъэ зыфашIрэ нэкIубгъомэ ар атетхагъ,
[80.14] ЛъапIэхэу, къабзэхэу,
[80.15] МэлаIичхэм аIэхэмкIэ аIыгъхэу,
[80.16] Лъытэныгъэ зыфашIыхэу зафэхэмкIэ.
[80.17] ЦIыфыр орэкIоды, ащ рэзагъэ зэрэхэмылъыр!
[80.18] Сыда ар Тхьэм зыхишIыкIыгъэр?
[80.19] Хъопсэщэ гъуаткIор ары!. Ар къыгъэшIыгъ, зэдиштэу теплъэ къыритыгъ.
[80.20] ЕтIанэ ным ыныбэ кIоцI къикIынымкIэ гъогур къыфигъэпсынкIагъ.
[80.21] ЕтIанэ ар ыгъэлIагъ, ыгъэтIылъыжьыгъ.
[80.22] ЕтIанэ, шIоигъо зэхъукIэ, ар къыгъэхъужьыщт.
[80.23] Iо хэлъэп, Ащ иунашъохэр цIыфым ыгъэцакIэхэрэп!
[80.24] Гъомылэу иIэм цIыфыр ерэплъ.
[80.25] Ощхышхор псэу Тэ къытеткIагъ,
[80.26] ЕтIанэ чIыгум зэгочыпIэхэр фэтшIыгъэх,
[80.27] Ащ лэжьыгъэхэри къыгъэкIыгъэх.
[80.28] Сэнашъхьэри, уцыри,
[80.29] Зейтунхэри, хъурмэхэри,
[80.30] Чъыг хэтэшъхохэри,
[80.31] Пхъэшъхьэ-мышъхьэхэри, фышъхьэхэри
[80.32] Шъори шъуибылымхэми къышъушъхьэпэнхэу, къытедгъэкIагъэх.
[80.33] Сырынэм ымакъэу дэгу узышIырэр къызыIукIэ,
[80.34] А мафэм цIыфым ыши,
[80.35] Яти, яни,
[80.36] Ишъхьэгъуси, икIалэхэми защидзые зыхъукIэ,
[80.37] ЦIыфы пэпчъ ежь ышъхьэ иIоф фикъущт.
[80.38] А мафэм щхыхэу, чэфыхэу,
[80.39] Нэгухэр ихыгъэщтых,
[80.40] А мафэм джащ фэдэу сапэм зэхидагъэхэу, хьадашъор ятеплъэу,
[80.41] НэмыкI нэгухэри щыIэщтых.
[80.42] Ахэр джаурых,щыкIыгъэ цIыфых.

Алтэкуир

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[81.1] Тыгъэр ухъурэигъэ зыхъукIэ,
[81.2] Жъуагъохэр къызефэххэкIэ,
[81.3] Къушъхьэхэр ячIыпIэ зикощыкIхэкIэ,
[81.4] Мэхъшэ лъфэнхэр алъымыплъэхэу къызынэхэкIэ,
[81.5] Псэушъхьэхэр отэрхэу зызэхаугъуаекIэ,
[81.6] Хыхэр къыззэкIигъаблэкIэ,
[81.7] Псэхэр тIурытIу зыхъужьхэкIэ,
[81.8] Псаоу чIатIэгъэ пшъашъэм
[81.9] Сыд фэдэ псэкIодшIагъа зыфаукIыгъэр аIоу зеупчIыхэкIэ,
[81.10] Тхылъым итхьапэхэр зэгохыгъэхэ зыхъукIэ,
[81.11] Уашъор ыбгъукIэ Iутхъыгъэ зыхъукIэ,
[81.12] Джэхьнэм машIор зэкIэгъэнагъэ зыхъукIэ,
[81.13] Джэнэтыр къызагъэблагъэкIэ,
[81.14] Джащыгъум псэ пэпчъ ышIагъэр ештэжьы.
[81.15] ПсынкIэу чъэхэрэ, кIодыжьхэрэ жъуагъохэмкIэ
[81.16] Сэ Iуагъэ сэщIы,
[81.17] КъакIорэ чэщымкIэ,
[81.18] Нэфылъэу къыштэрэмкIэ сэ Iуагъэ сэшIы!
[81.19] ЛIыкIошIум КъурIаныр игущыI,
[81.20] Дунэе лъэгапIэр зыIэ илъым ыпашъхьэ кIуачIэ щызиIэм,
[81.21] ЗыфэIорышIэрэм, зыфэшъыпкъэм.
[81.22] Пегъэмбарыр ышъэ икIыгъэп.
[81.23] ЛIыкIошIу Джыбрил ошъо шыгу, нэфыу щилъэгъугъ,
[81.24] ФызэIухыгъэ шъэфхэм ар яджэнджэшырэп.
[81.25] Ар мыжъокIэ заохэрэ шэйтаным игущыIэп.
[81.26] Шъо тыдэ шъукIора?
[81.27] КъурIаныр зэрэдунаеу иуухъумакIу,
[81.28] Шъуащыщэу гъогу занкIэ тетхэ зышIоигъохэмкIи ары.
[81.29] Ау дунаир зыIэ илъ Алахьым шIомыигъомэ,шъо ащ шъуфэещтэп.

АлIнфитIар

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[82.1] Уашъор къызызэгоурэм,
[82.2] Жъуагъохэр къызетэкъоххэрэм,
[82.3] Хыхэр зызэхэлъадэхэрэм,
[82.4] Къэхэр зэпырыгъэзагъэ зэхъухэрэм
[82.5] Джащыгъум псэм ыпэкIэ ыгъэхьазырыгъэр, ыгъэтIылъыгъэр ышIэщт.
[82.6] О цIыфыр, уи Тхьэ хьалэл умылъэгъуным пае хэта узымыгъаплъэрэр?
[82.7] УкъэзгъэшIыгъэу, узыузэнкIыгъэу, теплъэ тэрэз къыозытыгъэр
[82.8] Ежь къыхихыгъэ лъэпкъэгъум фэдэуи?
[82.9] Ау шъо Ащ идин пцIыкIэ шъолъытэ.
[82.10] Iо хэлъэп, ухъумакIохэу шъо сакъэу къышъулъыплъэхэрэр,
[82.11] УхъумэкIо цIэрыIохэу (шъо шъушIэхэрэр) зытхыхэрэр Ащ иIэх.
[82.12] Шъо шъушIэхэри ашIэ.

[82.13] Iо хэлъэп, цIыф зафэхэм джэнэтыр агъотыщт!
[82.14] ЩыкIыгъэхэм ячIыпIэ джэхьнэмым щагъотыщт!
[82.15] Яфэшъуашэ зыщагъотыщт мафэм ахэр щыстыщтых,
[82.16] Ащ зыщаухъумэн ахэмэ алъэкIыщтэп.
[82.17] Яфэшъуашэ зыщыIукIэжьыщтхэ мафэм къикIрэр пшIэным сыда о къыуитыщтыр?
[82.18] Ащ ыужи яфэшъуашэ зыщыIукIэжьыщтхэ мафэр зилIэужыгъор пшIэным сыда о къыуитыщтыр?
[82.19] А мафэм псэм зыпари адырэ псэм фишIэн ылъэкIыщтэп, а мафэм лъэкIыр зэкIэ Алахьым ыIэ илъ.

АлмутIэфифин

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[83.1] АшIудэзыхьхэрэм гухэкI афэрэхъу,
[83.2] Ежьхэм цIыфмэ къафашIэ зыхъукIэ зэрэщытэу къаIызыххэрэм,
[83.3] Ау ежьхэм афашIы е афащэчы зыхъукIэ щызгъакIэхэрэм!
[83.4] Ахэр егупшысэхэрэба Къаймэт мафэм
[83.5] Къызэрагъэхъужьыщтхэм,
[83.6] Зэрэдунае и Тхьэ ыпашъхьэ а мафэм зэрихьажьыщтхэм.
[83.7] ШъыпкъэмкIэ, щыкIыгъэхэм ятхылъ, Iо хэмылъэу, чIыгу къатиблым чIэлъ.
[83.8] ЧIыгу къатиблыр зилъэужыгъор о пшIагъэмэ!
[83.9] Ар зэхэугуфыкIыгъэу тхыгъэ тхылъ.
[83.10] ПцIы зыусыхэрэмкIэ, ахърэт мафэр пцIыкIэ зылъытэхэрэмкIэ
[83.11] А мафэр тхьамыкIэгъошху!
[83.12] Ар пцIыкIэ зылъытэрэр хэтми бзэджэшIэ-псэкIодышIэр ары ныIэп.
[83.13] Тэ тиIэятэмэ къафеджэхэ зыхъукIэ, ащ еIо: "ЫIпэкIэ щыIагъэхэм япшысэх!"
[83.14] Ахэмэ зэрагъэгъотыгъэр ары агухэр зэлъызыштагъэр.
[83.15] ШъыпкъэмкIэ, а мафэм ахэр я Тхьэ инэплъэгъу озымыгъэлъэгъурэ пщагъокIэ IугъэкIотыгъэщтых.
[83.16] ЕтIанэ ахэр машIом щыстыщтых.
[83.17] ЕтIанэ ахэмэ араIощт: "Мары шъо пцIыкIэ шъулъытэщтыгъэр!"
[83.18] ШъыпкъэмкIэ, цIыф зафэхэм ятхылъ, Iо хэмылъэу, лъагэу щылъ.
[83.19] ЛъэгапIэр зилIэужыгъор о пшIагъэмэ!
[83.20] Ар зэхэугуфыкIыгъэу тхыгъэ тхылъ!
[83.21] Ар мэлаIичэу пэблагъэхэм алъэгъу.
[83.22] ЦIыф зафэхэр чIыпIэ тхъагъомэ арысыщтых.
[83.23] Янэплъэгъухэр бгъу зэфэшъхьафхэмкIэ адзыхэу гъолъыпIэмэ защаушхущт.
[83.24] Зэрэтхъэжьхэрэм инэфынэу анэгу къыкIэщрэр о къэпшIэжьыщт.
[83.25] Шъоупс зэфэшъхьафхэм ахэр арагъашъох.
[83.26] КIэухыр шIу, ащкIэ зэнэкъокъухэрэр зэрэнэкъокъух.
[83.27] Ар зыхэшIыкIыгъэр псыIэшIу,
[83.28] Тхьэм пэблагъэхэр ары а псым ешъощтхэр.
[83.29] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, псэкIод зышIагъэхэр шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм адэхьащхыщтыгъэх,
[83.30] Ахэмэ ябгъукIохэ зыхъукIэ, зэнэкIэожьыщтыгъэх,
[83.31] ЯIахьылмэ зафагъэзэжькIэ, щхыхэзэ агъэзэжьыщтыгъэ.
[83.32] Ахэр залъэгъухэкIэ, аIощтыгъэ: "Мыхэр, Iо хэмылъэу, гъощагъэх!"

[83.33] Ау ахэр ухъумакIохэу адырэмэ ашъхьарытынхэу агъэкIогъагъэхэп.
[83.34] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр ягъолъыпIэмэ ателъхэу къяплъыхэзэ,
[83.35] А мафэм джаурмэ адэхьащхыщтых,
[83.36] Джаурмэ ашIэщтыгъэм пае яфэшъуашэ аратыгъа шъуIо?

АлIнщикъакъ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[84.1] Уашъор зызэгоукIэ,
[84.2] И Тхьэ фэIорышIэу, Ащ иунашъо ыгъэцэкIэнэу ыпшъэ зырилъхьажьыкIэ,
[84.3] ЧIыгур зэныбжьы зыхъукIэ,
[84.4] Ащ кIоцIылъыр къызхидзэу, гум зыринэкIэ,
[84.5] И Тхьэ зыфэIорышIэу, Ащ иунашъохэр ыгъэцэкIэнхэу ыпшъэ зырилъхьажьыкIэ,
[84.6] О цIыфыр! Уи Тхьэ плъэгъунэу уфаблэшъ, Ащ уIукIэщт!
[84.7] Ащ иIэшIагъэхэр зэрыт тхылъыр Iэ джабгъум къызыратырэм,
[84.8] Фалъэгъущтыр лъэгъун шъаб,
[84.9] Иунагъо гушIоу ащ фигъэзэжьыщт.
[84.10] Ау итхылъ ыкIыбыкIэ къызыфахьырэм,
[84.11] ЛIэныгъэм къеджэщт,
[84.12] МашIом щыстыщт.
[84.13] Ащ иунагъо гушIуагъо ригъуатэщтыгъэ,
[84.14] Сыдигъуи Тхьэм ыпашъхьэ имыхьажьынэу ащ зышIошIыжьыщтыгъэ,
[84.15] Ащ и Тхьэ ар къелъэгъу!
[84.16] Сэ ахъшамымкIэ,
[84.17] ЧэщымкIэ, ащ къыугъоирэмкIэ,
[84.18] МазэмкIэ, ащ изы зыщыхъурэмкIэ
[84.19] Зы къатым шъухэкIынышъ, адырэ къатым шъукIонэу Iуагъэ сэшIы!
[84.20] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ ямыIэу, сыда ахэмэ къащышIыгъэр?
[84.21] КъурIаным къафеджэхэ зыхъукIэ, ахэмэ шъхьащэ ашIырэп.
[84.22] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэм а зэпстэур пцIыкIэ алъытэ!
[84.23] Ахэмэ аушъэфрэр Алахьым ешIэ.
[84.24] Хьазаб пщынэжькIэ ахэр гъэгушIох!
[84.25] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, шIу зышIэщтыгъэмэ афэшъхьафхэм ахэмэ гъунэ зимыIэ тын агъотыщт!

Албурудж

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[85.1] Тамыгъэхэр зэрыт уашъомкIэ,
[85.2] Къызэрагъэгугъэгъэхэ мафэмкIэ,
[85.3] ШыхьатымкIэ, ар шыхьатэу зытеуцорэмкIэ Iуагъэ сэшIы!
[85.4] ЧIы дэтIыкIыгъэ куур зыIэ илъхэр орэкIодых,
[85.5] МашIор зыдизэу, зэпымыоу блэрэр,
[85.6] Мары, ахэр ащ шъхьарысых,
[85.7] Диныр зышIошъ хъурэмэ арашIэрэм еплъых.
[85.8] Ахэмэ хьазаб зыкIарагъэлъэгъущтыгъэр Алахьэу лъапIэм, щытхъушхо зыпылъым шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зэрэфашIыгъэм пай ныIэп.
[85.9] Ащ уашъори чIыгури ыIэ илъ. Алахьыр сыд лIэужыгъи фэшыхьат!

[85.10] Диныр зышIошъ хъурэ хъулъфыгъэхэми бзылъфыгъэхэми хьазаб язгъэщэчыгъэхэу, етIанэ кIэмыгъожьыгъэхэр джэхьнэм машIокIэ пщынэщтых.
[85.11] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэу, IофышIухэр зышIэщтыгъэхэм ачIэгъкIэ псыхъохэр зыхэчъхэрэ чъыг хатэхэр тынэу агъотыщт, ар насып гъунэнчъэ афэхъущт!
[85.12] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о уи Тхьэ илъэкI лъэшы!
[85.13] ЗэкIэ щыIэр Ащ къегъэхъу, егъалIэ, къегъэхъужьы.
[85.14] Ащ къыфегъэгъу, гукIэгъушхо хэлъ.
[85.15] ЛъэгапIэ шIагъор Ащ ыIэ илъ.
[85.16] Ащ зыфаер ешIэ.
[85.17] О къыонэсыгъэба дзэмэ афэгъэхьыгъэ къэбарыр?
[85.18] Фирхьаун, самудхэм афэгъэхьыгъэр?
[85.19] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэхэр пцIым хэтых!
[85.20] Алахьым ахэр акIыбыкIэ къеухъурэих!
[85.21] Ары, мы КъурIан шIагъор
[85.22] Тхьэм дэжь ухъумагъэу щыI!

АлтIарикъ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[86.1] УашъомкIэ, чэщ жъуагъомкIэ Iуагъэ сэшIы!
[86.2] Чэщ жъуагъор зилIэужыгъор о хэт уигъэшIэщта?
[86.3] Ар щэбзащэхэр зыдзырэ жъуагъор ары,
[86.4] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, сыд фэдэ пси ухъумакIо иI.
[86.5] ЦIыфыр зыхэшIыкIыгъэм ерэплъ!
[86.6] Псы икIутыгъэ гъуаткIом хэкIыгъ.
[86.7] Ар тхыкъупшъхьэм, бгъэ къупшъхьэмэ къахэкIы.
[86.8] Алахьым ар къыгъэхъужьын ылъэкIыщт.
[86.9] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, а мафэу шъэфхэр ушэтыгъэхэ зыщыхъущтым.
[86.10] Джащыгъум о къыбдеIэни зыщыбгъотыщтыр Тхьэм дэжь ныIэп.
[86.11] Уашъоу чэрэгъурэмкIэ,
[86.12] Уцхэр къэкIынхэм пае чIыгоу зэгочырэмкIэ Тхьэ сэIо!
[86.13] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, КъурIаным тэрэзымрэ мытэрэзымрэ зэхедзы,
[86.14] Ар гущыIэ нэкIэп.
[86.15] Ахэмэ хъоршэрыгъэшхо зэрахьэ.
[86.16] Сэри ахэмэ яхъоршэрыгъэ къычIэсэгъэщы.
[86.17] Джаурмэ япIалъэ афылъыгъэкIуат, пIэлъэ тIэкIу ят!

Алахьла

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[87.1] ЗэкIэмэ анахь лъагэу о уи Тхьэ ыцIэ ищытхъу Iуатэ,
[87.2] ЗэкIэ къэзгъэшIыгъэу, зэкIэ зэдиштэу зыгъэуцугъэм,
[87.3] ЗэкIэми къарыкIощтыр хэушъхьафыкIыгъэу афэзгъэнэфагъэм, зэкIэ зы гухэлъ фэзгъэзагъэм,
[87.4] Шъофымэ уцхэр къарыкIэнэу зышIыгъэм,
[87.5] Ахэр мэкъу гъугъэ зышIырэм!
[87.6] КъурIаным уеджэнэу Тэ одгъэшIэщт, о зыпари пщыгъупшэщтэп.

[87.7] Алахьым зыгорэ шIомыигъо мыхъумэ, шъыпкъэ дэдэмкIэ, Ащ нафэри шъэфыри ешIэ!
[87.8] Тэ тигъогухэр о псынкIэ къыпфэтшIыщтых.
[87.9] ИшIуагъэ къэкIощтмэ, КъурIаныр агу къэгъэкI.
[87.10] Тхьэм ищынагъо эыгу илъ пэпчъ ащ егу пшысэщт.
[87.11] Насыпынчъэ дэдэр ары ныIэп Ащ гокIыщтыр.
[87.12] МэшIошхом хэстыхьащтыри ары.
[87.13] ЕтIанэ ащ фэдэр ащ хэлIыхьащтэп, ау ащ щыщыIэщтэп.
[87.14] Къабзэу зыкъызэтезгъэнэн зылъэкIырэр ары насыпышIор,
[87.15] И Тхьэ ыцIэ къэзыпчъэу, нэмаз зышIырэр ары.
[87.16] Ары, гъашIэу шъузхэтыр шъо нахь къэшъоштэ,
[87.17] Ау ахърэт гъашIэр нахьышIу, нахь кIыхь.
[87.18] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, ижъырэ тхылъхэм а зэпстэур арыт,
[87.19] Ибрахьимэрэ Мосэрэ ятхылъхэм.

Алгъащие

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[88.1] ЗэкIэ къытезыхъорэ мафэм фэгъэхьыгъэ къэбарыр о зэхэпхыгъэба?
[88.2] А мафэм нэгухэр гъэцIыкIугъэх,
[88.3] Iофэу ашIэрэм ыгъэпшъыгъэх,
[88.4] МэшIо стырым кIистыкIыгъэх,
[88.5] Псы жъуагъэм ешъох.
[88.6] Панэ фэшъхьаф гъомылэ ахэмэ яIэп,
[88.7] Ащ пхигъахъорэп, мэлакIэр ыгъэкIодырэп.
[88.8] НэмыкI нэгухэр а мэфэ дэдэм нэгушIоу щытыщтых,
[88.9] ЫпэкIэ Iофэу ашIагъэхэмкIэ разэх.
[88.10] Ахэр джэнэт шIагъом хэтыщтых.
[88.11] ГущыIэ нэкIхэр щызэхахыщтхэп.
[88.12] Псы лъэкъо хэчъхэр,
[88.13] ЧIым теIэтыкIыгъэ тIысыпIэхэр,
[88.14] Iэгубжъэ гъэхьазырыгъэхэр,
[88.15] Сатырэу зэголъ шъхьантэхэр,
[88.16] Алрэгъу убгъугъэхэр щагъотыщтых.
[88.17] Махъшэхэр къызэригъэхъугъэм шъуинэплъэгъу тешъудзагъэба?
[88.18] Уашъор шъуашъхьагъ зэритыр,
[88.19] Къушъхьэхэр чIыгум зэрэхэIэтыкIыгъэхэр,
[88.20] ЗанКIэу чIыгум зэрищыгъэр?
[88.21] О уиIофыр цIыфмэ агу къэбгъэкIыжьыныр ары ныIэп!
[88.22] Iо хэмылъыжьэу о ахэмэ лъэкI афыуиIэп.
[88.23] Ау хэтми зыкIыб къэзгъазэрэр, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зимыIэр
[88.24] Алахьым пщыныжькIаеу ыгъэпщынэщт!
[88.25] Ахэмэ Тэ тадэжь къагъэзэжьыщт,
[88.26] ЕтIанэ тэры хьисап афэзлъэгъущтыр.

Алфэджыр

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!

[89.1] НэфылъымкIэ
[89.2] ЧэщипшIымкIэ,
[89.3] ТIурытIумкIэ, зырызымкIэ,
[89.4] ЛъыкIуатэрэ чэщымкIэ Iуагъэ сэшIы!
[89.5] Акъыл зиIэ цIыфым къыхьын фаер ащ фэдэ тхьарыIоба?
[89.6] О плъэгъугъэба уи Тхьэ Хьадмэ аришIагъэр?
[89.7] Пкъэу лъагэхэр зыкIэтэу Iирэм зыIэ илъыгъэр,
[89.8] Къалэу зыфэдэ дунаим къытемыхъогъагъэр,
[89.9] Самудхэу кIэим щыпсэущтыгъэхэу къушъхьэ мыжъомэ яунэхэр хэзыупкIыщтыгъэхэр,
[89.10] Фирхьаунэу пчэгъухэр зыIэ илъыгъэхэу
[89.11] Хэгъэгумэ ащыщыкIыгъэхэр,
[89.12] Бзэджагъэр зыгъэбэгъуагъэхэр.
[89.13] Ахэмэ зэкIэмэ уи Тхьэ пщынэжь тхьамыкIагъор атырилъхьагъ.
[89.14] Ахэмэ уи Тхьэ щыуагъэ имыIэу къалъэплъэ.
[89.15] ЦIыфыр и Тхьэ зиушэтыхэкIэ, шъхьэкIафэ къызфишIыкIэ, ынэшIу къызщифэкIэ, джащыгъум ащ еIо: "Сэ си Тхьэ шъхьэкIафэ къысфишIыгъ!"
[89.16] Ау етIани къыушэтэу итынхэр макIэ къызфишIкIэ, ащ еIо: "Сэ си Тхьэ сигъэцIыкIугъ!"
[89.17] Аущтэу щытэп! Шъо ибэм шъхьэкIафэ фэшъушIрэп,
[89.18] ТхьамыкIэр жъугъэшхэным шъуезэрэгъэгушIохорэп,
[89.19] Шъуфитми шъуфимытми зэшъумыгъашIэу нэмыкIмэ якIэн зешъопхъо,
[89.20] ШIулъэгъу къаигъэкIэ мылъкур шIу шъолъэгъу.
[89.21] Ары, чIыгур такъыр-такъырэу зэхэкъутагъэ зыхъукIэ,
[89.22] Уи Тхьэ къызыкIокIэ, мэлаIичхэр сатырэу къызыуцухэкIэ,
[89.23] Бзаджэ зышIэгъэ цIыфхэр зыдырыщт джэхьнэмыр къызыжэхагъэкIуатэкIэ, джащыгъум цIыфыр егупшысэщт, ау сыда пкIэу иIэжьыр ар зэгупшысэрэм?
[89.24] Ащ еIо: "Сэ дунаим сытетыфэ IофышIухэр, сшIэгъамэ!"
[89.25] Тхьэм узэригъэпщынэщтым фэдэу а мафэм хэти уигъэпщынэщтэп,
[89.26] Тхьэм лъэхъоу къыптырилъхьан ылъэкIыщтым фэдэ зыпарэми къыптырилъхьан ылъэкIыщтэп.
[89.27] О Тхьэр зышIошъ хъурэ псэу Алахьым егупсэфылIагъэр,
[89.28] Уи Тхьэ дэжь уразэу, къыпфэразэу къэгъэзэжь!
[89.29] Сэ сызфэрэзэ шIушIэ Iумэтмэ къахахь,
[89.30] Сэ сиджэнэт къиихь!

Албэлэд
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[90.1] Мы къалэм ыцIэкIэ Iуагъэ сэшIы!
[90.2] Ори мы къалэм ущэпсэу.
[90.3] ТымкIи, ащ къытекIыгъэмкIи Iуагъэ сэшIы!
[90.4] ГумэкIым хэтынэу цIыфыр Тэ къэдгъэхъугъ.
[90.5] Ежь нахь лъэш щымыIэнэу ар егупшысэнэуи?
[90.6] Ащ еIо: "Гъунэ имыIэу сэ мылъку згъэкIодыгъэ!"
[90.7] Зыми ар къымылъэгъоу ащ къышIошIа?
[90.8] Тэ ащ нитIу фэтымышIыгъэуи?

[90.9] Бзэгуи, IупшIитIуи?
[90.10] ШIумрэ емрэ зытелъ гъогушхуитIур Тэ едгъэлъэгъугъэба?
[90.11] Ау щытми, ар шIушIэнхэм якIолIагъэп!
[90.12] А шIушIэнхэм уанэзымыгъэсыщтыр сыда?
[90.13] ПщылIыр птIупщыжьыныр,
[90.14] Е гъэблэ мафэм бгъэшхэныр,
[90.15] Iахьылмэ ащыщ ибэр,
[90.16] Е зимылъку зыухыгъэ тхьамыкIэр!
[90.17] ЕтIанэ ар шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэмэ ащыщэу щэIагъэм, гукIэгъу пхэлъыным иунэшъошIэу хъушт.
[90.18] Ахэмэ джабгъу лъэныкъор аIэ илъ!
[90.19] Сэ сиIэятэ къэгъэшъыпкъагъэхэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ афэзымышIыгъэхэм аIэ илъыр сэмэгу лъэныкъор ары.
[90.20] Ахэмэ уашъом фэдэу машIор ашъхьарытыщт.

Алщэмыс

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[91.1] ТыгъэмкIэ, ар къызэрэлыдырэмкIэ,
[91.2] Мазэу ащ ыуж рыкIорэмкIэ,
[91.3] Мафэу ар къэзгъэлъагъорэмкIэ,
[91.4] Чэщэу ар зыгъэбылъырэмкIэ,
[91.5] УашъомкIэ, ар къэзгъэшIыгъэмкIэ,
[91.6] ЧIыгумкIэ, ар зыубгъугъэмкIэ,
[91.7] Сыд фэдэ псэкIэ, ар къэзгъэшIыгъэмкIэ,
[91.8] Ащ джэгъогъуныгъэмрэ Тхьэм ищынагъорэ хэзылъхьагъэмкIэ Iуагъэ сэшIы!
[91.9] Федэ зиIэр ар зыукъэбзыгъэр ары,
[91.10] ЧIэнагъэ зышIыгъэр ащ теунэхъуагъ,
[91.11] Самудхэр зэрэкъаигъэхэм къыхэкIэу гъощагъэх, Шъалихьэ къызфэкIуагъэр пцIыкIэ алъытэщтыгъэ.
[91.12] Мэхъшэбзыр аукIыным пае анахь бырысырышIыхэр къызэчъэхэм,
[91.13] Алахьым илIыкIо Шъалихьэ ахэмэ ариIуагъ: "Мары Алахьым имэхъшэбз, шъуиягъэ ешъумыгъэкI, ежьыри ыпси шъуямынэцI, шъуягъэ яшъумыгъэкI.
[91.14] Ау ар ахэмэ гъэпцIакIокIэ алъытагъ, мэхъшэбзыр аукIыгъ. ПсэкIодшIагъэу яIэм пае ахэр я Тхьэ ыгъэкIодыгъэх, пщыныжьыр атырилъхьагъ,
[91.15] Ащ кIэухэу фэхъущтым щымыщынэу.

Аллейл

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[92.1] Чэщэу шIункIы хъурэмкIэ,
[92.2] Мафэу зэпэшIэтыжьэу къакIорэмкIэ,
[92.3] Хъулъфыгъэмрэ бзылъфыгъэмрэ къэзгъэшIыгъэмкIэ Iуагъэ сэшIы,
[92.4] Шъо шъуищыIэкIэ къэкIуапIэхэр зэфэшъхьафых!
[92.5] Ау сэдакъэ зытырэр, Тхьэм ищынагъо зыгу илъыр,
[92.6] НахьышIур зышIошъ хъурэр
[92.7] Нахь псынкIэм фэкIонымкIэ Тэ игъогу фызэIутхыщт.
[92.8] Нэепсыягъэ къызхэзгъафэщтыгъэм, баи зызышIыщтыгъэм,

[92.9] НахьышIур пцIыкIэ зылъытэщтыгъэм
[92.10] Игъогу Тэ къины фэтшIыщт.
[92.11] Джэхьнэм тIуакIэм ар зыдэкIуадэкIэ, мылъкоу иIэм зыпари ишIуагъэ къекIыжьыщтэп.
[92.12] Гъогу занкIэм рыкIонхэр Тэры зыпшъэ илъыр.
[92.13] Ахърэт гъашIэри мы чIыгум щыIэ гъашIэри Тэры зыIэ илъыр.
[92.14] МэшIо лыгъэм шъузэристыщтыр Сэ къышъосIогъагъ.
[92.15] Ащ хэстыхьащтыр цIыф насыпынчъэ бзэджэ дэдэр ары,
[92.16] ПцIы зыусэу, ыкIыб къэзгъэзагъэр ары.
[92.17] Тхьэм ищынагъо зыгу илъыр ащ хэфэщтэп;
[92.18] Джыри нахь къабзэ хъуным пае имылъку зыгъэкIодырэр,
[92.19] ИшIушIэ федэкIэ зымылъытэрэр,
[92.20] И Тхьэ лъапIэ ынаIэ къытыридзэныр зышIоигъор.
[92.21] Ащ фэдэу щытыр, Iо хэмылъэу, разэ хъущт.

Алдухьа

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[93.1] ПчэдыжьымкIэ,
[93.2] Ащ ишIункI зыщызэхаорэ чэщымкIэ Iуагъэ сэшIы!
[93.3] Уи Тхьэ о ущыгъупшагъэп, фэмылъэгъуныгъэ къыфыриIэп.
[93.4] Ахърэт гъашIэр оркIэ гъашIэу узхэтым нахьи нахьышIу.
[93.5] Уи Тхьэ шIуагъэхэр къыуитыщтых, разэ ухъущт.
[93.6] О Ащ ибэу укъигъотыгъэба, шъхьэегъэзыпIэ уигъэгъотыгъэба?
[93.7] О Ащ угъощагъэу укъигъоти, пащэ къыфэхъугъ.
[93.8] УтхьамыкIэу Ащ укъигъоти, бай уишIыгъ.
[93.9] Ибэм лыягъэ емых.
[93.10] Сэдэкъэхэдзыр пыдзы пшIыным фэсакъ.
[93.11] Уи Тхьэ къыпфишIагъэ шIушIагъэхэр Iуатэ.

Алщэрхь

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[94.1] Убгъэ Тэ къызэIутхыгъэба?
[94.2] Уихьылъэ птетхыгъэба
[94.3] ПтхыщIэ зэпызыкIыщтыгъэр?
[94.4] О пцIэ Тэ лъагэу тIэтыгъэба?
[94.5] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, къиным ыуж псынкIэр къэкIо;
[94.6] Къиным ыуж псынкIэр къыкIэлъэкIо!
[94.7] Уинэмаз зыуухкIэ уитхьалъэIун ыуж ихьажь.
[94.8] Уи Тхьэ закъо угу фэгъаз!

Алтин

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[95.1] ШхынцумпэмкIэ, зейтунымкIэ,
[95.2] Синай къушъхьэмкIэ,
[95.3] Мы къуаджэу щынэгъончъэмкIэ Iуагъэ сэшIы!
[95.4] Тэ цIыфыр пкъышIу зэхэлъэу къэдгъэхъугъ,

[95.5] ЕтIанэ ащ жъыIапIэ хъугъэу едгъэгъэзэжьыгъ.
[95.6] Ау шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэм, IофышIухэр зышIэщтыгъэхэм тын гъунэнчъэ афыщылъ.
[95.7] Ащ щегъэжьагъэу хэта о дин шъыпкъэр пцIыкIэ озгъэлъытэн зылъэкIыщтыр?
[95.8] Унашъо зышIырэмэ анахьи Алахьыр арба анахь унэшъошI дэгъу дэдэр?

Алхьэлэкъ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[96.1] Къедж! Уи Тхьэу зэкIэ къэзгъэшIыгъэм,
[96.2] Лъы зэхэхьагъэм цIыфыр къыхэзгъэкIыгъэм ыцIэкIэ,
[96.3] Къедж! Сыда пIомэ уи Тхьэ хьалэл дэд.
[96.4] ЦIыфыр къэлэмым рытхэнэу Ащ ригъэшIагъ.
[96.5] НахьыпэкIэ цIыфым ымышIэщтыгъэр ышIэу Ащ ыгъэсагъ.
[96.6] ЦIыфыр щэкIы.
[96.7] Ары, ау бай хъугъэу зыздилъэгъужькIэ.
[96.8] КъэгъэзэжьыпIэр уи Тхьэ дэжь!
[96.9] Тхьам илIыкIо нэмаз ышIы хъумэ,
[96.10] Плъэгъугъа пэрыохъу фэхъурэр?
[96.11] Гъогу зафэ плъэгъугъэр тетыгъа?
[96.12] Хьауми Тхьэм ищынагъо гум илъынэу унашъо ышIыщтыгъа?
[96.13] Е ащ шъыпкъэр пцIыкIэ ылъытэу ыкIыб къегъаза?
[96.14] Алахьым шIоигъор ащ ышIэщтыгъэба?
[96.15] Ары, зыщимыгъэткIэ Тэ ащ ышыгу якIэ тыубытыщт,
[96.16] Шыгу якIэу пцIыусэу, псэкIод шIэгъабэ зиIэр.
[96.17] Ежь иупчIэжьэгъухэр джащыгъум ащ къерэугъоих.
[96.18] Тэри мэлэIич лъэшхэм тыкъяджэщт!
[96.19] Ащ уфэмыIорышI. Алахьым шъхьащэ фэшI, Ащ пэблагъэ узэрэфэхъущтым егугъу!

Алкъэдыр

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[97.1] Тэ Къадыр чэщым КъурIаныр къедгъэхыгъ.
[97.2] Къадыр чэщыр зыфэдэр о хэт къыбгуригъэIона?
[97.3] Къадыр чэщыр мэзэ минмэ анахьышIу!
[97.4] Тхьэм иIизынкIэ а чэщым мэлаIичхэри Джэбраили уашъом къехых, зэкIэ зэгъэфэгъахэу къахьы.
[97.5] Нэфылъ къештэфэ а чэщыр мамыр!

Албэийнэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[98.1] Тхыгъэр къызэратыгъэмэ ащыщхэу шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр. Тхьабэ зышIошъ хъущтыгъэмэ ащыщхэр зэгокIыщтыгъэхэп, ахэмэ Iэятэ къэгъэшъыпкъэгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр къафэмыкIофэхэ
[98.2] Алахьым дэжь лIыкIоу къикIэу нэкIубгъохэу къызаджэхэрэм
[98.3] тхыгъэу арытыр шъыпкъэ, лъапIэ.
[98.4] Iэятэ къэгъэшъыпкъэжьыгъэ зэхэугуфыкIыгъэхэр къызафакIохэм ыуж ныIэп тхыгъэр къызэратыгъэхэр зызэгокIыгъэхэр.

[98.5] Ахэмэ Алахьым шъхьащэ фашIынэу, хьанифэмэ афэдэу Ащ ыпашъхьэ диныр щагъэкъабзэу, нэмаз ашIынэу, сэдакъэ атынэу унашъо афашIыгъагъ ныIэп. Ар дин шъыпкъ!
[98.6] Джаурмэ ащыщхэу тхыгъэр зэратыгъэхэр, тхьабэ зышIошъ хъухэрэр. шIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зымышIыгъэхэр джэхьнэм машIом егъашIэрэм къыхэнэщтых. ЗэкIэ псэ зыпытэу къыгъэшIыгъэмэ ахэр анахь дэих.
[98.7] ШIошъхъуныгъэ шъыпкъэ зышIыгъэхэр, шIу зышIэщтыгъэхэр псэ зыпытэу къыгъэшIыгъэмэ анахь дэгъух.
[98.8] Ахэмэ я Тхьэ къафишIыщт тыныр джэнэтыр ары. ЕгъашIэм ахэр ащ щыпсэущтых. Алахьыр ахэмэ афэраз. Ежьхэри Алахьым фэразэх. И Тхьэ ищынагъо зыгу илъхэм джары афагъэхьазырыгъэр.

Алзэлзэлэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[99.1] ЧIыгум фагъэхьазырыгъэ сысыкIэм тетэу зысысыкIэ
[99.2] Хьылъэу чIыгум телъыр къызызыхидзыкIэ,
[99.3] ЦIыфыр къэупчIэщт: "Сыда ащ къехъулIагъэр?"
[99.4] А мафэм ар зыкIэсысырэр ащ къыIотэщт,
[99.5] Сыда пIомэ уи Тхьэ ащ гуригъэIощт уахьый   къыфригъэхыщт.
[99.6] ЦIыфмэ ашIагъэхэр аригъэлъэгъужьыным пае а мафэм ахэр купышхоу зэхэтхэу къыдэкIыщтых,
[99.7] Сэпацэм фэдиз шIу зышIагъэм ишIушIагъэ ылъэгъужьыщт,
[99.8] Сэпацэм фэдиз бзэджагъэ зышIагъэми, ибзэджэшIагъэ ылъэгъужьыщт.

Алхьадият

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[100.1] ЗэIуихьэхэзэ,псынкIэу чъэхэрэмэ,
[100.2] МэшIуачэр зылъэгучIэ къычIэзрэмэ,
[100.3] Нэфшъагъом пыимэ атебанэрэмэ,
[100.4] АлъэгучIэгъ сапэр къыщызыIэтрэмэ,
[100.5] Пый сатырмэ зигъогу апхырызыхырэмэ ацIэкIэ Iуагъэ сэшIы
[100.6] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, и Тхьэ ыпашъхьэ цIыфым рэзэныгъэ хэлъэп,
[100.7] АщкIэ ар шыхьат!
[100.8] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, мы дунаим шIуагъэу телъхэм ащ ишIулъэгъуныгъэ афэблэ!
[100.9] Къэмэ адэлъхэр къызыдэкIыжьхэкIэ,
[100.10] Гумэ яшъэфхэр зэкIэми нэрлъэгъу зафэхъухэкIэ,
[100.11] ШIагъэу яIэхэр я Тхьэ зэришIэщтхэр ахэмэ ашIэрэба?

Алкъарихьэ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[101.1] Къытеорэр.
[101.2] Сыд лIэужыгъуа къытеорэр?
[101.3] Къытеорэр зилIэужыгъор хэта озгъэшIэщтыр?
[101.4] ЦIыфхэр хьампIырашъомэ афэдэхэу мафэм зэбгырыдзыгъэхэ зыхъухэкIэ,
[101.5] Къушъхьэхэр цы утыгъэм фэдэу зыхъукIэ ары.
[101.6] ЗишIушIагъэ щэчалъэм онтэгъоу къызфигъэлъагъорэр

[101.7] ГъэшIэ тхъагъо хэтыщт.
[101.8] ЗишIушIагъэ псынкIэу къычIэкIырэм
[101.9] ИчIыпIэщтыр джыхьнэмыр ары.
[101.10] Джыхьнэмыр зилIэужыгъор хэта озгъэшIэщтыр?
[101.11] Ар мэшIо зэкIэблагъэр ары!

Алтэкасур
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[102.1] Шъуимылъку хэжъугъэхъоным ишIоигъоныгъэ шъуиIыгъ,
[102.2] Бэным шъуекIужьыныр къэсыфэ.
[102.3] Iо хэлъэп, шъо къэшъушIэщт.
[102.4] Джыри зэ къышъосэIо, къэшъушIэщт ар зыфэдэр.
[102.5] Шъо шIэныгъэ шъыпкъэкIэ ар шъушIагъэмэ!
[102.6] Джащыгъум джыхьнэмыр шъулъэгъущт!
[102.7] Джащыгъум шIокIыпIэ имыIэу шъуинитIукIэ ар шъулъэгъущт!
[102.8] А мафэм мы дунаим тхъагъоу щышъулъэгъугъэмкIэ шъо къышъоупчIыщтых!

Алхьэшъыр
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[103.1] ЕчэндымкIэ Iуагъэ сэшIы:
[103.2] Шъыпкъэ дэдэмкIэ, цIыфым ежь зэрар зэрехыжьы.
[103.3] А пчъагъэм о хэбгъэкIыщтыр Тхьэр зышIошъ хъухэрэр, шIу зышIэхэрэр, шъыпкъэ зыгу зэфилъыжьхэу, шIу щэIагъэ зиIэхэу ащкIэ зэушъыижьыщтыгъэхэр арых ныIэп!

Алхьумэзэ
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[104.1] Хэтрэ бзэгухьэм, убакIом,
[104.2] Мылъку угъоигъэр къэкIощт уахътэм пае щызгъэлъырэм тхьэеуагъ!
[104.3] Мылъку зэриIэм пае егъашIэм щыIэнэу ащ къышIошIы.
[104.4] Iо хэлъэп, ар машIом падзэщт.
[104.5] А машIор зилIэужыгъор хэта озгъэшIэщтыр?
[104.6] Ар Алахьым имэшIо зэкIэгъэнагъэу,
[104.7] ЦIыфхэм агухэр зэлъызыштэщтыр ары!
[104.8] АхэмкIэ ар зэтешIыхьагъэщт!
[104.9] Пкъэу ищыгъэхэр кIэтхэу.

Алфил
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[105.1] Пылыр зиягъэхэм Алахьыр зэрадзэкIуагъэр о плъэгъугъэба?
[105.2] Ахэмэ ябзэджэгъэ гухэлъ шъэфхэр Ащ зэщигъэкъуагъэба?
[105.3] Бзыу отэрхэр ахэмэ атыригъэбыбагъэхэба?
[105.4] ЕтIэ гъэжъагъэм хэшIыкIыгъэ мыжъохэр ахэмэ бзыумэ атырадзэщтыгъэ.
[105.5] Лэжьыгъацэхэр зырашхыкIыгъэ хашъом фэдэхэу ахэр Алахьым ышIыгъэх.

Къурещ
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!

[106.1] Къурейщхэр зэикI хъунхэм пае,
[106.2] КIымафэми гъэмафэми зекIохэрэм зыкIыныгъэ ахэлъынэу
[106.3] Мы Чабэм и Тхьэ ахэмэ шъхьащэ фарэшI,
[106.4] Гъаблэм ыуж ахэр зыгъэшхэкIыжьыгъэхэм, щынагъор ашъхьарызыхыгъэм шъхьащэ фарэшI.

Алмахьун
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[107.1] Мы диныр нэпцIыкIэ зылъытэрэ цIыфым сыда о къепIуалIэрэр?
[107.2] Ар ибэр Iузыфырэр,
[107.3] ТхьамыкIэр агъэшхэным фэзымыгъэгушхохэрэр ары.
[107.4] Нэмаз зышIэу,
[107.5] Зинэмазмэ ащыохэрэр,
[107.6] ШъорышIыгъэ къызхэзгъафэхэрэр,
[107.7] ДэIэпыIэныр щызгъэзыехэрэр унэхъугъэх!

Алкэусэр
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[108.1] Тэ джэнэт псыхъо къыоттыгъ!
[108.2] Уи Тхьэ нэмаз фэшI, къурмэни шIы,
[108.3] Узыуджэгъурэр лъэужынчъ!

Алкафирун
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[109.1] ЯIу: "О джаурхэр!
[109.2] Шъо шъхьащэ зыфэшъушIырэм сэ шъхьащэ фэсшIыщтэп,
[109.3] Сэ шъхьащэ зыфэсшIырэм шъори шъхьащэ фэшъушIырэп,
[109.4] Шъо шъхьащэ зыфэшъушIыщтыгъэм сэ шъхьащэ фэсшIыщтэп,
[109.5] Сэ шъхьащэ зыфэсшIрэм шъо шъхьащэ фэшъушIыщтэп.
[109.6] Шъуидин шъо шъуIыгъ, сэ сидин сэ сIыгъ!"

Алнэшъыр
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[110.1] Алахьым дэжь къикIэу IэпыIэгъуи текIоныгъи къызыкIорэм,
[110.2] Алахьым идин цIыф купышхохэр ихьэхэу зыплъэгъурэм,
[110.3] Уи Тхьэ ищытхъу Iуатэ, Ащ къыпфигъэгъунэу елъэIу! УелъэIумэ, Ащ къыпфегъэгъу!

Алмэсэд
Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[111.1] Абу-Лэхьэб орэкIод, ыIитIу пэгъукI!
[111.2] Мылъкоу ащ иIэри, зэригъэгъотыгъэри федэ фэхъущтэп.
[111.3] МэшIо быбым ар хагъэстыхьащт,
[111.4] Пхъэ къэзыхьырэ ишъузи ары;
[111.5] Хъурмэ лъэнтхъоймэ ахэшIыкIыгъэ кIапсэр ащ ыпшъэ илъыщт.

АлIихълашъ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[112.1] ЯIу: "Алахьыр зы,
[112.2] Алахьыр къотэгъу,
[112.3] Лъфыгъи хэкIыгъэп, Ежьри къалъфыгъэп,
[112.4] Ащ Фэдэ хъуни щыIэп!"

Алфэлэкъ

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[113.1] ЯIу: "Мэфэ нэфыр зыIэ илъ Алахьыр IэпыIэгъу сэшIы,
[113.2] Мыхъунэу ежь къыгъэхъугъэхэм сащиухъумэнэу,
[113.3] Чэщ шIункIым имыхъунхэм яягъэ къысэмыкIынэу,
[113.4] ЗэкъодзэкIо шхъухьашIэмэ сащиухъумэнэу,
[113.5] Шъугъуалэмэ яягъэ къысэмыкIынэу!"

Алнас

Бисми Лахьи рахьмани рахьим!
[114.1] ЯIу: "ЦIыфхэм я Тхьэ дэжь шъхьэегъэзыпIэ сыщылъэхъу, IэпыIэгъу сэшIы.
[114.2] ЦIыфхэр зыIэ илъым,
[114.3] ЦIыфхэм я Тхьэ
[114.4] Гупшысэ дэйхэр шъэфкIэ къезхьыжьэрэ шэйтаным,
[114.5] ЦIыфмэ агу гупшысэ дэйхэр къизылъхьэрэмэ сащиухъумэнэу!"
[114.6] Джынэмэ ащыщми, цIыфмэ ащыщми.